Raden Basah sru man■bda, yen tan wani padha m■tuwa iki, mapan ingsun wis tan payun kang kaya r■mbugira, tan pantara m■ngsah ag■ng prapta sampun laj■ng pin■thuk ing yuda, mring sagung kang pra dipati,

K■langkung rame kang yuda, tan kuwawi sagung kang pra dipati, sawetan Ngayogya iku, saking karoban lawan, pan kalindhih pra dipati juritipun laj■ng ngaturi ri uninga, dhat■ng Raden Basah nuli,

Yen sampun datan kuwawa, ingkang m■sah k■langkung ag■ngneki, Den Basah ngaturan m■tu, nanging m■ksa tan arsa, k■dah r■mpon kewala nong jro k■dhatun m■ngkana m■ngsah wus prapta, m■ngkana kin■pung kikis

Laj■ng rame mariy■man wastunira s■tab■l tiyang jawi, tan tahan nulya lumayu, mariy■m wus dentilar, Kapir ngangs■g ngrampit pag■r banon sampun nanging datan sag■d c■lak saking l■b■t denb■dhili,

Kathah Kapir ingkang k■na, ngantos dangu wantunnya tiyang Kapir, kapok ingkang sampun lampus nulya sar■ng aj■ngnya, kang s■njata mapan wus tan angsal iku, Kapir murtat mapan samya, dh■pepel ing bata iki,

Kalawan apasang andha, nanging Islam maksih panggah ing jurit Kapir lamun menek iku, jinojoh waos samya, saking l■bet sadaya ing banon sampun, l■bet banon pinrantenan, dadya Kapir kathah mati,

Ana ingkang ngungkih lawang, Kapir murtad nanging kang t■ngga keri, k■langkung sudiranipun Dolah Kaji Brahimnya, lan Mas Panji Jayasumitra puniku, lan Panji Wanawijaya, kalawan prajuritneki,

Wong satus bant■r s■daya langkung panggah Kapir kathah kang mati, ingkang t■ngga kori kidul Raden Tum■nggung Wiryadirja, satus ingkang prajurit puniku, wong Kranggal lawan wong L■ndhah, tindhihnya Panji k■kalih,

Mas Panji Surasantika, lan Raden Mas Panji Kancil puniki, s■daya prajurit iku, samya munggeng p■latar, Panji Rangga Tum■nggung titindhihipun, mub■ng jro k■dhaton ika, ing jawi m■ngkana maning,

Kapir mub■ng pang■pungnya, mapan samya dh■pepel ing bata iki, sadint■n dennya prang pupuh, Kapir tan sag■d ngrangsang, sab■n menek jinojoh ing waos lampus dadya banon pin■ndh■man dhumat■ng S■ndawa sami,

Pan sar■ng sinum■t samya, swaranira kadya gugrug ing wukir, sampun karsaning Ywang Agung, kagyat kang neng p■latar, pan s■daya an■rka yen banon rubuh, prajurit pan mudhun samya, Kapir saged minggah sami,

Sar■ng lan kukus S■ndawa, langkung p■t■ng Islam datan udani, Kapir sar■ng inggahipun wus samya neng p■latar, laj■ng mudhun laj■ng wong Islam kadulu, kagyat nulya tinadhahan wus carub Islam lan Kapir,

Arame ul■ng-ul■ngan yudanira Islam kalawan Kapir, tameng sajroning k■dhatun Kapir wus manjing samya, dadya Islam asang■t karoban mungsuh, Kapir nanging kantun usar, lan jendral panggen neng jawi,

Kalawan mariy■mira, ingkang m■ksih jendral dipunt■nggani, dadya Islam kathah iku, kang samya sabillolah, mapan amor lan bangkene Kapir iku, m■ngkana marmaning Sukma, Islam ingkang dereng prapti,

Ingjang ji m■dal s■daya, nunjang baris lan jendral usar sami, Raden Basah mapan sampun bin■kta m■dal nulya, marang Dolah Khaji Ngisam mapan langkung, Raden Basah k■sayahan ngantos datan sag■d angling.

Jendral Pagen kang winarna, mapan langkung saka ing tyasireki, an■rka yen Islam sampun sewu tump■s s■daya, sabab dulu kunarpa g■lasah iku, s■nadyan ana uripa, m■rojolan nanging k■dhik

Sar■ng tinitik s■daya, ingkang kathah nanging bangkening Kapir, kalawan Murtat puniku, Jendral g■la tyasira, ing Palered wus kanggenan Kapir iku, sampun katur mring J■ng Sultan m■ngkana solahireki,

Mapan Dolah Kaji Ngisa, ingkang sohan matur mring J■ksa iki, Kangj■ng Sultan mapan dangu, kend■l datan ngandika langkung ngungun m■kasan dangu, Khaji ana ng■ndi Basah, Seh Khaji Ngisa matur aris

Abdi Dal■m Raden Basah, sapunika pan dereng sag■d angling, sang■t kamit■ngg■ngipun wont■n S■larong ■nggonnya, Kangj■ng Sultan andangu kang sabil iku, Khaji Ngisa aturira, Di Dal■m Jajar prajurit

Mapan satus kalih dasa, p■ngag■ngnya Abdi Dal■m kang prapti, ing sabillolah Sinuhun Dolah Khaji Ibrahim kalawan Den Tum■nggung Wiryadirjeku Panji Mas Jayasumitra, lan Raden Mas Panji Kancil

Mas Panji Wanawijaya, lan Mas Panji Surasantika Aji, Mas Panji Trunadriyeku Panji Mukidinata, nging punika Di Dal■m pangiridipun ingkang samya sabillolah, Kangj■ng Sultan ngandika ris

Wus Kaji Ngisa muliha, ngayuman sakehe ingkang prajurit, ingkang padha sabil iku, wus padha sulihana, mring anakke yen anakke misih tanggung, sadulure g■ntek■na, sandika aturnya Seh Khaji,

Sampun lengser saking ngarsa, kawarnaa sagunging senapati, samya alit manahipun sar■ng sakawonira, Raden Basah ing pr■rang Palered iku, bupati sawetan Yogya, s■daya pan sohan sami,

Mapan dhumat■ng ing J■ksa, atur tiwas anuwun dentindhihi, dhumat■ng Pangeran iku, Natapraja turira, pan s■daya punika panuwunipun utusan kinen nimbali

Mring Pangeran Natapraja, neng Padakan datan antara prapti, ing ngarsanira Sang Prabu, Sri Narendra ngandika, Natapraja sireku padha denjaluk mring Bupati wetan Yogya, ana kaduga sireki,

Mungsuh lan Mangkunagara, lawan sira iya ingsun bantoni, si Jayanagara iku, Pangeran atur s■mbah inggih sandika ulun, nanging pangestu Paduka, Dewaji ingkang kapundhi,

Kangj■ng Sultan angandika, yen kaduga nuli mangkata adhi, Pangran Natapraja iku, nulya angaras pada, sampun lengser saking ngarsanya sang Prabu, nulya budhal saking J■ksa, ingiring gung bupati,

Tan winarna lampahira, Pangran Natapraja wus prapti, sawetaning Praga iku, jujuk Samen wus panggya, lawan Raden Jayan■gara nulyeku, gandhek dhawahk■n timbalan mring Raden Jayan■gari,

Budhal Pangran Natapraja, saking Samen lawan sawadyaneki, Raden Jayanagara wus dherek sakancanira, sampun prapta Jalasutra lampahipun mapan laj■ng m■sanggrahan tigang dint■n win■tawis

Mapan laj■ng j■ng inginggahan saking Tanjungtirta langkung g■ngneki, Pangran Mangkun■gareku lan kanthi Kapir samya, Pangran Natapraja r■mbag pra tum■nggung, pan ingunduran kewala, yun m■thukk■n tan kadugi,

Pan laj■ng ing■lun nulya, ngantos prapta sakilen Pragi malih, Pangran Mangkun■gareku, maj■ng pasanggrahannya, aneng Rajakusuma kang wadya sagung, baris sawetaning Praga, dadya sagung senapati,

Samya kesinaning bala, mapan kathah ingkang samya angili, ngungsekk■n nak rabenipun ingkang kab■tah samya api t■luk Pangeran Nataprajeku, baris sakilening Praga, lan sagunging senapati,

Ingkang ler Yogya m■ngkana, senapati kesisan bala sami, sampun karsaning Ywang Agung, prajurit lit tyasira, mapan kathah ingkang api-api t■luk nanging kantun Panji Rangga, Ngabehi punika t■ksih

Tunggil lawan tum■nggungnya, giris saking kathahe m■ngsah Kapir, kalawan Murtad s■darum sampun katur J■ng Sultan nanging kantun Basah k■kalih puniku, pinilih lawan Bulkiya, ingkang t■ksih k■kah baris

Lan Pangeran Adisurya, barisira mapan wont■n ing Gamping, siyang dalu aprang pupuh, m■ngkana kawarnaa Jendral mapan arsa ngant■p juritipun k■rigan Kapir lan Murtad saking Ngayogya wus mijil

Tr■ray■m Baligo nulya, binantonan langkung ramening jurit ingkang nadhahi puniku, Tr■ray■m pan Bulkiya, lawan mandhung pinilih suraya iku, nadhahi Kapir lan Murtad kang baris Baligo iki,

Siyang dalu mapan yuda, langkung rame tan ana nguciwani, mapan datan nyana iku, Kapir lan Murtad ika, m■dal Gamping ingkang ag■ng dadya iku, Kangj■ng Pangran Adisurya, nadhahi datan kuwawi,

Pinalih lawan Bulkiya, pan katungkul wau denira jurit sampun karsaning Ywang Agung, Kapir lawan Murtad nyabrang, ing Pr■raga m■ngkana ingkang winuwus Kangj■ng Sultan ingaturan uninga yen m■sah sami,

Ingkang paman Kangj■ng Pangran Behi mapan nuju s■pi iku, tuwi mring rerepotira, ingkang wont■n nanging Kyai Maja iku, lawan sagung pra ngulama, prajurit Suryagameki,

Lan prajurit Suranata, mantri l■b■t nanging kantunnya k■dhik jajar kang alit tyasipun pan sampun ngili samya, Kangj■ng Sultan ingkang ngadh■p w■tareku, kalih atus sadayanya, Kyai Maja wus tan kenging,

Tinari nanging sumangga, nulya wont■n ingkang atur udani, kalamun kang m■ngsah sampun prapta ing Pudhak ika, Kangj■ng Sultan nulya nitih turanggeku, kalih atus sadayanya, Kyai Maja wus tan kenging,

Ingkang dherek punika, kalih atus kalamun win■tawis prapta dhusun Dhongdhong sampun Kapir prapta ing Pudhak sar■ng karsa mudhun lepen Kapir iku, Kangj■ng Sultan mapan nulya, kinen m■thukak■n nuli,

Kang prajurit Suryagama, Dolah Khaji Badarodin puniki, kalawan sakancanipun Kapir wangsul anulya, lawan malih sampun k■saputing dalu, Kapir laj■ng m■sanggrahan aneng dhusun Pudhak iki,

Kangj■ng Sultan n■bak kewala, sawadyanya nanging m■ksih l■t kali, dadya j■ng-aj■ngan iku, Kapir langkung g■ngira, kuw■l lawan wong Murtad Ngayogya iku, Pasisir Mancanagara, Jendral Pagen tindhihneki,

Murtad Pangran Murdaningrat pan punika ingkang dados t■tindhih, lan Pangran Panular iku, Kapir Murtad pra samya, suka-suka langkung rame swaranipun Kangj■ng Sultan kang winarna, sarean ngandhap w■rseki,

Mapan lagya g■rah ika, Kyai Maja sang■t aturireki, ngaturi lolos puniku, Kangj■ng Sultan tan arsa, Gusti Iman Muhamad li Basah iku, sar■ng amiarsa warta, k■langkung tyas kuwatir,

Wau dhumat■ng J■ng Sultan sabab gr■rah anulya kondur nuli, nging kalawan Dolah iku, kalih ingkang bin■kta, kang prajurit sadaya tinilar iku, nanging kantun Panji Rangga, punika ingkang nindhihi,

Sasand■ran lampahira, tan winarna ing marga sampun prapti, mulat m■ngsah langkung agung, laj■ng nungk■mi pada, Kangj■ng Sultan ngaturan lolos puniku, nanging m■ksa datan arsa, k■dah am■thuk ing jurit

M■ngkana ingkang winarna, Kangj■ng Pangran Ngabdulrahman Ngabehi, t■ngah dalu rawuhipun laj■ng samya ngaturan umatur J■ng Pangran nulya cumundhuk ing ngarsanira J■ng Sultan mapan langkung aturneki,

Sri Nalendra angandika, inggih Paman gumingsir dhat■ng pundi, yen sampun ingjang jenipun mapan mangsa wandeya, Pangran Ngabdulrahman aris aturipun inggih l■r■s yen sampuna, wont■n kang binudi malih

Inggih kang m■ngsah punika, pan kawula wau mirsa pribadi, mapan langkung ag■ngipun sar■ngan wont■n marga, pan kawula m■dal ingardika dulu, kapir punika sadaya, abdi dal■m anging k■dhik

Kalih pan dugi kawula, enjing-enjing tan ng■mungak■n puniki, sanadyan kathah Sinuhun, yen samya j■ng-aj■ngan bot■n dados kuwatos ing tyas tuhu, punika pun thole Basah sampun wont■n ing ngarsa Ji,

Kapir ing Baligo nata, bot■n wande n■rombol saking wuri, punika watosing kalbu, nadyan inggih wont■na, ingkang gadhah aj■ng-aj■ngan puniku, pinilih lawan suraya, datan wont■n tindhihneki,

Pun thole Basah punika, lan Dolahnya kalih sampun neng ngriki, kados tatan sag■d sampun lamun k■dah yudanya, mapan nanging tindhih Rangga Panji iku, lan abdi dal■m Bulkiya, lamun par■ng benjing ng■njing,

Ing ngriki rame s■njata, Kyai Ngusman kados bobrah tyasneki, Kangj■ng Sultan dadya nurut mring ature kang paman ris ngandika yen m■kot■n paman sampun angur Sampeyan utusan mring Bulkiya lan pinilih,

Yen ing ngriki wus kanggenan dhat■ng Kapir m■sakake kasupit Sampeyan paring w■ruh, yen kula sampun kesah, dhat■ng ardi sadaya sampun nusul Kangj■ng Pangran aturira, sandika utusan nuli,

Kangj■ng Sultan nulya budhal saking J■ksa lawan sawadyaneki lingsir dalu wayahipun minggah dhumat■ng arga, lepen Wunglon Kangj■ng Sultan sampun rawuh, yen kula sampun kesah, sar■ng enjang nulya t■dhak Kangj■ng Sultan saking ardi,

M■sanggrahan lepen Sungga, animbali wau dhat■ng kang rayi, Pangran Ngabdulrakim iku, lan Pangran Sumanagara, lawan sagung ingkang prajurit sadarum, lan ngantos sapraptanira, Bulkiya lawan pinilih

Lawan kinen nimbalana, Basah Ngabdulatip sawadyaneki, tan pantara prapta sampun sagung kang tinimbalan Pangran Ngabdulrakim dhinawuhan sampun kinen baris wont■n Pundhak kalawan sawadyaneki,

Kapir murtad wont■n J■ksa, dadya g■ntos panggenaneki, nanging kapir p■calangipun aneng Dhondhong punika, dadya samya j■ng-aj■ngan barisipun lawan ingkang aneng Pundhak Kangj■ng Sultan kang winarni,

Budhal saking lepen Sungga, m■sanggrahan aneng Kamal puniki, m■ngkana ingkang winuwus Basah Pag■len samya, tiga pisan pan kalindhih yudanipun ngungsi dhumat■ng M■ntaram kapir murtad mapan sami,

Ng■lut laj■ng baris waja, Pangran Sumayuda t■tindhihneki, nulya tur uninga iku, dhumat■ng Kangj■ng Sultan, Pangran Behi m■ngkana ingaturipun k■jawi Basah satunggal pin■thil saking ngarsa Ji,

Ngabdulatip Ali Basah, nging punika kados ingkang prayogi, sabab punika rehipun pan laj■ng dhinawuhan budhal saking Kamal sawadyanipun ngaj■ngk■n m■ngsah waja, lan Basah Pag■len sami,

N■nggah Pangran Natapraja, ngaj■ngak■n m■ngsah sawetan Pragi, lawan bupati puniku, ingkang sawetan Yogya, kidul Yogja pan sampun p■pak sadarum dhumat■ng sakilen Praga, Kangj■ng Sultan kang winarni,

Ngaj■ngk■n kang neng J■ksa, lan bupati ler-kilen Yogja sami, samya j■ng-aj■ngan sampun m■ngkana Kangj■ng Sultan dalu l■nggahan neng pasanggrahanipun tan ning ngadh■p dening jalma, pan wus samya nendra iki,

Pit■kur sendheyan saka, mapan saking sungkawa ing tyasneki, m■ngkana ingkang winuwus nulya ana kang prapta, kadya daru dhat■ng p■sanggrahanipun nulya l■nggah ngarsanira, J■ng Sultan w■rni pawestri,

Kalih ingkang ngiring iki, samya estri dene kang warna sami, mapan wus tan k■na cinatur, mapan katiga pisan undha usuk lawan kang deniring iku, J■ng Sultan dangu tan nyapa, kamit■ngg■ng■n ningali,

Lawan m■spaosk■n ika gennya l■nggah datan kangsrah ing siti, Kangj■ng Sultan ngandika rum nilakrama kawula langkung tamb■t Kangj■ng Ratu lon turipun rumiyin mapan kawula, lan Paduka sampun jangji,

Ing benjang yen sampun mangsa, lan Paduka boten wande k■panggih, J■ng Sultan eng■t tyasipun m■ngkana ciptanira, baya iki kang ingaran Ratu Kidul dene bang■t anomira, Kangj■ng Sultan ngandika ris

Pan sampun eng■t kawula, Kangj■ng Ratu aris aturireki, yen par■ng hamba t■tulung, inggih dhat■ng Paduka, nging kawula anuwun jangji satuhu, yen sampun sirna sadaya, sagung ingkang laknat kapir,

Kawula Tuwan suwun■na, dhat■ng Allah ingkang Rabilngalamin mantuka malih punika, inggih dados manungsa, dene sagung wadya paduka s■darum, sampun wont■n tumut yuda, kawula ingkang nyagahi,

sirnanipun lanatolah, Kangj■ng Sultan mapan ngandika aris, kawula tan n■dha tulung, inggih mring sasama, yen agami aming pitulung Hyang Agung, Kangj■ng Ratu nulya musna, m■ngkana ingkang winarni,

Kapir lanatolah samya, kang neng J■ksa karsa ngant■p kang jurit, Jendral Pagen tindhihipun, sagung murtad sadaya, Pangran Murdaningrat lan Pangran puniku, panular titindhihira, enjing nulya pangkat jurit,

Ingkang baris aneng Pundhak, Pangran Ngabdul Rahim sawadyaneki, lan Pangran Suman■gareku, laj■ng campuh ing yuda, langkung saking tik■l gangsal tandhingipun, dadya Islam mundur samya, tan kuwawi anadhahi,

Mapan nulya tur uninga, dhat■ng Kamal yen sampun tan kuwawi, kapir langkung ag■ngipun, Kangj■ng Sultan anulya, nuding ingkang kinen nindhihi prang pupuh, pinilih lawan Bulkiya, lan sagung kang pra dipati,

Ingkang lor Yogja s■daya, Kangj■ng Sultan ningali iring ngarsi, pan katingal dhat■ngipun, praptane ingkang m■ngsah, lamun tinon kadya gunung al■laku, kapir murtad kathahira, rahara keb■kan sami,

G■nderanya Mangkuyuda, katututan dening usar puniki, mogok mapan laj■ng ngamuk, wantu tiyang satunggal, laj■ng sabil usar kathah ingkang lampus, tan pantara usar prapta, ing Kamal dipuntadhahi,

Dhat■ng prajurit Bulkiya, lan pinilih lawan K■rtanagari, Usar mapan kathah lampus, kalindhih kapir samya, Kangjeng Sultan mapan ingaturan iku, wau dhumat■ng kang paman, m■sanggrahan Panggung iki,

Neng Panggung apir■mbagan, Seh Muhamad Usman Libasah iki, mapan sang■t aturipun, tan sang■t aprang ngarga, pan kawula punika tiyang wus s■puh, s■nadyan inggih kathaha, punika pun laknat kapir,

Mapan sampun tin■maha, pan prayogi ngupados papan radin, Kangj■ng Sultan dadya nurut mring ature Seh Usman, Ali Basah nging m■ksih sum■langipun, kang dados watiring nala, J■ng Sultan mring repot sami,

J■ng Pangeran Ngabdul Rahman, ris turira inggih lamun mar■ngi, pun M■rtalaya puniku, lawan sakancanira, kang prajurit Mandhung satus malihipun, kawan dasa Suranata, lawan Tuwan Samparwadi,

Lawan pun Cakranagara, kados c■kap rum■ksa repot sami, lawan angampingi iku, mring Kangmas Pan■mbahan, sampun dados r■mbagira Den Tum■nggung, M■rtalaya dhinawuhan, lawan Tuwan Sarip nuli,

Budhal mandhung Suranata, saking Panggung dhumat■ng kitha Giri, Kangj■ng Sultan kang winuwus, saking Panggung wus budhal, kapir murtad mapan samya, wangsul dhat■ng J■ksa malih,

P■ngaj■ngnya aneng Pundhak, Pangran Ngabdul Rahman Arya Ngabehi, umatur dhat■ng Sang Prabu, yen mar■ngi Nalendra, luhung laj■ng dhumat■ng wetan prageku, wont■n ngriki k■tangg■lan, kalih c■lak kitha Giri,

Bilih karya susah samya, marang repot prayoga ingkang t■bih, sanadyan ngant■p prang pupuh, sae sawetan praga, samya r■mbag sadaya ingaturipun, Kangj■ng Pangran Ngabdul Rahman, Kangj■ng Sultan anuruti,

Budhal saking Selamirah, sampun prapta sawetaning pragi, m■sanggrahan s■jatiku, m■ngsah anulya prapta, kapir murtad mapan langkung kathahipun, dhat■ngira amr■tiga, nanging datan den tangl■di,

Mapan ngunduran kewala, marang Br■ja undurira Sang Aji, pan laj■ng kinodholiku, mundur malih Nalendra, dhat■ng Badhut m■ngkana Sang Nata dulu, bong-obongan langkung g■ngnya, pr■nahe ing kitha Giri,

Kangj■ng Sultan angandika, mring kang paman Pangran Arya Ngabehi, paman pun dib■smen iku, lir kitha giri paman, Pangran Ngabdul Rahman aris aturipun, kadosa inggih l■r■s sira, punika ing Kitha Giri,

Kangj■ng Sultan angandika, mring kang paman yen estu Kitha Giri, kawula paman yun wangsul, dhat■ng sakilen praga, nanging putra sampeyan kang dados kalbu, yen ngantos kag■pok kopar, angun sirna paman mami,

Pangran Ngabehi aturnya, lamun sampun m■kat■n karsa aji, prayogi ngriki satuhu, kinarya ngant■p yuda, nanging cobaning Ywang Widi,

Kang wadya t■las sadaya, ing tyasira kathah kang sami balik, dadya ingkang dherek iku, aneng Badhut punika, nanging basah l■b■t k■kalih punika, prajurit nanging Bulkiya, mantri l■b■t lan pinilih,

Suraya lan Suryagama, nanging sampun kantun k■dhikku sami, Ki Maja sakancanipun, ingkang para Ngulama, kang Tum■nggung ler Yogja satunggal iku, w■sta Mas Jaya P■nawi, nging wus tan ngadh■p prajurit,

Kantun tiga rencangira, Kangj■ng Sultan ing tyas wus s■dya sabil, Jendral Pagen barisipun, aneng k■t■bon ika, lan k■miri ing ngardi kanigareku, kapir murtad maratiga, ang■pang ing Badhut sami,

Seh Muhamad Usman Li Basah, ris turira dhat■ng Pangran Ngabehi, yen par■ng kula n■nuwun, prayogi pados papan, ingkang radin wont■n ngriki tangg■l tuhu, yen kinarya ngant■p yuda, ingkang papan kirang radin,

Mapan sampun samya n■dya sabil, -lolah kang papan ting sl■kuthik, mapan samya r■mbug sampun, Kangj■ng Sultan ngandika, inggih paman pundi kang radin puniku, Pangran Ngabehi aturnya, kawula dereng udani

Ing tanah ngriki sadaya, Mas Tum■nggung jap■nawang tur baris, yen par■ng karsa Sinuhun, prayogi ing Kasuran, mapan radin lawan ag■ng ingkang dhusun, pan sampun r■mbag sadaya, Pangran Ngabehi turnya ris,

Yen sampun r■mbag punika, pan prayogi nunt■n mangkat puniki, lamun ngantos sapuniku, enjing dugi kawula, kapir murtad wont■n prapta sadarum, ingkang baris mara tiga, Kangj■ng Sultan ngandika ris,

Paman ing mangke kawula, dalu lamun sampun dhadhari sasi, lagya sang■t arip tuhu, sak■dhap ayun nendra, Kangj■ng Sultan nulya sarean iku, mapan k■laj■ng anendra, ngantos w■ktu pajar iki,

Sang■t ingkang aripira, datan wont■n kang purun mungu iki, sampun sum■kta sedarum, samya ngadh■p kewala, Kyai Maja lan Pangeran Ngabehi iku, pan samya iren kewala, kalih ayun mungu ajrih,

Kagyat wungu Kangj■ng Sultan, pan tumingal lamun wus pajar sidik, pan langkung as■sanipun, J■ng Sultan nulya salat, bakda subuh J■ng Sultan busana sampun, budhal saking Badhut nulya, prapta gening m■ngsah sami,

Mapan sampun enjingika, nanging wont■n marmanira Ywang Widi, p■dhut ag■ng prapta iku, ngalingi mring J■ng Sultan, sawadyanya kapir murtad tan nana wruh, yen J■ng Sultan sampun budhal, saking Badhut sawadyeki,

Dadya kapir murtad samya, sar■ng enjang mapan kecalan sami, Kangj■ng Sultan kang winuwus, sampun prapta Kasuran, sawadyanya mapan nuju jumungah iku, Sri Nalendra angandika, mring sagung kang pra ngulami,

Wus ta padha jumungaha, mapan ingsun ingkang am■calangi, m■ngkana ngulama sagung, mapan samya jumungah, sar■ng b■dhug kapir murtad prapta sagung, mapan iya mara tiga, ingkang jumungah pan sami,

K■langkung denya kas■sa, ingkang kutbah nanging pr■lu nireki, Ki Maja ngimani iku, ayat Kulhu kewala, sampun bakda laj■ng soan mring sang prabu, Ki Maja sakancanira, Sri Nalendra l■nggah iki,

Lawan sendhean tirisan, Basah kalih ingkang munggeng ing ngarsi, lawan ingkang paman iku, Pangeran Ngabdul Rahman, ingkang m■ngsah mapan sar■ng praptanipun, mariy■m sampun tan mungal, nging kantun sanjata alit,

Basah kalih matur samya nuwun amit arsa m■thuk ing jurit, Kangj■ng Sultan ngandika rum, m■n■nga bae padha, dimon p■rak wong wus n■dya sabil iku, mundhak sayah lakonira, lawan

s■ksen ana mami,

Yen ana pitulung Sukma, ingsun cukur lawan wus tan n■dya mami, gumingsir gen ingsun lungguh, usar nulya katingal, tindhihipun mapan c■m■ng kudanira, kang m■ngsah nging mara kalih,

Kang p■langkir m■dal wetan, ingkang usar m■dal kidul pan sami, pelor langkung d■r■sipun, mariy■m wus tan mungal, nanging kantun sanjata alit gumrudug, Basah Ngabdulkamil nulya, nuhun pamit mring Sang Aji,

Ingkang tyas pan tand■rana, wantunira m■ksih anem puniki, lawan kalih dolahipun, Raden Prawiradirja, lawan Raden Abusongeb namanipun, samya kaduk punika, Kangj■ng Sultan ngandika ris,

M■ngko antin■n sadhela, dimon pr■rak nanging m■ksa tan kenging, tiga nitih kuda sampun, laj■ng nand■r kewala, m■thukak■n ingkang usar yudanipun, Seh Usman Li Basah nulya, an■mbang t■ngara jurit,

Gum■rgut wadya Bulkiya, lan pinilih Suraya mapan sami, r■mp■g sar■ng aj■ngipun, Zeh Usman Ali Basah, kang nindhihi m■ngkana laj■ng campuh, kalawan sausar sadaya, wus carob ingkang ajurit,

Kangj■ng Sultan langkung marma, nulya ngatag maring Ki Maja puniki, kinen t■tulung ing pupuh, lawan sagung pra ngulama, nulya manjing m■ngsah saking wetan rawuh, Kangj■ng Sultan nulya ngatag, mring Zeh Khaji Bandarrodin,

Lan Tum■nggung Puthutlawa, Suryagama lan mantri l■b■t sami, nuli campuh ing prang pupuh, laj■ng ruk■t kewala, kang p■langkir pan k■langkung pang■drelipun, nging Tum■nggung Puthutlawa, lawan Dolah Badarrodin,

Kalawan sakancanira, samya nusup mring kukus sundaweki, Basah kalih kang winuwus, ingkang ngaj■ngk■n usar, lan Ki Maja lawan sakancanipun, k■langkung ramening yuda, jap■nawang kang winarni,

Kancanya wus kathah prapta, sampun karsaning Yyang Agung, usar p■langkir t■las, Jendral Pagen lumayu nulya kin■pung, usar nging kantun sakawan, Jendral laj■ng minggah ardi,

Lawan kang usar titiga, dereng untung k■saput dalu iki, Pangran Ngabehi ingutus, ngundurak■n kang yuda, yen sampuna Kangj■ng Sultan karsanipun, sinapih ingkang ngayuda, Jendral Pagen kadosk■ni,

Mapan b■lasah bangkenya, kapir usar murtad k■lawan plangkir, ■slam pitulung Yyang Agung, mapan luj■ng s■daya, ingkang tatu kewala tandon t■n iku, Kangj■ng Sultan langkung w■las, ningali kang bangke sami,

Pan tumpuk ing p■sabinan, ngara-ara ing lepen sanggenneki, dadya tan sag■d andulu, J■ng Sultan nulya budhal, ing Kasuran mapan dalu sadalu, angalih kang p■sanggrahan, ing Dhusun Landhangan iki,

Kang wadya wus kathah prapta, Pangran Behi m■ngkana atureki, yen par■ng karsa Sinuhun, sae laj■ng kewala, mungpung samya angsal manah wadya sagung, Jendral Pagen sa■nggen, prayogi linantak nuli,

Sampun dhinahar aturnya, Pangran Behi kinen t■ngara nuli, pinilih kang munggeng ngayuda, sinambungan Bulkiya, sar■ng prapta Jendral Pagen barisipun, mapan wus k■panggih s■dya, m■sanggrahan Toyaurip,

Kangj■ng Sultan angandika, kados pundi mapan lampah puniki, Pangran Ngabehi turipun, sae laj■ng kewala, mring Tr■ray■m sokur jendral wont■n ngriku, anulya kinen t■ngara, budhal saking Banyuurip,

Prapta Dhusun Candhi ika, kend■l aso nulya kana tur p■ksi, lamun wont■n m■ngsah rawuh, pan sewu kaw■tara, k■dhikipun ingkang m■sah gangsal atus, datan ngantos dhinawuhan, pan laj■ng t■ngara sami,

Pan datan kenging tinata, r■bat ngaj■ng sagung ingkang prajurit, saking samya ber tyasipun pan m■ntas angsal manah, m■ngsah kagyat pan laj■ng ng■drel puniku, mapan datan lin■gewa, wus campuh ingkang ajurit,

Waos lawan sangkuh ika, tan pantara nulya t■las wong kapir, kantun ingkang murtad iku, lawan usar punika, Basah kalih mapan awas denya dulu, k■lamun ingkang s■ntana, Kangj■ng Sultan p■pak sami,

Kang eyang lawan kang paman, ingkang rayi Basah kalih anuli, ngundurk■n prajurit sagung, ayun atur uninga, nanging sampun prajurit tan kenging iku, kadya wus karsa Yyang Sukma, s■daya prapta ing jangji,

Pangran Behi lan Ki Maja, prapta ngundurake m■ksa tan k■ni, prajurit wus wuru sagung, lir bandheng tawan brana, p■ngamuknya Dolah Prawiradirjeku, laj■ng Sultan prapti,

Sang Nata nuju sareyan, aneng sela pinggir lepen puniki, kagyat mulat praptanipun, Dolah Prawiradirja, laj■ng matur yen m■ngsah punika tuhu, s■ntana dal■m sadaya, nanging sagung kang prajurit,

Sampun tan kenging ing ngampah, Kangj■ng Sultan nulya mundhut turanggi, pan pun Ranis w■stanipun, saking ing Margapatya, pr■ranakan kuda s■mbrani puniku, datan pantara wus prapta, ing Lengkong Sri Narapati,

Abdi pan kantun sadaya, samya nusul anging prapta pribadi, wus k■panggih bangke tumpuk, kapir kalawan murtad, mapan t■las pan Islam luj■ng s■darum, kang tatu bae tan ana kadya wus karsaning Widi,

Sang Nata sar■ng pirsa, dhat■ng bangke kapir lan murtad sami, mapan atumpuk tinumpuk, lepen sabin rahara, Kangj■ng Sultan kend■l langkung w■lasipun, mit■ngg■ng■n tan ngandika, m■ngkana kang paman prapti,

Pangran Behi lan Ki Maja, basah kalih ngaturk■n rayi aji, lan kang paman kalih iku, kang ngungsi Basah Iman, datan p■jah kang liya wus t■las iku, Kangj■ng Sultan nulya t■dhak, mring sal■b■t dhusun nuli,

Ing Lengkong neng jawi nata, datan sag■d ningali bangke sami, Sri Nalendra l■nggah sampun, Pangran Behi neng ngarsa, lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung, bupati andher ing ngarsa, kang samya t■s m■n■ng jurit,

Ki Maja aris aturnya, Basah Iman ngaturk■n rayi aji, Pangran Suryawijayeku, lan kalih paman nata, Pangran Martasana Pangran Natabayeku, kang ponakawan satunggal, n■nggih w■sta pun Salimin,

Kang lumaj■ng m■ksih g■sang, nanging gangsal pratelanipun sami, liya punika Sinuhun, mapan p■jah sadaya, Sri Nalendra mapan laj■ng kinen dangu, mring Pangran Suryawijaya, sapa kang lumayu urip,

Lan kang mati kabeh sapa, Pangran Suryawijaya aris turneki, ingkang lumaj■ng puniku, paman Sontawijaya, lawan paman Purwakusuma puniku, kalih pan W■landi usar, satunggal pan rencangneki,

Inggih paman Murdaningrat, dene paman mapan sampun ng■masi, lawan Yyang Panular ika, lan Eyang Danupaya, paman Adiwinata lan malihipun, inggih paman Diwijaya, bupati tiga ng■masi,

K■liwon kalih punika, ingkang kathah punika mapan mantri, lawan Pasisir sadarum, ambon W■landi samya, Kangj■ng Sultan anulya nimbali iku, marang Dolah Suryagama, n■nggih Kaji Badarodin,

Kalawan sakancanira, mapan kinen nyaeni kang ng■masi, Kangj■ng Sultan budhal sampun, saking Lengkong pan nulya, Sri Nalendra m■sanggrahan ing K■musuh, ngasokak■n ingkang wadya, pitung dina win■tawis,

Pan sampun p■pak sadaya pra dipatya, kang ler Ngayogja sami, lawan bupati ing K■dhu, Kangj■ng Sultan ngandika, mring kang paman J■ng Pangran Behi puniku, kalawan Kyai Maja, man Maja ing karsa mami,

Padha sira parentaha, lor Ngayogja ingkang ingsun lilani, ngrehna pra dipatyeku, iya si Jap■nawi, lan arane iya sun paring iku, Ki Adipati Urawan, sadaya jumurung sami,

Dene si K■rtanagara, Can■gara karo sun undur iki, mijiya bae maring sun, sun lilani parentah, karo iku prajurit mung nyatus, Ki Maja matur sandika, Sang Nata ngandika malih,

Paran padha r■mbugira apa sida b■dhah T■ray■m iki, paran padha r■mbugira, apa sida b■dhah T■ray■m iki, dadi bali maning iku, s■daya tur sumangga, Kangj■ng Pangran Ngabehi aris umatur, yen mar■ngi Sri Nalendra, prayogi laj■ng puniki,

Mawin Tr■ray■m punika, amba taken tan wont■n Jendralneki, mindhak lampah wongsal-wangsul, tan wont■n pedahira, nanging amung tin■ngga ing saradhadhu, inggih dinam■l punapa, luhung nulungana sami,

Di dal■m kidul s■daya, kaj■ngipun nunt■n samya atangi, prandenipun kang ler sampun, inggih tangi s■daya, Kangj■ng Sultan mapan dhahar aturipun, lan samya r■mbag sadaya, mring ature Pangran Behi,

Sang Nata anulya budhal, sing K■musuh ingkang dadya pangarsi, Dipati Urawan iku, lawan sakancanira, sampun pulih wadyanira kang Sinuhun, malah w■wah kang tyas samya, wantu m■ntas angsal ati,

Kend■l sadalu neng marga, pan keb■kan sagung ra-ara sami, miwah ingkang dhusun-dhusun, Pangeran Adisurya, lan Pangeran Suman■gara wus nusul, mila saya kathahira, m■ngkana J■ng Pangran Behi,

Ing dalu mapan utusan, Mas Tum■nggung Mangundirja tinuding, kinen dhawahipun niku, mring Pangran Natapraja, yen J■ng Sultan ing mangke arsa t■tulung, nanging miyos wetan Praga, Pangran Natapraja iki,

Mapan kinen angledheka, inggih saking sakilen Pragi, kang baris Mangir puniku, gya pangkat Mangunarja, sar■ng enjing Kangj■ng Sultan budhal sampun, miyos ing Toya Tumumpang, m■ngkana J■ng Pangran Dipati,

Nusul lan sawadyanira, tigangatus lan Raden Sindurjeki, lawan Kangj■ng Sultan cundhuk, m■ngkana sampun prapta, ing Jipangan J■ng Sultan nyare sadalu, enjing Pangran Behi nulya, anata lampahing jurit,

Langkung prayitna ing bala, Pangran Ngabdulrahman Arya Ngabehi, prajurit pinara t■lu, Ki Dipati Urawan, sakancanya mapan kilen m■dal lurung, t■tindhih Pangran Dipatya, anjagani m■ngsah kalih,

Ngayogya lan Raja Suma, bok manawa narombol am■dali, ingkang m■dal t■ngah iku, Pangran Suman■gara, pan angirit prajurit kilen Yogjeku, kalawan ing K■dhu ika, tindhih Pangran Ngabdulrahim,

Basahimas Basah Usman, tinindhihan dhat■ng Sri Narapati, lan Suryagama puniku, mantri l■b■t Ki Maja, Pangran Behi m■dal iring-iring gunung, sapa ingkang n■mu karya, poma ja na pr■duli,

Mapan iya wus bubuhan, pan sandika s■daya aturneki, nulya tin■ng■ran sampun, budhal saking Jipangan, mara tiga mapan samya kathahipun, Kangj■ng Sultan karsanira, ngingr■ri beteng ing ardi,

Ing Slarong binitingan, mapan iya Mangkunagaran sami, aneng sanginggiling gunung, pan makew■di ika, Basah kalih kang kinen ngrangsang puniku, Pin■lih lawan Bulkiya, Kangj■ng Sultan anj■n■ngi,

Bulkiya kang m■dal ngarga, pas Pinilih m■dal ngerong-erong sami, nulya den mariy■m iku, nanging mung■l ping tiga, saking dene samya rikat aj■ngipun, dadya mriy■m wus kaliwat, nulya ng■drel sanjatalit,

Langkung p■t■ng kang sundawa, nanging sampun datan wont■n masuli, pinilih pan inggahipun, anurut yod-oyodan, kang landheyan samya sinered puniku, pan kin■mpit godhenira, kang aneng jro biting sami,

Giris mulat tandangira, mring pinilih m■ngkana kang neng Jawi, kang usar murtad s■darum, wus t■mpuh lan Bulkiya, langkung rame sak■dhap gya t■las iku, kang g■sang lumayu samya, mapan laj■ng den tututi,

Dhat■ng Basahi mas samya, lawan dolah s■kawan mapan nuli, pin■dhangan nulya lampus, k■kecer bangkenira, sagung murtad ingkang aneng beteng iku, mapan wus t■las s■daya, ing amuk dhat■ng pinilih,

Angsal mariy■m satunggal, sanjata lit kathah datan kawilis, kalawan kapal puniku, murtad tumpuk bangkenya, kang neng beteng Kangj■ng Sultan laj■ng sampun, kend■l ing dhusun Puluhan, ng■ntosi kang dereng prapti,

Lan ngasokak■n kang wadya, pan dinangu samya luj■ng puniki, nanging satunggal kang tatu, mapan datan punapa, kang prajurit jajar pinilih puniku, m■ngkana anulya prapta, kang m■dal margi g■ng sami,

Kyai Dipati Urawan, sakancanya lan Pangran Ngabdulrahim, lawan saprajuritipun, Kangj■ng Pangran Dipatya, mapan ngantun anjageni m■ngsah pungkur, m■nawa bantu prapta, punika kang den jagani,

Abaris aneng Sumuran, sawadyanya liya punika sami, wus prapta ngarsa Sang Prabu, Sri Narendra ngandika, mring kang paman J■ng Pangran Ngabehi iku, paman punapa punika, kidul datan laj■ng jurit,

Pangran Ngabehi aturnya, pan ng■ntosi daw■k kula kinen nitik, m■ngsah n■nggih kabaripun, mara kalih barisnya, pan ing Mangir kalih lepen sat puniku, pundi kang ag■ng barisnya, kant■nan watrating jurit,

Tan pantara nulya prapta, kang ingutus w■sta Dhaeng Markincing, m■ngkana pan aturipun, ingkang ag■ng lepen sat, sewu langkung k■dhik pan antawisipun, tindhih Pangeran titiga, mariy■mipun kakalih,

Mangir gangsal atus mapan, datan mawi Pangeran tindhihneki, mariy■m satunggal iku, Pangran Ngabehi n■bda, nantun marang Seh Usman, m■ngkana ing aturira, inggih kalamun mar■ngi,

Pan sampun tangg■l punika, w■ktu luhur sae salat rumiyin, kalih samya kaj■ngipun, angsal aso sak■dhap, Pangran Behi sampun nurut aturipun, mring Seh Usman Ali Basah, pan sampun tinata sami,

N■nggih Pangran Adisurya, bin■bahan nyab■t kang baris Mangir, kalawan sawadyanipun, kilen Yogja sadaya, sampun sagah Ki Urawan lawan sagung, sakancanipun sadaya, prajurit lor Yugja iki,

Kinen nyab■t ing lepen sat, Basah kalih kang tinuding nindhihi, Bulkiya Pinilih iku, lan prajurit Suraya, Mantrij■ro lan Suryagama puniku, Pangran Behi Kyai Maja, mapan t■ngga Sri Bupati,

Sampun dados r■mbagira, laj■ng bubar asalat luhur sami, sar■ng sampun bakda iku, laj■ng n■mbang t■ngara, nulya tata sagung prajurit s■darum, ingkang tyas samya gumbira, wantu m■ntas angsal ati,

Sampun mangkat malih nulya, Pangran Adisurya minggah mring Mangir, kalawan sawadyanipun, Ki Dipati Urawan, mring Lepen Sat kalawan sakancanipun, tindhih Iman Ali Basah, lan Usman Li Basah iki,

Mapan sampun pr■janjeyan, aja ana tulung tinulung sami, amrih santosaning pupuh, pan wis padha timbangnya, malah ngroba sadaya pan sampun saguh, ing lepen sat sampun prapta, lagya j■ng-aj■ngan jurit,

Ing Mangir wus campuh yuda, langkung rame pan swaraning b■dhil, bar■ng lan mariy■mipun, J■ng Pangran Adisurya, pan kab■r■g prajuritira wus mawur, sabab p■nganjuring aprang, Ki Suraj■nggala kanin,

Kenging mriy■m dhadhanira, nging tan pasah Ki Tum■nggung tan eling, kontal bin■kta lumayu, dhumat■ng kancanira, kawarnaa n■nggih wont■n Mantri s■puh, w■s jamas praba l■ksana, nyand■r matur Sri Bupati,

Sinuhun rayi paduka, mapan sampun kab■r■g juritneki, Kangjeng Sultan laj■ng nantun, wau dhat■ng kang paman, lan Ki Maja m■ngkana kalih turipun, kados pundi yen ngantosa, nimbali wadya kang sami,

Ngaj■ngk■n m■sah lepen sat, kados mindhak keron tyasipun sami, pan sampun b■bahanipun, ing wau panjanjeyan, datan kenging punika tulung tinulung, yen par■ng karsa Nalendra, mapan winangsulk■n malih,

Kangj■ng Sultan esmu duka, mring kang paman lawan Ki Maja iki, tan ngandika malih iku, laj■ng nitih turangga, Ki Wijayacapa laj■ng mamprung, ingkang sar■ng lan Sang Nata, nging M■nggung Puthut Laweki,

Lan Rangga Puthut Guritna, Raden Jayan■gara anututi, nyand■rak■n kudanipun, pun Jagul w■stanira, Kangj■ng Sultan asru angandika iku, eh sira Jayanagara, kaya dudu anak jalmi,

Den M■nggung Jayanagara, sar■ng mirsa timbalane N■rpati, laj■ng narik p■dhangipun, nand■r munggeng arsa, mapan lawan Tum■nggung Puthut Laweku, lan Rangga Puthut Guritna, kang munggeng arsa Nr■pati,

Satunggal kang rayi ika, Pangran Suryawijaya kang nututi, prapta Mangir laj■ng campuh, kinarubut s■njata, lan mariy■m anging mung■l kaping t■lu, Jayacapa pan tan k■na, ingampah anulya prapti,

Marang gen mariy■m ika, S■tab■lnya sadaya pan wus mati, winaosan mring puniku, den M■nggung Puthut Lawa, lawan Rangga Puthut Guritna puniku, mariy■m bin■kta ngiwa, dhumat■ng J■ng Sultan nuli,

Kawarnaa Basahi Mas, mirsa warta yen J■ng Sultan nyalirani, laj■ng supe wadyanipun, pan tinilar sadaya, nanging kalih Dolah kang dherek puniku, Busongeb Prawira Dirja, tiga laj■ng ngamuk sami,

Aneng saluhuring kuda, ngag■m p■dhang lan Jayan■gareki, Puthut Lawa ngag■m lawung, lawan Puthut Guritna, mapan n■n■m langkung liwung tandangipun, wus supe ing subasita, kapir murtad kathah mati,

Kang arsa wingking apanggah, mapan langkung kapir pang■drelneki, Pinilih Suraya iku, nututi pan wus prapta, laj■ng ngamuk nusup kukus s■ndaweku, m■ngkana Usman Li Basah, mapan laj■ng prapta sami,

Lawan Prajurit Bulkiya, sar■ng ngamuki Urawan nututi, budhalan sakancanipun, ing lepen sat tinilar, Mantrij■ro Suryagama sar■ng ngamuk, r■mp■k nusup kukus samya, Ki Maja lan Pangran Behi,

Pan sampun prapta sadaya, kapir murtad gangsal atus sirnanting, ingkang bangke mapan tumpuk, aneng ing ara-ara, ingkang wont■n satungggal kalih lumayu, pin■jahan mring wong desa, m■ngkana s■sambatneki,

Dene wingi sira padha, sun kon ngarit lawan ngiseni k■ndhi, ana nganam widhig iku, sira nora suwala, bok den eling warna-warna sambatipun, wong desa samya saurnya, iya wingi aku w■di,

Gusteningsun durung prapta, pan ning m■ngko ingsun wus nora w■di, mapan samya laj■ng m■nthung, dadya t■las sadaya, gangsalatus tump■s datan wont■n kantun, mapan wus karsaning Sukma, Eslam mapan luj■ng sami,

Pan nanging tatu satunggal, panakawanira para dipati, nanging tan punapa iku, pan kasrempet kewala, dening pelor Kanj■ng Sultan sampun rawuh, mariy■m kinen ny■mplungna, ing sumur laj■ng ningali,

B■lasah bangkening murtad, ngara-ara mapan keb■kan sami, pan kum■mb■ng w■spanipun, Kangj■ng Sultan tumingal, laj■ng marang Pijenan ngiring wadya, gung s■dya ngasokak■n samya, gung wadya neng dhusun iki,

Pinilih lawan Bulkiya, pan sadint■n ayuda kaping kalih, dadya sang■t sayahipun, m■ngkana kang winarna, kapir murtad kang baris lepen sat iku, mapan wus miarsa warta, yen tump■s kang baris Mangir,

Lawan ing S■larong ika, ingkang beteng mapan wus b■dhah iki, lawan tump■s kancanipun, dadya tambuh solahnya, laj■ng bodhol nekat m■dal ing margagung, pan samya lumaj■ng ika, samarga lawan mriy■mi,

Kalawan kinodhol ika, mring Pangeran Natapraja puniki, kalawan sakancanipun, Bupati wetan Yogja, kidul Yogja pan sami ngodhol s■darum, dadya prang samarga-marga, nging tan sag■d ruk■t iki,

Nanging b■dhilan kewala, pan k■kecer bangke murtad rut margi, J■ng Sultan ningali iku, neng pinggir padhusunan, lawan sagung ingkang prajurit s■darum, arsa malih binanj■lna, nging m■nggah tyasnya n■rpati,

Dinugi sang■t sayahnya, angandika kalawan mes■m Sang Aji, eh Basah Ngusman puniku, p■dhot■n mungsuhika, nanging sira dhewe aja gawa batur, dimon rame Natapraja, pan ingsun

ayun udani,

Olehe campuh ing yuda, yen b■dhilan mapan nora ngundhili, oleha s■pira iku, Basah Ngusman aturnya, lan gumuyu punapa diken lampus, wong siji kinen ny■gat, mring kapir sewu neng margi,

Pan laj■ng gumuj■ng samya, Sri Nalendra ingkang paman tinuding, kinen tumut ngodhol iku, mring Pangran Natapraja, Pangran Arya Ngabehi wus lengser iku, kalawan sawadyanira, Jagasura kawandesi,

M■ngkana wus tan winarna, Kangj■ng Sultan mapan nyare saw■ngi, neng dhusun Pijenan iku, enjing anulya budhal. mapan laj■ng m■sanggrahan Lipureku, Pan s■dya ngasokk■n wadya, Pangeran Ngabehi prapti,

Laj■ng matur mring Nalendra, Pangran Natapraja wus kinen baris, neng Bantul sakancanipun, ngiras dados p■calang, lan binanton Tum■nggung Jawi nateku, lan Raden Sumadiningrat, m■ngkana ingkang winarni,

Kapir kang baris ing waja, lawan J■ksa samya miarsa warti, yen lepen sat dhadhal sampun, Mangir Slarong tump■san, dadya giris sadaya kang manahiku, lan dalu sring nginggahan, marang Basah Ngabdul Latip,

Lan Pag■len Basah tiga, lan ing j■ksa mapan m■ngkono maning, asring rin■sahan iku, marang Tum■nggung tiga, Mangkuyuda lawan Wiryan■gareku, Tum■nggung Cakranagara, dadya sar■ng dhadhalneki,

Waja Pangran Sumayuda, marang K■dhu n■nggih undur ireki, kinodhol Pag■len sagung, J■ksa jendral punika, Pagen mundur dhumat■ng Ngayogja iku, kinodhol Tum■nggung tiga, ngarja kusuma winarni,

Pangeran Mangkunagara, sar■ng prapta kang putra wayah sami, saking lepen sat kabujung, lawan atur wuninga yen kang baris Slarong s■darum, mapan sampun tump■s samya, p■jah tan kantun sawiji,

Dadya giris manahira, Pangran Mangkunagara bodhol nuli, saking Arjakusumeku, lan putra wayahira, sampun prapta Ngayogja Pangran cundhuk, lawan Jendral Dhekok samya, tinanya tan sag■d angling,

Tan pantara praptanira, Jendral Pagen lawan saupsir neki, saking J■ksa pan kabujung, nulya ana tur surat, saking K■dhu yen Pangran Sumayudeku, pan kabujung saking Waja, mring wadya Pag■len sami,

Jendral Dh■kok langkung kurda, Jendral Pagen ingkang den sar■ng■ni, nuli at■tanya iku, mring Pangran Mangkunagara, pan ing m■ngko Sultan aneng ng■ndikanipun, Pangeran Mangkunagara, aris denira nauri,

Kabar ana ing Nglipura, nging si Anatapraja abaris, mapan ana Bantul iku, p■calang Karang Nangka, Jendral Dhekok mapan asru dennya muwus, eh Pagen langgar■n nulya, mangkata saw■ngi iki,

Lan Pangran Mangkunagara, wong Ngayogja miluwa kabeh iki, iya saane iku, mangkana nulya dandan, pan s■dalu datan ana wong kang turu, sar■ng pukul lima mangkat, saking ing Ngayogja sami,

Jendral Pagen pangiridnya, langkung ag■ng n■nggih d■dam■l neki, prapta Karang Nangka iku, pukul pitu w■tara, ingkang baris ing Karang Nangka tin■mpuh, Raja niti tan kuwawa, nulya lumaj■ng tur uni,

Mring Pangeran Natapraja, nulya tata s■dya am■thuk jurit, lawan tur uninga iku, dhumat■ng ing Nglipura, tan pantara m■ngsah pan katingal iku, usar kang dadya p■ngarsa, laj■ng campuh ing ngajurit,

Tinindhihan pra Dipatya, tan kuwawa usar pan laj■ng ngungsi, dhumat■ng p■langkiripun, nulya ng■drel pra samya, pan sinar■ng kalawan mariy■mipun, pra Dipati tan kuwawa, lan Pangran Nataprajeki,

Nulya aturi uninga, lamun sampun tan kuwawi nadhahi, nulya Basah kalih iku, tinuding nadhahana, sampun budhal Suraya Bulkiya iku, Pinilih prapta Sumuran, kap■thuk campuh ing jurit,

K■langkung ramening yuda, swara nira mariy■m sanjatalit, Kangj■ng Sultan budhal sampun, saking dhusun Lipura, yun tumingal dhumat■ng kang pr■rang pupuh, prapta ing dhusun Sumuran, Bulkiya lawan Pinilih,

Kangj■ng Pangeran

Dipatya n■bdaris

paran kulup mangko

kang prajurit wus tan

kantun kabeh

Pangran Dipan■gara

turneki

k■lamun mar■ngi pan

prayogi wangsul

Dhat■ng Ngalun-alun

Kidul malih

s■nadyan r■r■mpon

aneng ngrika pan wiyar

papane

ingkang rama pan laj■ng

nuruti

lumampah neng ngarsi

lan repot s■darum

Pangran Dipan■gara neng

wingking

lawan ngampil mangko

suranata k■lawan gam■le

nging punika ingkang

m■ksih kari

lan kang rayi kalih

prajurit wus mawut

Lagya prapta aneng

Tamansari

katututan mangko

mring wong Inggris lawan

S■peine

pan ing■drel la- -wan densuraki

kang neng Balowr■ti

ngandhap sing Pal■ngkung

Dadya lings■m Pangran

ing tyasneki

nuwun pamit mangko

mring kang rama m■ngkana

ature

pan kawula nuhun pamit

mati
isin densuraki
tan sag■t angrungu
Dadya kend■l J■ng
Pangran Dipati
angandika alon
yen m■ngkono kar■p sira
kuwe
wus ta payo padha bar■ng
mati
ing saolehneki
lun coba rumuhun
Pangran Dipan■gara
turneki
lun coba rumuhun
Tuwan kend■l ningali
kemawon
lamun sampun kawula
ng■masi
sumangga Dewaji
ing sakarsa tuhu
Nadyan kend■l J■ng
Pangran Dipati
nging tyas n■dya r■mpon
yen tum■ka kang putra
sabile
nging an■dya belani kang
siwi
Pangran Suryabrangti
m■ngkana umatur
Mring kang raka bot■n
sag■d keri
tan tinolih mangko
sarwi muwus aneng ing
wurine
Pangran Dipan■gara wus
prapti
marang lurung malih
gya ing■drel iku
Ingkang mimis lir pendah
gr■rimis
nging karsa Yyang Manon
tan tumama mring

Kangj■ng Pangrane
p■ngraosnya lir
sinawuran w■dhi
p■t■ng kukusneki
s■ndawa k■langkung
Langkung kewran J■ng
Pangran tyasneki
m■ngkana winuwos
ingkang baris nginggil
pangiride
Jendral Glispi ing
lurung winarni
kang dados pangirid
n■nggih Mayor Daltun
Pan kalawan Suk■taris
Adim
pan wus tata mangko
pang■drelnya datan
paw■kase
J■ng Pangeran pan eca
m■ndhiri
aneng sat■ngahing
l■lurung puniku
Mayor Daltun Suk■taris
Adim
amr■p■ki mangko
mapan kalawan
saradhadhune
wus kin■pung Pangran
Dipan■gari
Mayor Suk■taris
mapan sampun
cundhuk
Pangran Dipan■gara
nulyaglis
nyandhak tangan mangko
Suk■taris lawan sru
s■bdane
Suk■taris payo bar■ng
mati
sira lawan mami
pan wus s■dh■ngipun

Lamun sira mati lawan
mami
yen J■ng Rama mangko
nora estu iya ing dadine
angg■nteni Kangj■ng
Eyang pasthi
sun p■lahur mati
Adim mentak ampun
Pan kawula langkung
kilap y■kti
win■stanan mangko
Kangj■ng Sultan punika
y■ktose
ing s■mangke kawula
aturi
laj■ng manjing ngloji
pan sinumpah sampun
Jum■n■ngnya Pangran
Dipati
nulya Mayor Daltun
aparentah s■njata
kend■le
kawarnaa Kangj■ng
Pangran Dipati
wus awas ningali
kang putra kin■pung
Win■stanan kalamun wus
sabil
s■dya bela mangko
lan k■sawur ing kukus
p■t■nge
saking jawi wus datan
kaeksi
yen kang putra m■ksih
m■ngkana winuwus
Pangran Dipan■gara
ningali
mring kang rama mangko
nulya ingkang rayi
laj■ng kinen
Pangran Suryabrangta
angaturi
lawan atur uning

lamun sae sampun
Saradhadhu ingkang
ng■pung sami
gya piniyak mangko
Kangj■ng Pangran Dipatya
nulyage
rawuh lawan kang repot
ngiring
Suk■taris Adim
lawan Mayor Daltun
Kalih pisan tangannya
pan sami
cin■p■ngan mangko
mring Pangeran
Dipan■garane
sampun katur mring kang
rama nuli
pan laj■ng pr■jangji
Suk■taris matur
Tuwan Jendral Glispi
wont■n nginggil
Balor■ti mangko
nulya Pangran Dipan■gara
nulyage
Jendral Glispi laj■ng
denpurugi
pan sampun k■panggih
ngad■g
ngandhapipun
Ing Kamuning cinandhak
asteki
wus karsa Yyang Manon
Jendral Glispi t■ka
nurut bae
mapan laj■ng tangannya
kin■mpit
nulya bin■kteki
tum■dhak anurut
Sampun prapta ing
ngarsanireki
Pangran Dipatyanom
Pangran Dipan■gara ature

mring Kang Rama Tuwan
t■dhak ugi
saking ing turanggi
puniku Pukulun
Mapan Jendral Paduka
pr■jangji
J■ng Pangran duk anom
ing ature ingkang putra
mangko
nulya t■dhak saking ing
turanggi
wus cundhuk prajangji
lan Jendral Glispiku
Jendral Glispi pan
laj■ng nyagahi
barang karsa mangko
laj■ng m■ling Suk■taris
bae
mapan kinen dherekna
mring loji
Jendral Glispi nuli
lawan Mayor Daltun
Pamit laj■ng sar■ng
lampahneki
tan winarna mangko
Kangj■ng Pangran Dipatya lampahe
mapan sampun prapta
aneng ngloji
Jendral Rapl■s iki
m■thuk jawi Pl■ngkung
Sampun cundhuk J■ng
Pangran Dipati
lawan Jendral mangko
mapan laj■ng k■kanthen
lampahe
Jendral lawan Pangran
Dipati
nulya l■nggah kalih
ngloji ag■ng iku
Pangran Dipan■gara
nulyamit
mring kang rama mangko
ngupadosi kang eyang

karsane
laj■ng Ratu K■dhaton
puniki
kang rama nglilani
lawan Jendral iku
Nulya medal J■ng Pangran
sing ngloji
nitih kuda mangko
Ki Gunawan titihan
namane
sagung ngampil samya
dherek sami
Ngalun-alun prapti
m■ngkana kap■thuk
Aneng kidul wringin
kurung iki
lan kang eyang mangko
Kangj■ng Sultan
tumungkul lampahe
ginar■b■g sagung usar
sami
dene ingkang nganthi
Jan Kr■rap■t iku
Dene putra kang dherek tigeki
kalih s■ntaneku
kang bupati s■kawan
kathahe
putra Pangran
Mangkudiningrati
Pangran M■rtasani
Pangran Dipajayeku
Kang s■ntana Pangran
D■mang iki
lan Pangran Mangku
Sumayuda iku bupatine
Raden M■nggung
Sumaduwiryeki
Den M■rtan■gari
Den Wiryatruneku
Lan Den M■nggung
Yudawijayaki
m■ngkana duk anon

Pangran
Mangkudiningratan mangke
mring kang putra Pangran
Dipan■gari
nulya matur aris
mring J■ng Sultan iku
Pan punika wayah Tuwan
ugi
J■ng Sultan nulyanon
mring kang wayah
kum■mb■ng w■spane
ris atanya kulup ana
ng■ndi ramanireki
Pangran duk andulu
Mring kang Eyang
langkung w■las sasih
pan meh supe mangko
mring pratingkah kang
k■lakon kabeh
nanging eng■t punika
kang wiji
ngad■g ing tyasneki
pan arsa rin■but
Nulya wont■n pitulung
Yyang Widi
Pangran nulya amot
mring kang rama yen wus
neng nglojine
lan wus dadya sagung
kang pr■jangji
datan wande ugi
samya risakipun
Nanging t■ksih k■tawis
netyeki
nulya matur alon
mring kang eyang kawula
y■ktose
pan binandhang dhat■ng
tiyang Inggris
J■ng Rama tan uning
arsa t■dhak iku
Saking kuda Mayor Daltun
nuli

apitutur alon
sampun t■dhak saking
turanggane
mapan tuhu wong tuwa
puniki
nging cilaka ugi
nging sampun tan patut
Dadya Pangran tan sag■d
ningali
mring kang eyang mangko
mapan nulya nyum■thi
kudane
nand■r wangsul dhat■ng
ngloji malih
k■bon kang winarni
Kangj■ng Sultan
sampun
Manjing ngloji ag■ng
kang winarni
m■ngkana pan sampun
Pangran Dipan■gara
karsane
dumugekk■n genira
ngulati
mring kang eyang malih
nanging dharat iku
Ingkang ngiring nanging
ban satunggil
Ki Surajayaku
sampun prapta K■dhaton
lampahe
Pangran Dipan■gara wus
panggih
lan kang eyang iki
l■nggah ngandhap anggur
Pan rinubung mring
Inggris S■pei
gya piniyak mangko
mring Pangeran
Dipan■garane
langkung elok kodrating
Yyang Widi

pan m■ngkana maning
Pangran l■b■tipun
Mapan angler pendah wong
angimpi
satingkahnya mangko
mapan miyak kimawon
l■b■te
wit S■tinggil mapan
ngantos prapti
Prabay■ksa iki
k■bak Inggris iku
Apa dene ingkang
kori-kori
wus karsa Yyang Manon
J■ng Pangeran mapan
luj■ng bae
datan ana ingkang rupa
kardi
wong Jawa sawiji
wus tan ana iku
Ingkang lanang ki ■mban
winarni
wus tan sag■d anon
saking jrih dados m■r■m
bae
Kangj■ng Ratu sar■ng
aningali
ingkang wayah prapti
anulya rinangkul
Sarwi muhun ri wus
atanya ris
ramanira mangko
ing saiki neng ng■ndi
■nggone
Pangran Dipan■gara
turneki
sampun wont■n ngloji
kawula ingutus
Ngupadosi mring Paduka
y■kti
lan tur uning mangko
Kangj■ng Rama sampun
wiluj■nga

sampun ngantos Paduka
rudatin
J■ng Ratu nulya glis
ingatura kondur
Mring kang wayah J■ng
Ratu nuruti
sampun l■nggah mangko
Pangran Dipanagara
nulyage
wont■n Inggris pan
litnan sawiji
kinen t■ngga iki
dhumat■ng J■ng
Ratu
Ri sawusnya J■ng Pangran
nulyamit
mring kang eyang mangko
nuwun wangsul dhat■ng
ngloji maleh
ingkang eyang pan sampun
nglilani
nging adhinireki
Suryabrangta iku
Kinon tunggu iya marang
mami
sandika lengser wus
tan winarna loji prapta
mangke
ingkang rama pan sampun
ngalih
Ngloji K■bon iki
lan jum■n■ng sampun
Ingkang rayi Denmas
Ambyah iki
pan sampun rumantos
nama Pangran Dipati ing
mangko
Pangran Dipan■gara
apanggih
neng ngaj■ngan ngloji
lan Raden Tum■nggung
Jasantika lan Kapitan

Jising
laj■ng dherek mangko
mring Pangeran
Dipanagarane
nulya cundhuk kalawan
Sang Aji
pan wus katur sami
saneskaranipun
Lawan w■lingira kang
eyang iki
k■lamun amundhot
wayah juga
kinen t■ngga mangke
Pangran Suryabrangta
dendhawahi
t■ngga kang eyang iki
aneng ing K■dhatun
Wus lumampah pan datan
winarni
pra dipati mangko
kalih dalu antawis
praptane
samya sowan dhumat■ng
ing ngloji
ngirid Ki Dipati
Danurja puniku
Lawan Pangran
Mangkudiningrati
ingaturk■n mangko
mring J■ng Sultan Jan
Kr■rap■t r■mbage
Kangj■ng Sultan mapan
anuruti
win■dalk■n nuli
saking g■dhong iku
Jan Kr■rap■t kang ngirid
pribadi
sampun prapta mangko
Kangj■ng Sultan pan aris
s■bdane
wus ta adhi aja keh
pinikir
wus karseng Yyang Widi

barang lakon iku
Mapan ingsun derma
anglakoni
wus karsa Yang Manon
Pangran Mangkudiningrat
ature
inggih lamun Paduka
say■kti
bot■n angowahi
lir Nguni
s■darum
Dadya kangg■g J■ng
Sultan say■kti
laj■ng kend■l mangko
Pangran Dipanagara ing
tyase
langkung dennya bramatya
miarsi
mring atur tan y■kti
dadya ngandika sru
Mring kang paman
pangucap punapi
dene lir puniku
lamun paman m■ksih cuwa
tyase
pan sumangga samangke
puniki
kawula ngladosi
nulya kesah iku
Dhat■ng kantor ing dalu
puniki
Jendral pista mangko
nging Pangeran
Dipanagarane
datan tumut pista
anjageni
gung r■repot sami
nging kang rayi iku
Pangran Adinagara lan
sagunging
putra santana mangko
ingkang sampun along

prapta mangke
sami kinen tumut pista
sami
Jendral karsaneki
lan Raden Tum■nggung
Jasantika lan Kapitan
Jising
Kr■rap■t
n■bdalon
eh sagunge ingkang pista
kabeh
ngestok■na Jendral
karsaneki
Jasantika iki
ing mangke jinunjung
Iya mapan kinarya
p■patih
kaya kang k■lakon
Adipati Danurja arane
Pangran Mangkudiningrat
anuli
kesah animbali
Gandaduwiryeku
Sar■ng bubar pista
manggon sami
Jasantika mangko
mapan nunggil lan Jising
pondhoke
mapan Gandaduwirya tut
wuri
nora den-nyanani
laj■ng dalu ngamuk
Raden Jayasantika
aguling
pan cinolong mangko
dhuwung ingkang wasiyat
nulyage
lan linarihan pan laj■ng
ng■masi
sambat datan mawi
Gandaduwiryeku
Laj■ng ngiwud denira
nyuduki

dadya kathah mangko
ingkang mati k■langkung
gegere
Jising iya
mapan sampun kanin
Gandaduwiryeki
mapan sampun lampus
Kinarubut mring sakeh
S■pei
wus karsa Yyang Manon
Raden Jaya Santika
praptane
jangji marga cinidreki
dadya cuwa sami
Jendral langkung b■ndu
Mring Pangeran
Mangkudiningrati
winangsulk■n mangko
marang g■dhong tan
winarna maneh
kawarnaa Kangj■ng Sultan
iki
gennya wont■n ngloji
ngantos pitung dalu
Nulya kondur Kadipaten
malih
tigang dint■n mangko
pan ng■ntosi K■dhaton
r■sike
sar■ng sampun r■sik
mapan nuli
ng■dhaton winarni
Kangj■ng Sultan S■puh
Linaj■ngk■n mring
sabrang kang ngiring
putra kalih mangko
Pangran Mangkudiningrat
lan maleh
Pangran Martasana kang
bupati
kang laj■ng sawiji
Rahaden Tum■nggung

Sumadiwirya s■daya pan sami
linuwaran mangko
ingaturk■n mring J■ng
Sultan maleh
Pangran Natakusuma
winarni
lan saputraneki
pan k■dah lum■bu
Dadya wongnya Gupr■men
Inggris
tinurutan mangko
laj■ng salin ika
j■juluke
Pangran Mangku Alam
namaneki
ingkang putra kalih
sami nama iku
Raden M■nggung
Natadiningrati
anama mangko
Pangran Suryaningrat pan
arane
Raden Mas Salya n■nggih
namaneki
Pangran puniki
Suryaningprang iku
Sampun tata Jendral
nulyamit
mring J■ng Sultan mangko
Jendral Glispi kantun
ng■ntosake
lab■t pelor l■ng■n
kenging mimis
dadya antukneki
■l■t tigang dalu
Sampun p■pak wong
Ngayogya sami
kang k■laj■ng mangko
ingkang t■bih iya
pangiline
Kangj■ng Pangran Arya
Mangkubumi
mapan sampun prapti

laj■ng ngalih iku
Dal■mira lan satanahneki
ingurupan mangko
mring Pangeran Mangku
Alame
dadya sampun sami
ngalihneki
Pangran Dipan■gari
nuhun pamit iku
Mring J■ng Sultan arsa
kondur iki
mring T■gal Arjeku
ingkang rama tan
nglilani mangke
dadya lami nunggil neng
jro puri
aneng G■dhong Kuning
p■sanggrahanipun
Pangran Adin■gara
angg■ntosi
ing dal■me mangko
ingkang dadya w■dana jro
mangke
Mancanagri dipatya ing
rawi
nama denparingi
Pringgadiningrat iku
Kang g■ntosi mring
parentahneki
ing Raden Tum■nggung
Sumadiningrat kawarna
ing mangke
Pangran Dipan■gara wus
lami
nunggil neng jro puri
mapan sang■t
rikuh
Nuwun kondur mring T■gal
Arjeki
tan kalilan mangko
sawab dene asang■t
t■bihe

dadya nuhun p■sanggrahan
jawi
sampun denlilani
aneng Mijen iku
Sagung ingkang bicant■n
ing ngloji
Kangj■ng Sultan mangko
mapan sampun pitaj■ng
putrane
Kangj■ng Pangran
Dipanagareki
Kyai Adipati
Danurja puniku
Lamun m■ntas sowan
dhat■ng ngloji
laj■ng sowan mangko
mring Pangeran
Dipanagarane
pinanggih aneng
Mandhungan iki
lan sagung bupati
kang ag■ng s■darum
Bab l■lintoning
Mancanagari
lan Prayangan mangko
Pangran Dipanagara
karsane
sab sampun dados kang
pr■jangji
lan kang eyang rumiyin
nanging geseh tuhu
Datan timbang ing
karsanireki
Gupr■n■men mangko
lintonana ing sapam■dale
mring sagunge kang
Mancanagari
lawan bandar iki
pan sar■ng sinuhun
Pinaosan mapan sab■n
warsi
tigang atus ewu mangko
pasmat ika mapan sampun

jangjine
lan kang eyang sar■ng
Mancanagri
tanah Jipang sami
lan Prayangan urup
Ingkang bandar pan
laj■ng l■stari
nging Mancanagriku
Pangran Dipanagara
karsane
kang urupan iku pan
tinampik
maosi puniku
Pinaringk■n kang samya
d■rbeni
Ki Danurja mangko
nulya wangsul maring
loji maneh
lawan sagung kang para
dipati
ingkang ny■p■ng sami
parentah puniku
Jan Kr■rap■t mapan
sampun panggih
Ki Danurja mangko
sakancanya am■rtelakake
ingkang karsa saneskara
sami
dadya r■naneki
Jan Kr■rap■t
iku
Dadya surup mangkya
amaosi
tanah Jipang mangko
sampun rampung bandar
lan Jipange
Jan Kr■rap■t nulya
n■mbung maning
tanah K■dhu iki
tin■dha puniku
S■r■p linton
bandha-beyaneki

ing prang nguni mangko
yen wis cukup iya mulih
maneh
pan wus muni ing layang
pr■jangji
ingkang anyaguhi
lan kang layang iku
Ana Pangran Dipan■gareki
Ki Danurja mangko
nulya medal sakkancane
kabeh
saking ngloji laj■ng
sowan panggih
lan J■ng Pangran nuli
s■daya wus katur
Laj■ng samya sowan Sri
Bupati
mring k■dhaton mangko
sampun katur ing
saneskarane
Sri Nalendra nyarah
mring kang siwi
Pangran Dipan■gari
ing K■dhu wus rampung
Ki Dipati Danurja wus
bali
mring loji waw■rtos
lamun K■dhu wus kalilan
mangke
Jan Kr■rap■t
langkung sukaneki
pir■na tyasneki
pan wus tan cinatur
Tata tita ing Ngayogya
iki
pan wus k■rta mangko
Jingsing pan wus
ginanjar namane
Raden M■nggung
S■cadiningrati
m■ngkana winarni
J■ng Pangeran iku
Neng Ngayogya mapan

sampun lami
kalih t■ngah taun
nyuwun pamit mring T■gal
Arjane
ingkang rama lami tan
nglilani
k■dah kinen iki
laj■ng dal■m ngriku
T■gal Arja karsanya Sang
Aji
kinen karya k■bon
Pangran Dipanagara
karsane
k■dah kondur mring T■gal
Arjeki
sabab ingkang nagri
wus dalu ya iku
Sagung bicara ingkang
matosi
wus tan ana mangko
marma Kangj■ng Pangeran
karsane
dumugekk■n genira n■n■pi
bolos kondurneki
mring T■gal Arjeku
Kangj■ng Sultan sar■ng
miyarsi
yen kang putra bolos
m■kas kondur mring T■gal
Arjane
langkung cuwa ing tyas
Sang Aji
gya pinupus iki
yen karsa Yyang Agung
Yen kang putra tan r■m■n
neng nagri
wus karsa Yyang Manon
nanging p■ndhak Gar■b■g
sowane
lawan lamun wont■n kang
prakawis
ingkang amatosi

tinimbalan iku
Lamun kathah ruw■ding
nigari
laj■ng datan kondur
nunggil aneng jroning
pura bae
lamun k■dhik ingkang
rama asring
mapan mikawoni
Kangj■ng Sultan iku
T■dhak marang T■gal
Arjeki
m■ngkana winuwos
Jan Kr■rap■t anuwun
gantine
ingkang patih Kangj■ng
Sultan y■kti
Kyai Adipati
Danurja wus s■puh
Sring kalantur barang
bicareki
Jan Kr■rap■t
watos
bokm■nawa am■m■cahake
Kangj■ng Sultan pan
maksih pr■dongdi
lan kang putra iki
karsa dereng ngumpul
Kangj■ng Pangran
Dipan■gareki
kang pinilih mangko
n■nggih Pangran
Dipakusumane
ingkang rama Kangj■ng
Sultan iki
datan arsa iki
angandika arum
Mring kang putra Pangran
Dipanagri
kulup ingsun sung wroh
uwakira Dipakusumane
pan wus akeh iya
cacadneki

lan kambine maning
maksih anggon iku
Nanging iya ming kari
sathithik
lan p■patih mangko
dene ingkang wus dadi
kar■pe
Jan Kr■rap■t uwakira iki
Pringgadaningrati
J■ng Pangran umatur
Mapan sang■t amba mopo
y■kti
mring punika mangko
pan k■langkung inggih
pakew■de
dadya lami
kend■l datan kardi
m■ngkana winarni
Jan Kr■rap■t iku
K■dah n■dha g■ntose
p■patih
Cadiningrat mangko
kang kinengken mring
T■gal Arjane
Kangj■ng Pangran
Dipan■gareki
lagya gr■rah iki
Cadiningrat cundhuk
Mapan ngiras juru basa
iki
juru basa mangko
p■nggarapan sampun bot■n
kangge
mring J■ng Pangran aris
aturneki
kula ngutus Gusti
dhumat■ng Sang Prabu
Lawan saudara tuwan
gusti
Jan Kr■rap■t mangko
estu nyuwun p■patih
g■ntose

Kangj■ng Rama Tuwan Sri
Bupati
nanging nr■rah pribadi
mring Paduka tuhu
Pan k■kalih rancangan
p■patih
ingkang sampun dados
Pangran Dipakusuma tan
kangge
kang punika pundi Tuwan
pilih
Pringgadiningrati
Sumadipureku
Kangj■ng
Pangran angandika aris
lamun wis mangkono
Cadiningrat J■ng Rama
karsane
lan si bapak Jan
Kr■rap■t iki
iya kang sun pilih
Somadipureku
Nanging ingsun durung
bisa iki
asebaa ing mangko
Cadiningrat matur
m■ngkono
wus muliha Cadiningrat
nuli
lengser saking ngarsi
mapan laj■ng pangguh
Jan Kr■rap■t sampun
denwartani
ing karsa Sang Anom
lamun Mas Tum■nggung ing
Japane
kang pinilih mring J■ng
Pangran y■kti
Jan Kr■rap■t aglis
sowan mring Sang Prabu
Cadiningrat mapan datan
kari
wus manjing k■dhaton

sampun cundhuk lan J■ng
Sultan mangke
Jan Kr■rap■t nulya matur
aris
yen sar■ng Sang Aji
inggih sampun tamtu
Ingkang dados
Sumadipureki
J■ng Sultan n■bdalon
iya uwis besuk S■nen bae
ingsun mapan yun t■mu
pribadi
mring T■gal Arjeki
Jan Kr■rap■t wus mantuk
Kangj■ng Sultan sampun
t■dhak nuli,
mring T■gal Arja mangko,
sampun panggih lan kang
putra mangke,
Kangj■ng Pangran
Dipan■gareki,
J■ng Sultan n■bdaris,
paran sira kulup,
T■ka dh■m■n
Sumadipureki,
ku uga wong anom,
lan wong desa iya
kapindhone,
kaping t■lu misih sanak
mami,
m■nawa ku dadi,
pocapan ing besuk,
Lawan nora tau prentah
y■kti,
mring wong g■dhe mangko,
m■nek anglings■mi ku
dadine,
beneh lawan
Pringgadiningrati,
wus tuwa kang dhingin,
lan maning wus tau,
Amarentah mring

sapadhaneki,
lan wus tau momong,
marang putra santanaku
kabeh,
Pangran Dipanagara tur
b■kti,
sampun l■r■s ugi,
karsa J■ng Sinuhun,
Nging tyas amba
tan pitaj■ng y■kti,
kang sampun k■lakon,
datan wont■n mant■p ing
ujare,
sae kawit awon
t■mahneki,
Somadipureki,
pan b■badhe tuhu,
Bilih kenging winulang
prayogi,
nging tyas amba y■ktos,
kang pitaj■nging punika
mangke,
Kangj■ng Sultan
angandika aris,
yen m■ksa sireki,
kulup ingsun turut,
Besuk S■nen pa bisa
sireki,
seba mring K■dhaton,
kados bot■n Kangj■ng
Sultan mangke,
sampun kondur S■nen
miyos iki,
miyos neng Sitinggil,
Jan Kr■rap■t ing ngayun,
P■pak sagung putra
santanaji,
myang punggawa sagung,
Kangj■ng Sultan nulya
dhawahake,
Ki Danurja pan linorot
iki,
pinaring w■wangi,

Kyai Purwa iku,
Mas Tum■nggung ing Japan
pinaring,
pan anama mangko,
Raden Adipati
Danurjane,
Krap■t sampun
ang■streni,
wus lumrah sagunging,
wong Ngayogya iku,
Sampun luwar Sang Nata
tinangkil,
myang sagunging kang
wong,
tata tita nagri
Ngayogyane,
sampun k■rta mapan
win■tawis,
angsal tigang warsi,
Kangj■ng Sultan winuwus,
Ingkang putra Pangran
Dipanagri,
pan tinari mangko,
krama nanging tan arsa
lamine,
langkung susah tyasiraa
Sang Aji,
m■ngkana mar■ngi,
J■ng Pangran anuju,
Tinimbalan mring
K■dhaton prapti,
ing ngarsa Sang Katong,
J■ng Pangeran
Dipanagarane,
pan ingutus karsanya
Sang Aji,
kinen nari ugi,
dhumat■ng kang ibu,
Kangj■ng Ratu Bandara
puniki,
maksih ayu anom,
mapan dereng gadhah

putra mangke,
Kangj■ng Sultan w■las
mring kang rayi,
marma kinen nari,
krama lamun ayun,
Nulya lengser
Pangran Dipanagri,
sing ngarsa Sang Katong,
kinen miyos ing K■putren
bae,
sowan dhat■ng ingkang
eyang iki,
wus karsaning Widi,
J■ng Pangran andulu,
Neng Kaputren myat putri
siji,
pan jum■n■ng mangko,
ingkang kori butulan
pan■pen,
nanging sang dyah mapan
tan udani,
pan lagya mar■ngi,
dyah jum■n■ng pungkur,
Kangj■ng Pangran sar■ng
aningali,
marang sang dyah sinom,
dangu kend■l
am■spaosake,
saking wingking tuhu
jungkarangin,
pan kapar■ng ugi,
noleh sang r■tnayu,
Mapan anglir panjang
putra iki,
dhawah sela r■mpu,
sakaliyan tan paja
mugane,
sang kusuma tan sag■d
lumaris,
langkung wirangneki,
dadya dhodhok iku,
Kangj■ng Pangran pan
m■ngkana maning,

meh supe ingutos,
sar■ng myat mring sang
dyah warnane,
tr■nyuh ing
tyas anglir ng■masi,
m■ngkana tyasneki,
sun durung andulu,
Aneng donya wong wadon
lir iki,
dene sarwi patut,
nora nana kang winaon
kiye,
sapa baya ingkang darbe
siwi,
m■ngkana winarni,
ingkang dherek iku,
Nyai Lurah K■parak
k■kalih,
Among S■miteku,
lawan Nyai Among
Mirutane,
mulat lamun J■ng Pangran
ningali,
jum■n■ng tan osik,
dadyalon umatur,
Pan punika Gusti
dentingali,
dene kend■l dangu,
pan kang wont■n ing kori
wiyose,
rayi dal■m punika
pribadi,
kang tilaran ugi,
n■nggih Kangj■ng Ratu,
Madur■tna sampun ta
ginalih,
dhuh Gusti k■dangon,
lamun karsa kados bot■n
wande,
dhasar samya s■mbrana
k■kalih,
abdi dal■m lami,

marma purun matur,
Kangj■ng
Pangran angandika aris,
sarwi mes■m mangko,
la hiya ingsun iki meh
k■lalen,
tambuh-tambuh ingkang
dipunpikir,
wus matura dhingin,
mring Kangj■ng Yang iku,
Lamun ingsun ingutus
Ramaji,
ayun seba ingong,
mung S■mita lengser sing
ngarsane,
Kangj■ng Ratu Ag■ng kang
winarni,
lagya gr■rah iki,
nging tan sang■t iku,
Sampun matur angandika
nuli,
J■ng Pangran wus rawoh,
Kangj■ng Ratu Ag■ng
ngandikane,
kulup sira kinongkon pa
iki,
mring ramanireki,
J■ng Pangran wotsantun,
Pan ingutus inggih
nantun krami,
dhat■ng ibu mangko,
kinen nantun
Ngarsa-dal■m ugi,
bokm■nawi Allah
amar■ngi,
t■ksih paring wiji,
gya ngandikan rawuh,
Kangj■ng Ratu Bandara
neng ngarsi,
nira ingkang ibu,
Kangj■ng Ratu Ag■ng ris
ngandikane,
anakira ku

ingutus nini,
mring kakangireki,
J■ng Pangran umatur,
Ibu kula pan ingutus
ugi,
mring J■ng Rama Katong,
kinen nantun den krana
Allahe,
Kangj■ng Rama aw■las
ningali,
mring Paduka y■kti,
dereng gadhah tuwuh,
Bilih Allah m■ksih
paring wiji,
mring Paduka mangko,
Kangj■ng Ratu B■ndara
n■bdalon,
iya kulup matura sireki,
maring Sri Bupati,
inggih wus kasuwun,
Mapan ingsun wis pasrah
ing t■kdir,
b■gjane wak ingong,
nanging ingsun nuhun
pangestune,
mring J■ng Sultan muga
wak mami,
kinuwatna ugi,
mring ibadahingsun,
Lawan ingkang supangat
J■ng Nabi,
pirang bara ingong,
lamun t■mu lan wakira
t■mbe,
dene iku iya mati sabil,
nanging ana siji,
adhinira kulup,
Wus diwasa iku dadi ati,
durung ana patot,
ingkang m■ngku iya
prayogane,
lawan kar■ming ibadah

y■kti,
yen s■mbada ugi,
aturna Sinuhun,
Mring J■ng Sultan
jodhone nak mami,
J■ng Pangran turnya lon,
sarwi mes■m jrih kawula
mangke,
lamun matur mapan sanes
kardi,
bilih denw■stani,
salah kardi tuhu,
Kangj■ng Ratu Ag■ng
ngandikaris,
b■n■r nakireku,
lamun sira duwe kar■p
kuwe,
anakira ngur tutura
maring,
bakayunireki,
Ratu K■ncaneku,
Pangran Dipanagara
nulyaglis,
mundur sing ngarsa wus,
ingkang eyang lan kang
ibu mangke,
ing samarga mapan
mandh■g nolih,
kang kaesthi galih,
kang neng kori iku,
Nyai lurah kalih matur
malih,
dhuh Gusti k■dangon,
t■dhak kondur salah
wengweng bae,
pij■r kori ingkang
dentingali,
pan wont■n
punapi,
kalihnya gumuyu,
Kangj■ng Pangran mes■m
gya lumaris,
sampun prapta mangko,

ing k■dhaton ngarsane
Sang Rajeng,
Kangj■ng Sultan dangu
ngarsi-arsi,
dereng ewah iki,
gennya l■nggah wau,
Kangj■ng Sultan atanya
mring siwi,
sira suwe mangko,
apa baya kang rin■mbug
kabeh,
Kangj■ng Pangran matur
awotsari,
mapan kathah ugi,
J■ng Yang karsanipun,
Lawan Kangj■ng Ibu sami
ugi,
niskara wus katur,
Kangj■ng Sultan aris
angandikane,
iya sokur alkamdulilahi,
yen ibunireki,
kuwat luwih patut,
Nyai Lurah kalih aneng
wingking,
pan samya g■guyon,
kalih pisan samya
s■mbranane,
Kangj■ng Sultan sar■ng
aningali,
nulya atanya ris,
pa sira guguyu,
Nyai lurah kalih atur b■kti,
putranta Sang Katong,
bot■n dangu sowan mring
Kang Yang y■ktos,
pij■r salah wengweng
wont■n margi,
wus kadugeng galih,
mes■m J■ng Sinuhun,
Pan tumungkul Pangran
Dipanagri,

nanging tyas wus y■ktos,
kang katinagal nanging
kori bae,
Sang Sinuhun mes■m
ngandikaris,
wis ta kulup dhingin,
muliha nakingsun,
Kangj■ng Pangran wus
lengser sing ngarsi,
nira J■ng Sang Katong,
laj■ng kondur mring
T■gal Arjane,
sarawuhnya mapan mujung
guling,
nanging kang kaeksi,
sang r■tnaning ayu,
Kang tumanc■p aneng
pulung ati,
pan tansah katongton,
pant■s t■m■n warna
t■nagane,
pas■mone tuhu
mandhitani,
sotyaning pawestri,
baya kang tumurun,
Mid■r ing rat sun durung
ningali,
s■sotyaning wadon,
ingkang memp■r
pan sathithik bae,
l■ngl■ng ing tyas datan
mijil-mijil,
kawarna Sang Aji,
utusan iku,
Kangj■ng Rtu Kancana
pribadi,
kang lumampah mangko,
t■dhak marang ing T■gal
Arjane,
sampun prapta mapan
nulya panggih,
Kangj■ng Pangran
tinari,

krama laj■ng ayun,
Sang Dyah R■tna Sang
S■karing Puri,
langkung tyas Sang Anom,
anglir agring manggih
usadane,
Kangj■ng Ratu K■ncana
ling malih,
dene duk rumiyin,
andika tanpayun,
Inggih lamun tinari
akrami,
pan s■laminipun,
Kangj■ng Pangran mes■m
lon ature,
salamanya dereng angsal
ugi,
kadang tingal y■kti,
dyah anglir puniku,
Mes■m Ratu K■ncana
nulyamit,
kondur mring K■dhaton,
sampun rawuh matur ing
Sang Rajeng,
langkung suka Kangj■ng
Sri Bupati,
lon ngandikaris,
ya b■n■r anakmu,
Nadyan ingsun ya durung
ningali,
kang memp■r wong wadon,
lan ibune dhasar b■cik
si beng,
ing Ngayogya tan ana
k■kalih,
lan t■t■koneki,
jatmika tur patut,
Dhasar pant■s iya
and■rbeni,
T■gal Arja mangko,
lan kang lanang padha
t■kone,

kapandhitan padha
denkar■mi,
sunduga ing ati,
wus kanthine iku.
Sun am■dhar
surasaning ati
at■mbang pamiyos
pan kinarya anglipur
brangtane
aneng kitha M■nadhu duk
kardi
tan akaeksi
nging sihing Yyang Agung

Mapan kathah kang
karaseng galih
ing tingkah kadudon
pan m■ngkana ing tyas
pangesthine
kaya para solahingsun iki
yen tan ana ugi
apura Yyang Agung

Lan wirang pan wus
sunlakoni
nging panuhuningong
ingkang kari lan kang
dhingin kabeh
kulawarga kang ngestokk■n
y■kti
mring agama nabi
oleha pitulung

Maring Allah kang rabil
ngalamin
lan supangat mangko
Kangj■ng Nabi kita lan
wargane
kang s■khabat ansi
kang muhajir
lan pra rasul sami
pra wali s■darum

Muga padha oleh iman suci
pa dene wakingong
muga Allah ngapuraa

mangko
lawan iya J■ng Nabi
cilukmiyi
tingkah duk dhingin
mapan keh kang dudu

Awal akir a- nging
tan y■kti
lan J■ng Nabi kaot
datan wont■n malih ing
liyane
ingkang ngasih
ngapunt■ning dasih
pangesthining ati
tan mring liyanipun.

Kaya paran baya t■mahneki
dadine wakingong,
yen tan ana ing sih
apurane
Gusti Allah kang rabil
ngalamin
lawan Kangj■ng Nabi
tanpa w■kas tuhu

Langkung sang■t limuting
tyasneki
risang kang palunggoh
datan ana ing siyang
dalune
nging sihing Yyang lan
supangat Nabi
marma karya g■ndhing
mrih anamur wuyung

Kang kinarya wiwitaning
g■ndhing
hejrah kang kinaot,
Kangj■ng Nabi Muhamat
samangko
purwa M■kah ing Madinah
mangkin
ing hejrah samangkin
sewu kalih atus

Kawandasa wolu ing

mangkyeki
sangkalannya mangke
pan ing Jawa lumrahe wong
akeh
sewu pitungatus sek■t iki
sanga langkungneki
windu S■ngareku

Pan Kulawu Alip kang
lumaris
Je taunnya mangko
mapan kha- ji ing
wulan tanggale
kaping wolu Jum■ngah
nujoni
dina kurang luwih
apura denagung.

Kang pinarwa karsane kang
nulis
Tanah Jawa mangko
nging ginancar carite
y■ktine
kang tan pr■lu mapan
denlangkungi
mrih enggal dumugi
mring kalifah rasul

Tanah Jawi nagri
Majapahit
Brawijaya katong,
kang pinurwa nging
w■kasan bae
duk j■n■nge kang kaping
patneki
mapan tanah Jawi
langkung arjanipun

Lan keringan mring prang
muka sami
Brawijaya katong
langkung adil lan
paramartane
nging cacade maksih buda
y■kti
gruwanya yu luwih

putri C■mpa iku

Ratu Darawati parabneki
wus puputra mangko
Raden Jaran Panolih
namane
pan tinan■m aneng
Madureki
lawan ana malih
putranya Sang Prabu

Arya Dilah ingkang ibu
y■kti
putri buta mangko
Laras Ati an■nggih
jujuluke
ing kayangan buta mangun
teki
nging Dyah Laras Ati
awarna yu punjul

Arya Dilah karsanya Sang
Aji
wus tinan■m mangko
ing Palembang kang dadya
ratune
suwarnane praja tanah
Jawi
ingkang agung iki
tinan■man sampun

Ingkang putra Brawijaya
sami
marmanya Sang Katong
kineringan mring prang
muka kabeh
sugih dunya garwa myang
putreki
bala b■cik-b■cik
myang amb■k Sang Prabu

Kapandhitannya langkung
aw■ning
trus tingalSang Katong
an■ng■na Sang Brawijayane
nagri C■mpa wau kang

winuning
Sri Nalendra iki
mapan sampun s■puh

Tiga putra kang jalu
sawiji
bayun Sang Dyah Sinom
Darawati kang dadya
garwane
Brawijaya nateng Maospait
arinya Sang Dewi
Dyah Pujinah ayu

Sampun krama mapan angsal
Syarif
ginu- ron mring
katong
dadya Islam nateng C■mpa
mangko
sawadyanya sampun Islam
sami'parabnya sang sarip
Ibrahim puniku

Pan punika wutah Eslam
ing Jawi
m■ngkana cinator
Dyah Sujinah wus patutan
mangko
lan Sang Sarip mapan jalu
kalih
kang s■puh nameki
Sayid Rahmat iku

Sayid Rahman mapan
arineki
Sang Sarip winuwos
dereng l■ga an■nggih ing
tyase
yen tan Eslam ratu
Majapahit
m■ngkana nulyamit
mring kang rayi sampun.

Laj■ng kesah Maulana Sang
Sarip
an■dha Yyang Manon

tanah Jawa an■nggih
Eslame
pan wus sinung wangsiting
Yyang Widi
kalamun Sang Sarip
tan kalilan iku

Nging kang putra benjing
denlilani
Sang Sarip ta mangko
laj■ng data kondur mring
C■mpane
dumugekk■n gennya
mangunteki
langkung mati ragi
lan sa- lin
jujuluk

Sarip Maulana Mahribi ki
wus lami winuwos
ingkang putra kalih
diwasane
muhun pamit mring kang
ibu nuli
yun pados sudarmi
wus linilan iku

Sayid kalih nulya pangkat
aglis
saking C■mpa mangko
pan kalunta Sang Sayid
lampahe
tanya-tanya pan tan
angsah warti
m■ngkana ningali
teja ngad■g iku

Mapan sundhul maring ing
wiyati
sayid kalih mangko
wus anduga kang rama
tejane
pan Mancingan pr■nahe
dum■ling
dadya sayid kalih
mring Mancingan rawuh

Sarip Maulana wus udani
mring kang putra mangko
kalih samya nusul prapta
age
neng ngarsane kang rama
tur bakti
ngusweng pada kalih
ingaras kang ■mbun

Lon ngandika Sarip kang
siwi
lungguh anakingong
nulya l■nggah sang sayid
kalihe
sampun katur ing
sasolahneki
ingkang ibu uni
Sarip mes■m muwus

Lah ta uwis kaki yya
pinikir
ibunira mangko
ingkang pr■lu karsaning
Yyang kiye
ingsun j■beng nora
denlilani
Ngeslamk■n ing Jawi
nging sira nakingsun

Kang linilan marang ing
Yyang Widi
wus ta j■beng mangko
ngawulaa mring Majapaite
samargane sira j■beng
benjing
Jawa Islamneki
sira marganipun

Wus ta j■beng mangkata
tumuli
anjujuga mangko
mring wakira ratu iku bae
Darawati islam■na dhingin
kalih atur b■kti
wus lengser sing ngayun

Tan winarna marga sampun
prapti
Majapait mangko
gya ngandika mring kang
uwa mangke
ratu Darawati sampun
panggih
Sang Sayid k■kalih
wus karsa Yyang Agung

T■ka gampil Ratu Darawati
manjing Islam mangko
sampun katur mring
Brawijayane
gya ngandikan risang
sarip kalih
prapta ngarsa aji
Sang Nata n■bdarum

Gya dinangu risang sarip
kalih
mring pr■nata mangko
ing wong Islam ta-
napi tekade
sampun katur ing s■daya
sami
esmu r■m■n aji
nanging jrih satuhu

Mapan ajrih kalamun
ngowahi
mring agama mangko
ingkang sampun lumampah
lamine
dadya Nata angandika aris
marang sarip kalih
ya wus padha iku

Ing tekade agama Islami
lawan buda mangko
dene tekat pan wus padha
bae
tata krama iya ingkang
lair
wus tan ngapa iki
anging w■kas ingsun

Sarupane wong ing
Majapahit
kang g■l■m amomor
mring agama Islam
sarupane,
iya j■b■ng ingsun tan
mal■ri
nging sas■n■ngneki
aja m■ksa iku

Dene j■beng ya ingsun
pribadi
pirang bara mangko
dene tekat pan wus padha
bae, Brawijaya mapan
langkung asih
marang sarip kalih
tinariman sampun

Sarip Rahmat angsa- l putraneki
Arya Teja mangko
pan ing Tuban n■nggih
n■garine
tilarane putra mapan
kalih
kang nem wau iki
Wilatikta juluk

Pan sampun jum■n■ng ing
Tubin
ingkang rayi mangko
Sarip Rahman wus pinaring
mangke
ingkang putra Sang Nata
pribadi
pan sinungan kasih
kalih mring Sang Prabu

Sayid Rahmat Sunan Makdum
iki
Sayid Rahman mangko
Sunan Eskak
n■nggih jujuluke
mapan kalih wus sinung
nagari

Sunan Makdum iki
ing Ngampel kang sinung

Sunan Eskak pan sinung
ing Giri
s■kaliyan mangko
wus linilan mantuk
dhewe-dhewe
sampun samya karya masjid
sami
lawan mulang santri
pan wus kathah iku

Ingkang islam wong ing
tanah Jawi
mangkana cinatur
Sunan Ngampel s■kawan
putrane
ingkang jalu mapan titiga
iki
wus linilan sami
nama sunan iku

Su- nan ngudung
nulya arineki
Sunan Bonang ku
Sunan Gunungjati warujune
kang wuragil mapan iku
estri
katiga wus alim
lan sinungan sampun

Kang panggenan karya
mulang santri
Sunan Gunung mangko
mapan kondur mring C■mpa
karsane
pan kinarya pusaka nagari
gantya kang winarni
ing Giri winuwus

Kangj■ng Sunan wus
karsaning Widi
sampun seda mangko
mapan nuju kang garwa
wrate

pitung wulan sar■ng
babarneki
Sang R■tna ng■masi
konduran puniku

Putra jalu mapan dadya
yatim
wus pinundhut mangko
marang kang wa Kangj■ng
Sunan Ngampel
ginadhuhk■n mring Nyai
Gung Grisik
tan winarna iki
nging diwasanipun

Wus jum■n■ng n■nggih
Sunan Giri
langkung alim ngelmu
lawan laku tan ana
timbange
iya sagung wali tanah
Jawi
dadya parabneki
Prabu Sadmateku

Sunan Bonang n■nggih
parabneki
Nyakrakusumeku
■n■ng■na pra wali lampahe
Wilatikta Tuban kang
winarni
kalih putraneki
ingkang s■puh jalu

Raden Sahit kang rayi
pawestri
wr■nanyayu mangko
nging Den Sahit
kalangkung dhugale
wus tinundhung mring kang
rama nuli
kesah Raden Sahit
kang rayi winuwus

Dewi Rasawulan angulati
mring kang raka mangko

tan k■panggih dadya
kaluntane
sang kusuma laj■ng
mangunteki
neng t■ngah wanadri
tapa ngidang iku

Datan kenging tumingal
mring jalmi
lumaj■ng sang sinom
kawarnaa Raden Sahit ta
mangke
mapan bela am■jahi margi
mangkana winarni
mapan kapinuju

Ingkang langkung Kangj■ng
Sunan iki
wus karsa Yyang Manon
pan nama was J■ng Sunan
ag■me,
jungkat cundrik mapan
■mas sami
lawan lampahneki
esmu manis kalbu

Sunan Bonang nging kalih
kang ngi-ring
Den Sahid wus anon
gya cin■gat J■ng Sunan
lampahe
wus apanggih neng ngandha
puringin
Raden asru angling
lan modine iku

Eh ta ■ndi golekira
santri
lan cismu ta mangko
ngong anggone lan
sr■banmu kuwe
kulambine wus sisan
mulangkrik
ing ngong dadya santri
mes■m J■ng Sinuhun

Lon an■bda bagus ta
sireku
karya cotho mring ngong
lamun sira r■m■n mring
donyane
wurinira ngad■g iku ugi
ana ■masneki
sak-aren puniku

Papah uwit myang
uwohireki
mirah lan jum■rot
lah ta mara gus dulun■n
kuwe
sar■ng noleh sira Raden
Sahid,
j■ng■r aningali
kolang-kaling runtuh

Dadya p■cah aneng
ngarsaneki
gum■lar pan sagung
mirah int■n neng ngarsane
kabeh
Raden Sahit m■tonggong
tan angling
J■ng Sunan nabda ris
lah ambil■n iku

Nora kurang ing sakar-
saneki
Den Sahid wus amot
nulya agya nungk■mi
padane
sarya nangis nuhun
apureki
lan tur pati urip
mes■m J■ng Sinuhun

Yen m■ngkono pa sira
nglakoni
marang karsaningong
pan sumangga Raden ing
ature
gya pin■ndh■m sira Raden
Sahit

neng ngandhap Puringin
wus tinilar iku

Kawarnaa Sang Dyah
Rasasasi
sampun lama mangko
gennya tapa neng t■ngah
wanane
nora siram ing salamineki
mangkana Sang R■tnadi
arsa siram iku

Marang s■ndhang-s■ndhang
ing wanadri
sangandhaping kayon
pan wit as■m ngaubi
s■ndhange
dadya lukar Sang Dyah
tanpa tapih
mangkana winarni
kang tapa neng kayu

Kangj■ng Sarip Maulana
Mahribi
mapan wus w■spaos
sabarange Sang R■tna ing
mangke
tuhu datan ana nguciwani
dadya Kangj■ng Sarip
m■tu lakenipun

Sampun w■- dhar
tyasira Sang Sarip
nulya mat■k sampun
nging ngelmu raga m■tu
mulyane
campuh rasa mangkana Sang
Dewi
t■mbe t■m■n y■kti
rasa lir puniku

Ing tyasira mapan lir
ng■masi
wus karsa Yyang Manon
laj■ng wawrat Sang R■tna
ing mangke

bungkur ingkang
pr■mbayunnya kalih
samya s■kaleki
g■ng padharanipun

Pan m■ngkana tyasnya Sang
Dewi
ana apa ingong
dene kaya m■ngkene rasane
awakingsun yen anaa jalmi
ana suntakoni
lir p■t■ng wakingsun

Nulya Sang Dyah awas
aningali
ing toya Sang Sinom
mapan ana iya wayangane
pan wong lanang wus
akaki-kaki
jenggotira putih
mangkana Sang Ayu

Langkung runtik mring
wong kaki-kaki
gya m■ntas Sang Sinom
dandan sinjang k■langkung
wirange
mapan sang■t Sang R■tna
ngujari
sira wong punapi
t■ka aneng ngriku

Baya sira ingkang
nyidreng r■smi
marang awakingong
nora suka lila ingsun ki-
ye
mapan nora nana liya
maning
wong kang aneng ngriki
pan aming sireku

Lah ta mara mudhuna
kaki
Sang Wiku duk anon
mring runtike Sang R■tna

ing mangke
dadya sang■t wirangnya
Sang Sarip
gya dakarireki
anulya binubut

Mapan sampun karsaning
Yyang Widi
ingkang dakar ma(ng)ko
dadya braja sangkuh ku
mulane
dene tilas lab■t wus tan
nkeksi
Raden lir pawestri
anglir lanang dudu

Ingkang sangku
sin■ngk■lang nuli
Megleng-megleng tinon
Nulya t■dhak Sang Sarip
nulyage
sampun rawuh ngarsaning
Sang Putri
Sang Dyah maksih runtik
sru pamuwusipun

Mara kaki ilang■na iki
tan tarima ingong
wong wus tuwa t■ka salah
gawe
dene jenggotireku wus
putih
yen tapa sireki
tapanira k■pahung.

Wong wus tuwa bang■t nora
mikir
weh wiranging uwong
mara ta lah kapriye sun
kiye
Sang Pandhita mes■m
ngandika ris
aja runtik nini
wus Sang Hyang
Agung

Dene sira anr■ka mring
mami
ya wus b■n■r mangko
y■kti kene tan ana wong
maneh
anging sira mangke
suntuturi
mapan iya mami
tan estri tan jalu

Mara ta lah d■l■ng■n ta
mami
gya lukar Sang Wiku
Sang Dyah R■tna waspada
tingale
mapan langkung
kadawungireki
keh ngujar-ngujari
langkung jrih Sang Ayu

Atur b■kti nuwun apureki
Sang Wiku nabdalon
iya uwis tan ngapa ta
kuwe
mapan ingsun iki kang
sayakti
wus tan k■dhah-k■dhih
anging braja sangkuh

Sang Dyah Ayu mangr■pa
turneki
nuwun tulung ingong
waluyane punika y■ktose
langkung wirang ing tyas
kawuleki
wawrat tanpa laki
mes■m J■ng Sang Wiku

Ya m■ngko yen ana sihing
Widi
Sang R■tna turnyalon
sampun ngantos m■dal ing
margane
pan kawula dereng darbe
laki
ngandika Sang Yogi

mungkura sireku

Lan m■r■ma gya mungkur
Sang Dewi
wu- s kin■th■k
mangko
anglir ngundang pitik
panguwuhe
nulya ana pitulung Hyang
Widi
mijil jabang bayi
mapan margi nglambung

Tinadhahan ing nyamping
Sang Yogi
kang warna m■ncorong
mapan jalu Sang Wiku
wuwuse
lah ta m■leka tampanana
iki
anakira mijil
wus m■lek Sang Ayu

Lah ta ■nya anakira iki
Sang R■tna turnyalon
mapan kula dereng laki
mangke
yen darbeya anak kados
pundi
sawusira angling
Sang R■tna lumayu

Dadya kewran ing tyasnya
Sang Sarip
wong tapaa mangko
gawa bayi k■langkung
rub■de
nulya eling ing nala Sang
Sarip
kalamun ing dhingin
darbe pawong karuh

Kyai Ag■ng ing Tarup duk
dhingin
gya t■dhak Sang Wiku
marang Tarup nitipk■n

putrane
pan ginembol ing
pab■ktaneki
mapan aneng margi
pirsa wartanipun

Pan wus seda Kyai G■ng
ing mangkin
pitung dinanipun
dadya Sarip juju-
k kuburane
sampun prapta Nyai G■ng
winarni
k■langkung prihatin
seda kakungipun

Nyai Ag■ng dereng darbe
siwi
mila k■langkong
rudatine dalu sup■nane
mapan panggih lan kang
raka y■kti
kinen anuweni
iya marang kubur

Sar■ng enjang Nyi Ag■ng
lumaris
iya marang kubor
tan antara sampun prapta
age
nulya panggih lan Sang
Wiku Jati
Nyai G■ng nungk■mi
Sang Wiku nabdarum

Lah m■n■nga sun weh putra
y■kti
tampanana mangko
mapan lanang iya ku
warnane
Kidang Tl■ngkas iya lawan
iki
sangkuh wasiyating
gya musna Sang Wiku

Nyai Ag■ng langkung

sukaneki
darbe putra mangko
gya bin■kta kondur
tumulyage
prapta Tarup Nyai Ag■ng
tumuli
wuwung b■ngkuung iki
lan wawajah sampun

Tan winarna solahnya
sakehing
dyan diwasa sampun
kar■mannya saba wawana
bae
datan pisah lawan
sangkuhneki
Nyi Ag■ng malangi
nging Raden tan purun

Malah asring sare neng
wanadri
pinggir s■ndhang mangko
langkung kiwa Rahaden
■nggone
pan dilalah ana widadari
samya siram iki
kathah tunggilipun

Mapan sampun karsaning
Yyang Widi
widadari mangko
tan uninga dhumat■ng
Rahaden
gya cinolong
sandhangannya sawiji
kang b■cik pribadi
nuju lurahipun

Nulya kondur Rahaden pan
aglis
bakta sandhang mangko
ngump■take neng dhasar
parine
nulya wangsul Rahaden
tumuli
bakta sandhang jawi

Raden sampun rawuh

Nanging dh■lik ingkang
widadari
tan udani mangko
sampun tutug gennya siram
kabeh
nulya m■ntas sagung
widadari
nging Dyah Nawangsasi
ical sandhangipun

Samya mabur ingkang
widadari
nanging Sang Dyah Sinom
nora bisa dadya kungkum
bae
sabab ical kang
sandhangan sa- mi
langkung kawlas asih
Sang Dyah Nawangsantun

Lon ngandika sapa kang
nnulungi
weh sandhang maring ngong
lamun anom sun aku
kadange
lamun tuwa sun aku
sudarmi
Raden wus miyarsa
api lagya rawuh

Apan api kagyat atanyaris
nilakrama ingong
j■ngandika punapa w■stane
pan wanodya kungkum
jroning warih
lan kenging punapi
ngandika Sang Ayu

Gih kawula mapan widadari
wus tinilar mangko
marang kanca adus ku
mulane
pan sandhangan kula katut
sami

kr■rangkut ngong ugi
wus bin■kta mabur

Raden Kidang T■langkas
nabdaris
paran karsa mangko
tan prayogi neng warih
dangune
Sang Dyah R■tna lon
■bdaris
inggih yen upami
wont■n kang tutulung

W■las asung sandhangan
mring mami
lamun anom mangko
mapan kula angk■n kadang
bae
lamun s■puh ngong angk■n
sudarmi
mes■m Raden angling
pan tangg■l wong ayu yu

Tiyang jalu kadang lan
pawestri
tur m■ksih samyanom
lamun par■ng lan karsa
nah angger
pan kawula m■ksih jaka
y■kti
lamun tanggel gusti
abdekna ingsun

Dangu kend■l Sang Dyah
R■tna tan angling
mangkana tyasipun
paran baya solahingsun
kiye
yen nuruta ingsun
tatapih
baya wus pinasthi
karsaning Yyang Agung

Kudu ingsun kinen mawi
krami
lan maneh tyasingong

kudu asih ingsun mrng
wong kuwe
Raden Kidang Tl■ngkas
ngling malih
paran karsa gusti
kadadosanipun

Sang Dyah Ayu b■s■ngut
pan sarwi
tumungkul lingnyalon
lamun sudi punapa karsane
angg■r wont■n kang w■las
tulung sih
mes■m Raden angling
kantuna wong ayu

Pan sak■dhap kula mantuk
gusti
ngambil sinjanging ngong
nulya dh■lik sadhe
Rahaden
saw■tara api enggal
prapti
wus sinungk■n
aglis
sagung busaneku

Sang Dyah R■tna angandika
aris
Kesaha Sang Anom
pan kawula arsa sinjang
mangke
mes■m Raden apan sarwi
angling
kesah dhat■ng pundi
yun ngladosi ulun

Myang angiwa Sang Dyah
sarya angling
g■thing t■m■n ingong
yen wong lanang ora tegan
kuwe
apan dadak sun lunga
mring ng■ndi
mapan arsa tapih
sadhela katengsun

Tan d■rana Raden ing
tyasneki
nulya tumut mangko
malbeng toya tan winarna
nlire
sampun car■m nulya m■ntas
malih
wus busana sami
pinondhong Sang Ayu

Tan suwala Sang Dyah
Nawangsasi
gya bin■kta mangko
kondur maring Tarup
nulyage
kawarnaa Nyai Ag■ng iki
langkung ngarsi-arsi
mring kang putra iku

P■pajangan mapan wus
rinakit
tan pantara rawoh
Raden Kidang T■langkas ta
mangke
lan kang garwa kanthen
astaneki
Nyai G■ng ningali
langkung tyas sameru

Nyai Ag■ng nu-
lya m■laj■ngi
mring kang putra mangko
ingkang mantu rinangkul
nulyage
wus binakta lungguh aneng
panti
Rahaden tan t■bih
wus datan cinatur

Pan wus lama Nyai Ag■ng
ng■masi
Rahaden ta mangko
wus jum■n■ng Kyai Ag■ng
Tarube
Nawangwulan sampun darbe

siwi
wanodyayu luwih
Nawangsih kang juluk

Mapan lagya lumiling Sang Dewi
mangkono winuwos
Nawangwulan arsa mring s■ndhange
lon ngandika ki omah sireki
poma w■kas mami
yya ngungkabi iku

Marang oleh ingsun adang iki
lan tungguwa mangko
anakira Ni Nawangsih kuwe
ingsun arsa sadhela masuhi
marang s■ndhang mami
Dyah sampun lumayu

Kyai Ag■ng wus karsaning Widi
salah katya mangko
pan m■ngkana n■nggih ing ciptane
kaya apa lehnya adang iki
sunayun udani
tan kaduga ingsun

Nanging pari sakcamb■ng puniki
nora kalong-kalong
s■lawase pi-nangan wong akeh
nulya ingkang tutup denungkabi
mapan wus kaeksi
sa■las puniku

Dadya j■ng■r Ki Ag■ng ningali
wus winangsul gupoh
tan pantara Sang Dyah

rawuh mangke
lawan tanya ki omah
sireki
nora salah kardi
Ki Ag■ng n■bdarum

Yayi nora nulya dentiliki
kang las m■ksih wutoh
dadya runtik Sang Dyah
ris sabdane
dene cidra Ki Omah sireki
lah ta iya uwis
kang pari tinutu

Dipun-garap mapan kadya
jalmi
tan lama mangko
ingkang lumbung katingal
dhasare
nnulya Sang Dyah awas
aningali
lamun ag■mneki
sadaya neng ngriku

Dadya Sang Dyah runtik
tan sipi
mring Kyai Ag■ng mangko
gya rinasuk lawan sru
sabdane
nyata sira Ki Omah
nyidrani
marang ingsun iki
wus kariya iku

Iya lamun anakira nangis
gawek■na panggon
lah ngobong m■rang k■tan
bae
ingkang wulung p■sthi
ingsun prapti
Dan iya maning
yen la- ki anakmu

Sunundang■n p■sthi ingsun
prapti
Ki Ag■ng duk anon

mapan sang■t runtike
garwane
sru mal■pa lawan
ngasih-asih
Sang Dyah denpr■p■ki
lan arsa sinambut

Nawangwulan anulya
anyidrani
gya musnaa mangko
karya g■la Ki Ag■ng ing
mangke
laj■ng j■ntung nora k■na
angling
k■langkung wlasneki
mring kang putra iku

Gya pinupus wus karsaning
Widi
kinarya l■lakon
nanging ngestokk■n
saw■linge
sab■n Sang Dyah
Nawangsasi
nangis
ingunggahk■n nuli
kend■l tangisipun

■n■ng■na Tarub kang
winarni
Sunan Bonang mangko
pan wus lama eng■t
p■ndh■mane
nulya arsa wau denluwari
pan nulya lumaris
prapta pr■nahipun

B■kta sabat wus dhinudhuk
nuli
m■ngkana pan sampun
Radyan Sahit dadya
kunarpane
nanging sampun karsaning
Yyang Widi
wutuh kang jasmani
nora bosok i- ku

Nanging kantun balung
lawan kulit
gya binakta sampun
marang Ngampel wus
ingaturake
mring kang rama Sunan
Ngampel Gadhing
nulya denbayoni
Sunan Giri rawuh

Pan samya tumut ambayoni
pra wali sadarum
nulya Allah ana pitulunge
pan pr■mana kang dhat■ng
rumiyin
nulya napasneki
k■t■g m■dal sampun

Ingkang rama lan kang ibu
prapti
lan kang rayi mangko
Rasawulan pan sar■ng
praptane
saking wana jujug Ngampel
Gadhing
pan pinuju sami
p■p■kan sadarum

Saya ag■ng napasnya kang
mijil
pra wali sadarum
mapan samya anyingiri
mangko
nulya bayu sampun dhat■ng
sami
Den Sahit wus nglilir
pan lir nendra dangu

Nulya lungguh kin■pang
pra wali
Raden pungon-pungon
sampun p■pak kang pra
wali kabeh
nulya ngujung mring kang
para wali

tanapi sudarmi
s■kaliyan sampun

Rasawulan a-
nulya nungk■mi
mring kang raka mangko
mapan anglir sup■na ta
mangke
s■dayanya gawokan ati
wiyadi
langkung elokneki
sadaya pan ngungun

Pan sadaya karkannya Den
Sahit
pan waluya sampun
nanging kantun kang
l■sune bae
Sunan Makdum angandika
aris
Kabeh anak mami
ngestokna sadarum

Ya si Sahid ingsun
j■juluki
Seh M■laya mangko
pan sadaya ngestreni
ature
Kangj■ng Sunan angandika
aris
mumpung p■pak sami
iya anakingsun

Wilatikta anakira kalih
ingsun pundhut mangko
Ki M■laya ingsun dhaupake
lawan putraningsun kang
wuragil
Nini Rasasasi
dhaupa karsengsun

Lawan iya Ki J■beng ing
Giri
Nulya ningkah sampun
ingestrenan para wali
kabeh

nulya luwar sagung kang
pra wali
sowang-sowang sami
m■ngkana cina-
tur.

Seh M■laya dereng l■ga
ing galih
nulya pamit mangko
mring kang rayi yun
l■lana mangko
sampun mangkat saking
Ngampel Gadhing
turut ing k■kisik
kend■l grageh iku

Mati ragi aneng pinggir
kali
lan sendheyan kayon
mapan g■lenggang
sinindheyan mangke
sampun lama nulya tuwuh
iki
kang g■linggang jati
ngaubi ngr■mbuyung

Kangj■ng Sunan Bonang
kang winarni
al■lana mangko
mapan nuju prapta ing
g■rageh
aningali wong mati ragi
aneng pinggir kali
lan sendhean iku

Dangu-dangu tan supe kang
rayi
gya pinarak sampun
Seh M■laya lagya nendra
mangko
wus ginugah lah tangiya
yayi
kagyat aningali
yen kang raka rawuh

Nulya ngaras pada

anungk■mi
J■ng Sunan ling alon
Wus lungguha j■beng sira
mangke
aranira iya sunwuwuhi
dene jaga kali
wus arana iku

Sunan Kalijaga patut yayi
lan maneh riningong
wus ta sisan dhukuhana
kiye
ingsun yayi ingkang
angrewangi
lan rabinireki
sun undange iku

Tan l■nggana n■nggih
Sunan Kali
Sunan Bonang mangko
wus utusan dhumat■ng ing
Ngampel
animbali dhumat■ng kang
rayi
lawan nuwun idi
lah kang rama iku

Tan winarna paman sampun
prapti
kang dhukuh wus dados
Sunan Gunungjati kang
garapke
Sunan Bonang sampun
kondur nuli
winarna wus lami
genira neng ngriku

Sunan Kali wus putra
sawiji
jalu pan kinaot
ingkang warna myang
kasutapane
jinuluk Kanj■ng Sinuhun
Adi
n■ngna kang winarni
Majapait Prabu

Wont■n putranira kang
sawiji
langkung kawlas ayon
putri wandhan an■nggih
ibune
pinara- ban Den
Bondhan Surati
Sang Nata wus uning
yen ginadhang Jawatagung
Mangkana J■ng Sang Aprabu
mapan wus uningeng gaip
lamun karsaning Yyang Sukma
kang putra Raden Surati
dadya wiji tanah Jawa
datan kas■lanan benjing
Pan n■nggih turun tumurun
ing Jawa ingkang darbeni
nanging kang putra punika
sagung kang para narpati
datan liya turunira
Rahaden Bondhan S■rati.
Ngantos dugi akhir besuk
nora liya kang darbeni
iya ratu tanah Jawa
mangkana karsa Sang Aji
ingkang putra ginadhuhna
mari(ng) pandita ingkang luwih.
Pan wus padhang tingalipun
Sang Brawijaya narpati
marang karsaning Yyang Sukma
yen Tarup ingkang madhahi
mangkana nulya ngandikan
Kyai Ag■ng sampun prapti
Ing ngarsanira Sang Prabu
Brawijaya ngandika ris
marma j■beng Tarup sira
ing m■ngko ingsun timbali
iya ar- sa titip ingwang
mring putraningsun ran Surati
Mangsa bodhoa sireku
pr■din■n amangun teki
lan yen par■ng lan sira

t■mokna anakireki
ingsun pracaya ing sira
Ki Ag■ng matur wot sari
Inggih sandika pukulun
nanging pangestu Dewaji
mugi ta k■lampahan
Sang Nata ngandika aris
ingsun aweh pratandha
k■ris lan Ki Gunung G■ni
Anging j■beng w■kasingsun
sira aja walang ati
mulang muruk anakira
iya marang Ki Surati
Sang Wiku matur sandika
langkung tyas sagunung siwi
Wus linilan nulya mundur
amb■kta Raden Surati
datan winarna ing marga
Tarup mapan sampun prapti
Nawangsih m■thuk kang rama
langkung bungah tyas Sang Dewi
Lamun ingkang rama rawuh
lawan angsal lare iki
Sang Pandhita nulya l■nggah
tan t■bih Raden Surati
Sang R■tna nulya sareyan
aneng pangkoning sudarmi
Sarya at■tanya arum
iku rama rare ng■ndi
Sang Pandhita angandika
iya kakangira iki
s■lawase ingsun tilar
iya kulup neng nagari
Iki ngong parani iku
anaa rewangireki
saya bungah tyas Sang r■tna
nr■ka lamun kadang y■kti
laj■ng ngrangkul dhat■ng radyan
kang rama suka ningali
Solahe putranereku
Dyah Nawangsih tanya aris
lan riyangan pangkonira
sira kakang ana ng■ndi

iya s■lawase ika
raden mes■m ngandika ris
Ngawula marang Sang Prabu
yayi ratu Majapahit
Sang R■tna aris ngandika
kakang sira aja bali
datan ana rewang ingwang
mes■m Den Bondhan Surati
Kalamun tan bali ingsun
sapa yayi kang ngingoni
Sang R■tna aris ngandika
ya Si Rama kang ngingoni
iya lamun m■ngkana
wus yayi ingsun tan bali
Mes■m Sang Pandhita dulu
mring solahe putraneki
cinarita sampun lama
Rahaden Bondhan Surati
aneng dh■kah Tarup ika
tan pisah lawan Sang Dewi
Ing siyang kalawan dalu
Sang Pandhita kang winarni
aneng p■gagan kewala
kang neng wisma putraneki
nanging angintu kewala
sab■n siyang mring sudarmi
Winarna wus lama sampun
Rahaden Bondhan Surati
m■ngkana sampun diwasa
tanapi Dyah R■tnaningsih
samya nusul mring pagagan
wus prapta ngarsa Sang Yogi
Den Bondhan lon turipun
yen par■ng karsa Sang Yogi
kawula angg■ntosana
at■ngga p■gagan iki
kalawan ayun uninga
inggih ing raosing sakit
Sang Pandhita ngandikarum
ya wis b■n■r anak mami
sira sinaua tapa
wus mangsane sira kaki

kalamun olah sarira
angling Sang R■tna Nawangsih
iya kakang ingsun milu
aneng ing kene ta mami
Raden alon ngandika
aja yayi tan prayogi
wong wadon aneng pagagan
lawan sapa ingkang ngingoni
Iya yayi maring ingsun
kalawan manawa yayi
ana wong kang canthulangan
nora wurung ingsun yayi
pasthi atak■r ludira
lan tan b■cik sawangneki
Ingkang dadi karsaningsun
ing sab■n dina ta yayi
sira praptaa ngirimi
iya marang ingsun yayi
iku ugi kang prayoga
Ki Ag■ng mes■m nabdaris
Ya b■n■r kakangireku
payo nini padha mulih
pan sampun nurut Sang R■tna
mapan nulya kundur sami
raden kari neng p■gagan
sab■n dina Sang Dyah prapti
Ngintu mring kang raka iku
anggendhong sumbul pribadi
lawan nyangking janganira
tan suka ginawa cethi
kawarna mapan wus lama
raden neng p■gagan iki
Sangsaya diwasanipun
atanapi Sang R■tna di
wus katingal warnanira
tan wingwang kang ibu y■kti
tuhu yen ayu utama
Sang R■tna Dewi Nawangsih
Lalewanya karya wuyung
tuhu lamun jungkarangin
gandrung manis salewanya
karya wirangrong mant■rsi
pasaja lamun ngandika

ulat lindri tan patya ngling
Raden Surati yen dulu
wau dhumat■ng kang rayi
ing tyas tanpa jamuga
yen kang rayi m■ntas ngirim
sapungkurira mangkana
ng■ngl■ng-ng■ngl■ng Den Surati
Lama-lama raden sampun
pan nora sag■d nyabili
dadya w■dhar karsanira
mangkana Sang Dyah winarni
apan nuju ngintu(n) ika
kang ngiring inya sawiji
Sang Dyah mapan gendhong sumbul
lawan nyangking janganeki
prapta dyah anulya l■nggah
neng ngarsanya Den Surati
lan seleh gendhonganira
Den Surati ngandika ris
Awan t■m■n areningsun
iya olehira ngirim
payo yayi padha mangan
ng■lih t■m■n ingsun yayi
Sang R■tna aris nauri
kaki mangana pribadi
Mulane awan katingsun
Si Rama kang ngajak bukti
dadya war■g ingsun kakang
mes■m Rahaden Surati
alon rinangkul Sang R■tna
raden lon ngandika ris
Kang■n t■m■n yayi ingsun
ngin■pa kene saw■ngi
Dyah Nawangsih lon ngandika
yen m■ngkono kakang mami
ingsun tutur mring Si Rama
kakang ingsun mulih dhingin
Raden mes■m ngandika rum
aja nganggo tutur yayi
banjur ngin■pa kewala
Sang R■tna aris nauri
kakang wedi ingsun uga

marang ing Si Rama y■kti
Kakang mangana rumuhun
raden mes■m sarya angling
nora mangan ingsun dewa
yen ora kalawan sireki
dhuh gusti mirahku b■ndara
Sang R■tna garjiteng ati
Kang manah langkung kum■pyur
mangkana esthining galih
paran baya polah ingwang
si kakang owah lir nguni
pang■meke marang ingwang
sarta lan pangusapneki
T■ka gila atiningsun
apa lali maring mami
yen ingsun kadange nyata
m■ngkana Raden Surati
Sang R■tna nulya ingaras
tangkis s■lur nging tan polih
Raden w■dhar karsanipun
anulya nguwah pan■pi
katingal kang payudara
lir daru g■byarireki
w■ntis gilig kengis nulya
gum■byar lir mendah thathit
Rahaden sangsaya limut
Sang Dyah sang■t miwal kapti
m■ngkana anulya uwal
lumaj■ng Sang Dyah Nawangsih
wudhar g■lung kas■m■kan
s■bit murina tan tinolih
Langkung dyah gum■t■ripun
riwe lir tinuras iki
Ni Emban kagyat tumulya
niba tangi anututi
Raden Bondhan saulihnya
anulya niba aguling
Dyah prapta pinggiring dhukuh
l■nggah sangandhap waringin
ang■ntosi ■mbanira
ing nala Sang Dyah asandi
esmu w■las mring kang raka
marma kend■l Sang R■tnadi

Praptanya Ni Emban iku
mapan sarya niba tangi
mes■m Sang R■tna ngandika
wus ta biyang payo mulih
ingsun ng■nteni mring sira
nulya kundur Dyah Nawangsih
Datan miyos dal■mipun
kang rama Kangj■ng Sang Yogi
jujug dal■mnya priyangga
m■nawa tinanya iki
ew■t Sang R■tna aturnya
m■ngkana ing wadosneki
Prapta dal■m Sang R■tnayu
laj■ng sare Sang R■tnadi
kagagas marang kang raka
k■langkung g■tunireki
marang solahe kang raka
Sang R■tna Dewi Nawangsih
Ngantos tigang dint■n iku
Sang R■tna mapan tan ngirim
mangkana J■ng Sang Pandhita
sampun kaduga kang galih
mring polahe ingkang putra
anulya dipuntimbali
Sang R■tna mapan wus rawuh
ing ngarsane Sang Yogi
Sang Pandhita ris ngandika
paran marmanya ta nini
sira kongsi t■lung dina
sundulu nora na ngirim
iya mring kakangireku
paran kang dadya wiyadi
Sang Dyah tumungkul kewala
datan sag■d matur y■kti
nging kum■mb■ng ingkang waspa
Sang Pandhita wus kadugi
Yen Raden Surati iku
salah karya mring Sang Dewi
m■ngkana J■ng Sang Pandhita
esmu kewran ingkang galih
angur baya sunpajara
dimene padha kang ati

Mes■m ngandika Sang Wiku
iya sira suntuturi
say■ktine kakangira
iku Ki Bondhan Surati
iku putra Majal■ngka
kinen momong maring mami
Iya sira anak ingsun
neng kene kang denngengeri
wus dadya karsaning Nata
kinen manggihk■n sireki
ing m■ngko pan karsanya
sira wus ingsun pajari
Lan p■sthi karsa Yang Agung
yen iku jodhonireki
Sang R■tna sar■ng miyarsa
marang sabdane sudarmi
saya wuwuh wirangira
solahnya kang katon dhingin
Mring kang rama runtikipun
dadya tumungkul Sang Dewi
nanging katara ing ulat
kang rama yen denr■ngoni
kang rinasa wirangira
solahe kang katon dhingin
Dene lir kadang satuhu
nora nganggo taha y■kti
salaminya pan m■ngkana
mila wirangnya Sang Dewi
lamun raden pacangannya
tan pisah ing siyang ratri
Mring kang rama runtikipun
Sang R■tna runtikireki
Ki Ageng suka tyasira
kalamun kang putra runtik
anulya aris ngandika
wus kramaa sira nini
Mapan ta wus mangsanipun
turut■n tutur sun gusti
ya mung iku pasthinira
kang dadi jodhonireki
ing awal akir k■panggya
sira lawan kadangireki
Lan tan ana liyanipun

mung iku wijining Jawi
wus pinasthi karsaning Hyang
lamun sira kang madhahi
turun-tumurun ing benjang
nora kas■lanan iki
Nanging iku pasthinipun
kakangira Ki Surati
marma yya akeh rinasa
wirang kang k■lakon dhingin
mapan wus tan dadi apa
ingestokna tutur mami
Sar■ng mirsa Sang R■tnayu
ing wirayating sudarmi
dadya ical wirangira
solahe kang katon dhingin
nulya kundur Sang Kusuma
mring dal■mira pribadi
Lampahira gandrung-gandrung
Sang Wiku miyat ing siwi
langkung amanah mrawata
Ni ■mban gya dentimbali
kang ngiring ing mulanira
prapteng ngarsa atur b■kti
Sang Pandhita ngandikarum
mring Ni ■mban atanyaris
sira pajara denw■ca
paran polahe nak mami
ing nguni sira tut wuntat
Ni ■mban matur wotsari
Nuwun pangapunt■n ulun
pun patik datan udani
lawan prapta laj■ng nendra
aneng sajawining kori
Sang R■tna lawan kang raka
l■nggah aneng dal■m gusti
Sar■ng amba tangi turu
anging putra tuwan s■pi
langkung tyas gusti kawula
nulya lumaj■ng nututi
putra tuwan kapanggya
pinarak ngandhap waringin
Sang Pandhita mes■m muwus

paran polahe kang kari
Ni ■mban mengatakan
putra tuwan Den Surati
pan sare mujung kewala
kados langkung s■k■lneki
Antawis amba pukulun
kang dhahar punika m■ksih
mapan g■lar wont■n panggenan
tilas tataning pakardi
mila sang■t tyas kawula
lan n■rka wont■n prakawis
Mila lumaj■ng Pukulun
k■pareng tyas tan sipi
nututi putra Panduka
kapanggih l■nggah Sang Dewi
aneng sangandhaping gurda
lan esmu sungkawa y■kti
Sar■ng praptamba Pukulun
Sang R■tna atanyaris
ana apa buri kana
m■kat■n tur amba Gusti
pan datan wont■n punapa
nging rakanta Den Surati
Kados langkung s■k■lipun
antawis mujung aguling
putranta mes■m ngandika
lah uwis ta dinawa pikir
manawa si rama wikan
si kakang nek dis■neni
Wis ta biyang payo mantuk
aja sira ng■tarani
m■sakake ya si kakang
Sang Wiku mes■m wus uning
marang ature Ni ■mban
Sang Pendeta berkata dengan halus,
■mban muliha sireku
sun nusul mring Ki Surati
iya marang ing pagagan
Sang Pandhita gya lumaris
Ni ■mban dh■dh■s Sang R■tna
kawarna Raden Surati
Ingkang lagya manggung wuyung
nging Sang Dyah kang annggalih

ngantos jangk■p pitung dina
raden tan dhahar lan guling
nging gandrung marang Sang R■tna
kapalang ajrih Sang Yogi
Dadya gandrung kapirangu
mirangrong Raden Surati
sabarang ingkang katingal
gunung jurang parang ngiring
wana kayon m■manukan
pan wus tan ana kaeksi
Buron kali tan kadulu
nging Sang Dyah kang nglimputi
mangkana ciptaning driya
Rahaden Bondhan Surati
paran t■mahe ta baya
yen ingsun nora kapanggih
Lan Ni Mas l■sminingsantun
tan wurung pun kakang gusti
ngame datanpa w■kasan
wurung kapandhitan mami
sapa baya kang w■lasa
yen dede dika wong kuning
Paran baya marganipun
kang abdi panggih lan gusti
dhuh Mas Mirah jiwaningwang
emuta sira wong kuning
lamun duwe panakawan
neng p■gagan kawlas asih
Langkung liwung tyas Den Sunu
mring Sang Dyah R■tna Nawangsih
ing siyang dalu m■ngkana
nging Sang R■tna kang denesthi
tumanc■p aneng w■rdaya
kumanthil-kanthil neng alis.
Marma barang kang kadulu
tan lyan Sang Dyah R■tnaningsih
s■mana meh tanpa jiwa
sira Rahaden Surati
marlupa ingkang sarira
sendheyan wit nagasari
Dhuh Mas Mirah pupujanku
m■ngkana esthining galih

sapa kang duwe b■ndara
wong kuning kang sawang sasi
bisa weh rujiting driya
nging abdi Bondhan Surati
Paran t■mahe wakingsun
lir lara k■mbanging pati
kang pati pati pantaran
yen tan asih ing Yyang Widi
angur baya den banjurna
tan bisa wit nandhang sakit
Muga ta Kangj■ng Sang Wiku
w■lasa mring awak mami
sapa yogya nambanana
yen dede dika wong kuning
susutya neng pagulingan
laj■ng nendra Den Surati
Sang Pandhita sampun rawuh
ing dhepoke Den Surati
jum■n■ng neng plataran
Sang Wiku dangu anganti
ing wijilira kang putra
adangu datan kaeksi
Ki Ag■ng laj■ng lum■bu
marang dal■mnya kang siwi
s■pi tan ana katingal
wau Den Bondhan Surati
p■sareyan ora ana
kadi wus tinilar lami
Sang Pandhita mes■m kalbu
mangkana ing tyas Sang Yogi
marang ng■ndi paranira
putraningsun Ki Surati
kaya bang■t prihatinnya
Sang Wiku laj■ng ngulati
P■gagan datan kat■mu
pak■bonan tan k■panggih
marang s■ndhang pasiraman
mangkana Raden Surati
kapanggih nendra ing lawang
sare ngandhap nagasari
Sang Pandhita wus andulu
mring putra Raden Surati
salira sawang kunarpa

langkung ngr■s ing tyas Sang Yogi
nanging radyan lagya nendra
tan uninga kang rama prapti
Kapati nendra Den Sunu
sendheyan wit nagasari
langkung lupa kang sarira
mangkana kang Maha Y■kti
lungguh aneng sandhingira
langkung tyasira Sang Yogi
M■ngkana osiking kalbu
yen sun gugah anak mami
manawa kaget Ki Putra
tlase tan nendra lami
kongsi nglayung kang w■dana
kang putra alon sinandhing
Wus dangu raden awungu
tumingal kang rama prapti
l■nggah aneng sandhingira
tur b■kti Raden Surati
rinangkul mring Sang Pandhita
ingaras ■mbun Sang Siwi
Sarya angandika arum
adhuh nyawa anak mami
wus aja dinawa-dawa
kulup rehira prihatin
mapan ingsun wus uninga
kang dadya kingkinireki
Marma prapta kaki ingsun
ngluwari kingkinireki
tan prabeda arinira
sunduga pribadi
wus ta payo mulih nyawa
estu isin Den Surati
Tur s■mbah raden tumungkul
nanging tyas sagunung siwi
mes■m Sang Raja Pandhita
non ing tyas kang putra sandi
Sang Wiku malih ngandika
wis ta kaki payo mulih
Tan l■nggana Raden Sunu
tur s■mbah nulya tut wuri
lumampah aneng ing wuntat

Sang Pandhita munggeng ngarsi
Kang manah marwata suta
Rahaden Bondhan Surati
■n■ngna ingkang lumaku
kawarna Dyah R■tnaningsih
saundurira sing ngarsanira risang Wikujati
nging wirangira kaetang
neng t■pas mujung Sang Dewi
Tanpa dhahar Sang R■tnayu
kang kaesthi nging solahneki
kaniaya Kangj■ng Rama
tanpa jarwa kang say■kti
ingsun t■mah kawirangan
ing salami-lamineki
Alah tane si anu
bisa t■m■n karya sandi
s■lawase tan k■tara
dene kadya kadang y■kti
waspada s■barang ingwang
iyisidi pangan sugih
Paran baya tambanipun
kinarya ngilangk■n isin
tan bisa at■mu ingwang
kalawan wong ika maning
m■ngkana osiking nala
Sang R■tna Dewi Nawangsih
Ni ■mban kaku tyasipun
nunggoni mring Sang R■tnadi
tan dhahar tan ngandika
esmu ng■lih lawan arip
dadya turon anglungsar
lir bulus angr■m kaeksi
Ayun matur mring Sang Arum
Ni ■mban sang■t dennyajrih
dadya tin■ngga kewala
kawarnaa J■ng Sang Yogi
wus prapta ing dhepokira
lan Raden Bondhan Surati
Sang Pandhita ngandikarum
mring Raden Bondhan Surati
lah kulup sira kariya
sun-nari arinireki
mes■m n■mbah Raden Bondhan

Sang Wiku nulya lumaris
Mring dal■mnya Sang Dyahingrum
kagyat Ni ■mban ningali
mring rawuhe Sang Pandhita
nulya matur marang gusti
pukulun rama paduka
rawuh tum■dhak mariki
Sang R■tnaningdyah tumurun
saking jroning tilamsari
am■thuk dhat■ng kang rama
s■mu lings■m Sang R■tnadi
Sang Pandhita nulya l■nggah
Sang R■tna sampun ngab■kti
Ngusweng suku sang palungguh
Sang Pandhita ngandikaris
rara wus sira lungguha
dyan l■nggah Sang Mindha Ratih
Sang Wiku malih ngandika
Marmaningsun prapta ngriki
Nutukak■n karsaningsun
sira akramaa sira nini
tan ana ingkang prayoga
kang pant■s sira ngengeri
tum■ka donya ngakerat
mung iku paningal mami
Lan wus karsaning Yyang Agung
pinasthi jodhonireki
tan ana liyaning nyawa
nging kakangira Surati
ingkang dadya karsaningwang
paran m■ngko sira nini
Sang R■tnaningdyah umatur
alon dhumat■ng sudarmi
ya Rama sakarsanira
ingsun darma anglakoni
nanging ta p■njalukingwang
t■kane si ibu dhingin
Mapan sun rama ayun wruh
w■rnane si ibu y■kti
Sang Pandhita duk miyarsa
mring panuhuning siwi
esmu kewran ing tyasira

supe dhingin wus win■ling
M■ngkana eng■t Sang Wiku
yen ing dhingin wus win■ling
wau dhumat■ng kang garwa
m■ngkana w■lingereki
ya Ki Omah anakira
yen ana jodhona(ne) benjing
Ya sira ngundanga ingsun
pan ingsun ayun udani
ing lakine anakira
wus pasthi ingsun gya prapti
m■ngkana J■ng Sang Pandhita
mring kang putra ngandikaris
Ya b■n■r nini kar■pmu
ingsun meh k■lalen y■kti
iya marang ibonira
payo marang sanggar Nini
ngundang marang ibonira
m■nawa Allah mar■ngi
Sang Pndhita gya tumurun
t■dhak marang sanggar nuli
Sang R■tna mapan tut wuntat
■mban satunggal kang ngiring
prapta sanggar Sang Pandhita
n■nuhun marang Hyang Widi
Sarya ngobong m■rang iku
pari k■tan wulung iki
aneng palataran sanggar
Sang Pandhita lan kang siwi
aneng ing sajroning sanggar
sarya n■nuhun Hyang Widi
Nawangwulan praptanipun
kagyat Sang R■tna Nawangsasi
sapraptane kukus m■rang
k■tan wulung ing tyasneki
Ki Omah ngundang mring ingwang
baya leh jodho nakmami
Dyah Nawangwulan tumurun
saking kayanganireki
ngiring sagung widadara
tan dangu prapta Sang Dewi
aneng ing sanggar langgatan
nging angin ganda rumiyin

Sang Pandhita tyasnya gumur
myat angin ngidid gandamrik
wus duga lamun kang garwa
badhe ingkang andhat■ngi
enggar tyas mantuk taruna
Nawangwulan nulya prapti
Sang Pandhita tyasnya gupuh
arsa pinondhong Sang Dewi
saking on■ng salaminya
marma supe mring kang siwi
nginggati Dyah Nawangwulan
Ki Omah ayun punapi
Prapta sun kene satuhu
ayun wruh Ni Nawangsih
tan kang■n marang wong cidra
mes■m ngandika Sang Yogi
ya wus nora Ni Mas Dewa
den-g■dhe apura yayi
Saking ta k■lalen ingsun
alawas nora k■panggih
wus yayi payo lungguha
anakira Ni Nawangsih
ayun ngab■kti mring sira
Nawangwulan nulya linggih
Sang Pandhita ngandikarum
R■tnaningsih anakmami
iya iku ibunira
Sang R■tna nulya ngab■kti
rinangkul nungk■mi pada
estu w■spada Sang Dewi
Dene lami tan k■pangguh
langkung tyas Dyah Nawangsasi
pinupus purbaning Sukma
m■ngkana ngandika aris
dhuh Nawangsih anakingwang
wus lungguha sira sini
Sawusnya tata alungguh
Dyah Nawangwulan tanyaris
Ki Omah wont■n punapa
dene angundang mring mami
Sang Pandhita lon ngandika
marmane sunundang yayi

Ing m■ngko putranireku
iya Ni Rara Nawangsih
yen sarju kalawan sira
ayun sunkramakk■n ugi
mapan wus ana jodhonya
iya putra Majapait
Kang dadya t■l■ng tyasingsun
w■sta Den Bondhan Surati
Dyah Nawangwulan ngandika
ya Ki Omah sunm■thuki
pan iku wijining Jawa
kang kinarsakk■n Yang Widi
Malih ngandika Sang Ayu
marang Dyah R■tna Nawangsih
paran nini karsanira
Sang R■tna matur ngab■kti
ya ibu sakarsanira
pan ingsun darma nglakoni
Lamun wus dadi kar■pmu
k■lawan si rama y■kti
ingsun anarah kewala
Nawangwulan mes■m angling
ya Ki Omah mantunira
ing sam■ngko ana ng■ndi
Mapan ingsun ayun w■ruh
marang Den Bondhan Surati
Ki Omah sira undanga
m■ngko ta ana ing ng■ndi
Sang Wiku mes■m ngandika
ngong tinggal neng dhepok mami
■mban miyanga sireku
timbalana anak mami
iya Ki Bondhan K■jawan
tan pantara nulya prapti
neng ngarsane Sang Pandhita
man■mbah Raden Surati
Sang Wiku alon nabdarum
kaki marma suntimbali
ibonira iku prapta
ayun wruh w■rnanireki
mara sira ngab■ktiya
tur s■mbah Raden Surati
Dyah Nawangwulan nabdarum

ya kaki Bondhan Surati
ingsun titip arenira
den-g■dhe apura kaki
marang kaluputanira
iya Ni Rara Nawangsih
Sira ugunga nakingsun
iya saw■tara kaki
lawan maneh w■lasana
rare adoh lawan mami
tur s■mbah nuhun Den Bondhan
Nawangwulan angling malih
R■tnaningsih putraningsun
poma ywa sumaleng kapti
sakarsane kakangira
kum■mb■ng waspa Sang Dewi
tumungkul denira l■nggah
tan matur limuting galih
Dadya nungk■mi Sang Ayu
ing pangkon sarwi anangis
maras bok tinilar musna
dereng tutuk kang■neki
Dyah Nawangwulan s■mana
kum■mb■ng w■spanireki
W■kasan ngandika arum
Nawangsih nakingsun gusti
wus aja sira karuna
pupus■n k■lamun t■kdir
mapan ingsun nora k■na
yen tiru manungsa y■kti
Wus kariya anakingsun
denatut apalakrami
at■napi kaki sira
iya Ki Bondhan Surati
estokna pituturingwang
kaki ingsun pamit mulih
Ki Omah kariya ingsun
pamit mapan arsa mulih
Sang Pandhita lon ngandika
bok aja mulih tumuli
tunggonana anakira
anaa kang pitung b■ngi
Malerok Dyah Nawangingrum

Sang Pandhita amr■p■ki
ayun cinandhak kang garwa
Nawangwulan wus udani
marang karsane kang raka
ayun ngrusak taman sari
Nulya musna Sang R■tnayu
mapan karyag■na sami
anj■ntung Raja Pandhita
adangu tan k■na angling
Nawangsih niba kantaka
m■ngkana Raden Surati
Kang rayi cinandhak sampun
pinondhong Sang Mindha Ratih
nanging tan emut Sang R■tna
bin■kta kondur tumuli
mring dal■mira priyangga
sinarek■n jin■m wangi
Sang Pandhita m■ksih kantun
neng sanggar tan k■na angling
k■langkung limuting driya
nging kang garwa aneng ati
Nawangwulan kaniaya
aweh lara nora mati
Dyah R■tnaningsih winuwus
sinungk■man mring Surati
dhuh gusti sira wunguwa
toleh■n pun kakang yayi
Dyah emut purwaduksina
ngusap Sri Nata Sang Dewi
Pupungun Sang Dyah Kusuma
adangu tan k■na angling
nging kang ibu aneng driya
m■ngkana Raden Surati
tansah mangarih-arih
dhuh mas mirah jiwaningsun
sampun kadawa-dawa
toleh■n pun kakang gusti
ngestu pada supadya lamun
kanggeya
Baya ywang-ywanging kumala
pupujan r■tnadi luwih
piturun saking ing swarga
tum■dhak ing Tarub gusti

icala kang wiyadi
sapan■n kang abdi masku
mirah krana punapa
tan sotah miyating dasih
tingalana gusti pun Bondhan
Suratya
Gusti abdi tanpa dosa
paran ta denpitambuhi
dhuh angger angandikaa
sapan■n pun kakang gusti
kadya matur ing tulis
tan ana timbanging wuwus
Mas Mirah tur kawula
agya l■gya tyasing abdi
sat■mahe ing mangke angsal
duduka
Duk kawula neng p■gagan
limuting tyas lir ng■masi
ing mangke angsal
usada
t■mahe denpitamb■ti
mirah tan dadi gusti
pun kakang estu lampus
mes■m R■tna Juwita
sarya angandika aris
g■thing t■m■n aku wong sugih
wicara
Byar padhang tyasnya Den
Bondhan
t■napi Dyah R■tnaningsih
mring ibu ilang on■ngnya
pinupus karsaning Widi
nulya tumangk■b nuli
langit lan buntala sampun
supe ing s■kalihnya
k■t■mben uninga r■smi
w■dhar karsa pan anglir
manggih kumala.
G■nging rasa gunung adam
pinangku Sang Mindha Ratih
tan p■gat kinuswa-kuswa
nulya ing■mban Sang Dewi

mring patirtan tumuli
wus sasotya kalihipun
samya salin busana
Ni Emban ingkang ngladosi
sawusira anj■ng■r Ni Babu Inya
K■langkung pandung Ni Emban
ningali kang warna kalih
angladosi dalu siyang
prandene jomblong ningali
marang kang warna kalih
tuhu kalamun piturun
nulya k■kanthen asta
lir Kamajaya lan Ratih
marang sanggar ayun sowan
mring sudarma
M■ngkana J■ng Sang Pandhita,
m■ksih aneng sanggarneki
samusnaning ingkang garwa
R■tna Nawangwulan iki
langkung tyasnya Sang Yogi
tan kondur mring dhepokipun
aneng sanggar kewala
Nawangwulan kang neng ngati
pan kawarna praptane putra
kalihnya.
Sar■ng katingal pan agya
ingawe mring J■ng Sang Yogi
dadya ical tyas mring Sang
Garwa
sukanon mring sarimbit kalih
kalih samya ngab■kti
marang ing sudarma sampun
sawusnya tata l■nggah
Sang Pandhita ngandikaris
mring Den Bondhan dhuh Surati
anakingwang
Ing benjang sapungkuringwang
sira gumanti ing kami
denm■ngk■l amangun tapa
aja sira salah kardi
toleh■n ingkang kari
ing saturunira besuk
wus pinasthi dening Yyang

tanah Jawa kang dr■be-
ni
nora liya pan amung saturunira
Iku kulup wruhanira
meh ana karsaning Widi
ramanira Brawijaya
wus t■las l■lakoneki
rusaking Majapait
agama Buda nakingsun
salin agama Islam
dene ingkang anyalini
ing agama yaiku dudu wong liya
Mapan putrane priyangga
iya kadangmu pribadi
kulup kang aneng Palembang
kang kinarsakk■n Yang Widi
kang pra wali ng■mbani
sirnane ramanireku
marma sira sunw■kas
aja sira salah kardi
ing rusake n■gara ing
Majal■ngka
Tumungkula ing atapa,
poma aja walang ati
ing sirnane ramanira
apan wus karsaning Widi
turun ping pat ku benjing
ing D■mak k■ratonipun
nuli Pajang gumantya
nging sapisan turun P■ngging
yen wus iku ing M■taram
turunira
Nging iku tan ana liya
iya wiji Majapait
nging turunira
priyangga
kang tum■ka jaman akir
tan ana kang nyalini
poma kulup w■kasingsun
suwun■n mring Yyang Sukma
t■t■pe k■raton Jawi
marmangko aja sira salah

karya
Tumungkula ing atapa
nging kurang ping lima kaki
k■nane k■raton Jawa
wus pasthi sira duweni
tan ana maning-maning
kang kinarsak■n Yang Agung
nging ug■re atapa
pan tiga astranya kaki
hi iku kulup warnane
ingkang aksara
Mapan jehad aranira
t■g■se ta iku kaki
tan ayun mulat ing liya
nanging dhiri kang kaeksi
kang ■he t■g■sneki
nyinggahi uni s■darum
ingkang wal t■g■sira
tinggal donya nora nolih
mapan ana pangandikaning Yyang
Sukma
Mohamad k■kasihingwang
sira sunturunk■n iki
iya marang alam donya
mapan t■lu w■kasmami
sira wurukna iki
ya marang uma- tireku
m■ngkene ya Mohamad
aturuwa lamun arip
amangana k■lamun luwe ta sira
Nanging ta densaw■tara
asahuwat lawan rabi
nanging yen bang■t kang■nnya
iku marganira eling
iya marang ing kami
k■lawan umatireku
s■lam■t ya Mohamad
J■ng Nabi sujud tumuli
ing ngarsane iya rabil
ngalamina
Bondhan Surati nakingwang
ana w■kasingsun maning
iya ug■ring atapa

aksara astha deneling
iki w■rnane kaki
alip iku t■g■sipun
tanpa yun kawoworan
tingal marang kang s■jati
dhirinira say■kti suwung
kewala
Datan darbe apa-apa
lam jalalah t■g■sneki
■ndi kang dudu kagungan
iya dhirinira kaki
miwah ingkang kaeksi
katingal laku s■darum
tan s■pi Dat ing Sukma
mangkana angg■pe tapi
kang lam tapi wus sir-
na s■barangira
Suwung tan ana katingal
nanging wujuding Yyang Widi
iku kaki denprayitna
aja mengeng tingalneki
lamun iku kasliring
dadya batal tapanipun
dhuh kaki denprayitna
t■g■se ehe puniki
pan hidayat, hidayat iku
nugrahan
Marma j■beng sira bisa
ningali wujud dolahi
iku pratandha nugrahan
olah karilaning Widi
barang solahireki
ingkang muna m■n■ng iku
say■ktine iku dr■ma
bisa punapa sireki
yen darbeya pan sira darbe
punapa
Nanging poma ku denawas
aja kamomoran kaki
kalamun kamomorana
iku wujud setan iki
mim awal t■g■sneki

tan ana esthining kalbu
liyaning pati ingkang
mulih mring ngiska kayati
aneng donya pan iku dolan
kiwala
Aksara kha t■g■sira
anging khak ingkang kaeksi
iya khakira Yyang Sukma
pangucap paningalneki
pangambu pamiarsi
tanpa yun liyan sukmeku
tan arsa kamomoran
anglindhung purbaning Widi
iya iku j■beng kang tum■keng
tapa
Dene mim akhir t■g■snya
ngant■pi wuwus kawijil
lamun marang kalangg■ngan
tanpa yun j■beng nyaleni
lara pati tan gingsir
saking sihira Yyang Agung
iku wong kang tum■ka
marang sampurnaning jalmi
mapan iku wus tan wruh swarga
naraka
Aksara wal t■g■sira
tinggal jiwa raga dhiri
tan tolih marang sarira
rusake wus tan udani
mapan punika sami
pinasrahak■n Kang Asung
iku tingaling tapa
t■g■se manungsa jati
pan mung iku pinand■ng tan
k■na owah
Tur b■kti Rahaden Bondhan
sumungk■m pada sudarmi
langkung padhang ing tyasira
win■jangan ngelmi gaib
at■napi Sang Dewi
samya sumungk■m ing suku
kalih langkung marwata
tan sum■lang ing tyas sami

Sang Pandhita malih alon
angandika
Lah ta wus padha muliha
mung iku poma deneling
w■kasane wong ag■sang
tur s■mbah Raden Surati
t■napi Sang R■tnadi
lengser sing ngarsa Sang Wiku
samya k■kanthen asta
langkung tyasira Sang Yogi
aningali mring kang putra
s■kalihnya
Sapraptane dal■mira
langkung sih-siniyan kalih
tan p■gat pulang asmara
ing siyang t■napi latri
tan pisah kadya mimi
kalihnya samya tyasipun
m■ngkana wus alama
Sang Wiku tum■keng jangji
Raden Bondhan angg■ntosi mring
kang rama
■n■ng■na Tarub kang warna
Palembang Sri Narapati
langkung arjaning nagara
m■ngkana ingkang winarni,
soan mring Majapait
sira Arya Dilah Prabu
anulya tinimbalan
laj■ng manjing ing jro puri
wus ingirid marang Patih
Gajahmada
Prapteng ngarsa Brawijaya
ngusweng pada Sri Bupati
riwusnya Nata ngandika
Arya Dilah anakmami
ingsun paringi rabi
putri Cina wijilipun
nanging ta w■kasingwang
ing mangke lagya garbini
poma sira ayya (aywa) wani
salah karya

Yen wus lair karsanira
nateng Palembang tur bakti
Pukulun nuhun sandika
ngandika malih Sang Aji
wus muliha nak mami
marang Palembang sireku
gawan■n rabenira
tur s■mbah lengser sing ngarsi
m■dal lawan Kiyai Patih Gajah
Mada
Laj■ng kondur mring Palembang
sarta amb■kta Sang Putri
datan winarna mring marga
Palembang pan sampun prapti
m■ngkana sampun lami
babar putra miyos jalu
ap■kik ingkang warna
Raden Patah para-
bneki
sampun lama anulya malih
apuputra
Raden Kusen namanira
patutan Palembang aji
kalih pan sampun diwasa
ngandika Sri Narapati
Patah anakingsun gusti
magangana nagrimu
iya iki ing Palembang
mapan sun tan angwasani
arinira si Kusen sira gawaa
Marang ing tanah Jawa
ngawulaa mring Sang Aji
iya nateng Majal■ngka
mapan ingsun anggawani
kulup marang sireki
wong Palembang patang puluh
jujuga ing J■para
langkung suka raden kalih
nulya lengser sampun prapta
ing J#para
Raden Patah angandika
Kusen banjura pribadi
ngawula marang Sang Nata

iya ratu Majapait
ana dene sun adhi
ar■p lunga ngaji ingsun
marang ing Ngampeld■nta
sun k■pingin dadi santri
wong Palembang wus kabeh sira
gawaa
Anging kakang Wanapala
lan Wanasalam ku adhi
wong loro ingsun gawa
dene Palembang nagari
ingsun wus lila adhi
kaduweya mring sireku
iki layang aturna
gawan sing Palembang adhi
lah ta payo wus ta adhi
ungkur-ungkuran
Sira mringa Majal■ngka
ingsun marang Ngampelgadhing
kang rayi mopo karuna
nanging m■ksa dendukani
laj■ng nurut kang ari
nulya sar■ng angkatipun
datan winarneng marga
Majapait sampun prapti
jujug dhat■ng Kyana Patih
Gajah Mada
Kang surat laj■ng tinampan
sampun katur mring Sang Aji
Raden nulya tinimbalan
dinangu sanes karyeki
wus t■las aturneki
yata mes■m Sang Aprabu
nulya aris ngandika
Gajah Mada karsa mami
ya si Kusen ingsun ganjar
nagara
Ing T
■n■ng■na Tarub Sela sami,
ingkang lagya prihatin s■daya,
rahaden sampun gumantos,
Ki Ag■ng namanipun,

pan tinilar ing Tarub iki,
dal■m wont■n ing Sela,
dadya karan sampun,
an■nggih Ki Ag■ng Sela,
pan sinig■ng ing D■mak ingkang winarni,
Kangj■ng Sultan wus seda.

Ingkang putra pan sampun gumanti,
Kangj■ng Pangran Tr■nggana punika,
Wanasalam p■patihe,
pengulu Sunan Kudus,
ya ta ana winarna malih,
P■ngging Tingkir punika,
samya turunipun,
an■nggih Sang Brawijaya,
pan ing Tingkir K■bo Kanigara iki,
P■ngging K■bo K■nanga.

Pan wus lami Ki Ag■ng P■ngging iki,
datan arsa sowan mring D■mak,
kang raka langkung susahe,
Ki Ag■ng Tingkir sampun,
t■dhak rawuh dhumat■ng P■ngging,
panggih kang rayi nulya,
jawat asta sampun,
Ki Ag■ng Tingkir ngandika,
ingsun adhi ayun tanya kang say■kti,
marang sira pajara.

Dene lawan tan arsa sireki,
iya seba mring J■ng Sultan D■mak,
pan kandhangan sira kuwe,
yen dhasar wani tuhu,
payo sisan umad■g baris,
ingsun mangsa tegaa,
dadi nora tanggung,
ingkang kaya kar■pira,
drawasake wus sun duga karsaneki,
sira dhi kaya-kaya.

Datan matur Ki Ag■ng ing P■ngging,
pan tumungkul lawan ismu waspa,
winarna wau garwane,
Ki Ag■ng P■ngging iku,
wawrat s■puh wus mangsaneki,
dalu mapan ringgitan,

beber ringgitipun,
any■gah dhat■ng kang raka,
Nyai Ag■ng k■pareng babar puniki,
miyos jalu kang putra.

Gya pinangku mring kang uwa nuli,
Kyai Ag■ng Tingkir angandika,
yayi putranira kiye,
sun ara-ni yayi iku,
iya Raden Kr■rebet yayi,
kang rayi tan l■nggana,
m■ngkana wu kondur,
Ki Ag■ng Tingkir ika,
kawarnaa J■ng Sultan D■mak anuting,
mring Kyai G■ng Wol■pala.

Animbali mring Ki Ag■ng P■ngging,
wus ping tiga pan sinangga krama,
Ki Ag■ng Tingkir ta mangko,
miarsa wartenipun,
yen kang rayi Ki Ag■ng P■ngging,
tinimbalan mring D■mak,
wus ping tiga iku,
tan sowan sinangga krama,
dadya susah Ki Ag■ng Tingkir kang galih,
angl■s pan laj■ng seda.

Nyai Ag■ng Tingkir wus tur uning,
marang P■ngging yen kang raka seda,
kagyat lancaran lampahe,
Ki Ag■ng P■ngging rawuh,
dhat■ng Tingkir nulya nungk■mi,
mring layone kang raka,
riwusnya amuwus,
mugi kula sampun lama,
kakang kantun wus tan sag■d neng dunyeki,
wus kinubur kang raka.

Nulya pamit kondur dhat■ng P■ngging,
sampun prapta pan laj■ng kewala,
Ki Ag■ng manjing pan■pen,
pan datan k■na muwus,
lawan nora amiji-mijil,
■n■ngna ingkang sungkawa,
gantya kang winuwus,

nenggih Kangj■ng Sultan D■mak,
animbali Sunan Kudus sampun prapti,
sang nata angandika.

Marma kakang kawula aturi,
apr■kawis pun P■ngging punika,
kados pundi prayogine,
Kangj■ng Sunan umatur,
yen mar■ngi kula pribadi,
mangke ingkang lumampah,
J■ng Sultan n■bda rum,
gih kakang langkung prayoga,
jawat tangan amit Kangj■ng Sunan mijil,
busana nulya mangkat.

Nging s■kawan s■khabat kang ngiring,
tan winarna marga P■ngging prapta,
lungguh ngandhap waringine,
J■ng Sunan ngandika rum,
mring s■khabat s■kawaneki,
padha sira kariya,
neng ngriki s■darum,
poma aja lunga-lunga,
sun mal■bu lamun ana rame iki,
tabuh■n Kyai Sima.

Pan sandika sadaya turneki,
Kangj■ng Sunan mal■b■t wus prapta,
jujug kori butulane,
dh■pepel pinggir pintu,
mapan nuju ana wong mijil,
arsa ngangsu mring s■ndhang,
kaget duk andulu,
ana wong dh■pepel lawang,
gya tinanya andika tiyang ing pundi,
kula t■mbe uninga.

Kang busana lawan warnaneki,
dene laj■ng neng kori butulan,
J■ng Sunan mes■m nabda lon,
ingsun ar■p kat■mu,
iya lawan Ki Ag■ng P■ngging,
ingkang ngangsu angucap,
tan kenging puniku,
Ki Ag■ng lagya sungkawa,
sasedane kang raka Ki Ag■ng Tingkir,

pan sampun pitung dina.

Kyai Ag■ng bot■n mijil-mijil,
kula ajrih kalamun matura,
J■ng Sunan ngandika mangko,
ora t■ka umatur,
mapan ingsun wong t■ka langit,
akarya kang gita,
ingutus Yang Agung,
langit biru wismaning wang,
yen tinanya dadya wong puniku ajrih,
wangsul matur anulya.

Kyai Ag■ng mes■m ngandika ris,
aturana wong langit ku iya,
banjur mal■buwa mrene,
ngaturan sampun rawuh,
nulya panggih Ki Ag■ng P■ngging,
kalawan Kangj■ng Sunan,
neng jro kobong iku,
J■ng Sunan nulya ngandika,
j■beng P■ngging mangke sira den timbali,
marang J■ng Sultan D■mak.

Kyai Ag■ng alon anauri,
mapan tiyang dh■dh■kah kawula,
ngandikan apa karyane,
J■ng Sunan amuwus,
yen tan arsa sira Ki P■ngging,
mara sira piliha,
karsane Sang Prabu,
ing luhur lawan ing ngandhap,
jaba j■ro kang ■ndi sira ■nggoni,
Ki Ag■ng angandika.

Yen miliya ing j■ro pan sirik,
yen miliya jaba luwih sasar,
s■mang-s■mang pangidh■pe,
yen miliya ing luhur,
pan kumandhang denkab■kteni,
yen miliya ing ngandhap,
iku sasar agung,
kapire patang mad■hab,
jaba j■ro ngisor dhuwur dr■-be mami,
orane duwekingwang.

Sunan Kudus mangkya ngandika ris,
dene sira angucap m■ngkana,
apa mat■ng panggilute,
Kyai Ag■ng amuwus,
mundur bakal sira puniki,
k■lamun wis ingucap,
ku p■sthi denulu,
J■ng Suna mes■m ngandika,
yen m■ngkono ingsun pan arsa udani,
sam■ngko suwungira.

Kyai Ag■ng pan alon nauri,
yen manungsa m■tu marga ina,
pasthi nganggo dalan mangke,
olehe maring suwung,
Sunan Kudus alon nauri,
apa kinarya marga,
ingsun ayun w■ruh,
Kyai Ag■ng angandika,
iki lading b■lekna sikut ngong kering,
Sunan Kudus tumandang.

Wus bin■lek Ki Ag■ng ng■masi,
Sunan Kudus nulya uluk salam,
Ki Ag■ng jawab salame,
Sunan Kudus amuwus,
wong wus mati bisa nauri,
oleh mr■tabat setan,
Kyai Ag■ng lampus,
laj■ng denira palastra,
Sunan Kudus wus m■dal lan sabat panggih,
wus laj■ng kondur nulya.

Nyai Ag■ng wau kang winarni,
sampun mat■ng gennya olah-olah,
badhe sugata tamune,
dangu datan pinundhut,
lan tan ana nyanane sami,
nulya ngintip kang raka,
wus seda puniku,
kagyat Nyai G■ng nulya,
anungk■mi ing layon sarwi anangis,
laj■ng atuw■k raga.

Datan tolih mring kang putra iki,
laj■ng seda sandhing lan Ki raka,

m■ngkana Den Mas K■rebet,
kap■j■ng dennya muwun,
mapan lagya br■rangkang iki,
aneng sandhing kunarpa,
wong P■ngging gumrumung,
kang estri nangis s■daya,
ingkang jal■r mapan samya anututi,
marang wong ingkang cidra.

Nanging sampun t■bih tan k■panggih,
mapan laj■ng ngaturi uninga,
dhumat■ng ing Tingkir mangke,
Nyai Ag■ng wus rawuh,
laj■ng ng■mban dhat■ng kang siwi,
langkung dennya karuna,
layon wus kinubur,
rahaden nulya bin■kta,
mring kang ibu wus kondur dhumat■ng Tingkir,
Sunan Kudus winarna.

Sampun rawuh ing D■mak nagari,
laj■ng sowan dhumat■ng J■ng Sunan,
wus katur saneskarane,
langkung l■ga tyasipun,
wus tan ana kang dados galih,
■n■ngna J■ng Sultan D■mak,
Sela kang winuwus,
k■langkung dene raharja,
Tarub Sela wus kumpul dadi sawiji,
Ki Ag■ng wus puputra.

Mapan tiga kang jalu sawiji,
Raden ■nis sampun diwasa,
laj■ng kin■ramakak■,
pan angsal putranipun,
n■nggih buyut Lawean iki,
Raden ■nis m■ngkana,
r■m■n dal■m iku,
an■nggih ing K■lawean,
ingkang rama Ki Ag■ng Sela nuruti,
wus lama ap■putra.

Jalu bagus lawan amrahati,
wus pinundhut dhumat■ng kang eyang,
bin■kta mring Sela mangke,

pan wus sinung jujuluk,
mring kang eyang Ki Ag■ng iki,
Rahaden P■manahan,
langkung sih sang wiku,
wau dhumat■ng kang wayah,
pan kuciwa marang kang putra pribadi,
tr■sna dhat■ng kang wayah.

Marmanira jinulukan iki,
mring kang eyang Raden P■manahan,
Ki Ag■ng ■nting tr■snane,
sapangen ag■ngipun,
watak kend■l datan patya ngling,
pan gangsal sadhereknya,
nanging kang pinundhut,
wau dhumat■ng kang eyang,
nging Rahaden P■manahan iku singgih,
bin■kta dhat■ng Sela.

Mapan tanen pakaryannya singgih,
kang kinarya namur lampahira,
mangkana panuju mangko,
ing mangsa r■ndh■ng iku,
sang pandhita mapan neng sabin,
tan kantun lan kang wayah,
kinen aneng gubug,
rahaden datan l■nggana,
sang pandhita am■macul aneng sabin,
kang jawah langkung dr■snya.

Samya bubar sagunge wong tani,
nora tahan dening atisira,
dadya mantuk dhewe,
m■ngkana ingkang kantun,
sang pandhita lan wayahneki,
Rahaden P■manahan,
nanging wont■n gubug,
sadangunya udan-udan,
ingkang eyang mapan datan anglilani,
marma neng gubug ika.

T■rang udan kantun riwis-riwis,
wont■n coba sing Allah tangala,
warna kaki-kaki mangko,
wus pikun wayahipun,
sarya amoh p■nganggoneki,

Ki Ag■ng pinaranan,
sarwi mes■m iku,
sang pandhita wus uninga,
lamun iku pan dudu jalma say■kti,
sang wiku wus prayitna.

Sar■ng c■lak wus cinandhak nuli,
kinipatk■n sang wiku kasingsal,
nulya binuwang pacule,
langkung bramatyanipun,
si pandhita n■rajang malih,
nulya candhak-cinandhak,
samya sudibyanung,
datan ana kang kuciwa
dr■g-udr■gan rahaden nulya udani,
k■lamun ingkang eyang,

Pacakara lawan kaki-kaki,
yun t■tulung t■ksih ajrahika,
gya lumajar kondur mangko,
mring Sela asung w■ruh,
kawarnaa ingkang ajurit,
g■ntya larak-linarak,
aw■tara iku,
ana sawah sajunglawah,
ingkang rata pan anglir ginaru singgih,
mapan dadya lelaran.

Wus pratela wirayating ngelmi,
yen manungsa ingkang s■jatinya,
unusaning makluk kabeh,
wus karsaning Yyang Agung,
ya ta ap■s wong kaki-kaki,
karingkus tanganira,
pan k■kalih sampun,
kawarna Den P■manahan,
sampun prapta ing desa lan tawan tangis,
dadya kaget s■daya.

Wong ing desa samya taken warti,
gya winartan kalamun kang eyang,
yuda lan Kaki Tuwane,
nging tambuh sangkanipun,
dadya gita wong Sela sami,
g■ndhong titir sadaya,

mapan sak■langkung,
wurohan yen piniarsa,
bar■ng lawan p■nangise gung pawestri,
sampun budhal sadaya.

Wong desa mapan sampun mijil,
lan sum■kta lawan gamanira,
brubul kalangkung kathahe,
estri kalawan jalu,
ingkang munggeng ngarsa pribadi,
Rahaden P■manahan,
pan samya anggr■gut,
■n■ngna kang aneng marga,
kawarnaa sang pandhita ingkang jurit,
kalawan Kaki Tuwa.

Mapan angsal pitulung Yyang Widi,
sawusira Ki Tuwa kasoran,
bin■kta mring gubug mangko,
nanging tan k■na ucul,
Kaki Tuwa tangane reki,
pan m■ksih cin■p■ngan,
dhumat■ng sang wiku,
tanganira kalih pisan,
Kaki Tuwa mapan p■ringas-p■ringis,
polahe palintiran.

Kawarnaa ingkang lagya prapti,
wayahira Raden P■manahan,
lan ngirid wong desa kabeh,
sum■kta gamanipun,
tingalira gumbira sami,
deniring mring rahadyan,
sang pandhita dulu,
k■langkung sokur mring sukma,
yen kang wayah prapta sarya ngirid baris,
sum■kta sagamannya.

Raden P■manahan aningali,
mring kang eyang mapan sampun l■nggah,
neng gubug lan Ki Tuwane,
nging cin■k■lan iku,
mring sang wiku tangannya kalih,
Ki Tuwa datan bisa,
yen obaha iku,
rahaden nulya lumajar,

pan angrangkul dhumat■ng kang eyang singgih,
apan sarya karuna.

Angandika sang pandhita aris,
putuningsun aja p■rak-p■rak,
sumingkira sira angger,
nek sawan■n ta kulup,
nulya raden angl■nggah t■bih,
wong Sela pan wus prapta,
ing ngarsa s■darum,
kang kinarya mring pinituwa,
mring sang wiku mapan s■kawan puniki,
w■sta Raga M■nggala

Raga Jaya Raga Wangsa iki,
Raga Mulya pan esmu karuna,
sak■langkung gag■tune,
uninga tilasipun,
kulawangsa m■ngkana sami,
andher neng p■langgaran,
lan g■gamanipun,
sum■kta lir arsa yuda,
langkung samya pangunguning tyas k■pati,
dadi apa tiwasa.

Kulawangsa aturira sami,
mring sang wiku punapa kang karsa,
tiyang punika ing mangke,
yen mar■ngi pukulun,
inggih luhung dipun p■jahi,
mes■m risang pandhita,
angandika arum,
heh ta kabeh wruhanira,
say■ktine mapan iku dudu jalma,
arane walahu aklam.

Nora k■na lamun denpateni,
lah ta mara padha awas■na,
nulya samya ngawasake,
duk waunya andhingkluk,
gennya l■nggah tumungkul isin,
ningali marang jalma,
wus binanda iku,
panings■tnya sang pandhita,
kang kinarya ing wau an■nali,

rinangk■pan lan donga.

Nulya samya wau den tingali,
sing ac■lak tinolih aniba,
kal■ng■r langkung dangune,
w■rnane kang cinatur,
Kaki Tuwa pae lan jalmi,
c■m■ng panjang wulunya,
dh■ngkul sukonipun,
ny■mpluk bekel w■t■ngira,
pundhak k■pis kuwaga tangannya kalih,
jenggote arang dawa.

Gulu dawa lan bokonge canthik,
janggut ny■ndhang suwing lambenira,
j■pat mung siji untune,
s■sisih br■ngosipun,
irung m■nthil t■pung kang alis,
mung siji matanira,
pur■t kupingipun,
bathuk manyung cilik dhasnya,
rambut abang mapan arang kruwis-kruwis,
ambu wangur as■ngak.

Langkung bacin apan tuntung amis,
marmanira sagung kang tumingal,
pan kathah kal■ng■r mangko,
tan tahan ambunipun,
lan m■ngkana yen dipuntolih,
kathah kang samya niba,
panonnya sumaput,
dadya na tan wani p■rak,
mring Ki Tuwa nanging sang wiku pribadi,
kang rinilan mring Sukma.

Sang pandhita angandika aris,
mring kang wayah Raden P■manahan,
kulup wus muliya kowe,
lan sagung kabeh iku,
nging si Raga M■nggala iki,
lawan si Raga Jaya,
meluwa sireku,
ingsun arsa maring D■mak,
ngaturake marang Ki Tuwa puniki,
karo any■k■lana.

Muga sira w■ntalaa iki,
karilana mring Allah Tangala,
sandika kalih ature,
pinaringak■n sampun,
Kaki Tuwa mring jalma kalih,
Kyai Raga M■nggala,
lan Raga Jayeku,
any■k■li kering kanan,
sang pandhita anulya ngandika ris,
dhumat■ng ingkang wayah.

Wus ta kulup amuliya aglis,
lan sarupaning wong padha bubara,
datan l■nggana rahaden,
ingkang ngiring mring radyan,
lan jalma s■darum,
sang pandhita nulya mangkat,
karo ungkur-ungkuran kang wayah singgih,
mapan wus tan winarna.

Kyai Ag■ng lampahnya neng margi,
kawarnaa Sultan D■mak ika,
mapan wus mirsa wartane,
lamun Ki Ag■ng iku,
sowan badhe tur-atur iki,
nulya miyos J■ng Sultan,
ingkang munggeng ayun,
Kyai Ag■ng Wanasalam,
lawan Kyai Ag■ng Wanapala iki,
lawan para ngulama.

Myang sagunge kang punggawa mantri,
mapan p■pak suhun munggeng ngarsa,
datan pantara dangune,
Kyai Ag■ng Sela ku,
pan katingal ingawe nuli,
anulya jawat asta,
wus l■nggah neng ngayun,
jajar Kyai Wanasalam,
Wanapala ingkang bandan aneng buri,
tiyang kalih kang b■kta.

Cin■k■lan marang tiyang kalih,
Kaki Tuwa andhingkul kewala,
Kyai G■ng alon ature,
kawula sang aprabu,

ngaturak■n jalma puniki,
ing nguni yun sikara,
kangj■ng pukulun,
mangke sumangga paduka,
Kangj■ng Sultan pangandikanira aris,
ya kakang sun tarima.

Pinangkanya iku jalma ngendi,
sang pandhita aris aturira,
nuhun tan uninga sangkane,
yen tinanya puniku,
mapan bot■n sag■d nauri,
wicant■n kados jalma,
tan saged pukulun,
lamun aningali jalma,
m■larati mapan kathah wong tan eling,
laj■ng kinen ngunjara.

Tinampanan mring sagunging mantri,
ingkang g■pok mapan laj■ng niba,
tinolih kal■ng■r kabeh,
mes■m Sang Nata dulu,
lon ngandika marang sang yogi,
lah ta kapriye kakang,
dene lir puniku,
apa b■cik pinatenan,
sang pandhita aturnya sumangga aji,
punapa ingkang karsa.

Sri Nalendra angandika aris,
paran sira kakang Wanasalam,
lawan Wanapala mangko,
kalih samya turipun,
yen mar■ngi karsa sang aji,
prayogi kinunjara,
tosanta pukulun,
kalih w■tawis kawula,
dene jalma kados bot■n kenging pati,
dadya nurut J■ng Sultan.

Angandika mring Ki Ag■ng Seleki,
wus ta kakang iku baturira,
loro kon■n ngat■rake,
marang kunjaran iku,
wong ing D■mak tan w■ntaleki,

Ki Ag■ng aturira,
sandika nulyeku,
Raga M■nggala k■lawan,
Raga Jaya wus kinen ngat■rk■n sami,
kunjaran w■si prapta.

Mapan sampun kinunjara iki,
Kaki Tuwa sinrahak■n punika,
dhumat■ng mantri kabeh,
kang samya rum■kseku,
sampun wangsul Raga Jayeki,
lawan Raga M■nggala,
Ki Ag■ng winuwus,
nuhun pamit kondur ika,
dhat■ng Sela Kangj■ng Sultan anglilani,
nulya lengser sing ngarsa.

Sri Nalendra gya luwar tinangkil,
sampun bubar kang samya siwaka,
Ki Ag■ng prapta Selane,
mapan wus tan cinatur,
kawarnaa Ki Tuwa iki,
ingkang aneng kunjaran,
pan rin■ksa sagung,
mring sagung mantri ing D■mak,
mapan langkung dennya samya ngati-ati,
rum■ksa Kaki Tuwa.

Nulya wont■n ingkang nini-nini,
andh■pepel lan sendheyan lan saka,
lawan anyangking b■ruke,
mantri k■mit tanyeku,
lah ta sira nini wong ng■ndi,
lan apa karyanira,
Ni Tuwa sumaur,
ingsun iki tanpa wisma,
praptaningsun ing kene pan yun ngirim,
toya mring Kaki Tuwa.

Wruhanira iku laki mamami,
laj■ng nyiram marang Kaki Tuwa,
nulya na swara jum■bret,
kunjara w■si sampun,
bubrah sirna wong kaki-kaki,
kalawan nini-nini tuwa,
sar■ng tan kadulu,

kunjara pating balengkrah,
ingkang k■mit sadaya kal■ng■r sami,
wus dangu nglilir samya.

Sampun katur dhumat■ng sang aji,
lamun bubrah wau kang kunjara,
Ki Tuwa mbuh parane,
musna datan kadulu,
ya ta mes■m Sri Narapati,
s■ngkana ing tyasira,
wakane Seleku,
jawane aweh pratandha,
lamun t■mbe bisa bubrah turun mami,
iya walahu aklam.

■n■ngna ing D■mak puniki,
kawarna Kyai Ag■ng Sela,
m■ngkana ing sarawuhe,
saking ing D■mak wau,
ngaturak■n wong kaki-kaki,
langkung kaduwungira,
Ki Ag■ng tyasipun,
angrasa kasiku Sukma,
yen kadudon ing wau lampahe reki,
s■siku ing atapa.

Dadya sang■t tobat mring Yyang widi,
at■napi mring Nabi Mohamad,
nuhun apurane,
sang■t dennya man■kung,
neng pan■pen tan mijil-mijil,
nanging kang wayah ika,
ngladosi sang wiku,
sira Raden Pamanahan,
siyang latri nulya na swara dum■ling,
iya wus kaki Sela.

Ingapura sira mring Yyang Widi,
pan l■stari besuk turunira,
m■ngku tanah Jawa kabeh,
nanging ta poma iku,
ya ing wuri sira deneling,
ingkang patang prakara,
murungake laku,
p■p■t■nge ing agama,

kusud dr■ngki riya kaki lawan kibir,
iku pamurung tapa.

Nadyan akeh lakunira iki,
yen kag■pok kang patang prakara,
dadi sirna t■mahane,
tan ana dadenipun,
nadyan ngamal m■ngkono maning,
mapan denkadya toya,
mili pamaneku,
lakune sadina-dina,
riya iku upama g■ni say■kti,
laku ngamal upama.

Alang-alang kusud pamaneki,
angon lesus laku ngamal ika,
datan pantara sirnane,
tan ana lab■tipun,
pan m■ngkana ing wong ngaurip,
lamun wus bisa ngr■sa,
patang prakareku,
dadi barang kang sin■dya,
pan mung iku poma den ngati-ati,
wong urip aneng donya.

Laj■ng sujud sukur ring Yyang Widi,
dadya r■na titahing Yyang Sukma,
Ki Ag■ng padhang tingale,
dadya tyasnya wus lipur,
siyang ratri nging sih Yyang Widi,
kang tumanc■p ing driya,
m■ngkana cinatur,
Ki Ag■ng Sela karsanya,
animbali mring kang putra wayah sami,
miwah kang kulawarga.

Sampun prapta putra wayah sami,
kulawangsa andher munggeng ngarsa,
mapan p■pak s■dayane,
Kyai Ag■ng pitutur,
marang putra wayah sami,
heh bocah sun p■poyan,
marang sira iku,
padha sira rungok■na,
tuturingsun dudu papan dudu tulis,
p■pali aranira.

P■pali iku ajin■n b■rkati,
tur s■lam■t tur kuwarasan,
p■pali iku sangkane,
aja anggawe angkuh,
aja ladak lan aja jahil,
aja ati surakah,
lan aja cilimud,
lan aja guru al■man,
aja dahwen kang m■ngkono aglis mati,
aja ati angiwa.

Aja sira watak sugih wani,
aja sira sanakan,
as■sanjan apadene,
aja sira kumingsun,
aja watak ngaruh-aruhi,
aja ng■gungk■n awak,
aja guru n■psu,
wong urip padha denyitna,
aja sira t■b■ri s■mbranan kaki,
niwasi dadenira.

Aja saen denidh■p ing isin,
aja sira ngagungak■n awak,
wong urip pinet baguse,
ewuhe wong abagus,
bagus iku dudu mas picis,
lan dudu s■sandhangan,
dudu rupa iku,
wong bagus pakewuh pisan,
sap■padha wong urip pan padha asih,
mrak ati rupanira.

Aja saen denidh■p ing isin,
isin iku mapan rong prakara,
kang siji sin Pangerane,
dene kapindho iku,
denaisin padhaning jalmi,
yen sira tan m■ngkana,
k■lakon sireku,
kawingkis w■wadinira,
t■mah wirang aja p■gat ngati-ati,
yen c■ne dadi ala.

Lan denatut pawong sanak kaki,

aja sira k■pengin k■dhotan,
p■ngawasan apa dene,
aja watak andhukun,
aja dhalang ng■dhok sireki,
lan aja k■rawitan,
tanpa pedah iku,
wus p■sthi tanpa dadiya,
lan maninge aja watak m■metangi,
yen luput kawirangan.

Aja sira watak suka sugih,
lawan aja dh■m■n s■sanakan,
yen tan patut agamane,
lan papr■nesan iku,
tanpa gawe ambiraheni,
aja budi s■dagar,
aja budi kaum,
jangjine jakat lan pitrah,
yen densuda padune cuk■ng ab■ngis,
iku kaum kang nyata.

Kumbah krakah cukit lan dadulit,
wong m■lant■n jagal lawan m■rna,
iku nora dadi g■dhe,
sarik■n ujar iku,
wong ngaurip den ngati-ati,
mapan k■t■mu ngulat,
pan katara s■mu,
mapan kat■mu ing tingkah,
atining wong kang ala k■lawan b■cik,
kang jujur aneng cahya.

Aja sira mangeran mas picis,
aja sira mangeran busana,
ja mangeran kabisane,
aja mangeran ngelmu,
ja mangeran t■guhireki,
aja mangeran japa,
mapan kabeh iku,
say■ktine pancabaya,
lawan aja gugoni astranireki,
iku lah singgahana.

Angkuh kang jujur lan arah■n kaki,
aja sira angarah keringan,
said■p-idh■pe dhewe,

angeling tumuwuh,
lah denbisa ngenaki ati,
atine sap■padha,
kar■p aja turut,
dudu kar■pe manungsa,
kudu kedh■p marang sapadhaning urip,
iku lah singgahana.

Ayam ginusah yen munggah ing panti,
at■napi yen mangan b■ras,
t■ka ingadhangan bae,
iku wong ulah s■mu,
yen t■tanggan sarate kaki,
kang layak ingaruhan,
aruhana iku,
yen tan layak ■n■ng■na,
mapan iku mangan s■gane pribadi,
pan dudu rayatira.

Yen ta mungguh rayatnya pribadi,
k■penakna ing awake ika,
larak■na ing atine,
lan aja sira prih w■ruh,
kaya pawong nora abangkit,
aja kaya Ki Soma,
k■bone denpukul.
mapan pinrih bisa maca,
k■bo iku say■ktine nora bangkit,
mulane aw■wuda.

Aja sira padhak■n jalmi,
aparentah marang satu khewan,
k■bo sapi lan ayame,
nadyan jalma satuhu,
yen wus titah iku tan k■ni,
pinrih mring kab■cikan,
aja sira tutuh,
kelangan wuwuh duraka,
lamun ana wong patrap poma den w■di,
malati iku uga.

Nora k■na lamun dipun aji,
jalma patrapira kalahana,
arah■n sawabe bae,
amb■rkati wong iku,

nora k■na lamun denaji,
tiniru bae k■na,
pamb■kane alus,
pangucape ngarah-arah,
yen al■nggah nora p■gat ngati-ati,
nora sawiyah-wiyah.

Kawruhana jalma kang kha iki,
mapan iku guruning pandhita,
nora katara lakune,
tan ny■gah tan na saum,
nora tapa nora amutih,
tan p■gat aprayitna,
mring awakereku
prayitna mring awakira,
mung sanake mapan ingkang den w■deni,
sanake iku jagat.

Banyu bumi angin lawan langit,
sr■ngenge lintang r■mbulan ika,
pan iku sanake kabeh,
jalma kang salah iku,
mapan kabeh satrunireki,
mulane ana walat,
lara kang tin■mu,
sing sapa atine ala,
nora wurung ing besuk n■mahi,
wong ala n■mu ala.

Sapa ingkang dhasarak■n b■cik,
nora wurung iku n■mu arja,
lawan saturun-turune,
k■lakon dadi agung,
aparentah marang wong cilik,
aja sawiyah-wiyah,
dadi nora tulus,
saenggan dadi pauban
aja nacah yen parentah sira kaki,
tan lana dadinira.

Ya mung iku poma deneling,
p■paline wong urip neng donya,
s■lam■t prapteng k■paten,
putra wayah tur nuwun,
kulawangsa m■ngkana sami,
langkung padhang tyasira,

kang sarta lan wahyu,
kacipta nugrahan sukma,
sampun luwar sang wiku gennya siniwi,
n■ngna gantya winarna.

Nyai Ag■ng Tingkir kang winarni,
putranira wus ag■ng Ki Jaka,
kar■m aneng p■gagane,
kang warna langkung bagus,
lan j■tmika sasolahneki,
singaestri kagiwang,
mulat mring den sunu,
lan j■tmika sasolahneki,
singaestri kagiwang,
mulat mring den sunu,
kathah kang samya palastra,
k■mlurus■n nging raden tan arsa krami,
ajrih mulat wanodya.

Mapan nuju Raden Jaka Tingkir,
matun gaga m■ngkana winarna,
Kangj■ng Sunan Hadi mangko,
tanpa sangkan wus rawuh,
tanpa sangkan wus rawuh,
neng ngarsannya Raden Jaka Tingkir,
garjita Raden Jaka,
yen wali puniku,
gya ngaras l■bu suku sang,
Kangj■ng Sunan mes■m angandika aris,
aja katungkulira.

Matun gaga sireku pasthi,
mring Yang Sukma saka guru Jawa,
angur p■rakana mangko,
ngawulaa sireku,
marang D■mak riwus s■bdeki,
J■ng Sunan anulya musna,
Den Jaka g■g■tun,
nulya kondur awaw■rta,
mring kang ibu s■barang tingkahireki,
Nyai Ag■ng ngandika.

Iya kulup iku Sunan Hadi,
lah turut■n nyawa lumakuwa,
marang D■mak sira angger,

ingsun duwe sadulur,
dadi Lurah Suranateki,
Ki Ganjur aranira,
gon■n marga iku,
ngawula marang sang nata,
tan winarna Raden Jaka sampun prapti,
D■mak laj■ng ngawula.

Langkung dennya kinasiyan iki,
pan kinarya lurah panakawan,
sampun karsaning Yyang Manon,
J■ng Sultan D■mak iku,
kaping tiga ingkang m■kasi,
n■nggih k■raton D■mak,
mapan karya iku,
nama prajurit tamtama,
Raden Jaka kang kinarya lurahneki,
n■nggih wadya tamtama.

Wont■n magang tamtama sawiji,
Dhadhangawun namane punika,
ing K■dhuwingit wismane,
nulya ngayonan iku,
pan sinuduk sadak ng■masi,
dhumat■ng Raden Jaka,
katur mring sang prabu,
k■langkung ing b■ndunira,
Raden Jaka nulya kinen nundhung iki,
tan k■nging ngambah praja.

Langkung wirang Raden Jaka Tingkir,
datan panggih lan kang ibu nulya,
anjujug ing P■ngging bae,
mring pakuburanipun,
ingkang rama dipunsungk■mi,
siyang dalu karuna,
karsaning Yang Agung,
ana swara kapiarsa,
wus ta kulup maranga ing Banyuwilis,
ing kono g■guruwa.

Enjing mangkat Raden saking P■ngging,
Banyubiru kang sin■dya driya,
tan winarna prapta mangko,
Ki Ag■ng Banyubiru,
langkung dennya w■las ningali,

dhumat■ng Raden Jaka,
angandika arum,
heh ta kulup wruhanira,
adoh p■rak kang sira jaluk iki,
say■kti adohira.

Lamun p■rak tan k■na winarni,
nanging iku pilih kang tum■ka,
nanging adh■pira ywa mengeng,
wus ta muliya kulup,
kaya ana pitulung Widi,
ingsun gawani srana,
mapan iki l■mpung,
lolohna ing k■bo ika,
lawan maning ingsun anggawani kanthi,
kakangira Mas Manca.

Aja ngaton yen tan dentimbali,
sira marang Kangj■ng Sultan D■mak,
rahaden sandika ture,
ngaras pada wus mundur,
Ki Mas Manca pan datan kari,
wus prapta padesannya,
nagri D■mak iku,
non mahesa langkung g■ngnya,
wis cin■p■ng linolohan l■mpung nuli,
g■bres ngacar buntutnya.

Pan lumaj■ng alun-alun prapti,
laj■ng ngamuk langkung galakira,
datan pasah braja kabeh,
wadya tamtama sagung,
datan wont■n k■lar nadhahi,
J■ng Sultan langkung kewran,
angandika arum,
heh iya bocah tamtama,
sapa w■ruh parane Ki Jaka Tingkir,
lah sira golekana.

Timbalana tarin■n yen wani,
lawan k■bo kang ngamuk ku iya,
ingsun apura dosane,
wont■n tamtama matur,
pan kawula wingi udani,
kap■thuk wont■n marga,

nulya kinen ngluru,
k■panggih wus dhinawuhan,
sampun kering wus prapta ngarsa sang aji,
tinantun purun turnya.

Laj■ng kinen m■dal sampun prapti,
ngalun-alun panggih lan mahesa,
langkung maras ingkang anon,
ningali sang aprabu,
kang mahesa n■rajang wani,
raden pan eca-eca,
k■bo mapan sampun,
an■lask■n budenira,
Raden Jaka dhinawuhan mal■s nuli,
tinampiling mahesa.

Sampun p■jah rahaden anuli,
tinimbalan sampun prapteng ngarsa,
gya rinangkul mring sang katong,
ingaras ingkang ■mbun,
sampun pulih tr■sna sang aji,
Raden Jaka anulya,
pan pinundhut mantu,
mangkana pan sampun lama,
Sri Nalendra pan sampun prapta ing jangji,
kondur mring Rahmatolah.

Sampun p■pak sagung kang pra wali,
aneng masjid ing D■mak sadaya,
ngr■mbag kang gumanti katong,
ing D■mak mapan sampun,
t■las datan kenging dadya ji,
k■raton ngalih Pajang,
m■ngkana pan sampun,
pra wali r■mbag sadaya,
putra mantu kang samya ngangkat dadya ji,
lan wus karsaning Sukma.

Ingidenan sagung para wali,
Jaka Tingkir wus jum■n■ng nata,
mapan Pajang k■ratone,
putra santana sagung,
myang punggawa ing D■mak sami,
jumurung marang karsa,
pra wali s■darum,
ing D■mak sampun tinilar,

dadya ngalih nagara ing Pajang singgih,
tata tita wus karta.

Mapan wont■n s■ntana sawiji,
kaponakanira Kangj■ng Sultan,
ing D■mak kang winiraos,
ing Jipang nagrinipun,
aparentah bang wetan sami,
langkung tyasnya tan l■ga,
mring jum■n■ngipun,
Jaka Tingkir aneng Pajang,
lan sirnane k■raton ing D■mak n■nggih,
langkung manah tan suka.

Pan m■ngkana osike tyasneki,
Arya Jipang ing ng■ndi k■panggya,
ingsun lawan si K■rebet,
pan wani tak■r marus,
lawan wont■n ingkang botohi,
mapan wali satunggal,
n■nggih Sunan Kudus,
ngrojongi mring Arya Jipang,
marmanira tan suda raosing galih,
n■nggih Arya P■nangsang

■n■ng■na ing Jipang puniki,
mapan Sela ingkang kawarnaa,
Ki Ag■ng wus kondur mangke,
marang Rahmatolahu,
datan lami lan kang putreki,
Ki Ag■ng Ng■nis ika,
n■nggih sampun kondur,
marang Rahmat ingkang mulya,
kang jum■n■ng ing Sela wayahereki,
Rahaden P■manahan.

Kyai Ag■ng mapan sampun krami,
angsal putranira ingkang uwa,
Nyai Ag■ng Saba mangko,
sampun putra jalu,
warnanira k■langkung p■kik,
m■ngkana Sultan Pajang,
mirsa wartanipun,
yen kang raka Kyag■ng Sela,
darbe putra jalu warnanira sigit,

langkung k■pinginira,

Gadhah putra Kangj■ng Sri Bopati,
dhasar sampun lungse wayahira,
nulya t■dhak mring Selane,
prapta sampun k■panggih,
Kangj■ng Sultan ing Pajang nuli,
lawan Ki Ag■ng Sela,
jawat asta sampun,
J■ng Sultan aris ngandika,
marma kakang ingsun kat■mu sireki,
yen par■ng lawan sira,

Ingsun iki k■pingin k■pati,
darbe putra yen dhangan lan sira,
iya anakira kuwe,
sun ambil putra tuhu,
pan dadiya panutaneki,
ing sawuri sun benjang,
marang putraningsun,
Ki Ag■ng matur sumangga,
tan rumaos kawula yen gadhah siwi,
punapa ingkang karsa.

Kangj■ng Sultan agya pamit nuli,
mring kang raka sarta jawat asta,
kondur marang Pajang mangko,
lan b■kta raja sunu,
prapteng pura panggih lan suri,
sang dyah langkung bungahnya,
rawuhnya Sang Prabu,
sarta angsal-angsal putra,
gya tinampan dhat■ng Kangj■ng prameswari,
pinangku ingarasan.

Pan wus lami Kangj■ng Prameswari,
langkung dennya k■pingin puputra,
marma k■langkung tr■snane,
nulya sinung jujuluk,
mring kang rama Sri Narapati,
Raden Sutawijaya,
wus karsa Yyang Agung,
garbini J■ng Prameswara,
babar jalu kang warna k■langkung p■kik,
win■stan Dyan B■nawa.

Pan w■lagang kalis dening sakit,
putra kalih meh samya g■ngnya,
tan pisah siyang dalune,
pan lir sadherek tuhu,
Kangj■ng Sultan langkung dennya sih,
mring sang Sutawijaya,
Den B■nawa kantun,
pramilanira m■ngkana,
Kangj■ng Sultan pan sar■ng amundhut siwi,
dadya kathah putranya.

Pan wus lama wayahnya sang p■kik,
pan jumaka wus kumala-kala,
pinaringan dal■m mangko,
lor pasar pr■nahipun,
lawan sinung jujuluk malih,
risang Sutawijaya,
mring kang rama sampun,
Raden Ngabehi Loring Pasar,
lawan Raden Benawa dipunamani,
n■nggih Pangran Dipatya.

■n■ng■na ing Pajang puniki,
kawarnaa n■nggih Arya Jipang,
mapan tinimbalan mangko,
dhumat■ng Sunan Kudus,
sampun prapta ngarsanereki,
Kangj■ng Sunan ngandika,
sira ingsun tantun,
j■b■ng Jipang yen mungsuha,
Sultan Pajang lan Sunan Prawata iki,
karo ngalapdho ika.

Wong ngalapdho kukume pan mati,
Arya Jipang aris aturira,
mapan sandika ature,
agal l■mbat pan purun,
lamun wont■n karsa si yogi,
nadyan siyang dalua,
tan ulap pukulun,
m■ngsah lawan Sultan Pajang,
ing Prawata mapan tan dados wigati,
sampun wont■n ing asta.

Kangj■ng Sunan Kudus ngandika ris,
iya j■beng yan sira kaduga,

prayoga kang l■mbut bae,
yen sira agal iku,
pasthi akeh kang bela pati,
mapan tan wurung dadya,
aprang g■dhe iku,
dadi rusak t■mahira,
Arya Jipang sandika turireki,
gya mundur saking arsa.
Arya Jipang kondur pan sampun prapta,
anulya animbali,
Lurah Kajin■man,
Dhangdhang Wiring namanya,
kalawan pun Rangkud iki,
Sang Arya nabda,
karo padha sun tuding,
Dhangdhang Wiring sira maranga ing Pajang,
ya si Rangkud sireki,
maringa Prawata,
padha dadiya dhustha,
karo ku cidran■n iki,
poma denk■na,
aja na ngapirani,
Dhangdhang Wiring lan Rakut matur sandika,
anulya denparingi,
curiga kalihnya,
wus lengser saking arsa,
g■gancangan lampahneki,
apan dur mkaya,
lampahe dhustha kalih,
Dhangdhang Wiring wus lum■b■t marang Pajang,
Rangkut mring prawateki,
■n■ngna winarna,
n■nggih Ki Ag■ng Sela,
t■tuwi mring putraneki,
dhumat■ng Pajang,
kapirsa mring Sang Aji,
Kyai Ag■ng mapan laj■ng tinimbalan,
dhumat■ng sri bopati,
mring p■n■pen prapta,
pan sampun jawat asta,
tan wont■n ingkang ginalih,
lawan kang raka,

nging tatane agami,
Laj■ng manjing w■ktu mahrib salat samya,
Ki Ag■ng kang ngimani,
laj■ng salat ngisa,
bakda sampunnya dhahar,
Ki Ag■ng apamit mijil,
J■ng Sultan n■bda,
kakang ja sira mijil,
Angin■pa ing kene saw■ngi kakang,
tan l■nggana karsa ji,
wus kondur nalendra,
laj■ng mring pasareyan,
wayahira t■ngah w■ngi,
ingkang winarna,
duta ing Jipang prapti,
P■lataran sigra masang sir■pira,
pan wus katrima iki,
s■daya pan nendra,
sidh■m kayon pan samya,
tan ana kang walang sisig,
sri naranata,
mapan k■pati guling,
Prameswari sare aneng daganira,
Dhangdhang Wiring wus manjing,
marang prabay■ksa,
pan sarwi ngungak-ungak,
sampun w■spada ningali,
panggenanira,
sare sri narapati,
Dhangdhang Wiring laj■ng anarik curiga,
ginoco sri bupati,
m■ksih eca nendra,
mujung sri naranata,
lir lal■r mencok upami,
pan kampuhira,
sang nata datan titih,
Kawarnaa wau ta Ki Ag■ng Sela,
kang neng pan■pen iki,
tan eca tyasira,
dene sidh■p s■daya,
tan ana kang walang sisik,
Ki Ag■ng nulya,
miyos nganglang wus prapti,

P■lataran jum■n■ng Ki Ag■ng Sela,
Dhangdhang Wiring winarni,
pan kaku tyasira,
tan pasah curiganya,
lan kas■lak siyang iki,
wus bang nyang wetan,
ngawud panggoconeki,
Dadya kenging wau kang k■ndhi pratula,
neng keringnya sang aji,
mancur ingkang toya,
J■ng Ratu kagyat nulya,
mapan kacipratan warih,
wungu anulya,
ningali jalma mijil,
Nganggar dhuwung m■dal saking pasareyan,
J■ng Ratu nulya anjrit,
nungk■mi kang raka,
tinarka kenging cidra,
J■ng Sultan kagyatannya ris,
lah ana apa,
dene sira anangis,
Kangj■ng Ratu umatur pan wont■n dhustha,
nyidra mring padukaji,
mangkya sampun m■dal,
sarta ngliga dhuwungnya,
Sang Nata mes■m gya mijil,
lan prameswara,
kang wong s■daya tangi,
Laj■ng samya lok pandung gumuruh samya,
m■ngkana kang winarni,
Kyai Ag■ng Sela,
kang aneng p■lataran,
sampun kaduga tyasneki,
yen wont■n dhustha,
nulya non jalma mijil,
Lawan m■ksih angliga kang dhuwungika,
anulya denc■gati,
Kyai Ag■ng aris atanya,
sira iki wong apa,
Dhangdhang tan aturi,
nulya n■rajang,
apan sar yya nyuduki,

Tanganira kalih mring Ki Ag■ng Sela,
kawarnaa sang aji,
miyos sampun prapta,
p■lataran punika,
kalawan kang garwa iki,
lawan par■kan,
wong k■mit pan wus tangi,
Kanjeng Sultan tumingal mring duratmaka,
yen wus c■n■p■ng iki,
dhumat■ng kang raka,
n■nggih Ki Ag■ng Sela,
nulya tata lenggah sami,
Nata ngandika,
sira maling wong ng■ndi,
Dhangdhang Wiring umatur tiyang ing Jipang,
ingutus nyidra gusti,
dhumat■ng paduka,
mes■m sri naranata,
alon angandika aris,
ing m■ngko sira,
apa kar■pireki,
Dhangdhang Wiring umatur abdi sumangga,
p■jah g■sang nr■pati,
mes■m sri nalendra,
mapan aris ngandika,
kakang paran karseki,
Mapan sira kang oleh maling ku iya,
Ki Ag■ng matur aris,
kawula sumangga,
mangsa borong nalendra,
Kangj■ng Sultan ngandika ris,
lamun s■mbada,
sun luwari si maling,
Iya kakang d■rapon awa w■rtaa,
marang kang kongkon iki,
Ki Ag■ng aturnya,
langkung jumurung karsa,
mapan nulya denluwari,
lan pinaringan,
arta myang busaneki,
Dhangdhang Wiring nulya kinen mantuk ika,
n■mbah lengser sing arsi,
Kyai Ag■ng Sela,

nuwun pamit mring narpa,
kondur dhumat■ng Sela ki,
sampun linilan,
m■ngkana kang winarni,
Ing Prawata Kangj■ng Sunan mawas lagya,
anandhang g■rah iki,
langkung sang■tira,
mapan sring supenira,
kulawarga p■pak sami,
aneng Prawata,
m■ngkana kang winarni,
Duta Jipang pun Rangkut sampun prapta,
ing Prawata puniki,
wus neng p■karangan,
gya masang sir■pira,
wayahira t■ngah w■ngi,
sampun katrima,
tan ana walang sisik,
Nging J■ng Sunan mapan datan arsa nendra
sinundhang mring kang rayi
pan pongah-pangihan
J■ng Ratu rip kalintang
nundhang mring kang raka iki
k■langkung sayah
dadya supe aguling,
Rangkut manjing ing dal■m sarwi murangkang,
J■ng Sunan nyapa aris,
iku ta wong apa,
murang kang ngilo diyan,
kagyat pun Rangkud tyasneki
apundirangan,
langkung kewran tyasneki,
Pan m■ngkana pun Rangkud osiking nala,
yen tan ngaku sun iki,
p■sthi lamun p■jah,
angur baya ngakua,
ingsun lumayu mring ng■ndi,
pasthi k■candhak.
nulya umatur aris,
Pan kawula sutane rayi paduka,
Arya Jipang puniki,
mapan kinen nyidra,

inggih dhat■ng paduka,
J■ng Sunan mes■m nabda ris,
lah Rangkut mara,
t■kakna karsa-neki,
Nanging poma sira aja salah karya,
ri ningsun lagya guling,
bang■t aripira,
n■mbah pun Rangkut nulya,
narik curiganya aglis,
nulya n■rajang,
Kangj■ng Sunan wus kanin,
Jajanira watgata t■rus walikat,
m■ngkana kang winarni,
Kangj■ng Ratu milya,
kanin jaja katratas,
mijil ludiraneki,
k■lawan mulat,
yen kang raka ng■masi,
Mapan langkung pan j■ritira Sang R■tna,
mangkana kang winarni,
J■ng Sunan Prawata,
mapan wungu sadhela,
lawan asru denira ngling,
eh Rangkut sira,
ng■lirk■n w■kas mami,
Kyai B■thokginaga pan sampun kapanggya,
sinawatak■n nuli,
mring pun Rangkut ika,
kasrempet s■kar kacang,
niba pun Rangkut ng■masi,
Sunan Prawata,
laj■ng mring alam suci,
Kangj■ng Ratu nungk■mi ingkang kunarpa,
langkung pamularneki,
datan kenging b■nggang,
lan layonnya J■ng Sunan,
kulawangsa kaget sami,
laj■ng karuna,
gumuruh swaraning tangis,
Bangkenira pun Rangkud cinacah-cacah,
ana ingkang j■juwing,
J■ng Ratu winarna,
mapan emut s■kala,

mupus mring t■kdir Yyang Widi,
nulya ngandika,
mring kang s■ntana sami,
Samya kinen ngrumati ingkang kunarpa,
riwus ngandika malih,
sakeh sanaking wang,
ingsun lah s■ksenana,
mapan iya nora tapih,
k■lamun nora,
iyaa tapih kulit,
iya marang kulite si Arya Jipang,
lan ngaturana uning,
marang Sultan Pajang,
kang tinuding turira,
sandika nulya lumaris,
J■ng Ratu tandiya,
t■dhak mring s■ndhang nuli,
Pasiraman kang raka ing kuna,
lukar pinjungireki,
lan mudhar kang rema,
wus ambyur marang toya,
rahina w■ngi anangis,
marang Yyang Sukma,
t■napi mring J■ng Nabi,
Kangj■ng Ratu Kalinyamat wuk s■mara,
supe dhahar lan guling,
langkung prihatinnya,
kang tin■dha mring Sukma,
muga ana kang nandhingi,
mring Arya Jipang,
nadar ingsun ngengeri,
■n■ngna kang lagya agung sungkawa,
Arya Jipang winarni,
pan lagya sineba,
p■pak kang pra dipatya,
Bang Wetan s■daya nangkil,
mring Arya Jipang,
ingkang tansah tinara,
Aneng arsa Tum■nggung M■taunika,
datan pantara iki,
Dhangdhang Wiring prapta,
mapan sarwi karuna,

tur tiwas dinuta gusti,
Arya P■nangsang,
langkung bramatyaneki,
Jaja bang lir pendah m■dal dahana,
kum■dut ingkang lathi,
datan arsa tanya,
mring tingkahnya dinuta,
nulya kinen am■jahi,
sampun tumandang,
sagunge pra dipati,
Dhangdhang Wiring mangkana sampun palastra,
Arya Jipang sru angling,
lah padha dandana,
sakehe wong bang wetan,
bapa M■ntau denaglis,
sira dandana,
ingsun arsa nindaki,
Marang Pajang angaduwa kasudiran,
lan si K■rebet mami,
Ki M■ntaun turnya,
mapan sarwi karuna,
adhuh gustiku sang p■kik,
nadyan wuwuha,
m■ngsah ing Pajang ugi,
Dereng ulap abdi dal■m ingkang wetan,
s■daya purun sami,
nanging densabarna,
kaj■ngipun sum■kta,
dados boten nguciwani,
sang Arya Jipang,
wus dhahar atur neki,
Angandika keh ta bapa poma-poma,
iya den ngati-ati,
sakeh wong Bang Wetan,
yen wus padha sum■kta,
ingsun arsa mangun jurit,
marang Pajang,
sandika atur neki,
Wus luwaran sang Arya gennya sineba,
■n■ngna kang winarni,
Kangj■ng Sultan Pajang,
mapan lagya sineba,
p■pak sagung pra dipati,

kang munggeng arsa,
Raden Mancanagari,
Raden Arya Ngabehi saloring pasar,
Jajar Pangran B■nawi,
J■ng Sultan ngandika,
marang Kyana Patya,
eh sira Mancan■gari,
padha denyitna,
m■nawa an■kani,
Mungsuh Jipang denpatih matur sandika,
datan pantara prapti,
duta-ning Prawata,
sarwi tawan karuna,
kagyat J■ng Sultan tingali,
ingawe nulya,
maj■ng arsa wotsari,
Laj■ng matur pukulun abdi paduka,
rakanta atur uni,
J■ng Sunan Prawata,
mangkya sampun pralena,
marga cinidra say■kti,
mring duta Jipang,
pun Rangkut w■staneki,
Sampun katur saneskarane sadaya,
J■ng Sultan tan k■na ngling,
pan tigang pandurat,
nulya aris ngandika,
Mancan■gari sireki,
denb■cik sira,
lawan kang pra dipati,
Mapan ingsun ayun tilik ming Prawata,
kabeh denyitna kari,
nanging kulupira,
Ngabehi kang sun gawa,
sandika aturnya sami,
nulya luwaran,
kondur mring K■nya Puri,
Kangj■ng Sultan sampun angrasuk busana,
lawan Raden Ngabehi,
angampil p■gantenan,
gam■lan punakawan,
kang kalilan dherek sami,

ak■kapalan,
tan adharat sawiji,
Nulya mangkat g■gancangan lampahira,
datan kawarna margi,
wus prapta Prawata,
nging J■ng Ratu tan ana,
lagya sang■t anru brangti,
aneng ing s■ndhang,
lukar datanpa tapih,
Kangj■ng Sultan nulya nusul dhat■ng s■ndhang,
nging lawan den ngabehi,
s■daya tinilar,
kantun aneng pasoan,
prapta sangandhap kumuning,
laj■ng tumulya,
lamun kang rayi prapti,
Aneng s■ndhang tan p■gat gennya karuna,
J■ng Sultan l■nggah nuli,
aneng sangandhapnya,
k■muning pinggir s■ndhang,
J■ng Ratu ngandika aris,
apuranira,
iya marang ing mami,
Mapan ingsun nora bisa j■jagongan,
sun iki tanpa tapih,
J■ng Sultan ngandika,
bokyu krana punapa,
paduka datanpa tapih,
J■ng Ratu n■bda,
yayi sun wus ubanggi,
Nora tapih lamun ora ana ingkang,
iya ingkang nyaguhi,
marang patenira,
iya si Arya Jipang,
lan ubaya sun ngengeri,
mes■m J■ng Sultan,
sarya ngandika ris,
Bokyu ratu prayugi andika sinjang,
kawula kang luwari,
dene p■jahira,
n■nggih pun Arya Jipang,
kawula ingkang nyagahi,
J■ng Ratu nulya,

anurut mring kang rayi,
Sampun sinjang Kangj■ng Ratu Kalinyamat,
l■nggahan lan kang rayi,
J■ng Sultan tumingal,
wont■n lare satunggal,
w■rnanya ayu linuwih,
nging wayahira,
lagya mur sangang warsi,
Angladosi mring J■ng Ratu Kalinyamat,
J■ng Sultan atanya ris,
pawestri punika,
kangbok sint■n kang putra,
J■ng Ratu mes■m nabda ris,
ya kakangira,
swargi ingkang d■rbeni,
Sas■ngk■ran kala maksih cilik ika,
mapan iku den-anti,
mes■m Kangj■ng Sultan,
yen mar■ngi punika,
kawula suwun pawestri,
minangka opah,
p■jah pun Jipang iki,
Kangj■ng Ratu mes■m aris angandika,
iya sokur sun adhi,
ana ingkang gawa,
marang rareku iya,
k■lamun ingsun ningali,
mring warnanira,
mundhak eling ingkang swargi,
Dadya par■ng k■lawan b■kjane padha,
J■ng Sultan sigra pamit,
kondur marang Pajang,
datan kawarna neng marga,
J■ng Sultan ing Pajang prapti,
manjing jro pura,
enjing miyos tinangkil,
P■pak sagung punggawa Pajang kang seba,
kang munggeng arsa aji,
Adipati Manca,
sri nalendra ngandika,
kakang undhangnai iki,
sapa kang bisa,

mateni satru mami,
Ingsun ganjar kakang nagri M■taram,
iya lawan ing Pathi,
sapa kang kaduga,
mungsuh Arya P■nangsang,
wus sun gawe pasang giri,
Pathi M■taram,
pasthi ingkang duweni,
Marma kakang ingsun gawe sayumbara,
lamun ingsun pribadi,
kakang mangun aprang,
m■sthi akeh kang rusak,
Dipati Manca tur b■kti,
nuwun sandika,
nulya luwar sang aji,
Adipati Mancanagara dhang-undhang,
iya sapa kang wani,
mungsuh Arya Jipang,
sagung kang pra dipatya,
sireku wus wruh pribadi,
timbalan nata,
s■daya sami ajrih,
Kang pramastri m■ngkana ing aturira,
inggih kawula malih,
k■lamun puruna,
m■ngsah lan Arya Jipang,
puruna kang pra dipati,
katur sang nata,
dadya sungkawa aji,
■n■ng-ng■na Sultan Pajang kang sungkawa,
gantya ingkang winarni,
Kyai Ag■ng Sela,
pan sampun miyarsa warta,
yen sang nata pasang giri,
nimbali nulya,
marang kang rayi kalih,
Ki P■njawi kalawan Ki Juru ika,
pan sampun prapta ngarsi,
Ki Ag■ng ngandika,
yayi sun mirsa warta,
Sultan Pajang pasang giri,
sapa kang bisa,
iya ingkang mateni,

Arya Jipang mapan ginanjar nagara,
Pathi lawan M■ntawis,
Ki P■njawi aturnya,
lawan Ki Juru ika,
kawula sumangga ugi,
punapa karsa,
mapan inggih nglampahi,
■n■ngna kang lagya imbal w■cana,
kawarna Sunan Adi,
saking al■lasa,
mampir dhumat■ng Sela,
Ki Ag■ng kagyat ningali,
nulya tum■dhak,
ngusweng pada sang yugi,
Ki P■njawi lan Ki Juru g■ntya-g■ntya,
riwusnya tata linggih,
J■ng Susunan ngandika,
j■beng ingsun atanya,
apa sira mirsa warti,
yen arinira,
ing Pajang pasang giri,
Sapa ingkang wani marang Arya Jipang,
pan ginanjar n■gari,
Pathi lan M■taram,
Ki Ag■ng atur s■mbah,
inggih sampun mirsa warti,
J■ng Sunan nabda,
paran karsa sereki,
Apa sira j■beng kat■lu kaduga,
Ki Ag■ng matur aris,
nging pangestu tuwan,
mes■m Kangj■ng Susuhunan,
nanging ta pangrasa mami,
wong t■lu sira,
kaya nora kuwawi,
Nanging ana j■beng kang dadi sarana,
nanging anakireki,
si ng■behi ika,
kang k■lar nadhahana,
si P■nangsang yudaneki,
sag■ndhingira,
wus pinasthi Yyang Widi,

Anakira dadi prajuriting Jawa,
yen liya si ng■behi,
nadyan denk■riga,
kabeh wong tanah Jawa,
tan ana kang miyatani,
mring Arya Jipang,
kalawan ana maning,
Sira Juru iya ingkang botohana,
ing s■paraning benjing,
poma aja pisah,
wis mung iku estokna,
sandika katiga sami,
J■ng Sunan sigra,
punapa tan kaeksi,
■n■ng■na ing Sela Pajang winarna,
Kangj■ng Sultan prihatin,
neng pan■penira,
datan k■na sineba,
kawarnaa Sang Guru Nadi,
anulya prapta,
J■ng Sultan atur b■kti,
Ngusweng pada riwusnya tata al■nggah,
J■ng Sunan ngandika ris,
paran marmanira,
j■beng prihatin sira,
J■ng Sultan matur wotsari,
mangsa boronga,
sumangga J■ng sang Yogi,
Sunan adi mes■m aris angandika,
iya wus w■ruh mami,
kang dadya tyas sira,
pr■kara si P■nangsang,
tan ana yogane maning,
kang k■lar nangga,
nadhahi jurit neki,
Nanging kakangira ya si j■beng Sela,
J■ng Sultan atur b■kti,
langkung padhang tyasnya,
J■ng Sunan nulya musna,
sing arsa datan kaeksi,
J■ng Sultan Pajang,
nulya utusan aglis,
Marang Sela nimbali Ki Ag■ng ika,

tan winarna wus prapti,
Ki Ag■ng ing Sela,
lawan kalih renira,
Ki Juru lawan P■njawi,
n■gari Pajang,
wus katur mring sang aji,
Nulya ngrasuk busana sri nara nata,
laj■ng miyos tinangkil,
munggeng pag■laran,
langkung padhang tyasira,
praptanya kang raka iki,
wadya ing Pajang,
p■p■kan munggeng arsi,
Kyai Ag■ng Jajar lan Dipati Manca,
Ki Juru lan P■njawi,
Jajar pra dipatya,
Raden Ngabehi Jajar,
lawan Pangeran Benawi,
J■ng Sultan Pajang,
mapan ngandika aris,
Kakang marma ingsun animbali sira,
prakara Jipang iki,
yen sira kaduga,
ingsun ganjar n■gara,
M■taram kalawan Pathi,
Ki Ag■ng turnya,
pukulun amba d■rmi,
Anglampahi ayahan paduka nata,
nging pangestu Dewaji,
mes■m sri nalendra,
yen sira wus kaduga,
kakang ingsun anggawani,
marang ing sira,
ya wong Pajang s■palih,
Kyai Ag■ng mapan aris aturira,
pukulun pan kapundhi,
pasiyan nalendra,
nanging yen mar■na,
abdi dal■m pun ngabehi,
kawula b■kta,
sri nalendra sabda ris,
Paran karya anggawa ngabehi sira,

pan bocah m■ksih cilik,
tanggung t■m■n kakang,
bocah kumala-kala,
manawa tiwas ngajurit,
sapa kelangan,
Ki Ag■ng matur aris,
P■jah g■sang kawula pan bot■n gadhah,
kagungan Yyang Widi,
nging ecaning manah,
kawula mung punika,
mes■m J■ng Sultan n■bda ris,
lah paran sira,
kulup iya ngabehi,
Apa melu apa nora mring si kakang,
tur s■mbah dyan ngabehi,
s■nadyan p■jaha,
g■sang ayun udini,
dhumat■ng pun bapa y■kti,
mes■m J■ng Sultan,
iya wis sun ngamini,
Den ng■behi nulya ngab■kti mring nata,
pinaring pusakadi,
dhuwung Ki S■ngk■lat,
Ki Ag■ng pamit sigra,
tur salam dhat■ng sang aji,
t■napi marang,
Radyan Mancan■gari,
Ki P■njawi lan Ki Juru pan m■ngkana,
wus lengser sing arsaji,
s■kawan punika,
nata luwar sineba,
kawarnaa kang lumaris,
ag■gancangan,
ing Sela sampun prapti,
Laj■ng m■pak sagung ingkang kulawarga,
Tarub lan S■kar Lampir,
Sela b■ntar saba,
Laweyan samya prapta,
wus p■pak neng Sela sami,
pan pimilihan,
wongnya kang b■cik-b■cik,
Nanging angsal tigangatus win■tara,
kang samya wani mati,

pan kaduk sudira,
pan kathah wirang ika,
mapan wus samya pinaring,
ingkang busana,
lawan g■gamaneki,
Wus sam■kta sag■gamaning ayuda,
pinasrahak■n nuli,
dhumat■ng kang putra,
Raden Ngabehi ika,
kang kinarya senapati,
Ki Juru ika,
mapan kang b■botohi,
Ki P■njawi kang dadya pangirid yuda,
s■mana sampun dadi,
r■mbug kulawangsa,
pusaka Tarub nulya,
pinaring Raden Ngabehi,
n■nggih namanya,
Ki Paleret puniki,
Mapan iku luput wong t■guh yuwana,
n■nggih asale dhingin,
saking kidang tl■ngkas,
pan sar■ng praptanira,
m■ngkana Raden Ngabehi,
langkung tyas sira,
nulya agya k■panggih,
Lawan Arya P■nangsang apa rasanya,
iya wong tak■r g■tih,
dhasar wayahira,
lagya kumala-kala,
pinaringan pusakadi,
dhat■ng kang rama,
mila amber kang wani,
Den Ngabehi wus pinasthi mring Yang Sukma,
yen prajuriting Jawi,
marmanya m■ngkana,
ing tyas k■dah sudira,
lawan pinaring turanggi,
dhat■ng kang rama,
c■m■ng wulunireki,
Sun S■ngkali n■nggih namane punika,
wruh saka r■ping jalmi,

sagung kulawarga,
langkung enggar tyasira,
nulya abusana sami,
ri sawusira,
budhal saking Seleki,
Ingkang dadya pangiriding lampahira,
n■nggih Kyai P■njawi,
jan-jan kudanira,
nama pun Endra Y■ksa,
rasukan g■dhog mant■si,
dh■stharnya seta,
anglir Sang Yang Basuki,
Pan wong Sela m■ngkana p■nganggenira,
s■daya mapan sami,
lir P■njawi ika,
anulya sinambungan,
lampahnya J■ng Senapati,
Ki Juru ika,
tan t■bih angampingi,
Kar■manya angag■m kang sarwa kr■sna,
lir Sang Yang Wisnumurti,
tumurun sing swarga,
pun s■ngkali t■naga,
tuhu k■lamun mant■si,
prajurit Jawa,
ng■ngl■ng sagung ningali,
Kyai Juru anitih kuda b■lalak,
pun Gunawan nameki,
kombor lancingannya,
angag■m dh■sthar jingga,
rasukan intipyaneki,
kadya N■rada,
tuhu botoh utami,
Kyai Ag■ng aneng wuri lampahira,
anitih kuda putih,
nama Kuramadya,
angag■m samya seta,
mapan ij■m dh■sthar neki,
lir Sang Yang Tunggal,
tumurun saking swargi,
Ginar■b■g pra wong sakang tuwa-tuwa,
samarga samya eling,
marang ing Yang Sukma,

l■stariya lampahira,
■n■ngna ingkang lumaris,
yata kawarna,
Arya Jipang siniwi,
P■p■k wadya pra dipati ing Bang Wetan,
ingkang munggeng ing arsi,
Ki M■ntaun ika,
Arya Jipang atanya,
apa wus sum■kta sami,
lehira dandan,
Ki M■ntaun tur b■kti,
Inggih sampun gusti didal■m s■daya,
samangsa-mangsaneki,
pan sampun sum■kta,
Arya Jipang ngandika,
ya bapa aruntan ana dhingin,
nanging den yitna,
ing sasi ngar■p iki,
Ingsun arsa marang Pajang b■barang prang,
kabeh wong sanak mami,
iya wong Bang Wetan,
aja nakari padha,
sun ajab b■barang iki,
matur sandika,
sagung kang pra dipati,
■n■ngna ing Jipang yata winarna,
Ki Ag■ng lampahneki,
mapan sampun prapta,
n■nggih t■latah Jipang,
sab■n-sab■n dentakoni,
marang wong Jipang,
asandi dentimbali,
Ayun sohan marang Kangj■ng Arya Jipang,
mapan samargi-margi,
lamun tinakenan,
m■ngkana saurira
k■langkung denira sandi,
lawan j■tmika,
Ki Ag■ng lampahneki,
Malah jalma kathah s■gah urut marga,
yen wus nulya pinaring,
tin■k■l kewala,

n■nggih paringanira,
marma tan nyanani,
sagung wong Jipang,
lawan r■m■n ningali,
Marang Raden Ngabehi ing R■spatinya,
pant■s lan kang turanggi,
samarga t■naga,
pun sungkali punika,
m■ngkana esthining ati,
sagung wong Jipang,
mendah wus sak■panggih
Lawan gustiningsung Kangj■ng Arya Jipang,
baya sukatyaneki,
marang raden ika,
ingsun pan durung mulat,
ing Jipang wong kang r■spati,
pan duganing wang,
pinundhut putra y■kti,
■n■ng■na sagunging jalma sadaya,
Ki Ag■ng kang winarni,
mapan sampun prapta,
n■nggih kilen b■ngawan,
tata m■sanggrahan nuli,
ingkang neng arsa,
n■nggih Raden Ngabehi,
Ki P■njawi k■lawan Ki Juru ika,
mapan tansah tinari,
Ki Juru aturnya,
yen s■mbada lan karsa,
prayogi anonjok tulis,
mring Arya Jipang,
surat p■nantang jurit,
Adatipun yen tiyang want■r punika,
gampil gen ng■resahi,
pan suprih kawula,
pisaha lan kang bala,
dados tan awrat sinanggi,
tingal kawula,
tiyang Jipang s■mangkin,
Lagya awrat yen bin■bat ing ayuna,
kawon kuciwa tandhing,
n■nggih wadya tuwan,
k■dhik kathah wong Jipang,

kalawan kuciwa bumi,
lamun ngantosa,
tata ajrat sinanggi,
Kados bot■n kuciwa wadya ing Sela,
Ki Ag■ng nabda ris,
P■njawi kayapa,
m■ngko ing pikirira,
Ki P■njawi atur ny■kti,
mapan kawula,
angingd■rmi nglampahi,
Kathah k■dhik mapan sampun tin■maha,
sakit kalawan pati,
kagungan Yang Sukma,
Ki Juru saurira,
l■r■s wakne P■njawi,
yen wus tan ana,
ingkang nyanudi malih,
Kyai Ag■ng mapan alon angandika,
iya juru sireki,
ingsun turut mara,
ngupaya usada,
sira lungaa pribadi,
matur sandika,
nulya lengser sing arsa,
Nanging b■kta g■gaman kalih punika,
lan nitih kuda estri,
babak tur ak■ra,
wus amoh kambilira,
aw■tara t■bihneki,
lan p■sanggrahan,
sap■nginang win■tawis,
Lawan malih anyabrang l■t kang b■ngawan,
prapta wetan b■nawi,
ningali ara-ara,
mulat ana wong juga,
mapan ingkang lagya ngarit,
wus pinaranan,
marang Ki Juru iki,
Kudanira mapan tinuntun kewala,
sandi angen puniki,
gam■l s■kalihnya,
samya bakta k■ranjang,

marma tan anyana iki,
kang ngarit ika,
denya nunggil karsi,
Mapan sampun prapta nulya j■jagongan,
Ki Juru atanya ris,
bagus ingsun tanya,
sira gam■le sapa,
kang tinanya ana uri,
gam■le ing wang,
Ki Gagak Rimang mami,
Ag■ming prang gusti Arya P■nangsang,
kuda kandhoan y■kti,
tan pasah ing braja,
sira iki wong apa,
lan ng■ndi wismanireki,
ingsun atanya,
Ki Juru ris nauri,
Iya ingsun iki kisanak wong Sela,
kang neng kulon banawi,
yen dhangan lan wira,
dadi k■pasang yoga,
ingsun arsa kirim tulis,
mring gustenira,
nging kupingira sasilih,
Iku bae sun tuku s■lawe reyal,
gam■l kagyat k■pati,
pan arsa lumajar,
nulya tinubrukika,
iya marang wong k■kalih,
wus tinalenan,
nulya kupingnya sisih,
Dipuniris lawan kinanthilan surat,
lan pinaring arteki,
pan s■lawe reyal,
gam■l nulya lumajar,
Ki Juru wus kondur nuli,
mring p■sanggrahan,
sowan kang raka panggih,
Tur uninga yen lampahe angsal karya,
samya ken ngati-ati,
Ki P■njawi nulya,
angrasuk kang busana,
lan sagunge kang prajurit,

Ki Juru ika,
lawan Raden Ngabehi,
Wus siyaga lan sagamaning ayuda,
baris p■ndh■m sami,
Ki Ag■ng punika,
tunggilan pra ngulama,
mapan samya aneng wuri,
sarta d#donga,
n#nuwun mring Yang Widi
Datan manjing m■ksih neng kilen b■ngawan,
■n■ngna kang winarni,
kam■l kang lumajar,
prapta ing wismanira,
Ki Tum■nggung duk ningali,
kagyat kalintang,
asru denira angling
Heh wong gam■l sira iku k■na apa,
wus katur solahneki,
lawan angsal surat,
Ki Tum■nggung anulya,
lum■b■t amb■kta tulis,
Arya Penangsang,
n■nggih ingkang winarni,
Mapan lagya ketangg■l lan lagya dhahar,
kagyat duk aningali,
marang lab■tira,
Ki M■ntaun punika,
sangsarya sru denira ngling,
apa kagawa,
nyawa ingsun tingali,
Ki Tum■nggung langkung kewraning driya,
aris aturireki,
ing mangke kewala,
yen sampun kend■l dhahar,
kawula umatur Gusti,
sang narya duka,
Ki Tum■nggung langkung ajrih,
Dadya katur kang surat nulya tinampan,
marang kang asta kering,
kang kanan pan lagya
kang kinarya ng■p■l s■ga,
winaca sinukm■ng ati,

mapan m■ngkana,
bubukaning kang tulis,
Peng■t iki layange Ki Ag■ng Sela,
tekaa mring sireki,
ya Arya P■nangsang,
dene ap■ksa lanang,
yen nyata sira den aglis,
an■kanana,
sun neng kulon b■nawi,
Yen tan prapta mapan sira dudu lanang,
ngur tapiha sireki,
tan dumugi nulya,
binanting k■p■lira,
suratya dipunj■juwing,
asru ngandika,
marang wong gam■l iki
Kambila sakudaningsun Gagak Rimang,
angrasuk busana glis,
m■ngkana kang garwa,
Kangj■ng Sang Arya Jipang,
Sang Dyah R■tna Larasati,
sang■t karuna,
kang raka dengendholi
Ki Tum■nggung M■taun sang■t bingungnya,
laj■ng lumayu mulih
nyandhak b■ndhenira,
tinabuh pinggir radya,
wong Jipang pan kuwur sami,
langkung wuroh-an,
Sang Arya kang winarni,
Ingkang garwa kin■patak■n wus kontal,
laj■ng nitih turanggi,
mandhi p■tawinan,
Bale Regel arannya,
anulya dipunc■m■thi,
sun Gagak Rimang,
mamprung tan ngambah siti,
Tan pantara wus prapta wetan b■ngawan,
sumbar-sumbar ngajrihi,
■ndi si rupanya,
si P■manahan Sela,
nyabranga sawetan kali,
lamun prawira,

wadya Sela winarni,
Sampun tata barisnya kilen b■ngawan,
andher sapinggir kali,
Ki Juru winarna,
estri titiyanira,
k■ra babak ingkang gigir,
kambilnya samak,
buntutira ginodhi,
Lawan amb■n pinrih estri katingala,
lampahnya jondhil-jondhil,
lawan sru s■sumbar,
heh mara Arya Jipang,
yen wira nyata prajurit,
mayo nyabranga,
ingsun dhewe nadhahi,
Lir sin■bit talingannya Arya Jipang,
anulya dencum■thi,
kuda Gagak Rimang,
nanging mogok kewala,
yen sag■da ngucap iki,
dhuh gusteningwang,
paduka denapusi,
Kyai Juru asru dennya sumbar-sumbar,
dene suwe sireki,
mara Arya Jipang,
kaya dudu wong lanang,
sang Arya b■ndu tan sipi,
pun Gagak Rimang,
anulya dencum■thi,
Poking kuping m■ngkana lamun ngucapa,
dhuh gustiku Sang P■kik,
tan k■na ngaturan,
s■nadyan sun matiya,
anglabuhi gusti mami,
pun Gagak Rimang,
ambyur nulya anglangi,
Wong ing Sela Tarub wus ngatya-atya,
sar■ng pang■drelneki,
nanging tanpa karya,
Gagak Rimang wus m■ntas,
wong Tarub Sela pan sami,
ngroyok kewala,

Sang Arya tan kaeksi,
Ramening prang pan angling duk purwanira,
Arya Jipang upami,
Sang Angkawijaya,
rin■bat ing Kurawa,
tan kewran tyasnya Sang P■kik,
pun Gagak Rimang,
langkung p■ngamukneki
Nyakot nujahan nyepak pun Gagak Rimang,
braja datan gundhili,
mring pun Gagak Rimang,
tandangira lir y■ksa,
k■langkung angg■gilani,
wadya ing Sela,
Tarub wus bubar sami,
Nanging kantun Ki P■njawi yun-ayunan,
langkung ramening jurit,
tan ana kuciwa,
kuda pan samya kuda,
ag■nti larih linarih,
tan nana tumama,
mangkana Den Ngabehi,
Nuhun pamit wau dhumat■ng kang rama,
mapan wus denlilani,
anitih turangga,
pun Sungkali punika,
Kyai P■leret pinundhi,
Ki Juru ika,
wau ingkang botohi,
Pun Sungkali k■langkung dennya gumbira,
yen sinawang mant■si,
lir Wisnu Bathara,
tumurun saking Swarga,
Ki Juru kudanya estri,
babak tur k■ra,
buntutnya wus ginodhi,
Lawan amb■n jongkit-jongkit lampahira,
Gagak Rimang ningali,
wus karsan ing sukma,
supe mring gustenira,
dadya bujung kuda estri,
s■paranira,
Ki Juru den tut wuri,

dhasar lami kinurung pun Gagak Rimang,
kalangkung bigarneki,
tan kenging nging■rna,
Raden Ngabehi nulya,
Kyai Paleret pinusthi,
wus linarihan,
Arya Jipang ng■masi,
Ki P■njawi nglarihipun Gagak Rimang,
ambruk laj■ng ng■masi,
pan sar■ng kewala,
lawan ingkang turangga,
Ki M■ntaun kang winarni,
lawan Sang R■tna,
tan nganti mring wadyeki,
S■sand■ran wong kalih pan sampun prapta,
aneng wetan b■nawi,
awas denya mulat,
yen gustinya pralena,
lan sendhean kang turanggi,
kunarpanira,
Ki Tum■nggung anangis,
Larasati anjrit nyum■thi kuda,
ambyur marang b■nawi,
Ki M■ntaun ika,
tan keri lan Sang R■tna,
wong loro tan s■dya urip,
pan sampun m■ntas,
prapta kilen b■nawi,
Wong ing Tarub Sela neng kilen b■ngawan,
wau genira baris,
kang lumayu padha,
ing mangko pan wus prapta,
tinata kadya ing nguni,
mring Ki M■ntaun iki,
tinadhahan mring wong Tarub lawan Sela,
p■ksa datan kuwawi,
M■ntaun tandangnya,
pan anglir Jaya Brata,
turangganya sampun mati,
putung lawungnya,
nging ngamuk lawan k■ris,
si Dyah R■tna Larasati tandangira,

kadya wara Srikandhi,
ngag■m patr■mira,
ingkang katrajang bubar,
mapan wus tanpa turanggi,
sarya karuna,
m■ngkana Den Ngabehi,
Pan wus mulat yen estri kang ngamuk ika,
t■dhak saking turanggi,
nulya cin■gatan,
Ki M■ntaun wus panggyang,
kalawan Kyai P■njawi,
sru pan nyuduknya,
panggah Kyai P■njawi
Tinampiling Ki M■ntaun nulya niba,
mapan laj■ng ng■masi,
saking sayahira,
wus dangu pangamuknya,
p■dot napasira iki,
lan wus t■kdirnya,
m■ngkana Den Ngabehi,
Wus apanggih lan si Dyah Rarasing Driya,
kum■pyur ing tyasneki,
Dyah Rarasing Driya,
m■ngkana esthinira,
bagus t■m■n bocah iki,
sun durung mulat,
ing Jipang kang kadyeki,
Dadya m■nggah p■ngamuknya sang kusuma,
lan uwis aningali,
Ki M■ntaun p■jah,
m■ngkana ing tyasira,
mangsa sun anomamani,
angur belaa,
nulya patr■m pribadi,
Sampun niba palastra Dyah Rarasatya,
dadya katiga sami,
tinunggal kewala,
wau ingkang kunarpa,
m■ngkana wong Jipang prapti,
kang pra dipatya,
miwah ingkang prajurit,
pan sum■kta sag■gamaning ayun,
baris wont■n b■nawi,

rahara keb■kan
mring sagung wadya Jipang,
b■leber pinggir b■nawi,
tan pawilangan
langkung denya ngajrihi
wadya sela tarub n■nggih barisnya,
aneng kilen b■nawi,
mapan l■t b■ngawan
denya ayun-ayunan
lawan langkung k■dhikneki,
wadya ing sela,
lawan tarub puniki
tigang atus win■tara kathahira,
nging wong Jipang puniki,
kang manah wus suda,
ningali gustenira,
k■lamun sampun ng■masi,
lawan Sang R■tna,
t■napi Ki Dipati,
dadya dangu denira sawang sinawang,
tan ana ingkang wani,
lamun anyabranga,
m■ngkana Ki Ag■ng Sela,
Ki Juru ingkang tinari,
pa karsanira,
juru prayoganeki,
apa b■cik k■lamun sira nabranga,
yen mangkene pribadi,
mapan tan paw■kas,
manggung sawang sinawang,
Ki Juru umatur aris,
yen sinabrangan,
kados bot■n kuwawi,
langkung kathah punika tiyang bang-wetan,
wadya tuwan ming k■dhik,
inggih lamun tahan,
langkung saking prayogi,
lamun datan tahan ugi,
langkung m■mirang,
lan mindhak angsal ati,
dugi kula tiyang bang-wetan punika,
manahnya sampun alit,

k■lamun ngantosa,
punika angsal manah,
kados awrat sinanggineki,
Ki Ag■ng n■bda,
paran prayogineki,
Kyai Juru mapan alon aturira,
inggih lamun mar■ngi,
lawan karsa tuwan,
wont■n udur punika,
namung pun kakang P■njawi,
lawan kawula,
tiga Raden Ng■behi,
dene baris ing Tarub Sela punika,
mundura mapan sami,
soana kewala,
wont■n ngarsa paduka,
kawula bilih m■nawi,
wont■n sih ing Yyang,
lan supangat J■ng Nabi,
kang kapundhi amung pangestu paduka,
ing siyang lawan ratri,
Ki Ag■ng ngandika,
yen m■ngkono karsanya,
iya ingsun angamini,
P■njawi mara,
undurna sagung baris,
tur sandika nulya n■mbah aparentah,
mundur sagunging baris,
wong bang-wetan wikan,
yen baris mundur samya,
dadya ewuh ing tyasneki,
narka yen g■lar,
sadaya alit kang ati,
Den Ngabehi kalawan Ki Juru ika,
tiga Kyai P■njawi,
wus ngrasuk busana,
samya nitih turangga
Ki Juru titiyaneki,
b■lalak pancal,
pun Gunawan namaneki,
Endra Y■ksa Ki P■njawi titihan,
Sungkali Den Ngabehi,
pan samya t■naga,

gawok wadya bang-wetan,
mapan samya aningali,
jomblong s■dya,
prapta pinggir b■nawi,
pra dipati ing Jipang p■pak sadaya,
ingkang dadya p■ngarsi,
Tohbahu namanya,
pan lagya pagun■man,
lawan aningali,
mring solahira,
prajurit tiga sami,
kang t■t■gar aneng sapinggir b■ngawan
datan pantara prapti,
kang prajurit tika,
b■ngawan linumpatan,
kang kuda katiga sami,
tan mawi nyabrang,
dadya prasami ajrih,
Ki Tohbahu lan sagung pra dipatya,
ayun lumajar sami,
nulya cin■gatan,
marang Ki Juru ika,
lawan angandika aris,
heh pra dipatya,
aja lumayu sami,
praptaningsun ing kene n■moni sira,
yen dhangan lan sira,
padha amituhuwa,
pan amrih rahayuneki,
kend■l s■daya,
sagung kang pra dipati,
soan andher neng ngarsa sang katrinya,
Ki Juru an■bda ris
■ndi ingkang tuwa,
lan sapa aranira,
Tohbahu matur ngab■kti,
inggih kawula,
Tohbahu w■sta mami,
heh Tohbahu marmaningsun iki prapta,
ayun tanya say■kti,
paran karsanira,
apa s■dya abela,

yen k■na sun eman ugi,
ngurahayuwa,
Tohbahu atur b■kti,
pan kawula inggih punapa kang karsa,
gusti dhat■ng nglampahi,
Ki Juru angandika,
yen m■ngkono padha,
angur seba atumuli,
Ki Ag■ng Sela,
sandika mapan sami,
bilahinya pan ingsun kang nanggung padha,
lah wis kari ya iki,
nuli anusula,
sagung kang pra dipatya,
sandika samya turneki,
anulya musna,
ingkang prajurit katri,
sangsaya jrih sagunging wadya bang-wetan,
anulya ambongkoki,
sagung ingkang wastra,
nusul nyabrang b■ngawan,
tan ana kari sawiji,
s■dya aseba,
Ki Juru kang winarni,
Ki P■njawi Raden Ngabehi wus prapta,
ing ngarsa atur b■kti,
Ki Ag■ng atanya,
paran ing lakonira,
Ki Juru tur wotsari,
pangestu tuwan,
pukulun angsal kardi,
Datan dangu kados nunt■n samya prapta,
nulya sujud ing Widi,
Kyai Ag■ng Sela,
langkung sokur mring Sukma,
tan pantara nulya prapti,
wadya bang-wetan,
gumrah swaraning jalmi,
Kyai Juru ingkang kinen m■thuk■na,
kang sarta laj■ng ngirid,
mapan sampun prapta,
sagung kang pra dipatya,
ing ngarsa ndher atur b■kti,

tumungkul samya,
tan kuwasa ningali
Marang w■rnanira Kyai Ag■ng Sela,
langkung denya bl■r■ngi,
m■ngkana ngandika,
mring sagung pra dipatya,
apa wis mituhu sami,
mring karsaning wang,
s■daya atur b■kti,
Sampun sakit s■nadyan dhat■ng p■jah,
gusti inggih nglampahi,
Ki Ag■ng ngandika,
ya wis ingsun tarima,
nanging ta parentah mami,
negari Jipang,
iya ing m■ngko iki,
Ingsun titip Tohbahu marang ing sira,
lan sagunging dipati,
padha rum■ksaa,
ingsun ayun kondura,
iya marang pajang mami,
sapungkur ingwang,
padha nusuli,
Asebaa k■lawan sakancanira,
mring Sultan Pajang iki,
iku poma-poma,
padha amituhuwa,
sandika samya turneki,
lan maning ana,
iya w■w■kas mami,
Layonira Arya Jipang b■cikan,
lan kang loroku ugi,
tunggalna kewala,
iku ya poma-poma,
aja sira ngapirani,
matur sandika,
sagung ki pradipati,
Mapan ingsun yun budhal sadina benjang,
wus ta mundura iki,
sagung pradipatya,
ngab■kti g■ntya-g■ntya,
ngusapi l■bu sang yogi,

saundurira,
ang■mu waspa sami,
■n■ngna sagung ingkang pra dipatya,
Ki Ag■ng kang winarni,
mapan pir■mbanan
lawan Ki Juru ika,
t■napi Kyai P■njawi,
lawan kang putra,
n■nggih Raden Ngabehi,
Angandika Ki Ag■ng mring ri kalihnya,
paran karsanireki,
sapa ingkang tampa,
ing ganjaran n■gara,
pan ingsun tan melu jurit,
Ki Juru turnya,
lawan Kyai P■njawi,
Pan s■daya punika asta paduka,
Ki Ag■ng ngandika ris,
iku Juru nora,
ingsun ngat■r kewala,
say■kti kang oleh kardi,
pan anakira,
k■lawan si P■njawi,
Kyai Juru gumuj■ng sarwi an■mbah,
l■r■s yen dentingali,
n■nggih kang tumandang,
Raden Ngabehi ika,
kalawan wakane P■njawi,
nadyan kawula,
inggih pan bot■n keri,
Ki P■njawi mapan bot■n prajangjeyan
lawan J■ng Sultan dhingin,
mangsa sininglaran,
mapan gampil kewala,
pun thole m■kat■n malih,
pan panakawan,
bot■n angsal n■gari,
Panakawan ganjaran astra busana,
sanes paduka y■kti,
mring pundi purunnya
tan wande dhat■ng anak,
sadherek m■kat■n ugi,
datan p■rbeda,

lawan anak kantun k■dhik
Kyai Ag■ng wus dhahar ingaturira,
Ki Juru Am■rtani,
nulya angandika,
ya wis sun turut sira,
P■njawi prentah anuli,
ingsun budhalan
mulih sadina iki,
Marang Pajang P■njawi atur sandika,
nulya t■ngara muni,
wadya Tarub Sela,
langkung ing tyas gumbira,
Gustinira angsal kardi,
samarga-marga.
mapan kasukan sami,
■n■ngna wau kang lagya lumampah,
awarna Pajang nagri,
n■nggih Kangj■ng Sultan,
mapan lagya seneba,
p■p■ki wadya anangkil,
kang munggeng ngarsa,
Raden Mancan■gari,
Kangj■ng Sultan aris denira ngandika,
heh ta Mandan■gari,
apa sira wikan,
w■rtane kakang Sela,
olehe amangun jurit
asor unggulnya,
n■mbah Mancan■gari,
Inggih mirsa wirteni pun kakang Sela,
m■ksih apacak baris,
neng kilen b■ngawan,
wadyanya Arya Jipang,
barisne wetan b■nawi,
wadya ing Sela,
awarta sang■t kontit,
Langkung kathah wadyanira Arya Jipang,
kadugi tan kuwawi,
eca angandika,
kasaru teger jaba,
kang jalma samya ningali,
ing praptanira,

Ki Ag■ng Sela iki,
Langkung asri lampahe samarga-marga,
nanging Raden Ngabehi,
ingkang dadya kondhang,
sagung wong kang tumingal,
Kangj■ng Sultan wus miarsi,
laj■ng putusan,
ngenggalk■n lampahneki,
Tan pantara Ki Ag■ng wus prapteng ngarsa,
laj■ng jawat asyeki,
nulya tata l■nggah,
Raden Ngabehi nulya,
ngab■kti marang sang Aji,
rinangkul lawan,
kang putra denarasi,
Adhuh nyawa sokur s■lam■ta sira,
rin■ksa mring Yang Widi,
nulya tata l■nggah lawan Pangran B■nawa,
mapan rarangkulan sami,
samya kang■nnya,
ri wus tata alinggih,
Kangj■ng Sultan aris denya tanya,
mring Ki Ag■ng Seleki,
paran kakang sira,
lakonira sun duta,
Ki Ag■ng lon aturneki,
lampah kawula,
angsal b■rkat sing aji,
Arya Jipang sapunika sampun p■jah,
nging lawan patihneki,
M■ntaun namanya,
bojonipun satunggal,
w■sta Dewi Larasati,
iku ta kakang,
sapa lawaning jurit,
Arya Jipang pan inggih lawan kawula,
M■ntaun lan P■njawi,
Larasati Mapan,
pun Ng■behi puniki,
n■nggih lawaning ngajurit,
nata ngandika,
balane ana ng■ndi,
Balanipun wont■n sawetan b■ngawan,

pun Juru kang nadhahi,
nanging l■t b■ngawan,
tiyang Tarub lan Sela,
punika ingkang nadhahi,
sar■ng tumingal,
yen Arya Jipang mati,
Laj■ng t■luk sadaya tiyang bang-wetan,
Tohbahu kang pangirid,
sagung kang dipatya,
punika ingkang tuwa,
Kangj■ng Sultan tanya manih,
kabehku iya,
ing m■ngko ana ng■ndi,
Kyai Ag■ng mapan aris aturira,
t■ksih kantun neng wingking,
kados nunt■n prapta,
saw■k kula ken samya,
nyaeni kunarpaneki,
pun Arya Jipang,
Sang Nata ngandika ris,
Ya wis kakang bang■t tarimaning wang,
nging sira aja mulih,
wong Tarub kewala,
lan Sela ulih■na,
anata wismane reki,
kakang prayoga,
ya si J■beng Ng■behi,
Tan l■nggan nulya luwar Sri Nalendra,
bubar sagunging nangkil,
Ki Ag■ng winarna,
laj■ng mring wismanira,
kang putra Raden Ngabehi,
wong Tarub Sela,
wus laj■ng kinen mulih,
Ki P■njawi k■lawan Ki Juru ika,
kang m■ksih an■nggani,
aneng p■ngabean,
kawarna Kangj■ng Sultan
nimbali kyanapatih,
Mancanegara,
prapta pan■pen nuli,
Kangj■ng Sultan sakondurira sineba,

mapan tan manjing puri.
sampun pitung dina,
neng pan■pen kewala,
lawan datan mijil-mijil,
langkung sungkawa,
nulya ngandika ris,
Kakang Mancan■gara marmane sira,
iya ingsun timbali,
paran karsanira,
pr■kara kang ubaya,
ingsun wus eling say■kti,
kang pangandika,
iya J■ng Sunan Giri,
Ing M■ntaram parentah satanah Jawa,
paran genya baleni,
dene m■ngko kakang,
wus dadi bayaning wang,
dadi cidra yen tan y■kti,
lamun y■ktiya,
paran kakang kang keri,
Matur n■mbah Dipati Mancan■gara,
kula m■kat■n malih,
k■langkung supenya,
duk paduka ubaya,
ing mangke emut say■kti,
kang pangandika,
inggih sinuhun Giri,
Yen mar■ngi pan inggih atur kawula,
k■jawi denlintoni,
sinarah kewala,
ing pundi kinarsakna,
s■nadyan tik■la kalih,
Kangj■ng Sultan n■bda ris,
Iya kakang ingsun wus mangsa bodhowa,
angg■r tarima iki,
mara adhawuhna,
marang ing pengabean,
sandika lengser sing ngarsi,
r■kyana patya,
mring pengabean prapti,
Mapan nuju Ki Ag■ng l■nggah p■ndhapa,
kang munggeng ngarsaneki,
Ki P■njawi lawan,

Kyai Juru punika,
katiga Raden Ngabehi,
kagyat praptanya,
Raden Mancan■gari,
Mapan laj■ng wau sami jawat asta,
ri wusnya tata linggih,
Adipati Manca,
mapan laj■ng ngandika,
kakang kawula tinuding,
dhat■ng sang nata,
kinen masrahna ugi,
Kang ubanggi kang n■garinya,
Pathi lawan Mantawis,
nanging ing M■ntaram,
karsane Sri Nalendra,
kakang mapan denlintoni,
sabab M■ntaram,
kakang n■gari alit,
Kalih dene sapunika m■ksih wana,
paduka kinen milih,
N■gari Tanah Jawa,
s■daya pilihana,
s■najan tik■la akih,
Sri Naranata,
kakang mapan nglilani,
Kyai Ag■ng mapan dangu tan ngandika,
wusana an■bda ris,
gih adhi matura,
dhumat■ng Sri Nalendra,
kawula tan sag■d krami,
lan bot■n n■dya,
gadhah wicant■n kalih,
Mung punika adhi kawula aturna,
dhumat■ng Sri Bupati,
nulya jawat asta,
pamit Dipati Manca,
wus katur marang sang aji,
lamun m■ngkana,
Ki Ag■ng aturneki,
Dadya kend■l sang nata datan ngandika,
wus dangu ngandika ris,
yen m■ngkono Manca,

padha m■n■nga kewala
nanging denyitna sireki,
wus ta muliha,
sandika aturneki,
Sampun lengser Raden Adipati Manca,
saking ngarsa Sang Aji,
■n■ngna winarna,
n■nggih Ki Ag■ng Sela,
saundurnya duta aji,
kend■l kewala,
mapan datan k■na angling,
Ki P■njawi ing ingkang tyas langkung bramatya,
jaja lir m■tu g■ni,
m■ngkana aturnya,
yen mar■ng ikang karsa,
suwawi dipunayoni,
ratu kang cidra,
Ki Juru anauri,
Panwakane P■njawi arsa paduka,
punika tan prayogi,
ngajak ngrusak tata,
w■kasane punika,
ingkang raharja say■kti,
dadosnya sama,
w■kas cidra pribadi,
Kyai Ag■ng mapan aris angandika,
wus aja na pinikir,
pancobaning Sukma,
ingsun mapan kinarya,
l■lakon marang Yang Widi,
heh Juru sira,
k■lawan si P■njawi,
Ingsun titip anakira karo padha,
■mong■n si Ng■behi,
iku poma-poma,
aja na walangdriya,
sireku marang ing mami,
pan ingsun arsa,
kumambang mring Yang Widi,

Nulya manjing w■ktu mahrib j■ng sang yogi, mring pan■pen nulya, asalat Ki Juru ngiring, lawan Ki P■njawi ika,

Pan katiga an■nggih Raden Ngabehi, makmum ri sawusnya, bakda ngisa karo sami, amrih eca tyasing putra,

At■napi dhumat■ng kang rayi kalih, dadya samya eca, ing tyasnya katiga sami, t■ngah dalu wayahira,

Jawah angin Ki Ag■ng ngandika aris, wus padha turuwa, mapan ingsun arsa guling, Kyai G■ng nulya sarean,

Den Ngabehi Ki Juru lawan P■njawi, samya aneng dagan. wayahira bangun enjing, katiga wus samya nendra,

Kyai Ag■ng tumulya miyos aririh, laj■ng lampahira, mapan s■dya mati ragi, manut salembaking manah,

Wus kapungkur n■gara ing Pajang iki, sampun manjing wana, Raden Ng■behi winarni, lawan kang paman kakalih,

Sawungunya asri kagyat pan sami, Sang Wiku tan nana, nulya Rahaden Ngabehi, laj■ng niba pesarean,

Kyai Juru datan p■gat mituturi, dhumat■ng kang putra, mapan sarwi denk■loni, Ki P■njawi kang winarni,

Datan sag■t ningali Raden Ngabehi, yen sampun sang■ta, pengampahe ingkang rayi, Ki Juru M■rtani ika,

Mapan kedah angamuk Kyai P■njawi, mapal laj■ng kesah, s■dyanira Ki P■njawi, anusul dhat■ng kang raka,

Kawarnaa Sultan Pajang wus udani, yen kang raka kesah, kalawan Kyai P■njawi, langkung g■t■r ing tyasira,

Nging Ki Juru kalawan Raden Ngabehi, kang t■ksih neng wisma, nanging Raden Ngabehi, sare amujung kewala,

Kyai Juru ingkang tansah mituturi, J■ng Sultan winarna, nimbali marang Dipati, Mancan■gara wus prapta,

Ing ngarsane sang sata ngandika aris, paran karsanira, heh sira Mancan■gari, lungane si kakang Sela,

Apan nora yen iku dadya kuwatir, Adipati Manca, amatur sarya ngab■kti, n■nggih pengraos kawula,

Kados bot■n antawis Raden Ng■behi, pan m■ksih tinilar, lan pun kakang Juru m■ksih, kados pun kakang ing Sela,

Kesahipun kula dugi mangun teki, marmaning tyas hamba, ing lair bot■n kuwatir, ing batos kula sumangga,

Kangj■ng Sultan nulya angandika aris, yen m■ngkono Manca, payo n■nuwun Yang Widi, muga ja na kara-kara

Wis mulih amung iku parentah mami, Adipati Manca, sandika mundur sing ngarsi, kawarna Kya G■ng Sela,

Pan wus prapta an■nggih ing S■kar Lampir, kang sinidya driya, ing G■renjeng mati ragi, Ki P■njawi kang winarna,

Gennya nusul ngulati datan k■panggih, laj■ng mati raga, aneng sela bentar iki, pan tapa ngad■g kewala,

Neng jro sela Ki Ag■ng winarna malih, neng G■renjeng punika, asalira mati ragi, pinarak sangandhap toya,

Mapan l■nggah sarya sila tumpang iki, lawan madh■p keblat, nora obah nora osik, mapan sampun mindha r■ca,

Pan wus suwung y■kti tan wujud k■kalih, awang-awang ika, uwung-uwung kang kaeksi, maklum anyar kang wus sirna,

Nanging kadim aja lilan kang anyandi, wus dadya dyas tunggal, mangkana pan sampun lami, aw■ntara satus dina,

Gara-gara mapan nulya andhat■ngi, m■ngkana winarna, Kangj■ng Susuhunan Adi, pun miyarsa yen kang putra,

Sultan Pajang dinuga slaya kapti, lan kang putra Sela, J■ng Sunan ing karsaneki, nulung mring putra kalihnya,

Sampun t■dhak Sang Wiku karsa dereki, Pajang kang sin■dya, panggihi J■ng Sultan iki, kawarna J■ng Sri Narendra,

Mapan lagya kem■ngan Sri Narapati, tan k■na sineba, neng pan■pennging pribadi, tan arsa ingadh■p jalma,

Tan pantara rawuhe Sinuwun Adi, Sang Nata wus mulat, lamun Sang Pandhita prapti, angraos magih duduka

Nulya t■dhak saking panepen sang aji, man■mbah suku Sang, manguswa pada suku Sang Yogi, Sang Pandhita angandika,

Lah ta uwis payo J■beng tata linggih, nulya samya l■nggah, Sang Pandhita ngandika ris, marmaningsun iki prapta,

Ayun takon mring sira ing say■kti, paran w■rtanira, lakune kakangireki, J■ng Sultan tumungkul n■mbah,

Mangsa borong paduka mes■m Sang Yogi, ya J■bengsun wikan, kang dadi rubedaneki, at■napi kakangira,

Marmaningsun iki J■beng nuli prapti, ja k■dawa-dawa, geseh lan kakangireki, nora b■cik dadine,

Iya b■n■r Ki J■beng karsanireki, nadyan kakangira, pan iya m■ngkono maning, paran gone balenana,

Balang tiba pan iku upamaneki, mapan ora k■na, lamun iku bali maning, Sultan Pajang ris aturnya,

Pan kawula sumangga karsa Sang Yogi, nging panuhun hamba, l■starining Pajang n■gri, J■ng Sunan mes■m ngandika,

Iku J■beng b■cike sira prajangji, lawan kakangira, mapan ingsun kang n■kseni, J■ng Sultan matur sumangga,

Pan ing m■ngko kakangira ana ng■ndi, J■ng Sultan aturnya, kawula bot■n udani, mapan sampun kesah lama,

Ingkang kantun amung pun thole Ngabehi, lan pun kakang ika, n■nggih Juru Am■rtani, kang P■njawi tumut kesah,

Kangj■ng Sunan mes■m angandika ris, yen m■ngkono iya, b■cike ingsun tiliki, nulya t■dhak Kangj■ng Sunan,

Kangj■ng Sultan dherek dhumat■ng Sang Yogi, marang P■ngabean, datan pantara wus prapti, Raden Ngabehi winarna,

S■laminya tinilar kang rama iki, pan sare kewala, wau Rahaden Ng■behi, muji aneng p■salatan,

ne kang rama datan mobah datan mosik, ingkang asta kanan, tumumpang ing jajaneki, astanya kere punika,

Mapan nurut ing w■ntis samya kang kering, d■lamakan kanan, iku mapan dentindhihi, mring kang w■ntis keri ika,

Kang d■riji s■daya bineber sami, lan kukub punika, Ki Juru ingkang n■nggani, nanging salat kasilrira,

Mapan tan ana mengeng tingalireki, Ki Juru punika, kalawan Raden Ngabehi, wus prapta munajabtira,

Kangj■ng Sunan prapta p■lataranika, ing pan■penira, Sultan Pajang ingkang ngiring, nging s■pi tan wont■n jalma,

Kadya rusak yen tinon saking jawi, pan tan ana tiyang, tilas kang ngambah sawiji, pan kadya tan wont■n jalma,

Dadya dangu j■ng Sunan l■nggah surambi, lan j■ng Sultan Pajang, j■ng Sunan ngandika aris, J■beng ingsun tan kaduga,

Maracoba ■ngakna lawangneki, nulya Kangj■ng Sultan, Pajang ang■ngak■n kori, Ki Juru katingal salat,

Kangj■ng Sultan nulya matur mring sang Yugi, yen Ki Juru salat, m■ngkana j■ng Sunan nuli, t■kbir lawan uluk salam,

Kyai Juru tan pandung ing t■kbirneki, lamun gurunira, anulya salam tumuli, m■dal mring surambi nulya,

Kyai Juru nyungk■mi pada sang Yogi, ri sawusnya l■nggah, nulya jawat asta sami, k■lawan j■ng Sultan Pajang,

Kangj■ng Sunan mangkya angandika aris, ■ndi anakira, iya si J■beng Ng■behi, Ki Juru matur punika,

Ingkang kula t■ngga inggih pun Ng■behi, pan til■m kewala, s■laminipun tan osik, marma hamba tilar salat,

Yata mes■m j■ng Sunan nulya umanjing, mring pan■pen nulya, sinandhing Raden Ng■behi, dhat■ng Kangjeng Sang Pandhita,

Sultan Pajang lan Ki Juru Am■rtani, l■nggah neng daganya, sang Wiku anulya singir, dikir aib kang kinarya,

Nulya wungu wau Rahaden Ng■behi, kagyat mulat marang, sang Pandhita ingkang prapti, nulya sumungk■ming pada,

Pan rinangkul wau Rahaden Ng■behi, marang sang Pandhita, ingaras ■mbunireki, sawusnya Raden tumingal,

Mring kang rama Sultan Pajang gya ngab■kti, pan rinangkul nulya, esmu w■spa Sri Bupati, Den Ng■behi pan m■ngkana,

Kangj■ng Sunan Adi nulya ngandika ris, mring Ki Juru ika, kakangira ana ng■ndi, iya Ki J■beng ing Sela,

Kyai Juru umatur sarya ngab■kti, kesah sampun lama, kawula bot■n udani, kang sin■dya karsanira,

Nging w■ling punika Raden Ng■behi, hamba kinen monga, lawan pun kakang P■njawi, nging pun kakang tumut kesah,

Mapan nusul sampun ■l■t tigang w■ngi, panggih lan bot■nnya, kawula mapan tan uning, j■ng Sunan aris ngandika,

Wus ta Juru t■napi si J■beng Ngabehi, wis aja rinasa, prakara ingkang tan yogi, pa dene J■beng ing Pajang,

Wus t■t■pa padha dadya dulur maning, sandi katurira, wus padha karia iki, sun susule kakangira,

Nulya musna sang Pandhita kaeksi, Kangj■ng Sultan Pajang, kang putra Raden Ngabehi, kalawan Ki Juru ika,

Sakalihnya binakta manjing ing puri, mapan tan l■nggana, wus mantuk kadya ing nguni, sir datan ana k■rasa,

■n■ng■na kawarna sang Wiku Jati, ingkang angupaya, dhat■ng Ki Ag■ng Sela ki, tumingal marang g■gana,

Sorot padhang teja sundhul ing wiyati, j■ng Sunan tan samar, ing G■renjeng pr■nahneki, Ki Ag■ng amati raga,

Sampun prapta sang Pandhita lampahneki, laj■ng mindha-mindha, ingkang putra denayoni, mindha s■rpa alit ika,

Laj■ng gr■m■t mring pangkon kang s■rpa alit, pan kadya nyakota, nanging ta sang Ag■ng brangti, wus sirna bangsa mangungsa,

S■rpa-s■rpa nulya sak■labang alit, gar■m■t neng k■rna, laj■ng lum■b■t k■rnane-ki, nging sang Brangta tan k■rasa,

Nulya musna ingkang k■labang alit, mendha ingkang putra, sira Rahaden Ng■behi, prapta arungk■mi pada,

Asru nangis m■ngkana aturireki, j■ng rama luwara, pun paman nuru ng■masi, pin■jahan Sultan Pajang,

Pan kawula kinuya-kuya say■kti, lamun k■candhaka, pan inggih dipunp■jahi, dhumat■ng j■ng Sultan Pajang

Tiyang Sela Tarub samya denp■jahi, estri binoyongan, pun ibu lawan pun bibi, s■daya wus aneng pura,

Datan ewah tyasira sang Agung Brangti, sumendhe ngiradat, tumanc■p mring dat s■jati, wus sirna kang panca driya,

Langkung suka tyasira j■ng Sunan Adi, kalamun kang putra, ing Sela wus denkeringi, marang sagung panca driya,

Nulya sirna kang w■rna Raden Ngabehi, j■ng Sunan wus l■nggah, ngarsanya sang Ag■ng Brangti, dadya w■dhar tingalira,

Kang khakiki tumingal guru majadi, mapan anglir s■rpa, ingkang lagya malungsungi, paningalira kang tapa,

Dereng w■dhar sadaya gaotaneki, m■ngkana j■ng Sunan, ingkang putra densingliri, *aib* ginaib kinarya,

Nulya w■dhar kumpuling gaot sami, mantuk basariyah, kamil mukamil nglimputi, dhumat■ng ing sipat ngaral,

Alam kabir kalimputing alam sahir, wus mulya manungsa, m■ngkana nulya ngab■kti, nungk■mi pada j■ng Sunan,

Pan rinangkul dhumat■ng sang Maha Yekti, lawan angandika, wus J■beng luwara iki, aja ta sira k■dawa,

Wus pinasthi sira marang ing Yang Widi, pan wijine Jawa, turun tumurun ing benjing, mapan iya tan k■s■lan,

Kongsi prapta ing jaman akirku benjing, mapan turunira, datan ana kang ny■lani, ingkang m■ngku tanah Jawa,

Wus jamake J■beng yen wong bakal luwih, pinaringan papa, nadyan ingkang para nabi, j■ng Nabi Adam awitnya,

Nabi ■nuh lawan j■ng Nabi Ibrahim, Kangj■ng Nabi Musa, j■ng Nabi Ngisa puniki, apa dene nabinira,

Kangj■ng Nabi Muhamad sam iku y■kti, padha awit papa, mulya ing w■kasaneki, nanging j■ng Nabi Suleman,

Ingkang nora awit papa iku ugi, pan karsaning Sukma, anglairk■n kodratneki, pan kinarya k■dya tahan,

Awit tirasira J■beng anampani, mring pulunging Jawa, anakira si Ng■behi, kang wus pinasthi Ywang Sukma,

Mapan ana J■beng ing pratandhaneki, iya arenira, J■beng Pajang liwat asih, iya marang anakira,

Pulung iku J■beng k■lamun angalih, mapan ing kudara, ngalih mring kana dens■ngiti, p■sthi mring kang kinasiyan,

Wis ta payo J■beng mulih lawan mami, iya marang Pajang, jaluk■n ingkang prajangji, ingsun ngat■r marang sira,

Lawan iya p■sthi banjur sun n■kseni, lah payo nagiha, adhenira si P■njawi, m■ngko neng ng■ndi pr■nahnya,

Kyai Ag■ng umatur sarya ngab■kti, kawula tan wikan, rumiyin kantun n■gari, pan kula ken ng■mong samya,

Mapan inggih k■kalih dhat■ng Ngabehi, mes■m sang Pandhita, wus J■beng ingsun k■panggih, nging P■njawi nusul sira,

Payo mangkat goleki J■beng P■njawi, miyos Kangj■ng Sunan, saking sangandhaping warih, Kyai Ag■ng atut wuntat,

Aningali j■ng Sunan sorot wiyati, mapan wus pan samar, mring tejane Ki P■njawi, pr■nahira Sela B■ntar,

Saking Grenjeng j■ng Sunan sampun lumaris, Ki Ag■ng tut wuntat, Sela B■ntar sampun prapti, Ki P■njawi kang winarna,

Mapan ngad■g tapanira Ki P■njawi, aneng jroning guwa, lan madh■p keblat tan gingsir, sarta asendheyan sela,

Kangj■ng Sunan lan Ki Ag■ng sampun prapti, p■lataran guwa, nulya uluk salamneki, kagyat kang aneng jro guwa,

Ki P■njawi mapan nulya anauri, tan pandung swaranya, kalamun sang maha yakti, sampun w■dhar tingalira,

Nulya m■dal saking guwa Ki P■njawi, laj■ng ngaras pada, ngusapi l■bu sang Yogi, ri wusnya nulya tumingal,

Mring kang raka Ki Ag■ng l■nggah neng wingking, Ki P■njawi nulya, nungk■mi sarya anangis, Ki Ag■ng aris ngandika,

Wus ta yayi m■n■nga aja anangis, mara alungguha, anraha purbaning Widi, aja akeh kang rinasa,

Sawusira tata al■nggahan sami, j■ng Sunan ngandika, J■beng payo padha mulih, tan pantara nulya mangkat,

Tan winarna ing marga Pajang wus prapti, laj■ng manjing pura, Ki Ag■ng kantun neng jawi, lawan Ki P■njawi ika,

Mapan nuju j■ng Sultan l■nggah p■ndhapi, lan Dipati Manca, Ki Juru lan Den Ng■behi, s■kawan Pangran B■nawa,

Samya kagyat rawuhnya j■ng Sunan Adi, pan m■thuk sadaya, nulya tata l■nggah sami, mapan ngujung g■ntya-g■ntya,

Ri wus tata j■ng Sunan ngandika aris, dene pasang yogya, padha p■pak t■mon iki, J■beng Ng■behi B■nawa

Lah mapakna marang uwakira prapti, sun anti neng jaba, m■ngkana Raden Ng■behi, kalawan Pangran B■nawa,

Sak■langkung tyasira marwata siwi, s■mbah s■kalihnya, pan samya lumaj■ng mijil, wus panggih lawan kang rama,

Anungk■mi padanira kanan kering, pan sarya karuna, kalihnya rinangkul sami, dhumat■ng Ki Ag■ng Sela,

Lon ngandika J■beng wus m■n■nga kalih, pan wus kend■l samya, anulya umatur aris, paduka laj■ng ngandikan,

Wus lumampah tan keri Kyai P■njawi, pan lagya katingal, j■ng Sultan angawe gipih, prapta laj■ng r■rangkulan,

Ki P■njawi Ki Juru rangkulan sami, lan Dipati Manca, j■ng Sunan suka ningali, wus tan na rasa rumangsa,

Ri sawusnya j■ng Sunan ngandika ris, mring j■ng Sultan Pajang, paran karsanireki, kakangira pan wus prapta,

Luwarana ubayanira ing nguni, k■lamun anaa, J■beng kang dadya tyasneki, prayoga sira pajara,

Kangj■ng Sultan umatur sarya ngab■kti, pan mangsa boronga, paduka sampun udani, ing samanah-manah hamba,

Yata mes■m j■ng Sunan ngandika aris, ya wus J■beng Pajang, mapan ingsun ya udani, kang dadya kuwatirira,

Pangandika dhingin j■ng Sinuhun Giri, lah pagese ika, sira nganggo pasanggiri, j■ng Sultan tumungkul n■mbah,

Saking sang■t tyas kasupene say■kti, marma yen kenginga, pun kakang amba lintoni, sang Pandhita angandika,

Iku ora sapa ingkang karya lali, lamun m■ngkonoa, kag■pok ngujub sireki, dadi kitib w■kasannya,

Khukum akal iku J■beng iku am■t■ngi, marang ngelmunira, tinurutan tanpa kardi, mundhak ilang pasrahira,

Dadya matur j■ng Sultan Pajang ngab■kti, marang sang Pandhita, punapa karsa sang Yogi, kawula mapan sumangga,

Nging panuwun kawula osiking ati, gih pun kakang Sela, wont■na pras■tyaneki, mapan dhumat■ng kawula,

Amrih ant■ng ing manah s■lamineki, mugi atulusa, dados kadang donya akir, mes■m sang Wiku ngandika,

Lah ta paran Ki J■beng Sela sireki, iku arenira, kang dadya p■njalukneki, Ki Ag■ng Sela aturnya,

Mapan inggih hamba paduka s■kseni, yen ngantosa khajat, nging awak hamba pribadi, jum■n■ng ratu ing Jawa,

Pan punika sumangga karsa sang Yogi, j■ng Sunan ngandika, dhumat■ng j■ng Sultan aris, paran J■beng kar■pira,

Mapan uwis pras■ca kakangireki, sang nata aturnya, punika nanging pribadi, ing wingking kados punapa,

Kangj■ng Sunan mapan angandika aris, b■n■r kakangira, ananggung awak pribadi, ing buri sapa w■ruha,

Mapan iku iya kagunganing Widi, k■lamun manungsa, iya melu and■rbeni, kag■pok ing sirik ika,

Dadya sire was marang ngelmunireki, iku pan tan ana, liyane awak pribadi, kang linilan ngawruhana,

Lawan maning dunduman pan ora k■ni, lamun ngawruhana, b■gja lara lawan pati, wus ana ngatasing Sukma,

Lamun ora m■ngkono any■kuthoni, iku dadinira, j■ng Sultan matur wot sira, yen paduka sampun karsa,

Pan kawula sumangga dherek say■kti, ing sakarsa Tuwan, Kangj■ng Sunan ngandika ris, wus J■beng sira ulungna,

Kangj■ng Sultan nulya angandika aris, wus Ki raka Sela, M■ntaram lawan ing Pathi, sun pasrah marang nging sira,

Nulya g■t■r pat■r pan am■rtandhani, Ki Ag■ng Sela nampani n■gri M■ntawis, sin■ksen mring sang Pandhita,

Kangj■ng Sultan nulya angandika aris, wus Ki raka Sela, M■ntaram kalawan Pathi, dadi kaduwe mring sira,

Tampanana ingsun pasrah mring sireki, Ki Ag■ng aturnya, pan langkung panuwuneki, dadya luwar kang ubaya,

Ananira ing m■ngko kakang sun alih, Ki Ag■ng M■ntaram, lan Pathi sapa ng■nggoni, Ki Ag■ng aris aturnya,

Yen mar■ngi inggih pun adhi P■njawi, wus kakang prayoga, si kakang Juru M■rtani, dadi tan uman n■gara,

Pan gumuj■ng Kyai Juru M■rtani, awon Pathi punika, dene kaprentah M■ntawis, mes■m Kangj■ng sang Pandhita,

Sultan Pajang gumuj■ng ngandika malih, kakang ing M■ntaram, mapan ana kang duweni, si kakang G■dhe M■ntaram,

Kyai Juru angguguk guj■ngireki, nulya ris aturnya, y■ktosipun kakang singgih, tan sag■d parentah jalma,

Mangke malih wus gadhah nagri k■kalih, k■lamun sag■da, parentah dhumat■ng jalmi, duk nguni m■ksih neng Sela,

Nanging kend■lan salat kang denr■m■ni, marmane punika, tan wande kula pribadi, ingkang parentah M■ntaram,

Dadya samya gumuj■ng suka tyasneki, m■ngkana j■ng Sunan, langkung sokur mring Yang Widi, kang putra wus tan na taha,

Sang Pandhita m■ngkana ngandika aris, kabeh J■beng padha, estokna pitutur mami, aja lali ngelmunira,

Lah ta iya Ki J■beng ing M■ntawis, iku poma-poma, aja lali ing pr■jangji, lan renira J■beng Pajang,

Kyai Ag■ng umatur sarya ngab■kti, mugi ta angsala, ingkang pangestu sang Yogi, sageda anglampahana,

Iya J■beng sun donga marang Ywang Widi, muga ta bisaa, t■napi arinireki, iya Ki J■beng ing Pajang,

Poma karo ja na s■laya pikir, wus padha kariya, ingsun J■beng arsa mulih, Kangj■ng Sunan nulya musna,

Sultan Pajang ngandika mring kang raka ris, kakang besuk apa, sira mulih mring M■ntawis, Ki Ag■ng aris aturnya,

Benjang enjang yen mar■ngi Sri Bupati, Sang Nata ngandika, paran si J■beng Ngabehi, apa kari apa kagawa,

Kyai Ag■ng mapan alon aturneki, kawula sumangga, ing karsa paduka aji, Sri Nalendra angandika,

Iya kakang tinggal■n J■beng Ngabehi, ana kantheningwang, Raden Ng■behi turneki, kalilan tan kalinana,

Mapan hamba yun tumut pun bapa iki, dhumat■ng M■ntaram, mes■m Kangj■ng Sri Bupati, aris denira ngandika,

Iya J■beng aja susah tyasireki, apan karsanira, mapan ingsun anglilani, matur Pangeran B■nawa,

Pan kawula d■waji anuhun pamit, tumut mring pun kakang, ngat■rak■n mring M■ntawis, gumuj■ng suka nalendra,

Iya mara B■nawa melu Ng■behi, ingsun iki iya, melu si kakang pribadi, Manca sira melu sapa,

Baya melu marang si kakang P■njawi, kakang Juru nora, ana iya kang ngiloni, Ki Juru gumuj■ng suka,

Pan sad■ya puni kula deniring, dadya samya suka, sang nata ngandika malih, kakang sun titip mring sira,

Bocah wadon t■ka Kalinyamat dhingin, m■ksih cilik ika, yen wus mangsanira benjing, kakang sira at■r■na,

Tur sandika nulya luwaran sang aji, kondur Ki Mas Manca, mantuk mring dal■mireki, Ki Ag■ng mring P■ngebean,

Pan s■dalu nora nana ingkang guling, samya tata-tata, wong Tarub Sala wus prapti, enjing pan samya budhalan,

Kangj■ng Pangran B■nawa kang munggeng ngarsi, lawan ingkang raka, Kangj■ng Rahaden Ng■behi, Ki Ag■ng neng wurinira,

Mapan lawan kang rayi Kyai P■njawi, Ki Juru punika, kang nindhihi repot sami, lawan Dyah Rara S■ngkeran,

Wus pinaring tanggilan r■repot estri, Ki Juru s■daya, ingkang rum■ksa pan sami, ningali j■ng Sultan Pajang,

Wong ing Pajang s■daya tan ana kari, gabagan rantaban, sagung wong aningali, langkung asri lampahira,

Boyongira Ki Ag■ng dhat■ng M■ntawis, pan samarga-marga, tiyang kang samya ningali, at■napi kang sugata,

Tan winarna ing marga lampahnya prapti, n■nggih ing M■ntaram, nulya tata-tata sami, karya pamondhokanira,

Kyai P■njawi nulya mantuk dhateng Pathi, wong Tarub lan Sela, s■daya ingkang angiring, lampahira sampun prapta,

Pan wus manggih Pathi kitha kang lami, laj■ng ing■nggenan, dhumat■ng Kyai P■njawi, wong Pathi suyud s■daya,

Wong ing Tarub Sala samya nuhun pamit, pan mantuk s■daya, linilan wus budhal sami, kawarna Pangran B■nawa,

Sampun lami neng M■ntaram nuhun pamit, kondur dhat■ng Pajang, Kyai Ag■ng wus mar■ngi, J■beng Ngabehi ngat■rna,

Nulya mangkat lampahira tan winarni, sampun prapta Pajang, laj■ng sohan kang rameki, dinangu ing saneskara,

Sampun katur ing salampah-lampahneki, Kangj■ng Sultan Pajang, langkung sokur ing Ywang Widi, s■mana ing tanah Jawa,

Langkung k■rta tan ana winalang ati, M■ntaram winarna, Kyai Ag■ng karya m■sjid, kalawan kang pas■liran,

Kang k■dhaton mapan sampun denbadheni, riwusira dadya, Nyai Ag■ng kang ng■nggeni, mapan kalawan kang putra,

Kyai Juru karya wisma sampun dadi, w■sta P■gambiran, langkung k■rtaning M■ntawis, Kyai Ag■ng kang winarna,

Sampun karya pan■pen sakilan masjid, langkung asrinira, pangulu pan sampun kardi, Kyai Khakim namanira,

Tata tita langkung k■rta ing M■ntawis, pitik iwen ika, mapan ora denkandhangi, durjana wus nora nana,

Siyang dalu nging rame ngibadah sami, m■ngkana kocapa, Kyai Ag■ng mapan wus lami, sab■n mangsa sohanira,

Marang Pajang yen kondur laj■ng n■n■pi, pan nanging punika, Ki Ag■ng kar■maneki, nging m■sjid lan pan■pen,

Lawannya Ki Ag■ng mapan awis-awis, panggih lan kang raka, t■napi Raden Ng■behi, awis sohan mring kang rama,

Kawarnaa Dyah Rara S■ngkeran iki, wus lami diwasa, w■rnanira jungkar angin, tuhu yen ayu utama,

Gandrung manis pan asawang ruming sari, yen angliring ika, tuhu lamun karya brangti, tur kaduk raga k■rana,

Kang salira mapan lir ■mas sinangling, dal■m p■tamanan, wus m■mp■ng birahineki, den behi pan m■ngkana,

Yen tumingal marang Dyah S■ngk■ran iki, k■langkung tyasira, dhasar Rahaden Ng■behi, sampun k■langkung diwasa,

Mapan sang Dyah S■ngk■ran m■ngkana maning, k■lamun tumingal, dhumat■ng Raden Ng■behi, kadya p■jah tanpa jiwa,

Lami-lami dadya supe kalihneki, dhumat■ng j■ng Sultan, t■napi w■ling sudarmi, sampun n■mah s■kalihnya,

Nanging r■pit tan ana jalma udani, yen sang Dyah m■ngkana, k■lawan Raden Ng■behi, ing sawusnya lama-lama,

Sang Dyah R■tna Dumilah mapan garbini, lagya kawan candra, Nyai Ag■ng wus udani, mapan nulya tinimbalan,

Prapta ngarsa Nyai Ag■ng atanya ris, sint■n rewangdika, ingkang wani angrusuhi, mapan tumungkul sang r■tna,

Datan sag■d umatur nging asmu tangis, Kangj■ng Nyai ika, langkung kewran galihneki, wus rumaos tiwasira,

Mapan laj■ng kinen nimbali nuli, dhumat■ng kang putra, wau Rahaden Ng■behi, datan karsa laj■ng kesah,

Langkung sang■t Nyai Ag■ng ing tyasneki, nutuh kang salira, laj■ng mring pan■pen nuli, ayun matur mring kang raka,

Sampun prapta pan■pen Nyai Ag■ng nuli, nungk■mi kang raka, neng pada sarwi anangis, Kyai Ag■ng angandika,

Lah tutura Nyai aja sira nangis, dadya tanpa karya, wong nangis sun durung udani, kang dadya darunanira,

Mara wis tutura Nyai deny■kti, Nyai Ag■ng turnya, kawula tiwas Kiyai, sarwi angusapi waspa,

Nulya matur p■jah g■sang kula Kyai, katura Sampeyan, ing mangke s■ngk■ran aji, Dyah Rara sampun awawrat,

Sar■ng mirsa Ki Ag■ng langkung tyasneki, dangu tan ngandika, nulya angandika aris, sapa kang ngrusak larangan,

Nyai Ag■ng umatur sarya ngab■kti, kawula tan wikan, sampun kula pitakeni, tumungkul nangis kewala,

Saking kaku manah kawula Kyai, laj■ng kula ngundang, n■nggih dhat■ng pun Ng■behi, bot■n purun laj■ng kesah,

Kula undang badhe kula ken nakeni, kang karya punika, m■nawi ngak■n Kiyai, ingkang anyidra asmara,

Bot■n purun mila kuwur ingkang ati, Ki Ag■ng anulya, utusan aken nimbali, mring Ki Juru M■rtanika,

Tan pantara Kyai Juru anulya prapti, wus pinaring priksa, Ki Juru g■tun tan sipi, pan wusnya nayen kang putra,

Aturira Kyai Juru Am■rtani, pan mangsa wont■na, pandugi kawula malih, liya pun Ng■behi ika,

Ingkang purun p■rsahi s■ngk■ran aji, anyidra asmara, mapan bot■n wont■n malih, Ki Ag■ng l■s kang driya,

Aw■kasan nulya angandika aris, Juru golekana, undang■n ya si Ng■behi, praptane ing ngarsaningwang,

Kyai Juru tur s■mbah lengser sing ngarsi, supados kang putra, n■nggih Rahaden Ng■behi, wus panggih Ki Juru n■bda,

Payo J■beng sira mangko dentimbali, marang ramanira, bar■nga k■lawan mami, den behi tan l■nggana,

Tan pantara lampahira sampun prapti, ngarsane kang rama, tumungkul Raden Ng■behi, kang ibu sar■ng miarsa,

Mring kang putra rinangkul dentangisi, Ki Ag■ng ngandika, lah m■n■nga sira Nyai, mapan wus karsaning Sukma,

Uculana anakira iku Nyai, sun arsa atanya, nulya Nyai l■nggah malih, lawan angusapi waspa,

Kyai Ag■ng ingkang putra dentakeni, Behi sapa ingkang, angrusak ing Taman Sari, sumaura ingkang w■ca,

Den Ng■behi tumungkul tan sag■d angling, kang rama wus wikan, lamun kang putra say■kti, dadya aris angandika,

Paran Juru kang dadya karsanireki, iki pan wus nyata, anakira angrusahi, Ki Juru matur an■mbah,

Pan kawula sumangga karsa sang Yogi, ing dalil punika, mangsa borong tuwan singgih, Ki Ag■ng aris ngandika,

Adhuh nyawa anakingsun sira Gusti, bisa t■m■n karya, angrusak rahmate Widi, iya Juru karsaningwang,

Lah kariya r■ksan■n s■ngk■ran aji, lah denb■cik sira, ana dene ingsun iki, arep seba marang Pajang,

Nyaosak■n iya pati urip mami, apa dene sira, Nyai adandana iki, iya lawan anakira,

Padhadosa nganggoa kang sarya putih, wus b■n■r kukumnya, lamun sira padha mati, apa dene lawan ingwang,

Poma enggal ayun mangkat ingsun nuli, Ki Juru aturnya, punapa tan b■kta abdi, Ki Ag■ng aris ngandika,

Juru nora m■nawa tan tahan uning, marang awakingwang, mundhut t■mah ngruru b■ndi, sun iki mapan wus katrap,

Khukum Olah paran geningsun sumingkir, Ki Juru s■kala, kum■mb■ng w■spanireki, mapan yun dherek kawula,

Pint■n banggi yen kawula manggih urip, Dyah R■tna Dumilah, mapan ya m■ngkono maning, datan purun yen kantuna,

Kyai Ag■ng w■kasan ngandika aris, yen m■ngkono padha, lah dandana sira sami, adusa lan k■ramasa,

M■nganggoa iya ingkang sarya putih, marmane m■ngkana, ingsun iki kang nglab■ti, iya marang karsanira,

Kangj■ng Sultan mapan wus b■n■r lan dalil, lah wus padha mara, muliha dandana aglis, mapan ingsun nuli mangkat,

Nyai Ag■ng k■lawan Raden Ng■behi, lan R■tna Dumilah, Ki Juru pan mantuk sami, laj■ng angrasuk busana,

Nyai Juru kagyat manahnya tan sipi, dene ingkang raka, angrasuk kang sarya putih, nulya aris aturira,

Paran marma Kyai ngag■m sarya putih, pan nulya jinarwan, mimiti malah m■kasi, j■ng Nyai nungk■mi pada,

Kyai Juru M■rtani ngandika aris, Nyai wis m■n■nga, paran geningsun sumingkir, mapan k■na kukum hina,

Nyai Juru p■gat-p■gat aturneki, Kyai pan kawula, p■jah g■sang lumuh kari, Ki Juru aris ngandika,

Yen m■ngkono Nyai ing karsaneki, wus mara dandana, ingsun iki s■lak kari, Nyai Juru nulya dandan,

Mapan sampun manganggo kang sarya putih, m■dal saking wisma, abdine kang uning sami, yun dherek pan sinupatan,

Samya ajrih wus prapta pan■pen nuli, Kyai Ag■ng nulya, mangkat garwa putra ngiring, tan keri Ki Juru ika,

Kyai Ag■ng lampahnya amurang margi, mapan nasak-nasak, jrihnya yen konangan jalmi, nusup-nusup lampahira,

Nyai Ag■ng Nyai Juru lan sang Dewi, langkung kaw■las arsa, lampahnya samargi-margi, wastu datan m■dal marga,

Tan winarna lampahnya kang w■las asih, ing s■marga-marga, m■ngkana ing Pajang prapti, j■ng Sultan ingkang winarna,

Mapan nuju amiyos munggeng sitinggil, p■pak pra dipatya, Ki Ag■ng pan sampun prapti, laj■ng sohan Pam■nggahan,

Mapan nglosod tiyang n■n■m tiga estri, kang lanang t■tiga, lawan samya ngangge putih, j■ng Sultan kagyat kalintang,

Dangu-dangu tan pandu kang raka iki, lamun Ki Juru ika, katiga Raden Ng■behi, langkung g■t■r tyas nalendra,

Nulya gandhek kinen nimbali, tan pantara prapta, ing ngrasanira sang aji, sang nata aris atanya,

Paran karsa Ki raka wont■n punapi, dene karya gita, m■nganggo kaya wong mati, lawan padha ririmbitan,

Payo kakang mal■bu marang jro puri, sira s■somahan, nora patut aneng jawi, si Manca lan B■nawa,

Iku bae meluwa manjing jro puri, kabeh wus bubara, sang nata luwar tinangkil, sampun l■nggah neng pendhapa,

Kyai Ag■ng Nyai Ag■ng atut wuri, Ki Juru punika, tan kari lawan kang Nyai, den Ng■behi pan k■lawan,

Sang Dyah R■tna Dumilah ingkang tut wuri, Adipati Manca, kalawan Pangran B■nawi, wus tata denira l■nggah,

Sri Nalendra mapan angandika aris, kakang ana apa, Ki Ag■ng aris aturnya, \[..........................]

Ngaturak■n tiwas kawula pribadi, pan kagungan nata, taman sampun risak y■kti, pun Ng■behi ingkang ngrisak,

Mapan mangke sumangga karsa sang aji, punika s■daya, p■jah sampun katrap sami, tumitah lan ukum Olah,

Sri Nalendra mes■m angandika aris, kang tan ora-ora, iku kakang sira pikir, dhasar b■n■r anakira,

Pan wus mangsa saiya si J■beng Ngabehi, dhingin iku iya, ingsun ambil putra y■kti, d■lasan ing m■ngko iya,

Mapan m■ksih si Ngabehi putra mami, kaliwat diwasa, ingsun durung awoh rabi, wus p■sthi karsaning Sukma,

Lamun iku jodhone J■beng Ng■behi, lah ta mara Manca, pangulu undang■n aglis, ingsun inggah■ne pisan,

Ki pangulu tinimbalan nulya prapti, lan sak■tibira, sang nata ngandika aris, pangulu sira ningkahna,

Putraningsun iya si J■beng Ng■behi, lan R■tna Dumilah, sandika pangulu nuli, den Ng■behi sampun ningkah,

Sri Nalendra nulya angandika aris, mring Dipati Manca, lah iya Mancan■gari, sira saosa wahana,

Den sam■kta lan kang ngiringak■n iki, maring ing M■ntaram, ulihe si kakang iki, tur s■mbah Dipati Manca,

Nulya m■dal Dipati Mancan■gari, sampun tata-tata, wahana lawan kang ngiring, wus katur marang nalendra,

Mapan sampun sum■kta niskaraneki, Ki Ag■ng punika, mapan sampun pinisalin, lan putra sagarwanira,

At■napi Kyai Juru Am■rtani, lawan garwanira, sang nata ngandika aris, wus kakang sira muliha,

Ingsun duga kakang ing sapungkurneki, iya wong M■ntaram, padha susah ingkang ati, marma deninggal muliha,

Tur sandika nulya s■salaman sami, den Ngabehi nulya, ngab■kti mring sang Bupati, t■napi R■tna Dumilah,

Sampun lengser nulya m■dal saking puri, wus nitih wahana, mapan rerembetan sami, k■smaran ingkang tumingal.

Error: Generation stopped (2), couldn't retrieve text.

■n■ng■na ing M■ntaram

yata g■ntya ingkang winarneng tulis

ing Pajang ingkang cinatur

Kangj■ng Sultan pan lagya siniwaka p■pak wadya agung-agung

ingkang tansah munggeng ngarsa
Dipati Mancan■gari
Pangran Dipati B■nawa
mapan jajar lawan Dipati Tubin
Dipati D■mak puniku
samya mantu Nalendra
Kangj■ng Sultan pangandikanira arum
eh ta paran karsanira
Dipati Mancan■gari
Putrengulun Senapatya
pan wus lawas dene tan ana prapti
Dipati Manca umatur
rumiyin atur kula
mapan wont■n s■mados ing tigang taun
punika dugi kawula
dereng dugi kang pr■jangji
Sri Nalendra angandika
kaya paran kang■ningsun k■pati
s■dhela ar■p kat■mu
apa ta nora k■na
tinimbalan Sang Dipati ris umatur
kawula mapan sumangga
ing karsa Sri Narapati
Sapa baya kang prayoga
animbali mring putrengulun M■ntawis
Dipati Manca umatur
kawula pan sumangga
ingkang karsa kilap punapa pukulun
Sang Nata aris ngandika
iya Si Dipati Tubin
K■lawan Dipati D■mak
Kangj■ng Pangran B■nawa ris turneki
yen kenging amba umatur
kados sang■t kagetnya
dugi kula tan prayogi dadosipun
pun adhi Dipati D■mak
lawan pun adhi ing Tubin
Yen par■ng karsa Nalendra
pan pun adhi ingkang salah satunggil
kinanthena mring pukulun
kawula kang lumampah
yata mes■m Sri Nalendra ngandikarum
kalingane si B■nawa

kuwatir sadulurneki
Ya j■beng sunturut sira
sunkantheni lawan Dipati Tubin
kalihan samya turipun
inggih nuhun sandika
nulya luwar Sang Nata manjing k■dhatun
wus bubar sagung kang seba
Pangran B■nawa winarni
Lawan Sang Dipati Tuban
laj■ng budhal mangkat dhat■ng M■ntawis
langkung asri balanipun
■n■ngna kang lumampah
ing M■ntaram Senapati kang winuwus
lawan Kyai Mandaraka
mapan wus miarsa warti
Lamun Pangran Dipatya
kang ingutus lawan Dipati Tubin
Ki Mandaraka amuwus
eh j■beng paran karsa
arenira Pangran B■nawa ingutus
kalawan Dipati Tuban
apa nora mapag iki
Pan ingsun n■rah kewala
Senapati Ngalaga ngandikaris
Paman bot■n m■thuk ulun
wont■n ngriki kewala
ngalun-alun Ki Mandaraka lon muwus
ya j■beng sakarsanira
mapan wus prayoga iki
Kawarna kang lumampah
Kangj■ng Pangran B■nawa sawadyeki
lan Dipati Tuban iku
ngalun-alun wus prapta
pan wus cundhuk Senapati M■ntarum
lan Kiyai Mandaraka
t■napi Dipati Tubin
Pan wus samya tata l■nggah
lawan sampun anjawat asta sami
Dipati Tuban tyasipun
mapan sampun uninga
Senapati yen wus ewah patrapipun
nanging Pangeran B■nawa

tan ewah karsanereki
L■nggah aneng tratag rambat
munggeng kursi kang wadya dher ng■b■ki
wong Tuban lamun dinulu
ngajrihi sasolahnya
anom-anom pan samya kaduk purun
mangkana Rahaden Rangga
l■nggah neng ngandhaping kursi
Sang Senapati riwusnya
bujakrama dhumat■ng tamuneki
tan kirang w■radin sampun
Pangran B■nawa n■bda
Kakang Senapati kawula ingutus
dhumat■ng J■ng Sultan Pajang
Paduka dipuntimbali
J■ng Rama kang■n kalintang
Senapati sandika aturneki
nging adhi andika matur
kirang k■dhik punika
nuhun inah benjing punika yen sampun
m■ngkana Dipati Tuban
pan wus kaduga tyasneki
Nanging ingin■b jro nala
pan sinamur gumuj■ng sarya ngling
kakang Senapati sampun
Paduka dados manah
pan kawula ayun atanya satuhu
ing M■ntawis gih punika
punapa wont■n jalmi
Kang langkung samining jalma
prawiranya mring t■guh ingkang kulit
mes■m Senapati muwus
adhi langkung dupara
ing M■ntawis gih adhi tiyang desa tus
kajawi macul kewala
kalawan anuntun sapi
Gumuj■ng Dipati Tuban
sarya latah lawan amatur aris
ing Tuban kakang pan agung
tiyang ingkang prawira
nging kang punjul pan naming tiyang w■wolu
sapunika kula b■kta
bilih sampeyan yun uning

Lan dipundam■l tingalan
ing l■nggahan amrih sampun as■pi
mes■m Senapati muwus
adhi langkung prayoga
bok suwawi adhi pun kakang yun w■ruh
nulya Sang Dipati Tuban
kajin■man dentimbali
Mapan wolu kathahira
kang s■kawan ngag■m p■dhang lan tamsir
s■kawan angag■m lawung
nulya Dipati Tuban
aparentah mundhut g■ndhing Kalaganjur
tan pantara gya tin■mbang
langkung jalma kang ningali
Sang Dipatya angandika
lah ta mara padha denkapar■ng ngarsi
kajin■man sampun maju
Sang Dipatya ngandika
wus ta mara b■ksaa sira wong wolu
denkayaa date ika
poma aja ngungkak ati
Ing M■ntaram pan tan ana
ingkang bisa b■ksa lir sira sami
nulya n■mbah nyandhak lawung
ana nyandhak kang p■dhang
Kalaganjur tinitir k■langkung umyung
kajin■man wolu pisan
kang manah g■mbira sami
Laj■ng m■ntarak■n samya
wolu pisan ing kaprawiraneki
kang s■kawan b■ksa lawung
b■ksa tameng s■kawan
ingkang lawung kinarya onclang pan muluk
ingkang tameng pan m■ngkana
tinadhahan jaja sami
Sampunnya laj■ng tumandang
ingkang lawung g■nti larih-linarih
tan ana kuciwanipun
kang tameng pan m■ngkana
pan binuwang kang tameng s■kawanipun
ag■nti p■dhang-pin■dhang
tan ana kang nguciwani

Raden Rangga d■dangunya
aningali langkung panas tyasneki
sring nguthik sampeyanipun
kang rama Senapatya
nanging asring pinanth■l■ngan puniku
kend■l sak■dhap kewala
dangunya mangkono ugi
Dipati Tuban tumingal
yen kang putra asring authak-uthik
nulya angandika arum
tanya dhat■ng kang raka
yun punapa kangmas pun thole puniku
Sang Senapati ngandika
lare jawal tan prayogi
Gumuj■ng Dipati Tuban
bok kaj■nge kakangmas Senapati
pun thole tumut sinau
dr■rapon gar tyasira
mungpung wont■n kang mulang l■r■s puniku
wus thole mara meluwa
Den Rangga datan ningali
Matur malih Sang Dipatya
mring kang raka bok sampeyan lilani
ngangkah punapa puniku
kaj■nge dipunwulang
Senapati angandika arum
wus thole mara meluwa
jaluk wuruk anak mami
Dipati Tuban ngandika
mapan sarya gumuj■ng suka n■nggih
marang kajin■manipun
eh ya bocah ing Tuban
putraningsun k■pengin b■ksa yun melu
lah poma wuruk■n padha
sandika samyaturneki
M■ngkana Rahaden Rangga
mundhut ag■m lawungira wus prapti
lawan ingkang tameng iku
gotong wolu lawungnya
ingkang tameng pan gotong s■kawan iku
kang kinarya mapan waja
lawung kayu nagasari
Sagunge wadya ing Pajang

lan ing Tuban samya j■ng■r ningali
Sang Dipatya sar■ng dulu
kang tyas langkung bramatya
dadya lings■m kathah kaduk ingkang wuwus
mes■m Pangeran B■nawa
Den Rangga ingkang winarni
Pan mundhut g■ndhing Katawang
laj■ng b■ksa nyandhak lawungneki
rinangk■p lan tamengipun
surak wadya M■ntaram
ingkang lawung kinarya onclang pan muluk
pan naming kantun sam■rang
dhawah tinadhahan w■ntis
Tamengnya nulya binuwang
mapan muluk nging sakupu kaeksi
dhawah tinadhahan sampun
ing jaja Raden Rangga
mapan kontal kang tameng waja amurub
j■ngr■ ingkang kajin■man
wolu mit■ngg■ng■n sami
Bramatya Dipati Tuban
kang jin■man wolu wus denk■jepi
pan sar■ng n■rajang sampun
anumbak lan am■dhang
Raden Rangga eca b■ksa onclang lawung
sapolahnya kang jin■man
Raden Rangga tan m■rduli
Wong M■ntaram surakira
bal-ambalan wong Tuban lit tyasneki
Sang Dipatya aris muwus
mara kulup mal■sa
didimekna rame kang padha andulu
Raden Rangga eca b■ksa
mapan datan aningali
Nulya Adipati Tuban
ris turira dhat■ng Sang Senapati
pangandikanira arum
pun thole Paduka atag
amal■sa marang wong Tubin puniku
wus kulup mara mal■sa
bramatya Den Rangga nuli
Ingkang kalih kajin■man

dendu kumba p■cah ■ndhasnya sami
kalih kinarya puniku
onclang r■mpu ■ndhasnya
kang s■kawan punika mati sinikut
m■cah balung dhadhanira
langkung merang Sang Dipati
Anulya nitih turangga
datan pamit marang Sang Senapati
kang kuda sinab■t mamprung
tan mawi nolih bala
wadyanira k■kecer turut d■langgung
antukira marang Pajang
Pangran B■nawa winarni
T■dhak saking kursi nulya
ingkang putra cinandhak denarasi
mendah wus atuwa besuk
Raden nulya bin■kta
l■nggah kursi mapan sarwi dipunpangku
marang Pangeran B■nawa
riwusnya t■dhak tumuli
Wus sowan ngandhap Den Rangga
Kangj■ng Pangran B■nawa aturneki
sampun kakang kula mantuk
nanging sapungkur kula
bokm■nawa J■ng Sultan dhahar turipun
inggih pun Dipati Tuban
marma denangati-ati
Mapan sampun jawat asta
atanapi lan Ki Mandaraki
J■ng Pangran pan sampun mundur
sing ngarsane Senapatya
g■gancangan Kangj■ng Pangran lampahipun
kalawan sawadyanira
nusul mring Dipati Tubin
Datan winarna ing marga
sampun prapta ing Pajang lampahneki
nging untap-untapan iku
lawan Dipati Tuban
kawarnaa J■ng Sultan Pajang pan nuju
lagya miyos siniwaka
m■pak sagung ingkang nangkil
M■ngkana Pangran B■nawa
laj■ng sowan lawan Dipati Tubin

prapta ngarsanya Sang Prabu
Nata aris atanya
paran warta B■nawa sira sunutus
umatur Pangran B■nawa
Pukulun amba tinuding
Lumampah dhat■ng M■ntaram
sampun prapta panggih lan Senapati
pun kakang n■nggih turipun
tinimbalan sandika
nanging wont■n pun kakang s■madosipun
nging kirang k■dhik punika
mapan tangg■l aturneki
Sang Nata malih atanya
apa nora owah sapatrapneki
Pangran B■nawa umatur
bot■n Nata ngandika
eh sun duga sireku geseh satuhu
iya lawan Dipati Tuban
pratandha lakunireki
Paran ta Dipati Tuban
matur n■mbah sira Dipati Tubin
Pukulun mila saestu
balik pun Senapatya
mapan dora saatur-aturipun
putranta Pangran B■nawa
mapan k■dah angalingi
Umatur Pangran B■nawa
amiwiti malah t■ka m■kasi
Sang Nata pan esmu b■ndu
dhat■ng Dipati Tuban
dene karya lings■m ing t■mahanipun
nulya luwar Sri Nalendra
wus bubar sagung kang nangkil
Kawarnaa ing M■ntaram
Raden Rangga am■ng-am■nganeki
sela ancik-ancik wulu
kang eyang Mandaraka
cinoblosan ing dariji kang p■nuduh
samya bolong l■bur ika
Ki Mandaraka winarni
Mapan arsa salat ika
luhur l■bur kang sela ancik-ancik

binolong driji panuduh
lawan l■nggah Den Rangga
Kyai Mandaraka aris wuwus
nora kaya sira Rangga
tan mari b■surireki
Mapan atos watu iya
sira bolong lawan darijineki
karya cotho salat iku
pan ■mpuk darijinya
pasthineki mapan atos watu iku
nulya w■tah ponang sela
sampun mantuk atos malih
Datan pasah d■rijinya
Raden Rangga malah k■raos sakit
Den Rangga dadya mal■ruk
mring kang yang Mandaraka
pan gumuj■ng Ki Mandaraka ling arum
mara maning tutug■na
Raden Rangga kesah nuli
Kondur dhat■ng k■dhatonnya
am■ng-am■ng neng sangandhaping wringin
tumpang sarya cantheng watu
sag■nuk-g■nuk g■ngnya
ingkang rama Sang Senapati wus rawuh
murugi dhat■ng kang putra
l■nggah sela gilang iki
Ingkang putra tinimbalan
sampun prapta Senapati ngandikaris
rosa t■m■n sira kulup
yen sira nyata rosa
mara iki putung■n d■rijiningsun
Rahaden Rangga tumulya
nyandhak asta Senapati
Dr■riji panuduhira
ngraos g■rah sira Sang Senapati
cinuthatk■n putranipun
dhawah sajawen bata
nyolong nulya Raden Rangga mapan laju
tirakat ing karsanira
kang ngiring ing ■mban siji
Mapan dhumat■ng pancingan
Kyai ■mban datan eca tyasneki
sampun prapta ing Talsewu

kawarna wont■n sarpa
naga ag■ng mapan langkung galakipun
Ki ■mban sang■t aturnya
gendholi lawan anangis
Ngaturi wangsul Rahadyan
nanging m■ksa sang sarpa denayoni
Ki ■mban binucal sampun
kontal t■bih tibanya
Raden Rangga anulya n■rajang purun
sang s■rpa sampun uninga
ngad■g ngakak sisik malik
Mapan samya purunira
nulya campuh saking ramening jurit
tan ana kuciwanipun
m■ngkana Raden Rangga
wus pinul■t tan katingal mapan sampun
Ki ■mban sang■t karuna
saking t■bih j■lih-j■lih
Dhuh Gusti tuwan mal■sa
tan pantara Raden Rangga nulyaglis
kang s■rpa winal■s sampun
denbithi sirahira
p■cah laj■ng p■jah kang naga sampun
Ki ■mban nulya lumajar
gustinira densungk■mi
Ngaturan kondur tumulya
Kyai ■mban lawan sang■t anangis
Raden Rangga sampun nurut
kondur dhat■ng M■ntaram
sampun panggih Den Rangga lawan kang ibu
J■ng Ratu ngrangkul nulya
ingkang putra denarasi
Ngandika sarwi karuna
adhuh Gusti wus saja lunga maning
Den Rangga mes■m n■bdarum
ya wus sun ibu nora
pan wus lama m■ngkana kang cinatur
Raden Rangga nandhang g■rah
mapan wus karsaning Widi
Langkung sang■t g■rahira
ingkang rama lan kang ibu n■nggani
sagung usada puniku

wus tan amulyak■na
ingkang ibu kalih mapan samya muhun
m■ngkana Sang Senapatya
lawan ki Mandarakeki
Sak■langkung susahira
tan pantara gara-gara dhat■ngi
m■ngkana J■ng Ratu Kidul
wus uning yen kang raka
Senapati langkung s■k■l ing tyasipun
Kangj■ng Ratu tulya prapta
mes■m lon umatur aris
Sampun Paduka sungkawa
ing say■kti putra Paduka ugi
sampun karsaning Yyang Agung
s■mant■n ingkang yuswa
yen nga-ntosa panjang punika satuhu
pant■s lan wijining Jawa
datan nurunak■n malih
Punika pan datan panjang
turunipun mindhak ngew■d-ew■di
Sang Senapati pan sampun
narima aturira
Ratu Kidul Raden Rangga g■rahipun
mapan sampun laj■ng seda
susah sagung wong M■ntawis
■n■ngna ingkang samya
nandhang susah sagung wadya M■ntawis
yata g■ntya kang cinatur
ing Pajang kang winarna
Ki Tum■nggung Mayang pan darbe sunu
jalu bagus ingkang warna
Raden Pabelan nameki
Tum■nggung Mayang punika
ingkang ipe lawan J■ng Senapati
patutan satunggal iku
nama Raden Pabelan
dadya kondhang ing Pajang tan ana iku
ingkang mindha warnanira
bagus dhasar jungkarangin
M■ngkana kang cinarita
anglanangi aneng Pajang n■gari
Sang Nata ingkang winuwus
darbe putra wanodya

kang waruju warnanira luwih ayu
pinaraban ming kang rama
Dyah Ayu R■tna Kumuning
Mapan ta dereng akrama
cinarita sampun diwasa iki
s■mana sampun kat■mu
lawan Raden Pabelan
sab■n dalu tan konangan l■b■tipun
m■ngkana ing lama-lama
konangan cin■p■ng nuli
Neng kaputren pin■jahan
ingkang rama Tum■nggung Mayang nuli
karsanira Sang Aprabu
lawan kang ibu ika
wus cin■p■ng binucal mring J■pareku
mapan sewu wong ing Pajang
prajurit ingkang angiring
M■ngkana Raden Ayu Mayang
kintun surat wau dhat■ng M■ntawis
mring Senapati wus katur
laj■ng sinukmeng nala
mapan nuju sineba wadya M■ntarum
Ki Mandaraka neng ngersa
sar■ng sampun maos tulis
Bramatya Sang Senapatya
jaja abang anglir m■dal g■ni
kang surat pan laj■ng sinung
mring Kyai Mandaraka
wus kaduga suraosing suratipun
angling Kyai Mandaraka
wus j■beng karsanireki
Iki nyata ramanira
kang miwiti nulya Sang Senapati
ngandika dhumat■ng sagung
kang mantri pamaj■gan
sanakingsun sapisan jaluk karyamu
r■but■n Tum■nggung Mayang
kalawan nak rabineki
Binuwang marang J■para
lah c■gat■n m■tuwa K■dhu iki
sandika samya turipun
kang mantri pamaj■gan

kawandasa wus lengser saking ngarsanipun
mapan samya kakapalan
sadaya tan n■dya urip
Nging sihe Sang Senapatya
kang katingal s■daya amb■g pati
sasand■ran lampahipun
prapta ing Salatiga
samya aso makani turangganipun
sampun aso nulya mangkat
kap■thuk ing Bayalali
Nulya mantri kawandasa
r■mbag ngamuk sar■ng samya b■k pati
golong r■mp■g tandangipun
kagyat prajurit Pajang
laj■ng kuwur s■daya p■nyananipun
tin■rka Rahaden Rangga
ingkang ny■gat wont■n margi
Laj■ng geger l■ng-ul■ngan
pan s■daya sampun miarsa warti
yen Raden Rangga puniku
langkung t■guh lan rosa
nulya ana guml■g■r swaraning gunung
sangsaya laj■ng wurohan
tunjang-tinunjang pan sami
Kathah kang sami ked■kan
bubar larut siji tan ana kari
Tum■nggung Mayang pan sampun
kar■but lan kang garwa
wong ing Pajang p■layune mungkur w■dhus
sangu lawan kang g■gaman
kuda samya dentilari
Lumayu pating sal■bar
r■but urip saparan-paraneki
an■ngna ingkang lumayu
kawarnaa wong M■ntaram
pan k■langkung tyasira marwata sunu
kalawan Tum■nggung Mayang
lan sagarwa putraneki
Wus dhinerekak■n nulya
mring M■ntaram datan winarna margi
M■ntaram pan sampun rawuh
cundhuk lan Sang Senapatya
Ki Tum■nggung mapan laj■ng ngrangkul suku

kalangkung panangisira
lir wong mati urip maning
Tanapi garwa putranya
pan s■daya m■ngkana tyasireki
pan laj■ng ngab■kti sampun
mring Kyai Mandaraka
■n■ngna M■ntaram g■ntya winuwus
wadya Pajang kang lumaywa
pan sampun angl■mpak malih
Laj■ng samya pir■mbagan
yun atur uninga mring Pajang nagri
lamun tiwasing ingutus
wus r■mbag nulya mangkat
tan winarna marga Pajang prapta sampun
pan laj■ng atur uninga
mring Raden Mancan■gari
Wus katur sasolahira
langkung ngungun Raden Mancan■gari
laj■ng sohan mring Sang Prabu
prapta ngarsa Nalendra
tur uninga yen tiwas abdi Pukulun
bucal pun Tum■nggung Mayang
ar■bat neng Bayalali
Langkung kagyat Sri Nalendra
sru ngandika eh iya Mancan■gari
wong pira ingkang ang■rbut
matur Mancan■gara
aturipun aming tiyang patang puluh
ingkang dados pangiridnya
putranipun Senapati
Kang w■sta Rahaden Rangga
m■ksih alit langkung digdayaneki
wadyanta risak k■langkung
mapan kathah kang p■jah
sar■ng mirsa Sang Nata k■langkung b■ndu
nulya asru angandika
eh iya Mancan■gari
Wus tita mapan tan k■na
yen deneman Senapati M■ntawis
sapa kang prayoga iku
nglurug marang M■ntaram
Adipati Mancan■gara umatur

didal■m kanca s■daya
sagung ingkang pra dipati
Inggih kados bot■n nyangga
yen tinandhing lawan pun Senapati
nadyan kalih putranipun
kewala bot■n nyangga
dugi kula mindha sulung l■bu awu
Sri Nalendra angandika
paran ta prayoganeki
Sang Dipatya aturira
pan kawula tan d■rbe atur malih
sumangga karsa Pukulun
mapan dherek kewala
p■jah g■sang nglampahi karsa Prabu
Sri Nalendra angandika
eh iya Mancan■gari
Ingkang dadi karsaningwang
ingsun dhewe m■ngko ingkang nindaki
k■riga wong Pajang iku
aja na kang kari padha
Sang Dipati Manca sandika turipun
wus lengser saking ing ngarsa
an■mbang t■ngara jurit
K■ndhang gong maguru gangsa
ingkang t■t■g kaya butula iki
wong Pajang kagyat s■darum
dadya wus sami mirsa
yen Sang Nata badhe t■dhak mring M■ntarum
anglurugi Senapatya
nulya pradandanan sami
Sagung kang pra dipatya
sawadyanya sampun sam■kteng jurit
t■napi kang pra tum■nggung
mantri d■mang lan rangga
pan d■l■gan Kandhuruwan Arya iku
ngabei kalawan bapa
t■napi sagung prajurit
B■labar tanpa wilangan
nulya miyos Kangj■ng Sri Narapati
l■nggah aneng Siti Luhur
ingkang munggeng ing ngarsa
Adipati Mancan■gara puniku
kalawan Pangran B■nawa

tanapi Dipati Tubin
Jajar lan Dipati D■mak
ing Palembang B■tawi Mandureki
C■rbon Sum■dhang iku
K■rawang Surabaya
B■lambangan K■dhiri Jiparanipun
Bant■n lawan Panaraga
s■daya wus munggeng ngarsi
Sri Nalendra angandika
eh ta poma iya Mancan■gari
lan sagung pra dipatya
kabeh ta parentaha
yen wis padha t■ka ing Prambanan iku
aja na kang nyabrang ika
mring sakulon Ompak iki
Lah padha sira antiya
ing w■tune iya si Senapati
sokur lamun g■l■m t■luk
s■daya tur sandika
wus ta mara sapa kang dadi p■ngayun
wus mara padha mangkata
nulya kang t■ngara muni
K■langkung saking wurohan
tampingan wadya ing Pajang iki
wus budhal ingkang p■ngayun
m■ngkana Kangj■ng Sultan
sampun nitih dirada langkung g■ng luhur
Pangran Dipati B■nawa
t■napi Mancan■gari
Tan t■bih lawan J■ng Sultan
sampun budhal saking Pajang n■gari
lampahnya mapan k■langkung
r■ndh■t samarga-marga
saking dene j■j■le wadyeku
■n■ngna kang lumampah
kawarnaa ing M■ntawis
Sang Senapati Ngalaga
mapan lagya cinoba wong M■ntawis
ingkang aneng ngarsanipun
kang paman Mandaraka
lawan mantri maj■gan kang patangpuluh
samya sowan munggeng ngarsa

t■napi Ki Adipati
Ki Mandaraka ngandika
paran karsa eh j■beng Senapati
Sultan Pajang ayun rawuh
anglurugi mring sira
k■rig kabeh wong Pajang tan ana kantun
iya apa karsanira
Sang Senapati n■bdaris
Gih Paman sakangsal-angsal
pan kawula arsa m■thuk ngajurit
aneng Prambanan puniku
angling Ki Mandaraka
yen m■ngkono j■beng karsanireku
angur payo nuli mangkat
r■but papaning ngajurit
Nulya samya pradandanan
wong M■ntaram lan mantri kawan desi
Tum■nggung Mayang tan kantun
kin■rig wong M■ntaram
saanane sum■kta gagamanipun
Sang Senapati Ngalaga
lawan Ki Mandarakeki
Sawusira abusana
nulya budhal Sang Senapati M■ntawis
langkung asri yen dinulu
kang dadya cucuk yuda
pamaj■gan apan mantri patang puluh
ingkang dadya pangiridnya
Ki Tum■nggung Mayang iki
Datan winarna ing marga
lampahira wus prapta Randhugunting
tata m■sanggrahan sampun
Senapati Ngalaga
kawarnaa Sultan Pajang sampun rawuh
mapan aneng ing Borongan
tata m■sanggrahan sami
Sagung kang pra dipatya
cucuking prang neng P■rambanan baris
b■leber lir samodragung
mapan sampun tinata
kang p■ngawak kanan kering dhadhanipun
ngantos dumugi sukunya
baris ing ngardi M■rapi

M■ngkana J■ng Sultan Pajang
mapan sampun ingaturan udani
yen Senapati M■ntarum
mangkya wus mapak yuda
Randhugunting an■nggih barisanipun
m■ngkana J■ng Sultan Pajang
langkung ngungun ing tyasneki
N■ngna kang ngaj■ng-aj■ngan
Sultan Pajang lawan Sang Senapati
kawarna J■ng Ratu Kidul
mapan sampun uninga
yen kang raka Sang Senapati M■ntarum
mangkya sampun j■ng-aj■ngan
baris aneng Randhugunting
Soltan Pajang neng Borongan
cucuking prang Pr■rambanan
m■ngkana J■ng Ratu Kidul
nimbali sagung pra nata
ratuning jim ing tanah Jawa s■darum
mapan sampun samya prapta
dene kang dados pangirid
Sunan Lawu warga pura
sagung ratuning jim kang priya sami
J■ng Ratu Nawang R■tneku
ngirid ratu jim samya
kang wanodya sampun prapta ngarsanipun
J■ng Ratu Kidul s■daya
nulya ngandika aris
Eh j■beng Lawu ta sira
t■tulunga sakancanira iki
ingkang jim priya s■darum
marang Sang Senapatya
Nawangr■tna ngadh■pa bae mringsun
iya lan sakancanira
mapan sun ayun udani
Mapan wus karsaning Sukma
j■beng Lawu ngangkata prang lir jalmi
ngijenana kang pra ratu
lawan punggawa Pajang
sira dhewe j■beng ingkang ingsun tuduh
tandhinga lan Sultan Pajang
nanging poma w■kasmami

Aja na mateni jalma
nanging padha gigilan■n ku sami
d■rapon nungkula iku
marang Sang Senapatya
lawan aja andhingini p■rang iku
poma j■beng gugur sira
wus padha mangkata nuli
Sunan Lawu tur sandika
n■mbah lengser sagung kang pra narpati
kawarna J■ng Ratu Kidul
panggih lan Senapatya
ris turira ing benjang kalamun pupuh
abdi Paduka M■ntaram
ningalana ingkang t■bih
M■nawi k■saru ing prang
yata mes■m Kangj■ng Senapti
J■ng Ratu nulya sinambut
pinangku lan kinuswa
Senapatya angandika manis arum
dhuh Dewa Gusti B■ndara
mirah int■n kumaladi
Pupujan r■tnaning swarga
kang minangka jimat Sang Senapati
kados pundi t■ng■ripun
yen bala jim tumandang
Kangj■ng Ratu mes■m sarta ngandikarum
yen ardi mung■l punika
sagunging wadya M■ntawis
Enggal samya mirea
ningalana inggih saking kang t■bih
Sang Senapati n■bdarum
kula kados punapa
lamun c■lak lawan ing ngarsa J■ng Ratu
Kangj■ng Ratu nampel asta
lawan mes■m ngandikaris
Nyany■ngite iku iya
kangsi lara tan ana ant■ngneki
margane kalamun ingsun
g■l■ma k■r■p prapta
yen Paduka mapan inggih sint■n purun
sakarsa-karsa pan dadya
mes■m Kangj■ng Senapati
J■ng Ratu nulya musna

saking pangkon j■ntung Sang Senapati
■n■ngna g■ntya winuwus
Sultan Pajang pan lagya
siniwaka munggweng t■tarub agung
p■pak kang pra dipatya
J■ng Sultan atanya aris
Paran ta Mancan■gara
ing w■rtane iya si Senapati
apa sida ngangkat pupuh
apa t■luk kewala
Sang Dipatya Mancan■gara turipun
pun Senapati M■ntaram
mapan inggih w■rtineki
K■dah rosa ngangkat aprang
nanging Gusti datan purun miwiti
pan baris p■ndh■m puniku
mapan sabalanira
Randhugunting win■tawis wont■n sewu
prajuritipun M■ntaram
Gusti langkung dene k■dhik
Ngandika malih Sang Nata
yen m■ngkono eh iya Mancan■gari
dadi wus tita satuhu
Senapati M■ntaram
nora k■na yen denarah b■cik iku
wus ta padha undhang■na
sagung kang para dipati
Padha kon■n magut yuda
tur sandika Raden Mancan■gari
nulya aparentah sampun't■ngaraning ayuda
t■t■k k■ndhang gong beri swarane umyung
mariy■m ambal-ambalan
wus ta tata kang pra dipati
M■ngkana ingkang winarna
Senapati kang baris Randhugunting
lan sawadya ing M■ntarum
kagyat nulya siyaga
wus miarsa yen Sultan ngant■p prang pupuh
Senapati ngandika
mring sagung wadya M■ntawis
Eh sakehe sanakingwang
poma-poma aja obah sireki

lan sira adhi Tum■nggung
Mayang anindhihana
aja kongsi obah poma kabeh iku
mapan ingsun ayun lunga
sadhela ar■p udani
Lan si paman Mandaraka
pan sandika samya aturireki
Sang Senapati pan sampun
lawan Ki Mandaraka
nitih kuda cinam■thi kuda mamprung
sak■dhap prapta Cagur wana
mapan Kangj■ng Senapati
Nanuwun dhat■ng Yang Sukma
tan pantara jum■gur kang wiyati
kang gunung munya guml■dhug
obah kang bumi prak■mpa
Sunan Lawu nulya angabani gupuh
sagung pra ratu samya
s■daya wus malih warni
Mapan amrih katingala
Sunan Lawu malih sela saardi
pan ana salumbung-lumbung
w■radin samaesa
jim tum■nggung ag■ngnya sag■nuk-g■nuk
datan pantara keb■kan
l■p■n Ompak sakaleki
J■ng Ratu Kidul winarna
neng ngawiyat nitih malige rukmi
pan anglir surya tumurun
lan Ratu Nawangr■tna
ratuning jim wanodya p■pak s■darum
mapan neng malige samya
jim alit wus kinen sami
Asurak mapan s■daya
dadya g■t■r pat■r ingkang pratiwi
J■ng Sunan Lawu pan sampun
nata kang baris samya
sampun tata J■ng Sultan Pajang winuwus
mapan wus nitih dipangga
wong Pajang pan kuwur sami
M■ngkana kang ponang sela
ingabanan nulya gambira sami
samya minggah dharat sampun

nulya samya n■rajang
pra dipati tin■mpuh watu salumbung
tum■nggung pan samaesa
sag■nuk kang para mantri
J■ng Sultan Pajang anulya
tin■rajang marang sela ardi
sak■langkung gegeripun
sagung wadya ing Pajang
apuy■ngan tambuh rewang tambuh mungsuh
s■daya mapan m■ngkana
wus nyana lamun tan urip
Kathah karenahing jalma
ingkang samya wau ngupados urip
ana ingkang menek kayu
mapan saw■neh ana
ngungsi arga m■ngkana ing ciptanipun
lah mara watu meneka
lawan amunggaha wukir
Kang saw■neh mapan ana
ingkang niba laj■ng pi-api mati
saking sayahnya lumayu
sampun derah kewala
ingkang kathah samya ngungsi wingkingipun
Sang Senapati M■ntaram
kang menek kayu winarni
Pan ana l■l■mbut jawal
ingkang menek samya denpurugi
lawan ngithik-ithik iku
s■daya samya tiba
babak bunyak kathah kongsul balungipun
ingkang minggah dhat■ng arga
s■daya wus denc■gati
G■ndruwo lawan thethekan
ilu-ilu k■blak lan banaspati
wewe w■dhon bugang bau
jrangkong lawan kang sirah
warna-warna sampun baris luhur gunung
andher pan sampun keb■kan
jalma kang samya angungsi
Mapan kathah minggah ngarga
sar■ng prapta laj■ng kal■ng■r sami
kami k■k■l■n andulu

mulat rupa tan rupa
dhasar sayah wus p■dhot amb■kanipun
laj■ng samya sinurakan
kalawan ingithik-ithik
Kawarna Dipati Tuban
sampun kontal saking turangganeki
dhawah ngathang-athang iku
kongsul kalih sukunya
mapan laj■ng sendheyan gal■ngan iku
s■dhak■p kalih astanya
sampun pasrah mring Yang Widi
Kang sela ngadh■p kewala
Kangj■ng Sultan wau ingkang winarni
binujung mring Sunan Lawu
dipangga langkung gila
dadya kontal Sang Nata pan sampun dhawuh
laj■ng tan sag■d lumampah
sendhean kang wit waringin
Kang liman sampun lumajar
Sunan Lawu kend■l pambujungneki
Dipati Manca andulu
lawan Pangran B■nawa
yen Jeng Sultan wus dhawuh saking esthiku
laj■ng samya amb■k p■jah
t■dhak sing turangga kalih
Kangj■ng Sultan sinungk■man
Sang Dipatya lawan Pangran B■nawi
lan sang■t p■nangisipun
rumiyin tur kawula
lah punika adhuh Gusti t■mahanipun
ngand■lak■n sugih bala
m■gat truh tan ana kari

Kawarnaa ingkang lagya kaw■las ayun aneng sangandhap waringin J■ng Sultan Pajang puniku tan ingadh■p bala siji wus bubar sawarnaning wong

Nanging kantun Dipati Manca kang tunggu lawan J■ng Pangran Dipati B■nawa nyungk■mi suku lawan asru dennya nangis Sang Nata ngandika alon

Lah ta uwis j■beng m■n■nga nakingsun mapan wus karsaning Widi nanging ta kakangireku bisaa t■mu lan mami kang■n t■m■n kulup ingong

■n■ng■na ingkang lagya kaw■las ayun kawarna J■ng Senapati saking t■bih wus tan pandung k■lamun kang rama y■kti neng waringin ruboh katong

Sampun t■dhak saking ing turangganipun kalawan Ki Mandarakeki kang kuda samya tinuntun wangsul mring Prambanan malih l■nggahan neng Candhi Sewu

Senapati alon angandika arum Paman sampeyan timbali prajurit s■dayanipun kang samya neng Randhugunting Ki Mandaraka nulyaku

Nitih kuda c■congklangan lampahipun datan pantara wus prapti ing Randhugunting puniku Ki Tum■nggung dendhawuhi ngandikan sira den-gupoh

Lawan kabeh sakancanira puniku sandika nulya lumaris Ki Mandaraka tan kantun datan pantara wus prapti ngarsa Sang Senapatyeku

Andher ngarsa Sang Senapati n■bdarum mring Kyai Mandarakeki Paman punika s■darum prajurit sampeyan irit sowan mring Kangj■ng Sang Katong

Lan kawula ngaturi turangga t■lu sumangga karsa Sang Aji kawula lamun dinangu yun sowan m■ksih ajrih paman sampeyan kimawon

Andherekk■n paman laj■ng konduripun nanging Tum■nggung Mayang iki paman laj■ngipun kantun wont■n kang tut wingking mami bilih dinangu Sang Katong

Pan kawula mapan sampun laj■ng mantuk inggih dhumat■ng M■ntawis lan malih sampeyan kukup bilih wont■n tiyang kari kang bot■- n sag■t lumaku

Sampun paman laj■ng s■salaman iku kur-ungkuran lampahneki kang dherek Senaptyeku pan amung Mayang Dipati kondurira mring M■ntarum

Kyai Mandaraka pan sampun lumaku tiyang sewu ingkang ngiring kalawan sum■ktanipun mapan dharat lampahneki kang kuda sami tinuntun

Sampun prapta lampahe waringin rubuh J■ng Sultan kagyat ningali lamun Mandaraka rawuh pan laj■ng ingawe nuli wus cundhuk lawan Sang Katong

Mandaraka mapan ta laj■ng rinangkul dhumat■ng Sri Narapati lan kum■mb■ng w■spanipun adangu Nata tan angling Ki Mandaraka mangkono

Mapan sang■t nangis ngantos s■nggruk-s■nggruk Dipati Manca pan sami lan Pangeran B■naweku mapan iya samya nangis lir angimpi ing tyasipun

Risampunnya Sang Nata angandika arum marang Ki Mandarakeki ana ng■ndi putreng ulun Ki Senapati M■ntawis Ki Mandaraka turnyalon

Sampun wangsul mantuk dhumat■ng M■ntarum yun sowan sang■t dennyajrih Sang Nata ngandika arum sun iki kang■n k■pati iya marang putraningong

Kyai Mandaraka aris aturipun kawula kinengken abdi pun Senapati M■ntarum angaturi kuda katri sumangga karsa Sang Katong

Pan punika tiyang M■ntawis s■darum ngaturk■n dherekke waji(k) kawula pangiridipun Sang Nata ngandika aris ya kakang tarima ingong

Nanging ingsun yun mampir T■mbayat ngujung wus payo mangkat tumuli sira aja doh lan ingsun si Manca B■nawa iki dadya pangirid ngayun

Nulya mangkat T■mbayat pan sampun rawuh nulya minggah Sri Bupati marang p■sareyan iku nanging wus karsaning Widi kori tan kenging sinorog

Sampun t■dhak Sang Nata pan laj■ng kondur nulya prapta Pajang nuli wong Pajang geger k■langkung tinarka yen Senapati ayun anjarah k■dhaton

Sri Nalendra pan laj■ng manjing k■dhatun Ki Mandaraka tan keri lawan Dipati Manceku Pangran B■nawa tiganing Ki Mandaraka turnyalon

Nuhun pamit dhumat■ng M■ntarum Sang Nata wus anglilani nanging kakang w■kasingsun putrengulun Senapati nuli praptaa ta mangko

Saking dene bang■t t■m■n kang■ningsun nulya tur salam tumuli lawan Dipati Mancaku t■napi Pangran B■nawi pan g■ntya rangkul-rinangkul

Ri sawusnya Ki Mandaraka gya mundur saking ngarsanya Sang Aji prapta jawi mangkat sampun wong M■ntaram sewu ngiring ing marga tan cinatur

Sampun prapta Ki Mandaraka M■ntarum wus panggih Sang Senapati winartakak■n pan sampun ing saw■lingnya Sang Aji t■napi lan niskareku

Dene ngukup sakathahe wong kang lumpuh Senapati an■bdaris gih paman aso rumuhun suwawi paman ing benjing sowan dhumat■ng Sang Katong

Sak■langkung wong M■ntaram ing tyasipun mapan samya alit wukir ■n■ngna ing M■ntarum ing Pajang ingkang winarni r■r■p sagung ponang wong

Datan lama Sang Nata ingkang winuwus laj■ng nandhang g■rah aji lan Dipati Manca iku mapan iya nandhang sakit pan wus karsaning Yyang Manon

Langkung sang■t dennya g■rah Sang Aprabu tan arsa dhahar lan guling nging kang putra ing M■ntarum kang tansah dinangu iki m■ngkana utusan sampun

Kangj■ng Ratu lawan mawi surat iku g■gancangan lampahneki sampun prapta ing M■ntarum wus katur mring Senapati langkung tyasira Sang Anom

Ingkang Paman tinimbalan sampun rawuh mapan laj■ng sinung uning Ki Mandaraka k■langkung tyasira kuwatirneki kang putra ngaturan sampun

Sowan dhat■ng Pajang Sang Senapatiku nulya ngrasuk busana glis sampun nitih kudanipun Ki Mandaraka tan kari sasand■ran lampahipun

Wong M■ntaram miarsa saklangkung gugup prasamya anusul gusti k■kecer ing lampahipun datan winarna ing margi Pajang mapan sampun rawuh

Pan wus p■pak Pajang Dipatya gung-agung mapan makajangan sami s■daya neng ngalun-alun Sunan Kudus sampun prapti lan kang prawira s■darum

Senapatya M■ntaram sampun rawuh Pangran B■nawa anuli kang raka ngaturan laju mal■b■t k■dhaton nuli wus cundhuk lawan Sang Katong

Sri Nalendra mapan sampun katuran w■ruh punika putranta prapti Sang Senapati M■ntarum nulya wungu Sri Bupati kang putra laj■ng rinangkul

Mapan samya karuna Kangj■ng Sang Prabu sinundhang mring Senapati pan samya karunanipun dadya wong sadal■m puri tumut karuna s■darum

Sawusira Sang Nata ngandika arum eh ya j■beng Senapati estokna w■kasingsun lamun prapta jangji mami gawan■n marang M■ntarum

Tunggal■na k■lawan si kakang ingsun lan titip arinireki si B■nawa kulup bocah bodhone k■pati Senapati tan umatur

Saking sang■t lir rin■m■t kang j■jantung mangkana Sang Senapati kathah k■raos tyasipun riwus t■las w■lingneki Sang Nata pan laj■ng surut

Tan s■laya lan Dipati Manceku pan sar■ng sadina iki wong Pajang k■langkung kuwur wurohan swaraning tangis m■ngkana J■ng Sunan Kudus

Kang kinarsakak■n jum■n■ng puniku aneng ing Pajang n■gari dhumat■ng Suhunan Kudus Dipati D■mak puniki mupakat pra dipatiku

Senapati M■ntaram pan tan tinantun langkung runtik ing tyasneki Ki Mandaraka n■bdeku j■beng aja salah kardi mapan dudu gawe iku

Lawan arinira durung jaluk tulung angur payo padha mulih dherek layone Sang Prabu lawan layone si adhi Senapati sampun nurut

Nulya budhal Sang Senapati M■ntarum dherekk■n layon N■rpati lawan Dipati Manceku inggih samya neng M■ntawis ■n■ngna Pajang winuwus

Kangj■ng Pangran B■nawa ing karsanipun J■ng Sunan Kudus puniki pinaring ing Jipang iku mapan yun suwala ajrih laj■ng kinen mangkat gupuh

Pra dipatya s■daya ingkang tinuduh andherekk■n lampahneki mring Jipang Pangran puniku datan winarna ing margi Jipang mapan sampun rawuh

Nulya pamit s■daya pan sami mantuk J■ng Pangran sampun nglilani ing Pajang ingkang winuwus Dipati ing D■mak iki wus t■t■p jum■n■ng katong

Sultan Pajang an■nggih jujulukipun Sunan Kudus kondur nuli ■n■ngna sadina-dinanipun Kangj■ng Pangran kang winarni langkung wirang ing tyas mangko

Supe nendra lawan dhahar wirang k■langkung sang■t n■nuhun Yang Widi sak■langkung kawlas ayun mapan nora bukti-bukti yen tan ana kleyang runtoh

Kang salira rusak kang cahya anglayung m■ngkana ing lami-lami wont■n wangsite Yyang Agung eh B■nawa sira iki yen ayun umad■g katong

Anjaluka tulung marang ing M■ntarum tan ana yoganing maning kang dadi s■rananipun liyane Sang Senapati nging iku karsaning Yang Manon

Nulya kagyat Pangran B■nawa puniku mapan laj■ng karya tulis sampun aputusan iku tur surat dhat■ng M■ntawis g■gancangan kang ingutus

Nulya katur kang surat winaca sampun m■ngkana ung■ling tulis yen kawula nyuwun tulung dhat■ng kangmas Senapati wus katur sasolahipun

Kangj■ng Senapati esmu arawat luh emut kang w■ling suwargi ingkang surat laj■ng sinung mring Kyai Mandarakeki Sang Senapati n■bdalon

Kados pundi Paman ing prayogenipun Ki Mandaraka n■bdaris iku j■beng b■cikipun arinira iku ugi praptaa dhingin M■ntarum

Nulya katur j■beng yen sira tan m■thuk ngong duga bang■t kuwatir Sang Senapati nulyeku kang surat dipunangsuli kang duta wus kinen mantuk

Sampun lengser sing ngarsa Senapatyeku g■gancangan lampahneki ing marga datan cinatur prapta ing Jipang nagari kang surat pan laj■ng katur

Kangj■ng Pangran sapraptane suratipun kang raka Sang Senapati langkung tyas asr■p k■langkung winaos sinukmeng galih dadya padhang tyas Sang Anom

Nulya karya surat malih nuhun p■thuk ing desa W■ru puniki lan prajangji dint■nipun kang dinuta mangkat nuli g■gancangan lampahipun

Sampun prapta M■ntaram surat wus katur dhat■ng Kangj■ng Senapati winaos kaduga sampun nulya denangsuli tulis duta pan wus kinen wangsul

Tan winarna marga Jipang prapta sampun kang surat katur tumuli Kangj■ng Pangran nulya gupuh wong Jipang kinon ngundhangi saanane dandan sampun

Jalu estri wong Jipang boyong s■darum inggih dhumat■ng M■ntawis kang tr■sna labuh satuhu dhat■ng J■ng Pangran B■nawi wus mangkat anulya bodhol

Langkung r■ndh■t samarga ing lampahipun tan p■gat angati-ati J■ng Senapati winuwus prapta ing s■mayaneki wus budhal saking M■ntarum

Kyai Mandaraka mapan datan kantun lawan mantri kawandesi ing marga datan winuwus lampahe Sang Senapati ing Desa W■ru wus rawuh

Mapan ngantos m■sanggrahan kalih dalu ingkang rayi dereng prapti saking r■mb■n lampahipun sabab kathah tiyang estri ing Jipang s■daya bodhol

P■jah g■sang J■ng Pangran tan s■dya wangsul inggih dhat■ng Jipang malih wus s■dya ngungsi M■ntarum m■ngkana ing lampahneki ing Desa W■ru wus rawoh

Laj■ng cundhuk J■ng Pangran Jipang puniku lawan Kangj■ng Senapati rinangkul nungk■mi suku kalawan asru anangis Sang Senapati duk anon

Mring kang rayi sarira risak k■langkung dadya kum■mb■ng waspeki Sang Senapati M■ntarum t■napi Mandarakeki samya emut mring Sang Katong

Sasampunnya l■jar kang tyas katigeku laj■ng budhal mring M■ntawis tan kawarna sampun rawuh n■nggih n■gari M■ntawis ingkang rayi pan wus sinung

Pasanggrahan lawan wong Jipang s■darum w■radin pinaring panti wus kadya wisma satuhu dadya tan patya tyasneki kang rayi wus kinen aso

Lawan bojakrama wradin s■darum tan kirang wong Jipang sami wus aso antaranipun m■ngkana Sang Senapati kang rayi ngandikan mangko

At■napi kang Paman Mandaraka wus samya mal■beng ing puri lawan Senapati cundhuk ngandika Sang Senapati mring Pangeran Jipang alon

Paran yayi ing m■ngko sira reningsun kang dadi karsanireki pr■kara ing Pajang iku apa rin■but ngajurit apa lin■mbut riningong

Kangj■ng Pangran ing Jipang aris umatur kawula sumangga y■kti agal l■mbat dherek tuhu Ki Mandaraka n■bdaris j■beng lamun mungguh ingong

B■cik sira aweha layang rumuhun yen k■na jinaluk aris dadi nora iku ewuh apa Senapati gampang yen tan aweh mangko

Sakarsanya j■beng pan ingsun jumurung m■ngkana Sang Senapati nulya karya surat sampun utusan mring Pajang nuli mangkat ingkang ingutus

Tan winarna marga Pajang prapta sampun Sultan Pajang gya siniwi surat Senapati rawuh nulya ngaturk■n tumuli tinampan sinukmeng kalbu

Pan m■ngkana t■mbungnya kang surat iku adhi ing Pajang sireki b■cik muliya reningsun iya mring ing D■mak maning ing Pajang iku reningong

Mapan m■ksih adhi kang duwe satuhu sar■ng sampun maos tulis J■ng Sultan Pajang gumuyu yata lah kang Senapati dene lir nundhung s■gawon

Laj■ng karya surat amangsuli sampun tan winarna marga prapti surat mring Senapatya wus winaos sinukmeng galih m■ngkana kang surat iku

Kakang Senapati Paduka pan sampun asung surat sampun prapta y■kti nanging ta kakang puniku kula tan dadi pribadi Sunan Kudus karya mring ngong

Kalih kakang Senapati ing M■ntarum Paduka pan sampun lami tan seba mring Pajang iku punapa tan mirsa warti yen Jawi Pajang k■raton

Dene mawi Paduka at■mbung laku an■dha Pajang n■gari arsa dadi b■n■r tuhu andum waris tanah Jawi kula dereng ulap anom

Ing sag■ndhing andika kawula purun k■dhat■ngan andhat■ngi benjang punapa puniku inggih k■panggih ing pundi s■mados dint■n kemawon

Napa dumeh duk Sultan t■dhak rumuhun kawon andika g■lari kang sela minggah s■darum tata baris bujung jalmi sulap nging tan giris ingong.

Sang Senapati ngad■g duka

nupiksa sratira

lamun uninya m■ngkana

mes■m sarya angandika

Mring kang Paman Mandaraka

tanapi lawan arinya

J■ng Pangran Jipang punika

eh ta Paman Mandaraka

T■napi lawan dhi sira

padha denangatya-atya

lawan denprayitneng baya

si Pajang kudu prakosa

Ngajak aprang bandawala

kados pundi kang prayoga

kalawan ta adhi sira

Ki Mandaraka man■bda

Eh ya j■beng yen s■mbada

wong M■ntaram

saananya

k■lawan wong Jipang ika

payo nuli pangkat yuda

Mumpung Pajang m■ksih

s■pya
mes■m Kangj■ng Senapatya
lawan aris angandika
punika prajurit nistha
Paman ing kaj■ng kawula
ng■ntosi sap■pakira
kang bala Pajang s■daya
Ki Mandaraka ngandika
J■beng ya luwih utama
pan ingsun melu kewala
wus apa sakarsanira
nulya Kangj■ng Senapatya
Sampun akarya nuwala
pan sinungak■n kang duta
datan winarna ing marga
Pajang mapan sampun prapta
Wus katur ponang nuwala
winaca sinukmeng nala
mring Sultan Pajang punika
t■mbunging kang raka kara
Eh adhi Pajang ta sira
yen wis m■ngkono karsanya
p■pak■na rerehanira
kabeh ja na keri padha
Pan ingsun anteni sira
lan poma
densum■kta
yen wis kabeh padha prapta
nuli weha weruh sira
Anuli pasthi sun prapta
payo padha bandayuda
aja na ngoncati ngrana
denpadha sura m■rata
Sultan Pajang sawusnya
tupiksa ponang nuwala
Sang Senapati Ngalaga
langkung suka ing tyasira
Nulya aris angandika
wus duta sira baliya
layang iki paring■na
marang Senapati Ngalaga
Wus lengser sangking ing

ngarsa,
tan winarna marga prapta
gya katur ponang nuwala
winaca nukmeng driya
Riwusnya tinupiksa
mes■m Kangj■ng Senapatya
nulya aris angandika
mring kang Paman Mandaraka
Lan kang rayi Jipang ika
lah padha dipunsam■kta
samangsane layang prapta
ingsun nuli brangtayuda
Kang rayi matur sa-
ndika
tanapi Ki Mandaraka
■n■ngna M■ntaram ika
ing Pajang ingkang winarna
M■pak sagung pra dipatya
kang k■reh Pajang s■daya
lawan sag■gamanira
wus prapta sag■gamanira
Sang Nata Pajang anulya
karya panggungan wus dadya
pr■nahe sajroning pura
badhe kinarya tupiksa
P■range Sang Senapatya
yen benjang k■lamun prapta
saking t■bih mapan nglela
kawarna kang pra dipatya
Wus prapta Pajang s■daya
lawan prajuritira
neng ngalun-alun barisnya
tan petung kathahing jalma
B■leber mring lurung samya
Sang Nata Pajang anulya
kintun surat nantang yuda
dhumat■ng Sang Senapatya
Risawusnya tinupiksa
mes■m Kangj■ng Senapatya
nulya aris angandika
mring kang paman Mandaraka
T■napi mring ari-
nira

Pangeran Jipang punika
apa wus padha sum■kta
yayi prajurit sadaya
J■ng Pangeran aturira
inggih sampun sawont■nnya
nulya Kangj■ng Senapatya
parentah kinen t■ngara
Sumahap kang wadya kuswa
lir tumurun saking ngarga
kang busana warna-warna
kalih ewu kang w■tara
Prajurit Jipang s■daya
M■ntaram sewu punika
dadya tri ewu s■daya
nulya budhal Senapatya
Tata g■lar dhedher samya
wong Jipang M■ntaram ika
ngewong Pathi wus uninga
dadya akend■l kewala
M■ngkana J■ng Sang Pragola
Pathi nulya nand■r sigra
panggih lan Mayang Dipatya
wus laj■ng ngirit tumulya
Cundhuk lan Sang Senapatya
tumulya angaras pada
rinangkul risang Pragola
dhat■ng Kangj■ng Senapatya
Kurang thithik yayi si-
ra
kasamaran aneng marga
sawusnya samya pranata
pan laj■ng gumuj■ng suka
Sang Senapati atanya
sira gawa bala pira
matur Sang Dipati Pragola
sewu tan kathah
langkungnya
Wus payo sira dhingina
wong Pathi dadya pangarsa
tin■ng■raan budhalira
datan winarna ing marga
Wus prapta jawining praja

Sang Senapati anulya
m■sanggrahan karsanira
mapan sarwa nata bala
Karya tarub gung wus dadya
pan laj■ng Sang Senapatya
kasukan sadina-dina
lan sagung kang wadya
kuswa
M■ngkana Pajang winarna
J■ng Sultan sampun uninga
yen Senapati s■bala
prapta m■sanggrahan samya
Aneng sajawining kitha
J■ng Sultan miyos sineba
p■pak sagunging dipatya
J■ng Sultan aris ngandika
Eh sakeh sanakingwang
ing m■ngko a-
pa kang karsa
mungsuhira pan wus prapta
ana sajabaning kutha
Apa nora rin■basa
ature kang pra dipatya
yen par■ng karsa Nalendra
prayogi ngantos kewala
Ing M■ntaram prajuritnya
ingkang satuhu punika
kang kenging ingab■n yuda
m■ngkana Nata ngandika
Yen wus m■ngkono r■mbugnya
nging padha
den-ngatya-atya
s■daya matur sandika
gya Nata luwar sineba
Kawarna Sang Senapatya
sadina-dina drawina
lan kang rayi katiganya
t■napi kang kulawarga
Kang Paman Ki Mandaraka
ingaturan sampun prapta
Sang Senapati ngandika
Paman punapa kang karsa
Tan wont■n kawusaneya

yen samya kend■l kewala
n■bda Kyai Mandaraka
wus j■beng mapan sumangga
Dipati Mayang m■ngkana
mapan sumangga
kewala
nanging Sang Pathi Pragola
aturnya dhat■ng Sang Nata
Yen mar■ngi ingkang karsa
pan maj■ng sar■ng kewala
amrih kiwul ing ngayuda
kawula kang dados dhadha
Pangeran Jipang punika
dadosa p■ngawak kanan
keri(ng)nya pun kakang
Mayang
lan ngirid wadya M■ntaram
Panduka l■nggah kewala
lan pun Paman Mandaraka
mes■m Kangj■ng Senapatya
wus adhi ya suntarima
Nanging ta pangran ingwang
s■nadyan asor unggula
kaya rusak balanira
sarehne karoban sira
Pan nora tik■l s■dasa
dadya kang rayi sumangga
ing karsa Sang Senapatya
kang raka nulya ngandika
Wus adhi padha karia
lawan paman Mandaraka
tutugna asuka-suka
lan sawadyabalanira
Pan ing- sun
lunga sadhela
s■daya matur sandika
nulya Kangj■ng Senapatya
anitih Puspa Kancana
Sinab■t nand■r tumulya
siji nora gawa bala
wus prapta ingkang sin■dya
laj■ng Kangj■ng Senapatya

Ningali wadya ing Pajang
katahira tan petungan
neng ngalun-alun barisnya
m■ngkana Sang Senapatya
N■nuhun marang Yang Sukma
nungk■mi k■k■puhira
m■ngkana kang pangandika
e Allah Pangeran Mulya
Mugi Tuwan tutulunga
mring abdi lang ina papa
langip wus datanpa karya
nging Tuwan ingkang kuwasa
Saking wor munajatira
Senapati laj■ng nendra
aneng ing k■k■puh nulya
pan sampun angraga sukma
Ki Mandaraka winarna
tinilar p■sanggrahannya
nindhihi kang para putra
gennya kasukan lan bala
Tan sa- keca
manahira
nulya aris angandika
lah j■beng padha kariya
sun nusul kakangira
Tutug■na suka-suka
kakangira Senapatya
saguhe maju ing rana
dene suwe nora nana
Suwarane kang sanjata
nulya Kyai Mandaraka
anitih turangganira
c■congklangan lampahira
Prapta gen Sang Senapatya
gumuj■ng Ki Mandaraka
iki silih basak■na
Yata ingkang kawarnaa
wong Padhang geger
barisnya
wurohan ingkang swara
ingamuk mring Senapatya
Tunjang-tinunjang pan
samya

pangrasane wong s■daya
Senapati pangamuknya
mapan sarwi nitih kuda
Nu- lya Kyai
Mandaraka
tumingal wong kang lumayya
alah iki ana apa
ngong coba ingsun atanya
Ki Mandaraka anulya
c■congklangan lampahira
tan pantara sampun panggya
lawan jalma kang lumayya
Cin■gatan lampahira
lawan aris angandika
anak mandh■ga sadhela
pan ingsun ar■p atanya
Iku anak ana apa
dene wong padha lumayya
kang tinanya saurira
iya i Sang Senapatya
Ngamuk aneng luhur kuda
ngid■g ngil■s kudanira
lan datan pasah ing braja
tandangira anglir y■ksa
Dene ta Sang Senapatya
mapan lawung ag■mira
m■mateni marang jalma
pan anglir c■cak kewala
Ki Mandaraka ngandika
anak suntuturi sira
lah iki Ki Senapatya
mapan i- ya lagya
nendra
Ki Mandaraka anulya
tinunjang sarya lumayya
m■ngkana pangucapira
baya iki ta wong gila
Sang Senapati Ngalaga
ngamuk ngrusakake jalma
t■ka tinuturk■n nendra
baya wong r■p amet karya
Ki Mandaraka m■ngkana

baya iki wong gila
tinuturan Senapatya
mapan nyata lagya nendra
T■ka anunjang kewala
ingsun nganti ■meh tiba
sarwa murugi kang putra
winungu Sang Senapatya
Lah j■beng sira wungua
kudanira wus palastra
kagyat Kangj■ng Senapatya
aniba Puspa K■ncana
Ngandika Sang Senapatya
si Paman asalah karya
lawan saturunku iya
saja na anganggo ika
Jaran lir Puspa K■ncana
napas madu wulunira
m■ngkana Ki Manda-
raka
aris denira ngandika
Paran j■beng karsanira
mungsuhira geger samya
Sang Senapati ngandika
Paman sampeyan pundhutna
Kuda pun S■ngkali ika
putra sampeyan katiga
kalawan saprajuritnya
kang samya numpak turangga
Paman denenggal praptaa
kang dharat samya nusula
nulya Kyai Mandaraka
sasand■ran lampahira
Datan pantara wus prapta
kang samya nitih turangga
gangsalatus win■tara
nulya Kangj■ng Senapatya
Anitihi Kyai Singa
kadya sinab■t mamprung
sand■rnya
lawan rayi katiganya
t■napi Ki Mandaraka
Gangsal atus prajuritnya
samya sand■ran s■daya

tan pantara nulya prapta
Pajang ngalun-alunira
Wus bubar tan ana jalma
Sulta- n Pajang
kang winarna
ningali neng panggungira
mulat t■las wadyanira
Lan Senapati wus prapta
kalawan sawadyanira
Sang Nata anulya niba
sangking ing panggungan
ika
Laj■ng murugi kang garwa
m■ngkana kang pangandika
paran baya polah kula
dewa tan wande palastra
Raka Paduka wus prapta
Sang Senapati Ngalaga
kalawan sawadyanira
neng ngalun-alun s■daya
Mes■m Sang R■tna ngandika
ujare sira kuwawa
mungsuh Kangmas Senapatya
ing m■ngko mara tutugna
Kuwawaa Kangj■ng Rama
mangr■pa Sang Adipatya
Sang R■tna m■las ngandika
apa ta wus tobat sira
Kang raka matur sumangga
p■jah g■sang lun katura
dhumat■ng raka Paduka
Sang R■tna alon ngandika
Yen m■ngkono wus
kariya
sun matur mring Senapatya
m■nawa ana kog■lnya
iya marang ingsun uga
Anulya miyos Sang R■tna
kawarnaa Senapatya
wadya ingkang dharat samya
pan sampun prapta s■daya
Sang Senapati Ngalaga

l■nggah munggeng ing
witana
Ki Mandaraka neng ngarsa
lan Pangeran Jipang ika
Lawan Sang Pathi Pragola
Tum■nggung Mayang neng
ngarsa
Sang R■tna anulya prapta
nyungk■mi pada karuna
Kagyat Kangj■ng Senapatya
lamun kang rayi karuna
nulya aris angandika
wus Ni Mas m■n■nga sira
Ana ng■ndi lakenira
Sang R■tna aris aturnya
inggih kawula punika
kinengken abdi Paduka
Anuhun kang pangapura
p■jah g■sangnya sumangga
me- s■m Kangj■ng
Senapatya
wus ta mara timbalana
Sang R■tna lengser sing
ngarsa
wangsul lum■b■t ing pura
wus panggih lawan kang
raka
nulya aris angandika
Wus mara sira sunbanda
tinimbalan Senapatya
Sang Dipati tan l■nggana
sakarsa dhat■ng sumangga
Tan pantara wus binanda
cindhe k■mbang kang
kinarya
nulya m■dal sampun prapta
ing ngarsa Sang Senapatya
Kagyat mulat Senapatya
yen kang rayi pinusara
nulya aris angandika
lah ta iku pa geneya
Si adhi nganggo pusara
Sang R■tna aris aturnya

mapan kinarya pratandha
lamun sumangga ing karsa
Mes■m Kangj■ng Senapatya
ya uwis ingsun tarima
si adhi wis uculana
nulya anungk■mi pada
Pan asru dennya
karuna
riwusnya tata ngandika
eh ta adhi paran karsa
turira mapan sumangga
Senapati angandika
iya adhi karsaningwang
ing m■ngko sira muliha
t■t■pa D■mak nagara
Kalawan ya arenira
sunpundhut muliha kuna
aturnya inggih sandika
lah ta wus adhi muliha
Mring D■mak saiki iya
donyanira ungsungana
lamun nora na kang gawa
wong M■ntaram ngat■r■na
Aturnya inggih sandika
nulya lengser saking
ngarsa
budhal mring D■mak sakala
wong M■ntaram pan s■daya
Ngat■rk■n lan ngungsung
donya
bin■kta mring D■mak samya
tan pantara sampun prapta
■n■ngna Pajang winarna
Sang Senapati Ngalaga
kang rayi ingangkat nulya
n■nggih Pangeran B■nawa
jum■n■ng Pajang
n■gara
Sultan Pajang j■juluknya
ing■stren Ki Mandaraka
lawan Pathi Sang Pragola
Sang Nata aris aturnya

Kangmas punapa kang karsa
pusaka Pajang s■daya
kawula mapan sumangga
Sang Senapati ngandika
Ora adhi wis t■t■pa
sira ingkang duwenana
nging yen par■ng lawan
sira
k■ndhali k■lawan kapa
Iku bae kang sunt■dha
J■ng Sultan mapan sumangga
m■ngkana Sang Senapatya
aneng Pajang pan wus lama
Aw■tara pitung dina
nulya pamit kondur nulya
J■ng Sultan k■dah dherekna
nulya mangkat tan winarna
Marga M■ntaram wus prapta
J■ng Sultan kondur tumulya
lawan Dipati Pragola
tata tita pan wus lama
Putranira pan wus lama
ingkang jalu pan
t■tiga
wus sinung nama s■daya
ngran Juminah bayunya
Arinira Den Rangga
kang ibu saking Prawata
anulya Pangran Purbaya
saking Giring ibonira
Waruju Pangran Dipatya
saking Pathi ibunira
m■ngkana mapan wus lama
ing Pajang ingkang winarna
Langkung kartaning nagara
Kangj■ng Sultan kawarnaa
g■rah laj■ng surudira
pan sampun karsa Yyang
Sukma
Mapan bot■n gadhah putra
wus katur mring Senapatya
mapan langkung ngungunnya
dadya ing Pajang n■gara

Tan wont■n mad■g nalendra
ngl■mpak M■ntaram sadaya
Madiyun ingkang winarna
pan s■dya amb■g sarosa
Pan■mbahan namanira
Bang Wetan suyud s■daya
m■ngkana Sang Senapatya
mapan wus miarsa warta
Nulya nglurug Senapatya
lan kang rayi Sang Pragola
nulya pin■thuk ing yu-
da
Madiyun wus kaciwa
Putranira estri juga
langkung endah ingkang
warna
binoyong sampun kagarwa
dhat■ng Kangj■ng Senapatya
Datan lama sampun putra
jalu bagus ingkang warna
mapan pinaringan nama
sira Pangran Pringgalaya
Dadya s■kawan putranya
Pan■mbahan Senapatya
nanging kang jalu kewala
kang putri datan winarna
S■mana ing tanah Jawa
sakalangkung kartanira
tan ana kang doracara
m■ngkana ing lama-lama
Kangj■ng Risang Senapatya
Ngalaga karya Yyang Sukma
g■rah laj■ng kondurira
dhumat■ng ngalam sampurna
Obah kang bumi prak■mpa
ing tanah Jawa s■daya
mapan ilang cahyanira
ing M■ntaram kang winarna
Karsanya Ki Mandaraka
lan Sang Dipati Pragola
kang wayah Pa-
ngran Dipatya

ingkang kinarya nalendra
S■mana ing tanah Jawa
wus pulih kadya j■n■ngnya
duk Senapati Ngalaga
Ki Mandaraka winarna
Wus kondur mring ngalam
mulya
ingkang putra pan gumantya
Ki Juru Kithing namanya
tan ewah kadya kang rama
M■ngkana ing lama-lama
Juru Taman kang winarna
sasedanya Senapatya
kang manah sampun kaduga
K■lamun angayonana
mring Senapati turunnya
k■rsanira yun mantuka
lan wus mari bingungira
K■bo K■mili Larmonga
tinantun samya s■laya
kalih k■dah dumugekna
ngawula mring Ratu Jawa
Nging Juru Taman pribadya
kang manah k■dah kaduga
anulya lum■b■t dhustha
sampun manjing dhatulaya
Karsanya mundhut pusaka
ag■mnya Sang Senapatya
Lisah Jayeng
Katong rannya
s■mana pan wus k■na
Juru Taman wus gumbira
Kangj■ng Sultan kagyat
nulya
uninga kal■bon dhustha
pinirsa misah kang k■na
Kangj■ng Sultan mapan k■na
ngaturi dhat■ng kang raka
prapta J■ng Pangran
Purbaya
J■ng Sultan aris ngandika
Kangmas katiwasan kula
Lisah Jayeng Katong musna

cinidran mring duratmaka
sampun bin■kta ngumbara
Juru Taman dugi kula
bramatya Pangran Purbaya
nulya mapit mring nalendra
arsa nusul mring kang
dhustha
Linilan laj■ng ngumbara
Kangj■ng Pangeran Purbaya
Juru Taman wus k■panggya
inguwuh kinen mandh■ga
Wus kend■l nulya tinanya
eh ta Juru Taman sira
anggawa l■nga pusaka
Juru Taman saurira
Mapan kawula tan priksa
sarya rongeh
ulatira
m■ngkana osiking nala
s■nadyan ingsun apranga
Kalawan Pangeran Purbaya
yen padha siji kewala
iya mangsa sun-ulapa,
prandene ingsun yun lunga
Dangu-dangu pan k■tara
kang Lisah aneng siyungnya
bramatya Pangran Purbaya
Juru Taman wus uninga
Dumadya samya purunnya
mapan yudaneng akasa
tan ana ingkang kuciwa
braja tan wont■n tumama
M■ngkana Pangran Purbaya
ing nala saya g■mbira
Juru Taman ing solahnya
pan wus karsaning Yyang
Sukma
Juru Tama ap■sira
s■mana sampun binanda
kang l■nga nanging tan ana
tinanya gumbira kewala
J■ng Pangran langkung

bramatya
Juru Taman pinilara
dene alawan tan bisa
ingudharan g■lungira
Na- nging m■ksa
tan k■panggya
dinangu kumbi kewala
dadya cinangas cangk■mnya
kat■mu neng siyungira
J■ng Pangran saya bramatya
wus k■tara cidranira
nulya pinothes siyungnya
netra cinubl■s kalihnya
Ing gunting ingkang
kinarya
yen kenginga ing palastra
kaya sampun p■jah ika
nanging Juru Taman iya
Nora suda manahira
anulya ngucap m■ngkana
eh ya Pangeran Purbaya
ing mangko iki ta iya
Ingsun tan bisa mal■sa
ing besuk k■lamun ana
wong bule siw■r netranya
karo iku denprayitna
Tan wurung winal■s sira
ngandika Pangran Purbaya
iya ing besuk m■ngkoa
pan ingsun mangsa w■diya
M■ngkana Pangran Purbaya
wus kondur lisah bin■kta
nanging risak wadhahira
lan kang rayi wus apanggya
Anu- lya anjawat
asta
wus katur sasolahira
J■ng Sultan sang■t
ngungunnya
aris denira ngandika
Mring raka Pangran Purbaya
Kangmas kang lisah punika
sampeyan ag■m priyangga

manah kula sampun g■la
Dadya kang lisah mangkana
dadya wasiyat Purbaya
m■ngkana kang cinarita
langkung arja tanah Jawa
Dene pakarya n■gara
sampun bubuhan kewala
s■pira kathahe ika
ing aprang Pangran Purbaya
Yen l■mbat pakewuh ika
pan iku kang duwe karya
Pangran Juminah punika
mila k■rta tanah Jawa
M■ngkana ingkang winarna
Kangj■ng Sultan wus
puputra
an■nggih p■mbaj■ngira
nama Pangran Natapura
Ingkang rayi namanira
Pangeran Rangsang punika
nulya arinya wanodya
Ratu Wandhan namanira
Riwusnya lama-lama
ka- tiga sampun
diwasa
nanging kang dadi carita
Kangj■ng Pangran Rangsang
ika
K■langkung brangta Yyang
Sukma
tan ngetang kamulyan donya
malah supe mring salira
kongsi angg■guru raos ika
Pan sampun karsaning Sukma
tan kenging winaonana
k■dah m■ngkana esthinya
Kangj■ng Pangran Rangsang
ika
Tan ana w■kasaneya
wong urip ana ing dunya
yen manggunga olah raga
dadi lir pocung kewala

Pan m■ngkana tyas Sang
Narpasunu
marma nora ngetang
ing kawiryan donya iki
kang aetang anging
w■kasing utama

Kang utama wong urip aneng
donyeku
anglarani raga
mrih aja katungkulneki
mring dumadi rehning kinarya
Yyang Sukma

Marmanira Kangj■ng Pangran
lampahipu-n
pan ginantya-gantya
t■rkadhang nurut pasisir
yen t■rkadhang jujur gunung
manjing guwa

Lamun banjir angeli Sang
Narpasunu
yen lampah angluwat
langkung sudira ing pati
k■dhap-k■dhap wus katingal
cahyanira

Wus k■tara yen badhe tinitah
luhur
aneng tanah Jawa
Kangj■ng Pangran Rangsang iki
bagus anom wani lara tega
p■jah

Sureng rana s■caning tyas
tingal t■rus
y■kti kadang dewa
l■gawa lila donyane
wus pinasthi jalma luwih
tanah Jawa

Kawarnaa Kangj■ng Sultan ing
M■ntarum
pan sampun uninga
ing karsanira kang siwi
dadya mupus ingkang tyas pan

pira-pira

Duk s■mana J■ng Pangran
adr■ng tyasipun
nuhun pamit ika
mapan arsa minggah khaji
tan linilan nging J■ng
Pangra-n k■dah m■ksa

Dadya mupus J■ng Sultan
t■kdir Yyang Agung
mapan wus ngidenan
Kangj■ng Pangran mangkat nuli
ingkang dherek nging
ponakawan titiga

Apan sampun lir jinurung ing
Yyang Agung
datan lama prapta
ing M■kah kang Narpasiwi
dadya saya sudira ing
atapa

Wus tan kewran tyasira Sang
Narpa sunu
mring sagung dumadya
ilhaming Yyang wus pinaring
neng w■rdaya sagung elok wus
uninga

Langkung r■na tyasira neng
M■kah iku
sang■t mati raga
tan mantra putra narpati
mindha papa iman papat
kinawulan

Sampun lama J■ng neng M■kah
iku
sang■t mati raga
tan arsa kondura mangke
M■sir Ng■sam Bental Mukadas
jinajah

Nanging mendha druwis langip
lampahipun
nut lembaking driya
tan mantra putra-

ning aji
ing S■tambul ing Ng■rum
sampun jinajah

Dadya kathah Kangj■ng Pangran
tilasipun
sab■n-sab■n ngambah
ana tilas siji-siji
gen man■kung saking kar■m
dating Sukma

Sab■n ■seh t■rang maring ing
ngelmu
samya ginuronan
dadya sangsaya tyasneki
tingalira dum■ling kodrat
kang mulya

Kangj■ng Pangran wus kar■m
neng M■kah iku
supe ing M■ntaram
iman s■kawan samyasih
wulangira pan sampun t■las
s■daya

■n■ng■na kang aneng M■kah
puniku
yata kang winarna
ing M■ntaram J■ng Sang Aji
karsanira mapan arsa karya
praja

Madeganda binabadan mapan
sampun
lagya kin■rapyak
kasaru g■rah Sang Aji
langkung sang■t mapan wus
karsaning Sukma

Laj■ng kondur dhumat■ng
rahmatolahu
pan dadya paraban
Sinu- hun Seda
Krapyak ki
nulya Kangj■ng Pangeran
Juminah ika

Lan kang rayi Kangj■ng

Pangran Purbayeku
lan Ki Juru ika
wus r■mbag ngangkat n■rpati
kang denangkat n■nggih
Pangran Natapura.

Datan lama sampun karsaning
Yyang Agung
laj■ng gr■rah manah
langkung sang■t gr■rahneki
dadya susah wadya M■ntaram
s■daya

Nulya r■mbag s■ntana
katiganipun
utusan mring M■kah
nimbali kang putra sami
Pangran Rangsang wus lama
dennya neng M■kah

Lawan atur-atur dhumat■ng ing
Ng■rum
lan atur s■dh■kah
marang para iman sami
lawan nuhun idi mring
jum■n■ngira

Kang dinuta Ki
Tum■nggungnSingaranu
lawan b■kta surat
kapal tiga denmomoti
ingkang brana langkung kathah
warna-warna

Nulya mangkat Ki Tum■nggung
Singaranu
wus mancal baita
mapa- n nuju angsal
angin
lampahira nora lawas prapta
M■kah

Samya kagyat wong M■kah
s■dayanipun
lamun ana duta
saking tanah Jawa iki
b■kta brana atur-atur

karsanira

Ingkang surat wus katur mring saripipun
anulya winaca
punika kang salam taklim
Kangj■ng Pangran Juminah lawan Pangeran

Purubaya katura mring sarip iku
lawan para iman
s■kawan sampunnya mangko
wiyosipun kula ngaturi s■dh■kah

Lawan nuhun putra kawulantukipun
inggih Pangran Rangsang
lan mugi Tuwan ideni
tulusipun jum■n■ng ing tanah Jawa

Sarip kalih lan iman s■kawan iku
pan kagyat s■daya
ing kene tan ana iki
kang wong Jawa arane nganggo m■ngkana

Ana rare sawiji warnane bagus
ngiring wong t■tiga
ing m■ngko tan ana katon
bar■ng ana warta duta tanah Jawa

Ki Tum■nggung Singaranu ris umatur
pan inggih punika
gusti kula w■tawis
kula nuwun mugi Tuwan timbalana

Sarip M■kah utusan ngupados sampun
dangu tan k■panggya
sabab nora tunggal jalmi
salaminya neng M■kah mapan

m■ngkana

Nging yen salat k■panggih lan
jalma agung
lamun sampun bakda
salat mapan sageneki
gennya ngujlat salaminya pan
m■ngkana

Aneng ngardi l■nggah sendhean
neng watu
ngantos l■gog ika
kang sela ingadh■p sami
Ki Katigan kalawan Kiyai
Serang

Kyai Pamijahan n■nggih
katiganipun
pan s■kawan samya
wus tan ana ngetang dhiri
nging purbaning Allah
katingal gumawang

Kawarnaa duta sira prapta
sampun
laj■ng asalaman
Kangj■ng Pangran dendhawahi
yen ngandikan was kerit pan
sampun prapta

Neng ngarsane Sarip ing M■kah
puniku
lan kang para iman
sampun asalaman sami
Ki Tum■nggung Singaranu wus
tumingal

Mring gustinya yen risak
saliranipun
Ki Tum■nggung nulya
nungk■mi pada anangis
angandika J■ng Pangran lah
wus m■n■nga

Sarip M■kah lan para iman
s■darum
langkung gawok ika
ningali maring tatane

lang wong Jawa sungk■me mring
ratonira

Ri sawusnya matur Kyai
Singaranu
yen J■ng Rama Nata
kondur mring rahmatolahi
J■ng Pangeran esmu kum■mb■ng
kang w■spa

Gya pinupus yen urip w■kasan
lampus
nulya angandika
sireku prapta pakardi
atur s■mbah gusti kawula
dinuta

Inggih dhat■ng Kangj■ng Wa
Dal■m s■darum
lan J■ng Ibu Tuwan
nimbali Paduka
mangke
tanah Jawa tan wont■n gusti
ratunya

J■ng Pangeran nulya angandika
arum
kangmas Natapura
Ki Singaranu turneki
raka tuwan sang■t dennya
nandhang gr■rah

Wa Paduka kalih samya
aturipun
kalamun Paduka
datan karsa kondur mangke
pan an■dya nusul mariki
s■daya

Kados t■las abdi Paduka
s■darum
lan ibu Paduka
siyang dalu lan Sang Dewi
Ratu Pandhan tan kend■l
dennya karuna

Tanah Jawi langkung p■t■ng
sorotipun

m■ngkana J■ng Pangran
tan kenging keguh tyasneki
saking dene prathisthaning
kang wardaya

Sarip M■kah sar■ng mirsa
aturipun
lan kang para iman
langkung w■las ing tyasneki
ing susahe n■gara ing tanah
Jawa

Nulya aris Sang Sarip
pan■bdanipun
lan kang para iman
lah muliha putu mami
s■- dyanira sireku
luru utama

Yen m■ngkono iya iku
tuturipun
ing salakunira
putu k■lamun tan mulih
awusana sireku n■mu duraka

Dadya em■ng Kangj■ng Pangran
ing tyasipun
pan sar■ng miarsa
s■bdanya s■daya sami
dadya n■rah J■ng Pangran
marang Kang Murba

Nulya aris Kangj■ng Pangran
aturipun
marang Sarip M■kah
lan kang para iman sami
pan sakarsa kawula sampun
sumangga

Sarip kalih lan para iman
s■darum
sar■ng Kangj■ng Pangran
sampun nurut karsaneki
langkung suka putusan atur
uninga

Dhat■ng ing Ngrum lawan nuhun
idinipun

lawan tur-aturnya
saking ing pr■tinggi Jawi
tan winarna ing marga Ng■rum
wus prapta

S■ratipun sarip lan iman
s■darum
katur mring J■ng Sultan
langkung sokur mring Yang
Widi
wus ingiden lawan kinen
paring nama

Pinatuta kalawan ing
dalil iku
ingsun wus pracaya
kalawan wus sunidini
wus muliha duta marang M■kah
sira

Nulya mundur gagancangan
lampahipun
tan winarneng marga
duta M■kah sampun prapti
mapan nuju ing dina Jumungah
ika

Sampun katur mring sarip
myang iman iku
suratnya J■ng Sultan
ing Ng■rum gya tinupeksi
langkung sokur sarip lawan
para iman

Mapan nulya ingangkat J■ng
Pangran iku
Iman Safangi ika,
ingkang amaos kutbahi
kutbah baka pan iku ingkang
kinarya

Lawan sampun n■nggih sinungan
j■juluk
Sultan Ngabdulrahman
Sayidin Panatagami
ing M■ntaram ngaliman lawan
ngadilan

Lan suci yan raupan dahikan
sampun
ngiden pra pandhita
sayid maulana sami
para u- kma ngulama
lawan suhada

Nulya katur kang dunya kalih
pr■rau
kinarya sidh■kah
w■radin wus bubar sami
Kangj■ng Sultan mring dal■m
Sapingi Iman

Langkung samya kang iman asih
s■darum
dhat■ng Kangj■ng Sultan
bagus anom wani sahit
tega pati wus nyata sakeh
ngelmunya

Kangj■ng Iman Sapingi
ngandika arum
wus putu muliha
sira marang tanah Jawi
nira beda ing kene lawan ing
kana

Ana kene tan liya dhirinireku
kang dadi warana
mapan wus tan ana maning
dene sira nyingkiri ingkang
brahala

Pan ing Jawa iku gon brahala
agung
nadyan kene iya
nora beda iku kaki
say■ktine brahala ugr■ring
manah

Ingkang papat mapan iku dr■ma
pintu
yen s■pi tyasira
kabeh iku melu s■-
pi
lamun rame kabeh iku mapan

d■rma

Pan mung iku ugr■ sihing
Yyang Agung
lawan maning ana
ing karya saratku ugi
lamun karya ing kubur putu
miliha

Ingkang bumi wiwit h■ma
aranipun
dene iku padha
arane kat■lu iki
bokm■nawa ana nugrahaning
Sukma

Kangj■ng Sultan mring Sang
Iman Sapingiku
aris aturira
mugi kawula puniki
kinuwatna pinaring nugrahan
Sukma

Kangj■ng Iman Sapingi an■bda
arum
Ingsak Allah uga
ing kene dongane sami
pan jumurung kabeh marang
sira nyawa

Wus ta nuli amuliha
putoningsun
Jawa w■lasana
Kangj■ng Sultan anulyamit
marang Sarip at■napi para
iman

Pan s■daya dongane samya
jumurung
nulya Kangj■ng Sultan
budhalan sawadyaneki
tan winarna sampun
nitih ingkang palwa

Angsal angin pan l■stari
lampahipun
tan winarna marga
wus prapta ing tanah Jawi

Kangj■ng Pangran Purbaya wus
mirsa warta

Yen kang putra rawuh lan
jum■n■ng sampun
langkung sukanira
mapan nulya m■thuk nuli
lawan sagung putra s■ntana
s■daya

Wus kap■thuk mapan nulya
mangkat sampun
tan winarneng marga
ing M■ntaram sampun prapti
mapan laj■ng kondur marang
k■nyapura

P■pak sampun s■daya wont■n
k■dhatun
pan anglir sup■na
s■daya ingkang tyas sami
sokur ing tyas marang Pangran
pira-pira

Sampun luwar kondur
sowang-sowang iku
m■ngkana winarna
Kangj■ng Sultan pan wus lami
tata tita langkung karta
tanah Jawa

Ing M■ntaram pan rame
ngibadahipun
sirna doracara
m■ngkana pan sampun lami
Kang- j■ng Sultan
pan ngalih k■dhatonira

Pan b■badhe wana kapit lepen
iku
win■stanan Karta
datan mawi denpag■ri
mapan nanging kinentha-kentha
kewala

Ingkang dadya t■l■ng ing tyas
Kang Sinuhun
nanging pasarehan

w■linge Iman Sapingi
duk s■mana gunung M■rak wus
binabat

Para nata myang dipati
agung-agung
pan samya tuguran
s■daya aneng Magiri
Sultan Carbon Sultan Bant■n
tindhihira

Sultan Palembang ingkang
binubuhan kayu
ingkang pasarean
kaj■ng wunglen kang kinardi
gennya m■ndh■t saking nagari
Palembang

Wus rinakit pagr■ lan
kasuranipun
sami supit urang
tundha tiga korineki
banon rawi saking B■kung
toyanira

Kang s■rasah batur sela
c■ndhaniku
saking ing Mandu-ra
kubur landhak sampun dadi
mapan ngiras J■ng Sultan
kalamun ngluwat

Sampun dadya langkung asri
yen dinulu
ingkang pap■thetan
c■ngkeh jawi nagasari
saking Ngambon c■ngkeh iku
wijilira

Kangj■ng Sultan sigra
animbali sampun
Kyai Manglarmanga
kang kinen t■ngga puniki
Kyai K■bo K■mili maksih
tinilar

Kantun t■ngga p■sarean ing
M■ntarum

kawarna J■ng Sultan
awis kondur dhat■ng puri
aneng B■ngkung punika
pan■penira

Ingkang t■ngga k■dhaton
nanging pangulu
k■kalih punika
katiga lawan Serange
Pamijahan k■dah r■m■n wesmeng
ngarga

Tinurutan pinaringan bumi
sewu
Car■bon gin■mpal
tanah Karang araneki
tata tita langkung arja tanah
Jawa

Kangj■ng Pangran Juminah pan
yasa iku
mapan pasa-reyan
Girilaya araneki
Kangj■ng Pangran Purbaya
mapan wus yasa

Ing Wotgalih Kangj■ng Sultan
kang winuwus
mapan sampun krama
putra Batang ayu luwih
sampun lama mapan kalih
putranira

Samya jalu ingkang s■puh
mapan sampun
pinaringan nama
Kangj■ng Pangran Adipati
Pangran Alit kang w■ruju
namanira

Ratu Pandhan pan kinramakak■n
sampun
angsal Surabaya
Pangran P■kik ingkang nami
langkung atut denira
apalakrama

■n■ng■na M■ntaram g■ntya

winuwus
B■tawi kang winarna
an■nggih ingkang duweni
namanira n■nggih Pangeran
Jakarta

Mapan dadya bandar langkung
ag■ngipun
nulya na nakoda
saking n■gari W■landi
langkung sugih Kapitan Temas
namanya

Sampun t■pang lan Pangeran
Jakarteku
langkung Ki Nakoda
angsalira m■ndh■t galih
donyanira mapan gin■lar
sadaya

Apa ingkang kinarsakak■n
jumurung
mapan Ki Nakoda
nora g■l■m angr■gani
wus pracaya lan tr■sna
Pangran Jakarta

Mapan nulya nuwun n■bas
sitinipun
dene s■ngadinya
karya w■wadhah kimawon
ing dagangan tan winarna
nging punika

Nging sawlulang k■bo
wiyaripun
kang jinang■t ika
anging paten ing jangji
gangsal l■ksa pan■base Ki
Nakoda

Dadya melik Ki Nakoda
pan■basipun
Pangran ing Jakarta
datan mawi atur uning
mring M■ntaram dinuga nora
ngapaa

Mapan sampun tampan-tinampan
puniku
anulya kang walulang
jinag■t k■langkung alit
ingub■ngk■n langkung wiyar
dadenira

Aw■tara kawandasa c■ngka- l iku
Pangeran Jakarta
k■langkung kaduwungneki
ngajak balen nging Nakoda
datan arsa

Lama-lama nulya binata puniku
wong B■tawi samya
ingkang ab■b■rah iki
pan pin■nging marang Pangran
nora k■na

Ki Nakoda langkung tan ngeman
donyeku
wong B■tawi samya
sih lulut mring nakodane
pan kuciwa n■nggih Pangeran
Jakarta

Nulya rakit beteng lan
mariy■m sampun
pan sampun sum■kta
nulya gurnadurnya prapti
langkung kathah kuwatir
Pangran Jakarta

Ingaranan Kitha Int■n
betengipun
kapir saya kathah
warna-warna tiyangneki
dadya geseh wus tan na s■dya
mundura.
Error: Generation stopped (2), couldn't retrieve text.
Mring Pag■len undurnya Sang Aji,
rangu-rangu lampahireng marga,
kang kacipta jro driyane,
kang raka Sang Aprabu,
langkung kewran tyasnya n■rpati,
mangkana ciptanira,

paran polahipun,
kalamun ingsun sebaa,
mring kakangmas wus bang■t wirang sun iki,
paran t■mahe baya,

Yen manggunga m■mungsuhan mami,
pasthi ingsun kalamun kaseban,
kakangmas akeh balane,
ewuhe ateningsun,
kaya paran ing polah mami,
m■ngkana Sri Nalendra,
Pag■len wus bawuh,
m■sanggrahan purwa gonda,
ingkang wadya nututi pan sampun prapti,
wus p■pak munggeng ngarsa,

Mapan laj■ng karya Patih Aji,
pan Ki Arya Cakrajaya ika,
kang dadya wrangkaning katong,
wus mupakat s■darum,
nulya luwar Sri Narapati,
wus bubar sowang-sowang,
karya pondhok sampun,
sagunge wadya s■daya,
neng Pag■len Sang Nata langkung prihatin.
nging kang raka neng nala,

■n■ng■na kang lagya prihatin,
kawarnaa J■ng Sunan M■gkurat,
wus kondur lawan wadyane,
ing Kartasura rawuh,
mapan laj■ng Nata nimbali,
marang Kyai Urawan
Sang Nata s■bda rum,
Urawan lah lumakuwa,
mring Pag■len kat■muwa lan si adhi,
paran w■kasane ya,

Yen m■nggunga mam■ngsahan mami,
lan si adhi rusak Tanah Jawa,
sapa kang kelangan mangko,
lamun si adhi ayun,
dadi ratu ing Tanah Jawi,
sun jumurung kewala,
nanging momong ingsun,
iya sapa kang kelangan,

Tanah Jawa mung ingsun lawan si adhi,
wus ta sira mangkata,

Tur sandika lengser Ki Dipati,
saking ngarsa sampun prapta wisma,
nulya salin busanane,
angag■m sarya kadut,
mapan mindha Ki Adipati,
lir p■kathik punika,
dalu angkatipun,
sarya amb■kta kuranjang,
pan k■kalih pinikul mring Adipati,
wus l■pas lampahira,

Tan winarna lampahira margi,
ing Pag■len mapan sampun prapta,
wus tunggal p■kathik akeh,
aneng T■gal panuju,
gam■l dal■m ingkang angarit,
Urawan tinakenan,
mring gam■l jro iku,
sireku gam■le sapa,
Ki Urawan aris denira nauri,
gam■l ing Cakrajayan,

Ki Urawan mal■s atanya ris,
sira iku ya gam■le sapa,
gam■l dal■m lon saure,
gam■l dal■m ta ingsun,
Ki Urawan pan angling malih
yen m■ngkono ta apa,
sira g■l■m iku,
ingsun tut wuri mring sira,
mapan ingsun iki susah ati mami,
aneng ing Cakrajayan,

Lurah ingsun k■r■nge k■pati,
ingsun iki kinarya g■bugan,
lan m■dhit marang pangane,
marma yun minggat ingsun,
gam■l dal■m gumuyu angling,
marma kuru ta sira,
pan l■lurah ingsun,
b■laba maring ing pangan,
lamun kurang iya goningsun angarit,

lan putuku kewala,

Nora g■l■m iya sr■ng■n iki,
lan maninge kanca m■ksih kurang,
dadya kapasang yogane,
payo melu maringsun,
nanging apa sira puniki,
k■na tanggung sira,
menawa Calimut,
Ki Urawan saurira,
yen Calimut patenana ingsun iki,
gam■l dal■m angucap,

Yen m■ngkono wus ta payo mulih,
suk■tira apa wus k■bak,
Ki Urawan lon saure,
iya wus k■bak iku,
nulya samya rin■mbat aglis,
sampun prapta g■dhogan,
katur lurahipun,
wus ingang■p Ki Urawan,
dadya sik■p kawarnaa Sri Bupati,
miyos dhat■ng g■dhogan,

Mapan mirsa mring titiyan Aji,
Ki Urawan kum■pyur tyasira,
sar■ng mirsa mring Sang Katong,
nulya lumaj■ng gupuh,
anungk■mi pada Nr■pati,
langkung p■nangisira,
kagyat J■ng Sunuhun,
tumingal mring Ki Urawan,
lon ngandika lah wus m■n■nga S■ndhi,
prapta apa karyanya,

Balik sira tutura ta S■ndhi,
Ki Urawan m■ksa tangisira,
saking tr■nyuhe driyane,
anglir sup■na tuhu,
sar■ng panggih Sri Narapati,
langkung asr■ping nala,
m■ngkana wus dangu,
nulya kend■l Ki Urawan,
p■gat-p■gat umatur dhat■ng Sang Aji,
dhuh gusti abdi nata,

Suka lamun dhumat■ng ing pati,
yen upami tan dhahar tur amba,
kados punapa w■kase,
tanah Jawi pukulun,
sint■n ingkang kecalan gusti,
ing risake punika,
tan liya pukulun,
kalawan J■ng Raka Nata,
yen manggunga tuwan mam■ngsahan gusti,
lan J■ng Raka paduka,

Nadyan silih arsa madeg aji,
lamun sampun panggih J■ng Rakanta,
mapan tan ew■d raose,
kawula gusti purun,
kalang p■jah lamun upami,
Kangj■ng Raka Nalendra,
kalamun tan sr■ju,
punapa kang dados karsa,
J■ng Sinuhun prayogi matur pribadi,
dhat■ng raka paduka,

Lawan malih raka tuwan gusti,
langkung on■ng dhumat■ng paduka,
mapan yun-yun■n ing lamine,
dhuh gustiku Sang Prabu,
mugi galih aturing abdi,
risake nagri Jawa,
w■lasa pukulun,
ingkang Sinuhun Ngalaga,
sar■ng mirsa ature Urawan iki,
lir sin■ndhal kang driya,

Pan kum■mbang w■spanya Sang Aji,
emut dhat■ng swargine kang rama,
lamun kang raka lirune,
w■kasan ngandika rum,
ya wus S■ndhi ingsun nuruti,
marang ing aturira,
nulya sang aprabu,
nimbali ingkang pratiwi,
lan Urawan mapan wus sinung p■salin,
nulya kondur Sang Nata,

Ki Urawan tan k■na t■bih,
tan pantara sagung kang pratiwa,

sampun prapta ing ngarsandher,
ngandika Sang Aprabu,
Cakrajaya karya atulis,
marang ing Kartasura,
katur Sang Aprabu,
tan pantara nulya dadya,
pinaringk■n marang Ki Urawan aglis,
Urawan aturira,

Amba nuhun datan mantuk gusti,
lamun bot■n sar■ng lan Paduka,
lan atur p■jah g■sange,
anulya sang aprabu,
Tambakbaya ingkang tinuding,
lawan Ki Jaya Wirya,
mring Kartasureku,
sampun lengser saking arsa,
g■gancangan datan winarna ing margi,
prapta ing Kartasura,

Kawarnaa Kangj■ng Sunan iki,
mapan lagya miyos siniwaka,
kang pratiwa p■pak andher,
Amral kang munggeng ngayun,
lawan Raden Nrang kusumeki,
k■saru praptanira,
Tambakbaya iku,
k■lawan Ki Jaya Wirya,
sampun katur nuwala mring Sri Bupati,
laj■ng sinukmeng driya,

Sar■ng sampun Nata maos tulis,
sak■langkung sukaning wardaya,
nulya winangsulan age,
lawan angandika arum,
heh ya duta warah■n adhi,
ing benjing lamun prapta,
mapak dhewe ingsun,
Nrang kudu maparentaha,
lamun ingsun karsa mapak mring si adhi,
duta sira muliha,

Lawani enggal praptaa si adhi,
nulya n■mbah lengser Tambakbaya,
saking arsane Sang Katong,

gancangan lampahipun,
tan winarna lampahe prapti,
Pag■len Tambakbaya,
cundhuk lan Sang Prabu,
sampun katur kang nuwala,
gya tinampan winaos kang ponang tulis,
langkung tyasnya Nalendra,

Angandika mring Cakrajayeki,
Cakrajaya sira undhangena,
ingsun arsa budhal mangko,
mring Kartasura iku,
tur sandika Cakrajayeki,
nulya n■mbang t■ngara,
wus p■pak sadarum,
wadya Pag■len M■ntaram,
nulya budhal saking Pag■len Sang Aji,
tan t■bih Ki Urawan,

■n■ng■na kang lagya lumaris,
kawarnaa J■ng Sunan Mangkurat,
sampun miarsa wartane,
yen ingkang rayi sampun,
budhal saking Pag■len iki,
Rahaden Aprang Kusumama,
dhinawuhan iku,
lamun Kangj■ng Sri Nalendra,
badhe m■thuk wau dhumat■ng kang rayi,
myang Amral dhinawuhan,

Nulya n■mbang t■ngara Raden Patih,
sampun p■pak wadya Kartasura,
ag■lar neng alun-alune,
nulya miyos sang prabu,
sampun budhal sing Kartawani,
k■but wadya s■daya,
tan pantara ng■nu,
pan sampun kap■thuk marga,
Kangj■ng Sunan wau kalawan kang rayi,
mapan sampun k■panggya,

J■ng Sinuhun Ngalaga nulyaglis,
ngaras padaning araka,
nulya rinangkul janggane,
laj■ng ngaras kang embun,
langkung samya on■ngnya kalih,

riwus anulya budhal,
m■ngkana Sang Prabu,
kang rayi tan k■na t■bah,
tan winarna marga Kartasura prapti,
Sang Nata manjing pura,

Lan kang rayi Prabu Ngalaga ki,
sagung wadya wus bubar sadaya,
m■ngkana Kangj■ng Sang Katong,
tan pisah siyang dalu,
dadya lami tunggil neng puri,
winarna sampun lama,
wus pinaring iku,
kang rayi dal■m priyangga,
lan kang nama sampun sinaosk■n iki,
wau dhat■ng kang raka,

Nanging nuwun wangsul nama lami,
Pangran Pug■r kang Sinuhun ika,
kang raka ■nting k■rsane,
tata tita pan sampun,
datan ana tinalang ati,
tanah Jawa s■mana,
langkung arjanipun,
m■ngkana ing Kartasura,
mapan sampun binados ingkang n■gari,
J■ng Sunan wus puputra,

Pan satunggal jalu w■rna pekik,
sampun nama J■ng Pangran Dipatya,
Kangj■ng Pangran Pug■r mangko,
pan dr■man sugih sunu,
jalu estri nanging k■kalih,
Den Ayu L■mbah punika,
n■nggih kang waruju,
Den Ayu Impun namanya,
■n■ng■na kang warna ingkang negari,
pan langkung larang pangan,

Kangj■ng Sunan k■langkung prihatin,
ingkang rayi nulya ingandikan,
sampun prapta ngarsa Katong,
J■ng Pangran Pugr■ ika,
Kangj■ng Sunan ngandika aris,
paran yayi karsanya,

sira ingsun tantun,
yen n■gari tan waluya,
p■sthi nistha gen ingsun jum■n■ng aji,
ana ing tanah Jawa,

Yen aweta larang b■ras pari,
nagri Jawa ingsun lawan sira,
yayi kang den inakake,
mapan nisthaning ratu,
yen nagara larang kang bukti,
wong cilik akeh kang rusak,
padha mangan gadhung,
Kangj■ng Pangran Pugre turnya,
yen mar■ngi nuwun pangestu Dewaji,
kawula pamit kesah,

Pan n■nuhun dhumat■ng Yang Widi,
yen k■par■ng lan b■kja Nalendra,
Sang Nata pangandikane,
yayi ingsun jumurung,
muga sira oleh akardi,
nulya angaras pada,
kang rayi rinangkul,
sampun lengser saking arsa,
Kangj■ng Pangran prapta Kapugr■ranuli,
sampun salin busana,

Kang busana pan mindha daruwis,
sarwa p■thak pan langkung lungs■dnya,
sampun kinandhut t■sbehe,
cinangking br■rukipun,
ngag■m golok lawan t■k■n cis,
Kangj■ng Pangran lumampah,
dalu angkatipun,
saking nagri Kartasura,
datan ana jalma kang wikan sawiji,
wus l■pas lampahira,

Byar rahina Pangran lumaris,
saking nagri Madeganda ika,
pan s■dya mring Kutha G■dhe,
kon as■dya man■kung,
amaladi samadi ■ning,
an■g■s karsaning Yyang,
amurweng pandulu,
m■ngkana pan sampun prapta,

Kutha G■dhe mapan nuju w■ktu Mahrib,
laj■ng makmum J■ng Pangran,

Apan laj■ng w■ktu Ngiseki,
Kangj■ng Pangran gennya makmum ika,
aneng wuri panggenane,
pojok kidul iku,
ingkang wetan Pr■dahereki,
sakehe wong kang salat,
tan ana wruhiku,
yen gustinya tumut salat,
Kangj■ng Pangran Pugr■ neng sajroning masjid,
ingkang m■ngku rat Jawa,

Sampun bakda nulya bubar sami,
sowang-sowang mantuk mring wisma,
Kangj■ng Pangran kantun dhewe,
wancinya lingsir dalu,
nulya miyos J■ng Pangran iki,
pan arsa salat khajat,
mundhut toya wulu,
sampun ika wangsul nulya,
dhat■ng m■sjit J■ng Pangran ngangkat usali,
kalih r■kangat salam,

Mapan laj■ng ng■ningk■n kang y■kti,
Kangj■ng Pangran l■nggah sila tumpang,
wus sirna panca driyane,
sug■ng elok puniku,
mapan sampun datan kaeksi,
miwah ingkang kapirsa,
wus ngumpul neng wujud,
s■daya mahluk pan sirna,
Kanj■ng Pangran kandh■k ing johar jisim,
nanging s■daya purba,

Purbaningrat sifat ingkang kadim,
pan wus prapta ing marifatollah,
s■kawan palirahane,
Jalal Jamal kaw■ngku,
Kahar Kamal mapan wus kamil,
m■ngkana sampun prapta,
marmaning Yyang Agung,
ingkang w■rni tompo pitrah,
Kangj■ng Pangran wus ucul paningalneki,

mantuk mring bang sariyah,

Ingkang tompo sampun munggeng arsi,
gya pinundhut nuju w■ktu pajar,
kang wong padha prapta kabeh,
mapan asalat subuh,
Kangj■ng Pangran pan makmun n■nggih,
ri sawusira bakda,
mapan samya mantuk,
nulya miyos Kangj■ng Pangran,
arsa kondur ingkang tompo wis kin■mpit,
cinangking br■rukira,

Urut marga mampir pasar iki,
arsa n■mpur pan sin■ntak-s■ntak,
datan limrah lan wong akeh,
n■nggih p■ngawisipun,
Kangj■ng Pangran mes■m n■bda ris,
gih Nyai lamun angsal,
ngalih-ngalih m■ngkana,
nulya ana pasar malih den ampiri,
anjujuk pabr■rasan,

Kangj■ng Pangran at■tanya aris,
pint■n bibi r■gane kang br■ras,
ingkang tinanya saure,
sapithi rong wang iku,
awis t■m■n punika bibi,
punapa ta kenginga,
ing awis puniku,
ingkang tinanya saurnya,
sampun limrah yen tiyang wade ing awis,
punika t■lu suwang,

Ingkang wade nyintak am■cicil,
basak■na Ki Santri ta sira,
nora lumrah p■nganyange,
mendah dene mal■mbung,
olehira mangan Ki Santri,
iyeku w■t■ngira,
br■ras ajenipun,
mapan sapithi ngrong uwang,
kudu oleh telung pitrah suwang iki,
paran marga muraha,

Wismanira Ki Santri ing pundi,

Kangj■ng Pangran alon saurira,
kawula ing K■dhung Gudel,
kinengken kadang s■puh,
angulati kang murah pari,
marma kalunta-lunta,
bibi marganingsun,
dene tan wont■n kang murah,
sapr■riki bibi larang b■ras pari,
Ni Cumbri lon saurnya,

Pan wong desa arang kang s■sabin,
apa sira nora ngrungu warta,
ing Jawa geger lawase,
ijab ta lawasipun,
duk b■dhahe M■ntaram dhingin,
iya aran P■sampang,
pij■r ayang-uyung,
wong desa nora sasawah,
pan katutuh kang duwe n■gara prapti,
pan dene durung kr■ta,

R■but singgih kalawan kang rayi,
Suhunan Ngalaga aneng M■ntaram,
wong desa ewuh atine,
buh lor buh kidul,
■lor gusti kidul ya gusti,
dadya sakeh wong desa,
pij■r uyang-uyung,
kewuhan ing atinira,
lagi mangko Ki Santri nora angili,
lawase pra b■ndara,

Ingkang raka atut lan kang rayi,
Kangj■ng Pangran k■rasa tyasira,
mes■m kab■l■t guyune,
kang wade wos andulu,
p■ngrasane dipunguyoni,
dhasar ing tyase ana,
dadya lon amuwus,
sira iku basak■na,
tinuturan t■ka dadak ing guyoni,
apa rika j■jawat,

Dene warnanira iku sigid,
nora w■ruh duga lan prayoga,
g■guyu dudu mukrime,

dhasar wus lumrah iku,
yen wong santri tan wruh ing dugi,
yen rika k■risan,
pasthi k■na siku,
yen ajaa santri rika,
sun dhedheli mulane wong anom iki,
sinaua ngawula,

Dadi w■ruh tata krama iki,
lan ngemana marang warnanira,
kalamun wus tuwa bae,
nyantria maning iku,
dadi ng■ruh ing tata krami,
dadi santri musthika,
kang m■ngkono iku,
bisa ninggal sae nira,
lamun santri w■laka tan ngidh■p ngisin,
nanging saene dadra,

Dhasar santri watake priyayi,
iya iku musthikaning jalma,
patut den ombe uyuhe,
rika iku abagus,
mung cacade t■kaa nyantri,
yen dhangan karsanira,
lah payo wong bagus,
meluwa mring wismaning wang,
bagus santri aku g■l■m ngitik-itik,
amuruk tata krama,

Kangj■ng Pangran mes■m ngandika ris,
pundi bibi wisma J■ng ngandika,
lan bibi sint■n namane,
kang tinanya sumaur,
desa Padhas wismeng ngong iki,
karan anak kewala,
biyang Cumbring ingsun,
paman rika mapan lunga,
marang Kudus lawase wus pitung sasi,
sun witara palastra,

Pan musapir pamanira iki,
lunganira tan lawas palastra,
adhimu si Cumbring kuwe,
marma gr■ring ten ingsun,

akeh kang wong padha ngarani,
pangling pan katon tuwa,
marang awak ingsun,
say■ktine ingsun uga,
m■ksih rare lagi dr■be anak siji,
sugih pari bras ingwang,

Nora nana rewang ingsun bukti,
pamanira dhingin tinggal langgar,
balumbang lan padasane,
yen s■mbada puniku,
■nggenana amalang kring,
nging salat kewala,
lan druwis puniku,
ingsun kang dadi makmumnya,
sandhang pangan aja susah sunsaguhi,
nging salata kewala,

Lan kal■bu p■thek ingsun iki,
duk m■ksihe j■nate si biyang,
kaya m■ngkono ujare,
kanggo laki nak ingsun,
l■mbut t■m■n daginge iki,
lan k■nc■ng kang wadidang,
ujare si biyung,
duk j■nate pamanika,
den kuwayuh ping lima m■nang pribadi,
maruku ting pal■sat,

J■ng Pangeran pan arsa lumaris,
ginondholan kang si j■g-uj■gan,
tinonton dening wong akeh,
Ni Cumbring nyintak asru,
eh wong apa sira tingali,
angandh■g lakining wang,
dhewe pamit iku,
arsa lunga haji ika,
mapan nglangut ingsun nora aweh iki,
kang nonton samya bubar,

Langkung kewran J■ng Pangran kang galih,
nulya aris denira ngandika,
daw■g sampun bibi mulih,
ing pundi marganipun,
langkung bungah tyasnya Ni Cumbring,
nulya at■tumbas,

ulam lawan bumbu,
s■kar konyoh lawan panganan,
nulya mangkat Ni Cumbring kang munggeng arsi,
lampahe lanthang-lanthang,

Sampun prapta wisma nulya glis,
nyelehake kang gendhonganira,
nulya angg■lar klasane,
lan tiga bantalipun,
aneng nglanggar sarwi madhahi,
kuweni p■l■m nangka,
lawan ladingipun,
J■ng Pangran ngecani manah,
nulya lukar rasukan sineleh aglis,
Ni Cumbring asr■p tyasnya,

J■ngr■ mulat Ni Cumbring ningali,
pan w■spada marang w■rnanira,
katuwon mulat baguse,
nulya aris umatur,
dipuneca l■nggah wong sigit,
kawula mapan arsa,
mususi puniku,
mring lepen lawan amb■kta,
t■mu pan kinarya lulur n■nggih,
kawarna J■ng Pangeran,

Sap■ngk■re Ni Cumbring puniki,
nulya kesah sigra J■ng Pangeran,
kondur mring Kartasurane,
datan winarneng ng■nu,
sampun prapta ing Kartawani,
laj■ng sohan kang raka,
J■ng Pangran rinangkul,
wus katrima malampahira,
pan wus murah t■dhah br■ras lawan pari,
kang rayi aturira,

Pan Dewaji kawula pandumi,
anglampahi ayahan Paduka,
Sang Nata pangandikane,
ya wus tarimah ingsun,
wus muliha asoha adhi,
wus lengser Kangj■ng Pangran,
sing arsa Sang Prabu,

sampun rawuh kapugr■ran,
■n■ng■na ing Kartasura winarni,
n■gari batawiyah,

Kapitan Mur langkung sugihneki,
tumbas lare punika,
mapan tan pilih margane,
angsalnya dagang Ontung,
laj■ng minggah edler puniki,
dadya rare punika,
ingaran pan Ontung,
mapan ta ing lama-lama,
par■m■nan k■lawan nyonyahereki,
donyane ingul■ran,

Kaw■nangan wanci pukul kalih,
gya cin■p■ng Ki Ontung punika,
laj■ng kinunjara mangko,
nunah nulya sinapu,
nging sin■ndhal caritaneki,
Ki Untung nulya minggat,
lan sarewangipun,
s■daya kang neng kunjaran,
wolung dasa laj■ng ngamuk kantuneki,
nging tiyang kawan dasa,

Pan wong kapir kathah ingkang mati,
laj■ng mundur Ki Untung punika,
tan pisah lan sarewange,
W■landa wus datan wruh,
mring parane Ki Untung iki,
lawan sarewangira,
m■ngkana Ki Untung,
aneng beteng alang-alang,
gennya dh■lik nanging tan eca tyasnira,
pan laj■ng pir■mbagan,

Aneng beteng alang-alang iki,
Untung lawan ing sarewangira,
kang s■puh n■nggih namane,
Bunjaladriya iku,
r■mbug ngungsi Cir■bon sami,
dalu anulya mangkat,
lan sarewangipun,
datan winarna ing marga,
ing C■pr■bon Ki Untung mapan wus prapti,

katur dhumat■ng Sultan,

Pan Ki Untung laj■ng kinen nguni,
marang nagri Kartasura ika,
nanging pinaring namane,
Den Surapati iku,
lawan Sultan ngandika aris,
wus pinasthi ta sira,
dadi satrunipun,
iya marang W■landa,
wus mangkata iya ingsun angamini,
langkung bungah tyasira,

Surapati dene ing angsal idi,
lawan malih pinaringan nama,
nulya atur s■mbah lengser,
mangkat sarewanganipun,
datan pisah wong kawan desi,
datan winarneng marga,
Kartasura rawuh,
laj■ng jujug kepatihyan,
wus ngandika langkung r■s■p Den Patih,
mring Raden Surapatya,

Sampun katur dhumat■ng Sang Aji,
wus inganggep laj■ng kinasihan,
J■ng Sunan m■las driyane,
tinantun mapan purun,
yen ing ngab■n lan-lanat kapir,
m■ngkana sampun lama,
pan kapirsa iku,
yen Ki Untung wus karuhan,
mapan ngabdi mring J■ng Suhunan Kartawani,
jendral laj■ng utusan,

Dipunsuwun J■ng Sunan nglilani,
nanging kinen ny■p■nga priyangga,
m■ngkana tinantun kabeh,
sagung kumpni iku,
mapan datan ana kadugi,
anging Kapitan ■tak,
punika kang purun,
upsirnya pan kalih w■las,
laj■ng mangkat saking nagri ing B■tawi,
prapta ing Kartasura,

Gangsal atus prajurit kumpni,
Kangj■ng Sunan sampun karya wayang,
Raden Anrangkusumane,
kinon ng■mbani iku,
mapan dhat■ng Den Surapati,
sinuwurak■n nulya,
lamun balik iku,
purun dhumat■ng J■ng Sunan,
kinen tangl■d aneng alun-alun sami,
ningali Kangj■ng Suhunan,

Neng Sitinggil p■pak pra dipati,
ingkang rayi J■ng Pageran ika,
Pugr■ kang aneng arsane,
ingkang ng■mbani iku,
mring kumpni Raden Sindurjeki,
pan sampun samya prapta,
ngalun-alun iku,
laj■ng campuh ing ayuda,
langkung rame tan ana kasoran kalih,
mapan samya sudira,

Langkung watos J■ng Sunan kang galih,
nulya aris denira ngandika,
mring kang rayi J■ng Pangerane,
Pugr■ lah areningsun,
tuwan ana si Surapati,
m■nawa katiwasan,
nulya awot santun,
lengser saking arsa nata,
Kangj■ng Pangran wus mendha wongireki,
Rahaden Surapatya,

Sawadyanya kapugr■ran sami,
mapan mendha wongnya Surapatya,
Den Surapati duk anon,
marang J■ng Pangran iku,
lawan Raden Nrang Kusumeki,
mapan samya b■k p■jah,
lawan sawadyanipun,
kumpulan wong Kapugr■ran,
nulya campuh apanggih wadya kumpni,
langkung pang■drelira,

Laj■ng p■t■ng kukuse kang b■dhil,
mapan samya anusup s■ndawa,

wus p■jah b■dhil unine,
laj■ng kuw■l acampur,
Kapitan Tak sampun apanggih,
lawan Kanj■ng Pangeran,
lan arihan sampun,
Kyai Plered kinarya,
laj■ng niba Kapitan Tak sampun mati,
n■nggih Kapitan Brisman,

Surapati ingkang am■jahi,
patr■m t■pak wau kang kinarya,
W■landa wus t■las kabeh,
sakarine lumayu,
t■las dening wong desa sami,
Raden Arya Sindurja,
kang tatu kinukub,
bin■kta mring loji samya,
kawarnaa J■ng Suhunan animbali,
mring kang m■nang ayuda,

Ingkang rayi lan Rahaden Patih,
katiganya Raden Surapatya,
wus prapta neng Sitinggile,
ing arsanya sang prabu,
ngusweng pada katiga sami,
nata mes■m ngandika,
s■lam■t sireku,
kang padha m■nang ayuda,
adhi ■mas akurda ingsun tingali,
J■ng Pangran aturira,

Mapan amba dr■mi nglampahi,
ajrih lamun bot■n y■ktos■na,
timbalan Kangj■ng Sang Katong,
Sang Nata ngandika rum,
iya adhi si Surapati,
ing mangko karsaning wang,
sun paringi juluk,
Tum■nggung Wiranagara,
pan si Anrangkusuma tulusa iki,
momong marang Surapatya,

Tur sandika Rahaden Apatih,
angandika malih Sri Nalendra,
mring Den Wiran■garane,

sun paringi sireku,
iya patang n■gara iki,
iku karyan■n kutha,
mungsuh W■landeku,
Pasuruhan G■mbong ika,
lawan Bangil P■malang karyan■n iki,
bandha mungsuh W■landa,

Wus ta padha mangkata tumuli,
Cakraningrat kalawan Jangrana,
sira kang dadi s■mange,
kalih sandika sampun,
wus uninga karsaning Aji,
samya lengser sing arsa,
pan sampun misuwur,
lamun Raden Nrangkusuma,
balik purun dhumat■ng Sri Narapati,
momong Wiran■gara,

Tan winarna marga sampun prapti,
Pasuruhan Dyan Wiran■gara,
lan Raden Nrangkusumane,
Cakraningrat wus wangsul,
lan Jangrana pan sampun prapti,
n■gari Kartasura,
wus katur sang Prabu,
solahira aneng marga,
Sri Nalendra laj■ng akarya p■patih,
Raden Arya Sindurja,

Tata tita n■nggih kang winarna,
Kangj■ng Sunan sampun besanan
lawan ingkang rayi mangko,
J■ng Pangran Pugr■ iku,
angsal Den Ayu L■mbah,
wus karsa Yyang Agung,
datan tulus palakrama,
dadya pisah m■ngkana pan sampun lami,
J■ng Sunan nandhang gr■rah,

Ingkang putra nulya dentimbali,
Kangj■ng Pangran Dipatya wus prapta,
byantaranira Sang Katong,
ngandika Sang Aprabu,
marma sira ingsun timbali,
poma deneling nyawa,

mring waw■kas ingsun,
iya ing sapungkuring wang,
lamun sira arsa tulus dadi aji,
am■ngku tanah Jawa,

Aja sira nglarakak■n ati,
pamanira adhi ta poma,
Pugr■ iku w■kasingong,
lan Cakraningrat iku,
lan Jangrana poma deneling,
yen sira tan ngestokna,
kaya nora tulus,
sira m■ngku tanah Jawa,
Kangj■ng Pangeran Dipatinuhun turneki,
mugi kula sag■da,

Angestokk■n mring timbalan Aji,
ri sampunnya m■mulang J■ng Sunan,
sangsaya sang■t gr■rahe,
wus karsanya Yyang Agung,
Kanj■ng Sunan prapta ing jangji,
kondur mring Rahmatollah,
pan sinare sampun,
neng daganira kang eyang,
ing Magiri kawarna Pangran Dipati,
sampun jum■n■ng nata,

Kang p■parab Kangj■ng Sunan iki,
Mangkurat Mas wus karsa Yyang Sukma,
ng■lirk■n ing saw■linge,
ingkang rama swarganipun,
ingkang paman J■ng Pangran iki,
Pugr■ gr■rah kang manah,
lawan malihipun,
n■nggih Pangran Cakraningrat,
ing Madura cinidra karwanireki,
ing r■smi Pakuwatya,

Surabaya Jangrana puniki,
mapan arsa pinalih l■nggahnya,
ing S■marang apa dene,
Suradim■nggaleku,
mapan arsa dipunmantuni,
Patih Arya Sindurja,
pan sampun ingundur,

sinalinan Sumabrangta,
dadya sagung pratiwa nung-anung sami,
sowan mring Kapugr■ran,

Mapan sampun samya r■mbagneki,
J■ng Pangeran ngaturan lolosa,
dhat■ng ing S■mawis mangko,
wus dadya r■mbagipun,
Cakraningrat kang pamit dhingin,
kalawan Ki Jangrana,
mapan nuhun mantuk,
Mandura lan Surabaya,
wont■n karya Kangj■ng Sunan t■ka gampil,
wus karsanya Yyang Sukma,

Anglilani nanging sampun lami,
winal■ran sirnaning kang m■ngsah,
sagah punggawa kalihe,
budhal sawadyanipun,
lan r■repot tan ana kari,
sampun prapta Mandura,
lan Surabayeku,
anulya atur nuwala,
mring J■ng Pangran ngaturan lolosa nuli,
wau dhat■ng S■marang,

Dalu lolos J■ng Pangran nulyaglis,
garwa putra tan kantun s■daya,
geger wong Kartasurane,
J■ng Sunan langkung b■ndu,
mapan nulya kinen nututi,
budhal wong Kartasura,
kang dados p■ngayun,
Pangran Ngabei k■lawan,
Kangj■ng Pangran Surya M■ntaram t■napi,
Pangran Arya Panular,

Dadya datan wont■n purun sami,
anglancangi mring Pangeran ika,
Ngabei jrih s■dayane,
wong Kartasura iku,
lamun c■lak kend■l puniki,
t■bih nulya lumampah,
dadya eca iku,
nulya kap■thuk ika,
lawan Pangran Cakraningrat Jangraneki,

lan Suradim■nggala,

Laj■ng tata baris any■gati,
mring sagunge wong ing Kartasura,
J■ng Pangran laj■ng lampahe,
kend■l wong Kartapurun,
laj■ng samya atata baris,
Pangran Ngabei ika,
pan sampun angumpul,
sawadya wong P■ngabeyan,
lan Madura Surabaya ing S■mawis,
dadya gung barisira,

Apan m■nggah wong ing Kartawani,
samya mundur r■mbak tur uninga,
lamun tiwas ing lampahe,
Pangran Surya M■ntarum,
lawan Pangran Panular iki,
ingkang ngirid undurnya,
mapan sampun rawuh,
n■nggih nagri Kartasura,
katur Nata Kangj■ng Sunan kang winarni,
lir sinipi b■ndunya,

Sumabrangta wau kang tinuding,
nindhihana mring wong Kartasura,
lan Mancan■gara kabeh,
k■rig wong Kartapurun,
nulya n■mbang t■ngara aglis,
budhal sing Kartasura,
gantya kang winuwus,
Kangj■ng Pangran Pugr■ ika,
ingkang lagya aneng nagri M■ntawis,
p■pak kang pra dipatya,

Kangj■ng Pangran angandika aris,
paran sira adhi Cakraningrat,
prayogane laku kiye,
Cakraningrat wotsantun,
abdi dal■m sampun kadugi,
m■thuk ing yudanira,
wadya Karta purun,
at■napi kang Jangrana,
apan samya aturnya m■ngkono ugi,
nging Suradim■nggala,

Gadhah atur inggih l■r■s ugi,
aturipun Pangran Cakraningrat,
lawan kakang Jangranane,
nanging upamenipun,
tiyang babad punika singgih,
mapan padhang ing ngarsa,
ing wingking garumbul,
Kangj■ng pan emut ing tyas,
angandika mring Pangran Sampang iki,
lawan ing Surabaya,

Iya Adhi b■n■r aturneki,
ingsun rasa Suradim■nggala,
b■cik aweh w■ruh mangko,
marang B■tawi iku,
si W■landa t■tulung b■cik,
ora mangsa w■diya,
sadaya jumurung,
anulya Ki Cakrajaya,
kang ingutus lawan Dipati S■mawis,
sampun mancal baita,

Tan winarna mapan sampun prapti,
ing B■tawi punggawa kalihnya,
panggih Gurnadur Jendral mangko,
nulya atanya arum,
ingsun arsa takon say■kti,
Pangran Pugr■ ku iya,
kang aneng M■ntarum,
dhingin ran Sunan Ngalaga,
pan wus akeh cacade dhingin mring Kumpni,
akeh mateni Wlanda,

Kapitan Tak dhingin kang mateni,
iya iku nump■s wong Walanda,
Pangran Pugr■ sabalane,
kang ng■ntekak■n iku,
pan si Untung wus kurang thithik,
k■candhak marang ■tak,
iku kang t■tulung,
duk m■ksih aneng M■ntaram,
pirang-pirang Walanda kang padha mati,
mapan iku wus tita,

Lamun s■ngit marang wong Kumpni,
Pangeran Pugr■ marma sun tan arsa,

Ki Cakrajaya saure,
lan Suradim■nggaleku,
ing tyasira kalangkung runtik,
pan sugal saurira,
mapan gustiningsun,
nadyan ■ntekna Walanda,
ing lakune prentahe kang raka dhingin,
duk maksih neng Mataram,

Mad■g aji mapan denlurugi,
mring kang raka sagung wong Walanda,
milu sudi karya mangko,
nadyan ing lakoningsun,
iya prapta nagri B■tawi,
ingutus gustiningwang,
anging maringi wruh,
iya ingsun marang sira,
aja kaget lamun gustiningsun mangkin,
arsa mad■g nalendra,

Mapan dhingin ingkang raka iki,
mangku Jawa mangkya gustiningwang,
iya kang gumanti katong,
mangku rat Jawa iku,
kend■l dangu durnadur iki,
laj■ng samya bicara,
lawan d■leripun,
an■nggih rat pni diya,
kalih w■las w■kasan Jendral ling aris,
iya wus Cakrajaya,

Tabeningsun atur■na iki,
mring Kangj■ng Pangeran lan k■kirim ingwang,
poma matura mangko,
ayya kageta iku,
lamun ingsun kengkenan iki,
iya edrel rolas,
kang bakal lumayu,
lan gawa prajurit kathah,
bakal ngangkat olehnya jum■n■ng aji,
J■ng Pangran Pugr■ ika,

Wus mangkata dhingin mring S■mawis,
Edrel nuli nungkak lakonira,
lawan kang prajurit kabeh,

Cakrajaya pan sampun,
nulya pamit kalawan iki,
Ki Suradim■nggala,
wus mancal pr■rau,
tan winarna sampun prapta,
ing S■marang wus katur sasolahneki,
tan lama praptanira,

Edrel lawan kang para up■sir,
lan prajurit sewu kathahira,
anulya ingangkat mangko,
J■ng Pangran Pugr■ iku,
pan jum■n■ng aneng S■mawis,
J■ng Sinuhun punika,
Mangkubuwaneku,
Senapati ing Ngalaga,
Ngabdulrahman Sayidin Panatagami,
kang mangku ing rat Jawa,

Wus mufakat sagung ing wong Jawi,
nulya r■mbag b■dhah Kartasura,
ingkang dados p■ngaj■nge,
Jangrana Surengkewuh,
nulya Cakraningrat nambungi,
sagung wadya Mandura,
kang dados p■ngayun,
nulya Kyai Cakrajaya,
lawan Kyai Suradim■nggala ngirid,
sagung up■sir samya,

Wus k■panggih lawan barisneki,
Sumabrangta aneng Bayudannya,
wadya Kartasura kabeh,
dhadhal pan sampun larut,
nulya katur marang Sang Aji,
lamun kasoran yuda,
Nata langkung b■ndu,
arsa nylirani yuda,
Kangj■ng Sunan Mangkurat Mas busana glis,
k■saru praptanira,

Mungsuh ag■ng dadya geger sami,
wadya Kartasura nora k■na,
lamun tinata barise,
ngr■bat rabenireku,
mapan samya lumaj■ng sami,

ing sapurug priyangga,
Kangj■ng Sunan iku,
mapan sampun tilar bala,
nanging kantun kawan dasa wadya ngampil,
lan Raden Sumabrangta,

Ingkang paman kalih sampun balik,
Raden Sumabrangta sang■t turnya,
ngaturan lolos kimawon,
pint■n banggi ing besuk,
lamun wont■n pitulung Widi,
Kangj■ng Sunan s■mana,
wus nurut turipun,
marang Raden Sumabrangta,
laj■ng lolos m■ngetan ing lampahneki,
mring nagri Panaraga,

■n■ng■na kang lolos puniki,
kawarnaa wadya Surabaya,
Mandura lan Kump■nine,
wus prapta Kartapurun,
mapan sampun k■panggih s■pi,
anulya Cakrajaya,
utusan puniku,
tur uninga mring S■marang,
lamun Kartasura wus k■panggih s■pi,
J■ng Sinuhun anulya,

Budhal saking nagri S■mawis,
datan kantun lan sagarwa putra,
Edler tan t■bih lan rajeng,
datan winarna iku,
sampun rawuh ing Kartawani,
laj■ng lum■b■t pura,
J■ng Sinuhun sampun,
jum■n■ng ing Kartasura,
Edler ingkang asagah amburu iki,
mring Suhunan Mangkurat,

Laj■ng budhal saking Kartawani,
Edler lawan sagung up■sirnya,
m■dal pasisir margane,
datan winarna iku,
wus utusan mring Panaragi,
ngaturi Kangj■ng Sultan,

wus karsa Yyang Agung,
Kangj■ng Sunan Mangkurat Mas,
t■ka gampil ngaturan sampun kenging,
bin■kta marang sabrang.

Tata tita nagri Kartawani,
mapan tulus J■ng Sinuhun ika,
Mangkubuwana kang dr■be,
mangkurat Jawa iku,
Cakrajaya tulus kang patih,
datan angalih nama,
pan m■ksih puniku,
Ki Dipati Cakrajaya,
duk s■mana tanah Jawa kartaneki,
tan ana dora cara.

Pan wus lama jum■n■ng Sang Aji,
lan wus s■puh wau wayahira,
kondur mring Rahmatolahe,
sinare Magariku,
ingkang putra Pangran Dipati,
mapan sampun gumantya,
n■nggih namanipun,
Kangj■ng Suhunan Prabu ika,
Cakrajaya datan lami wus nututi,
mantuk mring Rahmatolah.

Ingkang putra wau kang gumanti,
nama Raden Dipati Danurja,
J■ng Sunan k■langkung sihe,
tan ana s■layanipun,
barang karsanira Sang Aji,
Rahaden Adipatya,
Danurja puniku,
mumpuni karsa Nata,
dadya tulus tanah Jawa kr■taneki,
dhasar samya taruna.
M■ngkana kang cinarita,
J■ng Suhunan Prabu iki,
mapan d■rman sugih putra,
jalu kalawan pawestri,
nanging ingkang winarni,
para putra ingkang jalu,
kang s■puh namanira,
Pangran Riya ingkang rayi,

Pangran Behi anulya Pangran Dipatya.

Ari Pangran Mangkubumya,
nulya Pangran Bintareki,
nuli Pangran Sumayuda,
wuragilira winarni,
Pangran Mangkusumeki,
nging s■daya m■ksih timur,
ingkang sampun diwasa,
nging Pangeran Riya iki,
lan kang rayi Pangeran Ngabehi ika.

Sampun karsaning Yyang Sukma,
Kangj■ng Suhunan Prabu iki,
datan panjang yuswanira,
kondur mring Rahmatolahi,
dadya ingkang ngr■sahi,
kr■raton mapan puniku,
n■nggih Pangeran Riya,
nulya Raden Adipati,
sampun r■mbag lan Rat Pni Diya.

Pangran Riya ingapusan,
binucal mring sabrang iki,
dadya lulus mad■g nata,
n■nggih J■ng Pangran Dipati,
mapan p■parabneki,
Kangj■ng Suhunan puniku,
n■nggih Mangkubuwana,
mapan wus diwasa iki,
lan kang rayi s■daya sampun diwasa.

Nanging wus karsaning Sukma,
akathah karsanereki,
nora k■na ingaturan,
dhumat■ng Raden Dipati,
dadya salaya iki,
kajuw■t■n aturipun,
Den Dipati Danurja,
J■ng Sunan b■ndu tan sipi,
gya cin■p■ng Raden Dipati binucal.

An■nggih dhumat■ng sabrang,
ingkang kinarya p■patih,
Pangeran Natakusuma,
mapan inggih datan lami,

binucal sabrang iki,
nging atilar w■ling iku,
Pangeran Natakusuma,
maring Mangun On■ng puniki,
lawan Martapura kinen ng■mbanana.

Denmas Gar■ndi punika,
mituhu punggawa kalih,
Kangj■ng Sunan kang winarna,
mapan sampun karya patih,
n■nggih Raden Dipati,
Pringgalaya namanipun,
ing j■ro Sastrawiguna,
dadya sagung pra dipati,
myang s■ntana ingkang tyas alit s■daya.

M■ngkana ingkang winarna,
Ki Mangun On■ng puniki,
lawan Kyahi Martapura,
nulya t■pang Cina sami,
ngangkat Denmas Gar■ndi,
pan wus jin■nengk■n ratu,
Sunan Kuning kang nama,
wus kathah kang bala nuli,
nulya r■mbag anglurug mring Kartasura.

Cina kang dados p■ngarsa,
m■ngkana pin■thuk jurit,
Den Dipati Pringgalaya,
wau ingkang anindhihi,
sagung wong Kartawani,
kr■rigan tan ana kantun,
mapan wus j■ng-aj■ngan,
pan nanging ■l■t b■nawi,
aparentah Den Dipati Pringgalaya.

B■ngawan kinen nasaka,
anulya karya wus dadi,
gung wadya kinen nyabranga,
s■daya aja na keri,
nging Mangun On■ng iki,
lan Cina sarewangipun,
eca kend■l kewala,
lan ta wis angsal s■palih,
wadya Kartasura ingkang sampun nyabrang.

Ki Mangun On■ng anulya,
sagung Cina denabani,
laj■ng an■mbang t■ngara,
beri g■ng ingkang tinitir,
suwara pating barekik,
samya r■mp■g aj■ngipun,
sampun karsaning Sukma,
wadya Kartasura sami,
langkung gila aningali dhateng Cina.

Pan sar■ng tin■mpuh nulya,
laj■ng geger kuwur sami,
tan ana purun lawana,
mundur mapan denc■gati,
mring Den Pringgalayeki,
dadya kathah ingkang n■mpuh,
saking jrih marang Cina,
nulya kinen natas aglis,
ingkang sasak dadya wong ing Kartasura.

Kathah p■jah kentir toya,
Cina laj■ng lampahneki,
Den Dipati Pringgalaya,
nitih kuda denc■m■thi,
nand■r p■laj■ngneki,
wong ing Kartasura mawur,
miwah putra s■ntana,
samya ngr■bat anak rabi,
Sri Nalendra langkung kaget manahira.

Ingkang Cina pan meh prapta,
ing alun-alun puniki,
Mayor Hundur kang winarna,
langkung kaget ing tyasneki,
laj■ng m■pak kump■ni,
ing sawont■n-wont■nipun,
naming satus punika,
kinarya ngawali jurit,
nanging m■ksa Cina golong p■ngamuknya.

Kumpeni datan kuwawa,
pan saking karoban tandhing,
s■daya wong Kartasura,
wus mawut tan ana kari,
Mayor Hundur anuli,
lan Raden Pringgalayeku,

angr■bat mring Sang Nata,
kalih w■las jalan kaki,
Sri Nalendra laj■ng ingaturan lolos.

K■langkung dennya kas■sa,
kathah kang katilar iki,
sagunge ingkang pusaka,
nanging putra lan garweki,
Cina wus ng■pung sami,
dadya miyos banon gugrug,
kang jalan kaki lolos,
saangsal-angsal ngawali,
kang lumampah aneng wurine Nalendra.

Sampun l■pas lampahira,
Sunan Kuning kang winarni,
pan sampun lum■b■t pura,
wus b■dhah ing Kartawani,
laj■ng ng■dhaton iki,
J■ng Sunan neng Kartapurun,
ingkang Cina s■daya,
pan laj■ng ng■nggeni loji,
M■rtapura ng■nggeni ing Pringgalayan.

Mangun On■ng neng jro pura,
tunggil lawan Sang Aji,
pirang-pirang ingkang brana,
t■napi kang para s■lir,
miwah r■r■ksan sami,
ingkang kantun lan sang Prabu,
dadya katungkul samya,
kasukan J■ng Sunan Kuning,
lawan Cina Mangun On■ng Martapura.

Kawarna wong Kartasura,
kang samya lumayu ngungsi,
sagung kang putra s■ntana,
mapan r■but paran sami,
ana kang ngungsi ardi,
nging J■ng Pangran Behi iku,
angungsi mring S■marang,
kalawan kang rayi kalih,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi Sumayuda.

Kangj■ng Sunan kang winarna,
neng Surabaya gen ngungsi,

Mayor Hundur kang winarna,
utusan marang B■tawi,
n■dha bantu kumpni,
jendral ambantoni sampun,
gangsal atus W■landa,
wis prapta ing Surawesthi,
kang s■ntana punggawa kang samya prapta.

Nusul dhumat■ng J■ng Sunan,
wus p■p■k wong Kartawani,
Mayor lawan Pringgalaya,
Kangj■ng Sunan denaturi,
kondur mring Kartawani,
laj■ng n■mbang t■ngareku,
budhal sing Surabaya,
mayor kang dadya p■ngarsi,
lawan para up■sir saprajuritnya.

Datan winarna ing marga,
Kartasura sampun prapti,
laj■ng kaget bala Cina,
katungkul amupu sami,
miwah Martapureki,
Mangun On■ng langkung kuwur,
at■napi J■ng Sunan,
Kuning laj■ng lolos nuli,
Martapura Mangun On■ng r■but paran.

Kang Cina pan sampun t■las,
pinatenan mring W■landi,
Sunan Kuning kang winarna,
sampun karsaning Yang Widi,
binujuk t■ka gampil,
mring Walanda kenging sampun,
bin■kta dhat■ng sabrang,
s■mana ing tanah Jawi,
langkung risak kawarna ing Kartasura.

J■ng Sunan Mangkubuwana,
mapan samya den parabi,
Sunan Kombul mring wong kathah,
m■ngkana nuju nimbali,
kang raka Pangran Behi,
lawan kang rayi sedarum,
wus p■pak munggeng ngarsa,
pan samya tinari kardi,

Sokawati kanggenan mring Martapura.

K■langkung ag■ng barisnya,
sapa kang kaduga iki,
ngr■but banjur denprentahi,
umatur Pangran Ngabehi,
kados tan wont■n malih,
lyan pun adhi puniku,
Mangkubumi punika,
Kangj■ng Sunan ngandika ris,
paran sira dhimas Mangkubumi ika.

Apa ta sira kaduga,
angr■but ing Sokawati,
Kangj■ng Pangran aturira,
yen wont■n karsa Sang Aji,
sandika anglampahi,
nanging pangestu pukulun,
Sri Nalendra angandika,
iya adhi sunidini,
muga sira adhimas oleha karya.

Nulya ngab■kti J■ng Pangran,
wus lengser saking ngarsi,
s■daya putra s■ntana,
mapan sampun kondur sami,
J■ng Pangran Mangkubumi,
mapan laj■ng mangkat sampun,
dhumat■ng Sokawatya,
k■lawan sawadyaneki,
tan winarna marga Sokawati prapta.

Laj■ng pin■thuk ing yuda,
langkung ramening ajurit,
sampun karsaning Yang Sukma,
Ki Martapura puniki,
w■ntisira kababit,
marang Kalataka iku,
gennya nyum■t priyangga,
mapan laj■ng lampahneki,
wus kar■but ing Sokawati s■daya.

Dhumat■ng Kangj■ng Pangeran,
Mangkubumi kondur nuli,
wau dhat■ng Kartasura,
laj■ng sohan mring Sang Aji,

katur sasolahneki,
J■ng Sunan ngandika arum,
ya adhi suntarima,
tulusa sira duweni,
Sokawati adhi sira kang parentah.

M■ngkana pan sampun lama,
Edler maring Kartawani,
ginub■l mring Pringgalaya,
kinen mundhut Sokawati,
Edler mapan nuruti,
Sokawati wis pinundhut,
dhumat■ng Kangj■ng Pangran,
nanging sewu ingkang m■ksih,
Kangj■ng Pangran langkung gennya l■nggana.

Nanging Edler k■dah m■ksa,
Kangj■ng Sunan anjurungi,
mring kaj■nge Edler ika,
dadya Pangran Mangkubumi,
langkung gr■rahing galih,
dalu nulya lolos sampun,
lawan sagarwa putra,
dhumat■ng ing Sokawati,
Kangj■ng Sunan anr■ka dhat■ng kang raka.

Kangj■ng Pangeran punika,
Ngabehi ingkang ngajani,
nulya cin■p■ng kang raka,
binucal mring sabrang iki,
dadya s■ntana sami,
langkung giris manahipun,
dadya lolos s■daya,
tan ana kantun sawiji,
lawan Raden Suryakusuma pan kesah.

Langkung bedru tanah Jawa,
sagunging santana sami,
wont■n nunggil mring kang raka,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi,
wont■n mawat pribadi,
dhumat■ng ing Gunung Kidul,
nging cin■ndhak kewala,
langkung risak tanah Jawi,
duk j■n■nge J■ng Sunan Kombul punika.

Pan lama denira yuda,
yang-uyanging tanah Jawi,
kumpni pan kathah p■jah,
m■sah Pangran Mangkubumi,
dadya tinulung iki,
gurnadur utusan sampun,
pinalih tanah Jawa,
J■ng Sunan narima iki,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi wus narima.

Dadya k■kalih punika,
tanah Jawa kratoneki,
tanah Pajang lan M■ntaram,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi,
ingkang aneng M■ntawis,
ing Ngayogya nagrenipun,
an■nggih jujuluknya,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi,
Kangj■ng Sultan Mangkubuwana katiga.

Ing Kartasura winarna,
mapan iya sampun ngalih,
k■dhaton win■stan Sala,
J■ng Sunan Kombul winarni,
seda mapan wus lami,
sinare Nglangkungan iku,
ingkang putra gumantya,
Kangj■ng Pangeran Dipati,
aj■juluk J■ng Sunan Mangkubuwana.

An■nggih kaping s■kawan,
Pangan Bintara kawarni,
ngapusan laj■ng binucal,
dhumat■ng ing sabrang nuli,
nging Suryakusumeki,
langkung prakosa prangipun,
mapan wus salin nama,
Kangj■ng Pangran Mangkunagri,
pan tinulung mring J■ng Sunan Surakarta.

M■ngkana sampun waluya,
ing tanah Jawa puniki,
kawarna ing Ngayogya,
Kangj■ng Sultan kang ngr■nggani,
pan dr■man sugih siwi,
putra-putri mapan iku,

nging kang putra kewala,
punika ingkang winarni,
namanira J■ng Pangran Ngabehi.

Nulya J■ng Pangran ika,
Dipati arinireki,
Pangran D■mang aranira,
nulya Pangran Dipasanteki,
mapan arine malih,
Pangran Natakusumeku,
lan Pangran Sumayuda,
Pangran Hadiwijayeki,
nulya Pangran Harya Panular arinya.

Pangran Mangkukusuma,
Pangran Hadikusumeki,
nuli Pangran Dipasana,
Pangran Danupaya nuli,
Pangran Balitar iki,
Pangran Santakusumeku,
Pangran Dipawijaya,
p■patihira Sang Aji,
Raden Yudan■gara nagri Toyamas.

Pinundhut kinarya patya,
ingalih namanireki,
Raden Dipati Danurja,
p■ngulu Pikih Ibrahim,
katiga nunggal kapti,
ratu patih lan pangulu,
marma nagri Ngayogya,
k■langkung arjanireki,
patih j■ro n■nggih Kyahi Sindurja.

W■dana mancan■gara,
Rahaden Rangga puniki,
an■nggih Prawiradirja,
k■langkung keringaneki,
mring praja kanan kering,
an■nggih ingkang winuwus,
Kangj■ng Pangran Dipatya,
kang putra diwasa sami,
ingkang s■puh an■nggih pinaringan nama.

Wau dhumat■ng kang eyang,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi,

nulya Pangeran Pan■ngah,
Pangran Martasona nuli,
Pangran Pamot kang rayi,
Pangran Pringgalaya iku,
nulya Pangran Riya M■nggala,
nulya Pangran Singasari,
kang waruju nama Pangran Anem ika.

Dene ingkang kinasiyan,
dhumat■ng kang eyang iki,
nanging Pangran Mangkubumya,
langkung kr■ta Ngayogyaki,
Kangj■ng Sultan winarni,
pan dumugi yuswanipun,
m■nangi buyut ika,
Kangj■ng Pangran Mangkubumi,
dr■be putra jalu sar■ng baturira.

Ing tahun ■be punika,
wulan Mukharam nujoni,
tanggal ing wolu kang dina,
Jumungah Wage puniki,
Alip ingkang lumaris,
Kulawu mapan anuju,
w■ktu saur babarnya,
J■ng Sultan ngaturan uning,
langkung suka kang buyut pinundhut nulya.

Kangj■ng Ibu ingkang b■kta,
prapta ngarsanya Sang Aji,
pinarak Prabay■ksa,
pan laj■ng ngiling-ilingi,
J■ng Sultan ngandika ris,
Bok Ratu Buyutireku,
besuk wruhanira,
wus karsaning Yyang Widi,
pan pinasthi iya karya lampahan.

Pan iku luwih lan ingwang,
rusake W■landa benjing,
w■kasan walahualam,
marma Bok Ratu denb■cik,
mamong buyutireki,
pan mituhu Kangj■ng Ratu,
marma tan kenging pisah,
lan kang wayah buyut iki,

pan m■ningi tigang taun ingkang yusya.

Kondurnya mring rahmatolah,
J■ng Sultan Mangkubuwaneki,
an■nggih kang kaping tiga,
nulya kang putra gumanti,
Kangj■ng Pangran Dipati,
jum■n■ng Sultan puniku,
n■nggih Mangkubuwana,
kaping s■kawan puniki,
ingkang putra Pangran Mangkubumi nulya.

Jum■n■ng Pangran Dipatya,
Pangran Pringgalaya nuli,
pan ing■lih namanira,
Pangran Mangkudiningrati,
Pangran Anem pinaring,
nama Mangkubumi iku,
dadya luwih ing putra,
mapan ya iku k■kasih,
kang s■ntana mapan kalih l■lurahnya.

Kangj■ng Pangran Ngabeika
lan Pangran Natakusumeki
Kangj■ng Ratu G■ng winarna
pan asring s■layaneki
lan kang putra pribadi
dadya mutung adhudhukuh
babad kang ara-ara
mapan laj■ng dendal■mi
t■bihira saking nagri ing Ngayogya

Mapan lampahan sa■jam
m■ngkana pan sampun dadi
win■stanan T■galr■ja
kang wayah buyut tan keri
Kangj■ng Ratu winarni
pan t■tanen r■m■nipun
sinambi lan ngibadah
kinarya namur puniki
lampahira gen brangta marang Yang Sukma

Kang buyut tan kenging pisah,
sinambi winulang iki,
langkung k■rta T■galr■ja,
mapan kathah tiyang prapti,

samya angungsi t■dhi,
ingkang santri ngungsi ngelmu,
langkung rame ngibadah,
punapa dene wong tani,
■n■ng■na kawarnaa ing Ngayogya.

Raden Dipati Danurja,
lawan Ki Pangulu iki,
P■kih Ibrahim punika,
lan Kiyai Sindurjeki,
Raden Rangga pan sami,
Prawiradirja puniku,
mantuk mring Rahmatollah,
taruntunan datan lami,
lan J■ng Sultan dadya s■pi ing Ngayogya.

Kangj■ng Sultan nulya karya,
p■patih wayahireki,
Raden Dipati Danurja,
Tum■nggung M■rtan■gari,
jinunjung namaneki,
Raden Dipati puniku,
nunggak s■mi Danurja,
Raden Rangga kang g■ntosi,
ingkang wayah pan inggih kados kang eyang.

Anama Prawiradirja,
Ki Sindurja kang g■ntosi,
Raden Tum■nggung ika,
Sumadiningrat kang siwi,
Sindurja nora dadi,
nanging m■ksih namanipun,
Ki Pangulu punika,
an■nggih ingkang g■ntosi,
Lurah Suranata n■nggih namanira.

Muhamat Sapingi ika,
punggawa tiga pan sami,
k■mantu mring Sri Narendra,
Raden Sumadiningrat iki,
Ratu B■ndara n■nggih,
Raden Dipati puniku,
Ratu Angger kang nama,
Raden Rangga kang pinaring,
kang w■ruju Kangj■ng Ratu Madur■tna.

Katiga samya nemira,
dene karsanya Sang Aji,
pan langkung sangking kang rama,
t■napi punggawa katri,
maksiyat carub sami,
kalawan agamanipun,
Ki Pangulu m■ngkana,
kabeh wong Ngayogya sami,
ag■ng alit awis ingkang lampah nyata.

J■ng Ratu Ag■ng winarna,
langkung susah ingkang galih,
asung peling tan gin■ga,
mring kang putra wayah sami,
dadya angl■s sireki,
dhasar wancine wus s■puh,
J■ng Ratu ingkang driya,
kondur mring Rahmatollahi,
T■gal Arja kang wayah buyut gumantya.

Kangj■ng Pangran Dipatya,
pan t■tiga putraneki,
kang sampun samya diwasa,
Pangran Dipan■garaki,
Pangran Adin■gari,
Pangran Suryabrangta iku,
kang m■ngku T■gal Arja,
g■ntosi kang eyang suwargi,
Kangj■ng Ratu Pangeran Dipan■gara.

Nanging wus karsaning Sukma,
Pangran Dipan■garaki,
k■dah momori kang eyang,
buyut mapan karsaneki,
r■m■n agami,
dadya s■laya iku,
lan kang eyang J■ng Sultan,
dadya awis sowaneki,
nging Gar■b■g punika kang p■sthi ana.

S■prandene k■dah m■ksa,
ngalam dosa ag■ng alit,
saking jrih dhat■ng kang eyang,
t■napi dhat■ng sudarmi,
nanging kang tyas pribadi,
nging agama r■m■nipun,

m■ngkana T■gal Arja,
langkung duk kang yang swargi,
kang ngibadah t■napi kathahing tiyang.

Miwah ingkang w■wangunan,
s■daya sampun wus salin,
Kangj■ng Pangran namanira,
lamun al■lana iki,
n■nggih Seh Ngabdulrahim,
k■lamun aneng prajagung,
Pangeran Dipanagara,
dadya anama k■kalih,
ingkang yuswa sampun kalih dasa warsa.

Nanging p■kar■mannya,
ingkang denlampahi,
m■ngkana esthining driya,
ing siyang k■lawan latri,
sapira neng donyeki,
dadya kar■m ing ...,
marang purbaning Sukma,
nanging sipat ngaral m■ksih,
asring kenging kagodha dhat■ng wanodya.

Yen eng■t tyasira,
marang w■kasan dumadi,
dadya eca al■lana,
anjajah sakehing m■sjid,
mapan tunggil lan santri,
kang kathah-kathah puniku,
langkung amati raga,
angag■m kang sarwa langip,
milanira awis jalma kang uninga.

Lamun iku kawuningan,
dhumat■ng guruning santri,
Seh Dulrakim nulya kesah,
nanging ingkang denkar■mi,
tunggil lan santri alit,
lan kang samya nisthanipun,
anging pondhok punika,
marmanipun ngalih-ngalih,
lamun bos■n p■santren ngalih mring wana.

Gunung jurang parang guwa,
tr■kadhang urut pasisir,

kalamun wulan Ram■lan,
ngujalat guwa ingkang s■pi,
m■ngkana kang winarni,
aneng Song Kamal panuju,
Seh Ngabdulrakhim ika,
linggih neng jro guwa iki,
lingsir dalu cobaning Yyang nulya prapta.

K■langkung awarna-warna,
coba ingkang andhat■ngi,
Seh Ngabdulrahim s■mana,
wus tan d■rbe tingal kalih,
nanging marang Yang Widi,
wus musna coba s■darum,
nulya ana kang prapta,
jum■n■ng ngarsanireki,
kang wong priya cahyanya sawang purnama.

Aw■sta Sang Jatisukma,
say■ktine Sunan Kali,
Seh Ngabdulrahim s■mana,
c■ng■ng denira ningali,
nulya ngandika aris,
eh Ngabdulrahim sireku,
wus pinasthi Yyang Sukma,
lamun sira iku benjing,
dadya ratu iring-iring nulya musna.

Nulya musna Sang Pandhita,
pupungun Seh Ngabdulrahim,
k■langkung g■g■tunira,
dene tan ngantos ngab■kti,
enjing nulya lumaris,
lampahnya pan jujur gunung,
tan ngetang pringga laya,
salira wus tan katolih,
kang aesthi amung sihira Yang Sukma.

Nusup-nusup lampahira,
mudhun jurang minggah ardi,
tan ana ingkang sin■dya,
langkung liwung ing tyasneki,
lamun sayah lumaris,
sare sa■nggen-■nggenipun,
m■ngkana sampun prapta,
ing B■kung Seh Ngabdulrahim,

laj■ng kend■l ngantos angsal pitung dina.

Seh Ngabdulrahim wus t■dhak,
dhumat■ng Masjid Magiri,
pan arsa salat Jumungah,
mapan nuju samya prapti,
sagung kang juru kunci,
pan arsa salat s■darum,
kagyat samya tumingal,
tan pandung mring gustineki,
pan kumrubut samya tur salam s■daya.

Sabakdanira Jumungah,
sagung ingkang juru kunci,
mapan laj■ng samya kurmat,
ing sagadhah-gadhahneki,
dadya nyare saw■ngi,
ing Masjit Jimatan iku,
enjing anulya mangkat,
Seh Ngabdulrahim lumaris,
tut lepen ika laj■ng minggah arga.

Prapta ing Guwa Seluman,
laj■ng anyare saw■ngi,
enjing anulya lumampah,
nut tirah-tirahing ardi,
m■ngkana sampun prapti,
Seh Ngabdulrakim puniku,
Guwa Sigala-gala,
anulya dipunl■b■ti,
kalih dalu nyare neng Sigala-gala.

Enjang anulya lumampah,
laj■ng am■d■ kang wukir,
Guwa Langse kang sin■dya,
dirgama wus tan kaesthi,
Guwa Langse lampahipun,
Seh Ngabdulrahim nulya,
neng ngriku amati ragi,
aw■tara neng guwa sat■ngah candra.

Ang■ningak■n kang tingal,
wus sirna sagung kaeksi,
Seh Ngabdulrahim s■mana,
nging kantun rum■kseng urip,
urip rum■kseng dhiri,

dhiri wangsul urip sampun,
kang urip kaya-kaya,
sampun tan k■na winuning,
kawarnaa ingkang ngadhaton samodra.

Ratu Kidul sampun prapta,
neng ngarsa Seh Ngabdulrakim,
mapan padhang jroning guwa,
nging J■ng Ratu wus udani,
lamun Seh Ngabdulrakim,
lagya suwung ciptanipun,
datan kenging ginodha,
dadya umatur ubanggi,
lamun benjang prapteng mangsa badhe prapta.

Nanging Seh Ngabdulrakima,
miarsa datan ningali,
Ratu Kidul sampun musna,
m■ngkana Seh Ngabdulrahim,
wus ucul tingalneki,
mantuk bangsa sariyahipun,
enjing nulya tum■dhak,
dhumat■ng Parangtaritis,
laj■ng siram anare Parangkusuma.

Pit■kur sendhean sela,
layap-layap miarseki,
suwara mapan m■ngkana,
eh ya ta Seh Ngabdulrakim,
ngaliya araneki,
Ngabdulkamit ta sireku,
lan maneh ingsun warah,
kurang t■lung taun iki,
ing bubrahe iya n■gara Ngayogya.

Mapan wus karsaning Sukma,
wiwit bubrah tanah Jawi,
iya kurang t■lung warsa,
lawan sira iku benjing,
mapan iya wus pinasthi,
dadi l■lakon ing besuk,
ingsun aweh pratandha,
marang sira Ngabdulkamit,
panah Sarutama iki sira goa.

Lan maneh w■w■kas ingwang,

marang sira Ngabdulkamit,
lan poma sira den-yitna,
lamun luput iku benjing,
ramanira tan dadi,
nanging ta w■w■kasingsun,
Ngabdulkamit mring sira,
yya g■l■m sira kinardi,
ya Pangeran Dipati marang W■landa.

Mapan wus p■sthi duraka,
nanging ta ramanireki,
Ngabdulkamit jaganana,
olehnya jum■n■ng aji,
tan ana malih-malih,
nanging sira srananipun,
mapan iku tan dawa,
nanging kinarya l■luri,
Ngabdulrahim wus poma sira muliya.

Byar wungu padhang tingalnya,
tan ana jalma tan angling,
laj■ng ningali g■gana,
wont■n cumlorot lir thathit,
dhawah ngarsanireki,
tumanc■b ing sela iku,
n■nggih Ki Sarutama,
mapan wus pinundhut nuli,
byar raina Seh Ngabdulkamit lumampah.

Kinandhut Ki Sarutama,
pan laj■ng urut kikisik,
kend■l aneng ing Sawangan,
sak■dhap nulya lumaris,
prapta Nglipura iki,
ing Sela Gilang puniku,
nyare s■dalu nulya,
enjing pan laj■ng lumaris,
prapta Guwa S■cang kend■l J■ng Pangeran.

Anyare s■dalu ika,
enjing pan laj■ng lumaris,
kondur marang T■gal Arja,
m■ngkana pan sampun prapti,
laj■ng denbusanani,
Ki Sarutama puniku,
rineka cundrik ika,

■n■ngna ingkang winarni,
ing Ngayogya langkung kathah kang bicara.

Oprup mapan salin nama,
minist■r ing namaneki,
Engglar namaning W■landa,
lawan l■nggah jajar sami,
lan Kangj■ng Sultan iki,
lawan mawi songsong iku,
pan iku datan lama,
nulya Gurnadur ng■jawi,
nulya Jendral Dhandhl■s namanira.

Sampun prapta Surakarta,
yun laj■ng mring Ngayojeki,
Kangj■ng Sultan datan arsa,
sabab dereng wont■n iki,
adat kang dhingin-dhingin,
Jendral ng■jawi puniku,
s■najan ng■jawia,
pan nanging kend■l S■mawis,
s■tun t■bih mapan kend■l Salatiga.

Nanging Jendral k■dah m■ksa,
genira ayun udani,
w■kasan dadya s■laya,
sagung wong Ngayogya sami,
kinen busana jurit,
sampun sum■kta s■darum,
Den Dipati Danurja,
lan Raden Rangga t■napi,
pra punggawa kang agung-agung s■daya.

Kang jawi dherek s■daya,
dhumat■ng Raden Dipati,
mapan kinen mangsul■na,
lampahe Jendral puniki,
K■lathen sampun prapti,
tan adangu Jendral rawuh,
umiyat wong Ngayogya,
am■p■ti lurung sami,
dadya kewran Jendral pan kirang sum■kta.

Laj■ng lum■b■t kewala,
mring Loji Jendral puniki,
Raden Dipati Danurja,

lan Raden Rangga t■napi,
sagung kang pra dipati,
tumut mal■b■t s■darum,
laj■ng samya tabeyan,
kalawan Jendral anuli,
abicara Jendral dados manahira.

Pan laj■ng wangsul kewala,
mantuk dhumat■ng S■mawis,
m■ngkana pan lama-lama,
saya kathah bicareki,
nanging Raden Ranggaki,
ingkang tansah dados catur,
m■ngkana tumpa-tumpa,
Den Rangga ingkang pr■kawis,
mapan asring denundang dhat■ng S■marang.

Den Rangga Prawiradirja,
nanging wus prayitna galih,
ingkang tyas pan wus uninga,
lamun dipunp■ngarahi,
dhumat■ng ing Kumpni,
dadya tan p■gat puniku,
langkung prayitneng baya,
m■ngkana mapan wus lami,
Jendral m■ksa ayun uninga Ngayogya.

Wus dadya ingkang bicara,
m■ngkana ingkang winarni,
Kangj■ng Pangeran Dipatya,
ingkang putra dentimbali,
Pangeran Dipan■gari,
sampun prapta ngarsanipun,
Kangj■ng Pangeran Dipatya,
mapan angandika aris,
lah ta kulup payo padha andum karya.

Wong ing Kadipaten ika,
kang padha dadi prajurit,
kabeh iku sira rehna,
pan sewu cacahe iki,
dene ingkang ngiring mami,
tumbak k■nc■ngireki,
mangsa bodhowa sireku,
pan ingsun kang bicara,
dene ingkang ngiring mami,

nging kariya Ngampilan Suranata.

K■lawan Truna Asmara,
ponakawan gam■l iki,
ingkang sunc■k■l priyangga,
lawan adhinira kalih,
dadya kanthinireki,
sandika Pangran turipun,
anulya tinimbalan,
ingkang w■dana prajurit,
namanira Rahaden Wiryapuspita.

Lawan Den Jayaminarsa,
wus pinaringk■n iki,
mring Pangran Dipan■gara,
m■ngkana pan datan lami,
lan Jendral praptaneki,
Kangj■ng Pangran Dipatyeku,
am■thuk mring Kalasan,
dene ingkang jaga westhi,
ingkang putra Pangeran Dipanagara.

Lawan kang rayi kalihnya,
Pangran Adin■gareki,
lan Pangeran Suryabrangta,
lawan w■dana kalih,
ingkang dados pangarsi,
m■ngkana sampun kap■thuk,
lan Jendral neng Kalasan,
Kangj■ng Pangeran Dipati,
mapan l■nggah sak■dhap anulya mangkat.

Kawarnaa Kangj■ng Sultan,
kang m■thuk neng Gawok iki,
m■ngkana pan sampun panggya,
lan Jendral Dand■l■s nuli,
l■nggah sak■dhap iki,
anulya budhalan kondur,
dhat■ng nagri Ngayogya,
lan Jendral pan sampun prapti,
mapan kathah bicara kang nora dadya.

Duk s■mana ing Ngayogya,
mapan lagya m■mp■ngneki,
sagung kang putra s■ntana,
lawan kang para dipati,

m■ngkana Jendral iki,
mapan m■nggah kaj■ngipun,
kang prajurit s■daya,
kal■b■t mancan■gari,
ing Ngayogya s■dasa ewu pan samya.

Sawangnya lagya gumbira,
kajawi pangr■mbeneki,
anging Jendral ing tyasira,
kang dinugi b■ngkalahi,
Rahaden Rangga iki,
Prawiradirja Madiyun,
dadya mantuk kewala,
akarya karenah malih,
Raden Rangga kang ingangkah kengingira.

Kangj■ng Sultan kang winarna,
Rahaden Rangga puniki,
pan kalilan mantuk ika,
lan sagung Mancan■gari,
kawarna sampun prapti,
Rahaden Rangga Madiyun,
sampun karsaning Sukma,
J■ng Ratu Madur■tneki,
babar laj■ng seda konduran punika.

Sinare ing Giripurna,
Rahaden Rangga puniki,
tumut aneng pakuburan,
raina w■ngi anangis,
mapan ngantos alami,
saya wuwuh driyanipun,
m■ngkana ing tyasira,
angur meluwa ng■masi,
datan sag■d yen t■ksih kantun neng dunya.

Dadya dilalah karsaNya,
kabeh luput denandh■mi,
m■ngkana ingkang winarna,
Jendral mapan sampun dadi,
r■mbag lan Den Dipati,
nulya katur suratipun,
dhumat■ng Sri Nalendra,
anuhun Den Rangga iki,
pan ingundang ing Jendral dhat■ng S■marang.

Dilalah karsaning Sukma,
Kangj■ng Sultan t■ka gampil,
pan iku kang dadya marga,
rusake Ngayogya iki,
Den Rangga dentimbali,
wus sowan s■balanipun,
pan sewu win■tara,
nanging Den Rangga tyasneki,
nanging m■ksih asmara dhat■ng kang swarga.
Mapan laj■ng dendhawuhi
Den Rangga Prawiradirja
kalamun ingundang mangko
mring Jendral dhat■ng S■marang
m■ngkana ing tyasira
ingkang gumantung ing kalbu
J■ng Ratu Madur■tna
M■ngkana esthining galih
Den Rangga Prawiradirja
yen ingsun nuruta bae
lumaku marang S■marang
iya lamun palastra
kalamun tan mati ingsun
dadya and■dawa brangta
Baya ngur muliha mami
aluru d■dalan apa
saprandene awakingong
neng dunya wus nora bisa
iki dalan utama
sun anusul Kangj■ng Ratu
m■ngkana ing dalu nulya
Kang wadya wus dendhawuhi
mantuk mring Madiyun nulya
budhal dalu dennya bolos
kalawan sawadyanira
Den Dipati Danurja
wus ngaturi priksa iku
dhumat■ng Sri Naranata
Miwah dhumat■ng ing loji
mring Minist■r suw sung wikan
nulya karya surat age
kinintu(n)k■n marang Jendral
ingkang aneng S■marang
Kangj■ng Sultan kang winuwus

sak■langkung dukanira
Ingkang tinuding nututi
w■dana j■ro punika
Raden Purwadipurane
lan Pangran Dipakusuma
punika ingkang jaba
lan Raden Pringgalayeku
nging cin■ndhak carita
Rahaden Rangga puniki
pan sampun k■sambut yuda
ingkang belane kancane
Adipati K■padhangan
Raden Suman■gara
ingkang layon sampun katur
dhumat■ng Sri Naranata
Kawarna Jendral S■mawis
mapan sampun putusan
bantu mring M■ntaram mangko
m■ngkana pan sampun prapta
nanging tan angsal karya
Raden Rangga wus kapupu
nulya Pangran Natakusuma
Ingkang tin■rka ngajani
tin■dha sampun bin■kta
dhumat■ng B■tawi mangko
saicale Raden Rangga
n■nggih nagri Ngayogya
wus tan ana banthengipun
Jendral dugekk■n tyasira
Anulya dhat■ng M■ntawis
amb■kta sawadya kuswa
J■ng Sultan tan m■thuk mangko
langkung ayuda ing nala
m■ngkana sampun prapta
J■ndral ing Ngayogya iku
laj■ng mring loji kewala
Sampun karsaning Yyang Widi
J■ng Sultan ayuda karsanya
kang putra s■ntana kabeh
at■napi ingkang wadya
mapan sampun sum■kta
lamun kinarsa apupuh

ing tyas sampun kaduga
Nanging wus karsaning Widi
tansah ayuda kewala
m■ngkana ingkang winiraos
Jendral Dhandhl■s abicara
lan Raden Adipatya
Danurja ngaturan iku
Kangj■ng Sultan mal■b■ta
Inggih dhumat■ng ing ngloji
k■panggih alawan Jendral
J■ng Sultan tan arsa mangko
dadya langkung ayudannya
M■st■r Enggal lan Wabram
m■ngkana w■kasanipun
J■ng Sultan wakil kewala
M■st■r kalih aturneki
katiga Raden Adipatya
kalamun wont■n kaj■nge
Jendral punapa wus lila
Kangj■ng Sultan ngandika
iya mapan lila ingsun
marang si thole Dipatya
M■ngkana Pangran Dipati
wus ingiden kang rama
kinen manggihi jendrale
lan wus t■las w■lingira
nulya lengser sing ngarsa
lawan mister kalihipun
myang sagung putra s■ntana
T■napi kang pra dipati
lawan prajurit s■daya
sampun prapta ngloji mangko
nulya panggih lawan Jendral
Kangj■ng Pangran Dipatya
anulya inga(ng)kat sampun
jum■n■ng Sang Raja Putra
Nalendra parentah iki
mring sagunge wong Ngayogya
dadya Kangj■ng Sultan mangko
mapan kend■l am■gawan
nanging momong kewala
dhumat■ng kang putra iku
wus rampung ingkang bicara

Kangj■ng Raja kondur aglis
laj■ng sowan mring kang rama
wus katur saneskarane
enjangira Jendral nulya
dhumat■ng ing Kr■rajan
mapan laj■ng pamit mantuk
enjangira nulya budhal
Jendral Dhandhl■s mring B■tawi
datan lami kintun bintang
dhumat■ng j■ng rama mangko
pan sinami ag■ngira
lan bintange priyangga
Jendral Dhandhl■s puniku
nanging kantun mawi sela
Pan mung■l pratandhaneki
saking ing Raja W■landa
datan lami gantos mangke
Jendral Dhandhl■s punika
Jendral Jangs■ng punika
kawarnaa ing M■ntarum
laminya jum■n■ng ika
Kangj■ng Raja Ngayogyadi
Kangj■ng Sultan kang winarna
mapan kenging pabanguse
marang ingkang gadhah karsa
ingkang putra priyangga
Pangran Mangkudiningratku
lan Pangran Jayakusuma
Pangran Santawiryeki
J■ng Sultan mindhak s■kawan
putra kang diwasa mangko
k■s■puh Pangran Natabaya
anuli arinira
Pangran Slarong puniku
nuli Pangran Santawijaya
Pangran Jayakusumeki
punika ingkang taruna
dadya ewa ing manahe
Kangj■ng Sultan mring kang putra
Kangj■ng Raja Nalendra
pan kenging pangapusipun
dhumat■ng kang putra tiga

Pangran Mangkudingrati
punika kang gadhah karsa
nuhun mring kang rama mangko
jum■n■ng Pangran Dipatya
ingkang rayi kalihnya
Pangran Jayakusumeku
lan Pangran Santawijaya
Punika ingkang jagani
ing l■b■t garwa kalihnya
mapan ingkang mothahake
Kangj■ng Ratu Mas punika
lawan Ratu K■ncana
marma Kangj■ng Sultan iku
langkung em■ng ingkang driya
■n■ng■na Ngayogyeki
kang lagya samya kem■ngan
ing B■tawi winiraos
Jendral Jangs■ng pan tamuhan
an■nggih kang prangmuka
Jendral Inggris w■stanipun
Rapl■s■pe ingkang bala
Jendral Jans■ng atur tulis
marang Kangj■ng Raja Putra
nalendra nuhun bantune
mapan laj■ng binantonan
an■nggih kang lumampah
mapan Rahaden Tum■nggung
Danukusuma kalawan
Den M■nggung Danun■gari
Den M■nggung Wiryakusuma
dene ingkang l■b■t mangke
Rahaden Riya Sindurja
lan Raden Ranawijaya
mapan gangsal kang tum■nggung
sewu cacahe kang bala
Mapan dereng ngantos prapti
B■tawi pan sampun b■dhah
laj■ng baris srandhole
sagung kang wadya Ngayogya
neng Gembol Surakarta
pan l■stari kawonipun
W■landi Jendral binucal
Jans■ng ingkang angr■nggani

B■tawi Jendral Bot■mas
Rapl■s ingkang jujuluke
m■ngkana ingkang winarna
n■nggih nagri Ngayogya
Kangj■ng Sultan g■ng tyasipun
dene W■landa wus sirna
Mapan sampun salin Inggris
pan s■mana Kangj■ng Sultan
laj■ng arsa dhat■ngake
ingkang dadya d■l■ng ing tyas
m■ngkana sampun r■mbag
k■lawan putra kat■lu
s■kawan kang mantu Nata
Lawan ingkang ipe kalih
mapan punika sadaya
kang samya panas manahe
dhumat■ng Raden Dipatya
kang mantu namanira
Den Sumadiningrat iku
ipe ran Prawiranata
Prawiradiwirya iki
s■mana Raden Dipatya
mapan tinimbalan m■ngko
s■ngadinira pinirsa
Inggris ing kabarira
pan sampun prapta K■dhatun
cin■p■ng Raden Dipatya
Mapan laj■ng densedani
at■napi lan kang rama
Raden Danukusumane
m■ngkana ingkang winarna
Kangj■ng Raja Nalendra
mapan sampun tanpa bayu
dadya angl■s ingkang driya
Sagunging lawing kinunci
wadya Krajan s■dayanya
baris banjar andhap mangko
laj■ng kinen nimbalana
dhumat■ng ingkang putra
Pangran Dipan■gareku
dhumat■ng ing T■gal Arja
Kawarna T■gal Arjeki

Pangeran Dipan■gara
mapan tan amirsa wartos
kalamun nagri Ngayogya
n■nggih wetan punika
jinawil kang paman iku
n■nggih Pangran Natabaya
K■langkung kaget kang galih
lan watos dhat■ng kang rama
Kangj■ng Pangran nulya kinon
angambili ingkang turangga
sampun mapan anulya
tinitihan nand■r iku
datan mawi b■kta bala
Nanging lan game satunggil
neng marga kap■thuk nulya
lawan kang utusan mangko
ingkang rama Kangj■ng Raja
tan pantara wus prapta
ing banjar andhap puniku
Pangeran Dipan■gara
K■panggih sadaya sami
ingkang wadya Kangj■ng Raja
Pangran Dipan■garane
nimbali Den Jasantika
punika ingkang patya
Kangj■ng Raja kang pinuju
mapan wus salin ping tiga
Dene patih kang rumiyin
Ki Tum■nggung Wiraguna
nulya tilar s■puh mangke
nulya Mas Tum■nggung ika
n■nggih ing Sokawatya
K■rtadirja tilar s■puh
nulya Mas Tum■nggung Japan
Nging Mas Cakradipureki
tilar sakit marganira
kantun satunggal mangko
n■nggih Raden Jas■ntika
kaduk purun kewala
sing Mandura wijenipun
ingkang s■ntana priyangga
Marma laj■ng mad■g baris
saking prayitneng ing baya

pan laj■ng dinukan mangke
mring Pangran Dipanagara
pan kinen bubar■na
nging kantuna ingkang s■puh
lurah mantri lan w■dana
J■ng Pangeran nulya manjing
mring pan■pen ika
kang kori kinunci mangke
an■nggih ingkang t■ngga
Ki Rahmanodin lawan
Ki Mohamat Husen iku
sami lan sakancanira
Kaum lan suranateki
inggih laj■ng dinukan
kori kinen ng■ngakake
m■ngkana ingkang winarna
Kangj■ng Raja Nalendra
yun-yun■n ing praptanipun
wau dhumat■ng kang putra
Pan kinen mariksa nuli
wau dhat■ng Banjar Andhap
k■parak ingutus mangke
Rahaden Wiryapuspita
mangsuli aturira
mapan sampun rawuh dangu
laj■ng duka mring Ki Lurah
Sar■ng sampun andukani
laj■ng lum■b■t kewala
Amongs■mita pan age
wangsul matur mring J■ng Raja
laj■ng kinen madosa
mring ing pan■pen iku
J■ng Pangran nulya k■panggya
Mapan laj■ng dentimbali
wau dhumat■ng kang rama
tan pantara prapta mangko
Pangeran Dipan■gara
ngarsanya Kangj■ng Raja
ingawe laj■ng rinangkul
sarwi kum■mb■ng kang w■spa
Mapan ta mankono maning
Pangeran Dipan■gara

pan inggih medal w■spane
risampun tata kang driya
Kangj■ng Raja ngandika
ingsun kulup aweh w■ruh
pamanira Danur■ja
Ing m■ngko wus denpateni
iya marang eyangira
paran polahingsun mangko
lamun ingsun ingandikan
iya marang Kangj■ng Rama
apa ta ingsun lumaku
paran mangke r■mbagira
Pangran Dipan■gareki
mapan aris aturira
k■lamun s■dalu mangke
prayogi mopo kewala
Kangj■ng Raja ngandika
lamun m■ngkono kar■pmu
prajurit sira p■pakna
M■nawa eyangireki
k■bacut supe dukanya
iya marang ingsun mangko
nora wurung bandayuda
Pangeran Dipan■gara
wots■kar alon umatur
marma andangu kawula
Dadak mampir anyr■ng■ni
dhat■ng Paman Jas■ntika
pan sampun s■dhiya mangko
gung abdi dal■m s■daya
laj■ng amba kon bubarna
nging kantun kang samya s■puh
laj■ng mring pan■pen amba
Pan inggih m■kat■n sami
Kaki Rahmanodin lawan
Ki Muhamad Usman mangko
kaum lawan suranata
kancanipun s■daya
pan samya sum■kteng pupuh
kori sampun tin■t■gan
Laj■ng kawula sr■ng■ni
lan ingkang kori punika
amba ken bucal t■t■ge

mindhak karya salah nyana
Kangj■ng Raja duk mirsa
ature kang putra iku
dangu datan angandika
W■kasan ngandika aris
paran kulup kar■pira
ingsun nora duga mangko
sireki pan nanging juga
s■nadyan akulita
t■mbaga balung w■si iku
otot kawat sungsum g■gala
Mangsa ta k■lar iki
mungsuh paman-pamanira
mapan ta kaliwat akeh
Pangeran Dipan■gara
pan aris aturira
n■dyan w■waha malih punika
anging pangestu Paduka
Yen Kangj■ng Eyang upami
m■ksa dhat■ngk■n w■sesa
dhumat■ng Paduka supe
kapanggiha ing kawula
samya dentingala
sampun wont■n tumut-tumut
nulya Raden Jasantika
Mapan sowan tur up■ksi
lamun Den Sumadiningrat
lawan Bratakusumane
ingutus dhat■ng Sang Nata
Kangj■ng Raja Nalendra
mapan angandika arum
Dipan■gara yya lunga
Alingana wuri mami
sunundange uwakira
nulya tinimbalan age
ingirid Den Jas■ntika
sampun prapta ing ngarsa
Kangj■ng Raja ngandikarum
dika kang ngutus punapa
Raden M■nggung matur aris
ngutus maringi uninga
mring J■ng Rama Tuwan Katong

lan Paduka ingandikan
Kangj■ng Raja ngandika
gih Kakang andika matur
kawula ing sapunika
Nuhun punt■n J■ng Ramaji
mapan dereng sag■d sowan
tan s■keca awakingong
pun kakang dika matura
dhumat■ng Kangj■ng Rama
nulya Den Tum■nggung mundur
kalawan Brangtakusuma
Kangj■ng Raja ngandika ris
mring Pangran Dipan■gara
paran yen ngandikan ingong
maneh marang eyangira
Pangeran Dipan■gara
tur s■mbah anulya matur
kawula mapan sumangga
Kangj■ng Raja ngandika ris
b■cik ingsun yen ngandikan
ewuh tan sebaa mangko
kalawan ta adhenira
apa durung ana prapta
Pangeran matur wotsantun
mapan sampun samya prapta
Pan amba ken wangsul sami
pun adhi Hadin■gara
mapan amba t■mpahake
ngulatna dhat■ng pun uwa
pun adhi Suryabrangta
ngulatk■n paman puniku
Jayakusuma kang dadya
K■kalih raosing galih
m■ngkana mapan antara
wont■n kawan dina mangke
Kangj■ng Raja ingandikan
dhumat■ng Kangj■ng Sultan
Nyai Riya kang ingutus
nulya Kangj■ng Raja sowan
Tan kantun kang putra iki
kinen kend■l K■tangg■lan
J■ng Raja manjing K■dhaton
wus cundhuk lawan Sang Nata

J■ng Raja ngaras pada
pan samya kum■mb■ngipun
m■ngkana pan sampun l■nggah
Kangj■ng Sultan ngandika ris
wau dhumat■ng J■ng Raja
yya sira liru mangr■tos
marmane iku sunbuwang
benjang sapungkuringwang
wus sun duga iku kulup
makewuhi marang sira
Marmane ingsun pateni
pan ingsun iki wus tuwa
ing besuk sapa kang duwe
tinggalane eyangira
dadya samya pulihnya
ingkang tyas kalihanipun
nanging dereng karya patya
Wus tan ana walang ati
sab■n dina ingandikan
Kangj■ng Raja manjing K■dhaton
Pangeran Dipan■gara
mapan sampun kalilan
kundru mring T■gal Arjeku
m■ngkana pan nora lama
Kangj■ng Sultan kenging malih
saking ag■nging panggodha
eca mring kang putra mangko
m■ngkana ingkang winarna
Pangeran Suryabrangta
sowan mring kang raka iku
dhumat■ng ing T■gal Arja
Mapan atur kabar y■kti
ingkang warta sampun t■rang
dadya kum■pyur galihe
Pangeran Dipan■gara
m■ngkana kang winarna
ing dina Jumungah iku
Kangj■ng Sultan miyos salat
Kangj■ng Raja dherek iki
p■pak kang putra s■ntana
pan sab■n Jumungah mangko
Kangj■ng Sultan miyos salat

m■ngkana sampun lama
Kangj■ng Sultan ewahipun
dhat■ng J■ng Raja Nalendra
Sabakda Jumungah iki
Kangj■ng Raja mapan nulya
nimbali kang putra mangko
Pangeran Dipan■gara
lawan kang rayi ika
Pangran Pan■ngah iku
kang samya tinantun karya
Kangj■ng Raja ngandika ris
paran adhi pikirira
Kangj■ng Rama owah tyase
tan arsa ningali mringwang
dene p■ngrasaningwang
barang kinarsakk■n iku
sun adhi datan suwala
Kongsi cinacat wakmami
ingsun adhi mring W■landa
saking dene w■diningong
iya marang Kangj■ng Rama
Pangran Pan■ngah turira
kados bot■n mar■m tuhu
yen Paduka t■ksih nama
N■nggih J■ng Raja puniki
lan malih kang prentahan
J■ng Raja ngandika alon
apa adhi sun aturna
Pangran Pan■ngah turira
mapan langkung ew■dipun
yen Paduka angaturna
Inggih ing kalih prakawis
bot■n wande yen kapiran
Paduka ing nginakake
inggih dhat■ng pun W■landa
sawung m■dhot pondhongan
punika upamenipun
inggih dinam■l punapa
J■ng Raja ngandika aris
paran adhi kang prayoga
Pangran Pan■ngah ature
ingkang k■panggih kawula
sanajan denpundhuta

mapan lun k■kahi tuhu
nadyan prapta ing ngayuda
Mapan inggih lun lampahi
rumiyin sampun lila
lawan ingkang ngangkat mangko
inggih gupr■men W■landa
yen Paduka ajriha
pan W■landa sampun tamtu
ewa dhumat■ng Paduka
Kalamun laj■ng tinampik
kados pundi t■mahannya
kapint■n kalih-kalihe
s■nadyan banda ayuda
lawan rama Paduka
kang punika sababipun
kados nunt■n tinulungan
Dhat■ng Gupr■men puniki
sabab punika kang karya
J■ng Raja em■ng ing tyase
nulya nantun mring kang putra
Pangeran Dipan■gara
paran kar■pira kulup
apa nunggal pamanira
Yen upama durung nunggil
lah mara sira matura
Pangeran Dipan■garane
mapan aris aturira
pisah nunggil tyas amba
lan Paman Pan■ngah tuhu
sumangga Tuwan galiha
Upami sami satunggil
mapan awrat mring sudarma
lamun Kangj■ng Eyang y■ktos
p■putra dhat■ng Paduka
tan dalih mring kang liya
mapan punika satuhu
ingkang dados kancanira
K■nc■ng ing tyas amba y■kti
aluhung ingatur■na
s■nadyan silih pamine
dhumat■ng ing ngayuda
lamun nunggil sudarma

m■ngsah lan W■landa tuhu
mapan sae kang carita
Yen Paduka ngantos jurit
inggih kalawan J■ng Eyang
mapan amba tur say■ktos
k■nc■nge manah kawula
mapan dherek Kangj■ng Eyang
milane wont■n pukulun
pan inggih saking Paduka
Pan inggih m■kat■n malih
Paduka wont■n punika
sangking Kangj■ng Yang wijine
nanging kalamun J■ng Yang
tan galih putra liyan
nging punika mawenipun
aluhung ingatur■na
Mapan benjing dhat■ng pundi
inggih bapa dhat■ng anak
anak mring mring putu tan wande
kalamun luj■ng punika
pan amba mirsa warta
mapan inggih tr■rang sampun
saking adhi Suryabrangta
Kangj■ng Eyang sampun galih
suw■nge Pangran Dipatya
kang badhe kinarsakake
g■ntosi ... Paduka
lawan ingkang pasowan
pan Mangkudiningrat tuhu
sampun dados r■mbag samya
Nging kantun ng■ntosi Inggris
yen Paduka ng■kahana
kados kalangkung ew■de
pan Kangj■ng Yang tan sikara
dhat■ng nama Paduka
nanging karya jangk■pipun
inggih wicalan n■gara
Ratu mapan putraneki
n■nggih Pangeran Dipatya
m■kat■n samya r■mbage
Paduka wus nama raja
mapan raja kewala
dadya p■cah badhenipun

inggih n■gari Ngayogya
Lamun Paduka ng■kahi
datan wande banda yuda
langkung awon pocapane
lamun tan kin■kahana
mapan k■laj■ng benjang
marma amba kamipurun
aluhung ingatur■na
Mumpung dereng ngantos ugi
kaw■ntar mring tiyang kathah
lings■m tan punapa mangke
pan saking karsa Paduka
priyangga kang ngaturna
mapan wont■n tandhanipun
p■jahe Paman Danurja
W■landi bot■n nulungi
tur mindhak w■wah duraka
lawan awon pocapane
m■kat■n kadya Paduka
upami ng■kahana
kalawan ngaturna tuhu
mapan samya ew■dira
Upami benjang n■mahi
pinundhut salah sajuga
tan wande aprang t■mahe
s■nadyan silih pr■ranga
lamun kalih W■landa
Kangj■ng Yang p■putra tuhu
inggih dhumat■ng Paduka
Kant■nan rin■bat y■kti
tur mindhak angsal utama
lawan sae pocapane
m■ngkana Kangj■ng Raja Nalendra
karsa nurut putranipun
anulya aris ngandika
Paran adhimas sireki
umatur Pangran Pan■ngah
inggih lamun w■kasane
nanging kula punika
tan sag■d nglampahana
kados Anakmas puniku
pananging watos kawula

Wus padha mundura dhingin
nging Dipan■gara sira
kariya ana pan■pen
nulya mundur kalihira
n■nggih Pangran Pan■ngah
mapan sampun laj■ng kondur
nging Pangran Dipan■gara
M■ksih neng pan■pen iki
m■ngkana ta Kangj■ng Raja
Nalendra mapan wus kinen
n■nggih akarya nuwala
tan pantara wus dadya
nulya utusan puniku
animbali Nyai Riya
Suwanda S■ganda kalih
tan pantara sampun prapta
ngarsa ing Kangj■ng Raja ge
nulya J■ng Raja Nalendra
maringak■n nuwala
Nyai Riya kang ingutus
ngaturk■n marang Sang Nata
Tan pantara nulya prapti
Nyai Riya ngarsa Nata
kang surat wus katur mangke
dhumat■ng Sri Naranata
mapan laj■ng binuka
sampun sinukma ing kalbu
langkung suka Sri Nalendra
Enjang nulya dentimbali
J■ng Raja Putra Nalendra
dhumat■ng kang rama mangko
tan pantara nulya prapta
J■ng Raja ngarsa Nata
Kangj■ng Sultan nulya dangu
mring Kangj■ng Raja Nalendra
K■rna sira atur tulis
nyaosak■n saneskara
jaluk mulih lir maune
J■ng Raja Putra Nalendra
pan aris aturira
inggih saking l■pat ulun
rumiyin kenging r■ncana
Sar■ng sampun lami-lami

kados saru ingkang praja
m■ngkana sak■dhap supe
J■ng Sultan mring kang ubaya
garwa kalih myang putra
saking suka ing tyasipun
rinangkul Raja Nalendra
Ya wus eling anak mami
kalamun duwe wong tuwa
Kangj■ng Sultan anulyage
mapan kinen nimbalana
Raden Tum■nggung ika
Sumadiningrat prapta wus
lan Raden Prawiranata
Brangtakusuma lan carik
mapan laj■ng karya surat
mring loji paring wruh mangko
yen Kangj■ng Raja Nalendra
ngaturk■n kang pangwasa
t■napi lan naminipun
saking karsanya priyangga
Ingkang ingutus mring loji
Ki Sindunagara
lan Raden Tum■nggung mangko
Danun■gara punika
pan dereng karya patya
marma kaliwon kang ngutus
m■ngkana pan sampun prapta
Lan Minist■r Engglar panggih
mapan laj■ng win■rtanan
ingkang s■rat ijohane
lamun J■ng Raja Nalendra
nyaosak■n kang nama
lawan parentahanipun
wit saking karsa priyangga
Mapan wangsul nama lami
Kangj■ng Pangran Adipatya
kalawan ing pasowane
Mist■r langkung g■g■tunnya
tan sag■d mangsulana
ingkang surat mapan sampun
linaj■ngk■n marang Jendral
Nanging sampun salin Enggris

surat sinamur kewala
datan winangsulan ma(ng)ko
aw■tara pitung dina
J■ng Sultan nulya karya
p■patih Kyai Tum■nggung
Sindunagara punika
M■st■r mapan dentimbali
mapan sakit s■ngadinya
nging wakil Litnan kemawon
wus p■pak sagung kang seba
nuju Isnen kang dina
nulya miyos Sang Aprabu
nging Litnan lan juru basa
Ingkang dherek mring Sang Aji
l■nggah neng Sitinggil ika
Kangj■ng Pangran Dipatine
wangsul pal■nggahan lama
m■ngkana mapan nulya
Kangj■ng Sultan ngangkat sampun
mring Kyai Sindunagara
Mapan kinarya p■patih
anama Kyai Danurja
ng■streni kabeh ika
sagung kang putra s■ntana
lawan kang para punggawa
nanging Litnan datan purun
kalawan kang juru basa
Ajrih pan datan win■ling
dhumat■ng ing Minist■rnya
pan m■ngkana s■ngadine
nanging Kangj■ng Sultan ika
pan laj■ng karsanira
m■ngkana pan sampun rampung
P■patih Kyai Danurja
Anulya luwar Sang Aji
bubar sagung kang sewaka
Ki Adipati anulyage
lum■b■t mring loji ika
lan sagung pra dipatya
dene kang g■ntosi iku
anama Sindunagara
Putranira Ki Dipati
kawarna Pangran Dipatya

kang putra kalilan mangko
kondur marang T■gal Arja
Pangran Dipan■gara
datan lama praptanipun
Minist■r Jan Kr■p■t punika
Eglar sampun kesah nuli
lawan kang bala W■landa
kantun kang m■rdika mangko
dadya salin ingkang jaga
n■nggih nagri Ngayogya
Enggris lan S■pei iku
m■ngkana ingkang winarna
Kangj■ng Sultan mundhut iki
mring kang rayi praptanira
Pangran Natakusumane
wau lawan ingkang putra
Raden Tum■nggung Nata-
diningrat w■wangenipun
M■st■r n■nggih aturira
Jan K■rap■t anyagahi
mapan nulya kintun surat
Minist■r Kr■p■t mangko
mring J■ndral B■tawi ika
an■nggih namanira
Rapl■s Bot■rmas puniku
ingkang surat nulya prapta
Datan lama nulya prapti
Pangeran Natakusuma
mapan lawan putrane
Den M■nggung Natadiningrat
laj■ng katur Sang Nata
nulya tinimbalan sampun
Pangeran Natakusuma
Mapan laj■ng angab■kti
dhumat■ng Sri Naranata
lawan ingkang putra mangke
Tum■nggung Natadinigrat
mapan sasampunira
dumugi karsa Sang Prabu
kang rayi kinen kondura
Marang dal■mira lami
lan Raden Natadiningrat

m■ngkana winarna mangko
mapan saya kathah ika
n■nggih nagri Ngayoja
ingkang dados ruw■dipun
sangsaya kathah kang warta
At■napi sanggarunggi
lan jegal-jinegal samya
dadya tan karuwan mangko
ingkang amrih kaluj■ngan
mapan nagri Ngayogya
s■mana susah k■langkung
sagung kang putra santana
Miwah kang para dipati
mapan samya tat■pangan
sasukane dhewe-dhewe
m■ngkana Mancan■gara
ingkang g■ntosi ika
Raden Rangga sedanipun
Pangeran Dipakusuma
Mapan dados kalih iki
w■dana Mancan■gara
Dipati Baur■nane
Raden Prawiras■ntika
m■ngkana kang winarna
Kangj■ng Pangran Dipateku
mapan langkung kaw■las arsa
Sapraptanira puniki
Pangeran Natakusuma
sagung kang s■ntana kabeh
ajrih mring Pangeran ika
n■nggih Natakusuma
lawan kang tinantun-tantun
mring Kangj■ng Sultan punika
Marma s■ntana samyajrih
lawan malih sampun t■pang
lan Pangran Mangkudiningrate
lan Pangran Jayakusuma
sagah kinarya marga
lawan Inggris t■pangipun
Pangeran Natakusuma
Lawan Kangj■ng Sultan iki
s■mana pan wus pracaya
mring kang rayi jum■n■nge

Pangeran Mangkudiningrat
dadya tulus Sang Nata
kenging ing r■ncana tuhu
wus supe marang kang putra
Kangj■ng Pangran Adipati
m■ngkana ingkang pir■mbag
mapan lagya ngecakake
linorod lawan binuwang
wong Kadipaten samya
mapan alit manahipun
wont■n kang rayi kalihnya
Nama Pangran Mangkubumi
lawan Pangran Pan■ngah
kang raka k■langkung sihe
kang asring tinantun karya
sampun balik kalihnya
saking jrih kabar k■suwur
m■ngkana ingkang winarna
Pangran Dipan■gareki
datan arsa mirsak■na
mring sagunging w■rta kabeh
tan pantara nulya kesah
saking ing T■gal Arja
ngiwa marang guwa iku
ing S■cang namaning guwa
K■langkung prihatineki
watos dhumat■ng kang rama
pan m■ngkana pangesthine
Pangeran Dipan■gara
muga ta Kangj■ng Rama
pinaringana tyas emut
tuw■kal marang r■ncana
Lawan paran polah mami
lamun tan tinulungana
paran baya t■mahane
lamun prapta ing ngayuda
mapan bang■t sun wirang
s■pele ingkang rin■but
anak mungsuh lawan bapa
Dadya langkung tyasireki
Pangeran Dipan■gara
nging kang rama on■ng tyase

dadya datan medal-m■dal
aneng guwa kewala
n■nuwun marang Hyang Agung
waluyane ing Ngayogya
■n■ngna n■nggih kang winarni
mapan n■gari Ngayogya
k■langkung sur■m cahyane
Kangj■ng Sultan kawarnaa
arsa dugekk■n karsa
ingkang rayi sampun saguh
Pangeran Natakusuma
Mapan sampun angsal margi
Jan Kurap■t ing pudhakira
■ncik Amat k■kasihe
punika ingkang ing■bang
ingkang kinarya marga
sarta ing■bang Pangran puniku
Natakusuma yen dadya
N■nggih Pangran Adipati
Pangeran Mangkudiningrat
mapan kathah pang■bange
dhumat■ng ■ncik Amad ika
m■ngkanaa kang winarna
Kangj■ng Sultan lamun r■mbug
lawan kang garwa kalihnya
Ingkang asring angagol-agoli
kang ibu Pangran Dipatya
Ratu K■dhaton namane
m■ngkana pan bin■thekan
aneng ing dal■mira
datan kenging miyos iku
kawarna Pangran Dipatya
Mapan sampun mirsa warti
yen kang ibu kaw■las arsa
esmu bramatya manahe
laj■ng kinen nimbalana
dhumat■ng ingkang putra
Pangran Dipan■gareku
ing T■gal Arja tan ana
Laj■ng kinen ngupadosi
k■panggih neng Guwa S■cang
laj■ng lancaran lampahe
tan kondur mring T■gal Arja

mapan laj■ng kewala
saking kuwatosing kalbu
J■ng Pangran dhat■ng kang rama
Tan antara sampun prapti
ing Kadipaten s■mana
mapan nuju bakda Ngisane
Pangeran Dipan■gara
mapan laj■ng kwela
mal■b■t pan■pen iku
salat sampunira bakda
Mapan laj■ng dentimbali
Kangj■ng Pangran Adipatya
pinarak neng G■dhong Pangkeng
Pangeran Dipan■gara
pan sampun prapta ngarsa
Kangj■ng Pangran sar■ng dulu
wau dhumat■ng kang putra
Kum■mb■ng w■spanya mijil
Pangeran Dipan■gara
mapan ya m■ngkono maneh
risampunira atata
sakalihan kang driya
Kangj■ng Pangran Dipatyeku
mapan aris angandika
Paran ta kulup sireki
eyangira kaw■las arsa
kang lawang pin■p■t mangko
nora k■na yen manjinga
marang K■dhaton ika
margane m■ngkono iku
kulup iya eyangira
Pan gagawa ingsun y■kti
wus sun duga Kangj■ng Rama
marang ingsun sida supe
pratandha iku kewala
iya marang eyangira
paran ta kulup sireku
ingkang dadi kar■pira
Sarira ingsun pribadi
apa dene eyangira
mapaan wis war■g rasane
kulup kamukten neng donya

nadyan silih matiya
apan wus s■dh■ng nakingsun
nanging sira kaya ngapa
Lan adhi-adhinireki
paran baya polahira
m■ngkana Pangran duk anon
pangandikane kang rama
mapan ing tyas m■ngkana
marmaning ana wakingsun
iya t■ka Kangj■ng Rama
Kangj■ng Rama ana iki
iya t■ka Kangj■ng Eyang
nanging Kangj■ng Eyang mangko
mapan d■rbe putra liya
lan wayah pasthi ika
dadya ngad■g suranipun
Pangeran Dipan■gara
Anulya matur wotsari
wau dhumat■ng kang rama
yen m■kat■na karsane
Kangj■ng Yang y■ktos punika
supe dhat■ng Paduka
nging amba nuwun pangestu
sasag■d-sag■d kawula
Bilih m■nawi mar■ngi
wont■n pitulunging Sukma
Kangj■ng Pangran ngandikalon
ya kulup sakar■pira
sun amini kewala
dene ingsun iki kulup
mapan ya wus nora k■na
Yen meluwa bicareki
wus mangsa bodhowa sira
nadyan silih upamane
tum■ka lara palastra
ingsun melu kewala
lan tan d■rbe anak ingsun
saliyane nanging sira
Nanging adhinira siji
si bagus mangsa bodhowa
sun titip marang sira bae
bapa ing sakar■pira
ingsun pasrah kewala

Pangran Dipan■gareku
mapan aris aturira
Bilih mar■ngi Dewaji
anuhun pamit kawula
mantuk mring T■gal Arjane
d■rapon sampun kaw■ntar
dhumat■ng tiyang liyan
lawan malih amba suwun
pun Paman Jayasantika
Kenging kawula kanthi
nuya Raden Jayasantika
tinimbalan prapta age
mapan laj■ng dhinawuhan
wus t■pang kalihira
Kangj■ng Pangran Dipatyeku
wus pracaya mring kalihnya
Pangran Dipan■gareki
lan Raden Jayasantika
kalilan kalih wus lengser
saking ngarsane kang rama
londur mring T■gal Arja
dadya langkung r■pitipun
gung r■mbag tan wont■n nyana
Kangj■ng Pangran Adipati
tan owah pasowanira
m■ngkana winarna mangko
Den M■nggung Jayasantika
pan kinen lum■b■ta
mring Pangran Dipan■gareku
mring loji pan sampun panggya
Lawan Jan K■rap■t iki
dene kang kinarya marga
mring Den Jayas■ntikane
an■nggih kapitan Cina
pun Jingsing ingkang nama
nulya mr■telakk■n iku
Rahaden Jayas■ntika
Ing sanes karannya sami
punapa dene kang nama
Kangj■ng Raja Nalendrane
marma cinaosk■n ika
sabab kathah rubeda

Jan Kr■rap■t t■rang sampun
sagung kasturi Ngayoja
Pan samya suka r■neki
Jan Kr■rap■t dennya sobat
lan Den Jayasantikane
nanging langkung r■pitira
yen wis prapta ing wisma
laj■ng atur surat iku
dhumat■ng ing T■gal Arja
Mabarang bicara sami
mapan ajrih ngrampungana
Raden Jayasantikane
s■ngadi atur uninga
m■ngkana ingkang winarna
Jan Kr■rap■t mapan sampun
tur surat dhat■ng J■ng Sultan
Any■r■g mabarang iki
sagung ingkang karya susah
Kangj■ng Pangran Dipatine
m■ngkana wangsulanira
Kangj■ng Sultan punika
eh Yan Kr■rap■t sireku
aja ta asalah karya
Nadyan ingsun sr■ng■n iki
marang si thole Dipatya
mapan putraningsun dhewe
lan Ratu K■dhaton ika
garwaningsun priyangga
m■ngkana wangsulanipun
M■st■r lir yuda k■naka
Jan Kr■rap■t sar■ng mirsa
kang wangsulan Kangj■ng
Sultan puniki
kalangkung bramatyanipun
kang jaja lir medal dahananya
nulya malih karya iku
kang surat muni m■ngkana
dhumat■ng Kangj■ng Sang Aji
Yen tan kenging ingewahan
tanpa karya kawula jaga nagri
aneng Ngayogya puniku
punapa kinen jaga
asu gancet kimawon jaga

puniku
mapan amrih wiluj■ngnya
samya ecaning galih
Ing titiyang sanegara
dadya nurut J■ng Sultan
saaturneki
M■st■r Jan Kr■rap■t iku
nanging m■ksih kang driya
dennya ngangkah kang putra
panglungsuripun
m■ngkana pan datan lama
Jendral Rapl■s praptaneki
N■nggih n■gari Ngayogya
Kangj■ng Pangran Dipatya
m■thuk iki
aneng ing Kalasan iku
aneng Gowok Kangj■ng Sultan
nulya Jendral prapta ing
Kalasan iku
wus panggih Pangran Dipatya
laj■ng nitih kreta nunggil
Jendral lan Pangran Dipatya
neng jro kreta Jendral ngajak
ubanggi
sami nunggil kang reh tuhu
nanging Pangran Dipatya
kend■l tatanya uloni Jendral
iku
m■ngkana pan sampun prapta
ing Gowok Jendral wus panggih
N■nggih k■lawan J■ng Sultan
laj■ng mangkat tan arsa
nunggil n■nggih
Jendral nging piyambak iku
aneng ngaj■ng kang kareta
Kangj■ng Sultan lawan Mist■r
puniku
Kangj■ng Pangran
Dipatya
lawan Suk■taris Adim
Tan pantara sampun prapta
Loji K■bon kang pal■nggahan

iki
pan sampun tinata iku
kursi g■ng kalihnya
nging J■ng Sultan tan arsa
l■nggah puniku
k■dah dhampar ken ngaj■ngna
nging Jendral tan suka iki
Pan laj■ng s■layanira
Jendral Rapl■s nyandhak
kr■rangireki
ing p■dhang arsa denunus
Kangj■ng Sultan m■ngkana
kang curiga ingasta
landheyanipun
sagung kang putra santana
t■napi kang pra dipati
Pan sampun ngad■g s■daya
kang pra upsir kang baris
mal■b■t sami
dadya j■j■l kantor iku
mapan pipit-pipitan
yen laj■ng aprang kados tan
sag■d iku
ang■mpak■na g■gaman
p■dhang at■napi kr■ris
Sagung kang putra santana
myang upsir bupati carup sami
m■ngkana ingkang winuwus
Kangj■ng Pangran Dipatya
aneng t■ngah anapih kaliyanipun
ingkang Rama lawan Jendral
lawan Jan Kr■rap■t iki
Mapan marmaning Yang Sukma
pan rahayu s■daya datan
nganti
nibakak■n gamanipun
laj■ng sareh kalihnya
Jendral ngawon Kangj■ng
Sultan sampun tamtu
al■nggah aneng dh■dhampar
Jendral l■nggah aneng kursi
M■ngkana Jendral atanya
sapa ingkang tinuding

angg■nteni
jum■n■ng Ngayogya iku
lamun Sultan tan ana
Kangj■ng Sultan nulya
angandika iku
iya Ki Dipati ika
nanging lamun tulus b■cik
Jendral Bot■rmas saurnya
b■cik ora dhingin katon
punapi
yen m■ngkono ingsun jaluk
iya kang tandha asta
lawan tamtu iya kang urupan
iku
sagung bumi tanah Jipang
lawan Pr■rayangan iki
Kangj■ng Sultan angandika
m■ngko sore iya ingsun
ngirimi
Jendral anyauri
asru
m■ngko iki kewala
ewuh apa iya iku tandhanipun
yen tan siji karsanira
esmu lings■m Sri Bupati
Nulya paring tandha asta
lawan Jendral iya
nandhatangani
m■ngkana pan sampun rampung
lamun Pangran Dipatya
yen tan ana Kangj■ng Sultan
gumantyeku
lan wont■n malih bicara
nging J■ng Sultan tan arseki
Pan besuk esuk kewala
ing saiki wis bang■t sayah
mami
Kangj■ng Sultan laj■ng kondur
sar■ng enjing winarna
Kangj■ng Sultan utusan mring
loji iku
iya Dipati Danurja

kang ingutus sampun panggih
Lan Jendral mapan m■ngkana
sampun ewah kados adat puniki
Jendral manjinga K■dhatun
lampah salamannya
pan g■ntosan dene kang bicara
agung
k■panggih wingking
kewala
sabab sampun kaping kalih
J■ng Sultan genira l■nggah
dhat■ng loji m■thuk
sapisaneki
manggihi ping kalihipun
marma wayah Paduka
mapan sang■t ing
pangaj■ng-aj■ngipun
Jendral Rapl■s Abotr■mas
mes■m s■ndhu denirangling
M■ngkana pratelanira
lamun nora k■na ginawe b■cik
Sultan ing saujaripun
ing wingi saguhira
mapan iki ing dina pan ayun
wangsul
w■kasan ingsun denundang
lah Danurja luwih b■cik
Ing besuk esuk kewala
ingsun manjing K■dhaton iku
b■cik
wus tutura m■ngkono ku
nulya Kyai Danurja
sampun mundur saking loji
prapta iku
laj■ng matur mring Sang Nata
sagah Jendral benjing enjing
Manjing mring K■dhaton nulya
pukul tiga dalu
Jendral puniki
budhal lan sawadyanipun
mantuk k■but s■daya
nanging kantun kang jaga lir
adatipun

M■st■r Jan Kr■rap■t ika
kalawan sawadyaneki
M■ngkana ingkang winarna
Kangj■ng Sultan saantukira
iki
Jendral mapan sak■langkung
prihatin ingkang driya
nanging ingkang sinanguran
jroning kalbu
kang putra Pangran Dipatya
wus dinuga t■pang batin
Lawan Jendral Abotr■mas
nanging m■ksih ayuda
p■nggalihneki
dene tan ana kang patut
wong Kadipaten ika
lamun kongsi ingand■l W■landa
iku
ana siji sunkon buwang
kang liya tan ana maning
Mapan kinen ngupadosa
nanging r■pit langkung datan
nyanani
dadya tan k■panggih iku
m■ngkana Kangj■ng Sultan
mapan n■mah m■ngsah lawan
Inggris iku
Den M■nggung Sumadiningrat
ingkang binobot ing
kardi
At■pang lan Surakarta
nging J■ng Sunan pitaj■ng
mring kang rayi
Pangran Mangkubumi iku
lawan ingkang papatya
Den Dipati Cakranagara puniku
mapan laj■ng prajangjeyan
ing benjang kalamun jurit
Lawan Inggris Surakarta
mapan sagah anyab■t saking
wuri
mapan samya sumpah sampun

kang sarta piru patra
tandha nama wus dadya
ubayanipun
mapan ing samangsa-mangsa
m■ngkana ingkang ubanggi
■n■ngna kang wus ubaya
Kangj■ng Sultan pan kalih
karsaneki
ingkang binobit puniku
dhat■ngak■n kang karsa
rap■tipun lawan Inggris malih
iku
lawan tulus dadenira
n■nggih Pangran Adipati
Pangran Mangkudiningrat
ingkang rayi wau sampun
nyagahi
Pangran Natakusumeku
m■ngkana karsanira
Kangj■ng Sultan mring M■st■r
pamundhutipun
kang putra Pangran
Dipatya
tiga sinrahak■n iki
Linorod lawan binucal
lan sinedan mangsa borong
Inggris
punika mapan pinuju
lan Raden Jas■ntika
Pangran Natakusuma ing
praptanipun
ing loji pan tap-untapan
nging Den M■nggung kang
rumiyin
Jan Kr■rap■t mapan nulya
Den Tum■nggung nginggahk■n
loteng nuli
langkung dene r■pitipun
mring Raden Jas■ntika
Pangran Natakusuma bicara iku
s■barang kang denbicara
Den Jayasantika uning
Mapan datan mawi taha

Pangran Natakusuma bicareki
lawan Jan Kr■rap■t iku
dinuga mangsa ana jalma
kang wruh nulya pinaringk■n
iku
ingkang nuwala J■ng Sultan
barang karsa kawrat sami
Kang nuwala gya binuka
sampun t■rang genira maos
tulis
mes■m Jan Kr■rap■t muwus
dene dadak b■bakal
gih Pangeran mapan
luwih b■gjanipun
kawula puniki dr■ma
langkung b■gjane pribadi
Pangeran Mangkudiningrat
napa sami lawan Pangran
Dipati
atawa liya ing galihipun
Pangran Natakusuma lon
saurnya
kados bot■n s■monipun
nanging saking jrih kawula
marmane kula lampahi
Ing mangke mapan sumangga
dados bot■n mangsa borong
puniki
mes■m Jan Kr■rap■t muwus
najan kula gih derma
mangsa borong Jendral Rapl■s
karsanipun
pun Pangran dika matura
marang Kangj■ng Sultan puniki
Kondur Pangran Natakusuma
Jan Kr■rap■t anulya angundang
iki
Den Jayasantika iku
sing loteng ken mudhuna
sampun mudhun nulya tin■dahan
iku
kang surat karsa J■ng Sultan

pan laj■ng tin■dhak nuli
Jan Kr■rap■t ris atanya
Raden Jayas■ntika kula niki
pan dereng pr■caya
tuhu
dhumat■ng j■ngandika
ing satutur andika wara
puniku
pan den dereng wont■n kang
tandha
saking J■ng Pangran Dipati
Rahaden Jayasantika
ris saurnya kawula pajar
say■kti
Kangj■ng Pangran Dipatyeku
pan wus kenging supata
datan k■na yen d■rbe akarya
tuhu
marma lamun datan ana
kang manira kaw■las asih
Nadyan puniku wus nyata
lamun ingkang rama niaya
y■kti
datan ewah karsanipun
nging pinr■rah mring kang
murba
Jan Kr■rap■t mapan aris
sabdanipun
yen m■ngkono Jasantika
karsaningsun tanpa kardi
Sapa ingkang nampanana
barang jangji lan kang
pratandha y■kti
kalamun tan ana iku
sun mangsa denand■lna
marang Jendral Rapl■s iku
t■mahipun
n■bda Raden Jas■ntika
kawula pajar say■kti
Ingkang angutus
kawula
y■ktosipun ingkang putraa
puniki

Kangj■ng Pangran Dipatyeku
kang dal■m T■gal Arja
Pangran Dipan■gara
j■julukipun
punika ingkang pinasrahan
dhumat■ng kang rama y■kti.
Sagunging kanca kawula
kang misesa waos k■nc■ngnya
y■kti
kang rama tan tumut-tumut
s■nadyan kang bicara
sampun pasrah dhumat■ng kang
putra tuhu
nging tan arsa kaw■ntar
dhumat■ng ing kathah y■kti
L■r■s l■pat ingkang rama
wus pr■caya inggih s■dya
nglabuhi
dhumat■ng kang putra tuhu
Jan Kr■rap■t s■mana
langkung kaget pira kehe
umuripun
sumaur Den Jayasantika
kalih kula kaot k■dhik
Pira kehe umurira
tigang dasa Kangj■ng Pangran
puniki
kalih dasa gangsal iku
ingkang rama yuswanya
kawandasa langkung tiga
Krap■t muwus
yen m■ngkono iku tiga
lagya s■dh■ng
mangsaneki
M■mp■nging ing karyanira
Jan Kr■rap■t mes■m amuwus
aris
mapanta kapenging w■ruh
mring Pangran Dipan■gara
Raden Jayasantika aris amuwus
mokal Tuwan dereng wikan
lamun wont■n karyaneki

Tan pisah lawan kang rama
nanging iya Jayasantika mami
iya wus kelingan ingsun
nging during pajagongan
lan tuturan Jayasantika
amuwus
langkung ew■d yen panggiha
kados nunt■n tan dumagi
Wantonipun tiyang kathah
Jn Kr■rap■t mes■m amuwus aris
gih sampun Raden Tum■nggung
kula liwat pr■caya
nanging k■dah kawula mapan
n■nuhun
mring Pangran Dipan■gara
pratandha kang rama y■kti
Lamun nora mangkonoa
tan ingand■l marang Jendral
tur mami
bakal sun toh pati tuhu
sira iku uninga
Pangran Natakusuma kinongkon
iku
mring Sultan nganggo
pratandha
Den Jayasantika angling
Inggih badhe matur kula
dhat■ng Pangran Dipan■gara
y■kti
nuhun kang pratandha iku
Kangj■ng Pangran Dipatya
nulya mundur Den Jayasantika
iku
mapan laj■ng mring T■gal Arja
lingsir dalu wayahneki
Sampun panggih lan J■ng
Pangran
Raden Jayasantika ris turneki
ing saneskara wus katur
Pangran Dipan■gara
ris ngandika Paman ing besuk
esuk
ingsun seba Kangj■ng Rama

wus Paman muliha dhingin
Enjing Pangran lumampah
datan mawi n■nggih amb■kta
abdi
nanging lawan gam■l iku
lan ponakawan sajuga
sampun prapta Kadipaten mapan
jujug
awis ingkang wong uninga
pan■pen pan sampun prapti
Nulya katur mring kang rama
mapan laj■ng tinimbalan
puniki
mring G■dhong Pangkeng wus
cundhuk
nulya matur niskara
lampahira Den
Jayasantika iku
Jan Kr■rap■t panuhunnya
pratandha Pangran Dipati
Nanging J■ng Pangran Dipatya
ajrih lamun kag■pok cidraneki
nging pinaringk■n tinurun
dhumat■ng ingkang putra
Raden Jayasantika ingkang
anurun
tan pantara sampun dadya
Kangj■ng Pangeran Dipati
Wus tan tumut ika
kang bicara myang tumbak
k■nc■ngneki
nanging langkung r■mitipun
awis kang jama wikan
lamun Kadipaten kang misesa
iku
Pangeran Dipan■gara
m■ngkana ingkang winarni
Rahaden Jayasantika
mapan dalu wis kinen mal■b■t
loji
lawan Jan Kr■rap■t saguh
anulya tinakenan

gawa layang apa Jasantika iku
lan apa oleh pratandha
Jayasantika nauri
Gih sampun pinaring kula
kang pratandha punika ingkang
warni
nging surat tan b■kta tuhu
m■kat■n w■lingira
Saudara Pangran Dipan■gareku
punapa Tuwan kang karsa
kawula kinen nyagahi
Prajangji ingkang prayoga
mangsa borong sok sampun ewuh
ugi
kalawan ingkang rumuhun
Pangran Dipan■gara
mapan sampun k■langkung
pracayanipun
inggih dhumat■ng Paduka
Jan Kr■rap■t duk miarsi
Tuture Den Jayasantika
dadya langkung suka
pir■naneki
nulya r■mbag kalih sampun
tiga Kapitan Cina
karya surat dhumat■ng Jendral
puniku
mung■l Pangeran Dipatya
pan sampun denpr■tandhani
Jan Kr■rap■t aris n■bda
Jasantika aku lunga pribadi
mrang B■tawi t■t■mu
lan Jendral abicara
nanging ingsunajangji lawan
sireku
s■mangsane ingsun prapta
ora k■na ora iki
Pangeran Dipan■gara
kat■muwa pribadi lawan mami
mapan sinagahan iku
mring Raden Jas■ntika
sampun dadya s■barang
pr■jangjenipun

Jasantika sampun medal
Jan Kr■rap■t anulya glis
Mangkat mring B■tawi nulya
datan lama Kr■rap■t sampun
prapti
ngundang Jasantika sampun
lawan Kapitan Cina
win■rtanan sagung kang bicara
iku
pan sampun dados s■daya
nanging Jendral karsaneki
Linorod pisan J■ng Sultan
Kangj■ng Pangran Dipatya kang
g■nteni
jum■n■ng Sultan
Ham■ngku N■gareku
n■gara ing Ngayogya
ingkang putra Pangran
Dipan■gareku
g■nteni Pangran Dipatya
kang dadya karsanireki
Jendral Rapl■s Abut■mas
yen tanggunga m■nawa kaya
dhingin
karya kasusahan iku
Tuwan Jendral tan arsa
kaya Jendral Dandl■s
kar■panipun
yen Inggris m■ksih neng Jawa
kaya uga nora wani
Kalamun kaganti Wlanda
mapan iku ingkang denkuwatiri
sabab padha kar■pipun
lan Sultan tan
satunggal
nora wurung karya susah
maning iku
Rahaden Jayasantika
mapan aris anauri
Kados lamun m■kat■na
karsanipun Tuwan Jendral
puniki

bot■n wande aprang iku
Jan Kr■rap■t saurnya
nadyan aprang wong amrih
utama iku
Jendral pan mangsa w■diya
nging Jasantika iki
Pangeran Dipan■gara,
aturana kat■mu lawan mami,
sunduga tan lawas iku,
Jendral anuli prapta,
Raden Jayasantika pan sampun
m■tu,
k■lawan kapitan Cina,
m■ngkana ingkang winarni,
Pangeran Dipan■gara
mapan nuju neng Kadipaten iki
Den Jayasantika matur
sagunging saneskara
mapan sampun pinuju
s■dayanipun
nanging bab Pangran Dipatya
J■ng Pangran lumuh k■pati
Lah Paman sira tutura
mring si bapak Jan Kr■rap■t
den-y■kti
mapan ingsun bang■t lumuh
iya lamun kinarya
kang Pangeran Dipatya pan ana
iku
iya adheningsun juga
nging sam■ngko maksih cilik
Den Mas Ambyah namanira
mapan iku dadya p■njaluk mami
gumantya j■ng rama iku
dadya Pangran Dipatya
dene sagung ingkang
pakaryanereku
kala m■ksih cilik ika
mapan m■ksih sunsaguhi
Lawan maneh Jasantika
bab pat■mon bang■t pakewuh
mami
m■nawa konangan iku

dadi murung lampahan
mapan ingsun wus pracaya
mring sireku
yen besuk prapta ing mangsa
kaya tan wurung k■panggih
Lan maneh mangsa bodhoa
mring si bapak Jan Kr■rap■t
sun-y■kti
anggr■ ora owah tutur
ana dene J■ng Rama
mapan ingsun s■barang ingkang
ananggung
iya ing piturutira
marang Gupr■men Inggris
M■ngkana Den Jasantika
sampun lingsir dalu lum■b■t
ngloji
lan Kapitan Cina sampun
pangih lan M■st■r nulya
win■rtank■n s■barang
waw■lingipun
Pangeran Dipan■gara
k■langkung ngungunireki
Minist■r Krap■t ika
dangu kend■l w■kasan
ngandikaris
iku paran marmanipun
ingsun nora anduga
gung bicara mapan sinaguhan
iku
kinarya Pangran Dipatya
dene bang■t lumuhneki
Ingkang aran Den Mas Ambyah
ing saiki sapira umurneki
Den Jayasantika muwus
pan lagya tigang warsa
Jan Kr■rap■t gedheg-gedheg
malih muwus
kaya paran ingkang mawa
Jasantika anauri
Kawula bot■n uninga
ingkang rama tan wont■n

malih-malih
ingkang pinr■cayan tuhu
lawan s■puh priyangga
lawan erring ingkang rama
y■ktoripun
dhat■ng kang putra punika
k■langkung denira asih
Nging y■ktos tan kar■m Donya
yen tan wont■n pakarya kang
matosi
nging n■n■pi kar■mipun
tan r■m■n lal■nggahan
yen ngandika sapisan tan
kenging wangsul
punika dugi kawula
ingkang dados sababneki
Nulya wont■n surat prapta
sing B■tawi yen jgr badhe
prapti
kang sarta b■kta wadyagung
M■st■r kinen sum■kta
tandho uwos badhe ingon
saradhadhu
sampun ngantos kakirangan
Jan Kr■rap■t anulyaglis
Amawrat Kapitan Cina
Jingsing sagah Jan Kr■rap■t
ling malih
mring Den Jayasantika iku
la hiya Jasantika
sira w■ruh iki Jendral
layangipun
ing besuk samangsa prapta
ora k■na ora iki
Pangran Dipan■gara
kat■muwa iya kalawan mami
Raden Jasantika mantuk
laj■ng sowan kewala
mring pan■pen m■ngkana pan
sampun cundhuk
lan Pangran Dipan■gara
nuju al■nggahaneki
Lan Ki Rahmanodin

ika
Amat Ngusman Den Jayasantika
glis
matur saneskara sampun
Pangran Dipan■gara
lon ngandika kaki Rahmanodin
ingsun
lawan sira Amat Ngusman
padha s■ksinana mami
M■nawa lali ta ingwang
pan sunkarya eling ugr■ring
ati
aja ta kinarya ingsun
iya Pangran Dipatya
nadyan silih sun banjur
kinarya ratu
lamun kaya Kangj■ng Rama
utawa Kangj■ng Yang mami
Sun dhewe mapan tan n■dya
tobat marang Pangeran Kang
Luwih
pira lawas neng donyeku
tan wurung mapan dosa
pan tumungkul katiga tan
sag■d matur
m■ngkana wus tan winarna
Jendral datan lami prapti
Langkung kathah ingkang wadya
wong Ngayoja pan wus sadhiya
sami
ing g■gamaning prang pupuh
pan samya gr■gutira
Den Tum■nggung Sumadiningrat
puniku
ingkang k■kah aturira
kang r■m■n dandosing jurit
Nanging J■ng Sultan
kang karsa
langkung ew■t mapan tansah
pr■dongdi
ingkang putra tiganipun
Pangran Mangkudiningrat

Pangran Jayakusuma
Santawijayeku
r■m■n nora dados yuda
wus ngand■l kang paman y■kti
Pangeran Natakusuma
lawan sagung paw■rtane wong kaji
lamun Inggris praptanipun
badhe any■p■ng ika
Kangj■ng Pangran Dipati Anom puniku
bin■kta dhat■ng sabrang
marma Kangj■ng Sultan iki
Langkung kewran ingkang nala
Kangj■ng Pangran Dipati kang winarni
wus tan d■rbe karsa iku
nanging nrah kang putra
Pangran Dipan■gara sakayunipun
ingkang rama wus tan n■dya
yen n■layan ana kapti
M■ngkana ingkang winarna
Raden Jayasantika kinen iki
ngaturi manjing puniku
Pangran Dipan■gara
marang loji Jan Kr■rap■t ngayun-ayun
lan Jendral Rapl■s Bot■rmas
J■ng Pangran ngandika aris
Paran Paman Jasantika
oleh ingsun bisa manjing mring loji
witning ya kapenging ingsun
kat■mu lawan Jendral
padha dhewe sunduga lamun iku
Kangj■ng Rama karusakan
lamun kongsi tiwas iki
Iya sapa kang rin■bat
bang■t t■m■n pakewuhe tyas mami
upama J■ng Rama iku

banjur sun-gawa ika
manjing loji ar■r■mpon
t■mahipun
lamun nora r■r■mpona
wus p■sthi panduga mami
Mawut sakehe wong Ngayogya
nora wurung abot sangganing
ngajurit
mangkene bae katengsun
pan iya wus jinaga
Jasantika lamun amrih
dhanganipun
kang dadi panjalukingwang
Eyang Natakusumeki
Mal■buwa dhingin ika
marang loji yen wus sunduga
mami
m■nawa bisa katengsun
nanging ya pirang bara
Jasantika ing dalu nulya
kat■mu
lawan Jan Kr■rap■t
ika
wus win■rtakak■n sami
Sagunging kang niskara
Jan Kr■rap■t asru denira
ngling
yen m■ngkono kar■pipun
Pangran Dipan■gara
Jasantika antekna besuk esuk
Pangeran Natakusuma
jam lima mal■bu ngloji
Lamun nora mal■buwa
pan wus p■sthi sunbaker
omahneki
tutura mangkono iku
lah wis sira muliha
tan winaarna Raden
Jayasantika iku
Pangeran Natakusuma
sar■ng pukul lima manjing
Ngloji saputra garwanya

sampun katur dhat■ng J■ng
Sultan nuli
k■langkung denira b■ndu
sagung wong Natakusuma
ingkang kantun wus kinon
ny■p■ng s■darum
mapan samya sinakitan
m■ngkana ingkang winarni
Rahaden Jayasantiika
pan tinagih mring Kr■rap■t
ingkang jangji
Pangran Dipan■gareku
mapan pinrih manjinga
dhat■ng ngloji Den
Jayasantika muwus
Tuwan k■dhik karyanira
mapan kathah susahneki
Pangeran Dipan■gara
datan gadhah pangandika
k■kalih
yen sampun pitaj■ng sapun
pan inggih tan pr■beda
panggih lawan bot■n samya
tuhu
Tuwan punapa kang karsa
sagunge ingkang pr■jangji
Kawula kang nyangg■mana
gih mung■la Kangj■ng Pangran
Dipati
Den Jayasantika sampun
bin■kta ngarsanira
Jendral Rapl■s Butarmas
n■nurat sampun
s■barang ing karsanira
prajangji wus kawrat sami
Mapan laj■ng pinr■tandhan
Radn Jayasantika wus
nyangg■mi
sabarang prajangjinipun
m■ngkana sampun dadya
mapan laj■ng ingaturan surat
iku
mring Pangran Dipan■gara

kawarna ing dalu malih
Raden M■nggung Jayaningrat
mapan langlang k■tanggor
lawan Inggris
samya nglanglang karsanipun
laj■ng campuh kewala
sami purun Den
M■nggung Janingrat tatu
Inggirs satunggal kang p■jah
laj■ng dados bicareki
Enjing Jendral pan kengkenan
juru basa panggih neng Sri
M■nganti
lawan Kangj■ng Sultan iku
p■pak putra santana
Kangj■ng Pangran Dipati kang
munggeng ngayun
nging sagung ingkang punggawa
tanapi Mancanagari
S■daya wus datan ana
nanging kantun Raden M■nggung
puniki
Sumadiningrat puniku
kang munggeng ngarsa nata
kang s■daya wus mapan
panggenanipun
kang badhe nindhihi yuda
m■ngkana juru bas angling
Wau dhumat■ng J■ng Sultan
karsa bot■n J■ng Sultan
denature
linorod rumiyin iku
kalamun gadhah karsa
pan jum■n■ng malih mundhuta
puniku
inggih dhumat■ng ing Jendral
lawan mal■b■ta ngloji
Dados bot■n kang bicara
winang■nan lampah kawula
puniki
nanging sa■jam pan
sampun

J■ng Sultan langkung duka
juru basa datan kangge
aturipun
pan dreng ngantos sa■jam
juru basa densusuli
Ingundang mring loji nulya
Jendral Glispi pan sampun
dendhawuhi
lamun datan dadi iku
iya ingkang bicara
pan sa■jam nulya kinen nyum■d
iku
mariy■m pan sampun mungal
nulya J■ng Sultan dhawahi
Ing Kadipaten punika
ingkang kinen amal■sa rumiyin
Kartawijaya kang tunggu
Tum■nggung M■nak Sela
mapan laj■ng amal■s nyul■d
puniku
ing loji anulya surak
ing Ngayogya wus nimbangi
Dadya rame mariy■man
Den Tum■nggung Sumadiningrat
aglis
mapan wus kalilan m■tu
nadhahi ing ngayuda
Raden Riya Sindurja pinatah
sampun
any■gat bantu kang prapta
lawan Den M■rtalayeki
Aneng j■nu gennya any■gat
sakancanya prajurit
mapan sami
aprang sa■nggen-■nggenipun
m■ngkana kang winarna
Kadipaten kang denrosani
puniku
mariy■m sing loji ika
pan amrih m■dalireki
Kangj■ng Pangran Dipatya
lank ang putra Pangran
Dipanagari

m■ngkana ingkang winuwus
kang dados senapatya
Kadipaten Pangran
Dipan■gareku
Sultanan senapatinya
Pangran Mangkudiningrati
Pangran Dipan■gara
nuwun bantu mapan panggih
pribadi
lawan ingkang paman iku
Pangran Mangkudiningrat
mapan aneng Sri M■nganti
barisipun
Den M■nggung Sumadiwirya
aneng Pag■laran baris
Sagung kang putra santana
neng Sitinggil Brajanala gen
baris
lawan Kamandhungan iku
Pangran Mangkudiningrat
mapan nuju neng K■mandhungan
apangguh
lan Pangran Dipan■gara
dangu apr■dudon
iki
Pangeran Mangkudiningrat
angandika mring Pangran
Dipan■gari
inguni prajangji ingsun
anakmas lawan sira
wus bubuhan ing kene kat■mpuh
ingsun
ing Kadipaten ya sira
nguni mapan wus nyaguhi
Pangran Dipan■gara
ris turira najan samangke
inggih
mapan dereng oncat tuhu
Kadipaten kawula
nanging k■dah asung uning
awratipun
nadyan tan binantonana

nging sampun tin■tah ugi
Saking keron kawula
tiyang k■dhik kathah
aj■nganeki
m■ngkana binanton sampun
n■nggih putra santana
pan s■kawan Pangran
Mangkubumi iku
lan Pangran Arya Pan■ngah
Pangran Abu Bakar iki
S■kawan Pangran Panular
laj■ng samya minggah ing
Balor■ti
dadya rame mriy■mipun
ngloji mapan kalawan
Kadipaten petar-pinetar
k■langkung
tan ana ingkang kuciwa
ing ngalun-alun winarni
Den M■nggung Sumadiwirya
mapan arsa ngas■g dhumat■ng
ngloji
sabab dinuga katungkul
sampun karsaning Sukma
kenging pelor mriy■m kontal
Den Tum■nggung
tan pasha luntak ludira
ing Kadipaten winarni
Tum■nggung Kartawijaya
Sela Manik kenging pelor
puniki
mriy■m suku kalihipun
tan pasah lumpuh ika
kados sampun pinasthi karsa
Yyang Agung
dadya sagung wong Ngayogya
s■daya alit tyasneki
Kang baris S■tinggil ika
mapan kathah katiban pelor
sami
dadya kathah ingkang lampus
giris putra santana
nulya laj■ng ngl■mpak mring

K■dhaton iku
munggeng ngarsanya Nalendra
ing Kadipaten winarni
M■ksih rame mariy■man
pan ing dalu kang baris
ngandhap iki
Raden
Jayasantikeku
lan Mas Tum■nggung Karta
Dirja Sokawati dhadhal lawan
sagung
mantri s■puh Mancasura
lawan saprajuritneki
Inggris lan S■pei nulya
samya minggah ngandhani
Balor■ti
lingsir dalu wayahipun
pan sar■ng aj■ngira
ingkang baris p■latar
titindhihipun
prajurit s■tab■lira
Kangj■ng Pangran Mangkubumi
Lawan Pangran Pan■ngah
ingkang bantu wetan
t■tindhihneki
Pangran Muhamad puniku
Bubakar pan kalawan
Pangran Arya Panular
titindhihipun
k■langkung p■ngkuh pan samya
nging m■ksa rinangsang iki
Kathah S■pei ingkang p■jah
jinojohan waos saking ing
nginggil
nanging m■ksih m■ksa iku
kagyat Pangran Bubakar
mulat lamun pojok kidul wetan
iku
Inggris S■pei wus minggah
anulya mundur tur
uning
Lawan Pangran Panular

dhat■ng Kangj■ng Pangran
Dipati
m■ngkana pan aturipun
Inggris sumangga karsa
abdi dal■m s■daya pan sampun
mundur
Balor■ti sadayanya
pan sampun kancikan Inggris
Inggris S■pei punika
rayi dal■m anakmas Mangkubumi
lan Pan■ngah sampun mundur
mapan sar■ng kawula
kend■l baris neng Tanjung
Anom sadarum
lan sagung prajurit samya
kawula kinen tur uning
Kangj■ng Pangeran Dipatya
ris ngandika anantun mring
kang siwi
paran karsanira kulup
Dipan■gara turnya
yen mar■ngi kalawan karsa
Pukulun
kawula kang p■thuk yuda
Paduka kantuna ngriki
Pun adhi Adin■gara
pan kantuna at■ngga Padukeki
nging Suryabrangta puniku
ingkang kawula b■kta
Kangj■ng Pangran Dipatya
ngandika arum
tan g■l■m ingsun kariya
lara pati lumuh keri
Pangeran Dipan■gara
langkung kewran ing tyas
n■mah turnya ris
yen m■kat■na Pukulun
inggih karsa Paduka
p■jah g■sang aluhung nunggila
tuhu
inggih kalawan J■ng Eyang
Kangj■ng Pangeran Dipati
Aris denira ngandika

ingsun kulup mapan s■dya tut
wuri
iya pa karsanireku
m■ngkana nuya budhal
saking Kadipaten mring
K■dhaton iku
nadyan silih r■r■mpona
neng K■dhaton karsa mami
Nging sampun karsaning Sukma
kori wus k■tangg■lan wus
denbuntoni
sela kang kinarya iku
mapan umpak s■kawan
gotong kalih dasa pan
satunggilipun
Pangeran Dipan■gara
langkung kewran ing tyasneki
Mundur malih wus tan bisa
lurung k■bak wong
Kadipaten sami
dadya medal dukanipun
Pangeran Dipan■gara
nyandhak ag■m waos pusaka
puniku
Kyai Rondha namanira
kang kori cinocog nuli
Nulyana pitulung Sukma
kori m■nga kang sela piyak
sami
prapta Sri M■nganti sampun
kang kori ingin■ban
nanging m■nga k■dhik n■nggih
ingkang tunggu
Pangeran Jayakusuma
Kangj■ng Pangeran Dipati
Karsa manjing cin■gatan
pan m■ngkana Pangeran
aturneki
yen Paduka karsa mal■bu
kenging nanging priyangga
pan anakmas s■daya kantuna
iku

Pangeran Dipan■gara
langkung bramatya tyasneki
Nging kas■lak eng■t ika
wus pinupus lamun karsaning
Widi
kang rama ngaturan laju
mapan dhumat■ng taman
angampiri sagung r■repot
s■darum
mapan lolos
s■dyanira
nging anut lembaking ati
Prapta taman gya tinata
kang prajurit wus kinen
munggeng ngarsi
s■ntana satunggal iku
Pangran Arya Panular
ingkang laj■ng dherek Pangran
Dipatyaku
lampahira sampun prapta
ing pal■ngkung Tamansari
Kori m■ksih tint■gan
Pangran Dipan■gara anulya
glis
prentah ng■ngakak■n pintu
s■palih ka w■tara
ingkang sampun medal saking
beteng iku
pan kasaru praptanira
Inggris lawan S■pei
Ing nglurung jawi keb■kan
Balowr■ti nginggil sampun
den-goni
saking Gadhing inggahipun
punika pan s■daya
m■ntas saking Sumadiningratan
iku
Den M■nggung Sumadiningrat
mapan sampun prapta sabil
Mapan kathah angsalnya bela
Inggris lawan S■pei ingkang
mati
mangkana g■ntya

winuwus
Kangj■ng Pangran Adipatya
apan nantun dhumat■ng kang
putra iku
Pangeran Dipan■gara
dene wus tan bisa mijil.
Duk ing dhingin duryatipun,
kala neng ing swargi,
m■ngkana Sri Naranata,
mapan laj■ng ken dhawuhi,
Raden Dipati Danurja,
lan sagung s■ntana sami,

Wulan Khaji mapan nuju,
sagunging s■ntana sami,
tugur aneng T■gal Arja,
Kangj■ng Pangeran Dipati,
at■ngga dhat■ng kang raka,
lawan Pangran Mangkubumi,

Pangeran Ngabei iku,
tan t■ngga naming atuwi,
Pangeran Dipanagara,
apan iya nora mijil,
neng Selar■ja kewala,
kang neng dal■m ingkang
rayi,

Pangeran Dipati iku,
lawan Pangran Mangkubumi,
ang■ntingak■n kasukan,
s■daya ingkang ny■gahi,
Pangeran Adinagara,
lan Pangran Suryabrangteki,

Pangeran Adisuryeku,
sadaya pan wus win■ling,
wau dhumat■ng kang raka,
sakarsa-karsanireki,
an■lasna kang kasukan,
marma datan taha sami,

Ing K■dhaton kang winuwus,
sagung ingkang para putri,
mapan p■p■kan sadaya,
tan sanes T■gal Arjeki,

samya sin■gah kasukan,
mring Kangj■ng Sri
Narapati,

M■ngkana ingkang winuwus,
wus prapta s■mayaneki,
ing dint■n Isnen punika,
mapan nulya dentimbali,
J■ng Pangran
Dipanagara,
dhumat■ng Kangj■ng Sang
Aji,

Pan ingiringak■n sagung,
pra putra santana sami,
sampun prapta ing Ngayogya,
laj■ng ngandikan ing puri,
sampun p■pak pra ngulama,
tanapi kang pra dipati,

Sadaya ngandikan sampun,
ingkang Ag■ng-ag■ng sami,
Ngulama Alit sadaya,
t■napi Bupati Alit,
pan kinen kantun punika,
s■daya neng Sri M■nganti,

Kangj■ng Sultan l■nggah
sampun,
aneng ing pan■pen iki,
lan Kyai Pangulu ika,
t■napi kang pra ngulami,
Kangj■ng Pangran l■nggah
bangsal,
ingandikan sampun prapti,

Ing pan■pen ngiring sagung,
pra putra santana sami,
myang sagunging pra
dipatya,
ingkang ag■ng-ag■ng iki,
Kangj■ng Pangran nulya
ningkah,
lan sang dyah r■tnaning
puri,

Mapan sinahid sampun,

mring sagung para ngulami,
pragat denira aningkah,
nulya kinen medal sami,
Kyai Panulu kalawan,
myang sagung kang pra
ngulami,

Kangj■ng Sultan miyos
sampun,
saking ing p■n■pen iki,
angiringak■n kang putra,
langkung tyas marwata siwi,
l■nggah neng bangsal
sak■dhap,
nimbali Raden Dipati,

Kalawan Raden Tum■nggung,
Pringgadiningrat puniki,
tan t■bih lawan kang putra,
Pangeran Dipanagari,
sinandhing ngandhap
dh■dhampar,
lawan J■ng Pangran Dipati,

Ingkang pra putra sadarum,
sowan neng tr■ratag sami,
tunggil lan Raden Dipatya,
Sang Nata ngandika aris,
ing m■ngko sore Danurja,
pukul t■lu p■pakneki,

Jola lan J■mpana iku,
p■pakna Magangan iki,
lan Pringgadiningrat sira,
densam■kta kang jajari,
sagunging prajurit ika,
sandika aturnya kalih,

Ngandika malih Sang Prabu,
aruming Raden Dipati,
lan Raden Pringgadiningrat,
ing m■ngko tyas ingsun iki,
bar■ng wis g■l■m rabiya,
nakingsun Dipan■gari,

Pan wus padhang atiningsun,
tan ana ingkang sunpikir,

dadya wus b■rsih
tyasingwang,
nanging kering mring Yyang
Widi,
ing wuri walahu aklam,
wus padha mundura iki,

Tur s■mbah kalih wus
mundur,
kawarna J■ng Sri Bupati,
t■ksih l■nggah aneng
bangsal,
lan sagung pra putra sami,
Kangj■ng Sultan angandika,
mring Pangran Dipanagari,

Wus sira banjura kulup,
maring ing Karaton b■cik,
m■tuwa kene kewala,
K■putren dandana iki,
ing dal■me eyangira,
tur b■kti mundur sing
ngarsi,

Ingiring kang rayi sagung,
ing Kr■raton sampun prapti,
J■ng Ratu Ag■ng winarna,
mapan lagya gr■rah
iki,
marma tan sag■d tumuta,
n■nggani kang wayah krami,

Kangj■ng Pangran
ngandikarum,
dhumat■ng kang rayi katri,
Pangeran Adinagara,
lan Pangeran Suryabrangti,
tiga Pangran Adisurya,
wis padha muliha dhingin,

Mring T■gal Arja kat■lu,
poma aja anglings■mi,
katiga matur sandika,
anulya lengser saking
ngarsi,
kang kantun ngladosi ika,

kang rayi Pangran Dipati,

Lawan ingkang rayi sagung,
ingkang m■ksih timur sami,
ri sampunira busana,
m■ngkana ingkang winarni,
Sang R■tna S■karing Pura,
neng K■dhaton mapan sami,

Binusanan kang pra ibu,
sagung ratu p■pak sami,
tanapi putri s■daya,
Sang Dyah tan l■ngganeng
kapti,
pan bangun turut kewala,
Kangj■ng Sultan an■nggani,

Risampun busana
iku,
tan k■na winarneng tulis,
kadya murca k■dhep■na,
tuhu piturun sing swargi,
musthikaning tanah Jawa,
keh pawestri l■ngl■ng
brangti,

S■nadyan kang para ratu,
s■daya pandung ningali,
tan ana t■tundhanira,
sagung putri tanah Jawi,
Kangj■ng Sultan pan
m■ngkana,
wus b■kjane anak mami,

Pinaringan ing Yyang Agung,
jodho punjul tanah Jawi,
derma Ratu Madur■tna,
anglairak■n puniki,
mendah dene m■nangana,
ibu lan ramane iki,

M■ngkana J■ng Sultan
sampun,
l■nggah Bangsal K■ncanadi,
ingayap sagung biyada,
Sang R■tna gya dentimbali,
t■dhak saking Prabay■ksa,

J■ng Ratu Bandara ngiring,

Lawan sagung ratu-ratu,
t■napi kang para putri,
angayap mring Sang Kusuma,
lir ■sri t■dhak sing
swargi,
ngiring sagung widadara,
Dewi Uma ingkang
ngirid,

Ratih lan Supraba iku,
Wilutama pamineki,
kang para putri sadaya,
pra putri lir widadari,
Kangj■ng Sultan lir upama,
Yyang Jagadnata mant■si,

L■nggah Jonggring S■lakeku,
sang pin■nganten wus
prapti,
l■nggah andher neng
t■ratag,
m■ngkana Sri Narapati,
aputusan Nyai Riya,
animbali mring kang siwi,

Lan sagung par■kan iku,
Nyai Riya sampun prapti,
ngarsanya Kangj■ng
Pangeran,
Dipanagara lumaris,
ingayap sagung par■kan,
lan Kangj■ng Pangran
Dipati,

Lan kang rayi-rayi sagung,
ingkang m■ksih timur sami,
miyos ing Kaputren ika,
lir B■thara Wisnumurti,
t■dhak saking Suralaya,
wus prapta ngarsa Sang Aji,

Kinen l■nggah jajar sampun,
anglir Wisnu lawan ■sri,
kathah wanodya kagiwang,
ningali mring sang

s■rimbit,
Sang Nata langkung marwata,
ningali kang putra
kalih,

Pan arsa pinaring iku,
wedang nanging datan
nganti,
sampun karsaning Yyang
Sukma,
kathah pawestri kang lali,
saw■neh nangis punika,
kang k■laj■ng nora eling,

Dadya cuwa Sang Aprabu,
aningali mring kang siwi,
dereng dugi karsanira,
s■lak keh pawestri brangti,
nulya aris angandika,
wus kulup mangkata nuli,

Kangj■ng Pangran n■mbah
mundur,
kinen kanthen lan Sang
Dewi,
Sang R■tna datan suwala,
J■ng Ratu B■ndara ngarsi,
lan ratu-ratu sadaya,
pra putri gr■b■g wuri,

Kangj■ng Sultan mapan
tumut,
yun uning mring angkatneki,
ingaturan datan k■na,
mring Ratu Kancana iki,
k■lawan Kangj■ng Ratu Mas,
m■ngkana pan sampun prapti,

Ing Magang pan sampun
rawuh,
risang pin■nganten kalih,
katiga Ratu Bandara,
ingkang anunggil sajoli,
pra ratu kang anem samya,
lan sagung kang para putri,

Samya nitih j■mpaneku,

mapan iya warni-warni,
m■ngkana pan laj■ng budhal,
prajurit kang aneng ngarsi,
mr■rapit ing kering kanan,
ing t■ngah sagung pawestri,

Lawan upacaranipun,
risang pin■nganten kalih,
lan para ratu s■daya,
tanapi kang para putri,
ampilan titihanira,
Ki Kramadaya nameki,

Kinarung ngarsa joliku,
gambira samargi-margi,
miyos Pl■ngkung Gadhing
ika,
sup■nuh ingkang ningali,
gamelan samarga-marga,
Kangj■ng Sultan kang
winarni,

Dadya k■laj■ng puniku,
mundhut titiyan tut wuri,
saking tyas dhat■ng kang
putra,
kang dherek Pangran Dipati,
miyos Balowarti ika,
sup■nuh ingkang ningali,

Kang aneng joli winuwus,
Kangj■ng Pangran tiyasneki,
kaya gea-geya prapta,
saking r■mpuning kang
galih,
anglir katiban
musthika,
saalam donya upami,

Kangj■ng Ratu B■ndareku,
ingkang al■nggah neng
ngarsi,
ing sawingking patihira,
nulya Sang L■smining Puri,
Kangj■ng Pangran wingking
pisan,

ing samarga uthak-uthik,

Nging Sang Dyah
L■smininingsantun,
kend■l datan aningali,
eca al■nggah kewala,
J■ng Ratu B■ndara nglirik,
mring solahe ingkang putra,
langkung suka jroning
galih,

M■ngkana pan sampun rawuh,
ing T■gal Arja anuli,
sagung kang putra santana,
am■thuk pasowan jawi,
ingkang dados pangiridnya,
Kangj■ng Pangran
Mangkubumi,

Raden Dipatya puniku,
angirid sagung bupati,
kang Kodhok Ngorek
tin■mbang,
bar■ng lan gamelan muni,
tambur salompret wurohan,
tan parungyan piniarsi,

Ing T■gal Arja sup■nuh,
tan petung kathahing jalmi,
risang pin■nganten nulya,
tum■dhak saking ing joli,
pinondhong Sang Dyah
Kusuma,
tan suwala sar■ng
R■tnadi,

Mapan lin■nggahk■n sampun,
aneng babut Prangw■dani,
lir Wisnu lan ■sri ika,
jajar r■m■n kang ningali,
anglir tan manungsa donya,
kalih lir musna kaeksi,

Kangj■ng Ratu B■ndareku,
lawan para ratu sami,
angapit ing kering kanan,
lan sagung ingkang pra

putri,
ing jawi ingkang winarna,
Kangj■ng Pangran
Mangkubumi,

Kang manggihi sagung tamu,
kang rayi katiga sami,
nanging ngladosi kewala,
k■langkung kasukaneki,
dennya abuja d■rwina,
tan ana tinaha sami,

M■ngkana ingkang winuwus,
risang pin■nganten kalih,
pan samya salin busana,
sinjang cindhe dhasar
wilis,
sam■kan jinggarinenda,
mawi rinumpaka adi,

Asingsim int■n jum■rut,
mirah barleyan
sin■ling,
as■ngkang panata brangta,
cundhuk manik amant■si,
pasaja satingkahira,
datan patya lamun angling,

Tuhu musthikaning ayu,
piturun saking swargadi,
datan k■na yen cinandra,
panjalmane Dewi ■sri,
pan sarwa patut s■daya,
samya estri l■ngl■ng
brangti,

Kangj■ng Pangran kang
winuwus,
mapan l■nggahan neng
wingking,
tansah ngr■sahi kewala,
nging Sang Dyah datan
ningali,
m■ngkana nulya bin■kta,
miyos lal■nggahan malih,

Sang R■tnayu bangun turut,

laj■ng samya dhahar iki,
risampun anulya bubar,
sagung ingkang para putri,
nging kantun Ratu B■ndara,
ingkang kantun an■nggani,

Nulya pasang k■lir sampun,
ing jawi durwina sami,
sagunging putra santana,
t■napi kang pra dipati,
mapan samya n■nayuban,
ang■nting kasukaneki,

Ing dal■m ingkang
winuwus,
J■ng Ratu B■ndara uning,
mring s■mune kang atmaja,
mes■m angandika aris,
wus kulup padha asoa,
mapan ingsun arsa guling,

J■ng Pangran l■ga tyasipun,
mes■m angandika aris,
nanging Sang L■smining
Pura,
esmu awrat ing tyasneki,
m■ngkana Ratu B■ndara,
kondur mring pan■pen
dhingin,

Sar■ng kang ibu wus kondur,
J■ng Pangran angarih-arih,
dhumat■ng kang lir supadma,
nulya ing■mban Sang Dewi,
Dyah R■tna datan suwala,
bin■kta mring tilamsari,

Sampun prapta tilamsantun,
sinarekk■n Sang R■tnadi,
nanging tan arsa anendra,
l■nggahan neng t■paswangi,
kasorotan dening pandam,
salira lir mas sinangling,

J■ng Pangran ing tyasnya
tr■nyuh,
nong mring kang sawangsasi,

dadya alon angandika,
dhuh Mas Mirah
ingsun Gusti,
punapa tan arsa nendra,
dadya prihatining abdi,

B■ndara kawulanipun,
datan n■dya anyidrani,
nanging anr■rak kang karsa,
kalamun cidra kang abdi,
sumangga denting■rana,
suka lamun dendukani,

Dadya nurut Sang R■tnayu,
sare aneng tilamsari,
nanging ing tyas tan
pr■caya,
dadya ing■l■tan guling,
pan sab■n dalu m■ngkana,
J■ng Ratu B■ndara iki,

N■nggani pan kalih dalu,
kondur J■ng Sultan winarni,
miyos dhat■ng T■gal Arja,
b■kta kasukan puniki,
b■dhayan kalawan b■ksa,
■nting tyas Sri Narapati,

Riwusnya kondur Sang Prabu,
Kangj■ng Pangeran winarni,
langkung tyas dhat■ng kang
garwa,
nanging Sang R■tnaning
Puri,
pan dereng karsa ngandika,
nanging lamun kathah jalmi,

Mapan langkung bangun
turut,
m■ngkana nuju mar■ngi,
Sang R■tna jum■n■ng ika,
aneng sangandhap
kamuning,
lan ngasta s■kar c■paka,
sinjang prang rusak
mant■si,

S■m■kanira gadhung,
tin■pi kadya tan jalmi,
aririmong cindhe s■kar,
aneng sat■pining wrih,
balumbang ing patamanan,
J■ng Pangran
ngindhi-indhiki,

Sangking wingking Sang
R■tnayu,
mapan dahat tan udani,
jum■n■ng Kangj■ng Pangeran,
wus dangu aneng ing
wingking,
ingkang tyas mapan
sangsaya,
tr■nyuh denira ningali,

Mring Sang Dyah
L■smininingsantun,
dadya kadumuk Sang Dewi,
noleh pan laj■ng ingaras,
langkung wiring ingkang
mindha Sri,
ing tyas mapan tr■rataban,
dheprok neng ngandhap
k■muning,

Kangj■ng Pangeran anambut,
ing■mban kang mindha sasi,
mid■r aneng p■tamanan,
nging Sang Dyah tyasira
m■ksih,
katongton ing wirangira,
dene dangu tan udani,

Mring kang raka rawuhipun,
dadya w■spanira
mijil,
nulya mulat J■ng Pangeran,
lamun kang rayi prihatin,
bin■kta mring p■sareyan,
rin■pa ingarih-arih,

Dhuh B■ndara p■pujanku,
punapa kang dados rujit,

kang abdi tan ngraos dosa,
nging k■dhik ngaget-ageti,
ing mangke mapan sumangga,
dhin■ndha inggih ngladosi,

Nging Mas Mirah abdenipun,
n■nuwun denandikani,
neng T■gal Arja wus lama,
pan tansah denpitamb■ti,
pint■n banggi pinaringan,
esmu usadaning agring,

Kang abdi matur saestu,
sarawuh Paduka Gusti,
wont■n nagri T■gal Arja,
mapan lir upamaneki,
ginanjar int■n kawula,
saalam donya puniki,

Marma ing mangkya
budinipun,
B■ndara tan ngraos krami,
kawula mindha ngawula,
rumiyin duk aningali,
Gusti mring warna
Paduka,
prapta wisma lir ng■masi,

Ing mangkya pan g■sang
sampun,
sat■mah denpitamb■ti,
m■ngkana Sang Dyah Kusuma,
sar■ng amiarsa iki,
mring s■bdanira kang raka,
dadya keh wiring kaesthi,

M■ngkana tyasnya Sang Ayu,
dadya ingsun iki dhingin,
kaya angadhang wong lanang,
adol marang rupa mami,
dadya adr■s ingkang w■spa,
Kangj■ng Pangran aningali,

Lamun Sang Murtining
Ingrum,
sangsaya ingkang prihatin,
m■ngkana Kangj■ng Pangeran,

sangsaya mangarih-arih,
dhuh Gusti punapa marma,
kang w■spa saya dr■s mijil,

Punapa Gusti kaduwung,
angabdekk■n mring kang
dasih,
kawula matur estunya,
lamun tan ngapunt■n abdi,
nah angger dhat■ng
sumangga,
ing T■gal Arja puniki,

Pun kakang pan amit lampus,
upados marganing
pati,
m■ngkana Sang Mindha R■tna,
sar■ng miarsa tyasneki,
kum■pyur pan laj■ng sirna,
sadaya kang dados runtik,

Dadya mes■m ngandikarum,
b■tah t■m■n lamun angling,
sarwi malerok Sang R■tna,
ng■ndi ana wong pawestri,
iya winehan nagara,
bisa t■m■n amek ati,

Tur mangsa mant■pa iku,
m■ngko thithik nuli salin,
kaya tan w■ruh ledannya,
Kangj■ng Pangeran miyarsi,
mring pangandikaning Sang
R■tna,
kum■pyur tyas matur aris,

Sarwi mes■m mangr■peku,
y■ktos Gusti duk rumiyin,
ing mangke punapa karsa,
nah angger dhat■ng
nglampahi,
tan n■dya malih akrama,
nging nuhuk kang abdi
Gusti,

Ing sih Paduka satuhu,
sarwi ingarasa Sang Dewi,

tangkis g■lung Sang Kusuma,
kering pamidhanganeki,
malerok Sang Dyah
ngandika,
marmane g■l■ma mami,

Iya g■l■ma c■lathu,
larangan denp■ngarahi,
pa lali ujare ika,
nr■racakira andadi,
Kangj■ng Pangeran ngandika,
sarwi mes■m ngantaweni,

Gusti sampun limrahipun,
nging abdi mapan dr■mi,
parentah Allah Tangala,
margi nurunak■n wiji,
pr■mila estu awisan,
nging dasih wus denlilani,

Pan sinung waw■nang sampun,
kantun Paduka pribadi,
nah angger kang tan
kalilan,
marma n■nuhun kang abdi,
mugi ta linilanana,
manjing sajroning
tamansari,

Lamun tan kalilan tuhu,
tan wande pun kakang mati,
dinukan dhat■ng Yyang
Sukma,
ingutus tan angsal kardi,
mes■m Sang Dyah R■tna
ngandika,
dhasar botoh bisa angling,

Iya sapa bisa iku,
madoni wong kudu amrih,
pan sampun karsaning
Sukma,
panggih jodho donya akir,
sampun l■jar ing tyasira,
Sang R■tna wus asrah dhiri,

Kangj■ng Pangeran andulu,

mring Sang Dyah wus l■jar
tyasning,
nulya sinambut Sang R■tna,
tanpa jiwa kalihneki,
wus lintu asmaragama,
ing■mban Sang Mindhasari,

Pan wus karsaning Yyang
Agung,
panggih jodho jalu estri,
dadya sami trisnanira,
tan kenging b■nggang
sanyari,
mapan lir pendah mintuna,
langkung r■m■n kang
ningali,

An■ngna kang among kayun,
Kangj■ng Sultan kang
winarni,
pan sampun karsaning Sukma,
gr■rah c■l■b tan punapi,
pan sampun angsal sacandra,
nanging miyos S■tu m■ksih,

M■ngkana ingkang winuwus,
Kangj■ng Pangran amar■ngi,
arsa sowan mring kang
eyang,
sampun lami gr■rahneki,
kap■thuk lawan kang rama,
Kangj■ng Sultan
pan mar■ngi,

Arsa am■ng-am■ng iku,
ningali kang Baluw■rti,
kang dherek nging
ponakawan,
Kangj■ng Pangran datan
uning,
tin■rka dede kang rama,
dadya tan t■dhak sing
wajik,

Tin■rka kang rayi tuhu,
sing t■bih katingal alit,

kap■thuk pal gung Kaputran,
J■ng Pangran kagyat
ningali,
wau dhumat■ng kang rama,
mes■m Kangj■ng Sri Bupati,

Lawan angandika arum,
sira s■ngguh sapa mami,
Kangj■ng Pangeran aturnya,
lun s■ngguh dhimas dipati,
dadya samya ngluhur kuda,
mes■m Sang Nata nabdaris,

Ar■p mring di sira kulup,
J■ng Pangran umatur aris,
ayun sowan Kangj■ng Eyang,
J■ng Sultan ngandika malih,
wus kulup sira banjura,
ngingin■pa aja mulih,

Sesuk sebaa denesuk,
aja nganti suntimbali,
Kaputren sesuk m■tuwa,
si beng apa melu
iki,
Kangj■ng Pangeran aturnya,
inggih tumut wont■n
wingking,

Kangj■ng Sultan sampun
laju,
kur-ungkuran lampahneki,
ing dalu enjang winarna,
ing dint■n S■nen mar■ngi,
J■ng Pangran ngantos
ngandikan,
utusan k■parak kalih,

Nyai Among S■miteku,
lawan Nyai Soka prapti,
ngarsanya Kangj■ng
Pangeran,
tur s■mbah samya turneki,
Gusti Paduka ngandikan,
J■ng Rama dal■m ng■ntosi,

Ngaj■ng-aj■ng sampun dangu,

l■nggah wont■n jamban
gusti,
Paduka kinen laj■nga,
J■ng Pangran nulya lumaris,
mapan datan k■kampuhan,
kering Nyai Lurah kalih,

Miyos Kaputren wus rawuh,
g■dhong mr■rapat kang kori,
ing ngaj■ng g■dhong jamban,
Kangj■ng Sultan l■nggah
kori,
sendhean korining jamban,
sar■ng kang putra
kaeksi,

Sampun karsaning Yyang
Agung,
J■ng Sultan w■spanya mijil,
Kangj■ng Pangeran miarsa,
yen kang rama w■spa mijil,
ingkang tyas lir bin■thota,
nging tambuh kang dados
galih,

Dadya tumut mijil iku,
ingkang w■spa kalihneki,
J■ng Sultan lan J■ng
Pangeran,
m■ngkana lurah k■kalih,
k■laj■ng tumut karuna,
sar■ng mirsa gustineki,

K■kalih samya tyasipun,
m■ngkana pitulung Widi,
kalih ical kang sungkawa,
emut mring burhaning Widi,
manungsa yen nora bakal,
J■ng Sultan ngandika aris,

Kulup sunundang sireku,
sun iki lara say■kti,
nanging ta nora ngopoa,
iya ing rasaning sakit,
nanging tyas sun wus
karasa,

kaya na karsaning Widi,

Ing wuri wus pasrah ingsun,
mangsa bodhoa
sireki,
kabeh adhi-adhinira,
ing m■ngko dhingin say■kti,
ingsun tan ningali liyan,
nanging sira anak mami,

Sampun karsaning Yyang
Agung,
J■ng Pangran lomba
tyasneki,
datan nyana lamun arsa,
n■nggih tinilar tumuli,
wau dhumat■ng kang rama,
m■ngkana aturireki,

Nanging pangestu pukulun,
rumiyin dalah samangkin,
tan wont■n ingkang suwala,
dhumat■ng prentah ba y■kti,
Kangj■ng Sultan angandika,
ya kulup pracaya mami,

Lah ta wis muliha kulup,
m■tuwa ing kene b■cik,
iya jroning Prabay■ksa,
p■lataran akeh kaki,
sagung wong kang padha
seba,
sun pirsa wus akeh prapti,

Sira tan basahan iku,
pan saru yen akeh uning,
ingsun arsa n■monana,
mring sagunging bocah
bupati,
wis kulup sira
muliha,
J■ng Pangran lengser sing
ngarsi,

Prapta ing Kr■raton sampun,
ngarsanya kang eyang malih,
J■ng Ratu Ag■ng atanya,

denundang apa sireki,
kulup marang ramanira,
J■ng Pangran umatur aris,

Nanging datan w■ca tuhu,
m■nawa kang yang prihatin,
sawab saw■g nandhang
gr■rah,
sang■t tan sag■d lumaris,
lan malih wus s■puh marma,
J■ng Pangran watos ing
galih,

Sampun lami gr■rahipun,
m■ngkana aturireki,
mapan tan wont■n punapa,
nging kang■n timbalaneki,
nulya pamit mring kang
eyang,
kondur mring T■gal Arjeki,

Lawan Sang R■tnaning Ayu,
tan kenging b■nggang
sanyari,
langkung dening
sih-sinihan,
m■ngkana ingkang winarni,
mapan wus karsaning Sukma,
Kangj■ng Sultan prapteng
jangji,

Nanging ■l■t kalih dalu,
lawan genira mamiling,
wau dhumat■ng kang
putra,
ing dint■n K■mis mar■ngi,
Paing n■nggih pasarannya,
kondur mring Rahmatolahi,

Langkung hor■g Ngayojeku,
surudnya Sri Narapati,
sab sagung kagyat samya,
tan wont■n nyana say■kti,
Kangj■ng Sultan tilar
donya,
kondur marang ngalam aib,

Residhen Garnam k■langkung,
wau genira anangis,
m■ksih enggal langkung
cuwa,
dhumat■ng Sri Narapati,
genira ngladosi ika,
sinare Jimatan nunggil,

Kalawana kang eyang iku,
Kangj■ng Sultan Ngayogyadi,
ingkang jum■n■ng sapisan,
m■ngkana Pangran Dipati,
datan pisah lan kang raka,
J■ng Pangran Dipan■gari,

Anulya bicant■n sampun,
jum■n■ng Pangran Dipati,
nanging mawi winakilan,
Pangran Mangku Alam iki,
wus t■ntr■m nagri Ngayogya,
J■ng Pangran wus
kondur nuli,

Mring T■gal Arja pan
sampun,
m■ngkana ing lami-lami,
J■ng Sultan sampun diwasa,
supit mapan nulya krami,
duk supit kang mangku iya,
Min■st■r Garnam pribadi,

Kang raka J■ng Pangran iku,
kang nutupi netraneki,
duk krama mar■ngi ika,
Jan Kr■rap■t dados malih,
neng Masjid Ag■ng
ningkahnya,
pan angsal tilaraneki,

Raden Dipati puniku,
kang seda K■dhaton dhingin,
Ratu Angger kang atmaja,
mapan sampun nama iki,
an■nggih Ratu Kancana,
J■ng Ratu Kancana ngalih,

Mapan nama Ratu Ibu,

sabab Ratu Ag■ng m■ksih,
J■ng Ratu Ag■ng winarna,
sampun karsaning Yang Widi,
sar■ng surud ingkang putra,
gr■rahnya waluya sami,

Dadya panjang yusyanipun,
amomong kang wayah iki,
m■ngkana kang
parentahan,
sampun ingaturk■n malih,
wau dhumat■ng J■ng Sultan,
Pangran Mangku Alam iki,

Mapan sampun kend■l iku,
genira dados w■wakil,
kathah k■sturi Ngayogya,
nanging tan dados punapi,
J■ng Pangran Dipanagara,
dadya langkung s■k■lneki,

Kangj■ng Sultan kang
winuwus,
ingkang cin■lakk■n iki,
Raden Dipati Danurja,
lan Raden Wiran■gari,
Rahaden Pringgadiningrat,
mapan sampun ang■masi,

Sampun karsaning Yyang
Agung,
asang■t maksiyatneki,
nanging yen wont■n kang
raka,
Kangj■ng Sultan m■ksih
ajrih,
Enggris wus salin W■landa,
Residhen Nahus namaneki,

Kar■mannya mangan nginum,
lan ajar cara W■landi,
nadyan kang putra santana,
ingkang anem-anem sami,
pan sampun katut
s■daya,
batal karam wus tan olih,

M■ngkana karya kolektur,
nanging tan atur up■ksi,
mring Pangran Dipanagara,
dene kang kinarya gajih,
amundhuti artanira,
marang sagung wong sanagri,

Dene karyanya kolektur,
ajaga Raden Dipati,
pan sampun r■mbag sadaya,
Minist■r Nahus ngidini,
lawan anuwun pratandha,
■cap J■ng Sultan pribadi,

Pan sampun pinaring iku,
m■ngkana ingkang winarni,
sagung kang putra santana,
ingkang s■puh-s■puh sami,
tanapi sagung dipatya,
Ngayogya pan susah sami,

Mapan r■mbag samya matur,
mring Pangran Dipanagari,
m■ngkana Kangj■ng Pangeran,
langkung kagyat ing
tyasneki,
nulya t■dhak mring
Ngayogya,
ing K■dhaton sampun prapti,

Laj■ng panggih lan
kang ibu,
J■ng Pangran atanya aris,
punika wont■n pakarya,
dene tan aparing uning,
ibu dhumat■ng kawula,
karya susah wong sanagri,

J■ng Ratu Ibu lingnya rum,
kawula pan datan uning,
dadosing r■mbag punika,
kula tanya sampun w■rti,
inggih dhat■ng j■ngandika,
J■ng Pangran atanya aris,

Sultan neng pundi genipun,
J■ng Ratu Ibu nabdaris,

wont■n Bangsal Panggung
ika,
Kangj■ng Pangran nusul
nuli,
panggih kalawan J■ng
Sultan,
J■ng Pangran ngandika aris,

Sultan marma prapta ingsun,
ayun tanya mring sireki,
pan ingsun angrungu warta,
sira karya kolektur iki,
iku apa karyanira,
Kangj■ng Sultan matur aris,

Danurja kang gadhah r■mbug,
lawan pun Wiran■gari,
sabab kirang
kang kengkenan,
dene karyanipun malih,
angl■mpakk■n sagung arta,
pacumpl■ng punika sami,

Kalih kula tanya sampun,
ngaturi uninga ugi,
inggih dhumat■ng Paduka,
w■rti yen sampun mar■ngi,
J■ng Pangeran angandika,
iku pasthi goroh y■kti,

Sultan yen sira nora wruh,
iku ta pangrasa mami,
liwat lakuning durjana,
tan wurung karya ku p■sthi,
iya marang kasusahan,
ing besuk w■kasaneki,

Marang wong cilik ku besuk,
lan apa pangane iki,
kolektur pira cacahnya,
lawan padinane iki,
ing ng■ndi pasebanira,
Sri Nata umatur aris.

T■dhanipun mapan ngiras sawidak tiyang satunggil lurahipun kalih b■lah cacah tiyang kawan desi mapan langkung k■kalih lurah kang kalih puniku pasowannya sadaya wont■n Danurjan sami lamun t■las gandhek punika tamb■lnya

Karyanipun sab■n mangsa m■dal mring dhusun pan sami mundhut pacumpl■ng punika Kangj■ng Pangran dikanyaris sarwi mes■m puniki wus talidok ujaringsun m■ngkono maneh Sultan yen ora ngrusaka bumi gunung iku bae suku rangk■p ingwang

Duk dhingin surgi J■ng Rama gunung wus sunsuwun iki ilange kabeh ku iya dene dadi susahneki sagung wong cilik-cilik kang sunkarya ganti iku suku bae lan uwang dhuwit bAndar kabeh iki wis sunduga turah pan mangsa kuranga

Dene kang parentah desa muliha kaya kang dhingin duk surgi Yang Kangj■ng Rama wus nglilani nanging s■madosneki anging ng■nteni sataun kinarya isi ika sab uwang pura ■nting during nganti Kangj■ng Rama s■lak seda

Ing m■ngko iki ta sira malah r■p sira wuwuhi sagung susahe wong desa lah kaya apa sireki J■ng Sultan matur aris sampun k■laj■ng puniku cap kawula punika sampun kinarya ng■capi kang nuwala badhe parentah mring desa

Lah Sultan sira jab■la yen durung k■banjur iki undang■n Wiranagara Kangj■ng Sultan anulya glis putusana animbali Raden Mayor prapta sampun Kangj■ng Sultan ngandika Mayor kaya apa iki tuturira dhingin wus atur uninga

Mring kangmas kan wus kalilan mangko ingsun dendukani tumungkul Wiran■gara tan sag■d matura iki nulya ngandika malih ing m■ngko layang sunpundhut kolektur wus wurunga Wiranagara turneki kula ajrih sampun k■laj■ng nuwala

Wont■n Residhen punika kew■dan J■ng Sultan iki dadya kend■l tan ngandika J■ng Pangran b■ndu tyasneki ngandika mring kang rayi wus Sultan pilih■n ingsun iki nanging wong juga lan loro kapilih ■ndi lamun sira amilih kang loro iya

Wus layang sira banjurna lamun sira milih mami jaluk■n nuwalanira dene Residhen ku iki lamun asr■ng■n iki aja sira melu-melu yen milih loro sira iya Sultan luwih b■cik nanging ingsun wus tan melu melu ika

Umatur Wiran■gara kados pundi gen mangsuli mung■l wont■n kitap ugi nasikhatal muluki yen ratu ngandika sampun tan kenging mangsulana Kangj■ng Pangeran miyarsi mring ature Tum■nggung Wiranagara

Dadya medal dukanira jinewer kupingnya kalih dhinupak asru ngandika eh ya Mukhidin sireki jawane m■muruki pan kitap kang sira ampung sireku luwih bisa wong akeh tan ana uning ala b■cik ingkang w■ruh nanging sira

Kangj■ng Pangeran ngandika sultan-sultannya say■kti sira pajara den-nyata sapa ingkang duwe pikir lamun sira pribadi iku atas kohil mahpul lamun r■mbag wong liya m■sthi k■na denowahi iku setan Sultan ingsun nora lila

Kangj■ng Sultan ris aturnya pan saking tiyang k■kalih Danurja Wiranagara lawan kula pitakeni pan sampun matur ugi dhat■ng Paduka satuhu mila kula pr■caya laj■ng kawula ngidini pan tumungkul Tum■nggung Wiranagara

Kangj■ng Pangran angandika iku wus t■tela y■kti lamun setan angr■ncana pan kitab karya ling-aling J■ng Sultan ngandika ris lah matura maning iku Mayor marang kakangmas lamun sira maksih wani babing kitab ingsun arsa mirsak■na

Den Mayor Wiran■gara tan sag■d matura malih Kangj■ng Sultan angandika wus sida sunpundhut iki wurung kolektur dadi wus sira m■tuwa iku Mayor Wiran■gara tur s■mbah lengser sing ngarsi Kangj■ng Sultan umatur dhat■ng kang raka

Suwawi kondur kakangmas dhahar K■dhaton rumiyin kalihan sar■ng lumampah l■nggah wont■n G■dhong Kuning J■ng Ratu Ibu prapti lan J■ng Ratu K■ncananeku laj■ng amundhut dhahar Nyai Riya kang ngladosi Kangj■ng Ratu Ibu aris at■tanya

Paran Sultan dadinira pr■kara kolektur iki Kangj■ng Sultan aturira inggih tamtu bot■n dadi J■ng Ratu mes■m angling Sultan sunpajar satuhu ingkang duwe nagara ing Ngayogya iki y■kti raka dika Pangeran Dipanagara

Mapan sun wus dhinawuhan mring rama dika ing nguni duk m■ksih kadipatennya m■ngkene timbalaneki Den Ayu sunpajari ja ngar■p-ar■p anakmu ingkang dadi tyasingwang nakingsun kang tuwa y■kti atur kula mring rama dika sumangga

Esmu lings■m Kangj■ng Sultan sabab kathah tiyang uning m■ngkana ing aturira sampun napa dika wr■ti kula sampun udani Kangj■ng Rama w■lingipun inggih dhat■ng kawula mila kula pr■caya laj■ng kawula ngidini J■ng Pangran mes■m nabdaris Ibu Ratu pan kados lare Paduka

Ngandika wados punika pan kathah tiyang udani mes■m J■ng Ratu Kancana risampunira dumugi dhahar anulya pamit Kangj■ng Pangeran wus kondur dhumat■ng T■gal Arja m■ngkana mapan wus lami Kangj■ng Ratu Ag■ng gr■rah sang■t ika

Anuju ing wulan Ramlan sagung putra wayah sami tugur Kr■raton sadaya tanapi kang pra ngulami Ki Pangulu ngaturi mukah siyam Kangj■ng Ratu nanging m■ksa tan arsa kadya wus sin■dya galih sar■ng ngaj■ngak■n Bakda supe nulya

J■ng Sultan matur kang raka kados pundi benjing enjing pr■kawis Gr■b■g punika Kangj■ng arnngandikaris aja sira ngowahi ya dene ingkang atunggu Kangj■ng Yang ingsun uga lan Bu Ratu B■ndareki ratu angger kabeh padha gar■b■ga

Ki Mangkubumi sampeyan gih sowana benjing enjing Kangj■ng Sultan ris aturnya bilih kula tan m■nangi J■ng Pangran ngandikaris walahualam ing sesuk nanging panduganingwang Kangj■ng Yang kaya ng■nteni mring p■pake kang putra wayah iki iya

M■ngkana kang kalampahan sampun karsaning Yang Widi Kangj■ng Ratu sura dira sampun bakda Gr■b■g iki putra wayah wus prapti t■napi Kyai Pangulu myang sagung kang pra ngulama mapan sampun p■pak sami sinarekk■n Jimatan tunggil kang putra

Riwus kawan dasa dina J■ng Ratu Ibu gumanti Ratu Ag■ng namanira dal■mira kang ng■nggeni J■ng Ratu B■ndareki m■ngkana ingkang winuwus risampunira lama wont■n cobaning n■gari pan kr■raman anama Sinduratm■ja

Mapan ng■mbani punika Pangeran Dipasaneki Kangj■ng Pangran wus uninga war■ta saking wong desi nanging maib■n y■kti dene langkung bot■n rukun Pangeran Dipasana repot jompo lawan alit lan k■langkung kang manah r■m■n maksiyat

Nanging ragi gr■rah manah duk kala timurireki marma datan lin■gewa m■ngkana nuju mar■ngi Kangj■ng Pangran nimbali abdi kinen maos iku nama Sukbatuliman lawan Muhamad Bunari kitab nasikhatul kang winaca

L■nggah Bale Sawuh ika paseban Selar■jeki tan pantara nulya ana utusan saking ingkang rayi J■ng Sultan atur uning an■nggih ingkang ingutus Raden Sasrawirana lan Sasrabau tur b■kti pan kawula Gusti ngutus Sri Nalendra

Kinen ngaturi uninga dhumat■ng Paduka Gusti ing K■dhu wont■n pakarya kr■raman ag■ng kang baris dhusun B■ndha gene Ki Sinduratm■ja nameku estri ingkang satunggal sampun m■jahi W■landi J■ng Pangeran mes■m aris angandika

Lah iya Sasrawirana Sultan apa wus bantoni aturnya Sasrawirana inggih sampun kang lumaris Raden Mayor pribadi lan Raden Rit M■st■r iku b■kta sakancanira sar■ng angkatipun sami lan Residhen Nahus sadint■n punika

Iya wis Sasrawirana sira amuliha dhingin ing m■ngko ingsun pan arsa marang K■dhaton pribadi lawan ayun udani Adin■gara m■mantu nulya Sasrawirana tur s■mbah lengser sing ngarsi Kangj■ng Pangran tan pantara nulya t■dhak

Prapta K■dhaton wus panggya J■ng Sultan matur niskara J■ng Pangran mes■m n■bdaris ya wus ingsun udani ingkang karya reka iku lamun Residhen prapta Yang Dipasana denaglis weneh■na ya iku kang gawe g■ndra

Wus laju Kangj■ng Pangeran mring Adin■garan prapti Pangeran Adin■gara meh wande m■mantu iki Kangj■ng Pangran n■bdaris wis tutugna am■mantu antawis tigang dina Residhen Nahus wus prapti tur uninga lamun kraman K■dhu bubar

Nulya Pangran Dipasana cin■p■ng binuwang nuli wau dhumat■ng ing sabrang m■ngkana ing lami-lami saya kathah s■turi nigari Ngayoja iku nanging datan punapa J■ng Pangran langkung prihatin datan kondur neng Selaraja kewala

J■ng Sultan ingkang winarna yen mar■ngi kang■n iki wau dhumat■ng kang raka nusul mring Selar■jeki m■ngkana amar■ngi Kangj■ng Sultan prapta iku kang■n dhat■ng kang raka Kangj■ng Pangeran mar■ngi l■nggahan neng kulah milih ingkang tigan

Klang■nan ulam wad■r bang munggeng Sela Gilang iki Kangj■ng Sultan nulya prapta pan laj■ng tumut milihi kang dherek pangran kalih samya kang raka puniku Pangeran Suryabrangta lawan Suryawijayeki Kangj■ng Pangran sampun karsaning Yyang Sukma

Ingkang tyas langkung pracaya wus dhumat■ng kang rayi Kangj■ng Pangeran ngandika payo Sultan padha ngalih lungguh ing g■dhong iki Kangj■ng Sultan dherek sampun lawan kalih kang raka Pangran Suryabrangta iki pan kalawan Pangeran Suryawijaya

Kangj■ng Pangeran ngandika sarya mes■m mring kang rayi Sultan sunpajari sira sakehe ingkang pr■jangji duk dhingin alam Enggris mapan m■ksih ana ingsun K■dhaton nora nana nging kontrak kang ana iki lan pr■jangji pam■tune kang nagara

Dene sakeh p■panggr■ran m■ksih ana kene y■kti kang dadi water tyas ingwang manawa ingsun ng■masi apa dene sireki nora wurung iku besuk mapan dadi br■wala nakira lan anak mami lamun nora nana pitulung Yyang Sukma

Dene m■ngko karsaningwang layan sunwenehk■n iki Sultan iya marang sira nanging ingsun Sultan titip mring sakeh anakireki k■lamun ng■masi ingsun Soltan mangsa bodhoa J■ng Sultan aturireki pan sandika Kangj■ng Pangeran ngandika

Mring Pangeran Suryabrangta lawan Suryawijayeki sira karo lumakuwa suwun■n layang pr■jangji marang bakyunireki tur s■mbah kalih wus mundur saking ngarsa kang raka tan pantara nulya prapti ingkang surat wus katur marang kang raka

Tinampan nulya ngandika ya Sultan wruhanireki layang iki ingkang ny■rat pan Jendral Rapl■s pribadi kang sisih Jawa iki Cadiningrat nulis iku wis nya sira gawaa nanging poma w■kas mami pan mung iku kang dadi watir tyasingwang

J■ng Sultan matur sandika k■langkung panuwuneki nulya pinaring kang surat Kangj■ng Sultan gya nampeni langkung suka tyasneki J■ng Sultan nulya mit kondur mapan sampun kalilan mundur sing Selar■jeki ingkang s■rat mapan bin■kta priyangga

Datan winarna ing marga K■dhaton pan sampun prapti pan sampun karsaning Sukma Kangj■ng Sultan datan lami saking g■ng r■ncananeki setan kang sami b■bidhung kang s■rat ingaturan basmi pan datan prayogi yen t■ksiha m■nawi bilih m■nawa

Kadya wus t■kdiring Sukma Kangj■ng Sultan gampil nuruti mring atur ingkang tan yoga m■ngkana surat bin■smi sampun karsaning Widi tan lami laj■ng Sultan iku lawan antaranira genira amb■smi tulis prateng jangji Kangj■ng Sultan laj■ng seda

Mapan datan mawi marga ing gr■rah saking sak■dhik tan kend■l gennya p■siyar nanging ingkang dadya margi dhahar tur-aturneki Raden Dipati puniku pan lagya ngunjuk jangan sar■ng konjuk pan cum■kik sar■ng dhawah J■ng Sultan pan laj■ng seda

Salira abuh s■kala langkung geger Ngayojeki pan samya kaget s■daya ingkang raka sampun prapti nanging datan m■nangi lan putra santana sagung jalu estri p■p■kan lir gr■rah swaning tangis saking gunge pawestri sajroning pura

Tanapi sagung punggawa mapan sampun p■pak sami Ki Pangulu sakancanya mapan nuhun densirami tan suka Suk■taris Ibu ken ng■ntosi iku mapan lagya utusan nusul Rsidhenireki kang mar■ngi Baron S■lus namanira

Pan lagya kesah mring Sala ingkang kinen ang■nteni lagya jinujul punika J■ng Pangran w■las ningali mring layon ingkang rayi nulya pin■ksa puniku pan kinen nyiramana anulya dipunsirami risampunnya sinarekk■n Prabay■ksa

Sadint■n sadalu ika Baron S■lus dereng prapti sar■ng enjing tinab■la Suk■taris tan suka malih mring Kangj■ng Pangeran iku sampunnya tinab■la tin■ngga neng bangsal sami Baron S■lus jam saw■las praptanira

Pan laj■ng kinen ngangkatna J■ng Ratu Ag■ng puniki langkung sang■t pamuwunnya ingaturan datan kenging ngantos kaku tyasneki Baron S■hilus puniku mapan k■kanthen asta lan Pangran Dipanagari prapta ngalun-alun kidul wangsul samya

S■daya wus prapteng pura ingkang datan dherek sami sagung putra santana Residhen S■lus n■bdaris Pangran Dipanagari sampeyan bok sampun kondur laj■nga t■ngga pura Kangj■ng Pangran ngandikaris nora g■l■m sun mulih bar■ng lan sira

Pan Suk■taris kewala lan si Detre iku b■cik kariya atunggu pura lawan Kyai Mangkubumi Baron S■lus nuruti mapan samya bubar sampun sagung putra santana kang tugur nanging bupati Kangj■ng Pangran wus kondur mring T■gal Arja

Ingkang dherek mring Jimatan s■daya pan sampun prapti sinarekak■n J■ng Sultan p■sareyan enggal dadi tan tunggil kang ramekin m■ngkana ingkang winuwus J■ng Sultan tilar putra pan sanga katahireki kang winarna nanging kang jalu kewala

Den Mas Menot namanira saw■g yuswa tigang warsi nanging sampun pinaringan nama Pangeran Dipati m■ngkana ngantos nami mapan dereng dadi iku Den Mas Gathot arinya Den Mas Mursada puniki Den Mas Mangun kang jalu s■kawanira

Ingkang putri mapan gangsal m■ngkana ingkang winarni J■ng Pangran Dipanagara mapan asring denature ing Residhen mring loji nanging awis karsanipun lawan malih m■nawa Residhen mring k■nya puri ingaturan Kangj■ng Pangran awis k■rsa

Lawan sring tiniti ika mring Risidhen yuswaneki kalamun mar■ngi karsa ingaturan dhat■ng ngloji langkung Risidhen iki denira met galihipun lan asring ingaturan l■nggahan sami pribadi pan R■sidhen ingkang ngladosi priyangga

Mabarang kang dinangu ika Baros S■lus aturneki T■gal Arja Selar■ja Kangj■ng Pangran Mangkubumi grahita jroning galih mangkana pan t■dhak iku dhumat■ng T■gal Arja apan sampun ap■panggih lan kang putra neng jro G■dhong Selar■ja

Kangj■ng Pangran angandika kulup tan kaduga mami Baron S■lus kar■pira bang■t kayuyunireki kulup marang sireki kaya na atine iku ng■teni kar■pira m■nawa dhangan sireki sun c■lathu Kangj■ng Pangeran ngandika

Sampun g■mampil Paduka pan kawula lumuh y■kti kalamun m■rgi punika puruna sampun rumiyin mangsa kas■lanana ugi inggih dhumat■ng pun Bagus Kangj■ng Pangran ngandika wau dhumat■ng kang siwi paran kulup bang■t t■m■n watiringwang

Iya manawa kaliya kaya paran polah mami Kangj■ng Pangeran aturnya sarwi mes■m sokur iki lamun purun ngowahi Kyai maring jangjenipun aluwung m■kat■na bot■n angew■d-ew■di pan kawula anglindhung purbaning Sukma

Sampun kondur J■ng Pangeran w■tara l■t pitung ari Den Menol pan ingangkat jum■n■ng mapan g■ntosi mring ingkang rama surgi nanging mawi wakil iku an■nggih kang kinarya Kangj■ng Pangran Mangkubumi pan k■lawan Kangj■ng Pangeran punika

Ariya Dipanagara lawan Ratu K■ncaneki Ratu Ag■ng s■kawannya J■ng Pangran lumuh k■pati nanging pin■ksa iki dadya sang■t lings■mipun tan sag■d mulat jalma ngantos tug■l poncotneki ingkang k■puh genira nitih kareta

Datan katolih kapidak Suk■taris ingkang nganthi anglir sedaa s■kala, pan sampun prapta ing ngloji kontrak winaos nuli Den Mas Menol sambatipun kap■j■ng pamuhunnya nanging ■moh g■mang w■di nanging m■ksa Risidhen p■ngangkatira

Lan Ratu Ag■ng kang m■ksa risampun kondur tumuli l■nggah S■tinggil sak■dhap laj■ng mring K■dhaton sami l■nggah bangsal puniki Baron S■lus pan asung kang surat p■rjangjeyan Kangj■ng Pangeran tan apti kinen maos kewala sagah tan bisa

Tin■dhenan tandha asta ngandika tan bisa nulis tin■dha ingkang pratandha nora gawa ■cap mami Pangran Mangku Alam iki mes■m karasa tyasipun Pangran Dipanagara dadya saya lings■mneki pan rumaos lamun inges■m-es■man

Dadya mabarang pakarya Kangj■ng Pangran Mangkubumi ingkang nadhahi sadaya Risidhen narima iki riwus abubar sami m■ngkana ingkang winuwus Pangran Dipan■gara kondur mring T■gal Arjeki sapraptanya langkung denira sungkawa

Nanging kagagas lings■mnya dene nora katon jalmi kinarya wakiling bocah bok iya nganggo tinari pinadhakk■n sun iki lir wong ng■mpek-■mpek iku dol gawe luru pangan nora kaya awak mami kudu t■m■n d■lap urip ana donya

K■langkung r■mpu tyasira J■ng Pangran Dipanagari laj■ng manjing p■sareyan pan n■dya anganyut urip wus nir sagung kaeksi saking sang■t wirangipun mangkana Sang Dyah R■tna kum■pyur tyas aningali mring kang raka ingkang tyas tan kaduga

Dene langkung s■k■lira apa kang dadi wiyadi m■ngkana Sang Dyah Kusuma tan eca raosing galih dadya anusul nuli Sang R■tna mring tilam arum tumingal mring kang raka yen arsa angenyut urip Sang Lir R■tna nyungk■mi medal kang w■spa

P■gat-p■gat ang■ndika kangmas nora bisa kari sarwi nungk■mi pr■naja ngur ingsun matiya dhingin paran sun lamun kari sampun karsaning Yyang Agung J■ng Pangran tingalira mantuk mring bangsa riyahi duk miarsa s■sambate Sang Kusuma

Dadya ucul tingalira Sang R■tna sinambut ririh pinangku Sang Lir Supadma k■lawan ngandika aris wus ta kend■la Gusti wurung mati abdeningsun Sang Dyah aris turira punapa kang dados rujit dene kantos Paduka karsa tilar donya

Kangj■ng Pangeran ngandika Mas Mirah Gusti Wong Kuning s■sotyaning tanah Jawa pun kakang pajar say■kti langkung wiranga urip aneng ing donya wakingsun dene tan pedah jalma kinarya wakil b■bayi nora mantra k■lamun katon manungsa

Denb■bungah lir wong corah dene liwat m■janani k■lamun ingsun g■l■ma dadya ratu pan wus dhingin m■ngko kinarya wakil dene liwat nistha iku abang■t ingsun wiring denunggahk■n ■mban mami dadya mes■m Sang R■tna aris turira

Nuwun apunt■n kawula denag■ng dhumat■ng abdi mokhla Paduka kilapa m■nggah utamaning margi kang dhat■ng alam aib datan m■kat■n Pukulun pan rumiyin Paduka ngandika margi utami pan kawula t■ksih emut sapunika

Mapan kawula tan n■dya k■lamun kantuna y■kti dhat■ng alam k■langg■ngan kawula nuhun rumiyin tan sag■d aningali k■lamun kantun saestu inggih dhat■ng Paduka kawula sampun say■kti an■nuhun dhat■ng Rabilngalamina

Lawan pangestu Paduka supangat andika nabi Muhamatdinil Mustapa benjing prapta ngalam suci kawula kang rumiyin lawan ing margi puniku utawi ingkang wiyar lawan gumantung ing t■kdir kang kas■sa lan sabar mangsa sanesa

Nanging kantun sautama kang sabar punika ugi mapan kathah cariyosnya lan mindhak ngamalnya y■kti yen kal■r■san ugi lawan pitulung Yyang Agung mapan kawula n■dya ing awal dhumat■ng akir any■nyethi inggih dhumat■ng Paduka

Paduka yun nyup■t karsa tan rila khukuming Widi pan inggih mangsa wandeya nanging kantun sautami sakit wiring dennyeki yen tan ewah niyatipun dados ngamal s■daya m■rtantu cobaning Widi pan s■daya sih nugrahaning Sukma

Mapan kawula punika marma purun matur y■kti rumiyin saking Paduka inggih ingkang am■jangi nuhun lumangkung ugi bilih kasupen Pukulun Kangj■ng Pangran duk mirsa marang ature kang rayi dadya mes■m lir sinapusung kawannya

Sang R■tna sinambut nulya Kangj■ng Pangeran n■bdaris dhuh Mas Mirahku B■ndara kang pindha int■n ingukir piturun saking swargi nugrahanira Yyang Agung musthikaning wanodya satanah Jawa puniki tambuh-tambuh naah angger sunrasak■na

Say■kti yen b■n■r sira bang■t kasupen kang abdi kang iman upama surya ati upama lir langit coba r■ncana iki mapan anglir mega m■ndhung kang jasmaniku dewa anglir upamane bumi iya lamun nora katibanan udan

Paran margine thukulna sagung wiji kang neng bumi bisa ngumpu imanipun lan ati kat■lunya iku wutuh dadi siji iya dene sababe ingkang panrima

T■g■se ingkang panrima cukule sakehing wiji lamun nora m■ngkonoa tanpa pedah wong ngaurip wong aneng ing donyeki Mas Mirah kang utameku kang g■dhe cobanira nging lawan nugrahan jati yen kuwawa yeku k■kasih Yyang Sukma

K■lamun nora kuwawa kang wiji bosok upami pan datan tuwuh sadaya dadi tuna wong ngaurip angur duk kala bayi matiya wus datan ketung nah angger kang utama papat dadiya sawiji ngamal ngelmu ngalim makluma panunggal

Panuju ingsun b■ndara ana nugrahan Yang Widi ilang coba b■ka sira meh k■lalen ingsun Gusti ■n■ngna wus tan winarni Ngayogya ingkang winuwus Kangj■ng Pangeran ika Mangkubumi mapan m■ksih pan pin■rdi m■nggah capira kang putra

Baron S■lus tan narima mring cap katiga sami k■dah n■dha jangk■pira s■kawan m■ksih angudi m■ngkana ujarneki najan tan ana iku ingkang t■lu ku iya yen ana ingkang sawiji iku bae pangen Dipanagara

Dene kang t■t■lu ika mapan ya minangka saksi lamun nora nana ika iya cap ingkang sawiji mapan tan k■na manjing kang dhuwit bAndar s■darum pasthi tan aweh ingwang dadya Pangran Mangkubumi pan ginub■l dhat■ng wong g■dhe titiga

Sabab tan sag■d balanja dadya Pangran Mangkubumi t■dhak marang T■gal Arja m■ngkana ingkang winarni J■ng Pangran amar■ngi l■nggahan neng Bale K■ncur pan lagya kinen maca Arjunawijaya iki pan kinarya anglipur rujiting driya

Ingkang abdi kalihira Raden Wiryadikrama ki kang sawiji namanira Mas Astrawinangun iki J■ng Pangran Mangkubumi sar■ng rawuh laj■ng nusul dhumat■ng Selar■ja panggih lal■nggahan sami Bale K■ncur Kangj■ng Pangran angandika

Kulup marma ingsun prapta atutur susahing nagri dhuwit bAndar nora k■na sunjaluk lan bakyu iki lawan adhinireki Ratu Kancana cap t■lu kudu jaluk capira malah ingsun densr■ng■ni mring Residhen pan m■ngko kar■pira

J■ng Pangran Dipanagara estu duka jroning galih marma rumiyin kawula tan purun dados w■wakil kadya buruh upami awade ing nama tuhu s■lamenipun dadya pan dereng kawula kardi ang■capi nanging saw■k kaping tiga

Punika pan raja p■jah Kangj■ng Pangran Mangkubumi mapan aris angandika kaya paran polahneki sanak-sanakireki pa dene prajurit iku ingkang padha b■lanjan pasthi padha susah iki lamun nora dhuwit bandar mal■buwa

Kangj■ng Pangran Dipan■gara langkung kewran ing tyasneki m■ngkana laj■ng an■mah marang kawirangan y■kti nanging g■s■ng tyasneki mes■m angandika arum kyai mapan sumangga nanging kawula as■kti sapunika mapan laj■ng kula bucal

Dados sampun mantun nama kawula Dipan■gari Ngabdul Khamit nama kula Kangj■ng Pangran Mangkubumi ngandika asmu ajrih ya kulup karsanireku sapa wani malanga pinundhut ■cap wus prapti laj■ng ngaturak■n dhumat■ng kang rama

Kangj■ng Pangeran ngandika m■ling punika Kiyai kalamun prakawis arta sampun mawi kla malih J■ng Pangran Mangkubumi mapan angandika arum ya kulup sun kaduga yen ana pr■tandha iki nulya pamit kondur pan wus tan winarna

Kangj■ng Pangeran tyasira sangsaya g■s■ngireki kinarya anglipur t■dhak marang dal■me kang rayi Pangran Suryabrangteki anyupitk■n putranipun j■n■ngira Kangj■ng Pangran laj■ng anyare saw■ngi mapan l■nggah p■tamanan Suryabrangtan

Lan sagung pra putri samya s■dalu tan arsa guling m■ng-am■ng catur ika lawan kang eyang ngladosi Raden Ayu puniki Danukusuma kang s■puh enjing kundru J■ng Pangran dhumat■ng T■gal Arjeki Sang Dyah R■tna am■thuk wont■n t■ratag

Sinambut Sang Lir Purnama bin■kta mring tilamsari Kangj■ng Pangran laj■ng nendra supe salat dhahar iki sadint■n ngantos latri ajrih mungu Sang R■tnayu nging tin■ngga kewala wancinira t■ngah w■ngi nulya dhawah t■dhak b■ndunira Yyang Sukma

Ardi Mrapi murup ika anglir sundhul ing wiyati kadya k■byukan Ngayogya kang akasa kadi g■ni kang suwara g■girisi g■ml■gr■ lawan gumludhug braa pating pancurat k■langkung geger pan sami ting kudhangdhang ngupados pangungsen samya

Tambuh-tambuh kang samya

denungsi

ing ngawiyat langkung p■t■ngira

m■ngkana kang winiraos

J■ng Pangran dereng wungu

langkung eca dennya guling

Sang R■tna pan kew■dan

esmu maras iku

m■nawi tinilar seda
mring kang raka arsa mungu
langkung ajrih
pan tin■ngga kewala
Sang Kusuma m■ngkana tyasneki
m■spaosk■n dhumat■ng kang raka
lamun laj■ng seda mangko
nging nyipta bela iku
tuhu lamun tan n■dya kari
m■ngkana kang winarna
Sang R■tnaning Ayu
mapan kagungan par■kan
langkung dennya s■mbrana tan
pirsa ajrih
bok buwangna manira
Langkung ajrih ningali wiyati
lawan swara tambuh polahira
dadya j■rit-j■rit mangko
lawan par■kan agung
gustenira kalihan sami
m■ksih aneng jro tilam
m■ngkana winuwus
Kangj■ng Pangran duk miarsa
mring suwara par■kan pating
jal■rit
kagyat wungu tumulya
Aningali Sang L■smining Puri
l■nggah dagan J■ng Pangran
atanya
ana apa nahing angger
Sang Dyah aris umatur
tan uninga kawula y■kti
pan dereng medal-m■dal
J■ng Pangran nulyeku
miyos ak■kanthen asta
lan Sang R■tna p■lataran sampun
prapti
ningali ingkang g■gana
Lamun ardi ingkang murub iki
lawan obahira kang buntala
mes■m J■ng Pangran duk anon
kalawan aturipun

sagung para par■kan sa-
mi
mapan aw■rna-w■rna
m■ngkana nulyeku
J■ng Pangran nambut Sang R■tna
pan bin■kta wangsul marang
tilam sami
dumugekk■n kang karsa
Riwusira J■ng Pangran nulyamit
mring Sang R■tna kondur
Selaraja
m■ngkana kang winiraos
ing Ngayogya puniku
pan k■langkung gegerireki
J■ng Ratu Ag■ng ika
kang tyas langkung kuwur
tan ana sinambat-sambat
nging kang putra J■ng Pangran
Dipan■gari
sab■n ana wong prapta
Pinlaj■ngan pan tin■rka iki
yen kang putra J■ng Pangeran
prapta
dede langkung cuwa tyase
nging Suk■taris Abu
lawan Pangran Amangkubumi
detre Raden Dipatya
Den Mayor puniku
Baron S■lus nora nana
lagya kesah m■ngkana wus tan
winarni
sang■tnya tigang dina
Kawarnaa ingkang asru brangti
Kangj■ng Pangran aneng Selar■ja
wus tan k■rasan ing
tyase
aneng donya puniku
langkung dennya kab■tahneki
m■ngkana kang winarna
mapan ta panuju
ing taun ■dal punika
sirah tunggil wulan Ram■lan
nujoni

ping salikur tanggalnya
J■ng Pangeran aneng guwa iki
pan ing S■cang arane punika
sab■n wulan Ram■lane
m■ngkana karsanipun
Kangj■ng Pangran ngunjalat iki
l■nggahan sela gilang w■staneki
an■nggih Ngambarmaya
Pan punika k■lang■nan sami
jroning guwa minangka dal■mnya
beji jroning kulahe
jr■jis t■laganipun
kum■rancang sumur upami
widarakandhang ika
pan pasowanipun
kori g■ng g■bang tinatar
Kangj■ng Pangran liy■p-liy■p
kadya guling
m■ngkana nulya ana
Wong sawiji prapta ngarsaneki
mapan sar■ng kalawan
maruta
sampun prapta ing ngarsane
ingkang p■ngangge iku
kang pinendha lir pendah khaji
kagyat Kangj■ng Pangeran
angandika arum
ingsun tambuh marang sira
wong ing ng■ndi kang tinanya
atur b■kti
kawula tanpa wisma
Prapta amba ingutus nimbali
mring Paduka J■ng Pangran dika
sapa kang kokonan arane
lan ng■ndi omah iku
wong punika aris turneki
pan inggih tanpa wisma
rat Jawa s■darum
punika minangka wisma
ingkang samya jinulukan Ratu
Adil
ingkang ngutus kawula

Animbali mring Paduka y■kti
pan ing mangke jum■n■ng punika
sapucake ngardi mangke
saking ing ngriki iku
kidul wetan pr■nahing ngardi
Rasamuni punika
nging Paduka iku
tan kalilan b■kta
rencang
gya lumampah Kangj■ng Pangeran
ingiring
dhat■ng tiyang punika
Kadya sampun karsaning Yyang
Widi
Kangj■ng Pangran anurut kewala
tan pantara prapta mangko
sangandhap ardi iku
kang nimbali musna tan
kaeksi
m■ngkana kang winarna
Ratu Adil iku
jum■n■ng pucaking arga
rebut sorot lan Sang Yyang
Pr■tanggapati
dangu sur■m Yyang Arka
Kangj■ng Pangran tan kuwasa
uning
aningali marang kang w■dana
Sang Ratu Adil cahyane
kasor ing arka tuhu
nging busana awas ningali
Kangj■ng Pangran s■daya
ij■m sr■banipun
arasukan jubah seta
pan c■lana seta ngag■m sebe
abrit
ngaler ngilen aj■ngnya
Pan jum■n■ng neng pucaking ardi
munggeng sela malinas kewala
tan wont■n aub-aube
myang suk■t tan kadulu
r■sik kadya
dipunsaponi

Kangj■ng Pangran ing ngandhap
pan tum■nga iku
ngidul ngetan aj■ngira
Ratu Adil nulya ngandika aris
eh Ngabdul Kamid sira
Marmanira sira suntimbali
wadyaningsun kabeh sira duwa
ing Jawa rebut■n mangko
lamun ana wong iku
at■takon marang sireki
nuwalanira Kur'an
kon goleki iku
J■ng Ngabdul Kamid aturnya
amba nuhun sampun tan kuwawa
jurit
lawan tan sag■d ika
Aningali dhumat■ng p■pati
lawan malih rumiyin kawula
sampun nglampahi y■ktose
pan dam■l awon k■langkung
inggih sami-samining jalmi
Sang Ratu Adil n■bda
nora k■na iku
wus dadi karsaning Sukma
tanah Jawa pinasthi marang
Yyang Widi
kang duwe lakon sira
Data- n ana iya
maning-maning
risawusnya kum■pruk swaranya
mapan anglir upamane
panjang binanting batu
nulya musna kalihaneki
dadya pan datan k■na
winarna puniku
m■ngkana mapan anulya
pangraosnya Kangj■ng Pangeran
pribadi
ingkang jum■n■ng arga
Datan ewah jum■ngireki
ngaler ngilen nahu aj■ngira
J■ng Pangran langkung g■tune

ngraos jajanipun
kadya konang pating par■lik
m■ngkana kagyat nulya
bocak-bacik iku
mapan lawan puthut lawa
alok-alok s■mudra murub puniki
lan guml■dhug kang swara
Lan gumuruh lir ardi M■rapi
Kangj■ng Pangran t■dhak miyos
ika
tumut aningali mangko
mapan wus tan cinatur
bakda kondur j■ng Pangran iki
dhumat■ng T■gal Arja
m■ngkana winuwus
n■nggih n■gari
Ngayogya
saya kathah ruw■d ing
nagaraneki
Ki Pangulu winarna
Pan s■laya lan Raden Dipati
Baron S■lus wus ganti punika
S■mitsarhi iku arane
lan Suk■taris Abu
sampun salin ingkang g■nteni
Suwaliye punika
suk■tarisipun
m■ngkana Raden Dipatya
lawan Kyai Pangulu k■laj■ng
sami
wau gennya sulaya
Wulan Ram■lan Ki Pangulu
iki
gennya boyong marang T■gal Arja
ambruk neng Selar■jane
lawan rarepotipun
neng pasowan Selar■jeki
ang■ndhih ingkang griya
Mas K■rtajayeku
Kangj■ng Pangran datan mirsa
pan mar■ngi wont■n guwa S■cang
malih
m■ngkana sampun lama

Ki Pangulu pan sinuprih mulih
nanging sampun tan purun punika
nulya gin■ntenan mang-
ko
k■tib nginggahk■n iku
K■tib Anom namaneki
J■ng Pangran sinuwun idi datan
payun
m■ngkana malih winarna
Kangj■ng Ratu Ag■ng asup■na iki
mir■ng swara m■ngkana
Ratu Ag■ng Ratu Kancaneki
t■mok■na lawan wali ika
w■dhar lor kulon wismane
yen tan k■lakon iku
pasthi rusaking tanah Jawi
sunpundhut nyawanira
m■ngkana pan iku
ngantos jangk■p kaping tiga
mapan samya ujare ingkang
swareki
J■ng Ratu langkung jrihnya
Sampun tita tan salin swareki
Kangj■ng Ratu angaturi nulya
J■ng Pangran Mangkubumine
prapta K■dhaton sampun
panggih Kangj■ng Ratu n■bdaris
Pangeran paran karsa
kawula mirseku
kang swara sajroning nendra
ngantos jangk■p ping tiga
punika sa- mi
tan mawi ewah-ewah
Tra sampeyan Ratu Kancaneki
mapan inggih kinen manggih■na
lan putra sampeyan mangko
Pangran Dipan■gareku
lamun bot■n k■lakon p■sthi
risaking tanah Jawa
lan kula pinundhut
umur kawula neng donya
kados pundi kang dados

prayogineki
kawula pan sumangga
Mes■m Kangj■ng Pangran
Mangkubumi
ris turira pan langkung prayoga
kalamun aj■ng pun thole
yen tan aj■ng puniku
mapan mundhak ngisin-isini
sint■n purun m■ksaa
J■ng Ratu n■bdarum
pan kados pundi Pangeran
bot■n wande lamun kawula
ng■masi
lan risaking Ngayogya
Kangj■ng Pangran alon aturneki
yen mar■ngi pan rayi sampeyan
Den Ayu kula kengkene
yen dha- ngan gampil
tuhu
yen tan dhangan tan anglings■mi
pan anglir paguj■ngan
kimawon puniku
kawula ajrih kalintang
mring pun thole J■ng Ratu
ngandika aris
inggih sint■n puruna
Nulya Kangj■ng Pangran
Mangkubumi
aputusan dhumat■ng kang garwa
Raden Ayu S■puh mangke
mapan Den Ayu S■puh
ingkang purun guj■ngan iki
lawan Kangj■ng Pangeran
wus win■ling iku
wau dhumat■ng kang raka
nulya mangkat ing T■gal Arja
wus prapti
pan nuju J■ng Pangeran
L■nggah lawan Sang L■smining
Puri
Raden Ayu S■puh mes■m turnya
punika bok supamine
rayi Paduka tuhu

pinaringan rakit prayogi
kang samya s■puhira
lawan ayunipun
lir Ratih lawan Supraba
mendah dene r■m■n kawula
ningali
mes■m Kang- j■ng
Pangeran
Gya sinambut ingkang mindha
Rantih
pan sinandhing inglus kang Sri
Nata
mes■m J■ng Pangran n■bdalon
Mirah Nyai anglindur
sare lawan al■nggah iki
Den Ayu S■puh mirsa
malerok bas■ngut
laj■ng b■ngis angandika
marganane ongleh bok
m■nanas ati
wong l■nggah jare nendra
J■ng Pangeran angandika aris
pundi wont■n kang mempr■ kewala
anglir gusti nahing angger
nugrahaning Yyang Agung
pan piturun saking swargadi
musthikaning wanodya
tanah Jawa tuhu
tum■dhak ing T■gal Arja
pan ginanjarak■n ing kawula
y■kti
dora lamun wont■na
Gih wanodya ingkang animbangi
Raden Ayu S■puh b■ngis n■bda
mundhak dip■panas bae
gih sampun kula mantuk
nulya kondur wus tan
winarni
m■ngkana ingkang winarna
J■ng Pangran anuju
t■dhak mring K■dhaton ika
lan kang rama J■ng Pangeran

Mangkubumi
l■nggah bangsal kancana
Lan kang ibu Ratu Ag■ng iki
Kangj■ng Pangran amit tuwi ika
mring Kr■raton Wetan mangke
dhumat■ng ingkang ibu
Ratu ■mas g■rah sak■dhik
sapungkurnya j■ng Pangran
pir■mbagan iku
J■ng Ratu Ag■ng k■lawan
ingkang rayi J■ng Pangran
Mangkubumi
prakawis kang sup■na
Lamun prapta tra sampeyan
mangkin
kula r■m■n Paduka pajara
sup■na saneskarane
m■nawi wont■n iku
kag■lipun dhat■ng negari
kula sampun kengkenan
rayi Padukeku
Den Ayu S■puh lumampah
mapan mindhak den-g■guj■ng
mawon iki
dhat■ng putra sampeyan
Tan pantara J■ng Pangeran
prapti
nu- lya samya
l■nggahan katiga
J■ng Ratu Ag■ng n■bdalon
pajar sup■nanipun
ingkang dadya watering galih
sampun t■las niskara
J■ng Pangran n■bdarum
inggih pandugi kawula
kados jajal kimawon ibu
y■kti
yen wangsit satuhunya
Inggih lamun benjang prapta
malih
sampeyan ken k■panggih pribadya
kalawan kawula mangko
J■ng Ratu ngandikarum

nyok sampunnya kawula warti
kangge bot■n punika
kawula pan sampun
bot■n katitipan basa
Kangj■ng Pangran ismu sungkawa
tyasneki
t■g■se wali w■dhar
Pan sinamur mes■m atanyaris
mring kang rama punapa artinya
Kyai Wali w■dhar mangke
Pangran Mangkubumiku
mes■m lon ngandikaris
t■g■se wali w■dhar
iya iku wurung
J■ng Pangran Dipanagara
sar■ng mirsa saya sungkawa
tyasneki
wirang marang Yyang Sukma
Nulya samya pamit medal kalih
laj■ng kondur marang T■gal Arja
Kangj■ng Pangran sapraptane
tan mampir dal■m iku
laj■ng dat■ng Selar■jeki
langkung wirang mring Sukma
manjing g■dhong sampun
mapan ngantos tigang dina
datan ngaos miyos dhat■ng
surambi
Ki Pangulu graita
Wus dinuga yen sungkawa y■kti
J■ng Pangeran Ki Pangulu nulya
sowan pan pinuju mangko
l■nggah J■ng Pangran iku
wont■n ngaj■ng g■dhong iki
munggeng Sela G■gilang
ingauban iku
k■muning ngid■ran kulah
mawi pulo tinan■man kang
waringin
p■thetan warna-warna
Ngaj■ng g■dhong balumbang
ngid■ri

toya w■ning sri kathah minanya
mapan warna-warna
mangko
kering padasan agung
Ki Pangulu umatur aris
Gusti punapa marma
sungkawa lun dulu
inggih sarawuh Paduka
sing k■dhaton Kangj■ng Pangran
ngandikaris
Ki Pangulu manira
Bang■t wirang marang ing Yyang
Widi
wus jinarwa ingkang saniskara
Ratu Ag■ng sup■nane
kalawan jarwanipun
Pangran Arya Amangkubumi
ingkang dadya sungkawa
mes■m Ki Pangulu
umatur sanes punika
pan t■g■se wali w■dhar punika
y■kti
inggih wali angiras
Cin■p■ngan adil mring Yyang
Widi
pan punika inggih t■g■sira
pan punika upamine
pra nabi satus ewu
lan patlikur ewu pra nabi
an■nggih ingkang w■dhar
nging n■m puniku
nglairk■n karsaning Sukma
Nabi Adam Nabi Nuh Nabi Ibrahim
s■kawan Nabi Musa
Nabi Ngisa n■n■m kang
m■kasi
Kangj■ng Nabi Muhamad punika
ing Jawi pan upamine
wali kang w■dhar iku
mapan inggih Sinuhun Giri
lawan J■ng Yang Paduka
Kangj■ng Sultan Agung
punika kang samya ngiras

kasihing Yyang dene Paduka
pribadi
inggih walahualam
Karsa Allah ing w■kasaneki
Kangj■ng Pangran k■raos tyasira
kala pinanggihan mangko
mring Ratu Adil iku
pan m■ngkana raosing galih
dadi wus nora k■na
gumingsira ingsun
nanging datan angandika
pan sinamur mes■m angandika
aris
kaki Alkhamdulillah
Pan wong urip punapa denanti
lamun kaki datan angantiya
pakarya kang luwih abot
Kyai Pangulu matur
inggih Gusti lamu-
n kuwawi
pan langkung utaminya
nugrahan satuhu
Kangj■ng Pangeran ngandika
daw■g kaki padha sokur mring
Yyang Widi
muga denl■starekna
Mapan sampun tan winarna iki
Kangj■ng Pangran wus pulih
tyasira
nanging m■l■ng mring Yyang
Manon
b■nenjing miyos iku
J■ng Pangeran dhat■ng surambi
pan samya darus Kur'an
lan Kyai Pangulu
m■ngkana panuju ika
wulan Ram■lan J■ng Pangeran
Ngunjalat iki
dhumat■ng guwa S■cang
Lan kinarya l■lipur tyasneki
mid■r-mid■r aneng pak■bonan
ing guwa saneskarane

m■ngkana mapan nuju
J■ng Pangeran al■nggah iki
neng sangandhap kangj■ng gurda
bakda Ngasar iku
kang k■bon win■stan Modang
mirsa swara lamat-lamat pan
dum■ling
eh Ngabdul Kamit sira
Aranira m■ngko
denparingi
iya marang rabil ngalamina
J■ng Sultan Ngabdul Khamide
Erucakra sayidu
panatagamaning ing Jawi
kalipah Rasulolah
samta sira iku
risampun ical kang swara
Kangj■ng Pangran w■ktu Mahrib
kondur nuli
dhumat■ng guwa S■cang
Bakda trawe J■ng Pangeran mijil
mapan l■nggah neng Sela
G■gilang
ing kanan kori pr■nahe
ingkang sowan neng ngayun
mapan punakawan k■kalih
Puthut Lawa k■lawan
Puthut Guritneku
Bocak-Bacik Suracona
lan Muhyidin Wirya Sumita pan
sami
aneng pawon kiwala
Pitulikur mal■m anujoni
taun ■be sampunira dhahar
J■ng Pangran k■laj■ng sare
neng Sela Gilang iku
Puthut kalih samya n■nggani
laj■ng kalih ane-
ndra
neng dagan puniku
m■ngkana Kangj■ng Pangeran
jroning nendra sup■na aneng
guweki

kadya neng Selaraja
L■nggah aneng Sela Gilang iki
Pulo Wringin m■ngkana nulyana
jalma wolu prapta mangke
dh■star koncer s■darum
kang neng ngarsa b■kta
nuwali
sinangga kalih asta
J■ng Pangran andulu
t■dhak mapan n■dya kurmat
esmu ajrih kawolu kang cahya
sami
lir wulan kang purnama
Kangj■ng Pangran jum■n■ng
ngurmati
ingkang prapta tan pr■duli ika
laj■ng jujug blumbang bae
J■ng Pangran nulya tumut
pan s■daya ngad■g neng t■pi
ingkang gangsal neng wetan
tiga kang neng kidul
J■ng Pangeran tumut ika
kang neng kidul dadya s■kawan
puniki
maj■ng ngaler s■daya
Kang neng weta- n
ngilen aj■ngneki
ingkang b■kta nuwala neng
ngarsa
kalih sisih p■ngapite
nulya winaos iku
kang nuwala ung■lnya sami
lawan swaraning Modang
mung■l kang Sinuhun
pan Kangj■ng Sultan punika
Ngabdul Kamid Irucakra kang
Sayidin Panata ing Agama
Kalipat Rasulollah sami
ingkang aneng iya tanah Jawa
samya m■ngkana jawabe
Ngalaihisalammu
ingkang maos ny■ndhu n■bdaris

iku luput jawabnya
kang sin■ndhu matur
kados pundi Pan■mbahan
jawabipun kang ny■ndhu
ngandikaris
iki prakara dadya
J■beng jawab Ngalaihisalami
mapan bakal dene kang wus dadya
pan nanging t■kbir jawabe
laj■ng samya puniku
maos t■kbir kawolu iki
sanga Kangj■ng Pangeran
tumut t■kbir iku
kang surat mapan anulya
cin■mplungk■n amblas ing warih
pan wus datan katingal
Jalma wolu musna tan kaeksi
sangking gennya jum■n■ng punika
anglir kukus upamine
Kangj■ng Pangeran iku
katon gonaj■j■r pribadi
m■ngkana pan wus enjang
J■ng Pangran winungu
wau dhat■ng Puthut Lawa
dhahar saur laj■ng salat Subuh
sami
mapan wus tan winarna
Bakda kondur mring T■gal Arjeki
riwusira dhat■ng Selaraja
m■ngkana kang winiraos
n■nggih Kyai Pangulu
mapan sampun miarsa warti
lamun Kangj■ng Pangeran
pan ingangkah iku
inggih dhumat■ng W■landa
kabar t■rang pawarta saking
S■mawis
Kyai Pangulu nulya
Sowan manjing mring
Selar■jeki
J■ng Pangeran mapan nuju
l■nggah
munggeng ing Sela G■gilange

Kyai Pangulu matur
kula Gusti miarsa warti
kabar saking S■marang
sampun t■rang tuhu
lamun Paduka ingangkah
saradhadhu mapan sampun kathah
Gusti
kang prapta ing S■marang
Kados pundi karsa kang say■kti
lamun estu kang warti punika
J■ng Pangran mes■m n■bdalon
paran prayoganipun
pan manira tan dosa iki
lamun punika nyata
swarga ginaweyu
goleki dalan punapa
lan maninge napa dika lali
Ratu Ag■ng impennya
Bokm■nawa wahananyaneki
dhingin dika ingkang aweh jarwa
kula tan dosa y■ktine
nging lamun karya dudu
pan manira kaki tan w■di
Kyai Pangulu turnya
pan sarwi tumungkul
lawan kum■mb■ng kang w■-
spa
sampun l■r■s yen wangsit punika
sidik
nging p■ngraos kawula
Bot■n wande karsaning Yyang
Widi
nanging sampun margi saking
yuda
Kangj■ng Pangeran n■bdalon
paran prayoganipun
Ki Pangulu aris turneki
lamun estu punika
Gusti wartenipun
prayogi surut kewala
sakaj■nge panganiaya W■landi
kadosa Yang Paduka

Kang Sinuhun S■puh duk rumiyin
dados bot■n karya karisakan
dene Yyang Sukma karsane
tan pilih marga tuhu
dene kula tan n■dya kari
sakit dhumat■ng p■jah
mapan dherek saestu
nanging lamun margi yuda
pan kawula wus s■puh datan
kuwawi
kantun mangsa sag■da
J■ng Pangeran mes■m ngandikaris
kula kaki mapan r■m■n yuda
matiya b■cik u- cap
Kyai Pangulu matur
yen m■kot■n karsa Gusti
kawula amit kesah
pan tan sag■d dulu
inggih khaji dhat■ng M■kah
J■ng Pangeran mes■m angandika
aris
kaki luwih prayoga
Sokur kaki dika kula jangji
lamun besuk dika prapta M■kah
poma aja mulih mangko
matiya aneng ngriku
yen manira tan oleh kardi
dika khabar-khabarna
lan dika n■nuwun
pandongane para iman
muga kula oleha supangat nabi
lan karilaning Allah
Denkuwatna anglawan kapir
lan denbang■t andika
an■n■dha
sujut neng Kabatolahe
n■nuwun mring Yyang Agung
l■starine ing tanah Jawi
dadya balad agama
kaki lamun estu
wont■n pitulung Yyang Sukma
Ki Pangulu denk■bat a-
ndika mulih

Kyai Pangulu turnya
Pan sandika nging pangestu
Gusti
mugi kula pan sag■da prapta
dhumat■ng Kabatolahe
Kangj■ng Pangran n■bdarum
gih pun kaki kula jurungi
muga ta kalilana
mring Allah kang Agung
m■ngkana wus tan winaarna
Kyai Rahmanodin pan sampun
pamit
mring wong g■dhe sadaya
Nulya mangkat prapta ing
S■mawis
tan winarna Ki Pangulu ika
T■gal Arja winiraos
Kangj■ng Pangeran iku
langkung dennya prihatin galih
dene miarsa warta
pan lir pamenipun
karubuhan kang akasa
nanging kang tyas sampun tan
n■dya gumingsir
nging anglindhung Yyang Sukma
Dadya t■las sagunging prihatin
nanging pati kang denarsa-arsa
Sang R■tna m■ngkono maneh
mapan tan s■dya kantun
mring kang raka awal
myang akir
m■ngkana ingkang dadya
b■buka puniku
mapan n■gri T■gal Arja
pinathokan pan datan atur
up■ksi
arsa kinarya ratan
Dadya sampun karsaning Yyang
Widi
tanah Jawa risake punika
pan iku dadya margane
m■ngkana kang winuwus

Kangj■ng Pangran tan
mijil-mijil
neng g■dhong Selar■ja
m■ngkana panuju
bakda Ngasar wayahira
Kangj■ng Pangran bakda salat
miyos iki
dhumat■ng p■sabinan
Sajawine ing Selarajeki
nama sabin pun Mentro punika
mawi pal■nggahan pinggire
kinub■ng blumbang iku
g■ndhayakan ub-aubneki
kalawan kaj■ng soka
l■nggah sela iku
Ki Soban kang aneng ngarsa
w■ktu iku Kangj■ng Pangran
yuswaneki
pan sampun kawandasa
Langkung kalih kagyat
aningali
lamun ana rubung-rubung ika
J■ng Pangran atanya mangko
Suban apa rinubung
mring wong akeh ingsun tingali
Ki Suban atur s■mbah
pan tiyang s■darum
badhe karya r■radinan
utusane didal■m Raden Dipati
pan sampun tigang dina
Kados t■las T■gal Arja Gusti
mapan dados radinan sadaya
badhe mara n■m w■rtine
pan pinathokan sampun
J■ng Pangeran b■ndu tyasneki
sar■g mirsa aturnya
Ki Suban puniku
Branjang Kawat kang dinuta
animbali dhumat■ng ingkang
p■patih
Mas Bei Mangun Arja
Mangun Arja sampun prapta
ngarsi

J■ng Pangeran anulya t■tanya
Mangun Arja pa karane
sira tan matur mringsun
dene ana m■ngkono iki
Mangun Arja tur s■mbah
abdi jrih Puku-
lun
inggih k■lamun matura
pan punika tan mawi pratela
Gusti
inggih dhat■ng kawula
Pan miyarsa kawula kang warti
saking abdi dal■m lit s■daya
tan pinartelan y■ktose
marma ajrih umatur
J■ng Pangeran ngandika malih
lamun m■ngkono ika
wus p■nging■n iku
yen tan k■na b■dholana
Mangun Arja sandika lengser
sing ngarsi
mapan laj■ng p■panggya
Lan utusanira Den Dipati
pan pin■nging m■ksa datan k■na
ajrih Residhen saure
Mangun arja nulyeku
aparentah kinen b■dholi
sagung pathok sadaya
ingkang neng lor kidul
wetan kulon bin■dholan
laj■ng malih kengkenan Raden
Dipati
Raden Brangtakusuma
Lurah Gandhek Dutawijayeki
b■kta pathok lan kerek puni-
ka
laj■ng pin■ndh■t dhuwunge
dhumat■ng tiyang dhusun
ing Tompeyan namane iki
Raden Brangtakusuma tan
kenging lumayu
pan laj■ng binujung samya

laj■ng wr■ti dhumat■ng Raden

Dipati

bramatya tyasira

Nulya margi kang kinen buntoni

ing Jagalan w■stane punika

mr■gi mring Ngayogya mangko

sar■ng kapirsa iku

mapan laj■ng kinen bubrahi

yen kang bubrah wus kesah

malih kinen buntu

ngantos jangk■p kaping tiga

pan binubrah laj■ng kinen buntu

malih

wus katur mring J■ng Pangran

Lamun margi maksa denbuntoni

kados pundi karsa Tuwan

mapan dalu pambuntune

yen siyang datan purun

mapan m■ksih ulun t■nggani

lamun mantuk kawula

wingking pan binuntu

J■ng Pangran b■ndu tyasira

yen Mangkono Mangun Ar-

ja kaya uwis

nging tan k■na mundura

Kangj■ng Pangran sarwi mes■m angandika Mangunarja sireki lah den-ngatya-atya lawan sakancanira yen kaya m■ngkono ugi ingkang r■ratan karya b■buka iki

Say■ktine apan ar■p nganiaya ingsun tan s■dya gingsir sajanganing ajang lah mara Mangunarja padha timbalana iki kang tuwa-tuwa marang ing ngrsa mami

P■pak■na Mangunarja tur sandika wus lengser saking ngarsi prapta ing pasowan mapan sampun p■p■kan sagunging kang tuwa sami kend■l ing lurah s■daya wus miarsi

W■rti saking pawong sanaknya sadaya lamun T■gal Arjeki pan arsa rinusak datan pantara prapta sagunging kang para mantri tuwa buru samya tan nga- nti dentimbali

Lawan d■mang kang c■lak-c■lak wus prapta samya pawartaneki m■ngkana anulya Mas Bei Mangunarja sadaya laj■ng denirit mring Selar■ja. kend■l pasowan sami

Sagung mantri tanapi kang para d■mang neng Bale Sawu sami J■ng Pangran winarna mapan l■nggah neng sela G■gilang Pulo Waringin Ki Soban ngarsa lan karti seser iki

Mangunarja wus prapta sakancanira sowan andher ing ngarsi alon aturira Gusti kula tur priksa abdi dal■m kanca mantri lan kanca d■mang kang c■lak samya prapti

Lawan b■kta sad■dam■ling ngayuda Gusti kula takeni mapan samya turnya lawan kanca s■daya sampun w■radin kang w■rti lamun Paduka badhe dipun-ayo- ni

Kangj■ng Pangran mes■m aris angandika ing m■ngko ana ng■ndi kabeh kancanira mantri kalawan d■mang Mangunarja aturneki wont■n pasowan Bale Sawoh ing jawi

Kangj■ng Pangran mapan aris angandika ya wus tarima mami nging padha den-nyata m■ngko padha dhawuhna ingsun tan bisa n■moni pan wus pr■caya ingsun marang sireki

Mangunarja aturnya inggih sandika J■ng Pangran nulya nari mring abdi kang tuwa Raden Kr■tadiwirya lawan Mas Singa Arjeki lan Martayuda Den Wiryadikrameki

Pangulunya Muhamad Bahwi kang nama tilarane Kang Swargi kang Eyang Buyut ika wus s■puh wayahira nanging ingkang tyas puniki langkung gumbira lamun tinari jurit

M■ngsah lawan titiyang ka- -pir punika buka matiya sabil s■daya m■ngkana mapan samya aturnya J■ng Pangran ngandika aris padha suntrima aturira mring mami

Nanging poma w■kas sun mring sira padha aja na kang miwiti lamun kapir sida iya niayanira sandika aturnya sami padha m■tuwa lan den-yitna sireki

Atur s■mbah wus lengser sing Selar■ja lan sagung kang pra mantri lan kang para d■mang pan samya ngatya-atya lan ngupados daya sami ■n■ngna winarna Kangj■ng Pangeran malih

Saundure kang samya sowan s■daya mapan l■nggah pribadi nging lawan Ki Soban Murdiyah lagya prapta lawan Ki Muhamad Ngarip Muhamad Musam dadya tan kondur iki

Dhahar salat neng Sela Gilang kewala tan arsa nendra iki sendhen neng sela mirsa swara m■ngkana wancinira bangun enjing dum■ling kang swara eh Kabirul Mukmina

Aja sira prihatin mungsuh Walanda Yyang Sukma kang nulungi lamun ana ika wong kang tan melu sira wus pinasthi mring Yyang Widi pocot imannya sagung wong tanah Jawi

Sampun sirna kang swara enjing winarna Pangran Mangkusumeki mapan tuwi ika anulya pil■nggahan aneng Bale Sawo iki aris atanya mas putu kados pundi

Benjing Gr■b■g punapa bot■n t■dhaka mring Pag■laran iki J■ng Pangran ngandika ing pundi marganira mapan sampun denbuntoni kula ken bubrah inggih binuntu malih

Pangran Mangkukusuma malih atanya punika ayun kardi inggih kang radinan punapa tan mawia punika atur udani J■ng Pangran n■bda pindho dam■l puniki

Yen wartiya E- yang pandugi kawula datan dados pr■kawis Pangran Mangkukusuma pan aris aturira mas putu kawula panggih lan Nak Danurja kawula pitakeni

Saguhipun s■daya atur uninga dados dosa say■kti nulya pamit ika Pangran Mangkukusuma m■ngkana wus tan winarni kang kawarnaa tiyang kang samya prapti

Mapan ngantos l■lampahan tigang dina Mas D■mang sampun prapti Pajang wismanira b■kta sakulawangsa mapan k■kapalan sami sek■t w■tara lan sag■gamaneki

Nulya t■dhak dhumat■ng ing T■gal Arja laj■ng nusul puniki dhat■ng Selar■ja mapan sampun apanggya samya al■nggahaneki neng Sela Gilang J■ng Pangran Mangkubumi

Angandika aris kulup ingsun tanya paran karsanereki ingsun tan kaduga dene keh t■m■n jalma apa karane ta iki bang■t tyas ingwang kuwatir mring sireki

J■ng Pangeran Dipanagara aturnya pan punika Kiyai jalma ingkang prapta mapan samya kaj■ngnya pribadya tan ngundang y■kti inggih kawula sampeyan pitakeni

Pan punika k■palanipun sadaya sampun samya neng ngriki lan sad■dam■lnya mapan sampun sam■kta Kangj■ng Pangran Mangkubumi nulya atanya mring sagung ingkang jalmi

Sira padha prapta kene iku apa iya karyanireki s■daya aturnya kawula mirsa warta lamun putra dal■m y■kti arsa ingangkah inggih dhat■ng W■landi

Tiyang Jawi s■daya pan bot■n lila lamun ngantos sa- y■kti bin■kta Walanda suka tump■s s■daya Kangj■ng Pangran Mangkubumi aris ngandika dene sun tan udani

Iya warta ingkang kaya tuturira J■ng Pangran Mangkubumi pan aris ngandika dhumat■ng ingkang putra paran kulup karsaneki apa ta sira bisa nanggung say■kti

Lamun karya rusuh marang ing nagara J■ng Pangran matur aris gih Kyai sampeyan pun nata sag■da anangg■l kados kang warti wau punika lamun sag■d Kyai

Pan samangke kaj■ngipun tiyang bubar s■daya kula ken sami J■ng Pangran ngandika kulup ingsun tan bisa ananggung lir warta iki J■ng Pangran n■bda kula sag■d Kyai

Inggih nangg■l dhumat■ng tiyang sadaya k■lamun angriyini nging Kyai punika lamun kinriyinan sayaktos kula tan ajrih ngajan ingajang si- yang dalu ngladosi

J■ng Pangeran Mangkubumi ris ngandika wus kulup ingsun mulih yen m■ngkono iya wus ruw■d kang prakara pirang bara ingsun kaki m■nawa ana pitulung ing Yyang Widi

Bisa karya padhange ingkang n■gara wus kondur tan winarni yata kang winarna Raden Wiryadikrama ginub■l marang sagunging para k■pala nuhun pratandha sami

Ingkang t■bih-t■bih punika s■daya pasisir mancanagri Pag■len Sokawatya samya nuhun s■daya pratandha dadining jurit wus katur nulya J■ng Pangran ngandikaris

Jarot ingsun mapan tan duwe pratandha ana Ki Mangkubumi lamun sira p■ksa lah suwun■n priyangga iku kalamun mar■ngi Wiryadikrama nulya lumampah nuli

Tan winarna Mangkubu- men sampun prapta nuli sinuhun iki wau kang pratandha sampun karsaning Sukma Kangj■ng Pangran t■ka gampil ingkang pratandha mapan sampun pinaring

Nanging m■ling lamun uwis ulih■na kene cotho k■pati lamun ora nana iku ingkang pratandha dhuwit ora k■na manjing pratandhaningwang lak bak yun ora dadi

Raden Wiryadikrama matur sandika tan winarna wus prapti n■nggih T■gal Arja laj■ng karya nuwala sagunging k■pala sami wus pinaringan tandha dadining jurit

Nanging mawi tin■ng■ran ung■lira mariy■m lamun muni pan samangsa-mangsa nadyan dalu siyanga m■ngkana sampun w■radin ingkang parentah jalma saya keh prapti

Dadya sampun karsaning Allah Tangala risake tanah Jawi pan margi punika bra- -ndhal tanpa wilangan mapan samya prapta iki d■dam■lira p■nthung lawan saligi

Sambatira s■daya tan wont■n trima pan s■dya bela Gusti bandhil sabukira lan samya ngandhut sela m■ngkana ingkang winarni Kangj■ng Pangeran sampun pasrah Yyang Widi

Lara pati mapan iya nora bakal lohkhimahpul pinasthi nulya J■ng Pangeran kondur ing Selaraja saking kathah kang sumiwi dadya tan kawrat kalih dint■n antawis

Kondurira J■ng Pangran sing Selaraja nulya Raden Dipati putusan tur surat ung■lnya t■mbung lampah J■ng Pangran arsa iki kinen mangsulna tigang dint■n antawis

Nulya ana s■rate R■sidhen ika ingkang amb■kta iki Mas Astradim■ja p■patihnya kang rama Kangj■ng Pangran Mangkubumi mapan ung■lnya pitaken karsaneki

Kangj■ng Pangran estu yen tan darbe karsa nulya kinen mangsuli kang rama priyangga nanging wangsulanira amundhut Raden Dipati Residhen ika datan mangsuli malih

Mapan laj■ng adandan mary■m kewala tukang b■si kinr■rig riwusira dadya tukang b■si sadaya mapan laj■ng katur uning mring T■gal Arja yen loji sampun rakit

Dadya enggar tyasira wadya s■daya lamun sida kang kardi m■ngkana J■ng Pangran mapan nuju al■nggah aneng paregolan iki kang ngadh■p ika Kyai Muhamad Rahwi

Ki Subatulliman lan Ki Nurngaliman Murdiyah Amad Ngarip lan Muhamad Mursam Muhamad Santri ika lan Muhamad Jelani pan bakda Ngasar ana utusan prapti

Sing K■dhaton Lurah K■parak punika Nyai Soka nameki prapta atur s■mbah Gu- sti abdi dinuta dhumat■ng bu dal■m Gusti mapan Paduka sak■dhap dentimbali

Kangj■ng Pangran mes■m aris angandika R■j■b matura iki wus sun nora bisa kalamun lunga-lunga pan sira w■ruh pribadi akehing jalma m■nawa nora ngr■ti

Dadi ewuh tan wurung dadi pr■kara yen ibu n■dya b■cik angur mareneya wayahe den-gawaa kabeh aja na kari wus ta muliha Nyai Soka turneki

Kawula jrih pan sampun dalu punika Gusti kawula mriki b■kta kanca tiga samya wangsul s■daya langkung ajrih aningali dhat■ng br■randhal k■bak m■p■ti mr■gi

Pan kawula lumampah nusul kewala Suryabrangtan sapriki pan sampun keb■kan kula mr■r■m kewala yen bot■n ingatr■ Gusti ajrih kawula lamun mantuka Gusti

Kangj■ng Pangran mes■m kinen nimbalana k■pala brandhal sami marga ewuh ika Singa Barong namanya Selabaga Selamiring pan sampun prapta

Nyai Soka m■ngkana wus tan winarna enjang J■ng Pangran iki l■nggah neng pandhapa pukul wolu w■tara Kangj■ng Pangran Mangkubumi ing rawuhira J■ng Pangran aningali

Yen kang rama rawuh pin■thuk tumulya t■dhak saking p■ndhapi ngandhap sawo prapta panggih J■ng Pangran nulya ingkang putra denarasi rinangkul agya pan sarwi denmuhuni

Mapan m■ksih samya jum■n■ng kewala kang rama denature nulya tata l■nggah riwus nulya ngandika Kangj■ng Pangran Mangkubumi marma sun prapta ku- lup kinongkon mami

Mring Residhen ar■p kat■mu sadhela kulup lawan sireki pan sira denundang marang loji sadhela J■ng Pangran mes■m turnya ris Kyai sumangga nging kula puniki

Sampun dados melikipun tiyang kathah sampeyan tantun pribadi punika sadaya inggih kalamun suka suwawi mangkat Kyai J■ng Pangran nulya nantun mring kang sumiwi

Paran sira kabeh ingsun tari padha gustinya denature mring Residhen sadhela s■daya aturira mapan samya mopo iki suka ngab■na p■jaha ing ngajurit

Kangj■ng Pangran nulya matur mring kang rama Kyai kados pundi gen kula lumampah ing ngriki lir punapa Kangj■ng Pangran Mangkubumi aris ngandika kulup sunpajar y■kti

Mapan ingsun wus tan bisa mulih nyawa ing ngloji pan wus rakit Paman Mangku Alam saanak prajuritnya wus padha ana ing ngloji ingsun tan duga kang dadi kar■pneki

Marmaningsun g■l■m kinongkon y■ktinya s■daya m■tuwa mami mati lan uripa sun s■dya labuhi sira nging iman sun rebut y■kti ingsun wus tuwa mangsa anoma maning

J■ng Pangeran mapan aris aturira gih Alkamdulilahi Kiyai kawula mapan d■rmi kewala kinarya lampahan y■kti karsaning Sukma sampeyan kados pundi

Duk rumiyin sagah n■angak■n kula lawan R■sidhen malih J■ng Pangran ngandika kulup wus b■n■r sira tan k■na karsaning Widi sapraptaningwang t■ka ing kene dhingin

Mapan bacut denundang residhen ingwang ingsun dent■takoni kulup sun b■laka suk■ta- ris kang ana de Brecadingrat iki Residhen tanya apa kar■p sireki

Saur ingsun datan kar■p apa-apa nuli Residhen angling prahipun b■ciknya amrih ilange ika ingkang dadi n■psuneki pan sauringwang k■jaba denturuti

Ingkang dadi n■psune niku Danurja Residhen saurneki pan ewuh Pangeran iku uga baturnya Gupr■men kawula w■di pan sauringwang gih dika jaluk ugi

Mring Gupr■men Residhen pan saurira bok saliyane ugi kula bot■n ninga Suk■taris angucap m■nawa jaluk dadyaji wont■n tandhanya tan r■m■n neng wismeki

Saba alas gunung parang lawan guwa sa■nggon-■nggon ngab■kti nuli ingsun mujar eh Suk■taris sira ayya m■ngkono sireki ing wong s■mbayang sa■nggon-■nggone dadi

Saba alas dh■m■ne sing cilik mula yen g■l■ma dadya ji pan wus dhingin mulya iya iku kang dadya yen nora ngand■l sireki mara takona mring si Kapitan Jising

Iku ana kang w■ruh pr■karanira duk kala alam Enggris Cadiningrat mujar Suk■taris andika sampun anyana kadyeki lamun karsaa dadi ratu pun dadi

Mangsa silih ingkang rayi jum■n■nga kang dados t■l■ng galih inggih ingkang rama Kangj■ng Pangran ika Jan Kr■rap■t m■kat■n malih mapan kawula kang ingutus rumiyin

Mapan ngantos minuhunan mring kang rama nging m■ksa datan apti dene gung bicara s■daya sinagahan sabab Pangeran Dipati ■nggen bicara kang rayi m■ksih alit

Pan R■sidhen banjur ana-mbungi mujar kaya paranta iki pan ing T■gal Arja wong wus tanpa wilangan khabare loro ku y■kti ana kang lunga ana kang gitik loji

Cadiningrat pan m■ngkana saurira inggih khabar k■kalih p■ngraos kawula mapan dora s■daya lamun punika y■ktosi salah satunggal purun dipunj■juwing

Pan kawula kang purun nangg■l punika sampun ingkang karya pati lamon karsaa rusuh mawon tan apti

Pan Residhen mangkene ujare ika marma ewuh ta mami banjurna mring ingwang kados pundi Pangeran saurku sumangga iki Residhen mujar sampun ta benjing-enjing

Dika wont■n K■dhaton ing pukul sanga kawula badhe benjing bar■ng pukul sanga Re- sidhen nuli t■ka kalawan Danurja iki Wiran■gara Detre Residhen angling

Kados pundi Ratu Ag■ng ingkang karsa Ratu Ag■ng nauri pan mangsa bodhoa kula bot■n bisa lawan Pangran Mangkubumi Residhen mujar ingkang kat■mu mami

Dika kula Pangran Mangkubumi tiga samya lumampah iki dhat■ng T■gal Arja priye kowe Danurja apa ta prayoga iki Danurja mujar k■langkung ew■dneki

Bot■n wande dados salang s■r■p ika wantu wus kathah jalmi banjur ingsun mujar pun ta dika kewala lawan kawula pribadi mangsa wont■na ing kaw■kasaneki

Lamun manggung denr■mbag-r■mbag kewala k■jaba dentekadi dika karo kula gih wong loro kewala saure Residhen iki dika Pangeran nanggung punapa wani

Lamun wont■n dudune inggih punika saur sun mangkeneki inggih mati dika kula mangsa karia yen denundang duga mami mangsa t■kaa wong pun m■kot■n ugi

Saurira Residhen gih pun Pangeran andika benjing enjing jam pitu manjinga daw■g padha marika ngloji bar■ng esuk mami mring ngloji ika wus beneh patrapneki

Mapan kua wakile Jendral punika say■kti datan k■ni lamun marikaa dene putra andika prapta ta- n praptaa iki kat■mpuh dika lamun tan bisa y■kti

Prapta kula tutur aken Jendral prapta marma ingsun prapteki mes■m J■ng Pangeran miarsa kang pawarta nulya Pangran Mangkubumi nimbali ika dhumat■ng ingkang p■patih

Mas Ngabei Astradim■ja namanya laj■ng kinen nimbali mring sagarwa putra datan antara prapta s■daya T■gal Arjeki anulya ana Erd■nas saking loji

Ngenggalak■n dhumat■ng J■ng Pangeran nging winangsulan iki balika kewala datan pantara prapta kengkenan sing k■nya puri Ki Suranata mapan inggih nimbali

Kangj■ng Pangran Mangkubumi wus tan karsa lawan ngandika aris eh ta Suranata apa ta lali sira b■n■r iki anak mami ing lairira nanging kang d■rbe siwi

Mapan nyata iku s■dulurku tuwa marma ingsun labuhi lawan ngr■but iman wus ta sira matura pirang bara n■mu urip Ki Suranata wus lengser saking ngarsi

Kangj■ng Pangran Mangkubumi ris atanya dhumat■ng ingkang siwi paran karsanira sakeh repotku ika apa nora kon sumingkir bang■t tyas ingwang kuwatir aningali

Mara kulup Rangga pa b■n■r tyas ingwang Pangran Rangga turneki pan l■r■s Paduka repotira kagawa Pangran Rangga aturneki pan sampun prapta s■daya wont■n ngriki

Ingkang rayi wus prapta sadaya nanging kinen kondur sami nging Pangeran Rangga kinen kondur tan karsa Kangj■ng Pangeran turnya ris dhat■ng ka rama sumingkir dhat■ng pundi

Yen kawula gadhaha kaj■ng punika p■sthi karya rumiyin gen r■repot samya mila ing tyas kawula mapan tan n■dya gumingsir nadyan p■jaha mapan sampun prayogi

Wont■n ngriki patilasane Kangj■ng Yang ew■d punapa estri tan tumut punapa ngriki sampun prayoga kinarya ■nggon ng■masi Kangj■ng Pangeran Mangkubumi nimbali

Mapan dhat■ng abdinira ingkang putra kang s■puh-s■puh sami pan samya aturnya langkung kuwatosira tan wande ngew■d-ew■di yen wont■n karya kang r■mbag sampun gilig

Kangj■ng Pangran laj■ng anuruti kang rama nanging Sang L■smining Puri asang■t l■nggana nadyan dhat■ng palastra kawula m■nawa keri datan uninga J■ng Pangran Mangkubumi

Nulya wangsul ngandika dhat■ng kang putra paran kulup nak mami si beng nora k■na suntuturi priyangga prapta pati lumuh kari Kangj■ng Pangeran nulya t■dhak murugi

Dhat■ng dal■m nulya panggih lan kang garwa Sang R■tna anungk■mi padane kang raka adr■s medal kang w■spa nanging tan sag■d angling J■ng Pangran n■bda Dhuh Mirah ingsun gusti

Ingkang abdi n■nuwun denturutana m■nawi manggih urip sadint■n punika yen nah angger tan arsa sampun tamtu yen ng■masi dint■n punika b■ndara ingkang abdi

Dadya nurut Sang R■tna jum■n■ng nulya lumampah pan aririh sarwi ng■mu waspa sampun budhal sadaya sagung kang r■repot sami Kangj■ng Pangeran ngat■rak■n ing kori

Mring S■larong budhalnya repot s■da-ya ingkang kinen angering wong lanang kang tuwa T■gal Arja s■daya pan sampun tan wont■n kari pitulung Sukma lampahira l■stari

Tan kap■thuk lan m■ngsah pan tunggil marga, rong panginang w■tawis lawan praptanira, bupati kakalih ika, Mas Sindun■gara iki, lan Mas Mandura, mapan amb■kta tulis,

Ingkang s■rat saking residhen punika, J■ng Pangran ngandika ris sun tan bisa maca Rangga lah tampanana, Pangran Rangga anampi, laj■ng winaca, sampunira dumugi,

Saneskara Kangjeng Pangeran ngandika, mring Mas Sindun■gari, heh Sindunagara, ingsun tan d■rbe karsa, denundang tan g■lem mami, sun dudu bocah, dadak r■p denapusi,

Mas Tum■nggung Sindunagara tur s■mbah, Gusti lamun mar■ngi, residhen punika, pinundhut supaosnya, Kangj■ng Pangeran ngandika ris supata apa ingsun tan d■rbe kapti

Yen Paduka Gusti estu datan karsa, nging nuhun wangsul tulis J■ng Pangeran ngandika, lah iya tulis apa, mapan sun wus nora kapti, Kangj■ng Pangeran Mangkubumi n■bda ris

Nora kulup b■cike layang wangsulana, sauni-unineki, ku bae Danurja, sida jalukk■n ika, tur mangsa aweha ugi, J■ng Pangeran turnya, pan sumangga Kyai,

Ingkang s■rat inggih sakarsa Paduka, Kyai amangsuli Kangj■ng Pangeran nulya, nimbali carik ika, lagya angsal gangsal larik nulya miarsa, swarane b■dhil muni,

Kaping tiga pan samya kaget s■daya, nulya Sindun■gari, kalawan Mandura, pamit tan samya gah, amirsa unining b■dhil sampun kalilan gya lengser saking ngarsi,

Tan pantara nulya rame kang sanjata, lawan mariy■mneki, nulya J■ng Pangeran wadya kang samya sohan s■daya wus kinen mijil t■tulung yuda, duk nguni pan pin■nging,

Tata-tata tinangg■l Sindunagara, lamun tan saeneki, sar■ng samya m■dal sampun tan angsal papan pun nuju k■pala sami, mantuk s■daya, tin■rka datan dadi,

Ingkang kantun ing Samen Jayam■nggala, lawan kang para mantri tuwa buru samya, lan d■mang sahanannya, punika ingkang nindhihi, saangsal-angsal mapan pinara kalih,

Ingkang m■dal sawetaning T■gal Arja, an■nggih kang nadhahi, Den D■mang ing Pajang, lawan sakulawarga, nanging karoban kang tandhing, anulya prapta, Raden Natadirjeki,

Lan kang rayi Rahaden Nataprawira, lan Den Jas■ntaneki, t■tulung ngayuda, ing nguni mapan sohan neng ngarsa J■ng Pangran sami, Mas Mangunarja, lan Mas Brajadirjeki,

Ki Sibatuliman Muhammad Mursam Ki Murdiyah puniki, lan Ki Martayuda, tulung Jayam■nggala, nging m■ksa karoban tandhing, lan wus kapapan nging m■ksa panggah sami,

Kangj■ng Pangran dereng aweh dennya l■nggah, aneng pandhapa m■ksih lawan ingkang rama, kang rayi Pangran Rengnya (?) punika munggeng ngarsi, lan ponakawan ngampil gam■l kang m■kasi,

Sohan ngadh■p dhumat■ng Kangj■ng Pangeran anulya natur uning, Kyai D■rmajaya, Lurah Ngawin punika, di dal■m kas■s■r sami, kathah■n lawan ing Pandhan sampun prapti,

Nanging inggih m■ksa samya tinangl■dan J■ng Pangran datan angling, pan kend■l kewala, wangsul Ki D■rmajaya, Kangj■ng Pangran Mangkubumi, aris ngandika, paran kulup karseki,

Apa nora m■tu iya tata-tata, J■ng Pangran matur aris neng ngriki kewala, m■dal m■ndhat punapa, lamun dhat■ng t■kdirneki, neng ngriki-ngrika, mangsa wandeya ng■masi,

Wont■n ngriki yen tinulungan Ywang Sukma, inggih sampun prayogi, nulya D■rmajaya, wangsul sarwi karuna, umatur dhuh Gusti mami, abdi Paduka, sampun bot■n kuwawi,

Saking g■nge m■ngsah Pal■ngkung pan prapta, J■ng Pangran Mangkubumi, pan datan ngandika, anulya ingkang putra, cinandhak astanereki bin■kta m■dal kori butulan iki

Nulya prapta jawi kilen T■gal Arja, aneng lurunging sabin m■ngsah tan uninga, yen J■ng Pangran kalihnya, kalamun sampun neng jawi, gya nitih kuda, Ki G■thayu nameki,

C■m■ng pancal panggung sukunya sakawan b■lalak netraneki, langkung g■ng inggilnya, ingkang rama kudanya, pan lagya asingsal iki, anitih tundhan saking kas■ngsaneki,

Bulu c■m■ng bathilan k■langkung k■ra, pan samak larapneki, wus karsaning Sukma, sagung ingkang dandanan sadaya pan padha keri, nanging pusaka, lan kang titihan sami,

Datan kari nulya Kangj■ng Pangran ngasta, ingkang pusaka iki, waos Kyai Rundhan ingkang rama m■ngkana, Kyai Jimat wus pinandhi Pangeran Rangga, datan nitih turanggi,

Pan gendholan sampeyanira kang raka, J■ng Pangran yun udani, dhumat■ng kang m■ngsah, tan kantun ingkang rama, Kangj■ng Pangran Mangkubumi, sar■ng katingal usar anand■r sami,

Tinadhahan mring Kyai Subatuliman lan Ki Martayudeki, Mas Prajadir■ja, Murdiyah lan Saliman Muhamad Musa puniki, Jayam■nggala, ing Samen kang nindhihi,

Tinumbakan usar pan kathah p■jah, nging sang■t krobaneki, lan ingil■s kuda, saliyannya punika, mapan sampun nyabrang sami, kang wong s■daya, dhumat■ng kilen kali,

Ingkang sampun dhumat■ng ing t■kdirira, Mas Behi Brajadirjeki Lurah Wirabraja, Pandhita Ki Murdiyah Ngulama Muhamad Mursim kang ponakawan B■k■l Saiman sabil

Pan s■daya s■kawan kang sampun prapta, Subatoliman kanin Kyai Martayuda, lawan Jayam■nggala, angsal pitulung Yyang Widi, datan tumama, nging kasayah-han sami,

Dadya dhawah katiga neng pasabinan tin■rka wus ng■masi, pan laj■ng tinilar, Suwaliyelur (?) kalawan netre awas aningali, mring J■ng Pangeran kalih nulya ngabani,

Sagung usar pan laj■ng nand■r s■daya, Suwaleya kang ngirid nulya J■ng Pangeran mapan kinandhang-kandhang, lawan kinarutug b■dhil ingkang titiyan G■thayu eca nyirig

Langkung engglar mapan anglir ginam■lan, Kangj■ng Pangran tyasneki, mapan ta mangkana yen ingsun matenana, mring sakehe usar iki, datanpa karya, lir mateni cicindhil

M■n■ng bae ingsun m■ksa bin■dhilan dadya J■ng Pangran iki, t■dhak saking ratan lumampah p■sabinan nanging m■ksa dentututi, mring sagung usar, tan kend■l amb■stuli,

Pun G■thayu langkung dennya t■-naga, lir p■nganten upami, denarak punika, kang rayi Pangran Rangga, tan ucul gennya ny■p■ngi, sampeyanira, ingkang raka puniki,

Tan k■raos g■rahnya pitulung Sukma, J■ng Pangran Mangkubumi, n■nggih kang winarna, langkung akas kudanya, tan s■mbada lan warnan■ki, kudanya usar, tan sag■d anututi,

Lamun wont■n satunggil kalih kang c■lak ngancaran lawungneki, usar laj■ng giwar, dadya tan angsal ika, Kangj■ng Pangeran ningali, dhat■ng kang rama, langkung suka tyasneki,

Dene gagah c■ngkiling Kyai astanya, m■ngkana mapan sami, ingkang usar kathah, wangsul dhat■ng radinan pan nanging Litnan sawiji, langkung k■nd■lnya, lawan sang■t angudi,

Mring J■ng Pangran tan kend■l pamb■stulira G■thayu eca nyirig m■ngkana J■ng Pangeran mapan esmu kewran pan arsa tinunjung iki, rumaos nistha, anulya aningali,

Wont■n brandhal t■tiga ingawe prapta, Kangj■ng Pangran ngandika ris iki patenana, Walanda tanpa ngrasa, br■randhal katiga sami, matur sandika, sar■ng tumandang katri,

Wont■n saler ing dhusun Sumb■ran ika, Kangj■ng Pangran j■n■ngi, kinarubut ika, b■stul m■dhang tan angsal kin■racok laj■ng modir, lawan kudanya, Kangj■ng Pangeran nuli,

T■dhak dhat■ng Radinan tunggil kang rama, Suwaliye udani, yen litnangnya p■jah, laj■ng wangsul s■daya, s■sand■ran usar sami, mring T■gal Arja, ngrisak lawan b■smeni,

Sampun t■las sagung brana T■gal Arja, n■nga g■ntya winarni, n■nggih J■ng Pangeran mapan esmu sayahan lawan malih ang■ntosi kang dereng prapta, langkung asmara kingkin

Sampun risak mapan sami

n■gari ing T■gal Arja

Kangj■ng Pangran winiraos

akaliyan ingkang rama

aneng t■ngah radinan

m■ksih manggung neng kudeku

sarwi leyangan landheyan

Ang■ntosi mring kang abdi

mapan ingkang dereng prapta

m■ngkana sar■ng praptane

Rahaden Natadir■ja

lan Raden D■mang Pajang
Raden Nataprawireku
lan Raden Jayas■ntana
Dinangu pan luj■ng sami
nging W■landa kathah p■jah
wolung dasa watarane
J■ng Pangran kadya sup■na
m■ngkana ingkang rama
titiyanira wus pangguh
laj■ng aris angandika
Paran kulup karsaneki
J■ng Pangran aris ngandika
kawula sumangga mangko
tiyang sampun tanpa wisma
J■ng Pangeran ngandika
kulup saparan-paranmu
pan ingsun mangsa kariya
Mapan iki ya wus w■ngi
Kangj■ng Pangeran aturnya
Kyai kaj■ng kula mangko
ngupados putra sampeyan
ing pundi panggenannya
Kangj■ng Pangeran n■bdarum
wau dhumat■ng kang putra
Mring S■larong duga mami
mau r■mbugnya m■ngkana
sakehe r■repot kabeh
Kangj■ng Pangeran turira
dhumat■ng ingkang rama
Kyai salat rumuhun
pan w■ktu Mahrib punika
Lan ngaso sak■dhap Kyai
pan kawula sang■t sayah
yen sampun bakda Mahribe
suwawi Kyai lumampah
anulya samya salat
neng lepen Bay■m s■darum
bakda Mahrib gya lumampah
Sampun karsaning Yyang Widi
pan samya bingung s■daya
pan saking sang■t p■t■nge
dadya k■laj■ng lampahnya
medal Sumampir ika

dadya sang■t sayahipun
lan luwe arip s■daya
Dadya kend■l tan dumugi
neng ngiring gunung kewala
mapan samya nendra mangko
sar■ng enjang pan lumampah
prapta ing lepen Soka
Kangj■ng Pangeran andangu
marang D■mang Lepen Soka
Panggening repot sagunging
Kyai D■mang aturira
ngl■mpak neng S■larong mangke
nulya kinen nimbalana
datan pantara prapta
mapan lir supamenipun
s■daya anglir sup■na
Risampunnya samya panggih
lawan kang repot s■daya
gya pin■rnah dhewe-dhewe
mapan c■kap lepen Soka
Kangj■ng Pangeran nulya
t■dhak maring Slarong iku
tan kantun lawan kang rama
Kangj■ng Pangran Mangkubumi
kang rayi Pangeran Rangga
kinen t■nggo repot bae
lawan wong kang tuwa-tuwa
ingkang kinen rum■ksa
repot lawan dhaharipun
Mas Ngabei Mangun Arja
M■ngkana wus tan winarni
sagung kang repot s■daya
mapan wus sae ■nggene
Kangj■ng Pangeran winarna
kalawan ingkang rama
n■nggih pasanggrahanipun
neng Slarong ing wismanira
Ki D■mang Arjabayeki
wont■n malih kang winarna
ingkang rayi nusul mangko
Pangeran Adinagara
b■kta prajurit ika

Mandhung lawan Patangpuluh
kalih atus win■tara
Laj■ng pinasrahan iki
wau dhumat■ng kang raka
dadya ngiras patih mangko
lawan nyuwun salin nama
Pangeran Suryenglaga
kang raka nglilani sampun
lan ingiden mring kang rama
Kangj■ng Pangran Mangkubumi
datan lama linurugan
saking ing Ngayoja mangko
kin■rig sagung wong Yoja
mantri lawan dipatya
Suwaliye tindhihipun
lawan sagunging Walanda
Ngayogya tan ana kari
nging kari Residhen ika
lan putra santana mangko
lan Raden Dipati ika
Pangeran Mangku Alam
mapan ingkang tumut iku
an■nggih Pangran Suryaningprang
Laj■ng pin■thukk■n iki
mring sagung wong desa ika
Jayam■nggala tindhihe
kalawan Anggawikrama
lawan Ki Bauyuda
langkung rame juritipun
g■ndhong titir awurohan
Barung lan mariy■m muni
sanjatalit b■rondongan
dadya saya kathah mangko
wong desa kang samya prapta
laj■ng tulung s■daya
kang tan d■rbe gaman iku
bandhil alu pan bin■kta
Pan sampun karsaning Widi
bandhil purun lan s■njata
dadya k■langkung ramene
m■ngkana Kangj■ng Pangeran
langkung marma tyasira
kang rayi kinen tutulung

wau kalawan kang putra
Raden Suryenglageki
lawan Raden Antawirya
Raden Natadirja mangko
lan Raden Nataprawira
Raden Jayasantana
lawan Mandhung Patangpuluh
dadya kawaling ngayuda
Mariy■m wus datan muni
ing Samen Jayam■nggala
mapan langkung pangamuke
grogol Ki Bauyuda
wong Yogja kathah p■jah
sampun karsaning Yyang agung
bupati kathah k■bandhang
Mapan laj■ng t■luk sami
kang tan t■luk dhinedhelan
kinantunk■n kathok bae
dadya samya kawirangan
kang tan k■candhak ngajang
datan pin■jahan iku
W■landa pan kathah p■jah
Suwaliye mapan kanin
kenging bandhil dh■ngkulira
tiba saking kuda lempoh
laj■ng bin■kta lumajar
wus mundur wong Ngayogja
langkung kathah angsalipun
bandhangan pan warna-warna
Kangj■ng Pangeran ningali
wau kalawan kang rama
neng ngardi Wijil namane
mapan katingal s■daya
solahe kang ngayuda
lamun estu sampun unggul
J■ng Pangeran nulya t■dhak
Mring K■mbang Putihaneki
l■nggahan neng p■karangan
datan dangu prapta mangko
kang rayi lawan kang putra
ngirid sagung bupatya
ingkang samya t■luk iku

mring kang sin■mbah ngayuda
Den M■nggung Martalayeki
Den M■nggung Danukusuma
Den M■nggung Wiryakusumane
Raden M■nggung Natayuda
Raden Wiryatana
Raden Yudawijayeku
Den M■nggung Purbakusuma
Den M■nggung Dirpadijeki
lawan Den Riya Sindurja
Den M■nggung Sumadirjane
s■daya wus tinarima
gya ngujung g■ntya-g■ntya
riwusnya anulya kondur
risang sin■mbah ngayuda
Marang p■sanggrahaneki
wau kalawan kang rama
J■ng Pangran Mangkubumine
nulya Pangran Suryenglaga
ngaturak■n bandhangan
mapan warna-warna iku
nulya kinen maring■na
Dhumat■ng kang angsal sami
poma ja kaliru ika
saolehe dhewe-dhewe
lawan iya Suryenglaga
padha mupakat■na
si Jayam■nggala iku
ingsun ganjar aran ika
Raden Jayan■gareki
lawan si Sumadikdaya
anunggaka s■mi bae
marang Wa Sumadiningrat
Raden Sumadiningrat
lan si Jawinata iku
pamanane makilana
Pangran Suryenglageki
tur s■mbah nuhun sandika
nulya aluwaran mangko
ing dalu pan samya prapta
kang pra putri sadaya
repotnya kang samya nungkul
dadya geger ing Ngayogja

Dhasar m■ntas kawon jurit
putri kathah samya medal
Residhen tambuh polahe
nulya dalu malih ika
Pangran Jayakusuma
Pangran Balitar puniku
Pangran Muhamad Bubakar
Pangran Riya M■nggaleki
lan Pangeran Adisurya
Pangran Adiwinatane
lan Raden Mangkuwijaya
Raden Mangkudir■ja
Raden Dipayana iku
lan Raden Dipataruna
Lawan Raden Singasari
t■napi sarif s■daya
khaji lawan ngulamane
pan sampun sowan punika
myang sagunging pandhita
putra santana kang kantun
m■ksih aneng ing Ngayogja
Mapan samya denc■p■ngi
gin■dhong loji s■daya
nging Pangran Mangku Alame
ingkang tan gin■dhong ika
lawan saputranira
m■ngkana ingkang winuwus
S■larong langkung arjanya
Mapan wus dadya n■gari
Ngayogja ngalih punika
kang p■k■n k■langkung g■nge
murah kang sarwi tinumbas
paj■ng tiyang wadeyan
dadya samya r■na sagung
tan ana kang doracara
Risang pramudeng ngajurit
mapan lagya siniwaka
munggeng atarub agunge
p■pak kang putra santana
lan sagung prang pratiwa
nung-anung pan munggeng ayun
tuwin khaji lan ngulama

Lan para pandhita sami
ingkang rama datan t■bah
J■ng Pangran Mangkubumine
ingkang munggeng ngarsanira
Pangeran Suryenglaga
Risang Pramudyeng Apupuh
mapan aris angandika
Suryenglaga karsa mami
si adhi Mangkuwijaya
sunparingi aran mangko
Pangeran Mangkudiningrat
si adhi Mangkudirja
Pangeran Nataprajeku
payung kuning anganggoa
Lawan si Martayudeki
arana Wiryanagara
si Jarot iku arane
Tum■nggung Wiryadirja
D■mang Pajang arane
Kr■ta P■ngalasan iku
kang rayi matur sandika
Pangeran Suryenglageki
tur s■mbah nuwun kang karsa
pan punika sasayane
an■rang dhat■ng kawula
nuhun ingkang pakarya
Risang Pramudyeng Apupuh
mapan aris angandika
Eh iya Suryenglageki
si Tum■nggung Danukusuma
maringa Pag■len amangko
ng■mbanana putraningwang
ya si Dipan■gara
lan putrane Kyai iku
iya si Mangkuatmaja
Arane ingsun paring
Pangeran Suryakusuma
ingkang ng■mbanana mangko
iya si Astradim■ja
ingsun paringi aran
Tum■nggung R■saprajeku
iya Pag■len denrataa
Mapan Adiwinateki

maranga ing K■dhu ika
Mangundipura kanthine
kalawan si Natayuda
Eyang Mukhamad ika
Bubakar lawan Luwanu
dene ingkang ng■mbanana
Si Subatuliman iki
arana Tum■nggung ika
Jayamustapa mangko
lan si adhi Adisurya
barisa kulon Yogja
k■lawan anakireku
si Dangdang iya arane
Pangran Suman■gareki
dene ingkang ng■mbanana
ya si Wiryan■garane
kalawan si Trunajaya
ing Gamplong ya arane
Cakran■gara Tum■nggung
lan paman Jayakusuma
Anaa lor Ngayogjeki
dene ingkang ng■mbanana
si Suradilaga mangko
Eyang Balitar barisa
iya ing Wanayasa
dene kang ng■mbani iku
Tum■nggung Sumadiwirya
Mangkudiningrat sireki
kalawan si Natapraja
lan s■dulurira kabeh
Sambirata abarisa
ingkang ng■mbani ika
si Ranupati Tum■nggung
kalawan si Sura Arja
Suryenglaga nakireki
si Bancak sunpundhut ika
arana pangeran mangko
Suryanagara barisa
sawetaning Ngayogja
dene kang ng■mbani iku
iya si Suran■gara
Lan Suradin■gareki

dene kene iki iya
cukup Jan■gara bae
kalawan Sumadiningrat
kat■lu Jiwanata
si Singasari ya iku
Gunung Kidul denrataa
Sunparingi araneki
Pangeran kang ng■mbanana
ya si Warsakusumane
ing Pajang ingkang ngrataa
iya si Martalaya
lan Wiryaksuma iku
Sindurja lan Dipadirja
K■rtadirja Sokawati
pasisir si Paman Serang
ingkang angrataa mangko
dene ing Mancan■gara
sunt■mpuhake iya
kabeh kang ngrataa iku
iya si Mangun N■gara
Sandika s■daya sami
langkung enggar ing tyasira
nuli atur salam mangko
kang eyang lawan kang paman
kang rayi lan kang putra
samya ngarsa pada iku
lan sagung kang pra dipatya
Kang samya pinaring kardi
mring Risang Maseseng Prang
nulya aluwaran mangko
kondur dhat■ng p■sanggrahan
tan kantun ingkang rama
m■ngkana ingkang winuwus
kang samya pinaring karya
Mapan abudhalan sami
sar■ng sadint■n sadaya
mring pr■nahe dhewe-dhewe
samyangsal pitulung Sukma
laj■ng tata barisnya
sadina-dina prang pupuh
m■ngkana wus tan winarna
Ramening prang tanah Jawi
anulya na bantu prapta

saking ing K■dhu margine
kalih atus win■tara
lan ngiringak■n arta
gangsal l■ksa kathahipun
prapta ing Logorok ika
Ingkang baris aneng margi
Kyai Muhamad Ngar■pah
lawan Mulyas■ntikane
kagyat non W■landa liwat
nulya n■mbang t■ngara
wong desa k■langkung gr■gut
laj■ng g■nthong titir samya
Nulya campuh ing ngajurit
saradhadhu ng■drel nulya
nanging Mulyasantikane
tan praduli mring sanjata
laj■ng kuw■l kewala
dadya kang kathah samyambruk
bantu kalih atus t■las
Nging gangsal w■las w■tawis
kang samya lumaj■ng g■sang
nanging sampun tatu mangko
anulya Mulyasantika
arta lawan busana
sanjata pan laj■ng dinum
mring sagung kang melu yuda
Pan laj■ng ingangge sami
sruwal lawan rasukan
samya sanjata sadayane
langkung enggar tyasnya samya
laj■ng sowan s■daya
dhumat■ng Silarong iku
kalih b■lah win■tara
Samya angangge lir W■landi
sanjata sakupan samya
nulya ing S■larong kaget
tinarka W■landa prapta
arsa pin■thuk yuda
Amad Ngar■pah nulyeku
anand■rak■n turangga
Kancananira kend■l sami
pan kinen baris sadaya

risampun pratela mangko
mring Pangeran Suryenglaga
laj■ng dadya tontonan
pan samya suka s■darum
wadya S■larong punika
Muhamad Ngar■pah nuli
kalawan Mulyasantika
laj■ng ngirid sowan mangko
mring Pangeran Suryenglaga
marang Sang Pramudyenging Prang
laj■ng ginanjar nameku
Tum■nggung S■canagara
Muhamad Ngar■pahneki
arinya Mulyasantika
pan ginanjar nama mangko
Tum■nggung Kr■tan■gara
lan kinen angradini
ing K■dhu wetan Ngelo ku
kalihnya matur sandika
Langkung enggar tyasnya kalih
wus kalilan mantuk samya
pan wus tan winarna mangko
kawarnaa bantu prapta
saking ing Surakarta
medal wetan margenipun
prajurit Mangkunagaran
Pin■thukak■n tumuli
mring Tum■nggung Surar■ja
aneng Ngrandhugunting mangko
langkung ramening ayuda
t■las Mangkun■garan
t■tindhihira k■cakup
anama Raden Suwangsa
Nulya sinaosk■n iki
dhumat■ng S■larong ika
risang k■langkung w■lase
w■ktu maksih lare ika
mapan nangis kewala
pinaringan busaneku
laj■ng kinen ngat■r■na
Mantuk dhumat■ng Seleki
m■ngkana ingkang winarna
Risang Murtining Palugon

k■langkung prihatinira
kagagas ing wardaya
nanging wangsite Yyang Agung
nuwala Kur'an punika
Tan kalilan angowahi
punapa saparentahnya
kinen anglampahi mangko
marma prihatin tyasira
Risang Murtining Yuda
ingkang rama kang winuwus
tyasira mapan tan duga
Nulya angandika aris
paran kulup marmanira
ingsun tan kaduga angger
ingkang dadya prihatinnya
wadyanira ku nyawa
pan wus tan kuciwa iku
anadhahi ing ngayuda
Risang Murtining Ajurit
mapan aris angandika
gih Kyai satuhune
ingkang dadya tyas kawula
inggih lampah punika
tan prihatin dening mungsuh
inggih s■nadyan w■waha
Tin■lasna tiyang kapir
mapan kawula t■maha
yen taksih kinarsakake
Kiyai dados lampahan
nanging karya punika
rumiyin kawula estu
mapan kinen ngangkat Kur'an
Tan kenging lamun ngewahi
dhat■ng parentahing Kur'an
nging kawula saestune
dereng sum■r■p s■daya
Kur'an parentahira
marma tyas kula k■langkung
ajrih bilih kal■patan
Kangj■ng Pangran Mangkubumi
mapan aris angandika
kulup tan ngapaa kuwe

mapan akeh pra ngulama
kang sumurup jawannya (?)
ing Kur'an parentah iku
wong nanging dr■ma kewala
Kulup marang ing sireki
■ndi kang sira k■rsakna
wong alim Yogja akeh
mes■m Risang Kang Misesa
aris dennya ngandika
Kiyai l■r■s puniku
nging kula kirang pr■caya
Kyai sampeyan rencangi
n■nuwun dhat■ng Yyang Sukma
rumiyin kawula anon
tiyang k■kalih punika
amulang wont■n Maja
ing Kwaron satunggilipun
punika kula pr■caya
Dene sawangipun kalih
pan samya p■kir lakunya
kados ajrih mring Yang Manon
kalamun angewahana
mring Kur'an parentahnya
Kwaron tiyangipun s■puh
ing Maja anem punika
Kangj■ng Pangran Mangkubumi
mapan aris at■tanya
pa sira wus t■mu angger
risang sarwi angandika
inggih sampun nyapisan
nulya pitulung Yyang Agung
tan pantara Kyai Maja
Prapta lan saanak rabi
t■napi lan kulawangsa
risang sokur mring Yyang Manon
lawan aris angandika
Kyai kirang satunggal
nulya marmaning Yyang Agung
Ki Kwaron ing praptanira
Mapan nanging l■t salatri
b■kta saanak putunya
rabi myang kulawargane
ri sampun prapta sadaya

sagung kang pra ngulama
Risang Siniwakeng Pupuh
siniwa ing m■sjid nulya
P■pak sagung ingkang nangkil
ingkang rama datan t■bah
J■ng Pangran Mangkubumine
ingkang rayi munggeng ngarsa
Pangeran Suryenglaga
mapan aris angandika
Eh sagunge sanak mami
sakehe para ngulama
sarif kalawan kajine
yen ing m■ngko karsaningwang
iya si Paman Maja
pan ingsun lilani iku
yen matura marang ingwang
Sabarang parentah iki
ingkang muni jroning Kur'an
poma aja w■di mangko
Ki Maja matur sandika
risang malih ngandika
eh sagunge sanakingsun
pandhita para ngulama
Sarip at■napi khaji
lah payo padha tuntunan
ngangkat adiling Yyang Manon
s■daya matur sandika
risang nulya luwaran
m■ngkana Ki Maja iku
mondhok neng masjid kewala
Lan Kyai Kwaron iki
nging repotira s■daya
nunggil neng lepen Sokane
winarna nagri Ngayogja
mapan wus dadya wana
bong-obongan siyang dalu
wus t■las sagunge griya
Ag■ng alit tan na kari
nging kantun K■dhaton ika
loji kalawan masjide
Danurjan Mangkualam
lawan Wiran■garan

s■daya wus sirna iku
kin■pung nagri Ngayogja
Mapan wus tan k■na mijil
senapati samya ngatas
ayun bin■dhaha mangko
risang mapan tan kalilan
kinen ng■pang kewala
pan sinuprih eng■tipun
sagunging ingkang s■ntana
M■ngkana wus medal sami
kang rayi-rayi sadaya
tan kalilan pangulune
k■tib modin lan m■rbotnya
nging kantun kalih ika
Pangeran Suryabrangteku
lan Pangran Suryawijaya
Lan ingkang putra satunggil
Pangeran Dipakusuma
gin■dhong neng loji mangko
myang sagung kang eyang-eyang
lawan kang paman-paman
ingkang m■ksih samya kantun
langkung dennya kaw■lasarsa
Nanging ingkang paman kalih
kang sag■t nusul punika
nulya pinaring namane
ingkang s■puh pinaringan
Pangeran Mangkudipura
ingkang anem namanipun
Pangeran Pan■ngah ika
Lawan ingkang rayi sami
Den Mas Songeb pinaringan
Pangran Adin■garane
Den Mas Grontol namanya
Pangran Suryadipura
Den Mas Madang namanipun
Pangran Suryadi punika
Den Mas J■ngkik namaneki
pan Pangeran T■pasanta
S■larong langkung arjane
m■ngkana S■can■gara
mapan atur uninga
ing Dimaya baris agung

mapan saking K■dhu ika
Ingkang ngirid W■landeki
Raden M■nggung Danuningrat
langkung kalih ewuh mangko
marmanya atur uninga
rumaos tan kuwawa
S■can■gara puniku
k■lawan K■rtanagara
Mapan laj■ng denbantoni
nama prajurit Bulkiya
pan tigang atus kathahe
langkung tigaw■las ika
kang dados pangiridnya
Ki Muhamad Bahwi iku
pengulu duk T■gal Arja
Sampun s■puh wayahneki
nanging kang tyas langkung sura
tan kalilan m■ksa bae
kapingin p■jah punika
ing aprang sabilolah
nulya pinaring nameku
Mukhamad Usman Li Basah
Tum■nggungira k■kalih
prajurit Bulkiya ika
Khaji Ngabdul Kadir rane
asisih Khaji Mustafa
kalihnya langkung sura
lawan bin■ktanan iku
ngulama m■nggung kalih ika
Kyai Guru M■malangi
Muhamad Salim namanya
lan Ki Guru Kasongane
Ngabdul Rakhup ingkang nama
pandhita kang satunggal
Ngabdul Latib namanipun
m■ngkana pan laj■ng budhal
Saking ing S■larong iki
gangsal atus wataranya
sadaya kal■mpakane
sampun prapta ing Dimaya
laj■ng ayun-ayunan
pan sampun tinata iku

Bulkiya kang dadya dhadha
Tum■nggung S■canagari
kang dadya p■ngawak kanan
kering Kartanagarane
nulya Usman Ali Basah
ngabani kancanira
Bulkiya pan sar■ng maju
ar■mp■k p■ngamukira
T■ngara b■dhug tinitir
Gong Siy■m munya g■gana
sing kutha Windu asale
Kyai Usman Ali Basah
wus mandhe kang paringa
waos pusaka puniku
aw■sta Ki Barutuba
Mapan laj■ng murub iki
marma gung wadya Bulkiya
tan wont■n uwas manahe
mariy■m wus kalancangan
nging mung■l kaping tiga
saking rikat aj■ngipun
ng■drel wus tan rin■gewa
Pan laj■ng kuw■l ing jurit
sanjata wus datan munya
caruk waos lan sangkuhe
p■dhang lawan dhuwung ika
Rahaden Danuningrat
ing yuda mapan k■pangguh
lan Ki Ngusman Ali Basah
Langkung ramening ajurit
k■panggih samya sudara
nanging karsaning Yyang Manon
Den Danudiningrat kuciwa
mapan sampun salastra
bathang saradhadhu tumpuk
k■dhik kang g■sang lumayya
Mapan samya dentututi
k■kecer ■nggen-■nggennya
Islam lumaj■ng s■dayane
nanging wus karsane Sukma
Kyai M■lbangi prapta
sabilolah margenipun
kenging lantaking sanjata

Saradhadhu ingkang b■dhil
pan saking kas■sanira
tan ngantos m■ndh■t lantake
nulya tinumbak santrinya
saradhadhu wus p■jah
pan kathah bandhanganipun
mariy■m lawan sanjata
Obat lawan mimisneki
atanapi kang sandhangan
Ki Ngusman tan mantuk mangke
kalawan sakancanira
nging tur surat kewala
yen luj■ng sakancanipun
laj■ng baris K■dhu ika
Neng dhusun P■santren iki
Bulkiya n■nggih barisnya
m■ngkana tanah Jawane
langkung ramening ngayuda
mapan sa■nggenira
pasisir Mancanagriku
Pajang lawan Sokawatya
Gunung Kidul jawi kori
L■dhok Gowong lan Toyamas
m■ngkana kang winiraos
ing K■dhu wont■n satunggal
Raden Sumadilaga
ing Parakan nagrenipun
ingkang tan s■dya gurisa.
Mapan laj■ng
inginggahan
saking L■dhok Gowong ika
Mas Tum■nggung Andakara
ing Gowong Gajah Pr■mada
Ingkang dadya pangiridnya
Mas Rangga Prawirayuda
ing Parakan sampun prapta
nulya pin■thuk ing yuda
Sumadilaga kuciwa
m■ngkana sampun pal■stra
ingkang m■jahi punika
pan d■mangira priyangga
S■capati namanira

wus b■dhah Parakan ika
m■ngkana ingkang winarna
sagunging putra santana
Kang dadya senapatika
s■daya samya sulaya
lan ingkang ng■mbani ika
Pangeran Hadiwinata
Pangeran Jayakusuma
lan Pangeran Mangkudiningrat
Pangeran Anatapraja
Pangran Bubakar ika
Lan Pangran Balitar ika
s■daya ngandika nulya
mring S■larong sampun prapta
laj■ng tan pinaring karya
Nging Pangran Balitar ika
nuhun mring Pag■len kewala
s■nadyan silih kend■la
m■ngkana linilan nulya
Pangeran Mangkudiningrat
lan Pangeran Natapraja
s■daya lan s■dhereknya
pan kinen mring K■dhu samya
Baris ing Langon punika
m■ngkana ingkang winarna
Jendral Dh■ Kok sampun prapta
n■gari ing Surakarta
Laj■ng dhumat■ng Ngayogja
kr■rig gung putra santana
ing Surakarta s■daya
lan Pangran Mangkunagara
Samarga-marga ayuda
nanging gung kang jagi marga
s■daya tan ana kuwawa
saking kathahnya lan nira
M■ngkana mapan wus prapta
Jendral N■gari Ngayogja
laj■ng akintun nuwala
mring Risang Murtining Yuda
Bupati ingkang dinuta
Ranadiningra-t namanya
mapan sampun ap■panggya
lan Pangeran Suryenglaga

Wus katur ingkang nuwala
mring Pangeran Suryenglaga
kang dinuta ingandh■g nulya
mapan kinen ng■ntosana
Kature ingkang nuwala
mring Kang Sin■mbah Ngayuda
m■ngkana ingkang winarna
risang pan miyos sineba
Munggeng Masjid Ag■ng ika
p■pak kang para ngulama
pandhita sarip kaji ka
myang sagung putra santana
T■napi ingkang pra pratiwa
nung anung kang munggeng ngarsa
tan t■bih lawan kang rama
Ki Maja Ki Kwaron ika
Nulya Pangran Suryenglaga
ngaturak■n kang nuwala
saking Jendral Dh■ Kok ika
mring Risang Murtining Yuda
M■ngkana lon ngandika
wau dhumat■ng kang rama
J■ng Pangran Mangkubumika
Kyai mangsa bodho-a
Kalawan si Paman Maja
wangsulan layang punika
kawula wus tan uninga
denr■mbaga kang prayoga
Nulya luwar kang sinewa
kondur m■sanggrahan ika
neng m■sjid lawan Ki Maja
Lan Pangeran Suryenglaga
Pangeran Jayakusuma
samya angr■mbag kewala
badhe angsul-angsul ika
Mring Jendral Dh■ Kok tumulya
t■mbung ingkang kara-kara
punika ingkang nuwala
Kangj■ng Pangran Mangkubumya
Dhat■nga ingkang sudara
Jendral Dh■ Kok risampunnya
tabe kawula punika

dene j■ngandika tanya
M■nggah karsane Ki Arya
estu yen tan gadhah karsa
rumiyin myang sapunika
nging luhure kang agama
Ing tanah Jawa sadaya
k■lamun estu panduka
tan m■kew■di punika
mring agamane Ki Arya
M■nggah karsane Ki Arya
estu yen tan gadhah karsa
rumiyin lan sapunika
luhuring agami Jawa
Eslame ing tanah Jawa
pan n■nggih purun Ki Arya
papanggih lan j■ngandika
nanging an■dha pratandha
■cap lawan kang pratela
s■mados ing dint■nira
lan pundi ■nggen panggiha
yen andika bakta bala
Ki Arya gih bakta bala
yen j■ngandika pribadya
Ki Arya gih pribadya
wus titi ingkang nuwala
Sampun pinaringk■n ika
mring Ranadiningrat nulya
kinen mantuk mring Ngayogja
mapan wus datan winarna
Ing S■larong kawarnaa
Risang Masiseng Ngalaga
kinub■l kang pra ngulama
myang sagung putra santana
Sarip lawan khaji ika
ngulama lan pra pratiwa
Kyai Kwaron lan Ki Maja
kang rama sang■t turira
Ngaturan jum■n■ng nata
sabab ayuda kukumnya
kang prapta ing sabilira
lan timbangnya ngab■n bala
Punika Jendral wus prapta
lamun datan jum■n■nga

say■kti mapan kuciwa
lan kathah pakew■dira
Ing aprang panggih bicara
sabab wus samya nalendra
dadya tan wont■n kuciwa
nging kantun pasrah Yyang Sukma
Kangj■ng Pangran Mangkubumya
ngirih-irih ingkang putra
sang■t aris angandika
kulup w■lasa mring bala
Lan m■nawa dhinginana
iya wangsite Yyang Sukma
dene dadining ngayuda
mokal kulup yen s■piya
Dene datan kar■m sira
w■kasan m■ngkene ika
Risang Murtining Ayuda
w■kasan w■dhar kang kar-sa
Mes■m aris angandika
Kyai rumiyin kula
nyup■na wont■n nuwala
ingkang bakta tiyang astha
Winaos mung■l m■ngkana
parentah Kur'an punika
ing Sinuhun J■ng Sultan
Ngabdul Hamid Irucakra
Kabirul Mukmin Sayida
Panata Agama Jawa
Khalifatu Rasulollah
Es(l)am ing Jawa s■daya
Ingkang b■kta laj■ng musna
s■rat cin■mplungk■n toya
Kangj■ng Pangran Mangkubumya
langkung l■ga ing tyasira
Ing ngarsanira kang rama
Kangj■ng Pangran Mangkubumya
mapan aris angandika
eh ta thole Suryenglaga
Besuk Senen aprentaha
marang sagung putra santana
lawan kang para dipatya
mantri prajurit kang ana

Lan andika Kyai Maja
denp■pak sagung ulama
sarip kaji lan pandhita
kalihnya matur sandika
M■ngkana wus tan winarna
ing dina S■nen punika
enjing wus p■pak s■daya
sagung ingkang siniwaka
Sampun jum■n■ng punika
Ingkang Sinuhun Kangj■ng Sultan
Ngabdul Kamit Herucakra
Kabirul Mukmin punika
Sinaidan para ngulama
sarip kaji lan pandhita
myang sagung putra santana
tanapi kang pra pratiwa
Riwus aluwar nulya
langkung l■ga ing tyasira
sagung ingkang wadyabala
ngulama sokur mring Sukma
Riwusnya g■ntya sadina
ingkang rama ingaturan
nama Pan■mbahan ika
Ngabdul Ngarip j■juluknya
Ingkang ibu namanira
Kangj■ng Ratu Ag■ng ika
dene namane kang garwa
Kangj■ng Ratu K■dhaton ika
Wont■n malih ingaturan
nama Ratu Ibu ika
kapr■nah s■puh punika
lawan suwargi ingkang rama
Nanging sanes ibunira
Kangj■ng Sultan putranira
Pangeran Dipanagara
pinaringan nama ika
Kangj■ng Pangeran Dipatya
kang putra Den Antawirya
mapan pinaringan nama
Pangeran Dipanagara
Wont■n kang paman sajuga
Pangeran Jayakusuma
pinaringan nama ika

Pangeran Ngabei punika
Putranya pinundhut nulya
mapan pinaringan nama
Pangeran Jayakusuma
m■ngkana wus tan winarna
Kawarna putra santana
lan sagung kang para pratiwa
t■napi kang para ngulama
pan samya angarsa-arsa
Mring Jendral wangsulanira
ngantos lama antaranya
pan samya kend■l kewala
dadya sagung samya lena
M■ngkana ingkang winarna
wont■n pandhita kang prapta
ing Majasta pondhokira
w■sta Mas Lurah punika
Nanging pandhita l■lana
saking Ngarab wijilira
saestu sarip punika
nanging namur nama Jawa
Saking kar■m mring Yyang Sukma
pan wus supe dhahar nendra
salat wus tan w■ktua
datan wont■n kend■lira
Neng Majasta densikara
mring Pangran Mangkunagara
mapan parentah W■lAnda
dadya mring S■larong ika
Lan wangsul tan wus apanggya
dadya langkung tr■snanira
mapan samya amb■kira
pan estu nunggal kang karsa
Wus pinaring pondhok ika
langgar alit neng jro mapan
tunggal kalawan J■ng Sultan
samya langgar pondhokira
Sab■n bakda salat Ngisa
Mas Lurah sowan punika
mring Kangj■ng Sultan m■ngkana
pan nuju sarean ika
Mas Lurah anulya prapta

laj■ng m■t■ki kang pada
sar■ng dangu-dangu nulya
Mas Lurah medal kang w■spa
Kangj■ng Sultan ris atanya
eh Mas Lurah ana apa
pa gene sira karuna
Mas Lurah alon aturira
Anak Sultan satuhunya
sun lamun wruh mring sira
yen upama godhong ika
kaya sununtal-untala
Bang■t w■las ingsun mring sira
J■ng Sultan mes■m ngandika
sira w■las pageneya
Mas Lurah malih aturnya
Sireku mapan kinarya
mring Allah kalipah Jawa
pan nora pinaring ika
kanthi marang wong sajuga
Kangj■ng Sultan angandika
dene lir wong ngimpi sira
pan iki satanah Jawa
sun dadi rewangku iya
Ulama lawan pandhita
sarip ngalbet lan suhada
mapan akeh tanah Jawa
awadene Kyai Maja
Mas Lurah aris aturnya
kabeh iku geseh padha
ing besuk w■kasan iya
J■ng Sultan mes■m ngandika
S■nadyan kabeh geseha
ingsun kanthi lawan sira
Mas Lurah aris aturnya
ingsun iki satuhunya
Pan wus bos■n ana dunya
sun prapta s■ksi kewala
anak iya marang sira
nging amrih sabil kewala
M■ngkana wus tan winarna
kawarnaa Kyai Maja
lan sagung para ulama
t■napi kang pra pratiwa

Myang sagung putra santana
samya ngaj■ng-aj■ng ika
surat Jendral wangsulana
dadya kang tyas samya lena
Tan ana mikir ing yuda
pan aming pat■monira
kang samya denarsa-arsa
pan langkung katungkulira
Sagung ingkang Senapatya
ing M■ntaram pan s■daya
maksih baris neng pr■nahnya
aj■nganira pribadya
Mangkana panuju ika
ing dina Jumungah nulya
Kangj■ng Sultan arsa salat
lawan sagung pra ulama
Anulya mirsa suwara
mriy■m mung■l tan pantara
p■calang atur uninga
yen m■sah m■dali yuda
Langkung kathah balanira
Kangj■ng Sultan mapan nulya
parentah kinen m■thukna
mring Pangeran Suryenglaga
Lan Pangran Dipan■gara
nanging wus karseng Yyang Sukma
wau Pangran Suryenglaga
mapan sang■t ngub■dira
Dadya kang nindhihi yuda
nging Pangran Dipanagara
kalih atus win■tara
prajuritra pribadya
Kalawan Jayan■gara
kang baris kidul s■daya
nging langkung karobanira
dadya nging saangsalira
Pangeran Suryengngalaga
ngenggalk■n k■dangon ika
dadya J■ng Sultan pribadya
ingkang nyalirani yuda
Ingiring kang pra ngulama
t■napi Mas Lurah ika

Kyai Kwaron Kyai Maja
apa dene ingkang rama
Kangj■ng Pan■mbahan ika
Ngardi Wijil sampun prapta
nulya tinata s■daya
apan n■dya m■thuk ngayuda
Kangj■ng Sultan ris ngandika
wau dhumat■ng kang rama
suwawi pinara tiga
kiyai tiyang punika
Sampun angrompol kewala
kaki Kwaron pan wangsula
t■ngga masjid kewala
lawan andika d■dongaa
Ki Kwaron matur sandika
wus wangsul mring m■sjid nulya
m■ngkana ingkang winarna
J■ng Pangran Dipanagara
Prapta lan sawadyanira
matur sampun tan kuwawa
kang m■ngsah langkung g■ngira
wus prapta K■c■pik ika
Kangj■ng Sultan ris ngandika
wau dhumat■ng kang rama
suwawi apandum karya
sampeyan anindhihana
Wus tamtu pin■rtiga
Kiyai Maja kang sapantha
nulya tinata barisnya
sampun karsaning Yyang Sukma
Jalma tan kenging tinata
sar■ng denmariy■m ika
samya bubar ngisis nulya
ing wingking J■ng Sultan ika
Kangj■ng Pan■mbahan ika
prapta kalawan Ki Maja
n■rang punapa kang karsa
wadya tan kenging ngab■na
Kangj■ng Sultan angandika
Kyai punapa kang karsa
kawula narah kewala
Kangj■ng Pan■mbahan n■bda
Kulup yen dhangan lan sira

prayoga mundur kewala
wadyanira kaya ora
pan wus tan k■na tinata
Kyai Maja pan m■ngkana
mapan sami aturira
lawan Pan■mbahan ika
m■ngkana ingkang winarna
Sira Pangran Suryenglaga
prapta lan saprajuritnya
t■napi putra santana
nging sampun datanpa karya
Laj■ng kinen mundur ika
k■langkung dennya kas■sa
kang m■ngsah b■r■g kewala
lawan ngudani sanjata
Sampun karsaning Yyang Sukma
dadya bubrah tatanira
tan ana kang kawal yuda
lumaj■ng sakarsa-karsa
Angr■bat anak rabinya
Kangj■ng Sultan kang winarna
rangu-rangu lampahira
Marma datan tahan samya
mirsa swara mimis ika
dadya kesisan ing bala
w■tara nging kawAndasa
Ingkang t■ksih dherek ika
Kangj■ng Sultan lampahira
laj■ng minggah dhat■ng arga
kang m■ngsah ngusir kewala
Prapta p■sanggrahan nulya
S■larong bin■smi samya
Kyai Kwaron kang winarna
m■ksih aneng masjid ika
Laj■ng kin■pang kewala
bin■rondong ing sanjata
wantu wus s■puh punika
datan sag■d yen kesaha
Pan laj■ng ginendhong ika
bin■kta laj■ng ika
dhumat■ng ing muridira
n■rajang m■(ng)sah kewala

Laj■ng pin■dhangan ika
nanging pitulung Hyang Sukma
p■dhang tan ana tumama
kalawan kang gendhong ika
Nanging kitab Kur'an ika
aglar kantun m■sjid samya
laj■ng rinisak s■daya
kang m■sjid bin■smi nulya
Kawarna Pangran Disurya
lan Pangran Sumanagara
at■tulung karsanira
prapta lawan prajuridnya
Mapan sewu win■tara
laj■ng nusul minggah ngarga
wus cundhuk lawan nalendra
laj■ng anungk■mi pada
Kangj■ng Sultan l■nggah ika
aneng sanginggiling guwa
ingkang dherek win■tara
aming kantun kawAndasa
Kyai Maja munggeng ngarsa
lan Pangran Dipanagara
lawan Raden Natadirja
lan Raden Nataprawira
Pan■mbahan pisah ika
Sang Nata aris atanya
sira gawa bala pira
J■ng Pangran aris turira
Sewu antawis kawula
nging dereng dhat■ng sadaya
saking kas■saning driya
J■ng Sultan anantun sigra
Wau dhumat■ng Ki Maja
paran m■ngko kang prayoga
apa banjur binanj■lna
Ki Maja aris aturnya
Pan sampun tangg■l punika
ingkang rin■bat punapa
luhung aso tata-tata
dhumat■ng ing Lepensoka
J■ng Sultan nurut aturnya
nulya aris angandika
wus adhi ingsun tarima

balanira undur■na
Ingsun arsa aso ika
iya maring Kalisoka
lawan kabeh dhawahana
sakehe kang senapatya
Kabeh denpadha sum■kta
WalAnda wus estu cidra
Kangj■ng Pangran tur sandika
sampun lengser saking ngarsa
Lan Pangran Suman■gara
J■ng Sultan malih ngandika
mring Den P■ngalasan ika
lawan Mas Mangun■gara
Lah padha sira kariya
aneng ing kene kewala
mriy■m ingsun Kyai Naga
mariy■m sira unekna
kalihnya matur sandika
J■ng Sultan lumampah nulya
lawan gam■l ngampil ika
ingkang dherek salampahnya
at■napi Kyai Maja
Lan Pangran Dipanagara
lan Raden Natadir■ja
t■napi Nataprawira
lawan Den Jayas■ntana
Lan punakawan sajuga
Adam Jaka namanira
m■ngkana kap■thuk nulya
lan Mas Lurah aneng marga
Mas Lurah aris atanya
Nak Sultan mring ng■ndi sira
Kangj■ng Sultan angandika
yun aso mring Kalisoka
Mas Lurah malih an■bda
bok iya sabil kewala
iki Jum■ngah dinanya
mapan luwih prayoganya
J■ng Sultan kend■l s■kala
m■ngkana osiking driya
wus b■n■r Mas Lurah ika
yen Sultan linilan Sukma

Sadina iki sirnaa
pan aja kongsi kadawa
Kangj■ng Sultan angandika
mring Pangran Dipanagara
Eh kulup prajurit ika
saanane tuturana
yen sun ayun sabil ika
Kangj■ng Sultan mapan nulya
Anand■rak■n turangga
Girismu namanira
tan kantun Mas Lurah ika
lan Raden Natadir■ja
Nging s■daya win■tara
ingkang sar■ng aj■ngira
lawan J■ng Sultan punika
Ki Maja ngontel kewala
Aneng wuri t■bih ika
kalawan sawarganira
Kangj■ng Sultan kang winarna
lan Mas Lurah sampun prapta
■nggene baris W■lAnda
mapan r■mp■k aj■ngira
tiyang s■dasa punika
laj■ng ing■drel s■njata
Mariy■m lan kalataka
Girismu datan kuwawa
nadhahi ing mimis ika
dadya ambruk kewala
Kangj■ng Sultan mapan nulya
t■dhak saking ing turangga
nging supe tan ngag■m warastra
nulyana marmaning Sukma
Warni cum■thi punika
mapan laj■ng aneng asta
J■ng Sultan naming punika
kang kinarya magud yuda
Mas Lurah p■dhang ag■mnya
Rahaden Natadir■ja
mapan angag■m sanjata
lan Raden Nataprawira
Tiga Raden Jas■ntana
s■kawan pun Adam Jaka
gangsal Khaji Samsari ika

kang samya ngangge sanjata
Ingkang ngangge waos ika
Muhamad Muram w■stanya
lan Muhamad J■j■r ika
lan Muhamad Jalasutra
Muhamad M■langi ika
kalawan Seh Ama dika
saking Judah wijilira
nanging p■dhang anggenira
Laj■ng campuh ing ngayuda
susup kukusing s■njata
pan laj■ng kuw■l kewala
Mas Lurah ing tandangira
Anglir bantheng tandangira
ngiwa n■ng■n pam■dhangnya
s■daya mapan m■ngkana
b■lasah bangke neng ngarsa
Kang samya ngangge sanjata
wus t■las kang obat samya
nging gin■bugk■n kewala
saking tyasira tan suda
Kangj■ng Sultan kang winarna
mobat-mabit t■mbungira
wus brastha ingkang pangarsa
ing wuri saya keh prapta
Kapir b■lasah bangkenya
pan samya pun karsa Hyang Sukma
Mas Lurah prapteng sabilnya
saking sang■t sayahira
Tan pasah ingkang salira
dadya tunggil kang kunarpa
lawan bangke kapir ika
mangkana ingkang winarna
Rahaden Nataprawira
lawan Raden Jayas■ntana
sampun t■las kang s■ndawa
lawan tatu w■ntisira
Sinangkuh mring kapir ika
mulat mring J■ng Sultan ika
k■langkung dennya bramatya
mobat-mabit t■mbungira
Lir supe purwa duksina

dadya Den Nataprawira
lawan Raden Natadirja
katiga Den Jayas■ntana
Prasamya gendholi ika
umatur sarwi karuna
J■ng Sultan ngaturan nulya
mundur aso ing ngayuda
Kinipatak■n k■na
nulya na marmaning Sukma
J■ng Sultan emut s■kala
dadya nurut mundur ika
M■ngsah saya kathah ika
nanging tan purun bujunga
pan among ng■drel kewala
lawan mariy■m punika
J■ng Sultan laju lampahnya
mundur marang Kalisoka
an■nggih ingkang winarna
Pangeran Dipanagara
Lawan Pangalasan ika
katiga Mangun■gara
prapta sarta b■kta bala
arsa t■tulung yuda
Wus panggih sapih kang yuda
lan k■saput dalu ika
anulya wangsul kewala
dhumat■ng ing Lepensoka
Sampun panggih lan kang rama
J■ng Sultan ingkang winarna
pan k■ndul sucanira
kalih tan sag■d mungua
Ingkang laj■ng sabilira
pandhita Mas Lurah ika
lan Muhamad Mulangika
Muhamad ing Jalasutra
Lawan Lurah Gamel ika
Mas Talis■kar namanya
nging kapir tumpuk bangkenya
m■ngkana ingkang winarna
Wau Pangran Bei prapta
lan Pangran Jayakusuma
laj■ng ngaturi usada
dhumat■ng J■ng Sultan nulya

Winarna naraha Den Riya
Natar■ja mapan prapta
saking ing K■dhu punika
b■kta bala kawAndasa
Wus panggih lawan Ki Maja
laj■ng kinengken anulya
ngaturi J■ng Sultan ika
lengser saking Lepensoka
Esmu ajrih aturira
Kangj■ng Sultan ris atanya
iki sapa ingkang prapta
Den Riya gugup aturnya
Kawula pun Natar■ja
yen par■ng tur prayogika
yen Paduka tan lengsera
Sinuhun sing Lepensoka
Tan wande kin■pung ika
lamun Paduka lengsera
tinututan dugi amba
mes■m J■ng Sultan ngandika
Eh ta iya Natar■ja
yen wus m■lek netraningwang
ingsun bali maning uga
maring S■larong banj■l yuda
M■ngkana ingkang winarna
sar■ng enjang samya prapta
Kanj■ng Pan■mbahan ika
lan Pangran Prabu anulya
Tumingal dhat■ng kang putra
k■j■p kalih netranira
Pan■mbahan mapan nulya
angrangkul sarwi karuna
Pan sarwi angandika
eh nyawa ingsun tan nyana
lamun kat■mu lan sira
J■ng Sultan aris ngandika
Kyai Tuwan kend■la
kawula t■ksih waluya
m■ngkana marmaning Sukma
w■tara ing kalih dina
J■ng Sultan dhangan gr■rahnya
lan wadya wus sami prapta

mapan laj■ng siniwaka
Pan■mbahan munggeng ngarsa
At■napi Kyai Maja
jajar Pangran Bei ika
lan Pangran Dipanagara
Pangran Prabu jajarira
Pangeran Suryengalaga
tinimbalan datan prapta
m■ngkana r■mbukan nulya
Kangj■ng Sultan ris ngandika
Wau dhumat■ng kang rama
Kyai kaj■ng kawula
suwawi apandum karya
sampeyan ingkang rum■ksa
Dhumat■ng repot s■daya
mrih sampun keron tyas kula
lawan paman Prabu ika
s■daya mangsa bodhoa
Pan■mbahan tan l■nggana
nanging Pangran Prabu ika
tyasira k■dah sudira
pan sang■t gennya l■nggana
Mapan r■m■n dherek yuda
J■ng Sultan nurut ika
mapan wus dadya r■mbagira
Kangj■ng Pan■mbahan nulya
Pamitan dhat■ng kang putra
linilan salaman nulya
neng G■gulu repot samya
mapan wus datan winarna
Kangj■ng Sultan kawarnaa
anantun dhat■ng Ki Maja
lawan ingkang paman ika
t■napi kang pra pratiwa
Prakawis tingkahe yuda
Pangran Ngabei aturnya
pan m■ngsah malih barisnya
S■larong Mangir punika
Sumangga karsa Nalendra
Kangj■ng Sultan angandika
kados punapa saenya
mapan benjing enjing kula
Mapan ayun magut yuda

Pangeran Bei aturnya
kalawan Kyai Maja
yen par■ng karsa Nalendra
K■jawi sar■ng kewala
sinab■t m■sah punika
mrih sampun ngeroni yuda
Kangj■ng Sultan angandika
Pundi kang ag■ng barisnya
Pangran Ngabei turira
S■larong warti punika
k■jawi karsa Nalendra
Mas putu Dipan■gara
lan Kangmas Prabu punika
ing Mangir dipunsab■ta
prajurit kidul s■daya
Punika dentindhihana
k■jawi Jayan■gara
wont■na ngarsa Nalendra
sampun dados r■mbagira
Enjang nulya budhal ika
sumahap kang wadya kuswa
mar■ngi Isnen kang dina
mapan sar■ng budhalira
Datan winarna ing marga
Kangj■ng Sultan S■larong prapta
kang m■sah panggih s■pika
laj■ng m■sanggrahan nulya
Ngukup Mas Lurah layonnya
datan mantra yen palastra
pan kadya nendra kewala
lawan w■tah kang salira
tan wont■n tilas warastra
sato tan purun c■lak-a
gandanira kang salira
arum lir garu c■ndhana
Kangj■ng Sultan rasukannya
kinarya ngurmati ika
k■panggih t■ngah bangkenya
sakehe kapir sadaya
Dening kapir bangkenira
tin■dha gagak myang sona
J■ng Sultan tahan ika

mamb■t kapir bangkenira
M■ngkana wus tan winarna
yata ingkang kawarnaa
Pangeran Dipanagara
lan Pangeran Prabu ika
Angsal pitulung Hyang Sukma
dhadhal kapir barisira
kang wont■n Mangir punika
b■smeni samarga-marga
Wus prapta S■larong ika
Pangeran Dipanagara
lan Pangeran Prabu nulya
cundhuk lan J■ng Sultan ika
Sampun katur saneskara
m■ngkana wus tan winarna
sar■ng enjang m■ngsah prapta
saking n■gara Ngayogya
Nging pinalih lampahira
Kangj■ng Sultan nantun ika
dhumat■ng Kyai Maja
lan Pangeran Ngabei ika
Gya samya pinalih nulya
Pangeran Dipanagara
lan Pangeran Prabu ika
ingkang kinen nindhihana
Ingkang s■palih punika
kalihnya matur sandika
sampun lengser saking ngarsa
kalawan sawadyanira
Bupati n■n■m punika
P■ngalasan tindhihira
laj■ng campuh ing ngayuda
tan wont■n ingkang kuciwa
Dene kang s■palih ika
Rahaden Jayanagara
kang tinuding nadhahana
lawan Mas Mangunagara
Tiga Tuwan Sarip ika
J■ng Sultan l■nggah kewala
aneng p■karangan ika
ningali ingkang ayuda
K■langkung ing ramenira
kapir kathah kang palastra

Eslam pan luj■ng kewala
m■ngkana ingkang winarna
Pan lagya ramening yuda
wont■n wong lumaj■ng ika
mapan ngaturi uninga
mring Pangran Dipanagara
Gusti J■ng Rama Paduka
sampun kas■s■r ngayuda
kagyat J■ng Pangeran nulya
ingundurak■n kang wadya
Lawan ngaturi uninga
dhumat■ng kang eyang ika
Pangeran Prabu ngaturan
mapan mundura kewala
Dadya samya kagyatira
sampun bubrah tatanira
wus kesah ingkang waw■rta
wadya tinata tan k■na
Kapir lumuntak s■daya
mring J■ng Sultan ngarsanira
Ki Maja atur uninga
punika putra Paduka
Kados kas■s■r juritnya
sampun mundur saking ngarga
J■ng Sultan k■langkung marma
dhat■ng Raden Jayan■gara
Kapir saya kathah prapta
laj■ng kinen nimbalana
s■daya sabalanira
wus mundur dhat■ng ing arga
Lawan Kangj■ng Sultan nulya
prapta ing K■rebet panggya
lan Pangran Dipanagara
pan sampun p■pak s■daya
Lawan kathah ingkang prapta
wadya kang nusul punika
mapan saking Lepensoka
J■ng Sultan kend■l karsanya
Mapan lagya dhahar ika
k■saru na mungsuh prapta
pan nanging husar kewala
k■dhik mapan nanging win■tara

KawAndasa mapan nulya
kin■pung husar punika
pan laj■ng kend■l kewala
datan sag■d yen kesaha
Riwusnya dumugi samya
genipun dhahar s■daya
Pangran Ngabei aturnya
dhumat■ng J■ng Sultan ika
Punapa tan sinab■ta
inggih W■landi punika
Kangj■ng Sultan angandika
mapan tangg■l kalih nistha
W■landi bingung punika
k■dhik lawan niaya
suwawi laj■ng kewala
mring T■rucuk kaj■ng kula
J■ng Sultan nitih turangga
pun Girismu punika
G■thayu pan nuju ika
mapan kinarung kewala
Sampun karsaning Hyang Sukma
pisah lintu marginira
ingkang husar kawAndasaa
sapungkurira Nalendra
Pan laj■ng ambujung ika
mring wadya kang kantun samya
lan kancanya sampun prapta
pun G■thayu kang winarna
Binujung mring husar ika
k■langkung dennya gumbira
pan laj■ng uwal punika
m■dhot pisah gam■lira
Laj■ng kin■pung kewala
G■thayu ngamuk lir y■ksa
bin■stul pin■dhang ika
G■thayu datan tumama
Kapir katungkul s■daya
ayuda lawan turangga
dadya datan angsal jalma
meh prapta ing Lepensoka
G■thayu k■paluh ika
pan laj■ng palastranira
nanging iku angsal bela

W■landi s■kawan ika
Kang p■jah neng sandhingira
m■ngkana wus tan winarna
Kangj■ng Sultan kawarnaa
ngalih p■sanggrahanira
Mapan neng T■rucuk ika
kapir Mangir barisira
sadina-dina ayuda
pan dereng wont■n kuciwa
Repot giris manahira
sab■n dina mirsa yuda
dadya r■mbag ngalih samya
dhumat■ng Kulur s■daya
M■ngkana wus tan winarna
kawarnaa ingkang yuda
J■ng Sultan asring kuciwa
pan kongsi nyabrang Pr■raga
Pan ngalih sampun punika
J■ng Sultan p■sanggrahannya
J■ng Pangran Ngabei ika
umatur lawan Ki Maja
Yen par■ng karsa Nalendra
prayogi kanca Bulkiya
punika tinimbalana
kinen m■thuk yudanira
Dhumat■ng kapir punika
Kangj■ng Sultan ris ngandika
mapan K■dhu lir punapa
bilih kapir malih ngr■da
Dados saya awatira
Pangeran Ngabei aturnya
binantu kang senapatya
kadugi kalih bot■nnya
Rum■ksa bawah punika
kalih sampun kathahira
didal■m K■dhu sadaya
kados bot■n yen pepeka
Rum■ksa bawah punika
kados yen bot■n pepeka
tinilar kanca Bulkiya
pan sampun r■mbag sadaya
Sagunging kanca Bulkiya

kinarya pangirid yuda
J■ng Sultan nurut turira
kang paman lawan Ki Maja
Laj■ng kinen nimbalana
gandhek kang lumampah ika
g■gancangan lampahira
datan winarna ing marga
Ing p■santren sampun prapta
gandhek panggih lan Bulkiya
Ki Ngusman lan Basah ika
laj■ng m■pak senapatya
Ing K■dhu pinara tiga
sakilen Ngelo punika
pan kalih senapatinya
n■nggih Pangran Natapraja
Mapan k■lawan kang raka
Pangran Mangkudiningrat ika
kang wetan Ngelo s■daya
Pangran Pakuningrat ika
Tinantun samya kaduga
rum■ksa K■dhu s■daya
Ki Ngusman Li Basah nulya
budhal sakancanira
Saking ing p■santren ika
kang ngirit gandhek punika
datan winarna ing marga
lampahira sampun prapta
Wus cundhuk J■ng Sultan nulya
sagung prajurit Bulkiya
sampunira ngaras pada
laj■ng pinasrahan karya
Kapir Mangir barisira
dadya l■t Praraga
nulya pir■mbagan samya
yun nyab■t mring kapir ika
Sampun dados r■mbagira
J■ng Pangran Dipanagara
lawan ingkang eyang ika
J■ng Pangran Prabu ika
Kanthi prajurit Bulkiya
mapan kinen medal ika
ing G■gulu prajuritnya
Ki Muhamad Ngusman ika

Li Basah wus makat samya
saking ngarsa Nalendra
Rahaden Jayanagara
lan Den P■ngalasan ika
Wus mangkat sakancanira
ingkang dadya tindhihira
Kangj■ng Pangeran punika
Ngabei lawan kang putra
Pangeran Jayakusuma
medal ing Cecelan ika
wus samya nyabrang Pr■raga
campuh ing ngayuda
Kalawan kapir punika
mapan samya purunira
m■ngkana ingkang winarna
Pangeran Dipanagara
Lawan prajurit Bulkiya
sampun anyabrang P■raga
nulya n■rombol ayuda
wong kapir langkung bingungnya
Dadya bubrah tatanira
mapan kathah kang palastra
wong Islam lumaj■ng s■daya
dadya kalindhih yudanya
Kapir lumaj■ng s■daya
angungsi dhumat■ng Yogya
pan k■kecer bangkenira
binujung samarga-marga
Kaping kalih mariy■mnya
mapan wus atur uninga
dhumat■ng J■ng Sultan nulya
dhumat■ng sabrang Pr■raga
Dhinerek kang pra ngulama
laj■ng m■sanggrahan ika
aneng S■kar Ag■ng nulya
w■tara sat■ngah candra
Kapir tan m■dali yuda
ang■ntosi bantunira
ingkang saking Surakarta
m■ngkana pan sampun prapta
S■daya nagri Ngayogya
an■ngna kang winarna

ing S■kar Ag■ng punika

mapan p■pak pra ngulama

Mar■ngi Mulud wulannya

dalu sagung pra ngulama

kalawan wadya Bulkiya

samya s■lawatan ika

Seh Ngabdul Rakup punika

ngulami ag■ng punika

eh ta kanca ingkang n■dya

marga kang utama

Pan iki k■par■ng uga

Kangj■ng Rasul babarira

lawan mundi kang pan■dha

nging geseh taun kewala

Kalamun sabil utama

sabab tabek nabinira

dadya r■mbag golong samya

tan ana kumambang driya

Kang pandhita ulama kalawan khaji s■dya sabil samya k■tib iman matur aris sampeyan punapa priksa

W■rtenipun yen kapir m■dali jurit mapan sampun lama kapir tan purun m■dali lan pr■lu gr■b■g punika

Kyai Ngabdul Rakhup mes■m ngandikaris ya adhi tib iman, mapan sun wus ngrungu warti sesok gr■b■g wong Ngayogya

Lawan bantu Surakarta pan wus prapti dadya r■mbag samya ■n■ngna kawarna enjing pacalang atur uninga

Lamun m■ngsah kapir Ngayogya m■dali langkung ag■ngira gya n■mbang t■ngara jurit nanging k■langkung kas■sa

Kangj■ng Sultan mapan lagya miyos iki saking p■karangan ingkang m■sah sampun prapti baris dher neng pasabinan

Laj■ng campuh kalawan Bulkiya nuli lan prajurit samya s■daya pangamukneki anglir bantheng tawan brana

Nanging sang■t genira karoban tandhing kapir kathah p■jah nanging m■ksa anglurugi pati dhumat■ng wong Islam

Kyai Guru Kasongan Ngabdul Rahupi dhat■ng sabilollah Pandhita Seh Ngabdul Latip khaji p■santren pan tiga

Lurah kaum w■sta Ki Muhamad Santri tum■nggung satunggal Raden Wadrana nameki ingkang dhat■ng Sabilollah

Kangj■ng Sultan k■langkung ing b■nduneki gya nyam■thi kuda mapan arsa nyalirani ingkang kuda ginendolan

Marang sagung pra putra s■ntana sami t■napi kang paman Kangj■ng Pangeran Ngabei kalawan Kyai Maja

Mapan sang■t angaturi mundur sami dadya Kangj■ng Sultan narima t■kdir Hyang Widi nulya nurut mring kang paman

Sampun mundur wadya Islam mawut sami m■ngkana winarna Den M■nggung Mr■talayeki lawan Seh Abdul Talkah

Ngabdul Rahman kin■pung dhumat■ng kapir laj■ng ngamuk samya katiga wus n■dya sabil kapir saya kathah p■jah

Nanging dereng dhumat■ng Yang Widi katiga samyawal b■lasah bangkening kapir dadya sapih ingkang yuda

Kapir mundur dhumat■ng Ngayugya malih lawan b■kta samya bangkene p■ngag■ngneki kang alit samya tinilar

Kangj■ng Sultan parentah kinen ngukupi mring kunarpanira ingkang samya sabil iki gandanira warna-warna

Ana ingkang lir garu c■ndhana iki ana anglir s■kar m■ngkana wus tan winarni Kangj■ng Sultan kawarnaa

Pas sineba munggeng p■sanggrahaneki p■pak kang sumiwa Ki Maja kang aneng ngarsi lawan Pangran Ngabei ika

Seh Muhamad Li Basah turnyaris yen mar■ngi narpa kawula anuhun pamit lawan sakanca sadaya

Samya ayun uninga dhat■ng nak rabi mapan sampun lama dimaya ngantos sapriki dereng wont■n priksa griya

Yata mes■m J■ng Sultan ngandika aris kados pundi paman punapa dipunturuti Pangeran Bei turira

Lan Ki Maja prayogi dipunturuti nanging J■ng Paduka kawula aturi ngalih neng ngriki sang■t watirnya

Abdi dal■m kidul kados sayah sami yen sar■ng Nalendra didal■m saler nagari prayogi ingab■n yuda

Sampun lami tangled rame lan kapir Kangj■ng Sultan dadya nuruti aturireki kang paman lan Kyai Maja

Nulya budhal saking S■kar Ag■ng iki sar■ng lan Bulkiya kang dherek J■ng Sultan anging didal■m l■b■t sadaya

Lawan putra santana ulama khaji kang prajurit ika satus mandhung namaneki pangiride M■rtalaya

Sampun prapta ing dhusun jum■n■ng nuli ng■dhaton J■ng Sultan nimbali pratiwa sami kang neng ler kilen Ngayogya

Ingkang rayi J■ng Pangeran Ngabdul Rakim Arya Adisurya lawan ingkang putra prapti Pangeran Sumanagara

Mapan b■kta prajurit sewu kang tindhih tum■nggung sakawan Kyai Cakran■gareki lan Kyai Wiryanagara

Mangkuyuda Martadipura puniki ingkang ler Ngayogya kang dados p■ngag■ngneki Tumg■nggung K■rtanagara

Lan Tum■nggung S■can■gara puniki sewu prajuritnya kang dados p■ngiridneki Mas Tum■nggung Japenawang

Mas Tum■nggung M■rtadiwirya lawaning Mas Tum■nggung Brajayuda lawan Kyai Tum■nggung Buljaladriya

Mas Tum■nggung S■jadirja lan Kiyai M■nggung Mandhalika lawan Sumadiwiryeki lan Tum■nggung Suraj■nggala

Sampun p■pak sowan mring jum■n■ng sami nulya dhinawuhan mring Kangj■ng Pangeran Bei s■daya matur sandika

Pan rum■ksa dhumat■ng J■ng Sultan sami baris mara tiga sampun kinen bubrah iki anata p■calang samya

Nulya ana bantu saking K■dhu prapti medal ing ngradinan gangsal atus kathahneki prapta ing Logorok nulya

Pin■thukk■n mring K■rtanagara jurit langkung ramenira wong kapir kuciwa iki mapan kathah ingkang p■jah

Bab■ktannya pan kathah tinilar iki lumaj■ng mring Ngayogya bangkenya g■lasah sami lan kecer samarga-marga

Nanging k■dhik kang prapta Ngayogya kapir pan prajurit samya dadya lena tyasireki an■rka katrah kewala

Datan nyana yen kapir mant■p ing jurit kathah mantuk samya pitung dina win■tawis kapir prapta mara tiga

Pan s■dya ingkang baris denw■dali pan samya kuciwa sabab kathah mantuk sami jum■n■ng pan sampun prapta

Kang p■calang sar■ng atur udani meh sar■ng kewala lawan kapir praptaneki dadya sang■t gugup samya

Ingkang wont■n ngriki Cakran■gareki lan saprajuritnya laj■ng kinen m■thuk nuli lan prajurit l■b■t samya

Kangj■ng Sultan langkung kas■sa tyasneki genira busana mapan kalawan lumaris titihan lagya ginuyang

Sampun miyos sajawining dhusun nuli kang titihan prapta Kangj■ng Sultan nulya nitih ngandika dhat■ng kang paman

Kangj■ng Pangran Ngabei lan Ki Majeki Mas Bei sampeyan ngaj■ngna wetan puniki lan sira Dipanagara

P■ngalasan ingkang sampeyan tindhihi lan pun Martalaya Ki Maja dika nindhihi maring si Cakranagara

Pan manira ingkang dadya dhadha iki lan putra s■ntana sandika samya turneki Ki Maja panjawat kanan

Pangran Bei kang dadya panjawat kering mapan sampun dadya nulya pisah anggeneki J■ng Sultan t■kabur nala

Sabab kapir kang katingal aming k■dhik wus karsa Yyang Sukma Ki Cakranagara iki sar■ng c■lak kapir nulya

Dipun■drel prajurit lumaj■ng sami tan kenging ngab■na nanging kasamur puniki bal■dug katiga dawa

Kyai Maja datan ngaturi udani J■ng Sultan pan dadya kin■pung dhumat■ng kapir nging lawan putra santana

Ponakawan kalawan gam■l bupati tan sag■d m■dala m■rgi sampun den■nggeni dhumat■ng kapir sadaya

Lurah gam■l lan lurah Suryagameki pan samya karuna Kangj■ng Sultan dentangisi ingaturan mundur nulya

Ingkang mimis pan dhawah kadya gurimis J■ng Sultan ngandika mundur paran marganeki angur baya angamuka

Lurah Gam■l Mas Arjawijaya iki Lurah Suryagama Mas Khaji Muhamad sami kalih anungk■mi pada

Pan kawula Dewaji ngupados margi sabil sampun lila nging panjanga Padukaji wus nurut J■ng Sultan nulya

Samya ngamuk narajang kapir pan sami ambuntoni marga b■lasah bangkenya kapir J■ng Sultan wus angsal marga

Sampun mundur lan putra s■ntaneki kend■l dhusun Mriyan angasokak■n turanggi lawan ngantosi kang paman

Datan dangu Kyai Maja nulya prapti pan kadya kas■sa nulya wont■n prapta malih Pangeran Dipanagara

Kangj■ng Sultan kagyat nulya atanya ris ■ndi eyangira J■ng Pangran matur wotsari kawula bot■n uninga

T■ksihpun kalawan ing sabilneki pan wau kin■pang dhumat■ng kapir pan sami kawula kinen lumajar

Pan m■kat■n Kangj■ng Yang timbalaneki putu lumayuwa matiya ingsun pribadi mas putu ingsun wus tuwa

Kangj■ng Sultan sar■ng miarsa turneki wau ingkang putra esmu duka jroning galih mring Pangran Dipanagara

Laj■ng mundhut turangga karsa nusul malih dhumat■ng kang paman tan pantara Pangran Bei prapta lawan P■ngalasan

M■rtalaya Sindurja wus p■pak sami lan prajurit samya m■ngkana ingkang winarni Pangeran Mangkudiningrat

Arsa bantu wus prapta ngarsa Narpati lan saprajuritnya Kangj■ng Sultan ngandikaris wus adhi ingsun tarima

Mapan tanggung iki adhi pan wus w■ngi lan kapir sunduga kaya wus mundur saiki sabab bang■t rusakira

Kangj■ng Sultan nulya wau denature m■sanggrahan ika dhumat■ng ing Langon nuli nuruti kang rayi nulya

Budhal saking Pamriyan ing Langon prapti Kangj■ng Sultan parentah kinen mriksa kang sami sabil aneng ing payudan

Lawan laj■ng wau kinen anyaeni Rahaden Sindurja lawan Tuwan Samparwadi kang lumampah sampun prapta

Nulya matur didal■m kang estu lalis bupati pun kakang Den M■nggung Dipadirjeki lawan Tuwan Sarip Kasan

Lurah Suryagama n■nggih Tuwan Khaji Muhamad punika Lurah Gam■l punika Lurah Gam■l Mas Ngabei Arjawijaya punika

Mapan sampun s■dya kula saeni J■ng Sultan ngandika iya Alkamdulillahi nulya ngalih m■sanggrahan

Salak Mamb■ng m■ngkana r■mbagan nuli pados p■sanggrahan ingkang prayoga kinardi atata-tata ing bala

Kangj■ng Pangran Ngabei ingkang lumaris pados p■sanggrahan tan winarna angsal nuli win■stanan dhusun J■ksa

Nulya wangsul sowan dhat■ng Sri Bupati matur sampun angsal Sang Nata dipunaturi saking Salak M■mb■ng budhal

Tan winarna ing marga J■ksa wus prapti dhusun langkung g■ngnya lan ingapit dening kali ingkang rama ingaturan

Ingkang rama lan sagung r■repot sami saking Kulur budhal tan winarna sampun prapti mapan laj■ng ingaturan

M■sanggrahan neng ngardi Suwela sami pan wus tan winarna sagung ing r■repot sami pan wus tan winarna

Animbali sagung ingkang senapati pan arsa tinata m■ngkana wus samya prapti p■pak neng J■ksa sadaya

Ingkang m■sah mapan wus tan sag■d mijil s■nadyan m■dala laj■ng pin■thuk ing jurit mring Pangeran Adisurya

Mapan wangsul t■ksih sang■t katrakneki m■ngkana J■ng Sultan mapan karya Basah malih Rahaden Natar■ja

Pinaringan nama Iman Muhamadi Ngabdul Kalibasah tigangatus kang prajurit pinalih lawan Suraya

Tum■nggung pinalih namanireki Raden Prawiradirja Den Nataprawira nguni pinaring nama punika

Kang Suraya Den M■nggung Busongeb iki prajurit Bulkiya tum■nggungipun k■kalih Seh Khaji Bulkadir ika

Lan Seh Khaji Mustapa Basah ireki Seh Muhamad Yusman lan saprajuritneki tigang atus tiga w■las

Kang prajurit M■ndhung Satus tindhihneki Den M■nggung Martalaya Mantri L■b■t iki Den Tum■nggung Puthut Lawa

Kawandasa mantri l■b■t kathahneki lawan Suryagama punika prajurit Khaji kathahira kawandasa

Tindhihira Dolah Khaji Badarodin mapan Suranata kawandasa tindhihneki Dolah tuwin Sarip ika

Samparwadi Kyai Maja pan pinaring prajurit punika Barjumungah namaneki kawandasa kathahira

Pangran Ngabdulrahman Arya Ng■bei pan pinaring ika kawandasa kang prajurit mapan nama Jagasura

Pan■mbahan sampun pinaring prajurit nama Jagakarya nanging t■ngga repot sami lan Ki Guru Kwaron ika

Kang p■patih Den Riya Nata Arjeki kalih t■m■nggungnya Raden Purwadirja iki kalawan Mas Mangunarja

Kang bupati nging l■b■t rum■ksa aji Den Riya Sindurja lan Raden Natayudeki Den M■nggung Purbakusuma

Raden Sumayuda Raden Purban■gari Den Wiryawinata Raden Wiryatruneki lawan Den Dipawiyana

Raden M■nggung Kr■ta P■ngalasan iki karsane nalendra jinunjung namanereki Ngabdul Arib Alibasah

Angrehak■n s■daya kilen ing Pragi sewu prajuritnya s■daya tum■nggungneki kaji kalih pamomongnya

Khaji Ngisa kalawan Khaji Ibrahim sakidul Ngayogya kang dados p■ngag■ngneki Den M■nggung Jayanagara

Mapan sewu kathahe ingkang prajurit n■nggih tum■nggungnya Raden Sumadiningrati lawan Raden Jawinata

Pangran Suryabrangta lan Ki Rajaniti Raden Sumadirja lawan Raden D■mang iki lan Raden Senakusuma

Ing Jimatan Seh Khaji Mudha iki satus prajuritnya an■nggih ingkang ng■mbani Rahaden R■sakusuma

Kitha Ag■ng Dolahr■sa s■ntaneki satus prajuritnya kang neng wetan Ngayogyeki an■nggih p■ngag■ngira

Raden M■nggung Suranagara puniki lan Mangunagara Sudiranagara iki kalawan Nitinagara

Suraharja lan Tum■nggung Ranupati n■nggih prajuritnya pitung atus wetan n■gari R■mame lan Prabalingga

Tum■nggungnya Raden Jaya Pr■nateki lan Seh Ngabdul Rahman Wirar■ja kang prajurit tigang atus kathahira

Ing Bag■len mapan tiga Basahneki nyewu prajuritnya tum■nggung ny■dasa sami Rahaden Danukusuma

Raden Jayasudarga lan Pangran iki Suryakusumeka dene ingkang anindhihi Kangj■ng Pangeran Dipatya

Ing Loanu t■m■nggungira pan kalih Seh Jayamustafa lawan Mas Tum■nggung iki Jayaprawira punika

Basah kalih ingkang neng ngarsa Narpati lan prajurit samya j■ro n■nggih karyaneki mapan abantu kewala

Pundi ingkang kawratan dipunbantoni wus dadya r■mbagnya s■daya kr■sa N■rpati nulya kinen mantuk samya

Nulya bubar wangsul marang barisan sami pr■nah sowang-sowang kapir langkung ringk■sneki sab■n medal tinangl■dan

Mapan mantuk kadya ing S■larong dhingin J■ksa langkung karta kapir datan sag■d iki yen medal k■dhik kewala

Dadya samya kathah tyas t■kaburneki m■ngkana nulyana b■b■ndunira Yyang Widi ing Serang mapan wus b■dhah

Pangran Serang lumaj■ng mring Sokawati Sokawati b■dhah mapan laj■ng ngl■mpak sami dhumat■ng Madiyun ika

Raden M■nggung Mangunagara denungsi nulya sabilollah lan Raden Tum■nggung iki ing Niten Suradir■ja

Sabilollah wangsul dhat■ng Sokawati Mas Tum■nggung Kr■tadirja lan Pangeran iki Serang mapan laj■ng yuda

Mas Tum■nggung lab■t pelor w■ntisneki mapan laj■ng ika k■cakup bin■kta nuli dhumat■ng ing Surakarta

Pangran Serang lumaj■ng dhat■ng M■ntawis lan Mas Sukur ika lawan ngaturi udani ing Pajang ingkang winarna

Mas Tum■nggung Cakradipura pan sabil lan Jayadipura kantun Mas Tum■nggung iki K■rtadipura lumajar

Mring M■ntawis dadya ngl■mpak m■sah sami dhumat■ng Ngayogya dadya kapir ag■ng malih nanging m■ksih katadhahan

Gunung Kidul ingkang dados senapati Pangran Singas■kar dene ingkang ang■mbani Balambing Gunawijaya

Laj■ng sabil mudhun Pangran Singasari mring Magiri ngl■mpak lawan Khaji Mudha iki ing Magiri kinggahan

Laj■ng b■dhah Khaji Mudha Dolah sabil Pangran Singas■kar lan Den R■sakusumeki lumaj■ng mring Jan■garan

Pan s■daya punika kang samya sabil langkung kathahira angsalnya bela wong kapir Den M■nggung Jayanagara

Tur uninga nuhun bantu mring N■rpati nulya binantonan Kangj■ng Sultan kang tinuding Kyai Ngusman Alibasah

Laj■ng mangkat sagunging Bulkiya sami budhal saking J■ksa anglurug dhat■ng Magiri lan Raden Jayan■gara

Tan winarna ing marga Magiri prapti laj■ng campuh yuda k■langkung ramening jurit wong Sala mapan kuciwa

Kathah p■jah anulya lumaj■ng sami Den Wirakusuma binoyong nak rabineki laj■ng katur dhat■ng J■ksa

Pan ing Tempel kinarya barising kapir langkung ag■ngira Kurnel Ribes tindhihneki senapati tan kuwawa

Mapan laj■ng tur uning mring J■ksa nuli nuhun bantu nulya Kangj■ng Sultan amar■ngi J■ng Gusti Muhamad Iman

Ngabdul Kamil lan Raden M■rtalyeki budhal saking J■ksa tanapi ingkang prajurit tan winarna marga prapta

Pan ing Tempel laj■ng campuh ing ngajurit langkung ramenira nanging kuciwa wong kapir Kurnel Gibas pan lumajar

Mapan kathah kerinira tiyang kapir Islam lumaj■ng samya angsal bandhang mriy■m kalih wus katur mring J■ng Sultan

Pr■rambanan kinarya barising kapir Mayor Legur rannya ingkang dadya tindhihneki Kangj■ng Sultan gya utusan

Kinen nyab■t prajurit sawetan nagri Den Suran■gara kalawan sakancaneki bupati wetan s■daya

Pan kaliwon kalih kang kinen j■n■ngi kalawan ulama kang w■sta Kyai Ajali kaliwon Den Kakrasana

Mangun Yuda nulya campuh ing ngajurit langkung ramening prang g■lasah bangkene kapir Mayor Legur pan k■candhak

Pin■jahan mring Raden Suran■gari Eslam luj■ng samya angsal mariy■m satunggil sampun katur mring J■ng Sultan

Jendral Dh■ Kok langkung bingung ing tyasneki Pangran M■rtasana lawan Pangran Mangkubumi neng Ngambon tinantun samya

Yen kadugi m■ngsah Kangj■ng Sultan sami kinondurk■n nulya kalihnya sagah pan sami kinondurk■n sampun prapta

Pangran Mangkubumi neng Surakarteki Pangran M■rtasana ing Ngayogya sampun prapti laj■ng ngalih namanira

Pangran Murdaningrat dadya senapati aneng ing Ngayogya nanging m■ksa tan wigati m■ngkana ingkang winarna

Pangran Mangkudiningrat sedheng tyasneki sar■ng praptanira Pangran Murdaningrat iki mapan asring ab■beka

Mring J■ng Sultan anuhun nama puniki Pangeran Dipatya Kangj■ng Sultan tan mar■ngi dadya k■ndho juritira

Mapan asring ing Nglangon kinggahan kapir dadya repot samya aneng Suwela kuwatir anulya ing■lih nulya

Pan s■daya m■sanggrahan kitha Giri m■ngkana winarna ingkang eyang gr■rah iki Kangj■ng Pangeran Muhamad

Abu Bakar mapan laj■ng kondurneki dhat■ng Rahmatolah laj■ng sinarekk■n iki neng wukir K■dhurong ika

Kyai Guru Kwaron neng kutha Giri laj■ng sakit nulya sampun prapta jangjineki mantuk dhat■ng Rahmatolah

Mapan laj■ng sinare neng kutha Giri wont■n malih g■rah n■nggih Den Ayu Ngabei kang mras■puh J■ng Pangeran

Mapan laj■ng kondur mring Rahmatolahi sinarekk■n ika wont■n ing Clereng puniki mangkana ingkang winarna

M■ngsah kapir saya kathah ingkang prapti sagung senapatya samya ngaj■ngk■n pribadi sadina-dina ayuda

Datan sag■d tulung-tinulungan sami wadya l■b■t ika k■langkung ing bingungneki pundi-pundi ingkang awrat

Tinulungan wong kapir kuciwa sami m■ngkana winarna ngulami ag■ng puniki ginuron samya ngulama

Ing Gar■jen wismanya namanireki Seh Ismangil ika tinukup mring tiyang kapir Senapati tan uninga

Laj■ng ngamuk kapir kathah ingkang mati Seh Ismangil nulya dhumat■ng sabilollahi Seh Bulawi ing Susukan

Pan tinukup Seh Bulawi laj■ng sabil kapir kathah p■jah m■ngkana ingkang winarni Tum■nggung Kr■tan■gara

Lagya sakit k■dhik ingadh■p prajurit aming kawan dasa tinukup dhumat■ng kapir laj■ng saras sakitira

Campuh ing prang kapir kathah ingkang mati kapitannya p■jah k■lawan litnanireki kang kathah lumaj■ng samya

Laj■ng katur kang sirah mring Sri Bupati malih kang winarna Tum■nggung Mandhalikeki sakit tinukup W■landa

Ingkang ngadh■p nanging s■dhereknireki ran M■rtawijaya tan ingadh■p mring prajurit m■ksih tinilar barisan

Laj■ng ngamuk mapan nanging tiyang kalih kapir kathah p■jah ki M■rtawijaya iki laj■ng prapta sabilollah

Ki Tum■nggung Mandhalika sar■ng uning mring kunarpanira yen risak arinireki mapan langkung pangamuknya

Anglir bantheng katawan brana puniki putung lawungira Kyai Tum■nggung puniki ngamuk lan k■ris kewala

Langkung kathah ingkang p■jah tiyang kapir Ki Tum■nggung ika b■dhil p■dhang sangkuh iki mapan tan wont■n tumama

Dadya gila samya lumaj■ng wong kapir mapan win■stanan Ki Tum■nggung dede jalmi laj■ng sowan dhat■ng J■ksa

Ngaturak■n sirah k■palaning kapir laj■ng tinimbalan dhumat■ng Sri Narapati Ki Tum■nggung nadarira

Lamun g■sang mapan nuhun angab■kti mes■m Kangj■ng Sultan m■ngkana wus denlilani laj■ng ngaras ingkang pada

Mring J■ng Sultan Ki Tum■nggung mapan nuli kinen mantuk nulya ing wingking m■nawa watir Ki Tum■nggung mapan nulya

Sakit malih sampun karsaning Yyang Widi Ki Tum■nggung nulya mantuk mring Rahmatollahi nanging pan umur sacandra

Ing Lowanu kainggahan dening kapir pin■thuk ing yuda k■langkung ramening jurit kapir kathah ingkang p■jah

Mas Tum■nggung Jayaprawira puniki wus karsaning Sukma dhumat■ng sabilollahi ing Lowanu pan kancikan

Mapan wont■n ngulama ag■ng satunggil w■sta Seh Ngabdullah ing Papringan wismaneki sowan dhumat■ng J■ng Sultan

Mapan nuju J■ng Sultan l■nggah pribadi Seh Ngabdullah ika kum■mb■ng waspanireki Kangj■ng Sultan angandika

Ana apa Ngabdullah sira anangis Seh Ngabdullah turnya kawula matur say■kti raos manah kawula

Pan ing karsa Paduka inggih Dewaji pitaj■ng kalintang dhumat■ng Ki Maja iki datan p■thak sajatosnya

Pan punika agadhah kaj■ng pribadi mes■m Kangj■ng Sultan lawan angandika malih dene ta kang ora-ora

Sira pikir wus muliha sira iki mantuk Seh Ngabdullah mapan datan lama nuli mantuk dhat■ng Rahmatollah

Pan ing L■dhok kainggahan m■ngsah kapir laj■ng campuh yuda kapir kathah ingkang mati Mas Tum■nggung Andakara

Sabilollah m■ngkana ingkang winarni J■ng Pangran Dipatya kondur dhumat■ng M■ntawis sampun lami ingaturan

Marang sagung Basah ing Pag■len iki nanging datan arsa ingkang rama Sri Bupati ngatag m■ksa datan arsa

Kadya sampun karsanira Yyang Widi Kangj■ng Pangran ika r■m■n aneng kitha Giri kalawan sawadyanira

Msanggrahan ■tunggil lan kang eyang iki Kangj■ng Pan■mbahan rum■ksa r■repot sami Basah ing Pag■len samya

Dadya k■ndho k■la(ng)kung tyas mapan sami ing ajurit ika nulya kal■b■tan iki m■sah ing Pag■len ika

Pangran Sumayuda kang dadya pangirid prajurit ing Sala mapan kathah lawan kapir ing M■ntawis kang winarna

Pangran Mangkun■gara ingkang ngadani pasisir s■daya kalawan Mancanagari kin■rig dhat■ng Ngayogya

M■sanggrahan Pangeran Mangkun■gari aneng Tanjungtirta kalawan sawadyaneki langkung ag■ng barisira

Kang bupati s■daya sawetan nagri tan kuwawi samya ngl■mpak mring sakidul nagri ngungsi mring Jayanagara

Ing M■ntaram langkung kathah m■ngsah iki Bag■len m■ngkana dadya sab■n dina jurit sadina-dina ayuda

Datan sag■d yen tulung-tinulung sami saking g■ng barisnya k■lawan ing Tempel iki Tr■ray■m Baligo ika

Ing M■ntaram keb■kan ing m■ngsah kapir Basah kalih ika mapan ngaj■ngk■n pribadi Muhmad Usman Libasah

Ngaj■ngak■n m■ngsah ing Tr■ray■m iki mapan binantonan Raden Riya Sindurjeki lawan Raden Martalaya

Gusti Iman Muhamad Libasah iki Ngabdul Kamil ika ngaj■ngak■n m■ngsah kapir kang baris Baligo ika

Pan ing Tempel Tum■nggung K■rtan■gari lan sakancanira lawan anjagani margi Gamping Pangran Adisurya

Nanging kantun n■nggih kang Basah satunggil Ngabdul Katip ika ingkang dereng angsal kardi tinuding dhat■ng Nalendra

Ambantoni bupati sawetan nagri ngaj■ngk■n ika Pangeran Mangkun■gari m■ngkana pan laj■ng budhal

Saking J■ksa pan sewu prajuritneki mapan sampun prapta Palered pin■thuk jurit mring Pangran Mangkunagara

Langkung rame Mangkunagara kalindhih Palered kanggenan dhat■ng Basah Ngabdul Latip Raden M■nggung Jan■gara

Sakancanya datan sag■t tulung iki ngaj■ngak■n ika m■ngsah kang aneng Magiri lawan Gunung Kidul ika

Dadya datan tulung-tinulungan sami ing satanah ika M■ntaram ramening jurit mariy■m mapan bandhungan

S■njata lit b■rondongan siyang latri tan wont■n kuciwa kend■l lamun sayah sami mariy■m mapan m■ngkana

Raden Ngabdul Latip lan Basah puniki lan prajuritnya k■dhaton ingkang den■nggeni aneng Palered punika

Kang bupati s■daya wetan Yogjeki saprajuritnya kinen baris wont■n jawi m■ngkana ingkang winarna

Pangran Mangkunagara pan tan kuwawi n■dha bantu ika dhat■ng Jendral Dh■ Kok iki mapan nulya binantonan

Jendral Pagen kin■rig Ngayogya sami kapir lawan Murdat sampun kumpul dadya siji lan baris Mangkunagaran

Langkung ag■ng tanpa wilangan kaeksi Raden Alibasah mapan ingaturan mijil nanging m■ksa datan arsa

K■dah m■mp■n s■daya r■mpon jro puri Palered punika ngantos samya dentangisi Den Basah tan toleh wuntat

Raden Basah sru man■bda,

yen tan wani padha m■tuwa iki,

mapan ingsun wis tan payun

kang kaya r■mbugira,

tan pantara m■ngsah ag■ng prapta sampun

laj■ng pin■thuk ing yuda,

mring sagung kang pra dipati,
K■langkung rame kang yuda,
tan kuwawi sagung kang pra dipati,
sawetan Ngayogya iku,
saking karoban lawan,
pan kalindhih pra dipati juritipun
laj■ng ngaturi ri uninga,
dhat■ng Raden Basah nuli,
Yen sampun datan kuwawa,
ingkang m■sah k■langkung ag■ngneki,
Den Basah ngaturan m■tu,
nanging m■ksa tan arsa,
k■dah r■mpon kewala nong jro k■dhatun
m■ngkana m■ngsah wus prapta,
m■ngkana kin■pung kikis
Laj■ng rame mariy■man
wastunira s■tab■l tiyang jawi,
tan tahan nulya lumayu,
mariy■m wus dentilar,
Kapir ngangs■g ngrampit pag■r banon sampun
nanging datan sag■d c■lak
saking l■b■t denb■dhili,
Kathah Kapir ingkang k■na,
ngantos dangu wantunnya tiyang Kapir,
kapok ingkang sampun lampus
nulya sar■ng aj■ngnya,
kang s■njata mapan wus tan angsal iku,
Kapir murtat mapan samya,
dh■pepel ing bata iki,
Kalawan apasang andha,
nanging Islam maksih panggah ing jurit
Kapir lamun menek iku,
jinojoh waos samya,
saking l■bet sadaya ing banon sampun,
l■bet banon pinrantenan,
dadya Kapir kathah mati,
Ana ingkang ngungkih lawang,
Kapir murtad nanging kang t■ngga keri,
k■langkung sudiranipun
Dolah Kaji Brahimnya,
lan Mas Panji Jayasumitra puniku,
lan Panji Wanawijaya,

kalawan prajuritneki,
Wong satus bant■r s■daya
langkung panggah Kapir kathah kang mati,
ingkang t■ngga kori kidul
Raden Tum■nggung Wiryadirja,
satus ingkang prajurit puniku,
wong Kranggal lawan wong L■ndhah,
tindhihnya Panji k■kalih,
Mas Panji Surasantika,
lan Raden Mas Panji Kancil puniki,
s■daya prajuri-t iku,
samya munggeng p■latar,
Panji Rangga Tum■nggung titindhihipun,
mub■ng jro k■dhaton ika,
ing jawi m■ngkana maning,
Kapir mub■ng pang■pungnya,
mapan samya dh■pepel ing bata iki,
sadint■n dennya prang pupuh,
Kapir tan sag■d ngrangsang,
sab■n menek jinojoh ing waos lampus
dadya banon pin■ndh■man
dhumat■ng S■ndawa sami,
Pan sar■ng sinum■t samya,
swaranira kadya gugrug ing wukir,
sampun karsaning Ywang Agung,
kagyat kang neng p■latar,
pan s■daya an■rka yen banon rubuh,
prajurit pan mudhun samya,
Kapir saged minggah sami,
Sar■ng lan kukus S■ndawa,
langkung p■t■ng Islam datan udani,
Kapir sar■ng inggahipun
wus samya neng p■latar,
laj■ng mudhun laj■ng wong Islam kadulu,
ka-gyat nulya tinadhahan
wus carub Islam lan Kapir,
Arame ul■ng-ul■ngan
yudanira Islam kalawan Kapir,
tameng sajroning k■dhatun
Kapir wus manjing samya,
dadya Islam asang■t karoban mungsuh,
Kapir nanging kantun usar,
lan jendral panggen neng jawi,

Kalawan mariy■mira,
ingkang m■ksih jendral dipunt■nggani,
dadya Islam kathah iku,
kang samya sabillolah,
mapan amor lan bangkene Kapir iku,
m■ngkana marmaning Sukma,
Islam ingkang dereng prapti,
Ingjang ji m■dal s■daya,
nunjang baris lan jendral usar sami,
Raden Basah mapan sampun
bin■kta m■dal nulya,
marang Dolah Khaji Ngisam mapan langkung,
Raden Basah k■sayahan
ngantos datan sag■d angling.
Jendral Pagen kang winarna,
mapan langkung saka ing tyasireki,
an■rka yen Islam sampun
sewu tump■s s■daya,
sabab dulu kunarpa g■lasah iku,
s■nadyan ana uripa,
m■rojolan nanging k■dhik
Sar■ng tinitik s■daya,
ingkang kathah nanging bangkening Kapir,
kalawan Murtat puniku,
Jendral g■la tyasira,
ing Palered wus kanggenan Kapir iku,
sampun katur mring J■ng Sultan
m■ngkana solahireki,
Mapan Dolah Kaji Ngisa,
ingkang sohan matur mring J■ksa iki,
Kangj■ng Sultan mapan dangu,
kend■l datan ngandika
langkung ngungun m■kasan dangu,
Khaji ana ng■ndi Basah,
Seh Khaji Ngisa matur aris
Abdi Dal■m Raden Basah,
sapunika pan dereng sag■d a-ngling,
sang■t kamit■ngg■ngipun
wont■n S■larong ■nggonnya,
Kangj■ng Sultan andangu kang sabil iku,
Khaji Ngisa aturira,
Di Dal■m Jajar prajurit

Mapan satus kalih dasa,
p■ngag■ngnya Abdi Dal■m kang prapti,
ing sabillolah Sinuhun
Dolah Khaji Ibrahim
kalawan Den Tum■nggung Wiryadirjeku
Panji Mas Jayasumitra,
lan Raden Mas Panji Kancil
Mas Panji Wanawijaya,
lan Mas Panji Surasantika Aji,
Mas Panji Trunadriyeku
Panji Mukidinata,
nging punika Di Dal■m pangiridipun
ingkang samya sabillolah,
Kangj■ng Sultan ngandika ris
Wus Kaji Ngisa muliha,
ngayuman sakehe ingkang prajurit,
ingkang padha sabil iku,
wus padha sulihana,
mring anakke yen anakke misih tanggung,
sadulure g■ntek■na,
sandika aturnya Seh Khaji,
Sampun lengser saking ngarsa,
kawarnaa sagunging senapati,
samya alit manahipun
sar■ng sakawonira,
Raden Basah ing pr■rang Palered iku,
bupati sawetan Yogya,
s■daya pan sohan sami,
Mapan dhumat■ng ing J■ksa,
atur tiwas anuwun dentindhihi,
dhumat■ng Pangeran iku,
Natapraja turira,
pan s■daya punika panuwunipun
utusan kinen nimbali
Mring Pangeran Natapraja,
neng Padakan datan antara prapti,
ing ngarsanira Sang Prabu,
Sri Narendra ngandika,
Natapraja sireku padha denjaluk
mring Bupati wetan Yogya,
ana kaduga sireki,
Mungsuh lan Mangkunagara,
lawan sira iya ingsun bantoni,

si Ja-yanagara iku,
Pangeran atur s■mbah
inggih sandika ulun,
nanging pangestu Paduka,
Dewaji ingkang kapundhi,
Kangj■ng Sultan angandika,
yen kaduga nuli mangkata adhi,
Pangran Natapraja iku,
nulya angaras pada,
sampun lengser saking ngarsanya sang Prabu,
nulya budhal saking J■ksa,
ingiring gung bupati,
Tan winarna lampahira,
Pangran Natapraja wus prapti,
sawetaning Praga iku,
jujuk Samen wus panggya,
lawan Raden Jayan■gara nulyeku,
gandhek dhawahk■n timbalan
mring Raden Jayan■gari,
Budhal Pangran Natapraja,
saking Samen lawan sawadyaneki,
Raden Jayanagara wus
dherek sakancanira,
sampun prapta Jalasutra lampahipun
mapan laj■ng m■sanggrahan
tigang dint■n win■tawis
Mapan laj■ng j■ng inginggahan
saking Tanjungtirta langkung g■ngneki,
Pangran Mangkun■gareku
lan kanthi Kapir samya,
Pangran Natapraja r■mbag pra tum■nggung,
pan ingunduran kewala,
yun m■thukk■n tan kadugi,
Pan laj■ng ing■lun nulya,
ngantos prapta sakilen Pragi malih,
Pangran Mangkun■gareku,
maj■ng pasanggrahannya,
aneng Rajakusuma kang wadya sagung,
baris sawetaning Praga,
dadya sagung senapati,
Samya kesinaning bala,
mapan kathah ingkang samya angili,

ngungsekk■n nak rabenipun
ingkang kab■tah samya
api t■luk Pangeran Nataprajeku,
baris sakilening Praga,
lan sagunging senapati,
Ingkang ler Yogya m■ngkana,
senapati kesisan bala sami,
sampun karsaning Ywang Agung,
prajuri-t lit tyasira,
mapan kathah ingkang api-api t■luk
nanging kantun Panji Rangga,
Ngabehi punika t■ksih
Tunggil lawan tum■nggungnya,
giris saking kathahe m■ngsah Kapir,
kalawan Murtad s■darum
sampun katur J■ng Sultan
nanging kantun Basah k■kalih puniku,
pinilih lawan Bulkiya,
ingkang t■ksih k■kah baris
Lan Pangeran Adisurya,
barisira mapan wont■n ing Gamping,
siyang dalu aprang pupuh,
m■ngkana kawarnaa
Jendral mapan arsa ngant■p juritipun
k■rigan Kapir lan Murtad
saking Ngayogya wus mijil
Tr■ray■m Baligo nulya,
binantonan langkung ramening jurit
ingkang nadhahi puniku,
Tr■ray■m pan Bulkiya,
lawan mandhung pinilih suraya iku,
nadhahi Kapir lan Murtad
d kang baris Baligo iki,
Siyang dalu mapan yuda,
langkung rame tan ana nguciwani,
mapan datan nyana iku,
Kapir lan Murtad ika,
m■dal Gamping ingkang ag■ng dadya iku,
Kangj■ng Pangran Adisurya,
nadhahi datan kuwawi,
Pinalih lawan Bulkiya,
pan katungkul wau denira jurit
sampun karsaning Ywang Agung,

Kapir lawan Murtad nyabrang,
ing Pr■raga m■ngkana ingkang winuwus
Kangj■ng Sultan ingaturan
uninga yen m■sah sami,
Sampun anyabrang Pr■raga,
ingkang paman Kangj■ng Pangran Behi
mapan nuju s■pi iku,
tuwi mring rerepotira,
ingkang wont■n nanging Kyai Maja iku,
lawan sagung pra ngulama,
prajurit Suryagameki,
Lan prajurit Suranata,
mantri l■b■t nanging kantunnya k■dhik
jajar kang alit tyasi-pun
pan sampun ngili samya,
Kangj■ng Sultan ingkang ngadh■p w■tareku,
kalih atus sadayanya,
Kyai Maja wus tan kenging,
Tinari nanging sumangga,
nulya wont■n ingkang atur udani,
kalamun kang m■ngsah sampun
prapta ing Pudhak ika,
Kangj■ng Sultan nulya nitih turanggeku,
kalih atus sadayanya,
Kyai Maja wus tan kenging,
Ingkang dherek punika,
kalih atus kalamun win■tawis
prapta dhusun Dhongdhong sampun
Kapir prapta ing Pudhak
sar■ng karsa mudhun lepen Kapir iku,
Kangj■ng Sultan mapan nulya,
kinen m■thukak■n nuli,
Kang prajurit Suryagama,
Dolah Khaji Badarodin puniki,
kalawan sakancanipun
Kapir wangsul anulya,
lawan malih sampun k■saputing dalu,
Kapir laj■ng m■sanggrahan
aneng dhusun Pudhak iki,
Kangj■ng Sultan n■bak kewala,
sawadyanya nanging m■ksih l■t kali,
dadya j■ng-aj■ngan iku,

Kapir langkung g■ngira,
kuw■l lawan wong Murtad Ngayogya iku,
Pasisir Mancanagara,
Jendral Pagen tindhihneki,
Murtad Pangran Murdaningrat
pan punika ingkang dados t■tindhih,
lan Pangran Panular iku,
Kapir Murtad pra samya,
suka-suka langkung rame swaranipun
Kangj■ng Sultan kang winarna,
sarean ngandhap w■rseki,
Mapan lagya g■rah ika,
Kyai Maja sang■t aturireki,
ngaturi lolos puniku,
Kangj■ng Sultan tan arsa,
Gusti Iman Muhamad li Basah iku,
sar■ng amiarsa warta,
k■langkung tyas kuwatir,
Wau dhumat■ng J■ng Sultan
sabab gr■rah anulya ko-ndur nuli,
nging kalawan Dolah iku,
kalih ingkang bin■kta,
kang prajurit sadaya tinilar iku,
nanging kantun Panji Rangga,
punika ingkang nindhihi,
Sasand■ran lampahira,
tan winarna ing marga sampun prapti,
mulat m■ngsah langkung agung,
laj■ng nungk■mi pada,
Kangj■ng Sultan ngaturan lolos puniku,
nanging m■ksa datan arsa,
k■dah am■thuk ing jurit
M■ngkana ingkang winarna,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrahman Ngabehi,
t■ngah dalu rawuhipun
laj■ng samya ngaturan
umatur J■ng Pangran nulya cumundhuk
ing ngarsanira J■ng Sultan
mapan langkung aturneki,
Sri Nalendra angandika,
inggih Paman gumingsir dhat■ng pundi,
yen sampun ingjang jenipun
mapan mangsa wandeya,

Pangran Ngabdulrahman aris aturipun
inggih l■r■s yen sampuna, -mpuna
wont■n kang binudi malih
Inggih kang m■ngsah punika,
pan kawula wau mirsa pribadi,
mapan langkung ag■ngipun
sar■ngan wont■n marga,
pan kawula m■dal ingardika dulu,
kapir punika sadaya,
abdi dal■m anging k■dhik
Kalih pan dugi kawula,
enjing-enjing tan ng■mungak■n puniki,
sanadyan kathah Sinuhun,
yen samya j■ng-aj■ngan
bot■n dados kuwatos ing tyas tuhu,
punika pun thole Basah
sampun wont■n ing ngarsa Ji,
Kapir ing Baligo nata,
bot■n wande n■rombol saking wuri,
punika watosing kalbu,
nadyan inggih wont■na,
ingkang gadhah aj■ng-aj■ngan puniku,
pinilih lawan suraya,
datan wont■n tindhihneki,
Pun thole Basah punika,
lan Dolahnya kalih sampun neng ngriki,
kados tatan sag■d sampun
lamun k■dah yudanya,
mapan nanging tindhih Rangga Panji iku,
lan abdi dal■m Bulkiya,
lamun par■ng benjing ng■njing,
Ing ngriki rame s■njata,
Kyai Ngusman kados bobrah tyasneki,
Kangj■ng Sultan dadya nurut
mring ature kang paman
ris ngandika yen m■kat■n paman sampun
angur Sampeyan utusan
mring Bulkiya lan pinilih,
Yen ing ngriki wus kanggenan
dhat■ng Kapir m■sakake kasupit
Sampeyan paring w■ruh,
yen kula sampun kesah,

dhat■ng ardi sadaya sampun nusul
Kangj■ng Pangran aturira,
sandika utusan nuli,
Kangj■ng Sultan nulya budhal
saking J■ksa lawan sawadyaneki
lingsir dalu wayahipun
minggah dhumat■ng arga,
lepen Wunglon Kangj■ng Sultan sampun rawuh,
yen kula sampun kesah,
sar■ng enjang nulya t■dhak
Kangj■ng Sultan saking ardi,
M■sanggrahan lepen Sungga,
animbali wau dhat■ng kang rayi,
Pangran Ngabdulrakim iku,
lan Pangran Sumanagara,
lawan sagung ingkang prajurit sadarum,
lan ngantos sapraptanira,
Bulkiya lawan pinilih
Lawan kinen nimbalana,
Basah Ngabdulatip sawadyaneki,
tan pantara prapta sampun
sagung kang tinimbalan
Pangran Ngabdulrakim dhinawuhan sampun
kinen baris wont■n Pundhak
kalawan sawadyaneki,
Kapir murtad wont■n J■ksa,
dadya g■ntos panggenaneki,
nanging kapir p■calangipun
aneng Dhondhong punika,
dadya samya j■ng-aj■ngan barisipun
lawan ingkang aneng Pundhak
Kangj■ng Sultan kang winarni,
Budhal saking lepen Sungga,
m■sanggrahan aneng Kamal puniki,
m■ngkana ingkang winuwus
Basah Pag■len samya,
tiga pisan pan kalindhih yudanipun
ngungsi dhumat■ng M■ntaram
kapir murtad mapan sami,
Ng■lut laj■ng baris waja,
Pangran Sumayuda t■tindhihneki,
nulya tur uninga iku,
dhumat■ng Kangj■ng Sultan,

Pangran Behi m■ngkana ingaturipun
k■jawi Basah satunggal
pin■thil saking ngarsa Ji,
Ngabdulatip Ali Basah,
nging punika kados ingkang prayogi,
sabab punika rehipun
pan laj■ng dhinawuhan
budhal saking Kamal sawadyanipun
ngaj■ngk■n m■ngsah waja,
lan Basah Pag■len sami,
N■nggah Pangran Nata-praja,
ngaj■ngak■n m■ngsah sawetan Pragi,
lawan bupati puniku,
ingkang sawetan Yogya,
kidul Yogja pan sampun p■pak sadarum
dhumat■ng sakilen Praga,
Kangj■ng Sultan kang winarni,
Ngaj■ngk■n kang neng J■ksa,
lan bupati ler-kilen Yogja sami,
samya j■ng-aj■ngan sampun
m■ngkana Kangj■ng Sultan
dalu l■nggahan neng pasanggrahanipun
tan ning ngadh■p dening jalma,
pan wus samya nendra iki,
Pit■kur sendheyan saka,
mapan saking sungkawa ing tyasneki,
m■ngkana ingkang winuwus
nulya ana kang prapta,
kadya daru dhat■ng p■sanggrahanipun
nulya l■nggah ngarsanira,
J■ng Sultan w■rni pawestri,
Kalih ingkang ngiring iki,
samya estri dene kang warna sami,
mapan wus tan k■na cinatur,
mapan katiga pisan
undha usuk lawan kang deniring iku,
J■ng Sultan dangu tan nyapa,
kamit■ngg■ng■n ningali,
Lawan m■spaosk■n ika
gennya l■nggah datan kangsrah ing siti,
Kangj■ng Sultan ngandika rum
nilakrama kawula

langkung tamb■t Kangj■ng Ratu lon turipun
rumiyin mapan kawula,
lan Paduka sampun jangji,
Ing benjang yen sampun mangsa,
lan Paduka boten wande k■panggih,
J■ng Sultan eng■t tyasipun
m■ngkana ciptanira,
baya iki kang ingaran Ratu Kidul
dene bang■t anomira,
Kangj■ng Sultan ngandika ris
Pan sampun eng■t kawula,
Kangj■ng Ratu aris aturireki,
yen par■ng hamba t■tulung,
inggih dhat■ng Paduka,
nging kawula anuwun jangji satuhu,
yen sampun sirna sadaya,
sagung ingkang laknat kapir,
Kawula Tuwan suwun■na,
dhat■ng Allah ingkang Rabilngalamin
mantuka malih punika,
inggih dados manungsa,
dene sagung wadya paduka s■darum,
sampun wont■n tumut yuda,
kawula ingkang nyagahi,
sirnanipun lanatolah,
Kangj■ng Sultan mapan ngandika aris,
kawula tan n■dha tulung,
inggih mring sasama,
yen agami aming pitulung Hyang Agung,
Kangj■ng Ratu nulya musna,
m■ngkana ingkang winarni,
Kapir lanatolah samya,
kang neng J■ksa karsa ngant■p kang jurit,
Jendral Pagen tindhihipun,
sagung murtad sadaya,
Pangran Murdaningrat lan Pangran puniku,
panular titindhihira,
enjing nulya pangkat jurit,
Ingkang baris aneng Pundhak,
Pangran Ngabdul Rahim sawadyaneki,
lan Pangran Suman■gareku,
laj■ng campuh ing yuda,
langkung saking tik■l gangsal tandhingipun,

da-dya Islam mundur samya,
tan kuwawi anadhahi,
Mapan nulya tur uninga,
dhat■ng Kamal yen sampun tan kuwawi,
kapir langkung ag■ngipun,
Kangj■ng Sultan anulya,
nuding ingkang kinen nindhihi prang pupuh,
pinilih lawan Bulkiya,
lan sagung kang pra dipati,
Ingkang lor Yogja s■daya,
Kangj■ng Sultan ningali iring ngarsi,
pan katingal dhat■ngipun,
praptane ingkang m■ngsah,
lamun tinon kadya gunung al■laku,
kapir murtad kathahira,
rahara keb■kan sami,
G■nderanya Mangkuyuda,
katututan dening usar puniki,
mogok mapan laj■ng ngamuk,
wantu tiyang satunggal,
laj■ng sabil usar kathah ingkang lampus,
tan pantara usar prapta,
ing Kamal dipuntadhahi,
Dhat■ng prajurit Bulkiya,
lan pinilih lawan K■rtanagari,
Usar mapan kathah lampus,
kalindhih kapir samya,
Kangjeng Sultan mapan ingaturan iku,
wau dhumat■ng kang paman,
m■sanggrahan Panggung iki,
Neng Panggung apir■mbagan,
Seh Muhamad Usman Libasah iki,
mapan sang■t aturipun,
tan sang■t aprang ngarga,
pan kawula punika tiyang wus s■puh,
s■nadyan inggih kathaha,
punika pun laknat kapir,
Mapan sampun tin■maha,
pan prayogi ngupados papan radin,
Kangj■ng Sultan dadya nurut,
mring ature Seh Usman,
Ali Basah nging m■ksih sum■langipun,

kang dados watiring nala,
J■ng Sultan mring repot sami,
J■ng Pangeran Ngabdul Rahman,
ris turira inggih lamun mar■ngi,
pun M■rtalaya puniku,
lawan sakancanira,
kang prajurit Mandhung satus malihipun,
kawan dasa Suranata,
lawan Tuwan Samparwadi,
Lawan pu-n Cakranagara,
kados j■kap rum■ksa repot sami,
lawan angampingi iku,
mring Kangmas Pan■mbahan,
sampun dados r■mbagira Den Tum■nggung,
M■rtalaya dhinawuhan,
lawan Tuwan Sarip nuli,
Budhal mandhung Suranata,
saking Panggung dhumat■ng kitha Giri,
Kangj■ng Sultan kang winuwus,
saking Panggung wus budhal,
kapir murtad mapan samya,
wangsul dhat■ng J■ksa malih,
P■ngaj■ngnya aneng Pundhak,
Pangran Ngabdul Rahman Arya Ngabehi,
umatur dhat■ng Sang Prabu,
yen mar■ngi Nalendra,
luhung laj■ng dhumat■ng wetan prageku,
wont■n ngriki k■tangg■lan,
kalih c■lak kitha Giri,
Bilih karya susah samya,
marang repot prayoga ingkang t■bih,
sanadyan ngant■p prang pupuh,
sae sawe-tan praga,
samya r■mbag sadaya ingaturipun,
Kangj■ng Pangran Ngabdul Rahman,
Kangj■ng Sultan anuruti,
Budhal saking Selamirah,
sampun prapta sawetaning pragi,
m■sanggrahan s■jatiku,
m■ngsah anulya prapta,
kapir murtad mapan langkung kathahipun,
dhat■ngira amr■tiga,
nanging datan den tangl■di,

Mapan ngunduran kewala,
marang Br■ja undurira Sang Aji,
pan laj■ng kinodholiku,
mundur malih Nalendra,
dhat■ng Badhut m■ngkana Sang Nata dulu,
bong-obongan langkung g■ngnya,
pr■nahe ing kitha Giri,
Kangj■ng Sultan angandika,
mring kang paman Pangran Arya Ngabehi,
paman pun dib■smen iku,
lir kitha giri paman,
Pangran Ngabdul Rahman aris aturipun,
kadosa inggih l■r■s sira,
punika ing Kitha Giri,
Kangj■ng Sultan angandika,
mring kang paman yen estu Kitha Giri,
kawula paman yun wangsul,
dhat■ng sakilen praga,
nanging putra sampeyan kang dados kalbu,
yen ngantos kag■pok kopar,
angun sirna paman mami,
Pangran Ngabehi aturnya,
lamun sampun m■kat■n karsa aji,
prayogi ngriki satuhu,
kinarya ngant■p yuda,
nanging cobaning Ywang Widi,
Kang wadya t■las sadaya,
ing tyasira kathah kang sami balik,
dadya ingkang dherek iku,
aneng Badhut punika,
nanging basah l■b■t k■kalih punika,
prajurit nanging Bulkiya,
mantri l■b■t lan pinilih,
Suraya lan Suryagama,
nanging sampun kantun k■dhikku sami,
Ki Maja sakancanipun,
ingkang para Ngulama,
kang Tum■nggung ler Yogja satunggal iku,
w■sta Mas Jaya P■nawi,
nging wus tan ngadh■p prajurit,
Kantun tiga rencangira,
Kangj■ng Sultan ing tyas wus s■dya sabil,

Jendral Pagen barisipun,
aneng k■t■bon ika,
lan k■miri ing ngardi kanigareku,
kapir murtad maratiga,
ang■pang ing Badhut sami,
Seh Muhamad Usman Li Basah,
ris turira dhat■ng Pangran Ngabehi,
yen par■ng kula n■nuwun,
prayogi pados papan,
ingkang radin wont■n ngriki tangg■l tuhu,
yen kinarya ngant■p yuda,
ingkang papan kirang radin,
Mapan sampun samya n■dya sabil,
-lolah kang papan ting sl■kuthik,
mapan samya r■mbug sampun,
Kangj■ng Sultan ngandika,
inggih paman pundi kang radin puniku,
Pangran Ngabehi aturnya,
kawula dereng udani
Ing tanah ngriki sadaya,
Mas Tum■nggung jap■n-awang tur baris,
yen par■ng karsa Sinuhun,
prayogi ing Kasuran,
mapan radin lawan ag■ng ingkang dhusun,
pan sampun r■mbag sadaya,
Pangran Ngabehi turnya ris,
Yen sampun r■mbag punika,
pan prayogi nunt■n mangkat puniki,
lamun ngantos sapuniku,
enjing dugi kawula,
kapir murtad wont■n prapta sadarum,
ingkang baris mara tiga,
Kangj■ng Sultan ngandika ris,
Paman ing mangke kawula,
dalu lamun sampun dhadhari sasi,
lagya sang■t arip tuhu,
sak■dhap ayun nendra,
Kangj■ng Sultan nulya sarean iku,
mapan k■laj■ng anendra,
ngantos w■ktu pajar iki,
Sang■t ingkang aripira,
datan wont■n kang purun mungu iki,
sampun sum■-kta sedarum,

samya ngadh■p kewala,
Kyai Maja lan Pangeran Ngabehi iku,
pan samya iren kewala,
kalih ayun mungu ajrih,
Kagyat wungu Kangj■ng Sultan,
pan tumingal lamun wus pajar sidik,
pan langkung as■sanipun,
J■ng Sultan nulya salat,
bakda subuh J■ng Sultan busana sampun,
budhal saking Badhut nulya,
prapta gening m■ngsah sami,
Mapan sampun enjingika,
nanging wont■n marmanira Ywang Widi,
p■dhut ag■ng prapta iku,
ngalingi mring J■ng Sultan,
sawadyanya kapir murtad tan nana wruh,
yen J■ng Sultan sampun budhal,
saking Badhut sawadyeki,
Dadya kapir murtad samya,
sar■ng enjang mapan kecalan sami,
Kangj■ng Sultan kang winuwus,
sampun prapta Kasuran,
sawadyanya mapan nuju jumungah iku,
Sri Nalendra angandika,
mring sagung kang pra ngulami,
Wus ta padha jumungaha,
mapan ingsun ingkang am■calangi,
m■ngkana ngulama sagung,
mapan samya jumungah,
sar■ng b■dhug kapir murtad prapta sagung,
mapan iya mara tiga,
ingkang jumungah pan sami,
K■langkung denya kas■sa,
ingkang kutbah nanging pr■lu nireki,
Ki Maja ngimani iku,
ayat Kulhu kewala,
sampun bakda laj■ng soan mring sang prabu,
Ki Maja sakancanira,
Sri Nalendra l■nggah iki,
Lawan sendhean tirisan,
Basah kalih ingkang munggeng ing ngarsi,
lawan ingkang paman iku,

Pangeran Ngabdul Rahman,
ingkang m■ngsah mapan sar■ng praptanipun,
mariy■m sampun tan mungal,
nging kantun sanjata alit,
Basah kalih matur samya
nuwun amit arsa m■thuk ing jurit,
Kangj■ng Sultan ngandika rum,
m■n■nga bae padha,
dimon p■rak wong wus n■dya sabil iku,
mundhak sayah lakonira,
lawan s■ksen ana mami,
Yen ana pitulung Sukma,
ingsun cukur lawan wus tan n■dya mami,
gumingsir gen ingsun lungguh,
usar nulya katingal,
tindhihipun mapan c■m■ng kudanira,
kang m■ngsah nging mara kalih,
Kang p■langkir m■dal wetan,
ingkang usar m■dal kidul pan sami,
pelor langkung d■r■sipun,
mariy■m wus tan mungal,
nanging kantun sanjata alit gumrudug,
Basah Ngabdulkamil nulya,
nuhun pamit mring Sang Aji,
Ingkang tyas pan tand■rana,
wantunira m■ksih anem puniki,
lawan kalih dolahipun,
Raden Prawiradirja,
lawan Raden Abusongeb namanipun,
samya kaduk punika,
Kangj■ng Sultan ngandika ris,
M■ngko antin■n sadhela,
dimon pr■rak nanging m■ksa tan kenging,
tiga nitih kuda sampun,
laj■ng nand■r kewala,
m■thukak■n ingkang usar yudanipun,
Seh Usman Li Basah nulya,
an■mbang t■ngara jurit,
Gum■rgut wadya Bulkiya,
lan pinilih Suraya mapan sami,
r■mp■g sar■ng aj■ngipun,
Zeh Usman Ali Basah,
kang nindhihi m■ngkana laj■ng campuh,

kalawan sausar sadaya,
wus carob ingkang ajurit,
Kangj■ng Sultan langkung marma,
nulya ngatag maring Ki Maja puniki,
kinen t■tulung ing pupuh,
lawan sagung pra ngulama,
nulya manjing m■ngsah saking wetan rawuh,
Kangj■ng Sultan nulya ngatag,
mring Zeh Khaji Bandarrodin,
Lan Tum■nggung Puthutlawa,
Suryagama lan mantri l■b■t sami,
nuli campuh ing prang pupuh,
laj■ng ruk■t kewala,
kang p■langkir pan k■langkung pang■drelipun,
nging Tum■nggung Puthutlawa,
lawan Dolah Badarrodin,
Kalawan sakancanira,
samya nusup mring kukus sundaweki,
Basah kalih kang winuwus,
ingkang ngaj■ngk■n usar,
lan Ki Maja lawan sakancanipun,
k■langkung ramening yuda,
jap■nawang kang winarni,
Kancanya wus kathah prapta,
sampun karsaning Yyang Agung,
usar p■langkir t■las,
Jendral Pagen lumayu nulya kin■pung,
usar nging kantun sakawan,
Jendral laj■ng minggah ardi,
Lawan kang usar titiga,
dereng untung k■saput da-lu iki,
Pangran Ngabehi ingutus,
ngundurak■n kang yuda,
yen sampuna Kangj■ng Sultan karsanipun,
sinapih ingkang ngayuda,
Jendral Pagen kadosk■ni,
Mapan b■lasah bangkenya,
kapir usar murtad k■lawan plangkir,
■slam pitulung Yyang Agung,
mapan luj■ng s■daya,
ingkang tatu kewala tandon t■n iku,
Kangj■ng Sultan langkung w■las,

ningali kang bangke sami,
Pan tumpuk ing p■sabinan,
ngara-ara ing lepen sanggenneki,
dadya tan sag■d andulu,
J■ng Sultan nulya budhal,
ing Kasuran mapan dalu sadalu,
angalih kang p■sanggrahan,
ing Dhusun Landhangan iki,
Kang wadya wus kathah prapta,
Pangran Behi m■ngkana atureki,
yen par■ng karsa Sinuhun,
sa-e laj■ng kewala,
mungpung samya angsal manah wadya sagung,
Jendral Pagen sa■nggen,
prayogi linantak nuli,
Sampun dhinahar aturnya,
Pangran Behi kinen t■ngara nuli,
pinilih kang munggeng ngayuda,
sinambungan Bulkiya,
sar■ng prapta Jendral Pagen barisipun,
mapan wus k■panggih s■dya,
m■sanggrahan Toyaurip,
Kangj■ng Sultan angandika,
kados pundi mapan lampah puniki,
Pangran Ngabehi turipun,
sae laj■ng kewala,
mring Tr■ray■m sokur jendral wont■n ngriku,
anulya kinen t■ngara,
budhal saking Banyuurip,
Prapta Dhusun Candhi ika,
kend■l aso nulya kana tur p■ksi,
lamun wont■n m■ngsah rawuh,
pan sewu kaw■tara,
k■dhikipun ingkang m■sah gang-sal atus,
datan ngantos dhinawuhan,
pan laj■ng t■ngara sami,
Pan datan kenging tinata,
r■bat ngaj■ng sagung ingkang prajurit,
saking samya ber tyasipun,
pan m■ntas angsal manah,
m■ngsah kagyat pan laj■ng ng■drel puniku,
mapan datan lin■gewa,
wus campuh ingkang ajurit,

Waos lawan sangkuh ika,
tan pantara nulya t■las wong kapir,
kantun ingkang murtad iku,
lawan usar punika,
Basah kalih mapan awas denya dulu,
k■lamun ingkang s■ntana,
Kangj■ng Sultan p■pak sami,
Kang eyang lawan kang paman,
ingkang rayi Basah kalih anuli,
ngundurk■n prajurit sagung,
ayun atur uninga,
nanging sampun prajurit tan kenging iku,
kadya wus karsa Yyang Sukma,
s■daya prapta ing jangji,
Pangran Behi lan Ki Maja,
prapta ngundurake m■ksa tan k■ni,
prajurit wus wuru sagung,
lir bandheng tawan brana,
p■ngamuknya Dolah Prawiradirjeku,
laj■ng Sultan prapti,
Sang Nata nuju sareyan,
aneng sela pinggir lepen puniki,
kagya mulat praptanipun,
Dolah Prawiradirja,
laj■ng matur yen m■ngsah punika tuhu,
s■ntana dal■m sadaya,
nanging sagung kang prajurit,
Sampun tan kenging ing ngampah,
Kangj■ng Sultan nulya mundhut turanggi,
pan pun Ranis w■stanipun,
saking ing Margapatya,
pr■ranakan kuda s■mbrani puniku,
datan pantara wus prapta,
ing Lengkong Sri Narapati,
Abdi pan kantun sadaya,
samya nusul a-nging prapta pribadi,
wus k■panggih bangke tumpuk,
kapir kalawan murtad,
mapan t■las pan Islam luj■ng s■darum,
kang tatu bae tan ana kadya wus karsaning Widi,
Sang Nata sar■ng pirsa,
dhat■ng bangke kapir lan murtad sami,

mapan atumpuk tinumpuk,
lepen sabin rahara,
Kangj■ng Sultan kend■l langkung w■lasipun,
mit■ngg■ng■n tan ngandika,
m■ngkana kang paman prapti,
Pangran Behi lan Ki Maja,
basah kalih ngaturk■n rayi aji,
lan kang paman kalih iku,
kang ngungsi Basah Iman,
datan p■jah kang liya wus t■las iku,
Kangj■ng Sultan nulya t■dhak,
mring sal■b■t dhusun nuli,
Ing Lengkong neng jawi nata,
datan sag■d ningali bangke sami,
Sri Nalendra l■nggah sa-mpun,
Pangran Behi neng ngarsa,
lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung,
bupati andher ing ngarsa,
kang samya t■s m■n■ng jurit,
Ki Maja aris aturnya,
Basah Iman ngaturk■n rayi aji,
Pangran Suryawijayeku,
lan kalih paman nata,
Pangran Martasana Pangran Natabayeku,
kang ponakawan satunggal,
n■nggih w■sta pun Salimin,
Kang lumaj■ng m■ksih g■sang,
nanging gangsal pratelanipun sami,
liya punika Sinuhun,
mapan p■jah sadaya,
Sri Nalendra mapan laj■ng kinen dangu,
mring Pangran Suryawijaya,
sapa kang lumayu urip,
Lan kang mati kabeh sapa,
Pangran Suryawijaya aris turneki,
ingkang lumaj■ng puniku,
paman Sontawijaya,
lawan paman Purwakusu-ma puniku,
kalih pan W■landi usar,
satunggal pan rencangneki,
Inggih paman Murdaningrat,
dene paman mapan sampun ng■masi,
lawan Yyang Panular ika,

lan Eyang Danupaya,
paman Adiwinata lan malihipun,
inggih paman Diwijaya,
bupati tiga ng■masi,
K■liwon kalih punika,
ingkang kathah punika mapan mantri,
lawan Pasisir sadarum,
ambon W■landi samya,
Kangj■ng Sultan anulya nimbali iku,
marang Dolah Suryagama,
n■nggih Kaji Badarodin,
Kalawan sakancanira,
mapan kinen nyaeni kang ng■masi,
Kangj■ng Sultan budhal sampun,
saking Lengkong pan nulya,
Sri Nalendra m■sanggrahan ing K■musuh,
ngasokak■n ing-kang wadya,
pitung dina win■tawis,
Pan sampun p■pak sadaya pra dipatya,
kang ler Ngayogja sami,
lawan bupati ing K■dhu,
Kangj■ng Sultan ngandika,
mring kang paman J■ng Pangran Behi puniku,
kalawan Kyai Maja,
man Maja ing karsa mami,
Padha sira parentaha,
lor Ngayogja ingkang ingsun lilani,
ngrehna pra dipatyeku,
iya si Jap■nawi,
lan arane iya sun paring iku,
Ki Adipati Urawan,
sadaya jumurung sami,
Dene si K■rtanagara,
Can■gara karo sun undur iki,
mijiya bae maring sun,
sun lilani parentah,
karo iku prajurit mung nyatus,
Ki Maja matur sandika,
Sang Nata ngandika malih,
Paran padha r■mbugira
apa sida b■dhah T■ray■m iki,
paran padha r■mbugira,

apa sida b■dhah T■ray■m iki,
dadi bali maning iku,
s■daya tur sumangga,
Kangj■ng Pangran Ngabehi aris umatur,
yen mar■ngi Sri Nalendra,
prayogi laj■ng puniki,
Mawin Tr■ray■m punika,
amba taken tan wont■n Jendralneki,
mindhak lampah wongsal-wangsul,
tan wont■n pedahira,
nanging amung tin■ngga ing saradhadhu,
inggih dinam■l punapa,
luhung nulungana sami,
Di dal■m kidul s■daya,
kaj■ngipun nunt■n samya atangi,
prandenipun kang ler sampun,
inggih tangi s■daya,
Kangj■ng Sultan mapan dhahar aturipun,
lan samya r■mbag sadaya,
mring ature Pangran Behi,
Sang Nata anulya budhal,
sing K■musuh ingkang dadya pangarsi,
Dipati Urawan iku,
lawan sakancanira,
sampun pu-lih wadyanira kang Sinuhun,
malah w■wah kang tyas samya,
wantu m■ntas angsal ati,
Kend■l sadalu neng marga,
pan keb■kan sagung ra-ara sami,
miwah ingkang dhusun-dhusun,
Pangeran Adisurya,
lan Pangeran Suman■gara wus nusul,
mila saya kathahira,
m■ngkana J■ng Pangran Behi,
Ing dalu mapan utusan,
Mas Tum■nggung Mangundirja tinuding,
kinen dhawahipun niku,
mring Pangran Natapraja,
yen J■ng Sultan ing mangke arsa t■tulung,
nanging miyos wetan Praga,
Pangran Natapraja iki,
Mapan kinen angledheka,
inggih saking sakilen Pragi,

kang baris Mangir puniku,
gya pangkat Mangunarja,
sar■ng enjing Kangj■ng Sultan budhal sampun,
miyos ing Toya Tumumpang,
m■ngkana J■ng Pangran Dipati,
Nusul lan sawadyanira,
tigangatus lan Raden Sindurjeki,
lawan Kangj■ng Sultan cundhuk,
m■ngkana sampun prapta,
ing Jipangan J■ng Sultan nyare sadalu,
enjing Pangran Behi nulya,
anata lampahing jurit,
Langkung prayitna ing bala,
Pangran Ngabdulrahman Arya Ngabehi,
prajurit pinara t■lu,
Ki Dipati Urawan,
sakancanya mapan kilen m■dal lurung,
t■tindhih Pangran Dipatya,
anjagani m■ngsah kalih,
Ngayogya lan Raja Suma,
bok manawa narombol am■dali,
ingkang m■dal t■ngah iku,
Pangran Suman■gara,
pan angirit prajurit kilen Yogjeku,
kalawan ing K■dhu ika,
tindhih Pangran Ngabdulrahim,
Basahi-mas Basah Usman,
tinindhihan dhat■ng Sri Narapati,
lan Suryagama puniku,
mantri l■b■t Ki Maja,
Pangran Behi m■dal iring-iring gunung,
sapa ingkang n■mu karya,
poma ja na pr■duli,
Mapan iya wus bubuhan,
pan sandika s■daya aturneki,
nulya tin■ng■ran sampun,
budhal saking Jipangan,
mara tiga mapan samya kathahipun,
Kangj■ng Sultan karsanira,
ngingr■ri beteng ing ardi,
Ing Slarong binitingan,
mapan iya Mangkunagaran sami,

aneng sanginggiling gunung,
pan makew■di ika,
Basah kalih kang kinen ngrangsang puniku,
Pin■lih lawan Bulkiya,
Kangj■ng Sultan anj■n■ngi,
Bulkiya kang m■dal ngarga,
pas Pinilih m■dal ngerong-erong sami,
nulya den mariy■m iku,
nanging mu-ng■l ping tiga,
saking dene samya rikat aj■ngipun,
dadya mriy■m wus kaliwat,
nulya ng■drel sanjatalit,
Langkung p■t■ng kang sundawa,
nanging sampun datan wont■n masuli,
pinilih pan inggahipun,
anurut yod-oyodan,
kang landheyan samya sinered puniku,
pan kin■mpit godhenira,
kang aneng jro biting sami,
Giris mulat tandangira,
mring pinilih m■ngkana kang neng Jawi,
kang usar murtad s■darum,
wus t■mpuh lan Bulkiya,
langkung rame sak■dhap gya t■las iku,
kang g■sang lumayu samya,
mapan laj■ng den tututi,
Dhat■ng Basahi mas samya,
lawan dolah s■kawan mapan nuli,
pin■dhangan nulya lampus,
k■kecer bangkenira,
sagung murtad ingkang a-neng beteng iku,
mapan wus t■las s■daya,
ing amuk dhat■ng pinilih,
Angsal mariy■m satunggal,
sanjata lit kathah datan kawilis,
kalawan kapal puniku,
murtad tumpuk bangkenya,
kang neng beteng Kangj■ng Sultan laj■ng sampun,
kend■l ing dhusun Puluhan,
ng■ntosi kang dereng prapti,
Lan ngasokak■n kang wadya,
pan dinangu samya luj■ng puniki,
nanging satunggal kang tatu,

mapan datan punapa,
kang prajurit jajar pinilih puniku,
m■ngkana anulya prapta,
kang m■dal margi g■ng sami,
Kyai Dipati Urawan,
sakancanya lan Pangran Ngabdulrahim,
lawan saprajuritipun,
Kangj■ng Pangran Dipatya,
mapan ngantun anjageni m■ngsah pungkur,
m■nawa bantu prapta,
punika kang den jagani,
Abaris aneng Sumuran,
sawadyanya liya punika sami,
wus prapta ngarsa Sang Prabu,
Sri Narendra ngandika,
mring kang paman J■ng Pangran Ngabehi iku,
paman punapa punika,
kidul datan laj■ng jurit,
Pangran Ngabehi aturnya,
pan ng■ntosi daw■k kula kinen nitik,
m■ngsah n■nggih kabaripun,
mara kalih barisnya,
pan ing Mangir kalih lepen sat puniku,
pundi kang ag■ng barisnya,
pundi kang ag■ng barisnya,
kant■nan watrating jurit,
Tan pantara nulya prapta,
kang ingutus w■sta Dhaeng Markincing,
m■ngkana pan aturipun,
ingkang ag■ng lepen sat,
sewu langkung k■dhik pan antawisipun,
tindhih Pangeran titiga,
mariy■mipun kakalih,
Mangir gangsal a-tus mapan,
datan mawi Pangeran tindhihneki,
mariy■m satunggal iku,
Pangran Ngabehi n■bda,
nantun marang Seh Usman,
m■ngkana ing aturira,
inggih kalamun mar■ngi,
Pan sampun tangg■l punika,
w■ktu luhur sae salat rumiyin,

kalih samya kaj■ngipun,
angsal aso sak■dhap,
Pangran Behi sampun nurut aturipun,
mring Seh Usman Ali Basah,
pan sampun tinata sami,
N■nggih Pangran Adisurya,
bin■bahan nyab■t kang baris Mangir,
kalawan sawadyanipun,
kilen Yogja sadaya,
sampun sagah Ki Urawan lawan sagung,
sakancanipun sadaya,
prajurit lor Yugja iki,
Kinen nyab■t ing lepen sat,
Basah kalih kang tinuding nindhihi,
Bulkiya Pinilih iku,
lan prajurit Su-raya,
Mantrij■ro lan Suryagama puniku,
Pangran Behi Kyai Maja,
mapan t■ngga Sri Bupati,
Sampun dados r■mbagira,
laj■ng bubar asalat luhur sami,
sar■ng sampun bakda iku,
laj■ng n■mbang t■ngara,
nulya tata sagung prajurit s■darum,
ingkang tyas samya gumbira,
wantu m■ntas angsal ati,
Sampun mangkat malih nulya,
Pangran Adisurya minggah mring Mangir,
kalawan sawadyanipun,
Ki Dipati Urawan,
mring Lepen Sat kalawan sakancanipun,
tindhih Iman Ali Basah,
lan Usman Li Basah iki,
Mapan sampun pr■janjeyan,
aja ana tulung tinulung sami,
amrih santosaning pupuh,
pan wis padha timbangnya,
malah ngroba sadaya pan sampun saguh,
ing lepen sa-t sampun prapta,
lagya j■ng-aj■ngan jurit,
Ing Mangir wus campuh yuda,
langkung rame pan swaraning b■dhil,
bar■ng lan mariy■mipun,

J■ng Pangran Adisurya,
pan kab■r■g prajuritira wus mawur,
sabab p■nganjuring aprang,
Ki Suraj■nggala kanin,
Kenging mriy■m dhadhanira,
nging tan pasah Ki Tum■nggung tan eling,
kontal bin■kta lumayu,
dhumat■ng kancanira,
kawarnaa n■nggih wont■n Mantri s■puh,
w■s jamas praba l■ksana,
nyand■r matur Sri Bupati,
Sinuhun rayi paduka,
mapan sampun kab■r■g juritneki,
Kangjeng Sultan laj■ng nantun,
wau dhat■ng kang paman,
lan Ki Maja m■ngkana kalih turipun,
kados pundi yen ngantosa,
nimbali wadya kang sami,
Ngaj■ngk■n m■sah lepen sat,
kados mindhak keron tyasi-pun sami,
pan sampun b■bahanipun,
ing wau panjanjeyan,
datan kenging punika tulung tinulung,
yen par■ng karsa Nalendra,
mapan winangsulk■n malih,
Kangj■ng Sultan esmu duka,
mring kang paman lawan Ki Maja iki,
tan ngandika malih iku,
laj■ng nitih turangga,
Ki Wijayacapa laj■ng mamprung,
ingkang sar■ng lan Sang Nata,
nging M■nggung Puthut Laweki,
Lan Rangga Puthut Guritna,
Raden Jayan■gara anututi,
nyand■rak■n kudanipun,
pun Jagul w■stanira,
Kangj■ng Sultan asru angandika iku,
eh sira Jayanagara,
kaya dudu anak jalmi,
Den M■nggung Jayanagara,
sar■ng mirsa timbalane N■rpati,
laj■ng narik p■dhangipun,

nand■r munggeng arsa,
mapan lawan Tum■nggung Puthut Laweku,
lan Rangga Puthut Guritna,
kang munggeng arsa Nr■pati,
Satunggal kang rayi ika,
Pangran Suryawijaya kang nututi,
prapta Mangir laj■ng campuh,
kinarubut s■njata,
lan mariy■m anging mung■l kaping t■lu,
Jayacapa pan tan k■na,
ingampah anulya prapti,
Marang gen mariy■m ika,
S■tab■lnya sadaya pan wus mati,
winaosan mring puniku,
den M■nggung Puthut Lawa,
lawan Rangga Puthut Guritna puniku,
mariy■m bin■kta ngiwa,
dhumat■ng J■ng Sultan nuli,
Kawarnaa Basahi Mas,
mirsa warta yen J■ng Sultan nyalirani,
laj■ng supe wadyanipun,
pan tinilar sadaya,
nanging kalih Dolah kang dherek puniku,
Busongeb Prawira Dirja,
tiga laj■ng ngamuk sami,
Aneng saluhuring kuda,
ngag■m p■dhang lan Jayan■-gareki,
Puthut Lawa ngag■m lawung,
lawan Puthut Guritna,
mapan n■n■m langkung liwung tandangipun,
wus supe ing subasita,
kapir murtad kathah mati,
Kang arsa wingking apanggah,
mapan langkung kapir pang■drelneki,
Pinilih Suraya iku,
nututi pan wus prapta,
laj■ng ngamuk nusup kukus s■ndaweku,
m■ngkana Usman Li Basah,
mapan laj■ng prapta sami,
Lawan Prajurit Bulkiya,
sar■ng ngamuki Urawan nututi,
budhalan sakancanipun,
ing lepen sat tinilar,

Mantrij■ro Suryagama sar■ng ngamuk,
r■mp■k nusup kukus samya,
Ki Maja lan Pangran Behi,
Pan sampun prapta sadaya,
kapir murtad gangsal atus sirnanting,
ingkang bangke mapan tumpuk,
aneng ing ara-ara,
ingkang wont■n satungggal kalih lumayu,
pin■jahan mring wong desa,
m■ngkana s■sambatneki,
Dene wingi sira padha,
sun kon ngarit lawan ngiseni k■ndhi,
ana nganam widhig iku,
sira nora suwala,
bok den eling warna-warna sambatipun,
wong desa samya saurnya,
iya wingi aku w■di,
Gusteningsun durung prapta,
pan ning m■ngko ingsun wus nora w■di,
mapan samya laj■ng m■nthung,
dadya t■las sadaya,
gangsalatus tump■s datan wont■n kantun,
mapan wus karsaning Sukma,
Eslam mapan luj■ng sami,
Pan nanging tatu satunggal,
panakawanira para dipati,
nanging tan punapa iku,
pan kasrempet kewala,
dening pelor Kanj■ng Sultan sampun rawuh,
mariy■m kinen ny■mplungna,
ing sumur laj■ng ningali,
B■lasah bangkening murtad,
ngara-ara mapan ke-b■kan sami,
pan kum■mb■ng w■spanipun,
Kangj■ng Sultan tumingal,
laj■ng marang Pijenan ngiring wadya,
gung s■dya ngasokak■n samya,
gung wadya neng dhusun iki,
Pinilih lawan Bulkiya,
pan sadint■n ayuda kaping kalih,
dadya sang■t sayahipun,
m■ngkana kang winarna,

kapir murtad kang baris lepen sat iku,
mapan wus miarsa warta,
yen tump■s kang baris Mangir,
Lawan ing S■larong ika,
ingkang beteng mapan wus b■dhah iki,
lawan tump■s kancanipun,
dadya tambuh solahnya,
laj■ng bodhol nekat m■dal ing margagung,
pan samya lumaj■ng ika,
samarga lawan mriy■mi,
Kalawan kinodhol ika,
mring Pangeran Natapraja puniki,
kalawan sakancanipun,
Bupati wetan Yogja,
kidul Yogja pan sami ngodhol s■darum,
dadya prang samarga-marga,
nging tan sag■d ruk■t iki,
Nanging b■dhilan kewala,
pan k■kecer bangke murtad rut margi,
J■ng Sultan ningali iku,
neng pinggir padhusunan,
lawan sagung ingkang prajurit s■darum,
arsa malih binanj■lna,
nging m■nggah tyasnya n■rpati,
Dinugi sang■t sayahnya,
angandika kalawan mes■m Sang Aji,
eh Basah Ngusman puniku,
p■dhot■n mungsuhika,
nanging sira dhewe aja gawa batur,
dimon rame Natapraja,
pan ingsun ayun udani,
Olehe campuh ing yuda,
yen b■dhilan mapan nora ngundhili,
oleha s■pira iku,
Basah Ngusman aturnya,
lan gumuyu punapa diken lampus,
wong siji kinen ny■gat,
mring kapir sewu neng margi,
Pan laj■ng gumuj■ng samya,
Sri Nalendra ingkang paman tinuding,
kinen tumut ngodhol iku,
mring Pangran Natapraja,
Pangran Arya Ngabehi wus lengser iku,

kalawan sawadyanira,
Jagasura kawandesi,
M■ngkana wus tan winarna,
Kangj■ng Sultan mapan nyare saw■ngi,
neng dhusun Pijenan iku,
enjing anulya budhal.
mapan laj■ng m■sanggrahan Lipureku,
Pan s■dya ngasokk■n wadya,
Pangeran Ngabehi prapti,
Laj■ng matur mring Nalendra,
Pangran Natapraja wus kinen baris,
neng Bantul sakancanipun,
ngiras dados p■calang,
lan binanto-n Tum■nggung Jawi nateku,
lan Raden Sumadiningrat,
m■ngkana ingkang winarni,
Kapir kang baris ing waja,
lawan J■ksa samya miarsa warti,
yen lepen sat dhadhal sampun,
Mangir Slarong tump■san,
dadya giris sadaya kang manahiku,
lan dalu sring nginggahan,
marang Basah Ngabdul Latip,
Lan Pag■len Basah tiga,
lan ing j■ksa mapan m■ngkono maning,
asring rin■sahan iku,
marang Tum■nggung tiga,
Mangkuyuda lawan Wiryan■gareku,
Tum■nggung Cakranagara,
dadya sar■ng dhadhalneki,
Waja Pangran Sumayuda,
marang K■dhu n■nggih undur ireki,
kinodhol Pag■len sagung,
J■ksa jendral punika,
Pagen mundur dhumat■ng Ngayogja iku,
kinodhol Tum■nggung tiga,
ngarja kusuma winarni,
Pangeran Mangkunagara,
sar■ng prapta kang putra wayah sami,
saking lepen sat kabujung,
lawan atur wuninga
yen kang baris Slarong s■darum,

mapan sampun tump■s samya,
p■jah tan kantun sawiji,
Dadya giris manahira,
Pangran Mangkunagara bodhol nuli,
saking Arjakusumeku,
lan putra wayahira,
sampun prapta Ngayogja Pangran cundhuk,
lawan Jendral Dhekok samya,
tinanya tan sag■d angling,
Tan pantara praptanira,
Jendral Pagen lawan saupsir neki,
saking J■ksa pan kabujung,
nulya ana tur surat,
saking K■dhu yen Pangran Sumayudeku,
pan kabujung saking Waja,
mring wadya Pag■len sami,
Jendral Dh■kok langkung kurda,
Jendral Pagen ingkang den sar■ng■ni,
nuli at■tanya iku,
mring Pangran Mangkunagara,
pan ing m■ngko Sultan aneng ng■ndikanipun,
Pangeran Mangkunagara,
aris denira nauri,
Kabar ana ing Nglipura,
nging si Anatapraja abaris,
mapan ana Bantul iku,
p■calang Karang Nangka,
Jendral Dhekok mapan asru dennya muwus,
eh Pagen langgar■n nulya,
mangkata saw■ngi iki,
Lan Pangran Mangkunagara,
wong Ngayogja miluwa kabeh iki,
iya saane iku,
mangkana nulya dandan,
pan s■dalu datan ana wong kang turu,
sar■ng pukul lima mangkat,
saking ing Ngayogja sami,
Jendral Pagen pangiridnya,
langkung ag■ng n■nggih d■dam■l neki,
prapta Karang Nangka iku,
pukul pitu w■tara,
ingkang baris ing Karang Nangka tin■mpuh,
Raja niti tan kuwawa,

nulya lumaj■ng tur uni,
Mring Pangeran Nata-praja,
nulya tata s■dya am■thuk jurit,
lawan tur uninga iku,
dhumat■ng ing Nglipura,
tan pantara m■ngsah pan katingal iku,
usar kang dadya p■ngarsa,
laj■ng campuh ing ngajurit,
Tinindhihan pra Dipatya,
tan kuwawa usar pan laj■ng ngungsi,
dhumat■ng p■langkiripun,
nulya ng■drel pra samya,
pan sinar■ng kalawan mariy■mipun,
pra Dipati tan kuwawa,
lan Pangran Nataprajeki,
Nulya aturi uninga,
lamun sampun tan kuwawi nadhahi,
nulya Basah kalih iku,
tinuding nadhahana,
sampun budhal Suraya Bulkiya iku,
Pinilih prapta Sumuran,
kap■thuk campuh ing jurit,
K■langkung ramening yuda,
swara nira mariy■m sanjatalit,
Kangj■ng Sultan budhal sampun,
saking dhusun Lipura,
yun tumingal dhu-mat■ng kang pr■rang pupuh,
prapta ing dhusun Sumuran,
Bulkiya lawan Pinilih,
Surayaka s■s■r ing prang,
Kangj■ng Sultan putusan kinen sami,
maj■ng malih aturipun,
nuwun aso sak■dhap,
langkung sayah s■daya pan aturipun,
Sri Nalendra angandika,
dhat■ng Kangj■ng Pangran Bei
Paman paran kang prayoga,
ingkang kinen anadhahi ing jurit,
Pangran Bei aturipun,
putu Pangran Dipatya,
pan punika sawadyane dereng prang pupuh,
Kangj■ng Sultan angandika,

paman sampeyan dhawuhi
Mangke neng pundi ■nggennya,
pan punika ingkang baris neng wingking,
Pangran Bei nand■r sampun,
saking ngarsa Nalendra,
sampun panggih lan J■ng Pangran Dipatyeku,
m■ngkana wus dhinawuhan,
Kangj■ng Pangeran Dipati
Laj■ng mangkat sawadyanya,
prapta sampun campuhing kang ngajurit,
rame malih s■njateku,
mes■m J■ng Sultan n■bda,
paman Bei yen wayah sampeyan purun,
mapan kenging piniarsa,
m■ngkana J■ng Pangran Bei
Tumingal ing ngiring ngarga,
yen kang wayah inggih Pangran Dipati,
wus aneng ngiringing gunung,
lan Pangeran Natapraja,
sawadyanya Pangeran Ng■behi matur,
punika putra Nalendra,
lawan pun Natapraja ki
Sampun minggah dhat■ng ngarga,
Kangj■ng Sultan mapan sar■ng ningali,
dhumat■ng kang putra iku,
lings■m dhat■ng kang paman,
Ki Wijayacapa gya kin■tab iku,
laj■ng ngawal Jayacapa,
arsa nyalirani jurit
Mantrij■-ro Suragama,
mapan laj■ng samya angrumiyini,
Basah Iman sar■ng dulu,
kalawan Basah Ngusman,
yen Sang Nata arsa nyalirani pupuh,
dadya sar■ng aj■ngira,
Bulkiya lawan Pinilih
Suraya gumr■gut samya,
s■dangunya mapan ingkang ngawali,
mring yudane kapir iku,
Raden Riya Sindurja,
nanging muw■r kewala neng l■b■t dhusun,
marma kapir tan uninga,
ingkang ngawali k■dhik

Tinarka kathah kewala,
marma m■nggah ing tyas murtad lan kapir,
dhasar misih mambu ilu,
m■ngkana sar■ng mulat,
mring Bulkiya Pinilih pan sar■ng maju,
lan sagung wadya s■daya,
gumuruh tabuhan muni,
Saking kidul wetan ika,
lawan kilen pan sar■ng aj■ngneki,
kapir ng■drel mriy■m iku,
mapan wus tan lin■gewa,
Jendral Pagen misih sang■t kawusipun,
miyat Islam laj■ngira,
r■mp■g wus tan ajrih b■dhil
Adat Eslam yen m■ngkana,
nora wurung tump■s kabeh wong kapir,
Jendral Pagen nulya mundur,
kapir murtad sadaya,
g■gancangan mapan sar■ng aj■ngipun,
bin■r■k mring wadya Islam,
Kangj■ng Sultan kang j■n■ngi
Kapir murtad mogok kontal,
pan samarga m■ngkana juritneki,
Islam lamun l■kas purun,
tan k■na sinawawa,
kapir murtad tan k■lar nadhahi iku,
pelornya wus tanpa karya,
mring Islam tan miyatani
Kapir murtad bangkenira,
pan k■keser n■nggih samargi-margi,
Kangj■ng Sultan kend■l sampun,
aneng Dhusun Keringan,
pan ng■ntosi prajurit kang m■ksih bujung,
sar■ng sampun samya prapta,
umatur Pangran Ngabehi
Yen mar■ngi Sri Nalendra,
sae laj■ng m■sanggrahan P■ndhawi,
Kanj■ng Sultan sampun nurut,
m■sanggrahan Pandhawa,
sampun p■pak sagung kang wadya kuswaku,
nanging J■ng Pangran Dipatya,
jrih lings■m maring Sri Bupati

Wangsul mring sakilen Praga,
lan kang paman Pangran Suryenglaga ki,
m■ngkana wus cinatur,
kawarna ing Pandhawa,
Pangran Bei mapan kinen nata sagung,
Kangj■ng Sultan karsanira,
laj■ng dhat■ng Sambiradin
P■pak sagung kang santana,
myang pratiwa Pangran Nataprajeki,
tinantun pan m■ksih purun,
dadya pangiriding prang,
Kangj■ng Sultan mapan arsa t■dhak kulup,
iya marang Sambirata,
sira denangati-ati
Barisa ing Pr■rambanan,
lan Bupati sawetan Ngayogjeki,
lan ingsun bantoni kulup,
iya Sumadiningrat,
Jawi nata raja ni-ti wus ta kulup,
sira dhingin amangkata,
nging poma denngati-ati
Tum■nggung Surar■ja,
Ranupati baris sanyamplung iki,
sandika samya turipun,
Pangeran Natapraja,
nulya budhal saking P■ndhawa myang sagung,
Pangran Ngabei ngandika,
mring Pangeran Ngabdul Rahim
Anak Mas karsa Nalendra,
j■ngandika kinen t■ngga ing wingking,
lan sagung niyaka iku,
ingkang sakilen Yogja,
nanging putu Suman■gara puniku,
kalawan saprajuritnya,
kang kalilan dherek iki
Ing wingking mangsa bodhoa,
pan sadaya kat■mpah nak mas sami,
mapan ing pangr■ksanipun,
J■ng Pangran Adisurya,
Ngabdul Rahim sandika aturipun,
Kangj■ng Sultan laj■ng budhal,
saking Pandhawa puniki
Prajurit pinara tiga,

lampahira tan tunggil marga sami,
Dipati Urawan iku,
lawan sakancanira,
Raden Jayanagara sakancanipun
saking prayitna ing baya,
Kangj■ng Pangeran Ngabei
Kang tunggil margi Nalendra,
Basah kalihan Pangran Suman■gari,
samarga tabuhan umyung,
kapir murtad pan lagya,
sang■t k■ndhak tan winarna marga rawuh,
Kangj■ng Sultan Sambirata,
laj■ng m■sanggrahan aji
Mas Tum■nggung Sutayuda,
tur uninga dhat■ng Pangran Bei,
ing K■jawin baris agung,
m■kew■di punika,
wont■n wingking saking ngriki pr■nahipun,
Kangj■ng Pangran nulya matah,
dhumat■ng Ki Adipati
Urawan sakancanira,
ingkang ngirit Mas Tum■nggung p■ngarsi,
Sutayuda mapan sampun,
Pangran ngandika heh Urawan,
yen ana sihing Yyang Agung,
sira banjur abarisa,
K■jawen ngati-ati
Kalawan sakancanira,
Ki Urawan sandika aturneki,
gya n■mbang t■ngara umyung,
sampun budhal sadaya,
saking Sambirata lan sakancanipun,
sampun prapta ing K■jiwan,
kang baris K■jiwan sami
Sar■ng ningali kewala,
pan tinarka Kangj■ng Sultan nindaki,
pan lumayu r■but cucung,
wadya Mangkunagaran,
langkung sang■t wau denira akawus,
pan laj■ng binujung samya,
K■jiwan wus den■nggeni
Marang Dipati Urawan,

sakancanya lawan atur up■ksi,
mring Pangran Bei wus katur,
dhumat■ng Sri Nalendra,
kawarnaa Pangran Nataprajeku,
ingkang baris Pr■rambanan,
lawan sagung pra dipati
M■ngkana pan inginggahan,
mring wong kapir murtad wus campuh jurit,
langkung rame swaranipun,
sanjata lit kalawan,
mriyem barung kadya kabr■g puniku,
Kangj■ng Sultan angandika,
mring kang Paman Pangran Bei
Kalawan Kiyahi Maja,
mapan samya wau kinen nulungi,
lawan bupati s■darum,
kang munggeng ngarsa Nata,
Pangran Bei lan Basah kalih umatur,
nanging panuwun kawula,
paduka kend■l neng ngriki
Sampun ngantos tumut yuda,
yen kawula dereng atur udani,
gih paman gya t■ngareku,
sampun budhal sadaya,
Pangran Bei Ki Maja titindhihipun,
Kangj■ng Sultan nging tin■ngga,
Dolah Khaji Badarrodin
Lawan Dolah Puthut Lawa,
sakancanya m■ngkana Pangran Bei,
lawan m■ngsah wus kap■thuk,
nanging sang■t kagetnya,
dereng ngantos tata pan kap■thuk iku,
dadya kang prajurit samya,
laj■ng bubrah tataneki
Pan nanging K■rtanagara,
lawan Jayanagara kang ngawali,
m■ngkana J■ng Sultan iku,
tan eca ing tyasira,
nulya mundhut titiyan pan sampun katur
n■nggih Ki Wijayacapa,
mapan ngawal lampahneki
Kang wadya kantun sadaya,
Puthut Lawa lan Kaji Bandarodin,

kalawan sakancanipun,
samya nututi ika,
Kangj■ng Sultan ingkang dherek anging t■lu,
Pangeran Suryawijaya,
lan Den Riya Sindurjeki
Lan Den M■nggung Cakradirja,
Usar samya b■bujung kang prajurit,
m■ngkana sampun k■pangguh,
Usar lawan J■ng Sultan,
Ki Wijayacapa pan n■rajang purun,
Usar sang■t kagetira,
gung Usar lumayu g■ndring
Saking sang■t panasira,
lan bal■dug marma datan kaeksi,
lamun Kangj■ng Sultan iku,
kang dherek nanging tiga,
pan tin■rka prajurit sadaya wangsul,
dhasar m■ksih kawusira,
sagung murtad lawan kapir
Samya supe p■laj■ngnya,
sagung Usar tunjang-tinunjang sami,
kathah tiba p■jah iku,
kel■s samya kancanya,
ingkang roktek gangsal w■las ingkang runtuh,
m■ngkana anulya ana,
Usar sing kidul nulungi
Mapan satus win■tara,
pan w■spaos yen J■ng Sultan pribadi,
ingkang nyalirani pupuh,
kang dherek nanging tiga,
Usar nyand■r lawan samya ng■drel b■stul,
Kangj■ng Sultan wus kab■tah,
Ki Wijayacapa nuli
Malumpat ing pag■r jarak,
pinggir lepen wus kalumpatan sami,
Usar samya m■nggah iku,
tan sag■d nututana,
dadya samya sapih kasaputing dalu,
Kangj■ng Sultan mapan nulya,
kondur m■sanggrahan malih
Pangran Ngabei wus prapta,
lan Ki Maja t■napi Basah kalih,

myang sagung pra dipa-tya gung,
Pangeran Natapraja,
sampun prapta nulya dhinawuhan iku,
kinen wangsul barisira,
marang Pr■rambanan malih
Nging denngati-ati sira,
aja kaya kang wus k■lakon iki,
kulup denprayitneng kewuh,
Kangj■ng Sultan pan arsa,
laju t■dhak marang ing Kajiwan iku,
wus kulup mara dhingina,
sandika gya budhal nuli
N■nggih Pangran Natapraja,
sakancanya mring Pr■rambanan malih,
enjing Kanj■ng Sultan sampun,
budhal sawadya kuswa,
saking Sambirata mring K■jiwan rawuh,
mapan laj■ng m■sanggrahan,
ing Dhusun Kuwanen iki
Nulya Pangran Pakuningrat,
nusul lawan sas■dherekireki,
lawan tur uninga iku,
k■lamun ingkang raka,
Pangran Mangkuningrat wus balik iku,
mapan dhumat■ng Mag■lang,
■n■ngna ingkang winarni
Laknat kapir lawan murtad,
anututi mring J■ng Sultan wus prapti,
ing K■jiwan lampahipun,
pan nuju w■ktu ngasar,
Kangj■ng Sultan mapan lagya salat iku,
lan sagung wadya s■daya,
mapan laj■ng denmriy■mi
Ingkang pelor samya dhawah,
kiwa t■ngenira J■ng Sultan sami,
sar■ng sampun bakda sagung,
ingkang salat sadaya,
Kangj■ng Sultan nulya aparentah iku,
wau dhumat■ng kang paman,
Kangj■ng Pangeran Ngab■hi
Mapan kinen m■thuk yuda,
lan Ki Maja gya n■mbang t■ngara glis,
wus tata gya mangkat iku,

Ki Dipati Urawan,
sakancanya pan ming■r mangilen sampun,
Basah Iman tindhihira,
Suraya lawan Pinilih
Den M■nggung Jayan■gara,
Can■gara Kartan■gara sami,
mapan ming■r m■dal kidul,
lawan sakancanira,
Basah Ngusman ingkang dadi ti-ndhihipun,
lan sagung wadya Bulkiya,
ingkang dadya dhadha iki
Rahaden Arya Sindurja,
lan Pangeran Sumanagara sami,
Pangran Pakuningrat iku,
lawan sas■dhereknya,
kang nindhihi J■ng Pangran Ngab■hi iku,
kalawan Kyahi Maja,
sampun campuh ing ngajurit
Mapan sar■ng praptanira,
ingkang m■dal kilen wetan sami,
kang ler Raden Riya iku,
ingkang minangka dhadha,
laknat kapir lan murtad muw■r neng dhusun,
k■langkung denira panggah,
dhasar samya kathahneki
Pan wus tan ana kuciwa,
datan purun ingkang maj■ng pan sami,
kalih samya m■nggahipun,
laknat kapir lan Islam,
ngantos dangu pan nanging s■njatan iku,
Ki Maja atur uninga,
dhumat■ng Sri Narapati
Yen ing yuda tanpa w■kas,
mapan aming samya s■njatan iki,
Kangj■ng Sultan nulya b■ndu,
nitih Wijayacapa,
anrang baya Mantrileb■t munggeng ngayun,
lan prajurit Suragama,
Basah kalih aningali
Kalamun Sri Naranata,
mapan arsa nyalirani ing jurit,
myang sagung pradipatyeku,

dadya sar■ng aj■ngnya,
r■mp■g maj■ng sar■ng lan prajuritipun,
laknat kapir langkung panggah,
lan murtad pang■drelneki
Tinundha lan mariy■mnya,
sagung murtad ing Mandura puniki,
ingkang ngampingi s■darum,
mapan tigang gandera,
marma eca gung laknat pang■drelipun,
langkung p■t■ng kukusira,
wadya Islam mapan sami
Nusup kukusing s■ndawa,
Basah lawan sagung kang pra dipati,
pan wus datan s■dya mundur,
tinindhihan Sang Nata,
Ki Wijayacapa wus tan k■na iku,
ingam-pah ginendholan,
marang gam■l kalih sisih
Nanging Ki Wijayacapa,
nora k■na gam■l pan kontal sami,
dhawah t■bih mapan sampun,
n■nggih Ki Jayacapa,
pan panggenan mariy■m ingkang jinujug,
setab■lira W■landa,
kalawan ingkang ngampingi
P■d W■landa salawe prah,
sampun t■las p■jah dipuntumbaki,
mariy■m pan kenging sampun,
tiga alit punika,
ingkang kathah laknat kapir sampun mawut,
tinindhihan pra dipatya,
nging k■dhik kang mundur urip
N■nggih Ki Wijayacapa,
kang t■racak s■kawan gupak g■tih,
laj■ng kasaput ing dulu,
kapir ingkang lumajar,
lawan murtad nanging kantun k■dhik iku,
ngungsi beteng ing Kalasan,
wong Islam kabujung sami
Mapan wus wangsul sadaya,
Kangj■ng Sultan kend■l asalat mahrib,
aneng ara-ara iku,
lan sawadya sadaya,

sampun bakda Sri Nalendra laj■ng dangu,
apa na kang sabillolah,
Ki Urawan aturneki
Kanca kawula satunggal,
mapan rangga ingkang w■sta Seh Idris,
lan mantril■b■t iku,
w■sta Seh Jayaniman,
panakawan Mas Aripin w■stanipun,
kang ampil Seh Jagaswara,
sakawan laj■ng sami
Pan n■gih p■ngamuk kari,
dados nunggal n■nggih bangkene kapir,
mapan nulya kinen mundhut,
sinaena-n sadaya,
kang mariy■m samya kinen m■ndh■m iku,
nulya kondur m■sanggrahan,
mring Kuwanen Sri Bupati
Enjang Pangran Natapraja,
ngaturaken b■banda murtad sami,
kawandasa kathahipun,
Mandura Bugis ika,
lan S■pehi ingkang pisah kancanipun,
laj■ng kinen nguculana,
M■gatruh ingkang gumanti
Kawarnaa wau ingkang anusul
Tuwan Sarip Samparwadi
kang kinen t■ngga J■ng Ratu
Kadhaton pan sampun prapti
lawan Den Martalayeku
Sakancanya Mandhung lan Suranateku
wus prapta ngarsa Nr■pati
Tuwan atur salamipun
Den M■nggung ngusweng padaji
Sang Nata kang tyas sum■dhot
Laj■ng eng■t mring kang rayi Kangj■ng Ratu
K■dhaton mes■m tanyaris
paran Sarip ing wartamu
ingsun dhingin pan meh bali
paman Ngabei kang kukoh
Bacutake ngant■p prang wetan Prageku
marmane kalakon iki
yen nuruta ing tyasingsun

mapan meh kaliru y■kti
bar■ng mulat g■ni agung
Kaya uga kutha Giri g■ni iku
Tuwan Sarip atur b■kti
mila punika saestu
kin■pang pun kutha Giri
murtad lan kapir s■darum
Kang denangkah rayi dal■m Kangj■ng Ratu
mapan inggih wr■tineki
ingkang gadhah r■mbag tuhu
Pangran Hadiwinateku
mring Jendral Pagen cariyos
Padukaji lamun kenging Kangj■ng Ratu
sampun tamtu lamun gampil
marmanya laj■ng kin■pung
n■nggih ardi Kitha Giri
k■mput tan kenging m■rojol
Kangj■ng Pan■mbahan mapan ngantos muhun
ngaturi enggal lumaris
m■ngsah pan katingal sampun
surak lawan ng■drel sami
malah kend■l rayi katong
Eca lawan aris pangandikanipun
Kyai kesah mring pundi
rumiyin kawula sampun
nuhun mring Rabilngalamin
tan ayun gin■pok ing wong
Lanang liya putra Paduka satuhu
punika malih wong kapir
yen sag■da c■lak iku
kawula pan ngand■l y■kti
inggih dhumat■ng Yang Manon
Lawan putra sampeyan saestonipun
kalamun tan jayeng jurit
luhung kawula rumuhun
mantuk mring Rahmatolahi
nulya kapir b■r■g purun
Lawan murtad kados sampun pirsa tuhu
lamun rayi dal■m y■kti
antawis suka k■langkung
kados wont■n ingkang warti
dinugi datan m■rojol
Lawan Kangj■ng Pan■mbahan sampun tamtu

k■cakup p■ngraosneki
rayi dal■m Kangj■ng Ratu
mapan sa- ng■t denature
nyimpang saking margi sampun
Laj■ng nurut manjing wana Kangj■ng Ratu
nging tan t■bih saking margi
kados marmaning Yyang Agung
kapir murtad kang nututi
sadaya pan datan anon
Ingkang wana ingosak-asik s■darum
pan lawan dens■njatani
kados langkung manahipun
ngulati datan k■panggih
nulya gung wana ingobong
Pan■mbahan kawula tama dikdeku
mapan sampun nyipta sabil
nging rayi dal■m J■ng Ratu
tan mantra susah ing galih
pan ica l■nggah kimawon
Sampun t■las wana kiwa t■ng■nipun
s■daya pan kab■s■mi
pan anging k■dhik puniku
kawula datan andugi
kaelokaning Yyang Manon
Datan pasah marma brama langkung agung
p■sanggrahan kitha Giri
pan w■tah sadayanipun
sar■ng tita tan k■panggih
kapir murtad laj■ng bodhol
Kangj■ng Sultan atanya ing m■ngko iku
sakeh repot ana ng■ndi
apa m■ksih manggen iku
ana kutha Giri maning
Tuwan Sarip matur alon
Mapan ngalih dhat■ng Ngr■jasa sadarum
sabab sampun tan kuwatir
m■ngsah sampun t■las iku
kalawan Pag■len sami
Basah tiga sampun mantuk
Apa nora cicir repot iku
Tuwan Sarip aturneki
nanging nini dal■m iku

Nyai Jawinata kenging
bin■kta mring Ngayogja sampun
Kangj■ng Sultan nulya angandika iku
mring kang paman Pangran Bei
Man Bei sampeyan mantuk
rumiyin kula wang■ni
pitung dina lan sireku
Pakuningrat lawan kabeh sadulurmu
wus padha meluwa mulih
angg■ntenana sireku
mring Mangkudiningrat iki
poma aja owah mangko
Pangran Pakuningrat sandika turipun
J■ng Sultan ngandika malih
Paman Bei lamun sampun
kilen k■dhik watirneki
kalamun sampeyan wangsul
Basah Ngabdul Latip saprajuritipun
sampeyan b■kta mariki
sandika Pangran turipun
wus lengser Pangran Bei
saking ngarsanya Sang Katong
Lan Pangran Pakuningrat datan kantun
budhalan s■dherekneki
saking Kuwanen sadarum
m■ngkana wus tan winarni
sagung kapir murtad mangko
Mapan langkung samya t■las manahipun
nanging kantun jailneki
sab■n senapati iku
samya tinibanan tulis
ing■bang ingicuk-icuk
Jendral Dh■ Kok Pagen wus aneng Saleku
Ngayokja mapan wus s■pi
kapir murtad pan ngalumpuk
sadaya neng Sala sami
ingkang baris pinart■lu
Singasari ing Nglungge kalawan D■langgu
tan purun maj■nga malih
dhumat■ng Kuwanen iku
mapan sang■t kawusneki
wong Pajang prapta s■darum
Samya sowan dhumat■ng Kuwanen iku

nulya Kangj■ng Sri Bupati
anuding Ki Maja iku
kinen gitik sagung baris
anulya wakil kimawon
Kyai Maja tan purun t■bih Sang Prabu
wakil Ki Kasan B■sari
kalawan prajuritipun
Barjumungah mapan sami
angirid Pajang s■darum
Kangj■ng Sultan mapan amaringi bantu
Urawan sakancaneki
gya n■mbang t■ngara gumruh
budhal sagung kang tinuding
saking Kuwanen sadarum
Tan winarna marga Lungge prapta sampun
mapan datan ngantos jurit
sar■ng katingal puniku
d■dam■l ag■ng kang prapti
tin■rka Bulkiya iku
Kapir murtad lagya sang■t kawusipun
tan ngetang dandanan sami
lumayu ar■but dhucung
mariy■m tiga kang keri
sampun katur mring Sang Katong
Laj■ng kinen anggitik ing Singasantun
budhal saking Lungge sami
minggah dhat■ng Singasantun
m■ngkana ingkang abaris
Singasari tindhihipun
Mapan Inggris S■tew■r sar■ng andulu
dhumat■ng gaman M■ntawis
langkung ag■ng n■rka iku
Kangj■ng Sultan kang nindaki
dadya tan lawan ing pupoh
Pan lumaj■ng datan ng■tang donyanipun
mariy■m n■n■m kang kari
dadya sadaya pan ngumpul
mring D■langgu dadya siji
pan samya s■dya r■r■mpon
Sagung putra s■nta-na Surakarteku
prajurit lawan bupati
W■landa pan sampun kumpul

aneng D■langgu abaris
nging s■dya tadhah r■r■mpon
Mapan rakit borang lan mariy■m sampun
kalih w■las mriy■mneki
d■dam■l sadayanipun
kumpulnya murtad lan kapir
wolung ewu cacah kang wong
Tan kuwawi sagung wadya kang rumuhun
dadya kend■l samya baris
nging aj■ng-aj■ngan sampun
Kasan B■sari tur uning
lawan Ki Urawan mangko
Lan ngaturk■n bandhangan mariy■m sagung
Kyai Maja angaturi
mring Kangj■ng Sultan pan laju
tan arsa sigra Narapati
ng■ntosi kang paman mangko
Kangj■ng Pangran Ngabei sarawuhipun
Kangj■ng Sultan pan say■kti
kalamun tan tahan iku
kang paman Pangeran Bei
ingkang tyas k■langkung rikoh
Datan sag■d m■rtik■lak■n prang pupuh
saliyannya Pangran Bei
dene Ki Maja puniku
tan kenging tinari kardi
kalamun katingal mungsoh
Yen tan ana kewala sang■t t■kabur
marma Kangj■ng Sri Bupati
mapan esmu g■la tuhu
mring Ki Maja ingkang galih
langkung ajrih mring Yyang Manon
W■ktu iku Ki Maja asring sin■ndhu
dhumat■ng Sri Narapati
dene kathah■n t■kabur
nanging kathah kang tan y■kti
ajrih sak■dhap kimawon
Saking kathah ingkang dadya sukanipun
m■ngkana wus tan winarni
Pangran Bei sampun rawuh
ngirid Basah Ngabdul Latip
lawan saprajuritipun
Laj■ng atur salam mring Kangj■ng Sang Prabu

Basah ngusweng pada Aji
riwus Pangran Bei matur
niskara wus katur sami
J■ng Sultan sokur Yyang Manon
Riwusnya Kangj■ng Sultan nulya nantun
mring kang paman Pangran Bei
lan sampun pinaring w■ruh
sabarang pratingkah sami
Pangran Bei matur alon
Lamun par■ng lan karsa Kangj■ng Sang Prabu
didal■m Basah satunggil
pun Ngabdul Latip Sinuhun
lawan saprajuritneki
sewu pinaringna bantu
Inggih dhat■ng pun Natapraja puniku
didal■m bupati katri
sakidul Ngayogja iku
ngl■mpak wont■n ngarsaji
dados bot■n ceweng sampun
Kalih Basah Ngabdul Latip mapan sampun
pirsa pakew■d pan sami
sawetan margi g■ng iku
Kangj■ng Sultan wus mar■ngi
gya kinen dhawahk■n mangko
Basah lawan Pangran Natapraja sampun
kinen laj■ng baris baki
lan angradina puniku
sawetan margi g■ng sami
sandika Basah turipun
Laj■ng budhal Basah lan prajuritipun
saking Kuwanen wus prapti
ing Prambanan sampun pangguh
lan Pangran Nataprajeki
laj■ng dhinawuhan mangko
Ing s■barang k■rsanya Kangj■ng Sinuhun
Pangran langkung sukaneki
binantonan Basah iku
pan sewu prajuritneki
bupati katri wus laju
Sar■ng lawan gandhek lampahipun
Den M■nggung Sumadiningrati
lan Raden Jawinateku

tiga Kyai Rajaniti
kawarnaa Kangj■ng Sang Katong
Mapan budhal saking Kuwanen Sang Prabu
lawan sawadya kusweki
ing K■ndaren sampun rawuh
laj■ng m■sanggrahan aji
Pangran Bei matah sampun
Ingkang kinen rum■ksa pakew■d pungkur
Raden Riya Sindurjeki
baris Dasasela iku
k■lawan Tum■nggung Bumi
Mas Sutayuda K■jambon
Pangran Natapraja lan sakancanipun
bupati wetan Yogjeki
lan Raden Basah puniku
Ngabdul Latip budhal sami
saking Parambanan sampun
Datan wont■n ingkang m■thuk ing p■rang pupuh
mapan laj■ng t■luk sami
wong wetan radinan iku
prapta Baki tata baris
Sala langkung gegeripun
■n■ng■na kawarna ing Daren iku
Kangj■ng Sultan nulya nuding
mring sagung bupati iku
pan kinen gitika sami
marang kang baris D■langgu
Pangran Sumanagara pangiridipun
lan Raden Jayan■gari
myang sagung pra dipatyeku
mapan sewu kang prajurit
saking K■ndaren wus bodhol
Ambantoni marang Kasan B■sari iku
neng Kopan barisneki
tan winarna prapta sampun
nanging samya m■nggahneki
dadya yun-ayunan mawon
Ki Urawan karsanya Kangj■ng Sinuhun
mapan kinen mantuk iki
lawan saprajuritipun
pan gilir rum■ksa wingking
lan Pangran Hadisuryeku
Nanging Pangran Hadisurya dereng rawuh

dadya kang rum■ksa iki
nging Basah kalih puniku
aneng K■ndare n■rpati
Ki Maja Pangran Beiku
Tuwan Sarip Tum■nggung Puthut Laweku
Dolah Khaji Badarodin
lan sagung ngulama iku
sewu langkung mapan k■dhik
ingkang rum■ksa Sang Katong
Neng G■ndaren m■ngkana ingkang winuwus
kang baris Koripan sami
ingkang r■mbag datan ngumpul
mapan pisah-pisah sami
s■daya barisanipun
Wus kapirsa dhumat■ng ingkang Sinuhun
k■lamun m■ngkana sami
kang baris Koripan iku
dadya langkung amatosi
arsa t■dhak J■ng Sang Katong
Basah kalih mapan dhinawahan sampun
nulya at■ngara sami
budhal sing K■ndaren sampun
sawadya kuswa tan kari
nyare neng Ngumbul sadalu
Enjang mangkat Koripan mapan wus rawuh
jam saw■las wancineki
dadya tangg■l kend■l iku
nimbali kang pra dipati
Pangran Ngabei neng ngayun
Lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung
kang para ngulama sami
lan kang pratiwa nung-anung
Kangj■ng Sultan ngandikaris
mring kang paman Ngabei iku
Paman Bei sampeyan tata puniku
s■daya rakiting jurit
Pangran sandika turipun
nulya nantun Pangran Bei
mring Ngusman Libasah mangko
Basah Ngusman m■ngkana ing aturipun
inggih k■lamun mar■ngi
mangke yen wus salat Luhur

lan angsal aso sak■dhik
Mring ature Seh Ngusman Libasah iku
nulya J■ng Pangran Ngabei
andangu m■ngsah D■langgu
kathahnya myang rakitneki
Kasan B■sari turnyalon
Ingkang wau mapan m■ngsah wolung ewu
sar■ng Pangran prapteng Baki
lan Basah Tul Latip iku
m■ngsah suda sewu mangkin
dados kantun pitung ewu
Nging mariy■m taksih kalih w■las iku
lawan jendralipun maksih
myang putra santana sagung
lan Ngayogja wont■n sami
angl■mpak D■langgung sampun
Nging K■lathen mapan m■ksih k■dhik iku
myang Kalitan inggih m■ksih
lawan ing Kartasureku
mapan D■langgu puniki
mara tiga barisipun
Jendral lawan putra santana sadarum
wont■n t■ngah barisneki
ingkang kidul saradhadhu
ler sagung para dipati
Pangran Bei atanyalon
Kanca Pajang Paman pint■n barisipun
s■daya kang dika irid
Kasan B■sari turipun
mapan inggih sewu nanging
k■jawi prajuritipun
Adhi Maja kanca Barjumungah iku
kang minangka ototneki
kanca ing Pajang sadarum
mes■m Kangj■ng Pangran Bei
anulya ngandika alon
Basah Iman Basah Ngusman r■mbagipun
mapan wus karuwan iki
ingkang m■sah am■rt■lu
paran ing prayoganeki
Ngusman Libasah turnyalon
Lamun par■ng prayogi b■bahan iku. Sampun tulung-tinulungi
amrih mant■p tekadipun

rehning wong karoban tandhing
lan kuciwa papanipun
Lamun bot■n tan m■kat■n wande iku
iren dados ngapirani
dene kawula saestu
bot■n nuwun bantu malih
nging kanca kula kimawon
Kang Bulkiya tigang atus mapan sampun
dene kang kula pilih
t■ngah gen wurohanipun
dadosa dhumat■ng sabil
mapan wus sin■dya batos
Lawan sae kang wingking pocapanipun
Basah Iman mapan malih
kang panggenan saradhadhu
dene barising bupati
lan sagung ingkang p■kewoh
Lan kawula sumangga Paduka sampun
Basah kalih aturneki
Pangran Bei ngandikarum
yen m■ngkono kang dipati
dadi kat■mpuh maring wong
Iya keh kanca bupati M■ntarum
nanging durung miyatani
kinarya ngant■p prang pupuh
putu Basah Ngabdul Khamid
aku jaluk otot-otot
Kang prajurit Suraya lironi ingsun
Mandhung lan Suranateki
Suragama iku putu
ingkang dherek Sri Bupati
Mantrij■ro bae cukup
Gam■l ngampil ponakawan iku putu
anakmas adhimas iki
prandene wus padha nusul
Basah Iman aturneki
mapan sumangga kimawon
Pangran Bei malih angandika iku
dika Ki Kasan B■sari
kang prajurit Pajang sewu
lawan Barjumungah sami
sampun wont■n melu pupuh

Ing D■langgu barisa Wiyagang iku
ngar■p■na m■ngsah kalih
Kalitan Kartasureku
sandika Kasan B■sari
nging poma dika denkukoh
Amrih sampun angeroni ing prang pupuh
Jayan■gara sireki
lawan Kartan■gareku
kat■lu S■can■gari
padha barisa ing nglurung
G■dhe iya ngar■p■na ingkang mungsuh
ing K■lathen bok m■toni
nging poma padha denkukuh
wus padha bubuwan iki
sandika samya turipun
Sampun rampung nulya kinen mangkat iku
n■nggih Ki Kasan B■sari
lan Pajang prajurit sewu
t■napi tum■nggung katri
sing Koripan sar■ng bodhol
Ngrumiyini ing Wiyagang prapta sampun
n■nggih Ki Kasan B■sari
laj■ng tata baris nglurung
dene kang bupati katri
ing Ngaljur pan prapta sampun
Mapan inggih laj■ng samya baris nglurung
Koripan ingkang winarni
laj■ng samya salat Luhur
bakda Basah kalih nuli
gya n■mbang t■ngara pupoh
Mapan sampun prajurit laj■ng m■rt■lu
Basah Iman Ngabdul Kamil
mapan kang budhal rumuhun
pinilih kang munggeng ngarsi
Raden Prawiradirjeku
Ingkang dadya pangiriding prang puniku
nulya Mandhung kang nambungi
Den M■nggung Martalayeki
Dolah Kaji Badarodin
prajurit Suryagameku
Tuwan Sarip Samparwadi ngirid iku
prajurit Suranateki
Gusti Basah munggeng pungkur

ginar■b■g s■ntaneki
anglir Raden Abimanyu
Mapan nitih turangga pun pr■rang g■muh
nulya Kangj■ng Pangran Bei
budhal lan Ki Maja iku
kang dadya cucuking jurit
Pangran Suman■gareku
Rajaniti nulya J■ng Pangeran iku
lan Ki Maja munggeng wingking
ginar■b■g ngulama gung
budhal sing Koripan sami
nulya Bulkiya bodhol
Ingkang dadya pangiriding aprang iku
Seh Dulah Kaji Dulkadir
nulya Seh Dulah puniku
Kaji Mustapa nambungi
Seh Ngusman Libasah pungkur
Kang t■nagara tin■mbang swaranya umyung
mapan langkung g■girisi
m■ngkana Bulkiya iku
sampung karsaning Yyang Widi
yen badhe lan nang palugon
Kang t■ngara lir muni ngawiyat sagung
nulya mandhe pusakadi
waos Ki Barutubeku
Bulkiya samya udani
k■lamun murub lir obor
Pan m■ngkana Bulkiya t■ng■ranipun
tabuhan lan waosneki
dadya tan ajrih pakewuh
sagunging Bulkiya sami
ing D■langgu kang winuwus
Mapan sampun kauningan baris agung
m■rtiga deninggahi
kapir murtad atat sampun
nulya ng■drel mriy■m sami
mapan sar■ng praptanipun
Basah Iman lawan Basah Ngusman iku
t■napi J■ng Pangran Bei
dadya tan tulung-tinulung
langkung rame swaraneki
s■njata lir gunung rubuh

Ingkang baris wiyagang m■ngkono iku
lawan ing Nglajur pan sami
dadya tanpa rungan iku
unine kang s■njatalit
baru lan mariy■mipun
Kangj■ng Sultan sakeca ing tyasipun
kantun p■sanggrahan iki
aneng Koripan puniku
nulya mundhut kang turanggi
Ki Wijayacapa katur
Sampun nitih mantri l■b■t munggeng ngayun
Puthut Lawa kang pangirid
lawan Puthut Guritneku
Gam■l Ngampel aneng wingking
lawan ponakwan sagung
Kang s■ntana Pangran Suryawijayeku
Pangran Suryadipureki
Pangeran Suryadipureku
Pangran Adin■gareki
Pangran T■pasonta mangko
Pangeran Wijil Pangran Mangkudipureku
neng marga kap■thuk iki
satunggal suraya tatu
kenging pelor dhadhaneki
butul nanging takat iku
Kang Sinuhun ingkang tyas sangsaya langkung
kuwatir pin■lak prapti
Bulkiya panggenanipun
Ngusman Li Basah duk uning
lamun sinusul sang katong
Langkung ajrih kang Bulkiya tigang atus
nirbaya wus tan kaeksi
samya r■mp■k aj■ngipun
nging tan sag■t sar■ng sami
pan urut gal■ng kimawon
Ingkang sabin langkung l■b■t paluhipun
marma turut gal■ng sami
prajurit Bulkiya sagung
ing■drelan denmriy■mi
Bulkiya pan turut kukus
Ingkang pelor pan wus tanpa karya tuhu
dadya Kapir Murtad sami
k■langkung gila andulu mring

Bulkiya laj■ngneki
nulya bubrah tatanipun
Sagung putra santana Surakarteku
carub kalawan w■landi
ingkang ag■ng-ag■ng iku
mapan langkung gegerneki
samya r■butan kudeku
Mapan dadya kapiran tan angsal iku
kas■lak Bulkiya prapti
pan lumaj■ng r■but dhuwung
m■ngkana Pangeran Behi
ing Surakarta pan kantun
P■laj■ngnya pas nuju kap■thuk iku
lan Dulah kang ji Dul Kadir
laj■ng ing ngancaran iku
waos n■bda Pangran Behi
Eh Ngabdul Kadir sireku
Apa pangling sira iku marang ingsun
Dullah Dul Kadir sauri
inggih mapan bot■n pandung
nging paduka sapuniki
pan sampun murtad say■ktos
Kangj■ng Pangran anuli winaos iku
mring Dullah kaji Dul Kadir
pan dhawah kontal puniku
wungu pan winaos malih
nanging karsaning Yang Manon
Mapan datan tumama J■ng Pangran iku
ngantos pugut waosneki
Kangj■ng Pangran gya rin■but
marang sagung ingkang abdi
laj■ng bin■kta lumayu
Nging kang abdi langkung kathah ingkang lampus
tunggal bangkene kapir
kang samya nunggang puniku
kareta k■butuh sami
tinututan samya anjlok
Pan wus b■dhah ingkang baris kathah iku
mariy■m n■n■m kang kari
kareta pan tiga iku
m■ngkana ingkang winarni
kang baris ■ler wus campuh

Bupati ing Sala pan tindhihipun
kalawan mancan■gari
an■nggih Raden Tumenggung
Sasrawinataneki
kang rayi patih seleku
Pan k■tanggor panggih Dulah Surayeku
Raden Busungeb puniki
mapan samya purunipun
pan tan sedya mundur kalih
dangu s■njatan mangko
Ngantos t■las kang s■ndawa kalihipun
Raden Sasrawinateki
mapan nulya nyandhak lawung
Busungeb mundur anuli
Den Sasrawinata nguwoh
Heh prajurit baliya aja lumayu
Den Dulah Busungeb angling
ingsun pan ora lumayu
ar■p jupuk tumbak mami
antinen sadhela kono
Raden Dulah Busungeb wus salin lawung
gya wangsul prapta anuli
g■bang gin■bang adangu
pan samya prawira kalih
nanging karsaning Ywan Manon
Raden M■nggung Sastrawinata puniku
kasliring winaos kenging
jajanira mapan butul
niba laj■ng ang■masi
Bupati s■daya mawur
Ing mantri mapan kathah samya lampus
mariy■m tiga kang kari
ingkang ler wus b■dhah iku
nging kantun kang kidul iki
Basah Iman mapan langkung
Dening keros pan kinarya lesan iku
datan sag■d maj■ng iki
mapan langkung ew■dipun
paluh lawan den borangi
lan kand■l pagr■nya mangko
Kang prajurit pinilih s■njatanipun, pelornya pan tanpa kardi
sagung wong Sum■n■p iku
sasuka-sukanireki

ngangsalak■n s■njatanipun
Lan mariy■m Sultan Sum■n■p pan langkung
suka denira udani
prajurit pinilih iku
mapan kathah ingkang kanin
pitulas kang samya tatu
Pan ngabehi satunggil pinilih tatu
Ki Surawana w■steki
nging samya tan punapeku
Rangga s■kawan anangis
saking kakuning tyasipun
Sadangunya kinarya lesan puniku
maj■ng datan sag■d sami
dening borang lawan paluh
yun matur rangga samya jrih
mring Gusti Basah puniku
Raden Dulah Prawiradirja gya matur
dhat■ng Basah Ngabdulkamil
mapan sarwi nangis iku
ngaturi mundur rumiyin
mapan sang■t ew■dipun
Datan sag■d mal■s dados lesan iku
pun wa rangga samya nangis
Prawiradilaga iku
lawan Prawiradirjeki
Bahuyuda jadraneku
Basah Iman ngandika pan asmu b■ndu
lamun padha wedi mati
wus mundura kabeh iku
ingsun tan s■dya gumingsir
pan wus dadi jangjiningong
Dullah kaji Tuwan Sarip samya matur
nging m■ksa tan pin■rduli
Raden Prawiradirjeku
laj■ng nyandang atur uning
dhumat■ng Kangjeng Sang Katong
Lawan Raden Jayas■ntana puniku, m■ngkana J■ng Sri Bupati
mapan lagya l■nggah iku
aneng sangandhap waringin
kagyat sar■ng praptanipun
Raden Dulah Prawiradirja umatur
pukulun putra n■rpati

J■ng gusti basah puniku
tan kenging ambaturi
pinilih pan kathah tatu
Pan kinarya lesan ing sadangonipun
mal■s datan sag■d y■kti
pan langkung pakew■dipun
pelor langkung d■r■sneki
putra dal■m m■ksih manggung
Wont■n kuda kawula aturi mundur
putra dal■m datan apti
mapan pangandikanipun
lings■m yen tan b■dhah ugi
n■nggih D■langgu puniku
Kangj■ng Sultan sar■ng miarsa turipun
Raden Prawiradirjeki
mapan langkung watosipun
nulya mundhut kang turanggi
Ki Jayacapa wus atur
Sampun nitih lawan angandika iku
kabeh ja na m■lu iki
kariya kene sireku
sandika samya tur seki
nulya mangkat J■ng SangKatong
Ingkang dherek nging Den Prawiradirjeku
kalih Den Jas■ntaneki
tan pantara nulya rawuh
gennya Basah Ngabdul Kamil
Kangj■ng Sultan an■bda lon
Wus ta kulup payo mundur dhingin iku
luru dalan ingkang b■cik
Basah Iman datan matur
malah datan aningali
dhumat■ng Kangj■ng Sang Katong
Sri Nalendra dadya langkung watosipun
nulya n■nuhun Ywang Widi
m■ngkana pan ana lesus
saking kidul w■tan iki
kang brama sangkannya tan boh
Laj■ng b■smi sadaya wisma D■langgu
lawan pag■r pag■r ■nting
Sum■n■p kat■mpuh iku
mapan kathah ingkang mati
kobong langkung gegeripun

Kang prajurit pinilih sar■ng j■ngipun
ngamuk lawan waos sami
mapan sar■ng brama iku
Sum■n■p lumaj■ng iki
m■ngaler cin■gat iku
Mring Seh Ngusman Li Basah sakancanipun
Bulkiya samya numbaki
wangsul tinadhahan iku
marang prajurit pinilih
dadya k■dhik kang marojol
Langkung kathah bangkene Sum■n■p iku
wus b■dhah Delanggu sami
m■ngkana ingkang tutulung
saking K■lathen wus prapti
nglajur tinadhahan sampun
Marang Jayan■gara Can■gareku
katiga Kartanagari
bantu tan kuwawi wangsul
ingkang ler m■ngkana malih
saking Kalitan yun tulung
Lan ing Kartasura sar■ng praptanipun, wiyagang wus den dhadhahi
mring Kasan B■sari iku
lan prajurit pajang sami
dadya pur samya duripun
Kawarnaa Kangj■ng Sultan pan wus kondur
dhumat■ng kori pan malih
laj■ng m■sanggrahan iku
Pangran Behi sampun prapti
Kalawan Ki Maja iku
Basah kalih laj■ng samya sowan iku
dhat■ng Kangj■ng Sri Bupati
ngaturk■n bandhanganipun
mriy■m kalih w■las iki
ingkang katur mring Sang Katong
Rajabrana mapan langkung kathahipun
nanging tan katur Sang Aji
mapan sampun laj■ng sinung
kang samya angsal pribadi
lir mariy■m lawan songsong
Lan g■ndera ingkang katur mring Sang Prabu
Sang Nata mes■m tanya ris
mring kang paman Ngabehiku

punapa luj■nga sami
kang s■dya prang r■r■mpon
Pangran Behi m■ngkana ing aturipun
s■daya pan luj■ng sami
angsal pang■stu Sang Prabu
nanging kathah ingkang kanin, m■gatruh gumanti pucung.
Kanca kula paman
titiga kang tatu
nging datan punapa
sadaya jajar prajurit
Kedhu kalih Suraya ingkang
satunggal
Kang Bulkiya pan luj■ng
s■dayanipun
nging mas putu Basah
kancanipun kathah kanin
kang prajurit pinilih mapan
pitulas
Ngabeinya satunggal surawaniku
samya tan punapa
J■ng Sultan mes■m n■bdaris
Sampun paman sagung kang tatu
sadaya
Sampeyan ken angantukak■n
rumuhun
Pangran Bei turnya
sandika wus luwar aji
m■sanggrahan m■ngkana wus tan
winarna
Sampun lama Jeng Sultan wont■n
ngriku
mapan pitung dina
kapir langkung k■ndhakneki
lawan murtad tan purun m■dali
yuda
Mapan m■mp■n aneng
Kalitan iku
Ki Maja aturnya
dhumat■ng Sri Narapati
ing Kalitan ngaturan b■dhah
punika
Kangj■ng Sultan anuruti
aturipun

budhal sing Koripan
sawadya kuswa tan keri
prapta P■ngging mapan nulya
m■sanggrahan
Aneng umbul n■nggih
k■lang■nanipun
Kangj■ng Suhunan Sala
ingkang toya langkung w■ning
mina kathah Kangj■ng Sultan pan
kacaryan
Dadya eng■t mring kang rayi
Kangj■ng Ratu
pan wus tigang wulan
Kangj■ng Sultan ngant■p jurit
Ngantos supe, mangkya eng■t ing
tyasira
Sar■ng mulat toya w■ning umbul
agung
lan kathah minanya
lawan wont■n bulusneki,
sela gilang dadya eng■t
Selaraja
Dadya ewah Kangj■ng Sultan
niyatipun
kadya kenging coba
Ki Maja sring sinrang iki
Pun Kalitan
benjang punapa bin■dhah
Kangj■ng Sultan mapan esmu g■la
tuhu
dhumat■ng Ki Maja
saya keh t■ka turneki
de kapir murtad wus tan bisa
Lamun m■tu Pangran Mangkubumi
sampun
salapan wus seda
kenging pelor w■ntisneki
marmanira Ki Maja pan saya
dadra
T■kaburnya m■ngkana
pangucapipun
sapa denand■lna

pan wong Sala iku kabeh
bapakane pan muride bapak
ingwang
Ing saiki mapan kabeh
muridingsun
m■ngkana J■ng Sultan
Kyai Maja dendukani
pan nanging ya kend■l sak■dhap
kewala
Sabab Pajang pan sampun dadi
sadarum
nanging kantun Sala
lawaning Kalitan iki
Boyalali punika kang dereng
b■dhah
Nanging sampun s■daya tan sag■d
matur
marma Kyai Maja
k■langkung t■kaburneki
sab■n dina ngaturi b■dhah
Kalitan
Nanging tiga punika kang dereng
r■mbug
Seh Ngusman Li Basah
lawan Basah Iman iki
Pangran Bei k■dah ing■ntos
kewala
Kyai Maja mapan sang■t aturipun
nulya tinurutan
gya n■mbang t■ngara jurit
pin■rtiga lampahe wadya s■daya
Saking g■nge prajurit Pajang
Mentarum
lawan K■dhu ika
mapan kathah nusul sami
wus tinata Kyai Maja tindhihira
Lawan laj■ng Pangeran Ngabehi
iku
paman sampun budhal
wadya g■ng saking ing P■ngging
Kangj■ng Sultan ayun ningali
kewala
Mapan miyos radinan ag■ng

puniku
ingkang dherek ika
gam■l ponakawan ngampil
prapta Pasar As■m kend■l
Kangj■ng Sultan
Mapan l■nggah neng
ngandhaping as■m
iku
kang nglarug wus prapta
Kalitan campuhing jurit
langkung rame swarane ingkang
s■njata
Kang m■riy■m lawan s■njata lit
paku
mapan b■rondongan
tan dangu nulya ningali
ingkang b■smen bromala kung
ag■ngira
Kangj■ng Sultan nulya utusan
mrikseku
Lurah Nangsa ika
kalawan mantri satunggil
pan kapalan kang nama
Malangprawira
Bratakesamantri punika ranipun
kalih s■sand■ran
wus prapta kap■thuk nuli
lawan husar binujung kalih
lumajar
Wangsul prapta ngarsane
Kangj■ng Sang Prabu
kas■sa turira
didal■m pan mundur sami
ingkang hussar mbujung marika
sadaya
Kangj■ng Sultan esmu maib■n
puniku
marang aturira
Malangprawira puniki
dene during ana kanga tur
uninga
Lan prajurit dene

during ana mundur
tan dangu katingal
undurnya sagung prajurit
medal gal■ng sabin lawan iring
arga
Kangj■ng Sultan ismu lings■m
dadya b■ndu
dene undurira
datan medal margi sami
nulya mundhut titiyan Ki
Jayacapa
Nulya katur Sri Nalendra nitih
sampun
mring Ki Jayacapa
laj■ng an■rajang iki
paluh gal■ng kalen mapan datan
mawang
Kang prajurit sadaya sar■ng
andulu
dhumat■ng J■ng Sultan
samya kend■l langkung ajrih
Pangran Bei lan Ki Maja gya
katingal
Laj■ng soan dhumat■ng Kangj■ng
Sang Prabu
Basah kalih samya
prapta sagung kang prajurit
sami kend■l dh■dh■g aneng
ngara-ara
Laj■ng baris tumingal
sangsata b■ndu
dhumat■ng Ki Maja
kalawan J■ng Pangran Bei
sru ngandika dene tan padha
ngapaa
Mundhak gawe g■dhe
marang ati mungsuh
tumungkul Ki Maja
lan Kangj■ng Pangeran Bei
langkung ajrih kalih tan sag■d
matura
Basah Ngusman mangkana ing
aturipun

Kawula tan ina
lan sakanca sampun ngrampit
ingkang beteng lan anak
K■rtan■gara
Griya sampun ken kula b■smi
sadarum
pan kantun satunggal
ing gennya wurohaneki
tan uninga yen kanca mundur
sadaya
Undur amba kalawan anak
Tum■nggung
pan tan angsal marga
kapir sampun ambuntoni
laj■ng ngamuk marma marma amba
angsal marga
Kangj■ng Sultan m■ngkana laj■ng
andangu
sapa ingkang rusak
tata iku marai
Basah Usman umatur bot■n uninga
Pangran Bei lan Ki Maja tan
matur
tumungkul kewala
Dulah Khaji Badarodin
ris turira kawula
ingkang uninga
Ingkang dados marganipun samya
mundur
pan sar■ng uninga
abdi dal■m wont■n sabil
nging k■kalih laj■ng bibrah
tatanira
Ma tan tangled kalawan
husaripun
pan kalih kawula
sakanca sadaya sami
ingkang husar mapan sampun
kathah p■jah
Nunt■n abdi dal■m Seh M■ntaram
iku
prapta sabillollah

k■laj■ng p■ngamukneki
ngulami g■ng ingkang mulang
Wanakrama
lan satunggal abdi dal■m lurah
Mandhung
pun Gagat Taruna
Laj■ng abdi dal■m sami
Mundur bibrah mapan mapan tan
kenging tinata
Sri Narendra sar■ng pirsa
aturipun
Seh Kaji punika
lamun Seh M■ntaram prapti
sabilollah dadya m■dal ingkang
duka
Mring kang paman lawan Kyai
Maja iku
pan kinen mangsulna
sagunge ingkang prajurit
Sri Nalendra arsa
j■n■ngi pribadya
Gya tinata kang prajurit
pinart■lu
sagung pra dipatya
M■ntawis lan Kedhu iki
mapan kinen m■dal sing kidul
sadaya
Wadya Pajang kinen medal ler
sadarum
ingkang dadya dhadha
sagung prajurit jro sami
Basah kalih mapan dadya
pangiridnya
Gya t■ngara mangkat sar■ng
praptanipun
ing Kalitan samya
pan laj■ng kin■pang kikis
nanging kapir pan laj■ng kend■l
kewala
Datan purun m■thukneng barisan
iku
langkung kedh■pira
tigang atus win■tawis

pan kal■b■t kalih arahan punika
Lan mariy■m kalih kang denadh■p
iku
tan purun ngung■lna
anglir mit■ngg■ng■n sami
dipunledhek nging kapir kend■l
kewala
Basah kalih samya ngatas mring
Sang Prabu
ayun rin■basa
nging Sang Nata tan
mar■ngi
kinen nganti ung■le mariy■mira
Kangj■ng Sultan langkung w■las
ing tyasipun
marang kapir ika
dadya wus karsaning Widi
pan mangkana Sri Narpa usiking
driya
Lamun ingsun rusaka pasthi yen
g■mpur
iya kadar pira
nanging kang sunkuwatiri
nora wurung p■sthi banjur
marang Sala
Lamun tump■s iya apa kang
sunr■but
nora wurung ika
kaya dhek p■lengkog iki
kang sunt■dha kapir murtad
nging elinga
Lan wus w■ngi Kangj■ng Sultan
nimbali iku
dhumat■ng kang paman
Kangj■ng Pangeran Ngabei
lan Ki Maja kalih sampun prapta
ngarsa
Ris ngandika paman Bei paman
sagung
prajurit sadaya
sampeyan ken mundur sami
sampun dalu manah kula sampun

g■la
Benjing-enjing kewala paman
rin■mbug
Pangran Bei turnya
sandika gya marentahi
marang sagung
prajurit kinen ngundura
Gya t■ngara prajurit pan samya
mundur
Kangj■ng Sultan nulya
kondur marang P■ngging malih
kapir mapan ngung■lk■n mry■m
ping tiga
Sar■ng sampun kalih dina
antaranipun
Kyai Maja ngatas
kalawan Pangeran Bei
nuwun karsa punpatan dendugekna
Inggih b■dhah loji Kalitan
Sinuhun
mes■m Sri Narendra
lawan angandika aris
bot■n paman pan kula aj■ng
uninga
Kartasura mapan pundi
pr■nahipun
dene kapir ika
kaj■nge paman nututi
Pangran Bei atanya dhat■ng Ki
Maja
Pundi dhusun kang c■lak
Kartasureku
Ki Maja aturnya
K■jawi Kalinggen iki
nulya kinen karya p■sanggrahan
ika
Sampun dadya gya atur uninga
iku
J■ng Sultan wus budhal
saking P■ngging sawadyeki
tan winarna ing Kalinggen
sampun prapta
Nanging kapir sampun alit ing

tyasipun
tan purun maj■nga
Kangj■ng Sultan kang winarni
kang neng nala nanging J■ng
Ratu kewala
Ayun kondur dereng wont■n
margenipun
ngantos pitung dina
neng K■linggen Sri Bupati
Pangran Bei lan Ki Maja asring
ngatas
Magut yuda Sang Nata datanpa
yun
m■ngkana kang prapta
Kanngj■ng Pangran Ngabdul Raim
Hadisurya anusul sawadyanira
Gya dinangu ing saneskara wus
katur
sadaya J■ng Sultan
on■ngnya dhat■ng kang rayi
nging sinamur sarya mes■m
angndika
Mapan dangu mring Ki Kasan
B■sari ku
kene pa wus rata
won ging Pajang kabeh iki
lawan pira kang dadi
prajuritira
Ingkang sira c■k■l dhewe
prajurit iku
Kasan B■sari turnya
mapan sewu kang prajurit
dene Pajang pan sampun radin
s■daya
Ing sakilen margi kawula
s■darum
Jatosnem
wankitira
kang ler pulo kadang ngaji
wetan marga n■nggih Pangran
Natapraja
Mapan sampun Sinuhun radin

s■darum
Sang Nata ngandika
dhumat■ng Pangeran Bei
paman Bei Kasan B■sari punika
Mapan kula ganjar nama puniku
Basah prajuritnya
sampun jangk■p sewu iki
Pangran Bei aturnya mapan
sandika
Wus mup■k■t sagung pratiwa
nung-anung
Sang Nata anulya
andangu dhat■ng kang rayi
Ngabdul Raim sira gawa bala
pira
Pangran Hadisurya mapan
aturipun
gangsal atus nata
sabab pun Cakran■gari
amba tilar at■ngga wont■n
Ngr■jasa
Sangsayeng■t Sang Nata mring
Kangj■ng Ratu
mes■m angandika
dhat■ng kang paman Ngabei
paman Bei ing Pajang sampeyan
t■ngga
Pan dadosa wakil kawula puniku
ing Pajang s■daya
sampeyan kang misesani
sampun yuda yen
bot■n kapir kang
prapta
Mapan kula yun mantuk dhat■ng
M■ntarum
ngluwari ubaya
duk aneng Kasuran Nguni
ayun cukur heh Kasan B■sari
sira
Apa uwis kaduga tunggu bawahmu
lamun rinusuhan
iya marang ing si kapir
Basah Kasan B■sari matur kaduga

Lamun t■ksih tin■ngga prajurit
tuhu
M■ntawis punika
sag■ndhinge laknat kapir
pan kadugi mes■m Kangj■ng Sri
Nalendra
Angandika malih mring kang
paman iku
lan si Natapraja
mapan sampeyan timbali
wetan margi punapa sampun
dentata
Prajuritnya lawan pint■n
kathahipun
Pangran Bei turnya
sandika n■bda Sang Aji
Ngabdul Raim sira during oleh
karya
Ingsun tinggal lawan paman Bei
iku
lan si Mertalaya
poma den angati-ati
pan s■daya aturnya
samya sandika
Wong M■ntaram lan kedusun gawa
mundur
sunduga wus sayah
nulya budhal Sri Bupati
sing K■linggan sawadya kusa
sadaya
Mapan nitih Ki Jayacapa puniku
ing tyasnya nalendra
s■daya praptaa iki
ing Ngr■jasa Kangj■ng Ratu kang
neng driya
Dadya samya kantun kang
prajurit sagung
lan ngampil Ki Maja
nanging kang sag■t nututi
Basah Kamil lan Raden
Prawiradirja
Abu Sungeb mapan samya

kudanipun
s■kawan punika
prang g■mun pun madras iki
lan pun S■mar pan samya kuda
payudan
Ing K■linggen pan lampahan
tigang dalu
saking ing Ngr■jasa
s■dina kewala prapti
langkung kagyat Pan■mbahan
m■thuk nulya
Lan Pangeran Dulmajid lawan iku
Pangran Dipakusuma
mapan iku enggal mijil
saking Yogja laj■ng anungk■mi
pada
Nanging m■ksih neng
luhur turangga iku
padanya J■ng Sultan
sinungk■man kanan kering
mring kang rayi mapan lawan
ingkang putra
Ri sawusnya kang j■nggul tan
nulya laju
Kangj■ng Pan■mbahan
katingal gya m■laj■ngi
Sri Nalendra nulya t■dhak
saking kuda
Pan■mbahan J■ng Sultan nulya
rinangkul
pan esmu karuna
lir sup■na ing tyasneki
mapan l■nggah sak■dhap aneng
pandhapa
Kang putra tri sadaya pan samya
m■thuk
laj■ng l■nggah tata
nging J■ng Ratu tan kaeksi
Pan■mbahan aris denira atanya
Dene Sultan kondur tan ngiring
wadya gung
lan ngampil tan ana
Ki Maja lan adhi Bei

apa sira sultan kas■s■r ing
yuda
Ingkang ngiring pan nanging
jaran t■t■lu
banjur nora nana
dadya nging prapta pribadi
lawan gam■l sawiji
pan nora gawa
Bang■t t■m■n kagete pan
ateningsun
mes■m Sri Nalendra
lawan angndika aris
tra sampeyan Kyai tan wont■n
katingal
Kang pra putri punika p■pak
s■darum
ingkang s■puh samya
laj■ng atur salam sami
ingkang anem sampun ngab■kti
sadaya
Raden Ayu Pan■mbahan sampun
matur
pan rayi paduka
J■ng Ratu kula aturi
miyos datan arsa mes■m Sri
Nalendra
Ris ngandika Kyai sampeyan
kantun
Neng ngriki kewala
kawula tan kawon jurit
s■lak aj■ng uninga putra
sampeyan
Marma kantun punika sadaya
sagung
mangke ingkang prapta
yen soan sampeyan panggihi
nulya kondur mes■m Kangj■ng
Pn■mbahan
Kangj■ng Sultan kang
dherek Den Ayu
S■puh
dal■m tan k■panggya

laj■ng mring pan■peneki
Sri Nalendra Kangj■ng ratu wus
k■panggya
Tan winarna sadaya niskaranipun
mapan ya m■ngkana
J■ng Ratu salamineki
lamun lami tan k■panggih kang
raka
Pan k■langkung Kangj■ng Ratu
lings■mipun
ingkang dherek samya
prapta sowang-sowang sami
Kangj■ng Sultan Kangj■ng Ratu
kang winarna
Ingkang lagya samya sang■t
on■ngipun
m■ngkana winarna
Kyai Maja lagya prapti
lawan ngampil myang sagung pra
ngulama
Lawan putra santana myang
pratiwa gung
wus prapta sadaya
Basah Dullah sampun panggih
lan Ki Maja laj■ng soan Sri
Nalendra
Pan■mbahan ingkang manggihi
s■darum
aneng ing pandhapa
ing nguni sampun win■ling
Pan■mbahan wau dhumat■ng kang
putra
Kyai Maja nulya atur salam
sampun
myang Seh Basah Ngusman
lan sagung ngulama sami
kang pratiwa samya tur bakti
sadaya
Lawan ingkang pra putra s■ntana
iiku
Pan■mbahan an■bda
aris sarwi mes■m iki
Kyai Maja ing mangke ratu

andika
Nora k■na lamun sineba puniku
lagya mangun tapa
pan manira ingkang wakil
mapan kinen an■moni marang
andika
Nulya samya pinaring dhaharan
sampun
w■radin sadaya
lawan paguj■ngan sami
mapan sampun tan wont■n ingkang
tinata
Nulya kangj■ng Pan■mbahan n■bda
arum
dhumat■ng ki Maja
lan sagung kang samya prapti
wus kalilan samya mantuk
sowing-sowang
Dadya sami egar tyas
s■dayanipun
mapan badhe panggya
lan anak rabinya sami
sampun mundur sing ngarsa J■ng
Pan■mbahan
Kang prajurit samya n■mbang
t■ngareku
budhal sing Ngr■jasa
samya mantuk wismaneki
sowing-sowang m■ngkana wus tan
winarna
Kangj■ng Sultan nulya sampun
paras iku
ing bakda Jumungah
dadya samya bela iki
sagung Islam pan sampun cukur
sadaya
Ing M■ntaram Pajang kalawan ing
K■dhu
Pag■len sedaya
L■dhok Gowong jawi kori
pan w■radin samya bela cukur
ika

Myang p■kathik buruh kere samya
cukur
punika sadaya
datan mawi dendhawuhi
kadya sampun karsaning Allah
Tangala
Sagung Islam tin■ng■ran samya
gundhul
murtad reyab-reyab
bathilan sagung wong kapir
w■ktu iku m■ngkana t■ngr■ranira
Datan lami Pangran Bei prapta
sampun
lan Pangran Disurya
lawan saprajuritneki
laj■ng soan dhat■ng Kangj■ng
Sri Nalendra
Mapan nuju l■nggah
neng pandhapa iku
lan J■ng Pan■mbahan
Ki Maja kang munggeng ngarsi
myang ngulama myang sagung
putra santana
Pangran Arya Ngabdulrahman
Ngabei iku
nulya atur salam
dhumat■ng Sri Narapati
Pangran Ngabdulrakim Arya
Hadisurya
Ngaraspada riwus tata l■nggah
sampun
Sang Nata ngandika
dene paman enggal prapti
kadospundi Pajang sawingking
kawula
Pangran Bei m■ngkana ing
aturipun
luj■ng sapunika
nanging baris mundur sami
sing K■linggen mapan baris
wont■n Maja
Natapraja inggih mundur
barisipun

Wont■n Majaraga
lan sampun kula priksani
ing sawetan radinan sadaya
Kang prajurit mapan sampun
cacah sewu
kapir sapunika
pan datan purun m■dali
marma mantuk kawula yun cukur
ika
Lan anakmas mapan sampun samya
kantun
sawarnining tiyang
mapan sampun cukur sami
Sri Nalendra mes■m aris
angandika
Paman Pajang punapa tan watos
iku
Pangran Bei turnya
mapan kula kantun sami
Basah Kasan B■sari lan
Natapraja
Samya sagah yen t■ngga
kaliyanipun
nanging lamun minggah
kalihnya dereng kuwawi
lawan Basah Ngabdul Latip
Martalaya
Pundi ingkang awrat kawula ken
tulung
yen k■dhike ngala
kados sampun tan matosi
nulya luwar Sang Nata gennya
sineba
Basah tiga Pagelen pan samya
nuhun
tindhih lintonira
Kangj■ng Pangeran Dipati
Kang Sinuhun J■ng Pangran
Dipanagara
Kangj■ng Sultan mapan wus
mar■ngi iku
nging panuhunira

J■ng Pangran Dipanagari
kang prajurit
status M■ntawis bin■kta
Wus kalilan Kangj■ng Pangran
budhal sampun
mring Pag■len ika
marma samya nuhun tindhih
Basah tiga pan asring
s■layanira
■n■ng■na Pag■len Pajang winuwus
Pangran Natapraja
lan Basah Kasan b■sari
mapan asring kinggahan mring
kapir ika
Lawan murtad pan asring
kas■s■ripun
nulya atur uninga
dadya J■ng Sultan nindaki
dhat■ng Pajang kalawan sawadya
kuswa
Sampun rawuh ing K■daren kang
Sinuhun
laj■ng m■sanggrahan
m■ngkana kapir dhat■ngi
Basah kalih kang tinuding
m■thuk yuda
Nulya mangkat pinilih suraya
sagung
myang wadya Bulkiya
m■ngkana pan sampun prapti
ing Jram Gulung
kap■thuk campuh
ing yuda
Langkung ramen ging kapir
kuciwa iku
mapan kathah p■jah
kalawan kang murtad sami
pan lumaj■ng kenging ingkang
mriy■m tiga
Pan satunggal prajurit Pajang
puniku
prapta sabilollah
rangga ing K■lalung iki

Dipareja n■nggih namane punika
Basah kalih wus mundur sing
Jram Gulung
lan sakancanira
wus prapta k■daren iki
ngaturake bandhangan kang
mriy■m tiga
Dadya k■ndhak kapir malih
manahipun
tan purun m■dala
nulya kondur Sri Bupati
mring Ngr■jasa tan winarna
marga prapta
Pangran Bei r■mbag lan Ki Maja
iku
myang sagung pratiwa
ingkang anung-anung sami
yen manggunga Sang Nata t■dhak
pribadya
Dadya sagung pratiwa tanpa
karyeku
m■ngkana rin■mbag
kang wadya M■ntaram sami
mapan gilir atugur dhumat■ng
Pajang
Mapan sewu
prajurit giliran
puniku
ing sawulanira
bantoni Kasan Besari
Pangran Natapraja mapan
bantonira
Pitung atus sawab k■dhik
watiripun
Gunungkidul ika
mapan sampun radin sami
ing Pacitan lan Ngawen mapan
wus b■dhah
Basah Ngabdul Latip mapan
r■mbagipun
pinundhut punika
wont■na ngarsa nr■pati

dadya jangk■p Basah tiga malih
ika
Ingkang pancen punika jaga
t■tulung
gya katur nalendra
m■ngkana r■mbagnya sami
wus mar■ngi mapan samya
dhinawuhan
Pangran Ngabdul Rakim inggih
anging tunggu
ing tanah kewala
sakilen Ngayogya sami
ingkang kidul Pangeran
Suryawijaya
Ingkang gilir pan anging
tum■nggungipun
kang kidul punika
Raden Jayan■gareki
Ingkang kilen Pangeran
Sumanagara
Birit sagung prajurit myang
tum■nggung
m■ngkana wus dadya
sab■n wulan gilir sami
lawan malih karsanira Sri
Nalendra
Ingkang rayi Pangran Ngabdul
Majid iku
mapan kinen t■ngga
ing Kuwanen lawan malih
anampeni lapuran Pajang sadaya
Ingkang putra Pangran
Dipakusumeku
k■dah nuwun medal
m■ngkana wus denlilani
anindhihi baris aneng Dasasela
Kang bupati Raden Arya
Sindurjeku
P■lun■ng barisnya
pan langkung santosa sami
ingkang ■ler Jatosnem mapan
sadaya
Barisira Basah Khasan B■sariku

mapan binantonan
sewu wadya ing M■ntawis
ingkang wetan radinan mapan
sadaya
Ngantos dugi ing Ngardikidul
puniku
Pangran Natapraja
mapan iya denbantoni
pitungatus n■nggih prajurit
M■ntaram
Pan punika mawi giliran sadarum
marmane santosa
m■ngkana nuju mar■ngi
Raden M■nggung Jayanagara
gilirnya
Pan sar■ngan kalawan Kyai
Tum■nggung
Mangkuyuda ika
mapan lagya aso sami
pan kalawan prajuritira sadaya
Neng Jatosnem Basah Kasan
B■sariku
kab■r■g ing m■ngsah
m■ngkana salamineki
kapir murtad pan nginj■n-inj■n
kewala
Lamun mantuk prajurit M■ntaram
iku
gilir dereng prapta
mapan lajeng am■dali
kapir murtad Basah mapan
ingoyok-oyok
Ngantos prapta Jatosnem
p■laj■ngipun
kapir ngodhol ika
m■ngkana wong Pajang sami
sar■ng mulat Jatosnem ana
barisnya
Pan tin■rka mengsah
ingkang ny■gat iku
tambuh polahira
mangetan wus denc■gati

yen saking doh prajuritnya
Mangkuyuda
Mapan angler p■nganggenya
saradhadhu
m■ngkana na wikan
marang tamtama kaeksi
nulya warti yen Raden
Jayanagara
Basah Pajang mapan asr■p
manahipun
laj■ng lampahira
lawan saprajuritneki
sampun panggih lan Raden
Jayanagara
Basah Pajang mapan asr■p
manahipun
laj■ng lampahira
lawan saprajuritneki
sampun panggih lan Raden
Jayanagara
At■napi lawan Ki Mangkuyudeku
kapir murtad prapta
aneng jawi dhusun sami
laj■ng ng■pang saking ler lan
saking wetan
Basah Kasan B■sari pan langkung
gugup
praipu adhi anak
Jayanagara nebdaris
mangke Kyai kula pan aj■ng
r■mbagan
Kadospundi Ki Mangkuyuda puniku
m■ngsah sampun prapta
nging punika mara kalih
Mangkuyuda m■ngkana ing saurira
Daw■g anak pan sami bubuhan iku
pan sampun bab■gjan
yen mundura dhat■ng pundi
mapan sampun samya kab■tah
punika
Pan kawula ngaj■ngk■n kang
k■dhik iku
ingkang saking wetan

pun anak ngaj■ngna iki
ingkang kathah pan inggih ler
punika
Kanca Pajang sampun wont■n
tumut-tumut
pan mindhak kapiran
mapan sampun r■mbag sami
m■ngsah ng■drel lawan mariy■m
ika
Raden Jayanagara ngabani sampun
nyalempret anulya
lawan nambur tata nuli
langkung gr■gut wadya
Prawiratamtama
Mangkuyuda nulya animbangi
nambur
sar■ng aj■ngira
sar■ng medal campuh nuli
kapir murtad mapan langkung
pang■drelnya
Kang mariy■m mapan wus k■laj■ng
k■langkung
Prawiratamtama
laj■ng nusup kukus sami
tan prabeda kalawan Ki
Mangkuyuda
Nulya ruk■t sanjata lit p■jah
sampun
nging waos kewala
acaruk lan sangkuh sami
p■dhang caruk kalawan dhuwung
punika
Kamigilan kapir murtad gya
lumayu
g■lasah bangkenya
Eslam mapan luj■ng sami
nanging tiga ingkang prapta
sabilira
Mapan samya prajurit jajar
puniku
kalih kang tamtama
s■ndhang pitu kang satunggil

wadya Pajang laj■ng ambujung
s■daya
Pan mengkana yen yuda
s■lamenipun
nging bujung lan ny■gat
wis purun tadhah pribadi
marma saya kapir
kathah bangkenira
Ingkang aneng ngaj■ng samya
glarsah iku
kang k■kecer kathah
wadya Pajang kang m■jahi
Raden Jayanagara bandhanganira
Mapan angsal mriy■m k■kalih
puniku
Kyai Mangkuyuda
pan satunggal mriy■mneki
bangke murtad mancanagara kang
kathah
Panaraga kalawan K■dhiri iku
mapan mantri samya
ing Sala mangkono maning
sampun katur dhat■ng Kangj■ng
Sri Nalendra
Kang bandhangan mariy■m t■tiga
puniku
mapan Kyai Maja
sangsaya t■kaburneki
yata mesem J■ng Pangeran Ngabei
ika
Wus dinuga yen geseh
lapuranipun
pan adat m■ngkana
lamun ana mungsuh prapti
wadya Pajang mapan lumayu
kewala
Basahira ingkang marahi lumayu
pan k■lamenira
k■tanggor wadya
M■ntawis
yen m■nang nulya ingaku kewala
Pan ing wetan radinan m■ngkono
iku

Pangran Natapraja
langkung rame juritneki
mapan mengsah Pangeran
Mangkunagara
Mapan sar■ng tinilar Basah
puniku
Ngabdul Latip ika
Wong ing Pajang purun malih
Gunung Kidul pan iku padha
m■ngkana
Natapraja nanging kantun
banthengipun
Mas Tum■nggung ika
Mangunagara kang dadi
paman Mangkunagaran asring
kuciwa
Basah Nataprajan pan kalih
tum■nggung
ingkang sabilollah
Masaran lan W■ru iki
dadya pangran mundur
p■sanggrahanira
Neng T■mbayat nanging lamun
prapta iku
prajurit M■ntaram
maj■ng dhat■ng Majaragi
Basah Kasan B■sari mapan
m■ngkana
Lamun dereng prapta ingkang
gilir mundur
mapan barisira
pan aneng Lingge puniki
lamun prapta maj■ng
dhumat■ng ing Maja
Kawarnaa Jendral Dhe Kok kang
winuwus
langkung kewranira
sabab asring kawon jurit
mapan nanging kantun jailnya
kewala
Sagung ingkang senapati ingkang
agung

kang santosa prangnya
pan sinuk surat sami
nanging mungel saking residen
sadaya
Sala Yogja K■dhu m■ngkana
karyeku
kang residen samya
angicuk lan ng■bang sami
ingkang s■rat sadaya sami
ung■lnya
Nanging sagung kang tiniban
surat iku
laj■ng katur ika
kang s■rat mring Sri Bupati
malah ingkang kengkenan sring
pin■jahan
Pan sangsaya jendral kewran ing
tyasipun
nulya layonira
Pangran Mangkudiningrati
kinondurk■n kang densuprih
putranira
Pan s■daya punika sag■da
t■luk
nanging m■ksa nora
dadya Kangj■ng Sultan nuli
ingkang s■puh pan kinondurken
nulya
Pan m■ngkana Jendral Dh■ Kok
esthinipun
mangsa tan k■naa
sab iku mapan sami
sagung ingkang putra wayah
sedaya
Lawan ingkang abdi punika
sedarum
kang bupati samya
wont■n kang k■mantu iki
putra wayah buyut mapan ingkang
ana
Sar■ng sampun rawuh Ngayogja
nulyeku
tin■mpahken ika

Kangjeng Sultan praptaneki
sagung ingkang putra wayah
praptanira
Myang bupati s■daya ing
praptanipun
jalu myang wanodya
pan pr■nyata iku sami
putra wayah Sinuwun S■puh
sadaya
Nulya samya pinaring surat
sedarum
mapan ingandikan
sagung putra wayah sami
jalu estri lawan
bupati sadaya
At■napi Kangj■ng Pan■mbahan iku
samya aturira
ajrih mring kang wayah iki
Kangj■ng Sultan m■ngkana
wangsulanira
Gya pinaring sedaya
wangsulanipun
mring jendral m■ngkana
nulya jendral aken malih
kang Sinuhun S■puh kinen kintun
surat
Mring kang wayah Kangj■ng
Sultan prapta sampun
kalawan pratela
yen jendral tan lepat iki
ingkang l■pat pan iku
r■sidenira
Dene m■ngko r■siden pan wus
denukum
putu wis muliha
pan aja k■dawa iki
anoleha sira putu marang
ingwang
Kangjeng Sultan pan awrat agami
tuhu
malah datan arsa
ningali kang serat yekti

wus dinugi yen jendral
karenahira
Ingkang eyang pan saking
kawiwitipun
marmane m■ngkana
ingkang paman Pangran Bei
ingkang kinen amangsuli mring
kang eyang
Kangj■ng Sultan mapan ajrih
aladipun
dhumat■ng kang eyang
marma tan arsa ningali
dadya sampun pitaj■ng dahat■ng
kang paman
Malah surat wangsulan tan arsa
dulu
Kangjeng Sri Narendra
m■ngkana timbalaneki
mring kang paman lawan Kangj■ng
Pan■mbahan
Myang sagunging pra ulama
puniku
padha s■ksenana
panuwun ingsun ing Widi
lamun estu luhure ing tanah
Jawa
Kangj■ng Eyang mugi meningia
iku
aja buru seda
pan ingsun ayun ngab■kti
lamun ora aja m■nangi Kangj■ng
Yang
Dadi ingsun mundhak karya susah
iku
sedaya aturnya
mapan sandika puniki
nulya ana kang pamit mring Sri
Nalendra
Mapan ingkang bibi
Kangj■ng Ratu iku
n■nggih namanira
Den Ayu Asmaraningsih
pan kalilan laj■ng kinen

dherek■na
Konduripun dhat■ng Nagyogya
puniku
lan win■ling ika
mring Kangj■ng Sri Narapati
mapan angler kang mung■l
ngaj■ng punika
Praptanira Ngayogja wus tan
cinatur
m■ngkana winarna
Ki Maja sang■t turneki
Kangjeng Sultan ngaturan
b■dhahing Sala
Sabab datan wont■n
kasampunanipun
yen bot■n rinusak
gung murtad ing Sala sami
mindhak dados wadhahe kapir
punika
Marmanira Ki Maja sang■t
turipun
wadosipun ika
watos ing Kasan B■sari
sabab asring kas■s■r denira
yuda
Lamun dereng prapta prajurit
M■ntarum
lan asring s■laya
sagung ingkang bantu sami
pan sadaya tyasira pan
esmu g■la
Lamun tangl■d wong Pajang
asring lumayu
pan nilar kewala
dadya kat■mpah Mentawis
sab■n-sab■n prajurit Pajang
m■ngkana
Kyai Maja pan sampun uninga iku
mring kang dadya g■la
mring sagung wadya M■ntawis
marma ajrih bilih kapirsa Sri
Nata

Nanging Kangj■ng Sri Nalendra, wus lami datan nuruti, mring aturira Ki Maja, m■ngkana karsaning Widi, Sang Nata mapan gampil anuruti aturipun dhumat■ng Kyai Maja, pan samya kinen dhawuhi, marang sagung wadya M■ntaram sadaya,

Pangran Ngabehi aturnya, dhat■ng Kangj■ng Sri Bupati, yen par■ng karsa Nalendra, n■nggih Basah Ngabdullatip bin■ktakak■n malih, dhat■ng pun Nataprajeku, amrih sami santosa, Sang Nata sampun ma-r■ngi, mapan kinen laj■ng dhawahi punika,

Lawan kinon rumihina, bupati wetan Yogja ki, k■lamun panggih neng griya, sadaya pan kinon ng■rig sar■ng alampahneki, lan Raden Basah s■darum lan Pangran Natapraja, pan laj■ng kinen dhawahi yen Sang Nata arsa b■dhah Surakarta

Prajurit Pajang punika, kabawah Nataprajeki, sawetan margi sadaya, mapan kinen ng■rig sami, lawan maj■nga iki, ing Baki barisanipun Den Basah tur sandika, nulya at■ngara jurit pan samahab sagung ingkang wadya kuswa,

Den Basah Dullatip budhal kalawan sawadyaneki, m■ngkana wus tan winarna, kawarnaa Sri Bupati, ngrasuk busana jurit wadya gung sumahab sampun Basah kalih punika, Kyai Maja Pangran Behi, wus su-m■kta Kangj■ng Ratu kang winarna

S■dangunira punika, ngladosi kang raka iki, wau denira busana, lamun J■ng Ratu ningali, dhat■ng Sri Narapati, pan kum■mb■ng w■spanipun Sri Nalendra tumingal lamun kang rayi prihatin gya sinambut pinangku sang lir supadma,

Sarta inglus kang Sri Nata, Sri Narpa lan ngandika ris nah angger int■n kumala, punapa kang dados rujit, karya k■pyuring abdi, mas mirah pun kakang estu, n■nuwun ngandikaa, lamun dasih tan udani, ingkang dadya rujit kaya ■la-■la,

Yen tan kalilan b■ndara, pun kakang lumampah jurit say■kti mangsa siyosa, Kangj■ng Ratu matur aris nuhun punt■n D■waji, kawula mapan saestu, ing tyas mapan tan n■dya, yen karya keren tya-s Aji, nanging netra kang k■dah m■dal locana,

Tan pirsa karsa Hyang Sukma, kawula lamun ningali, inggih dhumat■ng Paduka, netra k■dah mr■b■s mili, mes■m Sri Narapati, pun pawandeya masku, pun kakang magut yuda, Kangj■ng Ratu matur aris yen wandeya Dewaji k■langkung nistha,

Pan abdi sampun sum■kta, m■ngkana Sri Narapati, riwusnya mit miyos nulya, gya n■mbang t■ngara jurit budhal wadya p■ngarsi, Bulkiya kang munggeng ayun anulya sinambungan Suraya lawan Pinilih, Pangran Behi Ki Maja nambungi nulya

Kang munggeng ngarsa Nalendra, Mandhung Mantril■b■t iki, wingking Ngampil Suranata lawan Suryagama asri, myang putra s■ntaneki, bupati Miji sadarum sampun budhal sadaya, saking R■jasa pu-niki, lampahira kadya wr■du angga sasra,

Dene sagung senapatya, sadaya wus kinen dhingin m■ngkana wus tan winarna, ing marga Sri Narapati, prapta K■daren iki, m■sanggrahan Sang Sinuhun lan sagung wadya kuswa, tigang dina win■tawis tata-tata lawan ngasokak■n bala,

Pangeran Dipakusuma, Raden Riya Sindurja ki, lan Tum■nggung Sutayuda, tan kalilan dherek sami, kinen m■ksiya baris neng Dasasela puniku, sampun karsaning Sukma, Kangj■ng Sultan ing tyasneki, kang katingal kewala nanging kang garwa,

Aneng ing Daren punika, pun dalu kinen m■t■ki, kang boyongan Nyonyah Cina, Kangj■ng Sultan salah kardi, saking tyas mring kang rayi, kinarya panglipur wuyung, enjang anulya bu-dhal nyare ing Maja saw■ngi, Basah Kasan B■sari sakancanira,

Prajurit Pajang s■daya, mapan kang kinen rumiyin, ingkang dadya tindhihira, Den M■nggung Mr■talayeki, lawan sakancaneki, kang prajurit Mandhung satus laj■ng kinen gitika, ingkang baris M■nang iki, sampun prapta ing M■nang campuh kang yuda,

Lan prajurit Surakarta, nging rame sak■dhap iki, prajurit Sala kuciwa, lumaj■ng laj■ng dengeni, ing M■nang barisneki, mring Raden M■rtalayeku, nulya atur uninga, gya budhal Sri Narapati, saking Maja kalawan sawadya kuswa,

Sampun prapta Sukaraja, m■sanggrahan Sri Bupati, prajurit Panjang sadaya, kinen baris Gowok sami, Pangran Nataprajeki, lan Basah sakancanipun Ngabdulla-tip punika, kinen maj■ng baris Baki, tan winarna kawarnaa Sukar■ja,

Sar■ng enjang inginggahan Kapir lawan Murtad sami, saking n■gri Surakarta, ing Gawok pan sampun prapti, Basah Kasan B■sari, ingkang m■thuk yudanipun lan Raden M■rtalaya, sampun campuh ing ngajurit pan kuciwa prajurit Panjang punika,

Lawan Mandhung mundur samya kalawan atur up■ksi, dhumat■ng ing Sukar■ja, lamun sampun tan kuwawi, ingkang m■ngsah ag■ng iki, Kangj■ng Sultan nuding sampun mring prajurit Bulkiya, Suraya lawan Pinilih, lan prajurit n■nggih Prawiratamtama,

Anulya n■mbang t■ngara, budhal sing Sukar■jeki, Muhamad Usman Li Basah, lan J■ng Gusti Iman Kamil Li Basah kang nindhihi, lan Den Jayan■gareku, m■ngkana sa-mpun prapta, ing sakilen Gowok sami, wus kap■thuk lan m■ngsah campuh ing yuda,

Pan anging rame sak■dhap m■ngkana sar■ng udani, m■ngsah Kapir lan Murtad kalamun kang Basah kalih, ingkang m■thuk ing jurit mapan maksih mambu ilu, Kapir kalawan Murtad anulya lumaj■ng sami, undurira mring n■gara Surakarta,

Mapan tan kenging tinata, m■ngkana Raden Dipati, Sasra kantun song-songira, langkung geger Kartawani, lawan kang jalma ngili, atumpuk neng alun-alun m■ngkana kang winarna, Kangj■ng Sultan denaturi, mring Ki Maja laj■ng bedhah Surakarta,

Nanging Kangj■ng Sri Nalendra, ingkang tyas pan mara katri, kadya wus karsaning Sukma, mring risake s■ntaneki, m■ngkana Sri Bupati, kang Sinuhun mring Yyang Agung, nging eng■ta kewala, marang parentahe Nabi, pan s■daya sagung wong Murtad punika,

Iya ing satanah Jawa, dene ingkang kaping kalih, ajrih bilih manggih alat dhumat■ng kang samya surgi, mapan ping tiganeki, m■ksih eng■t w■spanipun duk lagya angkatira, saking ing R■jasa nguni, dadya kang tyas pan rangu-rangu kewala,

Nanging Kyai Maja, asang■t aturireki, Kangj■ng Sultan ingaturan mapan t■dhak anj■n■ngi, saking sang■t turneki, Sri Nalendra dadya nurut Pangran Ngabehi nulya, utusan paring udani, marang Basah lan Pangeran Natapraja,

Kinen manjing malih ika, n■nggih ing barisaneki, m■ngkana wus tan winarna, ing Sukar■ja winarni, enjing n■mbang t■ngari, wus budhal kang wadya sagung saking ing Sukaraja, Sri Nalendra aneng wuri, ginar■b■g mring sagung putra santana.

Samarga kap■thuk yuda, wong Sala wus tan ngundhili, mapan lumaj■ng kewala, prapta kidul ing C■mani, kend■l Sri Narapati, mapan arsa salat luhur, lan sagung wadya kuswa, mapan samya salat sami, bakda salat pan s■dya ngasok■n wadya,

M■ngkana kang baris ngarsa, pan Basah Kasan B■sari, kalawan sakancanira, prajurit ing Pajang sami, k■dhat■ngan puniki, m■ngsah ing Sala puniku, kalangkung denira kathah, Kapir Murtad Sala kr■rig pan lumaj■ng sarta ngaturi uninga,

Mapan asar wancenira, pan wus cuwa ing ngajurit m■ngkana m■ngsah gya prapta, sagung Murtad lawan Kapir, pin■thukak■n nuli, mring sagung pra dipatyeku, Raden Jayawinata, lawan Mas Wiryanagari, Kyai Mangkuyuda lan Cakranagara,

Pan lagya aj■ng-aj■ngan sanjatan sak■dhap sami, nulya Kangj■ng Sri Nalendra, kondur mring Sokar■jeki, sagung kang pra dipati, sadaya pan kinen mundur, k■saput dalu ika, sampun sapih ingkang jurit, wangsul malih m■sanggrahan Sokaraja,

Satuhu kang tyas Nalendra, pan anging karya ngecani, mring panuwune Ki Maja, m■ngkana Sri Narapati, tan eca ing tyasneki, neng Sokaraja puniku, nging lings■m ngandikaa, ingaturan manjing malih, mring Ki Maja Kangj■ng Sultan datan arsa,

M■ngkana mapan antara, tigang dina Kapir prapti, kalawan Murtad punika, m■dal margi ag■ng iki, Basah Kasan B■sari, tan purun m■thuk■n iku, nanging angtur uninga, sang Nata nuju siniwi, Kyai Maja kang munggeng ngarsa Nalendra,

Lan sagung kang pra ngulama, at■napi Pangran Behi, Pangran Ngabdul Majid ika, kalawan kang Basah kalih, myang sagung pra dipati Ki Maja m■ksa turipun Kangj■ng Sultan ngaturan amb■dhah ing Kartawani, Sri Nalendra anantun dhat■ng kang paman

Lawan Basah sakaliyan m■ngkana samya turneki, pan abdi Dal■m sadaya, M■ntawis dereng udani, Sala pakew■dneki, kalawan kang gampil tuhu, inggih lamun wont■na, ingkang pant■s dados margi, pan prayogi datan ng■kathahi karya,

Pan wont■n ngriki kewala, yen kanca Pajang nglawani, pan inggih mangsa sanesa, Ki Maja sakit tyasneki, dhat■ng J■ng Pangran Behi dereng dumugi puniku, gennya imbal wacana kang kinen tur uning prapti, lamun m■ngsah prapta ing Wiyagang,

Kangj■ng Su-ltan angandika, mring kang paman Pangran Behi lawan Basah sakalihnya, pan kinen m■thuk ing jurit lan sagung pra dipati, Basah kalih aturipun nanging panuwun amba, Paduka sampun ningali, al■nggaha aneng riki kewala,

Dene di Dal■m sadaya, kawula suwun pan sami, tinindhihana Ki Maja, Kangj■ng Sultan wus mar■ngi, ingkang kantun ngarsa Ji, nanging panakawan iku, gam■l ngampil punika, wus dados r■mbag pan sami, nulya samya mundur sing ngarsa Nalendra,

Anulya n■mbang t■ngara, tan pantara usar prapti, nulya pin■thuk■n ika, dhumat■ng wadya Pinilih, usar lumaj■ng bali, mring Wiyagang n■dha tulung, dhat■ng p■langkirira, m■ngkana kang Basah kalih, Pangran Behi lan Raden Jayanagara,

Puthut Lawa Jawinata, myang sa-gung prajurit sami, mangilen rut padhusunan Ki Maja m■ngaler iki, lan Pangran Ngabdulmajid myang sagung ngulama iku, Suranata k■lawan Suryagama datan kari, sampun tata nulya Kapir Murtad prapta,

Saking Wiyagang sadaya, pan ngl■mpak dados satunggil nulya mariy■m punika, dhat■ng p■sanggrahan aji, mapan tinitir-titir, kang pelor langkung dr■sipun bubar kang panakawan ampingan kaj■ng kuweni, Sri Nalendra s■mana tumut ampingan

Lawan kang paman satunggal ingkang nama Pangran Wijil pan langkung dhap alitira, r■batan kaj■ng kuweni, lawan Sri Narapati, mapan g■guj■ngan iku, m■ngkana aturira, gih kawula sampun neng wingking, ala kayu dene katingal Nalendra,

Tur mangsa aku katona, dadya samya suka-neki, m■ngkana wus tan winarna, kawarnaa kang ajurit n■nggih Murtad lan Kapir, langkung kagyat sar■ng dulu, Islam malih punika, nulya Kapir mara katri, mapan sampun pin■thuk■n sowang-sowang,

Kang ngidul ngilen punika, Kapir Murtad mapan sami, t■mpuh kalawan Bulkiya Pinilih Suraya iki, Tamtama datan kari, Kapir Murtad mambu ilu, pan kab■r■k sadaya, ngungsi mring mariy■mneki, nulya ngangs■g Pinilih lawan Bulkiya,

Suraya lawan Tamtama, Kapir Murtad langkung giris laj■ng b■rondong s■njata, binendrong mariy■m sami, nanging kang Basah kalih tiga Jayan■gareku, wus tan m■rduli ika, lawan sakancanireki, nanging kantun ang■ntosi Kyai Maja

Kapir Murtad sanjatanya, wus kathah tan mu-ng■l iki, mapan saking kas■sannya pan Basah Kasan B■sari, yudanira kalindhih, prajurit Pajang s■darum lan sagung pra dipatya, Ki Maja lumayu g■ndring, tur uninga dhat■ng Kangj■ng Sri Nalendra,

Ingaturan magut yuda m■ngkana Sri Narapati, mapan m■ksih ping-ampingan aneng ing kaj■ng kuweni, langkung tyasnya n■rpati, mapan tan s■keca iku, nging lings■m angandika, m■ngkana ngandika aris heh Ki Maja apa ingsun sira t■rka,

Iya w■di ing palastra, nulya lumampah Sang Aji, ingkang dherek nging punika, ingkang paman Pangran Wijil gam■l kalawan ngampil panakawan samya kantun, pan m■ksih lit s■daya, Kangj■ng Sultan datan nitih, kang turangga mapan kinurung kewala,

Neng wingking Ki Jayacapa, nanging asring mogokneki, pin■ksa mring gam■l samya, m■ngkana sar■ng udani, Kapir lan Murtad sami k■lamun Kangj■ng Sinuhun nyalirani ing yuda, nulya kang mariy■m sami, ingaj■ngk■n kinarutug Sri Nalendra,

Pan l■r■s margi g■ng ika, lampahnya Sri Narapati, pan kadya kinarya lesan Ki Maja wus datan keksi, tan tahan aningali, mring swaraning pelor iku, dadya nyimpang Ki Maja, m■ngkana ingkang winarni Raden Dolah Prawiradirja duk mulat

Lan Raden Jayanagara, k■lamun Sri Narapati, nyalirani ing ngayuda, dharatan nitih turanggi, langkung tyasira kalih, mudhun saking kudanipun lumaj■ng prapta ngarsa, lawan ng■mu waspa kalih, kancanira mapan tinilar sadaya,

Yun matur langkung jrih samya, dadya luma-mpah neng ngrasi, punggawa kalih punika, s■daya samya neng wingking, mindhak w■spaosneki, Kapir ing panyiptanipun kang denangkah sirahnya, punika punggawa kalih, sabab samya andhap alit kalihira,

Dadya l■r■s jajanira, nanging pitulung Yyang Widi, pelor awis dhawah jaja, sampeyan kang asring kenging, kontalira nibani, Pangran Wijil ■mbanipun laj■ng putung sukunya, gya ingundurak■n nuli, pan m■ngkana Den Dolah Prawiradirja,

Lan Raden Jayanagara, Sri Nalendra sab■n kenging, pelor nanging sambatira, nanging Gustiku pan sami, lan kend■l aningali, dhumat■ng ingkang Sinuhun, dadya dangu lampahnya, Sri Nalendra ngandika ris heh ta S■nthot aja mandh■g mayo sira,

Wus payo banjur kiwala, m■ngkana karsaning Widi, kenging malih Sri Nalendra, mapan angraos N■rpati, lir ginablog jajeki, ingkang pelor waja r■mpu, aneng jaja punika, mapan ngantos ting par■lik, dadya s■puh kang jaja m■dal ludira,

Sar■ng miarsa Nalendra, mapan kang rasukan abrit nulya eng■t mring kang garwa, m■ngkana esthining galih, paran polahireki, lamun ingsun tinggal mupus lawan maninge nistha, lamun ingsun mati dhingin baya durung kalilan Allah Tangala,

■nteka Kapir kuhiya, m■ngkana Sri Narapati. mapan langkung lings■mira, mundur sing payudan nuli, tumungkul lampahneki, sap-usap kinarya kudhung, datan ningali jalma, m■ngkana gam■l udani, yen Sang Nata katingal abrit kang jaja,

Nulya Kyai Jayacapa, ingaturak■n gya nitih, m■ngkana Ki Jayacapa, mapan anglir wus udani, yen kanin Sri Bupati, laj■ng bin■kta lumayu, mapan tan m■dal marga, ngidul ngilen lampahneki, datan ngetang paluh jurang Jayacapa,

Mapan lir ngambah radinan, saking marmaning Yyang Widi, kadya sakang t■dah marga, m■ngkana ingkang winarni, Dolah Prawiradirjeki, lan Jayan■gara iku tumingal mring Nalendra, lamun ingkang jaja kanin pan lumaj■ng wr■ti mring Basah kalihnya,

Pan s■dya amb■g palastra, kalih w■rti samya sabil m■ngkana Usman Li Basah, lan Gusti mam Basah Kamil s■daya ngamuk sami, Buskiya Pinilih gr■gut Suraya lan Tamtama, Seh Ngusman Li Basah iki, sampun mandhi waos Kyai Barutuba,

Basah Iman Kyai Macan mapan r■mp■k maj■ng sami, laknat Kapir pundirangan tan pr■beda Murtadneki, nanging angrutug b■dhil kalawan mariy■mipun kang wuri sampun ng■mbyak m■ngkana gandhek prapti, mapan mindha utusanira Nalendra,

Dhawahi Basah kalihnya, tan kalilan magut jurit, s■daya kinen ngundurna, sagunge ingkang prajurit dene Sri Narapati, pan m■ksih waluya iku, s■daya ingandikan m■ngkana kang Basah kalih, langkung cuwa nanging ajrih yen nglaj■ngna,

Nging kantun k■dhik kewala, kaj■ngnya waos pan sami, mapan nulya dhinawuhan sagung kang para prajurit mring Basahira sami, s■daya pan kinen mundur, dadya k■langkung cuwa, sagunge ingkang prajurit dadya mundur ajrih lamun anglaj■ngna,

Kapir Murtad mapan samya, datan purun anututi, m■ngkana ingkang winarna, Ki Maja sar■ng udani, mu-ndur sagung prajurit Sri Nalendra tan kadulu mapan tambuh polahnya, kapalira tan k■panggih, dipunbakta lumajar mring gam■lira,

Kapalnya S■canagara, Ki Maja kang dentunggangi, kang saking kas■sanira, mapan nand■r anututi, dhat■ng Sri Narapati, lan Pangran Dul Majid iku, m■ngkana wus apanggya, neng marga lan Sri Bupati, laj■ng kend■l ing Daren Sri Naranata

Pan kend■l sak■dhap ika, n■nggih Pangran Nagbdulmajid ingkang ngaturi punika, bab■ni br■rananeki, sr■banira kinardi, Pangran Ngabdulmajid iku, mapan sarwi karuna, Sang Nata mes■m n■bda ris wus ta adhi mapan nora dadi ngapa,

Nulya mangkat Sri Nalendra, kang abdi wus kathah prapti, tan pantara prapta nulya, kuwanen Sri Narapati, Pangran Ngabdulmajid angaturi nyare iku, Sri Nalendra tan ar-sa, pangandikannya N■rpati, ingsun adhi kuwatir bok ayunira

Kalamun angrungu warta, yen ingsun m■ngkene iki, p■sthi ika lamun bela, tan wurung mundhak warteki, dadi sangsaya iki, akarya susah mring sagung, wus payo adhi mangkat m■ngko yen dhadhari sasi, lawan padhaa s■mbayang dhingin ika,

Ri wus bakda salat samya, nulya kang sasi dhadhari, wus padha mangkat Nalendra, ing marga datan winarni, enjang prapta Kumiri, an■nggih barisanipun Pangeran Adisurya, kagyat Pangran Ngabdulrakim yen Nalendra kanin jaja ing ■mbanan

Nyungk■mi pada karuna, n■nggih Pangran Ngabdulrakim Sang Nata mes■m ngandika, wus sira m■n■ng sira adhi, pan nora ngapa iki, wus jamak prajurit iku, dangu kend■l Na-lendra, aneng ing dhusun K■miri, pan sarean aneng andhap p■l■m ika,

Ngaturan mring pasanggrahan Kangj■ng Sultan datan apti, m■ngkana ingkang winarna, Pangran Behi lagya prapti, lawan kang Basah kalih, myang sagung prajurit iku, laj■ng sohan mring Narpa, atur salam Pangran Behi, Basah kalih samya anungk■mi pada,

Katiga ang■mu waspa, Kangj■ng Sultan ngandika ris lah wus ta padha m■n■nga, pan nora ngapaa iki, kang wingking kados pundi Pangeran Ngabehi matur, mila kantun kawula, mapan asat kang wingking, dene m■ngsah pan laj■ng wangsul kewala,

Nanging pun Jayanagara, lan Basah Kasan B■sari, kula ken baris Koripan m■ngkana ingkang winarni, Ngr■jasa mirsa warti, yen kanin ingkang Sinuhun kenging mriy■m kang jaja, dadya sagung para putri, pan karu-na lawan Pan■mbahan ika,

Nanging Kangj■ng Ratu ika, kang tan sag■d muhun iki, wus nir sagung katingal mapan n■dya bela y■kti, dhat■ng Sri Narapati, lamun estu pawr■teku, nanging Ki Sarutama, mapan wus ingag■m iki, nanging samar tan ana jalma uninga,

Sinasaban kas■m■kan pan wont■n ingkang dentosi utusanira kang rama, Pan■mbahan dereng prapti, kinen y■ktosna ugi, estuning paw■rta iku, m■ngkana kang winarna, Sri Nalendra budhal iki, mapan saking K■miri sawadya kuswa,

Tan owah kadya angkatnya, utusan kap■thuk margi, wangsul prapta matur nulya, yen tan ewah anglir nguni, dadya kend■l pra sami, pra putri dennya muwun lawan J■ng Pan■mbahan wus ical sungkawaneki, nanging kantun ngantos-antos rawuh-ira,

M■ngkana Sri Naranata, mapan nitih tandhu iki, sampun prapta ing R■jasa, sarean genira nitih, kagyat k■parak sami, ingkang samya m■thuk iku, laj■ng samya karuna, Pan■mbahan m■laj■ngi, mring kang putra pan sarwi ang■mu waspa,

Wus cundhuk lawan Nalendra laj■ng nyandhak tandhu iki, angrangkul sarwi karuna, Pan■mbahan mring Narpati, Sang Nata ngandika ris, Kyai bok sampun muhun, kawula tan punapa, sampun limrah ing prajurit, pan punika Kyai dados pratandha,

Sarwi mes■m Sri Nalendra, prapta p■sanggrahan nuli, t■dhak saking tandhu nulya, Pan■mbahan kang ngampingi, m■ngkana kang pra putri, sadaya sar■ng andulu, ingkang jaja Nalendra, mapan m■ksih den■mbani, dadya muhun malih pra putri sadaya,

Kangj■ng Sultan sampun l■nggah, neng jro p■sanggrahaneki, Kangj■ng Ratu kang winarna, sar■ng tumingal Narpati, kang jaja denamb■ni, dadya mes■m Kangj■ng Ratu, m■ngkana ciptanira, ingsun duga salah kardi, dene iku ■nggone kaliwat prana,

Sawange nora ngapaa, Sri Nalendra ngandika ris Pa gene tan inguculan mapan tangan ingsun kalih, tan bisa cape iki, mes■m ngandika J■ng Ratu, kang bibi kinen ika Pan■mbahan S■puh iki, anguculi Kangj■ng Ratu nulya kesah,

Sri Nalendra angandika, dhumat■ng kang rama aris Kiyai Sampeyan m■dal punika kang sami prapti, pan Sampeyan panggihi, laj■ng Sampeyan ken mantuk Pan■mbahan turira, sandika mapan wus mijil amanggihi ingkang samya prapta,

M■ngkana wus tan wi-narna, pan kalilan mantuk sami, kawarnaa Sri Nalendra, ngandika marang kang bibi, tra Sampeyan mring pundi, mangke kula mindhak lampus Den Ayu Pan■mbahan mes■m kesah angaturi, Kangj■ng Ratu m■ngkana ingaturira,

Mapan tan kangge kawula, Sampeyan dipuntimbali, Kangj■ng Ratu nulya prapta, m■ngkana wus tan winarni, J■ng Ratu Ibu iki, mapan sang■t g■rahipun ingaturan uninga, lamun ingkang putra kanin pan lumaj■ng prapta pan laj■ng karuna,

M■ngkana sakondurira, saya sang■t gr■rahneki, punika dadya marganya, kondur mring Rahmatolahi, sinarekk■n Magiri, Kangj■ng Sultan g■rahipun mapan sampun waluya, m■ngkana ingkang winarni, Pangran Natapraja kabujung yudana,

Saking ing Pajang punika, lawan Basah Ngabdulatip, ngantos dumugi M■ntaram, Tum■nggung sabi-l satunggil, Pakiringan wismeki, lan Rangga Palered iku, jajar prajurit tiga, laj■ng datan wangsul malih, dhat■ng Pajang m■ngkana ingkang winarna,

Pangeran Dipakusuma, pan asring s■layaneki, lawan ingkang Basah Pajang, nuhun adil mring Narpati, kang rama tan ngadili, mapan lings■m tuhunipun dhumat■ng Kyai Maja, Kangj■ng Sultan wus udani, mring r■sahe patraping Pajang punika,

Ki Maja pan ingantosan saking aturnya pribadi, sabab ngak■n adil ika, marma karsanya N■rpati, Ki Maja denayoni, saaturira tinurut, mapan satuhunira, l■r■s kang putra pribadi, lan m■rina mring sagung wong desa samya,

Dadya Pangran Dipakusuma, langkung g■rah ing tyasneki, wau dhumat■ng kang rama, lings■m mring Ki Maja iki, Kangj■ng Pangran gya balik dhumat■ng Surakar-teku, Jendral lan Kangjeng Sunan langkung suka ing tyasneki, lawan putra santana ing Surakarta,

Ing wingking pan sinulihan n■nggih Pangran Ngabdulmajid lan Raden Riya Sindurja, ing Pajang kang m■sesani, kidul Jatosnem sami, dene sawetan marga gung, ingkang mathoki ika, pan nanging Tum■nggung katri, w■sta Jayadipura Cakradipura,

Kalawan Martadipura, ing Pag■len tan winarni, mapan wus tan ana m■ngsah nanging kantun jana iki, pan ngeca-eca sami, ingkang Basah tiga iku, Pangran Dipanagara, nuwun Basah Ngabdullatip nindhihana kalawan ng■mbani kawula,

M■ngkana ingaturira, mring kang eyang Pangran Behi, nulya katur Sri Nalendra, Sang Nata sampun mar■ngi, Den Basah Ngabdullatip, dadya karsanya Sang Prabu, dadya Basah utusan pundi kang k■ndho prangneki, mapan Basah Ngabdullatip kang lumampah

Prajurit pan pinaringan kapal lan wolung deseki, w■stra prajurit Jayengan s■daya sagung prajurit ingkang kilen Praga iki, pan pinaringak■n iku, mring Gusti Basah Iman Ngabdulkamil mapan sami, Basah Ngabdullatip mapan kinen mangkat

Mring Pag■len ng■mbanika, J■ng Pangran Dipanagari, m■ngkana wus tan winarna, ing K■dhu ingkang winarni, Mas Tum■nggung abaris K■rtanagara puniku, aneng ing ardi Rosan, lan Tum■nggung K■dhu sami, Ngabdul Rahman kalawan Ki Wirar■ja,

M■ngkana pan inginggahan mring Kapir lan Murtad sami, mapan ta pinaju tiga, anulya pin■thuk jurit sampun campuh pan nuli, tan ana kuciwa iku, sang■t karoban lawan Mas Tum■nggung denaturi, mundur nanging wantune K■rtanagara,

Tan etang kathah k■dhiknya, lamun m■sah laknat Kapir, pan nate maj■ng pribadya, Kapir mapan l■bur sami, dadya kondhanging Kapir, pan langkung keringan sampun yen nanging tik■l tiga, wong Kapir pan nora wani, anginggahi dhat■ng Mas K■rtanagara,

Kadya wus karsaning Sukma, Mas Tum■nggung prapteng jangji, angsal margi sabillolah, lab■t kenging pelor alit, walikat ingkang kanin pan tinepong saradhadhu, nanging sapih kang yuda, Kapir Murtad kathah mati, mapan gangsal Islam kang sabil sakala,

Mapan ing K■dhu sakawan M■ntawis ingkang satunggil mapan Rangga pam■jahan Wirapati w■staneki, ingkang tiga Ng■behi, dene M■ntawis puniku, mapan jajar kewala, prajurit ingkang winarni, Mas Tum■nggung K■rtanagara punika,

Bin■kta mantuk wus prapta, tan arsa denusadani, dadya laj■ng sabi-lira, wus katur Sri Narapati, langkung pangunguneki, mapan dereng gadhah sunu, mapan s■dherekira, m■ksih alit karsa aji, pan pinaring nunggak s■mi karsanira,

Tum■nggung K■rtanagara, mapan wus datan winarni, Pangran Behi Ki Maja, umatur dhat■ng Nr■pati. mapan ngaturi ngalih, neng R■jasa kirang cukup sagung rerepot punika, tan sag■d dados satunggil Toya Kend■l punika dados prayoga,

Pan sag■d dados satunggal sagung kang r■repot sami, Pan■mbahan sampun r■mbag nulya kinen andandani Toya Kend■l wus dadi, nulya budhal kang Sinuhun lan sagung repot samya, saking R■jasa wus prapti, Toya Kend■l m■sanggrahan Sri Nalendra,

M■ngkana ingkang winarna, Bag■len kanggenan ma-lih, dhumat■ng Kapir punika, Kurnel Klar■s tindhihneki, lan Mayor Bukus iki, pan Uta Kapitanipun sewu Kapir lan Murtad nulya pin■thuk■n jurit mring Pag■len sagung ingkang Basah tiga,

Mapan kang nindhihi ika, n■nggih Basah Ngabdullatip Pangeran Dipanagara, punika ingkang j■n■ngi, rame sak■dhap iki, Kapir mapan laj■ng iku, mal■b■t loji Jana, pan laj■ng kin■pung sami, marang sagung wadya Pag■len sadaya,

Nanging tan paw■kas ika, rinangs■g tan kadugi, sagung Pag■len punika, J■ng Pangran Dipanagari, r■mbag lan Basah sami, utusan anuhun bantu, n■nggih dhat■ng M■ntaram nanging kinarya pangirid sampun katur dhumat■ng Sri Naranata,

Mar■ngi wus pinaringan ang■nggih ingkang tinuding, Tum■nggung S■canagara, lawan saprajuritneki, ingkang kinarya tindhih, an■nggih Ki Margaewuh, pan Lurah Palawija, mapan sampun budhal sami, saking Toya Kend■l ing Pag■len prapta,

Datan ngantos magud yuda, wont■n pitulung Yyang Widi, Kapir Murtad laj■ng budhal kang Cina binakta sami, laj■ng Jana puniki, pan laj■ng tinilar iku, aprang samarga-marga, Bag■len kang ngodhol sami, mring Toyamas Kapir Murtad undurira,

Mapan k■kecer bangkenya, Kapir lawan Murtad sami, Pak■len padhang sadaya, sab■dhahe Jana iki, mariy■m ingkang kari, mapan salikur puniku, ag■ng alit sadaya, sampun katur mring Nr■pati, ■n■ng■na Pag■len ingkang winarna,

Jendral Dh■ Kok pan kengkenan dhumat■ng Sri Narapati, kintun surat ab■dhama, Sang Nata dipunaturi, nanging namanireki, mapan m■ksih kang sin■but Pangran Dipanagara, kang surat wus denwangsuli, mring Ki Maja m■ngkana wangsulanira,

Sampunipun tabe kula, Jendral mapan kintun tulis mring Pangran Dipanagara, mapan bot■n wont■n ngriki, Pag■len ■nggeneki, Pangran Dipan■gareku, kula nanging sung warta, m■ngkana pan kend■l sami, nulya wont■n malih surat ingkang prapta,

Pan inggih saking kang raka, Kangj■ng Pangran Purbayeki, m■ngkana ij■manira, sampun salam taklimneki, katur dhi Prabu ugi, yen kenging pun kakang matur, dereng wont■n adatnya, jum■n■ng lawan pribadi, marmanipun prayogi mawi b■dhama,

Amrih eca tyasnya samya, pan kathah kang tan tinulis nanging pr■lunya kewala, Ki Maja nulya mangsuli, mring Pangran Purbayeki, m■ngkana wangsulanipun mapan kang salam pandonga, kawula n■nggih pun kaki, Maja atur tulis mring Pangran Purbaya,

Pan inggih rayi Paduka, datan jum■n■ng pribadi, Sinuhun Sultan punika, Ngabdulkamid pan pinaring, saking Rabilngalamin jinunjung ulama sagung sinahidan lan aprang, jum■n■ng ratu agami, mapan Kuran punika ingkang parentah,

M■ngkana mapan tan lama, nulya wont■n surat malih, saking Jendral Dh■ Kok ika, punika ij■maneki, nanging datan tinulis kang surat s■dayanipun ingkang pr■lu kewala, sampunipun ingkang tabe, kathah-kathah katura dhat■ng Paduka,

Pangeran Dipanagara, j■julukira rumiyin mangke wus linilan Sukma, jinunjung kang pra ngulami, jum■n■ng ratu iki Islam tanah Jawi iku, nadyan inggih kawula, pan badhe ngestokk■n sami, jum■n■ngnya ratu Eslam tanah Jawa,

Kang nama Sinuhun Sultan Ngabdulkamid yen mar■ngi, kawula nuhun punika, kend■ling aprang rumiyin suwawi ap■panggih, pan sami pribadi iku, punapa kinarsakna, nging sumados dint■neki, lan ing pundi gen panggih kula sumangga,

M■ngkana wangsulanira, Kyai Maja suratneki, sampune tabe kawula, J■ngandika nuwun panggih, say■ktos dereng kenging J■ngandika dede ratu, Sinuhun Kangj■ng Sultan pan sampun pitaj■ng y■kti, mring kawula ingkang badhe manggihana,

Dene bab kend■ling yuda, kang Sinuhun pan mar■ngi, m■ngkana wus dhinawuhan sagung ingkang senapati, lamun kend■ling jurit lan Pag■len mapan sampu-n Pangran Dipanagara, kinen kend■l mapan sami, anglir pendah sinamb■r p■ksi sr■ngkara,

Tata tita ingkang kend■l jurit

Jendral Dh■ Kok wus dhawuhi ika,

marang sagung ing Kurnela,

dadya kend■l s■darum,

ngantos lami tan wont■n jurit m■ngkana bab panggihan

mapan bot■n tamtu,

nging Jendral wakil kewala,

tiyang Enggris S■tew■r w■stanereki,

lawan Bulngali ika,
Mila lawan Jendral amanggihi,
mring Ki Maja wus pitaj■ng ika,
marang kalih ing wakile,
barang bicant■npiun
yen wus kangge datan tinampik
Jendral panggih pribadya,
lan Ki Maja iku,
m■ngkana sampun panggihan
pun S■tew■r kalawan Bulngali k■tip
Pangran Behi Ki Maja,
Pun S■tew■r t■mbungira manis
Ki Maja kinengken kawula,
dhat■ng Jendral Dh■ Kok mangko,
kinen an■rang tuhu,
ingkang datan dados karsaji,
sumangga den dhawuhna,
pan jendral tumurut,
dene ingkang dados duka,
marginipun pan saking tiyang k■kalih,
Mayor lawan Danurja,
Sapunika sumangga karsaji,
pan kawula kinengken ngatura,
lamun pinundhut p■jahe,
pan pin■jahan iku,
yen punika pinundhut urip,
ingaturak■n g■sang,
lan loji sadarum,
yen sang nata datan arsa,
kinen bubrah sapunika den bubrahi,
sumangga den dhawuhan,
Kyai Maja gumuyu nauri,
pamung iku ingkang sira gawa,
jaluk m■n■ng pr■rang kabeh,
S■tew■r ris turipun,
lamun wont■n pinundhut malih,
sumangga den dhawuhna,
kawula umatur,
inggih dhat■ng Tuwan Jendral,
Kyai Maja mapan b■ngis sahurneki,
S■tew■r dhingin mula,
Kang Sinuhun datan ana maning,

karsanira nging luhur agama,
Islam Tanah Jawa kabeh,
lawan Danurja iku,
sira turke karya punapi,
s■nadyan loji ika,
tanpa pedah iku,
yen wus luhur kang agama,
pan sakarsa-karsnya Sri Narapati,
iya mangsa luputa,
Pun S■tew■r nulya pamit iki,
datan kangge sagung kang bicara,
nulya aprang malih mangko,
jendral tan mawi sung wruh,
langkung r■sah ing prangireki,
wong ngili pin■jahan,
lanang wadon iku,
nadyan rare yen k■candhak,
pin■jahan dadya kathah ingkang sahid,
Tanah Jawa sadaya,
Kapir langkung r■sah ing prangneki,
mapan ngawud sadaya puliha,
sabab kang prang mati kabeh,
Kapir k■lamun campuh,
lan wong Islam sring tump■sneki,
m■ngkana kang winarna,
ing prang mapan sagung,
sampun samya katadhahan,
ing prangira wong kapir asring kalindhih,
ya ta ingkang winarna,
Pangran Dipakusuma puniki,
aneng Sala langkung kinasihan,
dhumat■ng kang raka mangko,
tan pisah siyang dalu,
dhahar sare pan asring nunggil,
kalawan Kangj■ng Sultan,
J■ng Pangran anuhun,
mondhok ing Jawi kewala,
ingkang raka Kangj■ng Sunan tan nglilani,
lamun pisah sadhela,
Kangj■ng Sunan ngupados pribadi,
mapan soan dhumat■ng kang uwa,
Kangj■ng Pangran Purbayane,
mapan samya puniku,

lan kang raka denira asih,
mapan asring ngandika,
sira iku kulup,
b■cik neng kene kewala,
tunggal ingsun neng k■dhaton rikuh y■kti,
lan saru sawangsanira,
Pangran Dipakusuma turneki,
mring kang rama sumangga kewala,
mapan tan dumugi mangko,
nulya ngandikan iku,
mring kang raka J■ng Sunan nuli,
tunggil samya neng kreta,
mub■ng laj■ng kondur,
m■ngkana jendral winarna,
langkung waton J■ng Pangran nulya tin■dhi,
dhumat■ng Kangj■ng Sunan,
Nging J■ng Sunan mapan ang■kahi,
lan tinangg■l lamun dadenira,
Pangran Dipakusumane,
pan jendral m■ksa iku,
denya jaluk J■ng Sunan nuli,
kang rayi ingandikan,
prapta gya rinangkul,
mapan sarwi minuhunan,
wus ta adhi angur muliha sireki,
iya marang M■ntaram,
Mapan ingsun wus tan bisa adhi,
angukuhi adhimas mring sira,
mumpung durung areningong,
ing m■ngko b■ngi iku,
b■cik sira mangkata adhi,
Pangran nungk■mi pada,
pan sarwi amuhun,
J■ng Sunan mapan m■ngkana,
ri sawusnya Kangj■ng Sunan gya nimbali,
marang Mayor tamtama,
Prapta ngarsa J■ng Sunan n■bda ris,
heh ta Mayor adhimas at■rna,
iya marang Lajur bae,
poma den sandi iku,
lawan sira den ngati-ati,
m■ngko b■ngi mangkata,

sandika turipun,
m■ngkana wus tan winarna,
sar■ng dalu bakda ngisa pangkat nuli,
Pangran sing Surakarta,
Kangj■ng Sunan ngat■rk■n ing jawi,
wus prapta tamtama,
mapan nulya mangkat mangko,
samya kapalan iku,
yen tinanya sandi agilir,
marang Lajur punika,
mapan prapta sampun,
J■ng Pangran nulya utusan,
mring Koripan m■ngkana panuju iki,
ingkang baris Koripan,
Mas Tum■nggung Wiryan■gareki,
mundhut p■thuk Mas Tum■nggung nulya,
m■thuk lawan prajurite,
enjing prapta ing Lajur,
J■ng Pangeran wus den aturi,
yen kang m■thuk wus prapta,
n■nggih Mas Tum■nggung,
Pangeran Dipakusuma,
nulya mangkat Raden Mayor anututi,
lawan b■dhili ika,
Lan sung wikan ring kum■ndam iki,
lamun minggat Pangeran punika,
nulya tinututan mangko,
mring sagung saradhadhu,
wus kap■thuk lawan prajurit,
Wiryanagara nulya,
ingkang saradhadhu,
laj■ng campuh ing ngayuda,
saradhadhu kuciwa pan mundur sami,
Pangran Dipakusuma,
Sampun panggih lan Wiry■gari,
Kangj■ng Pangran nulya ingaturan,
kondur mring dasa selane,
mapan wus tan cinatur,
Jendral langkung cuwa tyasneki,
nulya karya karenah,
jendral malih iku,
n■nggih Pangran Natapraja,
kang ingisuk lan den ■bang sakaj■ngneki,

pan sagah tinurutan,
Kurnel Na-(h.268)-us kang kinen nyagahi,
Kangj■ng Sultan mapan wus miarsa,
nging api tan uning bae,
Pangran Nataprajeku,
karsanira Sri Narapati,
pan kinen minggah ika,
marang Ardi Kidul,
lan bupati wetan Yogja,
Ngardi Kidul mapan magok purun malih,
marma kinen ngradina,
Pangran Natapraja sandika turneki,
nulya sagung bupati sadaya,
ing sawetan Yogja kabeh,
pan kinen minggah iku,
m■dal Terong marganya sami,
Pangeran Natapraja,
mapan m■dal kidul,
ing Sorog karsanira,
tan winarna sagung ingkang pra dipati,
kang m■dal Terong samya,
Sampun minggah kang dados p■ngarsi,
Mas Tum■nggung Mangunn■garika,
ingkang dados pangiride,
an■nggih Mas Tum■nggung,
Ranupati ngardi ing giri,
m■ngkana kang winarna,
ngardi rakit sampun,
prajurit ing Prangw■danan,
mapan karya piranti g■lar wus dadi,
Mas Tum■nggung tan wikan,
Lamun Kapir lawan Murtad sami,
mawi g■lar mapan wantunira,
n■nggih Mas Tum■nggung mangko,
lamun ningali mungsuh,
Kapir lawan wong Murtad sami,
tan mawi subasita,
mapan nand■r purun,
prajurit kantun sadaya,
mapan nanging Mas Tum■nggung Ranupati,
inggiring kang tut wuntat,
Lan satunggal s■dherekireki,

m■ksih alit pan lumaj■ng samya,
Kapir kang katingal kabeh,
Mas Tum■nggung ambujung,
datan wikan den paekani,
Kapir kalawan Murtad,
kang dh■lik s■darum,
pan laj■ng nungk■bi samya,
Mas Tum■nggung dadya pisah lan prajurit,
sampun karsaning Sukma,
Mas Tum■nggung mapan nandhang kanin,
w■ntisira lawan ingkang jaja,
nanging m■ksih takat mangko,
dhawah sing kuda sampun,
kudanira mapan ng■masi,
s■dhereknya duk mulat,
anungk■mi iku,
kang pada sarwi karuna,
Mas Tum■nggung Mangunnagara n■bda ris,
sarwi ngamb■ni brana,
Wus ta adhi mlayua sireki,
mapan ingsun wus karsaning Sukma,
marma sabil aneng kene,
iki pr■tandhanipun,
k■risira anggoa adhi,
matura mring Nalendra,
lamun sira iku,
kang sun suwun gantenana,
marang ingsun lan sakeh para prajurit,
wus jakk■n bali padha,
Mapan ngantos Mas Tum■nggung m■ling,
Mas Tum■nggung Ranupati mulat,
mapan langkung p■ngamuke,
pan kathah belanipun,
sampun prapta sabillolahi,
ujur kunarpanira,
m■ngkana winuwus,
n■nggih Mas Mangunnagara,
tinangisan ngaturan mundur tan napti,
Kapir gya ng■pung samya,
S■dhereknya Mas Tum■nggung iki,
sag■d uwal wus karsaning Sukma,
Mas Tum■nggung kari dhewe,
l■nggah sendhean iku,

mapan wus tan s■dya gumingsir,
angasta waosira,
nanging Mas Tum■nggung,
sampun tan sag■d lumampah,
s■dangunya pan kinarya lesan sami,
pan tan purun c■lakka,
Pelor mapan wus datan ngundhili,
nanging kalih punika lab■tnya,
nulya Pangran Prangw■danage,
wadya sinapih sagung,
ingkang samya wau b■dhili.
Pangran wus prapta ngarsa,
nira Mas Tum■nggung,
nulya aris at■tanya,
apa sira kang aran Mangunnagari,
bagus anama prawira,
Lamun sira g■l■m t■luk mami,
mapan ingsun ingkang nglironi iya,
mring amuktenira kathah,
pan sun aku sadulur,
Mas Tum■nggung sugal denyangling,
pan ingsun iki iya,
ngabdi mring Sinuhun,
nora s■dya luru donya,
lan maninge nora kurang mangan dhingin,
mapan gen sun ngawula,
Marang Kangj■ng Sultan donya ngakir,
mapan iman kang sun r■but ika,
lamun t■lukka mring kowe,
m■nawa tan den aku,
lamun besuk prapta ing ngakir,
marang Sinuhun Sultan,
Ngabdulkamid iku,
pira laraning palastra,
mati Kapir Pangran langkung dukaneki,
nulya ngabani bala,
Mas Tum■nggung Mangunn■gareki,
wus tum■ka marang sabillolah,
mapan den tur kunarpane,
dening Kapir puniku,
■n■ng■na kang wus utami,
yata ingkang kawarna,

kang prajurit iku,
Mangunn■garan sadaya,
wus kap■thuk wau kalawan kang rayi.
Mas Tum■nggung punika,
Pan lumaj■ng sarta tawan tangis,
lawan b■kta cara wangsulira,
lawan gupak rah p■ndhokke,
kend■l prajurit sagung,
mapan nulya dipunwarteni,
Mas Tum■nggung w■lingnya,
samya nangis iku,
Panji Rangga Ngabehi ika,
ayun samya nusul ngamuk langkung ajrih,
anglerk■n w■lingira,
Mas Tum■nggung nulya wangsul sami,
mapan langkung prihatin sadaya,
wus kap■thuk lan sagunge,
ingkang pra dipatyeku,
win■rtenana pan wangsul sami,
ajrih laj■ng sadaya,
ical banthengipun,
wus samya mudhun sing arga,
kang dipati sawetan Ngayogja sami,
lawan saprajuritnya,
Mas Tum■nggung Suran■gareki,
wus tur surat marang Nataprajan,
Pangran nulya wangsul bae,
kang surat laj■ng katur,
mring Sang Nata langkung tyas aji,
mring Mas Mangunnagara,
dereng gadhah sunu,
dadya tinurut kewala,
saw■lingnya saking tyas Sri Narapati,
mring Mas Tum■nggung ika,
Namanira datan owah sami,
kawarnaa Pangran Natapraja,
mapan langkung jrih isinne,
dhat■ng ingkang Sinuhun,
ing sabile Mangunnagari,
angler kenging loropan,
marma jrih k■langkung,
Pangran dhat■■g Kangj■ng Sultan,
dadya estu Pangeran denira balik,

dhumat■ng ing Ngayogya,
Pan pin■thuk langkung bungahneki,
Jendral Dh■ Kok den nyana punika,
Pangran b■kta sakancane,
tan nyana lamun kantun,
sagung ingkang para dipati,
wetan Yogja sadaya,
lan prajuritipun,
m■ngkana wus tan winarna,
Mas Tum■nggung Suranagara tur uning,
dhumat■ng Sri Nalendra.
Lamun Pangran Natapraja balik,
Kangj■ng Sultan mes■m angandika,
wus tan dadi ngapa kuwe,
nanging poma sireku,
sakancanya den ngati-ati,
ora wurung ta ika,
tin■mpuhk■n iku,
marang kathah praptanira,
Mas Tum■nggung Suranagara turneki,
mapan nuhun sandika,
Mapan nulya kinen mantuk iki,
Mas Tum■nggung wus lengser sing ngarsa,
prapta tan winarna mangko,
Pangran Nataprajeku,
pan tin■mpahak■n iki,
praptane kancanira,
bupati s■darum,
ingkang sawetan Ngayogja,
sabab nguni Pangeran sampun nyagahi,
marma tinagih ika,
Nadya sab■n dina kintu tulis,
marang sagung kang para dipatya,
nging tan mantuk kengkenane,
pan pin■jahan iku,
Kyai Maja Pangeran Behi,
ingkang gadhah parentah,
saking bos■nipun,
mapan sinuprih kapoka,
ingkang kengken kalawan kang kinengken sami,
marma sagung m■ngkana,
Senapati pan ing pundi-pundi,

lamun tampi kang surat m■ngkana,
awis mantuk kengkenane,
m■ngkana kang winuwus,
Pangran Natapraja puniki,
kinen ngalurug ika,
mring wetan Yogjeku,
sabab bupati sadaya,
wetan Yogja sampun tita purunneki,
lamun k■dhik kewala,
Kapir Murtad inggih ingkang ngiring,
marang Pangran Natapraja ika,
mapan asring kab■r■ge,
Kapir Murtad keh lampus,
mapan lamun dipunag■ngi,
sagung kang pra dipatya,
tinangl■di iku,
mapan ngunduran kewala,
dadya g■la Jendral m■ngkana tyasneki,
mring Pangran Natapraja,
Dipunnyana lamun bangkat kardi,
sabab Jendral nanging gugu warta,
lamun punika and■le,
Kangj■ng Sultan kang tuhu,
marma sang■t pang■bangneki,
w■kasan dadya bandha,
kewala puniku,
pan kinen baris kewala,
aneng jawi Pangeran datan kadugi,
nanging n■dha panggenan,
Kitha Ag■ng punika yen kenging,
kados sang■t Kangj■ng Sultan susah,
sabab punika bandhane,
sagung aprang puniku,
lawan dados pangungsenneki,
sagung tiyang sadaya,
lan kinarya iku,
pakend■lan Senapatya,
lamun gilir ing ngriku panggenanneki,
tata pelor s■ndawa,
Pangran Natapraja den turuti,
marang Jendral Kitha Ag■ng ika,
asring inginggahan mangko,
dene pangiridipun,

n■nggih Pangran Nataprajeki,
nanging tan sag■d minggah,
mapan asring wangsul,
pin■thukk■n ing ngayuda,
neng sidik Kapir Murtad kathah mati,
pan asring kabujungnya,
Ingkang t■ngga Kitha Ag■ng iki,
Mas Tum■nggung r■sa s■ntanika,
mapan k■langkung panggahe,
awit anuhun bantu,
mapan nulya dipuninggahi,
Jendral Dh■ Kok iya mbaka,
kang nindhihi iku,
lan Sultan Sum■n■p ika,
J■ng Pangran Dipati Mandur iki,
Mas Tum■nggung kuciwa,
kengs■r saking Kitha Ag■ng iki,
Jendral laj■ng karya beteng ika,
aneng Danalaya mangke,
tinangl■dan puniku,
marang sagung kang pra dipati,
kidul Yogja sadaya,
lan wetan Yogjeku,
ingkang dados tindhihira,
Pangran Suryawijaya Pangran Suryadi,
tan ana kang kuciwa,
Pangran Suryawijaya tur uning,
marang Toya Kend■l lamun m■ngsah,
mapan k■langkung ag■nge,
Sang Nata paring bantu,
Basah Ngabdullatip tinuding,
kang kinen nindhihana,
kang prajurit iku,
sewu Pag■len kang t■ngah,
pangiridnya den Basah Ngabdul Muhyi,
ing Toya Kend■l budhal,
Tan winarna marga sampun prapti,
laj■ng tata n■nggih barisira,
neng kilen Danalayane,
Den Jayan■gareku,
kinen ngalih denira baris,
sakidul Danalaya,

lan sakancanipun,
Pangeran Suryawijaya,
kang nindhihi ingkang baris wetan iki,
n■nggih Suranagara,
Sakancanya Pangeran Suryadi,
kang nindhihi laj■ng campuh yuda,
pan tan ana kuciwane,
siyang dalu prang pupuh,
Kapir Murtad kathah longneki,
Jendral pan langkung kewran,
nanging isin wurung,
denya karya beteng ika,
Murtad laknat s■mana mapan kin■rig,
sampun prapta sadaya,
Langkung kathahnya Sah Ngabdulatip,
mapan nulya ngaturi uninga,
yen saya kathah bantune,
laknatolah puniku,
Sri Nalendra nulya n■dhaki,
lan sagung wadya kuswa,
Basah kalih iku,
kang dadya pangirid ing prang,
sampun budhal saking Toya Kend■l iki,
lir w■rdu angga sasra,
Tan winarna marga sampun prapti,
Sri Nalendra laj■ng m■sanggrahan,
aneng Dhusun Singkil mangko,
sagung Basah puniku,
tinimbalan wus prapta ngarsi,
Pangran Suryawijaya,
Suradi puniku,
lan Raden Jayanagara,
Kangj■ng Sultan ngandika mring Pangran Behi,
paman sampeyan tata,
Sagung baris kang dereng prayogi,
Pangran Behi sandika aturnya,
gya rin■mbag prayogane,
lan Basah tiga sampun,
dadya linton kang baris sami,
Pangran Suryawijaya,
lan sakancanipun,
Den M■nggung Jayanagara,
baris kilen n■nggih Basah Ngabdullatip,

mapan baris neng wetan,
Anindhihi Basah Ngabdul Muhyi,
kang prajurit Pag■len punika,
dene Pangran Suryadine,
m■ngaler barisipun,
pan angirid kang pra dipati,
wetan Yogja sadaya,
lan pinaring bantu,
Pangeran Dipakusuma,
lan Mas Dulah Resa S■ntana puniki,
Basah kalih minangka,
Dadya dhadha mapan angg■nteni,
barisira Den Jayanagara,
mapan neng kidul p■rnahe,
wus dadya r■mbag sagung,
nulya budhal sing Singkil sami,
lintu panggenan samya,
Sri Nalendra tumut,
aneng kidul denya dhadha,
lawan sagung wadya jro lan pra ngulami,
mapan wus samya prapta,
Ing pr■nahnya sowang-sowang iki,
laj■ng tata baris mapan samya,
Sang Nata m■sanggrahane,
aneng Duren puniku,
nanging ■l■t kang dhusun kalih,
kalawan Danalaya,
samya katon iku,
basah kalih neng J■j■ran,
mapan laj■ng sadina-dina ajurit,
jendral k■langkung kewran,
Ngaler ngidul ngetan ngilen iki,
tinindhihan laknat kathah p■jah,
mapan yun ngant■p ing prange,
ew■d gr■ragolipun,
dereng dados kantun sairing,
Dulah R■sa s■ntana,
tur uninga sampun,
mring Pangeran Behi ika,
yen gr■ragol mapan nging kantun sairing,
Pangran Behi anulya,
R■mbag lawan Basah sami,

maj■ng sar■ng pan wus dhinawuhan,
prajurit myang dipatine,
sar■ng enjang pan sampun,
samya n■mbang t■ngara jurit,
laknat nimbangi nulya,
pan wus pinirt■lu,
pan datan wont■n kuciwa,
samya g■ngnya prajurit Islam lan Kapir,
nulya campuh ing yuda,
Datanpa rungwan swaraning kang b■dhil,
barung lawan mariy■m ika,
pan anglir rug ing wukire,
g■ntya buru-binuru,
datan wont■n kuciwaneki,
Kapir kalawan Islam,
m■ngkana winuwus,
Tum■nggung Suranagara,
kang m■dal ler sakancanya sampun prapti,
n■nggih ing Danalaya,
Ing panggenan Gregol puniki,
kang jinu-jug langkung gegerira,
sagung repot laknat mangko,
nanging kapalan sagung,
ingkang dharat pan dereng prapti,
jendral langkung gugupnya,
gya mariy■m iku,
m■ngkana kang aprang ngarsa,
p■langkirnya along mundur anadhahi,
laj■ng ang■drel samya,
Dadya mundur Suran■gareki,
sakancanya nging kang angsal g■ndera,
kapalan langkung kakune,
kang dharat mapan dangu,
den antosi pan dereng prapti,
mapan kap■thuk marga,
ing saunduripun,
lawan kang dharat sadaya,
Kapir Murtad ingkang bujung wangsul sami,
m■ngkana ingkang yuda,
Dereng wont■n kang kuciwa sami,
sadangunya s■njatan kewala,
tan sag■d campuh yudane,
Basah k■lawan iku,

langkung kaku tyasira sami,
laknat purun ngrunjang,
pan wus ering iku,
lawan kathah kenging ika,
laknat Kapir Gusti Basah kang winarni,
ngantos maj■ng pribadya,
Ingkang dherek nging Dullah satunggil,
Abu Sungeb mapan pamrihira,
J■ng Gusti tinuta mangke,
marang prajurit sagung,
kadya sampun karsaning Widi,
ing sadint■n punika,
datan sag■d campuh,
laknat lawan wadya Islam,
malah laj■ng k■saput ing dalu iki,
prajurit mundur samya,
Dadya kantun Gusti Basah Kamil,
lawan Dulah Bu Sungeb punika,
kin■rutug s■njatane,
mring laknatolah sagung,
Kangj■ng Sultan langkung tyasneki,
dadya tumut punika,
n■nggani kang kantun,
ngantos manjing w■ktu ika,
mah ri ponakawan kang sowan satunggil,
S■ngkuni w■stanira,
Pan ingutus ngundurk■n nimbali,
marang Basah S■ngkuni punika,
ajrih mring pelor d■r■se,
dh■pepes ampingan kayu,
nulya Kangj■ng Sultan pribadi,
nimbali mring kang putra,
Basah Kamil mundur,
m■ngkana wus tan winarna,
sab■n dina aprang ing Danalayeki,
ngantos sat■ngah candra,
Nadyan dalu awit kend■lneki,
wadya kathah laknat ingkang p■jah,
nging beteng wus dadi mangko,
Jayanagara iku,
w■ling atur mring Pangran Behi,
yen mar■ngi Nalendra,

pan prayogi kondur,
sabab beteng sampun dadya,
pan kawula nyagahi t■ngga pribadi,
■nggih kalamun m■dal,
W■ktu iku samya sudaneki,
purunira Kapir lawan Islam,
kadya wus karsa Yyang Manon,
mapan tan nate campuh,
nanging samya b■dhilan iki,
laknat lan wadya Islam,
sab■n dina iku,
kang s■njata br■rondongan,
lan mariy■m Ngayogja m■ngkana malih,
J■ng Pangran Adisurya,
Ngabdulrahim wau denya ngra-mpit,
mapan nanging b■dhilan kewala,
ing Gowok m■ngkono maning,
Ki Urawan puniku,
marma samya tan angsal kardi,
dadya ■pur sadaya,
n■nggih juritipun,
m■ngkana ingkang winarna,
Pangran Behi umatur mring Sri Bupati,
lamun Jayanagara,
Pan m■ngkana ing panuwunneki,
saba beteng mangkya sampun dadya,
sagah t■ngga sakancane,
m■■gkana kang Sinuhun,
mapan laj■ng kinen nimbali,
ingkang Basah s■kawan,
prapta gya tinantun,
lamun Den Jayanagara,
pan m■ngkana aturnya mring Nr■pati,
Basah Ngusman aturnya,
Mapan inggih k■langkung prayogi,
kalih aso kang kanca sadaya,
nging yen par■ng prayogane,
pan sae mawi sangu,
ngant■p jurit pan benjing enjing,
Basah r■mbag sadaya,
sokur inggih lamun,
wont■n pitulung Yyang Sukma,
sag■d b■dhah nging angsala criyos sami,

sampun laha kewala,
Kanca basah inggih benjing-benjing,
mapan samya dados p■ngarsa,
lan Dolah Rangga Panjine,
kend■l ngabehi sagung,
kanca jajar kang aneng wingking,
sampun r■mbag sadaya,
nulya samya mundur,
saking ngarsanya Nalendra,
enjing nulya n■mbang t■ngara jurit,
mapan anglir s■mayan,
Laknatolah pan m■ngkana maning,
laj■ng campuh n■nggih ingkang yuda,
ap■thuk samya maj■nge,
mriy■m tan ngantos iku,
mung■l laj■ng aruk■t nuli,
s■njata lit punika,
nging sak■dhap iku,
pan laj■ng caruk kewala,
sangkuh lawan waos wong Kapir,
kalindhih b■lasah bangkenira,
Pan k■b■r■k Kapir yudaneki,
laj■ng ngungsi manjing beteng samya,
lawan ang■drel mriy■me,
Islam pan m■nggah sagung,
gennya bujung pan wangsul sami,
m■ngkana ingkang prapta,
n■nggih sabilipun,
Mas Dulah Jayengwardaya,
lan Mas Panji Bunwara lawan Mas Behi,
pinilih suma tingal,
Lawan kaji ing gadhing satunggil,
Seh Muhamat Tahir namanira,
lan Ngabehi ing mridane,
lan Panji Tamtameku,
mapan kalih kang prapta sabil,
Rangga Pag■len tiga,
kang liya puniku,
Islam pan luj■ng sadaya,
laknatolah b■lasah bangkene reki,
tigang atus watara,
■n■ng■na pan wus tan winarni,

kawarnaa Sang Nata karsanya,
Mas Dulah R■sa S■ntanane,
pan linintonan iku,
kinen tunggil wont■n Magiri,
sabab uwor prangira,
mapan langkung purun,
Jendral Dh■kok kang winarna,
sampun mantuk saking Danalaya iki,
mapan dhat■ng Ngayogja,
Mapan dalu budhalireki,
Sri Nalendra wus ngaturan wikan,
yen Jandral wus s■pi mangko,
kantun kat■ngga iku,
Danalaya lawan puniki,
Pangeran Natapraja,
g■la tyas Sang Prabu,
Basah Ngabdul Latip lawan,
Basah Ngabdul Muhyi kinen mantuk sami,
lan saprajuritira,
Mring Pag■len m■ngkana N■rpati,
laj■ng budhal lan sawadya kuswa,
kundur mring Toya Kend■le,
ing Danalaya iku,
mapan ingkang kinen jageni,
Pangran Suryawijaya,
lan Raden Tum■nggung,
Jayan■gara punika,
sakancanya laj■ng datan sag■d mijil,
kang aneng Danalaya,
Kawarnaa wau Sri Bupati,
kondurira ngobongi Ngayogja,
J■ng Pangran Behi ature,
m■nawi Jendral iku,
m■ksih Surap■sthi m■dali,
kang sinuprih punika,
mapan kang tinurut,
laj■ng Kangj■ng Sri Nalendra,
am■ng-am■ng ing Pajang nyare k■tinggi,
antawis pitung dina,
Laknatolah langkung k■ndhakneki,
kang am■rgen pan kend■l kewala,
tan winarna niskarane,
Sang Nata sampun rawuh,

Toya Kend■l sawadyaneki,
apan wont■n winarna,
ya ta kang winuwus,
wont■n Jendral malih prapta,
Komisaris Dh■bos w■stane puniki,
wakil raja W■landa,
B■kta bala langkung kathahneki,
pan anglorod Jendral Dh■ kok ika,
laj■ng akintu surate,
k■rtas ag■ng puniku,
lan pratandha ag■ng puniki,
dhumat■ng Kangj■ng Sultan,
wus tinampen iku,
n■nggih dhat■ng Kyai Maja,
laj■ng katur dhumat■ng Sri Narapati,
m■ngkana Sri Nalendra,
Mapan lagya pinarak p■ndhapi,
lan kang rama Kangj■ng Panembahan,
Pangran Ngabehi ngarsane,
putra santana sagung,
myang pratiwa nung-anung iki,
andher sumiweng ngarsa,
nira Sang Sinuhun,
Ki Maja atur nuwala,
mapan saking n■nggih Jendral Komisaris,
wakil raja Lada,
Mapan nulya kinen maos iki,
mapan kathah kang datan sinurat,
pan nanging pr■lune,
m■ngkana ung■lipun,
sampunipun inggih kang tabe,
kawula kathah-kathah,
Jendral Dh■bos iku,
sayogja n■nggih katura,
mapan dhat■ng ingkang saudara nguni,
Pangran Dipanagara,
Ingkang sampun linilan Yyang Widi,
pan jum■n■ng kang Sinuhun J■ng Sultan,
Ngabdul Kamit p■parabe,
kang jinunjung mring sagung,
ingkang para ngulama sami,
myang kang pra pandhita,

sarip suhadeku,
Kaji lawan Maulana,
sinahidan lawan prang ag■ng iki,
ngangkat Kur'an adilnya,
Luhuripun Islam Tanah Jawi,
kang Kalipah Kangj■ng Rasullollah,
Sam Tanah Jawa kabeh,
marma tur surat hulun,
pan kinarya sulur say■kti,
dhat■ng raja W■landa,
mapan badhe sagung,
inggih ngestokk■n sadaya,
jum■n■ngnya ratu Islam Tanah Jawi,
lan badhe dhedherek ika,
Angluhurk■n mring agama nabi,
■sam ingkang wont■n Tanah Jawa,
kawula anuwun maleh,
ing aprang kend■lipun,
lamun par■ng s■dya b■dhami,
mapan inggih kawula,
bin■ktanan sampun,
ingkang cap Raja Welanda,
marmanipun suwawi sami p■panggih,
amba n■rah kang karsa,
Kang Sinuhun Kangj■ng Sultan y■kti,
pan ing pundi kawula sumangga,
wus titi surat johane,
Kangj■ng Sultan gya nantun,
marang sagung sewaka sami,
pan■mbahan aturnya,
pan prayogi iku,
iya Sultan panggihana,
wus pratela yen iku wakil say■kti,
pan wus nora kuciwa,
Nadyan kapir pan padha n■rpati,
Sultan Ratu Islam Tanah Jawa,
Jendral Komasaris kuwe,
mapan wakil satuhu,
iya raja W■lenda y■kti,
pratandha ingkang ■cap,
wus pratela tuhu,
dadya wus tan nana kuciwa,
Pangran Behi myang sagung pan par■mbag pan sami,

nanging Kyai Maja,
datan r■mbag m■ngkana aturneki,
mapan ew■d ing dalil punika,
Ratu Islam satuhune,
tan wont■n samenipun.
nadyan inggih Raja W■landi,
pan dhat■nga pribadya,
datan angsal tuhu,
p■panggih lan Sri Nalendra,
sampun silih Jendral Komisaris wakil,
punika yen angsala,
Lamun ngantos J■ng Sultan panggih,
dados ngandhapaken kang agama,
mapan ag■ng s■sikune,
dadya kend■l s■darum,
sabab dalil ampunganeki,
m■ngkana kang ngulama,
pan ajrih s■darum,
mab■ni mring Kyai Maja,
sabab iku ingkang wus linilan dhingin,
matur mring Sri Nalendra,
Lamun wont■n kang ngulama iki,
purun matur pan sinatru nulya,
marma ajrih sadayane,
mapan ing w■ktu iku,
Kyai Maja t■takoneki,
kathah butar■pannya,
lan t■kaburipun,
mapan ta ing dina dina,
nadyan silih anak muridnya pribadi,
yen asring ingandikan,
Pan sinatru marma samya ajrih,
pan■mbahan pan aris ngandika,
paran dadi prayogane,
pratingkah agameku,
yen ning ngadat kang dhingin-dhingin,
kula dereng uninga,
lir Sultan puniku,
kang sin■but Raja Landa,
wakil mant■n yen pun gawa ■capneki,
pan niku pun tan beda,
Lan wujude ingkang den wakili,

marma kula ngaturi prayoga,
Sultan yen panggiha dhewe,
pan kula dereng w■ruh,
w■rtanira ratu kang dhingin,
awit ing Mangkurat,
ing saprikinipun,
nganti mudhun Raja Landa,
yen adate nging Jendral kang neng B■tawi,
Dh■kok niku timbangnya,
Ingkang ngangkat Ratu Tanah Jawi,
marma ing tyas kula luwih l■ga,
pun punjul lawan adate,
tampane tyas tuhu,
gih punika kulaur agami,
Kyai Maja turira,
pan sarwi b■s■ngut,
pan m■ksih sanes punika,
ratu donya kalawan ratu ing ngakir,
ratu donya kang ngangkat,
Laknatolah pan ratu agami,
ingkang ngangkat pan sagung ngulama,
putra dal■m upamine,
inggih ngantosa pangguh,
lawan Kapir dalil tan kenging,
nyudakak■n nugrahan,
suda rahmatipum,
pan■mbahan angandika,
mangsa bodho pan kula tan r■ti dalil,
nging adat Tanah Jawa,
Dereng ont■n lir Sultan puniki,
Sri Nalendra aris angandika,
sampun Kyai kaj■nge,
lamun dalil saestu,
ingkang ny■gah parentahneki,
saestune punika,
Kur'an kang kula nut,
Ki Maja mapan m■ngkana,
langkung bungah inngilonan kaj■ngneki,
ngraos yen angsal karya,
Kangj■ng Sultan angandika aris,
heh man Maja paran kang prayoga,
ing dalil Kur'an surupe,
mapan sun iki tuhu,

ingkang dadya esthining galih,
nanging dr■ma kewala,
anglakoni ingsun,
sabarang parentahira,
lamun Kur'an ingsun tan s■dya gingsir,
Kyai Maja turira,
Pan m■kat■n parentah ing dalil,
bot■n kenging yen paduka manggya,
yen Kapir punika dereng,
pasrah mring badanipun,
nadyan sampun pasrah upami,
lamun wakil kewala,
bot■n kenging tuhu,
yen dede Raja W■landa,
sapunika pan sampun pratela y■kti,
k■dhaping laknatolah,
S■ratipun Jendral Komasaris,
mapan sampun anglorod punika,
Jendral Dh■kok kal■nggahane,
Jendral Pagen pan sampun,
datan wont■n ingkang paw■rti,
Jendral Dh■kok punika,
angg■ntosi estu,
Jendral Pagen karyanira,
mapan Jendral Komisaris kang g■ntosi,
Jendral Dh■kok kang karya,
Dados dereng mindhak lir rumiyin,
kala Jendral Dh■kok atur surat,
nging sampun jangk■p s■mangke,
n■nggih wicalanipun,
p■dhang lawan bicant■neki,
Komasaris punika,
amba timbangipun,
Jendral Dh■kok punika,
timbangipun lawan Pangeran Behi,
mes■m Sri Naranata,
Heh ta uwus sira sun turuti,
lamun iku parentahe Kur'an,
nging padha den mant■p bae,
karyaa angsul-angsul,
layang marang ing Komasaris,
Ki Maja tur sandika,

wus luwar Sang Prabu,
Ki Maja karya nuwala,
marang Jendral wangsulan mring Komasaris,
winaonan tan k■na,
Ingkang saru mring Pangeran Behi,
mapan lawan Kangj■ng Pan■mbahan,
Ki Maja b■ngis ature,
sampeyan sampun tamtu,
dereng pirsa ■esikuneki,
n■nggih ing dal■m Kur'an,
myang ulama sagung,
punika mangsa pirsaa,
dereng ngaos nanaseman sawahneki (?)
jroning Kur'an asmara,
Pangran Behi langkung ngajrih,
lawan Kangj■ng Pan■mbahan,
sab Kur'an ampungane,
dadya nanging Kyai Maja,
ingkang mangsuli punika,
surat lan pr■tandhanipun,
marang Komasaris Jendral,
Ung■lnya suratireki,
mapan anglir aturira,
Ki Maja marang Sang Katong,
dadya langkung sarunira,
m■ngkana babing yuda,
punika kang kend■l estu,
datan lami antaranya,
Mapan wont■n surat malih,
mapan k■kalih punika,
Dh■bos lan Dh■kok surate,
m■ngkana ij■manira,
nging p■rlune kewala,
Jendral Komasaris ku,
lamun mangke karsanira,
Kang parentah wangsul malih,
mring Jendral Dh■kok sadaya,
malah kang pratandha mangko,
Jendral Komasaris ika,
pan mawi ing alingan,
kinub■ng cinorok iku,
pratandha yen wus pracaya,
Marang Jendral Dh■kok malih,

Jendral Dh■kok pratandhanya,
mapaneng nginggil ■nggene,
waw■rnen amalang kadhak,
nging surat m■ksih ika,
namtokak■n ngajak pangguh,
lan mung■l kang wus masesa,
Dharat s■gara lan wukir,
pan ngajak s■maya dina,
Ki Maja pan wangsulane,
ngajak panggih ja lana,
m■ngkana kang winarna,
Wus prapta s■mayanipun,
Ki Maja nulya parentah,
Nenggih Basah Ngabdul Muhi,
Pag■len pan tinimbalan,
mapan sewu prajurite,
m■ngkana parentahira,
n■nggih Kiyai Maja,
k■lamun sida k■pangguh,
lan Jendral aja kuciwa,
Datan tega Sri Bupati,
wau dhumat■ng Ki Maja,
Sang Nata pan tumut mangko,
nanging anamur kewala,
yen siyos ap■panggya,
Jendral lan Ki Maja iku,
Sang Nata mapan m■ngkana,
Karsanya wus tan winarni,
saking toya kend■l budhal,
myang sawadya kuswa mangko,
wus prapta ing Jahalanang,
Jendral nulya utusan,
an■rang kang tamtu pangguh,
punapa J■ng Sri Nalendra,
K■lamun Sri Narapati,
Jendral Pagen sohan pribadya,
lamun Ki Maja kimawon,
mapan ngaturan punika,
mring Lathen kewala,
bab sae ■nggenipun,
dados tanak kang bicara,
Ki Maja sugal nauri,

mring K■lathen amek apa,
g■l■m tan g■l■ma mangko,
Jendral mapan kula undang,
sabsampun jangjinya,
Jadikrama dika tutur,
yen m■kot■n kar■p kula,
Jadikrama nuli bali,
warti mring Jendral kalihnya,
m■ksih nong Bayalaline,
m■ngkana wus tan winarna,
tamtu wakil kewala,
S■tewar malih lumaku,
lan Bun Ngali K■tib ika,
Pan naming w■wah satunggil,
Sarip Kasan wastanira,
papat khaji Sala mangko,
lan wus bin■ktan pratandha,
nanging ■cap kewala,
kang Jendral kalih puniku,
katiga Raja W■landa,
Sabab samangsane dadi,
sabarang paturanira,
S■tewar win■ling mangko,
pan laj■ng kinen nuhuna,
n■nggih ingkang nuwala,
surat parentah punika,
marma bin■ktan pratandha,
Cadikrama nulya warti,
wau dhumat■ng Ki Maja,
yen Jendral wakil kimawon,
nanging motlat punika,
Ki Maja mapan nulya,
parentah karya puniku,
p■sanggrahan junut ika,
Badhe kinarya manggihi,
pan sampun s■mados dina,
m■ngkana prapta mangsane,
Kyai Maja mapan nulya,
pamit mring Sri Nalendra,
lan Pangran Ngabehi iku,
Pangran Ngabdul Majid ika,
Gusti Iman Basah Kamil,
lan Basah Ngabdul Muhyika,

Ngusman Ali Basah mangko,
lagya sakit marmanira,
datan wont■n punika,
myang sagung pra Dipatyeku,
budhal saking Jahalanang,
Tan pantara prapta nuli,
ing junut Kyai Maja,
myang sagung pratiwa kabeh,
ingkang samya dherek ika,
m■ngkana tan pantara,
S■tew■r pan prapta sampun,
myang sagung sakancanira,
Nulya tata l■nggah sami,
ri wus S■tew■r man■bda,
Kiyai kula kineneken,
dhat■ng Jendral sakalihnya,
anuhun kang parentah,
lawan ngaturk■n sagung,
punika ing tanah Jawa,
Sumangga karsa Nr■pati,
wetan wangkit B■lambangan,
kilen ing Bant■n wangkide,
Jendral pan sampun mangga,
ing karsa Sri Nalendra,
lan ing Sala Yogjeku,
punika inggih katura,
Dhumat■ng Sri Narapati,
nging Jendral gadhah pan■dha,
inggih tigang pr■kawise,
ingkang rumiyin punika,
lamun sagung W■landa,
kinon tumut manjing iku,
manjing agami Islam sadaya,
Mapan den p■laur mati,
dene kaping kalihira,
yen par■ng Kangj■ng Sang Katong,
mapan pasisir sadaya,
dipunsuwun punika,
ngladosna lir adatira,
N■nggih kaping tiganeki,
yen datan par■ng punika,
nanging Jendral panuhune,

t■ksiha kenging punika,
ngambah ing tanah Jawa,
nanging nuhun dagang iku,
lawan kula sampun b■kta,
Mapan kang pratandha sami,
aw■rni cap katiga,
yen sampun par■ng Sang Katong,
ingkang panuhun punika,
kinen laj■ng ng■capa,
Tuwan Jendral prentahipun,
pan inggih dhat■ng kawula,
Ki Maja sugal nauri,
iku ■ndi pasrahira,
mapan kabeh say■ktine,
kagungane Sri Nalendra,
iki ing tanah Jawa,
ana dene Sala iku,
mapan kang putra pribadya,
Ngayogja ingkang nagari,
kang Sinuhun Kangj■ng Sultan,
ana dene Sala kuwe,
lamun nora mituruta,
marang karsane kang rama,
aku bae ya wus saguh,
ambubrah ing Surakarta,
Balik pasrahnya kang ■ndi,
yen upama wong totohan,
durung ana kukupane,
iya ing p■kalahira,
S■tewar nulya n■bda,
Kyai kula tan sumurup,
ingkang dados k■rsadika,
Marmane kawula prapti,
kinengken Jendral punika,
mapan inggih masrahake,
ing tanah Jawa sadaya,
mapan sampun sumangga,
nging Jendral parentahipun,
inggih dhumat■ng kawula,
Mapan kinen nyadhong y■kti,
ingkang parentah Nalendra,
Jendral nurut sakarsane,
pan nanging panuwunira,

mung■l ngaj■ng punika,
pundi kang linilan iku,
suwawi den dhawah■na,
Marmane kawula Kyai,
bin■ktanan cap titiga,
pundi kang dados karsane,
kang dhinawuhk■n kawula,
laj■ng kinen ng■capna,
Ki Maja sugal sumaur,
eh S■tew■r iya apa,
Ingkang sun dhawahke iki,
sira durung asrah badan,
S■tew■r alon saure,
Badan punika punapa,
tan sum■r■p kawula,
Kiyai Maja sumaur,
m■ngko sun surupk■n sira,
Yen wus k■lar sira iki,
nuli sun dhawuhi sira,
kang dadi karsa Sang Katong,
lawan parentahing Kur'an,
Bun Ngali k■tib nyandhak,
tuwan pan ew■d puniku,
prayogi malih anr■rang,
Dhat■ng Jendral Komasaris,
kawula ajrih punika,
S■tew■r dhin■ng■rake,
mring Bul Ngali k■tip ika,
kagyat S■tew■r n■bda,
Kyai Maja k■prahipun,
mundur kaj■ngan andika,
Pribadi kang den turuti,
ing ngaj■ng wau punika,
Jendral dados panuhune,
den lampu tump■s sadaya,
inggih mangsa puruna,
yendika prih Islam tuhu,
Ki Maja sugal saurnya,
Kang ■ndi pratandhaneki,
sira saguh nuhun karsa,
S■tew■r sugal saure,
mapan pasisir punika,

yen mar■ngi Nalendra,
linadosk■n paosipun,
yen tan mar■ngi sumangga,
Nging kenginga dagang iki,
n■nggih aneng tanah Jawa,
Ki Maja b■ngis saure,
dadi aprang tanpa karya,
yen kaya kar■pira,
tanpa pedah mapan iku,
ngukup meliknya pribadya,
Dene Kangj■ng Bupati,
say■kti datan kagungan,
iya kang sun padu kiye,
pan melik kasenapatya,
S■tew■r sugal n■bda,
yen kaya m■kot■n sampun,
dadi dika ingkang karya,
Punika sagung p■pati,
ing tanah Jawa sadaya,
lawan kang wutah g■tihe,
pasthi kat■mpuhandika,
sabab dika kang karya,
Ki Maja b■ngis sumaur,
s■nadyan padha wutaha,
Pan g■tihe kanca mami,
dadi j■bat k■sturi ka,
mati surga ganjarane,
S■tew■r asru n■bda,
gih Kyai kawula,
mapan bot■n melu-melu,
lamun kaya kar■p dika,
Pun wisuh kula Kyai,
pun nanging mangsa bodhowa,
nulya pamit sakancane,
S■tew■r wus mundur nulya,
saking Junut punika,
tan winarna praptanipun,
kawarna Kyai Maja,
Budhal saking Junut iki,
wangsul dhat■ng Jahalanang,
m■ngkana Kangj■ng Sang Katong,
mapan l■nggah aneng Sela,
ngaj■ng-aj■ng Ki Maja,

m■ngkana pan prapta sampun,
laj■ng sohan Sri Nalendra,
At■napi Pangran Behi,
Pangran Ngabdul Majid ika,
lan Basah Ngabdul Kamile,
Basah Kasan B■sarika,
Ngabdul Muhyi lan Basah,
myang kang pratiwa nung-anung,
Sri Nalendra angandika,
Paran ing lakunereki,
Ki Maja matur niskara,
k■langkung ngungun Sang Katong,
dangu mapan tan ngandika,
riwus nulya atanya,
mring kang paman Ngabehiku,
upami tinututana,
S■tew■r punapa m■ksih,
Pangran Behi aturnya,
kados sampun t■bih katong,
w■tawise lampahira,
pan laj■ng s■sand■ran,
kados sang■t n■psonipun,
Sri Nalendra angandika,
Kados lamun n■psuneki,
Ki Maja kang k■brabelan,
kados pundi w■tawise,
punapa tan matosana,
Pangran Behi atanya,
dhumat■ng Ki Maja iku,
kados pundi Kiyahi Maja,
Pandugine benjing enjing,
punapa tan dhat■ng ana,
Ki Maja m■ngkana ture,
inggih w■tawis kawula,
kados bot■n punika,
pun laknat kapir puniku,
nging kantun awas kewala,
S■nadyan puruna malih,
pun laknatolah punika,
mangsa kuwatos samangko,
mapan kanca Basah tiga,
kang nadhahi punika,

Sang Nata anulya kondur,
ewa mring aturnya Ki Maja,
Prapta p■sanggrahaneki,
nulya sare Sri Nalendra,
wus luwar mapan sagunge,
mring pondhokan sowang-sowang,
m■ngkana enjangira,
kapir tan m■dali pupuh,
Ki Maja mapan sangsaya,
T■kaburira andadi,
kadya wus karsa Yyang Sukma,
tan kenging winaon mangko,
malah ing p■ngakunira,
mapan inggil pribadya,
marmane lanang puniku,
sagung Eslam juritneka,
Pan saking piyambakneki,
sabab angak■n pribadya,
lamun siniyan Yyang Manon,
marma sring s■layanira,
lan Pangran Ngabehi ika,
myang sagung pradipatyeku,
ajrih g■thing mring Ki Maja,
Sar■ng wanci asar iki,
p■calang atur uninga,
yen laknat m■dali mangko,
langkung gugup tur uninga,
dhat■ng Sri Naranata,
Ki Maja wus kinen iku,
parentah magut ing yuda,
Nanging sagung pradipati,
esmu g■la tyasnya samya,
dhumat■ng Ki Maja mangko,
sabab ujarnya ika,
tan ana ingkang nyata,
nging ajrih ingkang Sinuhun,
marma k■mba aj■ngira,
M■ngkana laknat wus prapti,
pan laj■ng pin■thuk yuda,
marang Basah Pajang mangko,
Kasan B■sari punika,
lawan sakancanira,
nanging denmriy■m ping telu,

prajurit Pajang lumayya,
Basahira kang marahi,
pan g■ndring p■layunira,
ngungsi mring Basah kalihe,
Pag■len lawan M■ntaram,
laknat wus katadhahan,
pan sapih k■saput dalu,
laknat mondhok mring K■jiwan,
Basah kalih mondhok sami,
aneng K■jambon punika,
lawan sagung prajurite,
Basah Kasan B■sari ka,
kinen baris neng ngarsa,
lan prajurit Pajang sagung,
dalu sagah ngecu ika,
Nanging datan angy■ktosi,
enjing laj■ng campuh yuda,
ingkang dados p■ngaj■nge,
mapan Tum■nggung Sutayuda,
ing K■jambon punika,
lawan Mas Rangga puniku,
ingupit prawira astra,
Lawan Mas Rangga puniki,
ing guling Jayas■ntika,
lan Mas Rangga tanggalane,
Wiras■ntika manya,
laj■ng kuw■l ing yuda,
samya tinilar lumayu,
s■kawan k■laj■ng samya,
Prapta ing sabillolahi,
laknat mapan kathah p■jah,
kadya wus karsa Hyang Manon,
sinung pam■leh punika,
pan prajurit M■ntaram,
ingaj■ngk■n nora k■na,
Mapan k■dah mundur sami,
Sri Nalendra ingaturan,
priksa mring kang rayi mangko,
Pangran Ngabdulmajid ika,
lamun prajurit samya,
lagya tan kenging ingadu,
mapan k■dah mundur samya,

Lawan ngaturi udani,
Mas Tum■nggung Sutayuda,
lawan Rangga katigane,
mapan prapta sabillolah,
langkung ngungun Nalendra,
rumaos tampi s■siku,
dhat■ng Rabilngalamina,
Sabab ing pitaj■ngneki,
s■laminya mring Ki Maja,
k■lamun tinandhing mangko,
prajurit Eslam lan laknat,
kadya tik■l s■kawan,
dadyangl■s tyasnya Sang Prabu,
dangu datan angandika,
Langkung ajrih mring Yyang Widi,
s■laminya wadya Islam,
datan m■ngkana pr■range,
pratandha dinukan Sukma,
Sang Nata ris ngandika,
mring Pangran Ngabdulmajid ku,
heh Ngabdul Majid ta sira,
Anake kang padha sabil,
kabeh sira g■ntek■na,
aja owah saj■n■nge,
J■ng Pangran matur sandika,
Sang Nata nulya budhal,
saking Jahalanang iku,
tan kantun kang wadya kuswa,
Pan kondur Sri Narapati,
mring Toyakend■l punika,
datan winarna margine,
Toyakendel sampun prapta,
kawarnaa laknatolah,
mapan sar■ng unduripun,
lawan Kangj■ng Sri Nalendra,
N■nggih Pangran Ngabdulmajid,
kang t■ngga Pajang sadaya,
ingkang kinarya kanthine,
Rahaden Riya Sindurja,
sagung kang baris samya,
sampun manggen pr■nahipun,
m■ngkana wus tan winarna,
Kawarnaa Sri Bupati,

pinarak aneng pandhapa,
lawan pan■mbahan mangko,
Kyai Maja munggeng ngarsa,
lan Pangran Ngabehi ka,
Basah Ngabdul Muhyi iku,
nuhun pamit mring Nalendra,
Mantuk mring Pag■len iki,
sabab yen tinilar lama,
Pag■len sang■t watose,
bilih bibrah manahira,
sagung prajurit samya,
Ki Maja nambungi muwus,
sarwi gumuj■ng punika,
Heh ta anak Ngabdul Muhyi,
dika kuwatir mring desa,
pan desa gampang kemawon,
angel wong nata agama,
Basah ris aturira,
mapan angel nata dhusun,
gampil anata agama,
Ki Maja ny■ktak sru angling,
daw■g padha lilironan,
dika nata agamane,
kula ingkang nata desa,
Ngabdul Muhyi saurnya,
pan kawula dene kaum,
sangsaya sr■ng■n Ki Maja,
Suwawi Pangran Behi,
punapa l■r■s punika,
desa tandhing agamine,
Pangran Ngabehi ngandika,
mapan p■ngrasa kula,
Kyai pan padha puniku,
nging beda kang duwe karya,
Dadya saya muring-muring,
Ki Maja sanes tampinya,
yen m■kot■n tanpa gawe,
sagunge aprang punika,
mindhak angsal duraka,
lamun desa kang rin■but,
mes■m Kangj■ng Sri Nalendra
Nulya angandika aris,

iku padu tanpa karya,
m■ngkene iku surupe,
lamun badan tanpa nyawa,
apa arane ika,
nyawa lamun tan kadulu,
nora nyata rupanira,
Mapan nulya kend■l sami,
Basah Ngabdul Muhyi ika,
wus linilan mantuk mangko,
mring Pag■len lengser nulya,
saking ngarsa Nalendra,
tan winarna praptanipun,
m■ngkana Sang Sri Nalendra,
Kadya wus karsa Hyang Widi,
lin■bur ingkang pusaka,
tiga karsanya Sang Katong,
dinadosak■n sajuga,
n■nggih Ki Sarutama,
lan Ki Barutuba iku,
tiga Kyai Abidjaya,
Kyai Barutuba iki,
Seh Muhamad Usman li Basah,
pinaring anggen-anggen,
n■nggih Kyai Sarutama,
Kangj■ng Ratu punika,
Kyai Abidjaya iku,
mapan ag■mnya pribadya,
Ayun matur pan samya jrih,
Pag■len ingkang winarna,
Pangran Dipanagarane,
ingkang garwa nandhang gr■rah,
langkung sang■t punika,
kinondurk■n mring M■ntarum,
ing Toyakend■l wus prapta,
Mapan laj■ng sedaneki,
sinarek■n ing Jimatan,
dadya ingkang raka mangko,
Pangeran Dipanagara,
mapan sang■t liwungnya,
wantu samya anemipun,
lawan dereng gadhah putra,
Mapan kinen wangsul malih,
mring Pag■len dereng karsa,

pan m■ksih langkung ing tyase,
Pangeran Dipanagara,
wau dhat■ng kang garwa,
m■ngkana wus tan cinatur,
Kangj■ng Ratu kang winarna,
Pan lagya bobot n■m iki,
sampun karsaning Hyang Sukma,
mapan laj■ng gr■rah mangko,
sang■t mapan tan k■tara,
nanging ingkang salira,
mapan risak Kangj■ng Ratu,
tan suda ngibadahira,
M■ngkana w■las ningali,
Kangj■ng Ratu mring kang raka,
ingaturan ningkah mangko,
mring tilarannya kang paman,
Pangeran Dipayana,
Raden Ayu R■tnaningrum,
pinaring nama punika,
Nanging ingkang tyasnya N■rpati,
mapan tan mar■m punika,
laj■ng akarya pan■pen,
kinarya anglipur brangta,
neng dhusun M■ntaraman,
pan kinontha dhepokipun,
lir pr■tapaning pandhita,
Sas■karan warni-warni,
mawi langgar alit ika,
mapan kinub■ng ing lepen,
aneng ngiring-iring arga,
lan mawi k■lang■nan,
n■nggih kang p■ksi pr■kutut,
dene kang dherek punika,
Nanging panakawan alit,
ingkang ngladosi punika,
yen J■mungah kondur mangko,
marang Toyakend■l salat,
yen wus bakda J■mungah,
laj■ng sinewa puniku,
s■barang paturan samya,
Pan punika w■ktuneki,
katurnya mring Sri Nalendra,

yen sampun gya kondur maleh,
Sang Nata mring M■ntaraman,
mapan s■laminira,
neng Toyakend■l puniku,
lawan Kangj■ng Ratu gr■rah,
Ing Pajang ingkang winarni,
Basah Kasan B■sari ka,
mapan asring s■layane,
lawan bantu sing M■ntaram,
lawan Kangj■ng Pangeran,
Ngabdulmajid lir puniku,
dadya kondur J■ng Pangeran,
Dhumat■ng M■ntawis iki,
nanging kantun Raden Riya,
Sindurja tinilar mangko,
sampun katur mring Nalendra,
nulya kinen mariksa,
nanging aso aturipun,
mapan tan arsa balika,
M■ngkana Ki Maja iki,
mapan asring winadulan,
yen bantu M■ntaram kether,
dene kang marahi ika,
mapan Cakranagara,
kang kilen mapan kang kidul,
Den Tum■nggung Jawinata,
Dadya langkung watirneki,
Ki Maja mring kakangira,
Basah Kasan B■sarine,
sring denoyak-oyak,
yen bantu dereng pta,
lawan sang■t isinipun,
ajrih marang Sri Nalendra,
Sabab sampun kathah iki,
k■laj■ng s■sumbarira,
nulya Cakran■garane,
ingundang pan sampun prapta,
ngaj■ngira Ki Maja,
nulya tinakenan iku,
heh dika Cakranagara,
Punapa sring ketherneki,
lamun gilir marang Pajang,
dadi marahi kang akeh,

yen dika tan g■l■m ika,
angur dika seleha,
kula bisa golek liru,
mapan wong kang kaya dika,
Cakranagara nahuri,
punika wont■n punapa,
dene lampah kula mangko,
mapan inggih datan ewah,
kadya kanca sadaya,
lamun dangu pados sangu,
kiyahi bot■n inggiya,
Ki Maja n■bda ab■ngis,
heh ta Ki Cakranagara,
nanging karya sarat bae,
kalamun prapta ing Pajang,
dika banjur ump■tan,
datan wani t■mu mungsuh,
gumuyu Cakran■gara,
Gih y■ktos Kangj■ng Kiyahi,
sint■n ingkang purun p■jah,
nanging kula saestune,
lumampah gilir punika,
lan sakanca sadaya,
karsanya ingkang sinuhun,
nging karya bantu kewala,
Dene kang kula bantuni,
prajurit Pajang punika,
nging tan wont■n prajurite,
w■kasan kinarya bandha,
gih sint■n puruna,
rumiyin duk anyaripun,
inggih ing Pajang punika,
Pan sagung kanca bupati,
kang samya gilir punika,
mapan aprang say■ktose,
pan sin■nggih dados kandha,
lir Pag■len punika,
w■kasan mundhak puniku,
kanca kang kinarya bandha,
Dadya g■la tyasnya sami,
nanging ajrih ten matura,
ing mangke kapar■ng y■ktos,

sampeyan dukani punika,
kawula langkung l■ga,
nadyan katur kang Sinuhun,
kawula mapan sumangga,
Sampeyan arsa mantuni,
ing wahu dhat■ng kawula,
pundi w■rnine tiyange,
ingkang sami lan kawula,
mapan ayun uninga,
Ki Maa asru amuwus,
heh dika Cakranagara,
Dadi pun tan ar■p y■kti,
anurut parentah kula,
Cakranagara saure,
yen ingkang l■r■s sandika,
lawan t■rang ing karsa,
sampun sakit nadyan lampus,
kawula mapan sumangga,
Ing siyang k■lawan ratri,
sumaos karsa Nalendra,
tan mulat marang liyane,
esmu isin Kyai Maja,
mring Ki Cakranagara,
m■ngkana wus tan winuwus,
enjing malih kang winarna,
Kyai Maja ing tyasneki,
saya muring-muringnya,
tambuh kang dadi napsune,
m■ngkana pan l■nggahan,
lan kang para ngulama,
kaji lawan sarip iku,
Pangran Behi ingaturan,
Pinarak dhumat■ng masjid,
sampun rawuh Kangjeng Pangran,
Ki Maja aris ature,
mapan kawula pangeran,
ayun sohan Nalendra,
ngaturk■n ujaring ngelmu,
inggih lampahing nagara,
Rumiyin alam J■ng Nabi,
pan samya maujud sadaya,
ing D■mak m■kat■n maleh,
punika kaj■ng kawula,

badhe matur Nalendra,
nuwun karsa kang satuhu,
kant■nane kang p■karya,
Pangran Behi man■bda ris,
punika karya punapa,
kula tan sumar■p mangko,
dene karsane Nalendra,
pun p■rcaya sadaya,
mring Kyai s■lamenipun,
datan pirsa napa-napa,
Kyai Maja sahurneki,
Pangran babing wasesa,
Sri Nalendra s■dayane,
s■daya wakil kewala,
mapan kaj■ng kawula,
nuwun panduman satuhu,
wasesa salah sajuga,
Kant■nane gen nglampahi,
dados bot■n keron ika,
sabab sampun gadhahane,
yen Sang Nata sampun lila,
ingkang salah sajuga,
Pangran Ngabehi n■bda rum,
Kyai tan sumr■r■p kula,
Alah pakarya sawiji,
dene kabeh wont■n dika,
Sang Nata barang karsane,
Ki Maja pan saurira,
inggih l■r■s punika,
mapan nanging dr■mi tuhu,
kula tan gadhah wasesa,
M■kat■n Pangeran Behi,
ujare ngelmu punika,
kagunganira Yyang Manon,
s■kawan kang wont■n donya,
punika mapan samya,
pinaring wasesa iku,
p■karyanira pribadya,
Mapan ta dados satunggil,
ratu wali lan pandhita,
mukmin kaping s■kawane,
punika kaj■ng kawula,

pundi kinarsak■na,
kang salah satunggilipun,
lan pundi kang pinaringna,
Kant■nan gennya nglampahi,
ingkang manah bot■n g■la,
lamun sampun gadhahane,
Pangran Ngabehi ngandika,
yen kaya m■kot■na,
anglir kang k■lakon iku,
tanpa pedah rin■but yuda,
Datan wurung niku benjing,
papat ratu ngaku samya,
angur baya kang k■lakon,
nanging t■lu ratunira,
sawiji kang masesa,
yen kaya m■kot■n iku,
dadi saya bot■n tata,
Kyai kawula pan w■di,
yen melu-melu punika,
myang sagung ngulama kabeh,
tinantun samya aturnya,
mapan ajrih sadaya,
nanging anak muridipun,
Ki Maja kend■l kewala,
Wont■n ngulama sawiji,
Seh Belawi namanira,
mapan m■ngkana ature,
Kyai p■ngraos kawula,
sampun l■r■s punika,
inggih lawan ngelminipun,
lamun wakil-winakilan,
Nanging wujudnya satunggil,
ingkang jum■n■ng wisesa,
kang rinilan mring Yyang Manon,
lamun bot■n m■kat■na,
mapan tan wande ura,
tan jum■n■ng kraton tuhu,
Ki Maja b■ngis saurnya,
Yen m■ngkono Seh Belawi,
ar■p angg■nteni mring wang,
ajrih Seh Belawi mangko,
pan laj■ng kend■l kewala,
tan dumugi aturnya,

dadya samya ajrih sagung,
ngulama sarip kaji ka,
Dadya samya aturneki,
pan nanging ajrih kewala,
mapan nulya bubar mangko,
marang pr■nah sowang-sowang,
kawarnaa Ki Maja,
dadya sang■t isinipun,
k■lamun tan k■lakona,
Ingkang dadya kaj■ngneki,
ing dalu tan sag■t nendra,
m■ngkana sar■ng enjinge,
Ki Maja ing kaj■ngira,
sohan Sri Naranata,
dumugek■n kajengipun,
mampir dhat■ng P■ngabean,
M■ngkana Pangeran Behi,
ing dalu tan sag■t nendra,
pan nuju l■nggah pandhapa,
Ki Maja wus prapta mangko,
ri sampun l■nggah atata,
Ki Maja aris n■bda,
pangeran suwawi iku,
samya sohan mring Nalendra,
Pangran Ngabehi n■bda ris,
yun sohan wont■n punapa,
mapan Ki Maja saure,
pan inggih kaj■ng kawula,
dumugek■n punika,
ing wingi ujaring ngelmu,
ayun kawula aturna,
Dhat■ng Kangj■ng Sri Bupati,
Pangran Behi ngandika,
kyai ing wingi mulane,
pan sampun ajrih kawula,
malah lamun k■naa,
sampun dumugek■n matur,
m■nawa angsal duduka,
Tur mangsa angsala iki,
mindhak karya kagyat ika,
mapan Ki Maja saure,
dinukan kenging punapa,

wong matur sal■r■snya,
punika ujaring ngelmu,
Pangran Ngabehi ngandika,
Sampun l■r■s ngelmu puniki,
inggih pan mangsa sanesa,
s■nadyan Kangj■ng Sang Katong,
pan mangsa inggih kilapa,
m■nggah raos punika,
Ki Maja mujar bas■ngut,
gih sampun kula pribadya,
Ingkang sohan mring N■rpati,
Pangran Ngabehi ngandika,
Mapan sumangga kimawon,
yen kenging pan kula mirma,
m■nawi dados duka,
Ki Maja nulya lumaku,
lan m■ngkana ujarira,
Gih sampun kula pribadi,
pangeran mapan bab■gjan,
kawarna Kangj■ng Sang Katong,
mapan lagya maos Kuran,
neng surambining langgar,
ingkang winaos pan nuju,
amar■ngi surat Rahman,
Ingkang samya sohan iki,
sagung panakawan ika,
alit-alit mapan andher,
neng pan■pen M■ntaraman,
Ki Maja nulya prapta,
kend■l neng pasohan iku,
panakawan tur uninga,
Lamun Kyai Maja prapti,
pan nuhun sohan punika,
esmu kagyat J■ng Sang Katong,
tin■rka wont■n p■rkara,
kend■l pamaosira,
nging Kuran m■ksih neng ngayun,
Ki Maja gya ingandikan,
Wus prapta ngarsa Nr■pati,
Sri Nalendra angandika,
sira prapta pakaryane,
Ki Maja aris aturnya,
mapan tan wont■n karya,

ingkang saking liyanipun,
nging karya amba pribadya,
Ngaturk■n lampahing ngelmi,
sagung pratingkah punika,
kawula matur say■ktos,
m■nggah lampahing agama,
mapan mawi wangkidan,
kang gadhah karya punika,
mrih samya santosanira,
Mapan nugrahaning Yyang Widi,
kang linairk■n nang donya,
kawan pr■kawis kathahe,
dene warnine punika,
Ratu lawan uliya,
pandhita mukmin kang tuhu,
punika kang sinung karya,
Pan inggih dhat■ng Yyang Widi,
tan kenging lintu pakarya,
lawan sami wasesane,
Sumangga tuwan mundhuta,
Ingkang salah sajuga,
Yen Paduka milih Ratu,
Pan nanging ratu kewala,
Wali pandhita myang mukmin,
Suwawi tuwan piliha,
Kang pundi kinarsakake,
Kant■nane manah kawula,
Lan tuwan ngandikaa,
Kang tan kinarsakk■n iku,
Pasraha dhat■ng kawula,
M■ngkana karsaning Widi,
Kangj■ng Sultan duk miarsa,
mring Kyai Maja uature,
jajabang mawinga-winga,
mapan asru ngandika,
eh iki dhingin sireku,
duk ngucap kuwanen ika,
Nora kungkulan mring mami,
marang nagbdul majid sira,
dadi iki wahanane,
ingsun w■ruh kar■pira,
mapan jaluk wasesa,

kaya Sunan Giri iku,
dadi ingsun sira karya,
Kala Sultan D■mak dhingin,
ingsun dumeh muridira,
kalawan iya maninge,
mapaningsun nora ngrasa,
sira bakali ika,
duk durung ana sireku,
mapan ingsun wus kinarya,
Marang ing Rabil Ngalamin,
sira anglairk■n iya,
kalawan ngulama kabeh,
pan dudu sira pribadya,
lawan sun dhingin ika,
aweh w■nang mring sireku,
pr■kara pratingkah Kur'an,
S■barang parentahneki,
sira sun lilani iya,
lamun matura mring ingong,
sun diga s■lam■t sira,
mapan tan ing sun nyana,
lamun m■ngkono kar■pmu,
lawan maninge Ki Maja,
Ingsun tan angrasa y■kti,
lamun dadikaryanira,
apa t■kaburmu kuwe,
ingkang bakal dadi bandha,
tumungkul Kyai Maja,
mapan tan sag■d umatur,
langkung ing kaduwungira,
Sang Nata ngandika malih,
ngelmu ingkang sira karya,
ampungan kar■pmu kuwe,
mapan sarupaning jalma,
iki pan pinaringan,
marang Allah ingkang Agung,
lah maramaning maturnya,
Ki Maja sang■t dennya jrih,
tan sag■d malih matura,
nulya kinon mantuk mangko,
Kangj■ng Sultan manjing langgar,
langkung g■la tyas Nata,
dhumat■ng Ki Maja iku,

mapan sang■t tan s■mbada,
Kangj■ng nyalan y■ktineki,
m■ngkana Kyai Maja,
mantuk nus prapta wismane,
langkung sang■t jrih wirangnya,
konangan kaj■ngira,
panambahan kang winuwus,
mapan lagya lal■nggahan,
Kalawan Pangeran Behi,
Raden Riya Natapraja,
ingkang sohan neng arsane,
mapan aneng ing p■ndhapa,
dangu marang Ki Maja,
kang dados panuwunipun,
umatur Rahaden Riya,
Wus matur niskaraneki,
mes■m Kangj■ng Pan■mbahan,
dene t■ka kaya rare,
Sultan den w■deni ika,
ngelmu mangsa kilapa,
Pangran Ngabehi umatur,
pan bot■n kirang kawula,
Rumiyin daw■g tinari,
pan bot■n r■mbag kawula,
dhat■ng Ki Maja kaj■nge,
nanging ngulami s■daya,
tinantun mapan samya,
anglir kula kaj■ngipun,
kang purun pab■n satunggal,
Seh Bulawi laj■ng iki,
tin■rka yun g■ntosana,
mila samya kend■l mangko,
sagung kang para ngulama,
duk ayun sohanira,
mring M■ntawisan puniku,
mampir dhat■ng wisma kula,
Ngajak sohan mring Nr■pati,
kula dipunken matura,
nging kula mamb■ng kaj■nge,
pan laj■ng sohan pribadya,
m■ngkana kang winarna,
pan dereng dumugi iku,

Kyai Maja nulya prapta,
Esmu sang■t susah neki,
riwus tata samya l■nggah,
Ki Maja umatur alon,
dhat■ng Kangj■ng Pan■mbahan,
lan Pangran Ngabehi ika,
ngaturan nuhunk■n iku,
apunt■n dhat■ng Nalendra,
Sabab sagung pra Dipati,
sar■ng samya mirsa warta,
Ki Maja dinukan mangko,
samya suda ajrihira,
tuhu dhat■ng Ki Maja,
dadya sang■t aturipun,
n■langsa nuhun apura,
Pan■mbahan w■las tyas neki,
wau dhumat■ng Ki Maja,
lawan Pangran Ng■behine,
pan nulya den irid ika,
sohan mring M■ntaraman,
m■ngkana ingkang Sinuhun,
mapan lagya maos kitab,
Neng surambi langgar iki,
Nasikatul Mulak ika,
Pan■mbahan prapta mangko,
lan Pangran Ngabehi ika,
Ki Maja kantun jaba,
aneng pasohan puniku,
riwus tata l■nggah samya,
Neng surambi langgar iki,
Pan■mbahan ris aturnya,
Sultan marma seba ingong,
yen mar■ngi karsanira,
nuhunake apura,
marang Kyai Maja ingsun,
tulus sadadi kanthinya.
Pan Sultan panuhun ingsun,
marang adhima-s Ngabehi,
m■ngkana Sri Naranata,
sar■ng mirsa haturneki,
kang rama j■ng pan■mbahan,
lir sinapu duka neki,
Aris ngandika Sang Prabu,

tandya mring kang rama iki,
mangke deng pundi ■nggennya,
man maja inggih kiyahi,
Pan■mbahan aturira,
sun tinggal paseban jawi,
Kang Sinuhun nulya ngutus,
punakawan kang tinuding,
nimbali Kiyahi Maja,
tan pantara nulya prapti,
tur salam sarwi karuna
wus lilih tyasnya N■rpati
Niskaranya tan cinatur,
Pan■mbahan mapan nuli,
kinen kondur mapan samya,
nulya lawan Pangran Behi,
tan kantun Kiyahi Maja,
marang toya kend■l iki,
Katiga lengser sing ngayun,
kang sampun datan winarni,
rahka(?)den Sasradilaga,
nuhun pamit mring Nr■pati,
m■dal mring mancanagara,
mapan sampun den lilani,
Kawarnaha Kangj■ng Ratu,
sangsaya sang■t grahneki,
salira kraosika,
tan arsa den usadani,
kadya wus karsa Ywang Sukma,
Pan■mbahan sring muhuni,
Saking sang■t marasipun,
Pan■mbahan mring Nr■pati,
sampun kraos sing nala,
Kangj■ng Sultan yen upami,
tinilar dhat■ng kang garwa,
kadya bibrah ing tyasneki,
Dadya sring ngandika iku,
paran ratu polah mami,
yen k■lakon sira tinggal,
sapa kang sun ■mong iki,
lawan Sultan wus sun duga,
lamun kuwur tyasirekі,
Kangj■ng Ratu tyasira rum,

pan kados pundi kiyahi,
k■langkung b■gja sampeyan,
kalawan Sri Narapati,
mapan kawula punika,
inggih dumi anglampahi,
Ing donya ngakheratipun,
tan gadhah tingal k■kalih,
pan nanging putra sampeyan,
ingkang kawula ngengeri,
Pan■mbahan angandika,
Adhuh nyawa anak mami,
Marmane kuwatir ingsun,
tan beda tyasira y■kti,
kalawan Sri Naranata,
tan payun mulat liyani,
m■ngkana wus tan winarna,
kawarnaha Sri Bupati,
Nimbali Ki Maja iku,
kalawan Pangeran Behi,
kinen mirsa baris samya,
ingkang neng sawetan Pragi,
kinen ngub■ngi sadaya,
m■nawa dalu ya sami,
Sabab laknat lami sampun,
mapan tan wont■n m■dali,
marma samya kinen mirsa,
wantunnya prajurit jawi,
lamun lami datan yuda,
kathah samya mantuk iki,
Ingkang Basah kalih iku,
Bulkiya lawan pinilih,
myang sagung kang pradiptya,
sandika kalih turneki,
lengser sing ngarsa Nalendra,
kalih dalu win■tawis,
Mapan datan nyasahiku,
laknat murtad yen medali,
saking Ngayogya sadaya,
lawan kakerigan iki,
dadya langkung ag■ngira,
Basah myang kang pra dipati
Par■nca barisanipun,
Ki Maja lan Pangran Behi,

utusan atur uninga,
dhumat■ng Sri Narapati,
lamun m■ngsah badhe prapta,
dereng wont■n kang nadhahi,
Basah lan prajurit sagung,
m■kasih urugennya baris,
m■ngsah m■dal ngiring ngarsa,
p■lawonan sampun prapti,
Sang Nata kondur tumulya,
dhateng toya kend■l iki,
Dhawahi r■repot sagung,
kinen samya minggah ngarsi,
Kangj■ng Ratu kang winarna,
lagya dhangan gr■rahneki,
panitih tandhu kewala,
Pan■mbahan kang ngampingi,
Kangj■ng Sultan mapan kantun,
aneng toya kend■l iki,
nanging kalih punakawan,
gam■l priyataka ngampil,
songsang Kyahi Maja prapta,
kalawan Pangeran Behi,
Sang Nata ngaturan iku,
lengser kang sawetan Pragi,
sabab m■ngsah langsung g■nnya,
dereng wont■n kang dhawahi,
nanging anak mas pribadya,
lan putu Somanagari
Ingkang ngawali puniku,
mring m■ngsah samargi-margi,
ing wau tingal kawula,
Basah kalih anututi,
ing katingal m■kasih t■bah,
laknat murtad datan olih
Sin■njatanan puniku,
mring anak mas Ngabdullah Kim,
lan putu Somanagara,
nging mangnas(?) lawan lumaris,
kados bot■n dangu prapta,
wau meh nyabrang p■ragi,
Sang Nata dhahar turipun,
ingkang paman Pangran Behi,

saking toya kend■l budhal,
miyos jatingarang iki,
laknatolah sampun nyabrang,
m■dal p■k■n pancak suji,
Pan dadya samya kadalu,
kalir cuwaking tyasneki,
yun nukup tan angsal karya,
diduga lamun wus s■pi,
ing toya kendil punika,
malah gung kuwatirneki
Ingwang kang didam■l agung,
ingkang samya anututi,
didugi Basah kalihnya,
m■ngkana ingkang winarni,
Pangeran Dipanagara,
wus lami aneng M■ntawis,
Mapan ing Salam enipun,
sedanira ingkang rayi,
dereng kondurika,
marang ing pag■lan malih
neng urip p■sanggrahannya,
m■ngkana mapan mar■ngi,
Basah Ngabdul latip iku,
sohan mapan lawan ngirid,
Basah lepen b■b■rika,
Iman Dulah namaneki,
lawan saprajutira,
sar■ng amiarsa warti,
Ing toya kendil puniku,
kainggahan laknat kapir,
Kangj■ng Pangran mapan nulya,
s■dya t■tulung ing jurit,
lawan Basah kalihira,
praptanya k■saput w■ngi,
Laj■ng m■sanggrahan iku,
aneng lepen pantes iki,
panas mapud aj■ng aj■ngan,
laknat murtad mapan sami,
ning lepen kendil sadaya,
m■ngkana Sri Narapati,
Mapan m■sanggrahan iku,
aneng dhusun ing s■jati,
Basah kalih sampun prapta,

laj■ng aneng gamplong sami,
lawan saprajuritira,
pas samya ng■ntosi enjing,
Mapan ingkang ngodhol iku,
nenggih Pangran Ngabdul Rakim,
lan Pangan Sumanagara,
mondhok lepen galang sami,
laknat murtad lawan samya,
s■dalu tan sag■d guling,
Saking sang■t watosipun,
s■barang dipunb■dhili,
sar■ng enjing budhal nulya,
saking toya kend■l iki,
s■dya laj■ng mantukika,
laknat murtad lawan sami,
Dhumat■ng Ngayogya iku,
pan laj■ng pin■thuk jurit,
mring Pangran Dipanagara,
lawan Pangran Dul Rahkim,
Pangeran Sumanagara,
lawan Basah Ngabdul Latip,
Basah Iman musbah iku,
laknat ngraos tan kuwawi,
pan nanging tangl■d sak■dhap,
laknat laj■ng lampahneki,
kinodhel lan bin■dhilan,
prapta sakileni pragi,
Sar■ng aj■ng nyabrang iku,
pr■ ragadipun c■gati,
dhat■ng Gusti Iman Basah,
lan Ngusman Li Basah iki,
nanging laknat m■ksih nyabrang,
dipundrel kathah modar,
Sampun keli bangkenipun,
sing wingking binr■r■g iki,
mring Pangran Dipanagara,
lawan Pangran Dul Rahkim,
nanging dereng ontung(?)ira,
laknat datan t■las iki,
Mapan m■ksih nyabrang iku,
wus prapta sawetan pragi,
g■gancangan lampahira,

datan olih kancaneki,
undurira mring Ngayogya,
Islam saya kathah prapti
Dadya langkung girisipun,
undurira laknat kapir,
pan k■kecer bangkenira,
m■ngkana wus tan winarna,
islam kang prapta sabilnya,
mapan gangsal rangga kalih,
Patrawijaya padhas iku,
lan tiga s■dherekneki,
rangga lepen benerika,
mapan s■dherek kereki,
n■nggih Basah Iman M■sbah,
m■ngkana wus tan winarna,
Kawarnaha Sang Sinuhun,
mapan datan arsa iki,
wangsul m■sanggrahan iki,
dhat■ng toya kendil malih,
Pangran Ngabehi turnya,
k■jawi ing sambiradin
Sang Nata mar■ngi sampun,
pan laj■ng kinon dandosi,
mring Tum■nggung Tamadigda,
tan pantara nulya dadi,
Sri Nar■ndra sampun pindah,
m■sanggahan sambiradin,
Aneng datan nunggil iku,
lawan repot ag■ng sami,
sabab datan c■kap ika,
Kangj■ng Ratu den aturi,
M■sanggrahan kawisajar,
mapan nanging datan t■bih,
Lan sambirata puniku,
pan samya katingal neki,
nanging l■t lepen kewala,
Pangeran Dipanagari,
pan laj■ng kinen kondura,
maran ing pag■lan malih,
Kalawan Basah puniku,
Ngabdul Latip datan keri,
Basah Iman Musbah ika,
m■ngkana wus tan winarni,

Kangj■ng Ratu kang winarna,
gr■rahira kambuh malih.
Kadya cobaning Hyang Agung,
tumpa tumpa mring Nr■pati,
pag■lan kancikan laknat,
mapan karya beteng iki,
aneng ing waja punika,
Basah ing pag■lan sami,
Katiga pan sami mundur,
nadhahi datan kuwawi,
lan Pangran Dipanagara,
mring sawetan bogawanta,
wus katur marang Nal■ndra,
nulya t■dhak Sri Bupati,
Lawan sawadya kusweku,
Basah kalih datan kari,
mapan laj■ng m■sanggrahan,
aneng kulur Sri Bupati,
wadya neng temon sadaya,
neng palipir pag■lan sami,
Sadina-dina prang pupuh,
tan wont■n kuciwa sami,
laknat kapir kathah p■jah,
wong islam miluj■ng sami,
sab■n dina bantu prapta,
saking Kedu laknat kapi,
Pan■mbahan mapan lapur,
lamun tampi surat iki,
Sang Kurnel Nahus punika,
Ki Maja parentah neki,
dhat■ng Kangj■ng Pan■mbahan,
kengkenan dipun aturi,
Laj■ng m■jahi puniku,
mapan nulya den p■jahi,
Pan■mbahan saking jrihnya,
punika mapan ing nguni,
Punakawannya pribadya,
lawan kinasiyan dhingin,
M■ngkana malih lapur,
saking mantri s■puh iki,
wis ta mas prabal■ksana,
mapan kampiran puniki,

Jendral D■kok utusannya,
lawan b■kta surat neki,
Nanging kapenakanipun,
mapan Ki Maja pribadi,
iman karedamanira,
m■ngkana parentah neki,
k■nes mangsulna kewala,
datan sukar den p■jahi,
Sabab dede kukumipun,
m■ngkana Pangeran Behi,
mapan laj■ng pab■nika,
punika kukum punapi,
dene nganggo beda beda
Ki Maja nulya sauri
Sabab agami puniku,
datan kenging den p■jahi,
Pangran Ngabehi ngandika
s■nadyan kang mati dhingin,
mapan padha bangsa islam,
tan pr■beda karya neki
Dadya pr■dudon adangu,
k■laj■ng s■laya neki,
mapan samya purunira,
r■mbag n■rang mring Nr■pati,
nulya sar■ng sohanira,
wus prapta ngarsa Sang Aji,
Kalihnya samya umatur,
Sang Nata mes■m n■bda ris,
mapan kula datan wikan,
ing dalil ingkang sayekti,
nging yen adat kewala,
w■rtine kang dhingin dhingin
Tan wont■n kengkenan lampus,
Ki Maja suka tyas neki,
rumaos yen ingilonan,
dhumat■ng Sri Narapati,
laj■ng kinen mundur samya,
m■ngkana Pangeran Behi
Prapta pasanggrahanipun,
mapan laj■ng animbali,
lurah mantri l■b■t tiga,
prawiranipun iki,
lawan prawira d■kasna,

prawira bawa wus prapti,
Katiga mapan panuju,
samya sohan mring N■rpati,
Pangeran Behi karsanya,
den mrih kapir say■kti,
dhumat■ng Sri Naranata,
lurah tiga pan tinuding,
Kinen m■jahi puniku,
mring jendral kengkenaneki,
kang wasta mankramen ika,
aja gawa kanca maning,
padha ijen■n kewala,
sandika tiga turneki,
Mapan laj■ng mangkat iku,
Sang ngarsa Pangeran Behi,
wus prapta datan winarna,
man kramen wus den pateni,
lawan kalih rowangira,
inguja sami satunggil,
M■ngkana Ki Maja ngrungu,
lamun iman kramen mati,
langkung sakit manahira,
dhumat■ng Pangran Behi,
nuwun adil mring Nalendra,
mapan datan angsal iki,
Sabab iku kang tinurut,
parentahira pribadi,
kang wuri sira dhawuha,
iya aja na mateni,
sarupane mring kongkonan,
m■ngkana wus tan winarni,
Kangj■ng Sultan ing tyasipun,
mapan langkung mring kang rayi,
m■ngkana nimbali nulya,
mring Ki Maja Pangran Behi,
kinen samya kantun ika,
lawan kang den ngati-ati,
Sri Nalendra ayun kondur,
sak■dhap mapan atuwi,
Kangj■ng Ratu gr■rahira,
mapan sangsaya ng■ladi,
kadya wus karsaning sukma,

tan supe ngibadah neki,
Dhahar ngunjuk wus tan ayun,
Pan■mbahan sring muhuni,
lawan ingkang ngibu ika,
Kangj■ng Ratu Ag■ng iki,
marma Kangj■ng Sri Nalendra,
langkung keros ing tyasneki
Riwus m■ling kang Sinuhun,
mapan laj■ng kondur iki,
datan b■kta abdi ika,
nging lawan Basah satunggil,
Kangj■ng Gusti Basah Iman,
sabab punika kang rayi,
Kalawan ngampil puniku,
tan pantara sampun prapti,
mapan sand■ran kewala,
lampahnya Sri Narapati,
angag■m ki Jayacapa,
Kangj■ng ratu anungk■mi,
Mring pada ingkang sinuhun,
kum■mb■ng w■spanireki,
tan pr■beda lan nalendra,
riwus tatang nanggah sami,
Gusti Basah kang ngandikan
lan j■ng Pan■mbahan prapti,
Laj■ng ngusweng pada iku,
J■ng Gusti tiwas panya mijil,
Kangj■ng Ratu pan m■ngkana,
anglir w■kasan p■panggih,
Kangj■ng Ratu Ag■ng nulya,
lawan Pan■mbahan iki,
Mapan samya tumut muhun,
dadya sagung para putri,
ing ngadh■p muhun sadaya,
m■ngkana Sri Narapati,
mapan sangsaya tyasira,
riwus mapan kinen sami,
Kondur sowing-sowang iku,
at■napi Basah Kamil,
sampun mundur saking ngarsa,
m■ngkana Sri Narapati,
Kangj■ng Ratu mapan nulya,
pinangku mring Sri Bupati,

Lawan angandika arum,
dhuh Bandara ikang ngabdi,
sapunika pan sumangga,
yen arsa kondur rumiyin,
dhat■ng alam k■langg■ngan,
ing benjing tan wande panggih,
Mas mirah lan abdinipun,
yen par■ng rabil ngalamin,
panggiha aneng d■lahan,
kalawan pun kakang Gusti,
pan ing mangke sampun lila,
lamun tinilar rumiyin,
Tan sag■d pun kakang dulu,
risaki salira Gusti,
Kangj■ng Ratu ris turira,
sarwa mes■m yen mar■ngi,
sagung kal■patan samya,
ingkang lahir myang kang batin,
Nuwun hapunt■n satuhu,
kawula mring Paduka Ji,
bilih kasupen kawula,
sabab lami angladosi,
tanapi ingkang samar-samar,
den agung apunt■n aji,
Sri Nalendra ngandika arum,
nah angger ywa walang ati,
muga Allah narimaha,
s■barang ingkang kawijil,
sanadyan inggih pun kakang,
mugi den ag■ng mas gusti,
Ngapunt■n mring l■patipun,
sabab asring datan y■kti,
Kangj■ng Ratu aturira,
kawula nuhun Yang Widi,
ing donya prapteng d■lahan,
mugi tulus saha ngabdi
Dhumat■ng Kangj■ng Sang Prabu,
sanadyan wont■n yamani,
kawula angladosira,
dadya kum■mb■ng waspa Ji,
m■ngkana wus tan winarna,
ing dalu Sri Narapati,

Enjing Kangj■ng Sultan wangsul,
t■dhak dhat■ng kulur malih,
datan kantun Basah Iman,
Kangj■ng Ratu kang winarni,
Sapungkurira kang raka,
sampun karsaning Ywang Widi,
Saya sang■t gr■rahipun,
Pan■mbahan yun tur uning,
Kangj■ng Ratu datan suka,
m■nawa ngeron-eroni,
marang karsane kang raka,
■mbannya jal■r sawiji,
Kyahi Soba namanipun,
sar■ng mirsa warteneki,
saya sang■t gr■rahira,
Kangj■ng Ratu soba nuli,
n■nuhun marang Ywang Sukma,
mapan nuhun mathi dhingin
Tinariman Soban iku,
ing dalu laj■ng ng■masi,
datan ana jalma wikan,
aneng s■mbayanganeki,
den nyana nendra kewala,
Kangj■ng Ratu kang winarni,
Nimbali kalih kang maru,
mapan sampun prapta ngarsa,
Den Ayu R■tna kusuma,
lawan Raden Ayu iki,
R■tna Ningrum angandika,
J■ng Ratu K■dhaton aris,
Bok Ayu kalihanipun,
Den Aj■ng apunt■n sami,
s■barang lampah kawula,
m■nawa kasupen iki,
lawan malih poma poma,
sami dipun sag■d kari
Angladosi mring Sinuhun,
lawan malih kula titip,
sampun karya susah driya,
dhumat■ng Sri Narapati,
Bok Ayu kula n■n■dha,
mugi dipunw■las sami,
Kalihan tan sag■d matur,

karuna lawan nyungk■mi,
mring Kangj■ng Ratu punika,
m■ngkana kapir sanuli,
ingkang ibu nulya t■dhak,
Kangj■ng Ratu Ag■ng iki,
Kagyat mirsan waranipun,
muhun ingkang mantu kalih,
Kangj■ng Ratu Ag■ng prapti,
laj■ng nyundhang mring kang siwi,
pan laj■ng tumut karuna,
nulya ingkang lesan mijil,
Nanging m■ksih alit iku,
samya l■ga tyas ireki,
dadya na laj■ng waluya,
sabab Kangj■ng Ratu iki,
mapan laj■ng sag■d l■nggah,
pribadi tan den ampingi,
Lawan angandika arum,
utusan kinen ngaturi,
dhat■ng Kangj■ng Pan■mbahan,
tan pantara nulya prapti,
pukul sanga wancinira,
Den Ayu s■puh angiringi,
Laj■ng mundhut dahar iku,
kang ibu dipunaturi,
dhahar kalawan kang rama,
sami sar■ng karsaneki,
dr■rapon aca punika,
dene ingkang maru kalih,
Kinen dhahar sar■ng iku,
tunggil lawan kang bibi,
Den Ayu s■puh punika,
s■daya mapan nututi,
ri sampunnya angandika,
J■ng Ratu K■dhaton aris,
Wau dhumat■ng kang ibu,
Kangj■ng Ratu Ag■ng iki,
Anuhun kang pangapura,
Lamun wont■n lepatneki,
T■napi dhat■ng kang rama,
Den Agung ngapunt■n sami,
J■ng Ratu Ag■ng n■bda rum,

ingkang ora-ora nini,
mapan ingsun ora ngrasa,
yen sira alat mring mami,
m■nawi kalilan ingwang,
sun apura kabeh iki,
S■barang alat iku,
narimaha ya Illahi,
Pan■mbahan pan m■ngkana,
riwus nulya den aturi,
Pan■mbahan kondurika,
J■ng Ratu ingkang m■kasi,
N■nggani lawan kang maru,
J■ng Ratu ngandika malih,
Ibu kawula yun nendra,
nuhun sampeyan n■nggani,
mapan s■dalu punika,
kalawan Bak Ayu kalih,
Tulus sadados sadulur,
ing donya prapteng ing ngakir,
Kangj■ng Ratu gya sarehan,
kalawan kang ibu iki,
sing■b sinjang cindhe iki,
j■lamprang dhasarnya wilis,
Mapan laj■ng sare iku,
s■keca yen den tingali,
Kangj■ng Ratu Ag■ng nulya,
kang putra tinilar ririh,
lingsir dalu wayah kira,
m■nawa ngaget ageti,
Mapan arsa salat tahjut,
punika nanging tan t■bih,
laj■ng Ratu lan kang putra,
s■daya pan samya guling,
ingkang ngadh■p punika,
samya eca tyasnya sami,
Ngantos w■ktu pajar iku,
J■ng Ratu Ag■ng tan guling,
lawan at■ngga kang putra,
sar■ng w■ktu pajar sidik,
pan samya tangi sadaya,
laj■ng salat subuh iki,
Sar■ng sampun bakda subuh,
Kangj■ng Ratu Ag■ng nuli,

kang putra binuwenan,
dene kadingaren iki,
sakeca denira nendra,
datan mundhut toya suci,
Sampun rawuh Kangj■ng Ratu,
pasarehan ingkang siwi,
J■ng Ratu K■dhaton ika,
k■panggih mujung punika,
sinjang cindhe sing■bira,
sinjang parang rusak iki,
S■m■kan sawat j■l■ngut,
latar c■m■ng dhasar c■w■ni
kadya wus sin■dya driya,
s■dhak■p kang asta kalih,
sinjang myang kas■m■kan,
mapan samya den sings■ti,
Kangj■ng Ratu Ag■ng iku,
anulya angungkabi,
mring sing■bira kang putra,
pan sampun k■panggih s■pi,
Kangj■ng Ratu tamtu ika,
kondur mring rahmatolahi,
Kangj■ng Ratu Ag■ng iku,
ingkang putra den sungk■mi,
pan sang■t denya karuna,
dadya samya kagyat iki,
laj■ng anangis sadaya,
sagung ingkang ngadh■p sami,
Kangj■ng Pan■mbahan iku,
langkung kagyat laj■ng prapti,
tumingal dhat■ng kang putra,
kondur marang ngalam suci,
pan laj■ng tumut karuna,
m■ngkana s■sambatneki,
Adhuh nyawa anakingsun,
sapa ingkang sun tut wuri,
pra putri prapta sadaya,
gumruh swaraning kang tangis
Pan■mbahan ciptanira,
kuwatos dhat■ng N■rpati,
Mapan ingkang sing■b sampun,
winangsulan lir nguni,

Pan■mbahan gya utusan,
kapal lan atur udani,
dhat■ng J■ng Sri Nalendra,
mring kulur g■ntya winarni,
Sang Nata duk salat subuh,
jroning salat aningali,
kadya ingkang garwa prapta,
nuhun pamit mring Nr■pati,
kondur dhat■ng rahmatolah,
bakda salat Sri Bupati,
Mapan laj■ng pungun pungun,
Kangj■ng Ratu kang kaheksi,
l■nggah neng ngempering langgar,
pan sarwi pandehan iki,
mapan tan arsa ngandika,
kang samya sohan ningali,
Lamun sungkawa Sang Prabu,
dadya jrih tumungkul sami,
enjing lindu lawan jawah,
langkung dr■s b■dug kang wanci,
Kyahi Maja mapan prapta,
sohan ngaturi udani,
Yen wont■n utusanipun,
Pan■mbahan atur uning,
lamun j■ng rayi paduka,
J■ng Ratu K■dhaton mangkin,
kondur dhat■ng rahmatollah,
Ki Maja lan m■rb■s mili,
Saking kuwatos tyasipun,
Ki Maja mring Sri Bupati,
m■ngkana Sri Naranata,
sar■ng mirsa aturneki,
mes■m lawan ris ngandika,
timbalan paman Behi,
Lawan Suryenglaga iku,
Ngabdul Majid nulya prapti,
katiga ngarsa Nalendra,
pan samya tumungkul iki,
kalawan ang■mu waspa,
wus samya miharsa wati,
Lamun Kangj■ng Ratu surud,
samya watos mring Nr■pati,
s■kawan Kyahi Maja,

Sang Nata ngandika aris,
wus ta aja nari nasa,
pan t■kdir sapa ngowahi
Nanging mangke karsaningsun,
kat■lu kariha iki,
nging Ngabdul Majid kewala,
iku kang sun gawa mulih,
kang wuri mongsa bodhoha,
ing prang aja na ngowahi,
Lawan Basah Iman iku,
kon nusul sawuri mami,
katiga matur sandika,
m■ngkana Sri Narapati,
sampun nitih Ki Jayacapa,
nanging ngampil ingkang ngiring,
Lawan ingkang rayi iku,
N■nggih Pangran Ngabdul Majid,
sak■dhap kewala prapta,
ing kawis arja puniki
kang tangis m■ksih wuruhan,
lan jawah langkung,
Kangj■ng Pan■mbahan dulu,
yen rawuh kang putra nuli
lumaj■ng angrangkul nulya,
kalawan muhun puniki,
Kangj■ng Sultan angandika,
sampeyan kend■l Kiyahi,
Wont■n pundi layonipun,
putra sampeyan Kiyahi,
Pan■mbahan aturira,
m■ksih ana p■sarehaning,
tan nawani ngowah ana,
Sri Nalendra nulya manjing,
P■sarehan sampun rawuh,
m■ksih mujung cindhe wilis,
tan mantra surudika,
nulya l■nggah Sri Bupati,
Kangj■ng Ratu layonira,
pinangku mring Sri Bupati,
Mapan lir sare satuhu,
ning pangkon Sri Narapati,
dadya sangsaya karuna,

sagung ingkang para putri,
Pan■mbahan pan m■ngkana,
langkung maras tyasnya sami,
Sang Nata mes■m n■bda rum,
wus padha m■n■nga iki,
ingsun nora apa-apa,
sampeyan m■dal kiyahi,
ana ta apa sira mas,
kula yun salat rumiyin,
Sampun manjing w■ktu luhur,
Pan■mbahan matur aris,
ingsung ya durung s■mbayang,
J■ng Ratu sineleh ririh,
laj■ng Sultan nulya salat,
aneng sandhing kang rayi,
Sar■ng sampun bakda iku,
J■ng Ratu pinangku malih,
tan mantra lamun wus seda,
nging kaot tan sag■d angling,
m■ngkana J■ng Pan■mbahan
matur lamun sampun rakit,
Nulya miyos kang Sinuhun,
J■ng Ratu pinondhong iki,
sampun l■nggah kandhil ika,
g■d■bog kisen bucali,
mapan pinangku k■wala,
wau denira nyirami
Dhumat■ng Kangj■ng Sang Prabu,
Kangj■ng Ratu layoneki,
tan wont■ng purun matura,
sagung kang pra ibu sami,
t■napi lawan kang eyang,
laj■ng sami kinen iki,
Nyirami neng pangkonipun
Sri Narendra kang pra putri,
mapan wont■n l■nggana,
m■ngkana ingkang ngosoki,
Kangj■ng Ratu Ag■ng lawan,
Kangj■ng Ratu Anem iki,
Kalawan kang eyang iku,
Raden Ayu S■puh iki,
lan Den Ayu Juru ika,
kalawan wau kang bibi,

Den Ayu asapa bisa,
pra putri kang nyirami,
Ingkang angladosi iku,
anenggih wau kang bibi
Raden Ayu Pan■mbahan,
s■puh anem lawan malih,
Den Ayu R■tna Kusuma,
kalawan Den Ayu iki,
R■tna Ningrum mapan sampun,
bin■kta kondur tumuli,
kinurmatan ri sawusnya,
sinarekaken ugi,
mapan sinandhing kewala,
kang layon mring Sri Bupati,
Basah Ngabdul Kamil iku,
bakda ngasar prapta neki,
lan Dolah Prawiradirja,
Den Jayasentaneki,
katiga anungk■mi pada,
ri wus samya kinen mijil,
Ingkang layon Kangj■ng Ratu,
s■dalu mapan sinandhing,
dhumat■ng Sri Naranata,
kang sinjang myang sing■b neki,
laj■nging ngag■m sadaya,
tan mawi kinumbah iki,
Ingkang ganda m■ksih arum,
m■ngkana pan sar■ng enjing,
Pan■mbahan matur nulya,
yen t■b■la sampun rakit,
laj■ng kinen ngl■b■tina,
kang b■kta s■ntana sami,
Ingkang pra ngulama sagung,
wus p■pak aneng p■ndhapi,
mapan nanging Kyahi Maja,
datan wont■n m■ksih baris,
s■ntana kalih punika,
anenggih Pangran Ngabehi,
Lan Pangran Suryenglageku,
s■daya pan p■pak sami,
ri wus sinalatan ika,
laj■nging ngangkatken iki,

kang layon dhat■ng jimatan,
dherek kang pra ngulami,
Pandhita Sarif kajiku,
s■daya pan p■pak sami,
ikang dados pangiridnya,
n■nggih Pangran Ngabdul Majid,
lan Pangeran Prabu ika,
myang Bupati L■b■t sami,
Mapan datan wont■n kantun,
Mantri L■b■t kang jajari,
Suryagama Suryanata
Dolah tiga kang pangirid,
Den Tum■nggung pungut lawa,
lawan Dolah Badarrodin,
Sarip sampar wadi iku,
Gusti Basah kang nindhihi,
Den Dolah Prawiradirja,
kinen wangsul baris malih,
dhumat■ng kulur punika,
mapan rahmating Yyang Widi,
Kang jawah langkung dr■sipun,
kang surya datan kaheksi,
nanging tan wont■n kodanan,
kang jawah kadya jajari,
lawan ngapit karing kanan,
kang wingking lir dh■r■k sami,
Praga ag■ng banjiripun,
sinabrangan pan l■stari,
luwih elok dating sukma,
wus prapta sawetan pragi,
Pang■ran Suryawijaya,
mapan m■thuk aneng margi,
Kalawan Raden Tum■nggung,
Jayanagara punika,
angirid wadya tamtama,
salompret tambur pan sami,
lampahnya samarga marga,
lan maos s■lawat sami,
Mapan tan mantra iku,
yen dherek layon say■kti,
anglir p■nganten punika,
duk kadya binayang kari,
dadya ingkang dherek ika,

kang jalma pan tanpa wilis,
Saking kramate J■ng Ratu,
pinaringan mring Illahi,
wanodya b■kti mring priya,
punika pratandhaneki,
ing jimatan pan lampahan,
saking kawisharja iki,
Mapan iku kalih dalu,
w■ktu luhur rawuh neki,
wont■ning masjid jimatan,
sagung ingkang dherek sami,
tyasira kadya sup■na,
tan luwe tan sayah iki,
Bakda ngasar Kangj■ng Ratu,
ml■b■t ing kluwat puniki,
aneng dagane kang eyang,
m■ngkana mapan l■stari,
kubur tan ana selanya,
myang krikil mapan bata sih,
Punika pratandhanipun,
yen rinilan ing Yyang Widi,
datan k■tanggor ing sela,
kang dherek wus mantuk sami,
■n■ngna ingkang wus mulya,
Kangj■ng Sultan kang winarni,
Sar■ng mangkat Kangj■ng Ratu,
mapan tambuh tyasireki,
r■mpu wus datan pakarsa,
dadya liwung mring kang kardi,
wus tan kraos aneng donya,
nging sang■t p■namurneki,
M■ngkana pan t■dhak iku,
mring s■ndhang sat■ngah kali,
mapan mawi pag■r rela,
sing jawi datan kaheksi,
J■ng Sultan s■sarean,
neng sela pinggire warih,
Tan wont■n kang dherek iku,
t■dhaknya nanging pribadi,
k■parak samya kecalan,
t■dhaknya wont■n uning,
Nyai Lurah S■canama,

lan nyai soka ngulati,
Mapan dangu tan kat■mu,
Pan■mbahan atanya ris,
sira anggoleki sapa,
lurah kalih matur aris,
ngupados putra pan duka,
sampun dangu tan k■panggih,
Pan■mbahan langkung gugup,
nulya tumut ngupadosi,
m■ngkana anulya ana,
ingkang wong angangsu bali,
Ingkang ngangsu aturipun,
putra dal■m Sri Bupati,
mapan sare aneng sela,
sapinggiring s■ndhang iki,
Pan■mbahan nusul nulya,
lawan sagung para putri,
Pan■mbahan prapta sampun,
lawan ng■mu waspa iki,
Kangj■ng Sultan angandika,
wont■n punapa kiyahi,
pan ayun adus kawula,
dereng wont■n kang ngladosi
Laj■ng siram kang Sinuhun,
mundhut pat■l■san iki,
kinarya namur kang rama,
d■rapon aca tyasneki,
ri wus mapan kondur nulya,
s■daya tan kantun sami,
Sar■ng enjing l■nggah iku,
Sang Nata aneng p■ndhapa,
lawan Kangj■ng Pan■mbahan,
mapan gaguj■ngan iki,
Pangran Ngabdul Majid prapta,
myang sagung kang dherek sami,
Esmu kagyat kang Sinuhun,
dene prapta m■ksih enjing,
Pangran Ngabdul Majid turnya,
kawula tan nyip■ng y■kti,
pan anglir tiyang sup■na,
tulak k■dalon ing margi,
Mapan inggih wau dalu,
nyip■ng ing g■gulu sami,

lawan sakanca sadaya,
wus katur niskaraneki,
wus mung■l laj■ng punika,
m■ngkana wong prapti
Saking ing kulur kaburu,
nulya kinen dangu iki,
m■ngkana pan aturira,
kang kulur dipunb■smeni,
Ki Maja lawan Pangeran,
Suryenglaga mapan g■ndring
Lumaj■ng ar■but dhuwung,
nanging Pang■ran Ng■behi,
wau pan bot■n kant■nan,
m■ngsah laj■ng anututi,
wau satingal kawula,
k■nd■l wont■n bakung sami
Di dal■m prajurit sagung,
baris wont■n wangkit sami,
neng Pangasih Kyahi Maja,
mes■m Kangj■ng Sri Bupati,
Pan■mbahan gugup ing tyas,
m■ngkana aturireki,
Apa nora mingsir iku,
Sultan sakeh repot iki,
ngandika Sri Naranata,
wont■n punapa Kyahi,
s■nadyan kapir dhat■nga,
mantra l■b■t anyampuni,
Ngandika ingkang Sinuhun,
undanga Ki Maja iki,
neng P■ngasih amek apa,
gya lumampah kang tinuding,
luruh mantri l■b■t ika,
mapan pra wirad■ksaneki,
Tan pantara prapta sampun,
mapan kap■thuk ing margi,
laj■ng sohan mring Nalendra,
dinangu aturireki,
mapan sampun wangsul laknat,
mila amba mantuk y■kti,
Langkung kuwat sotya sahulun,
dhumat■ng Paduka Aji,

mes■m Sang Nata ngandika,
mara gusti Basah kalih,
heh Basah sesuk mangkata,
lawan sira sun bantoni,
Si Puthut Lawa sireku,
ing waja gitiken maning,
Gusti Basah tur sandika,
anulya luwar Sang Aji,
ing dalu datan winarna,
enjing budhal Basah kamil,
Kalawan Raden Tum■nggung,
Puthut Lawa pan angirid,
ing mantri l■b■t sadaya,
tan winarna sampun prapti,
ing T■mon J■ng Gusti Basah,
wus panggih lan Pangran Behi,
Lan Ngusman Li Basah iku,
nulya Kangj■ng Pangeran Behi,
nimbali dhat■ng kang wayah,
J■ng Pangran Dipan■gari,
lan pag■lan Basah tiga,
samya kinen j■bol iki,
Nyab■ta pan saking pungkur,
ing ngaj■ng ingkang nadhahi,
pan Basah kalih punika,
sandika samya turneki,
nging putu aja melu sira,
pan akeh kuwatir neki,
Sampun dados r■mbagipun,
dalu mapan j■bol sami,
mring pag■lan Basah tiga,
Basah Ngabdul Latip ngirid,
enjing laj■ng campuh yuda,
angsal pitulung Yyang Widi,
Laknatolah dhadhal iku,
mundur marang K■dhu malih,
mapan kathah ingkang p■jah,
nging Islam wiluj■ng sami,
nanging beteng sampun dadya,
pan laj■ng kin■pung iki,
Mring pag■lan wetan iku,
nulya kondur Pangran Behi,
lan Pangran Dipanagara,

tan kantun kang Basah kalih,
pag■lan pan sampun mulya,
kawarnaha Sri Bupati,
Ingkang lagya tyasna wuyung,
nging J■ng Ratu kang kaheksi,
nging sang■t panampurira,
kalamun lagya siniwi,
guj■ngan lawan kang rama,
anglir mas kentiring warih,
Lamun dalu tan arsa sare Nr■pati,
m■ngkana tyasira,
paran t■mahan iki,
wus tan bisa aneng donya,
Nadyan silih sida sirna laknat kapir,
sapa rewang ingwang,
dene t■ka gampang mami,
b■ndara dhingini mring wang,
Pan ning m■ngko dadi lola ingkang abdi,
keri aneng donya,
m■ngkana kalamun enjing,
sinamur l■nggah p■ndhapa,
Lan kang rama myang sagung kang pra ngulami,
Pangran Behi prapta,
lan Pangran Dipan■gari,
Basah kalih sakancanya,
Atur uning lamun m■ngsah waja sami,
kathah ingkang p■jah,
wangsul dhat■ng K■dhu malih,
Pag■len pan sampun k■rta,
Kangj■ng Sultan mes■m ngandika aris,
gih paman tarima,
Dipanagara sireki,
dene nora mulih sira,
Mring Pag■len Pangran Behi aturneki,
Mas Putut punika,
k■dah r■m■n neng arsaji,
pitaj■ng mring Basah ti-ga,
Basah Ngabdul Latip mapan kang ny■puhi,
ngandika Nalendra,
Basah kinen aso sami,
wus luwar Sri Naranata,
Sagung wadya samya susah tyasireki,

tumingal Nalendra,
k■lamun sang■t prihatin,
mapan k■tawis ing netya,
Lan tan arsa salin kang busana m■ksih,
ag■mya kang garwa,
m■ngkana J■mungah iki,
Kangj■ng Sultan miyos salat,
Sabakdanya sang nata l■nggah neng m■sjid,
sagung pra ngulama,
m■ngkana samya tur neki,
at■napi Kyai Maja,
Sampun sang■t paduka ingkang prihatin,
mes■m Sri Nalendra,
sun iki nora prihatin,
iya mring ingkang wus-wus mulya,
Ala iki dene bojo lan agami,
nging l■starinira,
mapan kang sun prihatini,
dadya sura pra ngulama,
Kang pandhita Sarip at■napi khaji,
Pangran Behi turnya,
punapa Sri Bupati,
m■ksih ngag■m ag■mira,
Kangj■ng ratu mapan dereng salin-salin,
punika kang dadya,
susahe didal■m sami,
mes■m Sang Nata ngandika,
Paman Behi punika pan kaj■ng mami,
dr■rapon emuta,
donya risak t■mah neki,
putra sampeyan punika,
Kang jasmani mapan donya pamaneki,
dr■rapon tyas kawula,
sampun eng■t mring kang w■rni,
lamun bot■n m■kat■na,
Ngupadosa paman dhumat■ng pundi,
kang mirip kewala,
w■rna myang ibadahneki,
Ki Maja nambungi n■bda,
Inggih talah kawula miarsa warti,
duk sinare ika,
kramat samargi-margi,
pratela elok ing Sukma,

Mendah dene miyosa kakung rumiyin,
mapan wus pratela,
lamun siniyan Yyang Widi,
nulya kondur Sri Nalendra,
Mapan mundhut ningkah kang santana iki,
Kang-j■ng Ratu ika,
kapr■nah nak sanakneki,
lan Dolah Prawiradirja,
Pan sinar■ng lawan kang tilaran iki,
Ki Guru Kasongan,
karsanya Sri Narapati,
mrih eca tyas sagung wadya,
Dadya jangk■p s■kawan ningkah N■rpati,
kang s■puh pribadya,
kang ibu Pangran Dipati,
Den Ayu R■tna Kusuma,
Nulya Raden Ayu R■tnaningrum iki,
kang anem punika,
Raden Ayu R■tnaningsih,
Den Ayu R■tnakumala,
Ingkang bibi Pangeran Dipanagari,
mapan sampun seda,
Den Ayu Madubrangteki,
kang bibi Den Ayu Basah,
Raden Ayu R■tnadewati puniki,
sampun samya seda,
lami kalih sedaneki,
duk m■ksih neng T■gal Arja,
Dadya sagung ngulama pandhita sami,
lan kang pra pratiwa,
lan putra s■ntana sami,
dadya eca tyasnya samya,
Dene sa-mpun Sang Nata mundhut pawestri,
m■ngkana Nalendra,
mapan sangsaya tyasneki,
lamun ningali punika,
P■sareaning kang rayi swargi,
lan pan■penira,
dadya nata kondur iki,
dhumat■ng ing Sambirata,
Pan sadaya myang repotan nana kari,
tumut ngalih samya,

dhumat■ng ing Sambiradin,
ingkang kantun Kawis arja,
Pan■mbahan lan repot kang s■puh sami,
nging J■ng Ratu ika,
nging J■ng Ratu ika,
Ag■ng mapan tumut ngalih,
■n■ng-■na Kangj■ng Sultan kang lagya kingkin,
yata kawarnaa,
Kangj■ng Sultan S■puh iki,
ingkang aneng ing Ngayogya,
Mapan Manggung punika den uring-uring,
dhumat■ng ing Jendral,
sabab kondur tanpa kardi,
pan malah asring tin■rka,
Apanggiyan lawan kang wayah iki,
mapan laknatolah,
saking bingungnya tyasneki,
Den M■nggung Sasradilaga,
Ingkang radin dhumat■ng mancanagari,
wus ag■ng barisnya,
wus b■dhah ing Raj■g W■si,
ing R■mbang pan sampun kin■pang,
Pan ning Las■m pasisir wus t■luk sami,
kantun Surabaya,
mapan lagya den ayati,
laknatolah kathah p■jah,
Dadya sang■t J■ng Sultan den uring-uring,
susah laj■ng gr■rah,
dhasar sampun mangsaneki,
pan wus langkung s■puhira,
Nulya kondur Kangj■ng Sultan S■puhiki,
dhat■ng rahmatolah,
sinarekak■n M■ntawis,
tunggil kalawan kang eyang,
Kangj■ng Sultan ingkang jum■n■ng M■ntawis,
kang kaping sapisan,
Kang Nata ngaturan uning,
kalamun wau kang eyang,
Sampun kondur dhumat■ng rahmatolahi,
sangsaya tyasira,
eng■t mring ubayaneki,
dadya wus tan d■rbe karsa,
Ingkang eyang kang rayi wus kondur dhingin,

nging kantun satunggal,
Kangj■ng Sultan kang de-n sihi,
J■ng Sultan Iman Li Basah,
Ing tyasira nging kantun n■rah sayakti,
mring Purbaning Sukma,
lamun kinarsakna iki,
ing dalu siyang sumangga,
Aneng dunya wus tan ana kang den sihi,
Ki Maja punika,
mapan asring r■sah neki,
s■barang parentahira,
Pangran Behi myang putra s■ntana sami,
lan kang pra pratiwa,
nung-anung r■mbag pan sami,
nuhun parentah kang tata,
Langkung r■sah punika dados satunggil,
p■ngulu lan j■ksa,
p■patih dados satunggil,
mapan Ki Maja sadaya,
Parentahnya enjang sont■n ngolah-ngalih,
Pajang sapunika,
Raden Arya Sindurjeki,
sampun seleh monakawan,
Sabab asring punika dipunr■sahi,
marang Basah Pajang,
n■nggih Seh Kasan B■sari,
parentahira Ki Maja,
Sabab kang ler jatos nem kar■bat malih,
mring kapir sadaya,
dadya Seh Kasan B■sari,
ng■ndhih Den Riya Sindur-ja,
Raden Riya ajrih nulya seleh iki,
ing w■ktu punika,
Ki Maja sring muring-muring,
sabab sang■t isinira,
Mapan kathah k■laj■ng t■kaburneki,
dadya saya r■sah,
Ki Maja parentahneki,
sabab sang■t isinira,
Awis matur dhumat■ng Sri Narapati,
marma samya r■mbag,
sagung kang pratiwa sami,

nuruti Sri Naranata,
Basah Rema tinimbalan sampun prapti,
karsane Nalendra,
ingkang kinarya p■patih,
w■sta Den Danukusuma,
Mapan iku ingkang wus tal■ring patih,
n■gari Yogja,
pinaringan nama iki,
pan nunggil sami kewala,
N■nggih Raden Dipati Danurja iki,
mapan ning J■ksa,
lami m■ksih dherek iki,
w■sta Kyai Nitipraja,
Nanging sampun sang■t lungse karsa aji,
mapan anakira,
kang kinarsakk■n g■ntosi,
pan inggih sampun ngulama,
Duk ing nguni pan dados pathok nagari,
Dhongkelan punika,
pinaringan nunggak s■mi,
n■nggih Kyai Nitipraja,
Kang p■ngulu n■nggih muridnya pribadi,
mapan Kyai Maja,
kang w■sta Kaji Mambaji,
lan panuwunnya pribadya,
Kangj■ng Sultan mapan laj■ng anuruti,
n■nggih Kyai Maja,
karsanira Sri Bupati,
mapan ny■ntana kewala,
Tunggil dam■l lawan Pangran Ang■behi,
dadya suka r■na,
sagung kang pratiwa sami,
t■napi putra s■ntana,
Pra ngulama pandhita Sarip lan kaji,
m■ngkana ing roma,
k■penakkannya pribadi,
Raden Dipati Danurja,
Mapan nusul tan purun kantuna iki,
putrane kang raka,
Raden Dipati kang surgi,
mapan k■kalih punika,
Ingkang s■puh Den M■ngku Kartanagari,
kang anem namanya,

Raden Gandakusumeki,
sampun katur mring Nalendra,
Mapan laj■ng kinasiyan mring N■rpati,
b■kta prajuritnya,
kang samya wangsanireki,
tan purun kantun neng rum,
Kawan dasa ma-pan panjinya k■kalih,
samya prawiranya,
an■nggih namanireki,
Mas Panji Sontaduwirya,
Lan Mas Panji Citraduwirya puniki,
karsanya Nalendra,
s■daya pinundhut sami,
kinarya sisiyanira,
Mantril■b■t dadya kiwa t■ng■n iki,
dene kang w■dana,
mapan m■ksih t■t■p iki,
Den M■nggung M■rtanagara,
Ingkang t■ng■n Den M■nggung Puthut Laweku,
samya kawan dasa,
Raden Ganda Kusumeki,
mapan kinarya w■dana,
Panakawan pan Mas Kasim Lurah neki,
ing Roma punika,
dereng wont■n Basah neki,
mapan den iras kewala,
N■nggih dhat■ng Raden Basah Ngabdul Latip,
g■ntya kang winarna,
n■nggih kang mancan■gari,
Den Basah Sasradilaga,
Sampun kathah t■lukanira nagari,
laknat kathah p■jah,
Pag■len lawan M■ntawis,
s■pi datan wont■n m■sah,
Nanging kantun ing-kang t■ngga beteng sami,
m■ngkana Ki Maja,
pan kumat t■kabur neki,
ngaturi b■dhah Ngayogja,
Sabab suw■ng sagung laknat mapan sami,
kin■rig sadaya,
dhumat■ng mancanagari,
Cina ing Las■m sadaya,

Mapan sampun samya manjing agami,
Den Sasradilaga,
dadya supe w■ling aji,
anjamahi nyonyah Cina,
Pan punika ingkang dados margineki,
ap■s juritira,
kapenakanira sabil,
lan Kaji Muhamad Khasan,
Pan ning Pathi lawan bapakipun sabil,
tiga s■dhereknya,
ingkang samya tumut sabil,
lan Raden Mulya Kusuma,
Tubin sabil Raden Sasradilageki,
pan lumaj■ng nulya,
dhumat■ng M■ntawis malih,
Cina kathah pin■jahan,
Dening laknat sabab kancanya keh mati,
datan lami nulya,
laknatolah wangsul malih,
wangsul malih dhumat■ng M■-ntaram sadaya,
Sampun prapta dadya nagri ing M■ntawis,
kathah malih m■ngsah,
laj■ng karya beteng iki,
ing Baligo tinadhahan,
Mring Dipati Urawan sakancaneki,
lawan Kanigara,
mapan inggih den tadhahi,
mring Pangran Sumanagara,
Sakancanya langkung rame ingajurit,
pan sadina-dina,
tan wont■n kuciwa sami,
dereng nuhun bantu samya,
Mapan m■ksih sami kuwawi nadhah,
m■ngkana winarna,
Kangj■ng Sultan kinen kardi,
langgar alit pan■pen ika,
Cin■lakk■n lawan masjid ag■ng iki,
Ki Maja aturnya,
mapan ngiras makmum iki,
gangsal w■ktu bar Jumungah,
Kangj■ng Sultan mapan laj■ng anuruti,
neng langgar kewala,
datan kondur-kondur iki,

Sang Nata neng p■sanggrahan,
Kang ngladosi nging Tum■nggung tiga iki,
giliran punika,
Raden M■rtan■gareki,
lawan Raden Puthut Lawa,
Raden Gandakusuma ingkang nyaponi,
p■sareyan nata,
Ki Maja aturireki,
yen mar■ngi Sri Nalendra,
Pan kawula ayun nyambi mulang iki,
paduka mirsakna,
Sang Nata mapan lilani,
Ki Maja malih turira,
Padukaji k■kadhangan jalma supi,
antawis punika,
kang kr■sa naming satunggil,
mes■m ngandika Nalendra,
Sun tan w■ruh apa karsaning Yyang Widi,
ing w■ktu punika,
Jumungah pan dados kalih,
ingkang c■lak lan Nalendra,
Kawis Arja mapan lawan Sambiradin,
ngulami kang mulang,
ing c■lereng mapan satunggil,
Seh Barmawi namanira,
Pan wus kathah santri ingkang prapta ngaji,
dene Sambirata,
Ki Maja p■maosneki,
kitab kang ag■ng kewala,
Pan g■ntosan sagung kang pra ngulama sami,
Ki Maja m■ngkana,
wicant■-n mring pra ngulami,
eh kanca sagung ngulama,
Apa sira s■ja talab marang mami,
pan nantun kewala,
yen tan s■dya talab iki,
anguran padha m■tuwa,
Sri Nalendra mes■m sar■ng amiarsi,
Ki Maja wuwusnya,
nulya angandika aris,
eh sira M■rtanagara,
Puthut Lawa Ganda Kusuma wus dadi,

muride Ki Maja,
sabab padha ngrungu iki,
dadi sira k■na kala,
Pan katiga gumuj■ng samya tur b■kti,
yen kenging patikbra,
padukaji inggih kenging,
Sri Nata gumuj■ng suka,
Mapan ingsun wus maca kitab pribadi,
iki mapan tunggal,
padha min ajul ngabin,
lawan muni biat ika,
Sira iku kat■lu kabutuh dadi,
ngalor ngidul kala,
samya suka guj■ngneki,
m■ngkana wus tan winarna,
Kawarnaa wau ingkang ajurit,
laknat sring kuciwa,
wungsal-wangsul datan dadi,
malah kathah ingkang modar,
M■dal malih kinr■rig Mag■lang iki,
lawan ing Ngayogja,
Sala mapan kang bantoni,
dadya samya ag■ngira,
Ing Baligo lawan Kanigara iki,
mapan Ki Urawan,
lan Pangran Suman■gari,
katraban kathah■n lawan,
Mas Tum■nggung Martaduwirya pan sabil,
tatu dhadhanira,
kabr■r■k wong Islam sami,
ing Kanigara m■ngkana,
Mapan Rangga ing Gancahan ingkang sabil,
pan sar■ng sadina,
samya tatu dhadhaneki,
wus katur marang Nalendra,
Nulya Raden Dipati Danurja sabil,
bantoni ngayuda,
kalawan kang Basah kalih,
budhalan saprajuritnya,
Sampun prapta ing Pasekan Den Dipati,
ing beteng wus dadya,
laknat laj■ng tan m■dali,
samya neng beteng kewala,

Ing Baligo lawan Kaniga-ra iki,
Basah mapan samya,
r■mbag agiliran sami,
kang mathoki Den Dipatya,
Mapan laj■ng m■sanggrahan Den Dipati,
ing dhusun Ganjuran,
sabab angsal calang kalih,
laknatolah malih prapta,
Langkung kathah nulya Rahaden Dipati,
Basah tinimbalan,
laj■ng datan mawi gilir,
mapan prang sadina-dina,
Yen kabujung laknat ngungsi beteng sami,
nging mariy■mira,
ingkang den d■lak■n iki,
m■ngkana laj■ng bubuhan,
Gusti Basah ngaj■ngak■n m■ngsah iki,
kang saking Ngayogya,
lan Pangran Suman■gari,
sakancanipun sadaya,
Basah Ngusman ngaj■ngak■n m■ngsah iki,
lan Raden Dipatya,
ingkang saking K■dhu sami,
lawan Dipati Urawan,
Sakancanya m■ngkana pan mar■ngi,
kang m■ngsah Ngayogja,
sampun datan sag■d mijil,
pan asring kuciwanira,
Kathah p■jah laknat lawan murtad iki,
Kangj■ng Gusti Iman,
Muhamad Li Basah n■nggih,
mapan pinaringan s■rat,
Saking Raden Dipati Danurja iki,
lapur yen Seh Ngusman,
Li Basah pan mantuk sakit,
lawan Dolah Seh Kajika,
Ngabdul Kadir kenging mriy■m dhadhaneki,
kontal datan pasah,
nanging mapan laj■ng sakit,
lan ngantos luntak ludira,
Kang Bulkiya pan nanging kantun satunggil,
Seh Dolah Kajika,

Mustapa sakancaneki,
J■ng Gusti watos tyasira,
Laj■ng t■dhak nanging tan b■kta parjurit,
dhumat■ng Ganjuran,
yun panggih Raden Dipati,
nanging prajurit Wanengprang,
Ingkang dherek kawandasa kathahneki,
Dolahnya satunggal,
Raden Prawira puniki,
Kusuma Panji satunggal,
Raden Panji Sumaduwirya puniki,
kang gadhah Mag■tan,
m■ngkana k■pa-r■ng ugi,
kadya wus karsa Yyang Sukma,
Den Dipati kainggahan dening kapir,
kab■r■k yudanya,
sagung Islam mawut sami,
sabab sang■te anjingira,
Dadya kagyat m■ngkana kap■thuk nuli,
laknat lawan murtad,
lan J■ng Gusti Basah Kamil,
ngaturan mundur tan arsa,
Sabab sampun samya katingal puniki,
lings■m yen wangsula,
kadya wus karsaning Widi,
prapta marga sabillolah,
Gusti Iman Muhamad Kangabdul Kamil,
Ali Basah ika,
laj■ng campuh ing ajurit,
ing ng■drel kanin kang jaja,
Mapan laj■ng anus mring walikatneki,
nging m■ksih neng kuda,
ingkang rah am■ratani,
marang ing rasukanira,
Gennya ngasta lawung laj■ng r■ntahiki,
Wanengprang tumingal,
lamun Kangj■ng Gusti kanin,
dadya sar■ng n■mpuh samya,
Kawandasa mapan s■dya amb■k pati,
ingkang gangsal ika,
ngundura-k■n Kangj■ng Gusti,
ngampingan m■ksih neng kuda,
Laj■ng kuw■l sanjata wus datan muni,

waos campuhika,
kalawan sangkuh puniki,
laknat bangkenya g■lasah,
Den Dipati sar■ng mulat Kangj■ng Gusti,
yen kanin kang jaja,
mapan nulya m■laj■ngi,
tumut ngundurak■n ika,
Sagung ingkang prajurit pan wangsul sami,
kang lumaj■ng ika,
tumingal waneng prang iki,
kawandasa ngamuk samya,
Sar■ng n■mpuh laj■ng laknat murtad iki,
kalindhih yudanya,
sangsaya keh bangkeneki,
lawan kang k■kecer ika,
Laknat laj■ng samya ngungsi beteng sami,
Islam mapan samya,
ingkang bujung wangsul sami,
Den Panji Sumaduwirya,
Mapan laj■ng prapta ing sabillolahi,
ajur kang kunarpa,
mapan tatu sangkuh sami,
neng t■ngah laknat bangkenya,
Raden Dolah Prawirakusuma kanin,
pan k■rapanira,
kenging mimis tan punapi,
liya punika sadaya,
Wadya Islam pan samya luj■ng puniki,
n■ngna kang winarna,
Gusti Basah angranuhi,
sampun t■dhak saking kuda,
Tinangisan mring sagung prajurit sami,
myang Raden Dipatya,
lan sagung pratiwa sami,
rumaos tiwas sadaya,
Aneng tandhu mapan asring supeneki,
ing samarga-marga,
bin■kta kondur puniki,
dhumat■ng ing Sambirata,
Ingkang mikul prajurit lawan bupati,
Den Sumaduwirya,
liyannya wus den saeni,

marang Rahaden Dipatya,
Sampun katur dhumat■ng Sri Narapati,
lamun ingkang putra,
kanin jaja lawan asring,
supe ing samarga-marga,
Sri Nalendra kend■l tan ngandika iki,
geger Sambirata,
wurohan swaraning tangis,
Pangran Bailan Ki Maja,
Pangran Prabu lan Pa-ngeran Abdul Majid,
pan p■thuk sadaya,
lan Pangran Dipanagari,
Pan■mbahan sampun prapta,
Pan s■daya laj■ng kap■thuk ing margi,
prapta ing pasowan,
Sambirata Sri Bupati,
lumaj■ng m■thuk kang putra,
Pan ingaras mustaka nira kang siwi,
pan eng■t sak■dhap,
Kangj■ng Gusti aningali,
wau dhumat■ng kang rama,
Mapan laj■ng ingkang waspa adr■s mijil,
wus prapta p■ndhapa,
laj■ng sinarekk■n iki,
Gusti Raden Ayu Basah,
Samya watos dhumat■ng Sri Nrapati,
nging kantun punika,
ingkang dados t■l■nging sih,
Den Dolah Prawiradirja,
Tinimbalan tanpantara nulya prapti,
dereng mantun ika,
lab■t nanging tan punapi,
kenging pelor w■ntisira,
Ingkang garap B■gala W■sta Nur Ngali,
sar■ng praptanira,
Dolah laj■ng anungk■mi,
pada sang■t tangisira,
Kangj■ng Sultan sangsaya l■s tyasneki,
ningali kang putra,
langkung dr■s ingkang rah mijil,
ganda lir garu c■ndhana,
Nging J■ng Gusti pan sampun eng■t s■kalir,
lan c■tha ngandika,

mapan lir wayuneki,
Kangj■ng Sultan angandika,
Sapa kulup iya ingkang sira tuding,
ing g■nteni sira,
yen ana karsa Yyang Widi,
Kangj■ng Gusti aturira,
Nging pun S■nthot J■ng Gusti ngandika aris,
eh ta S■nthot sira,
pama den angati-ati,
lawan ingsun jaluk tandha,
Kulit putih iku kang minangka b■kti,
kehe mapan rolas,
sabab iku marga mami,
kaya m■ngkene iki iya,
Sarwi mes■m dadya eca kang tyas sami,
lan wus sag■d l■nggah,
jum■n■ng nging den jagani,
lawan nyampingan pri-badya,
Ingkang garap B■nggala W■sta Nur Ngali,
Kangj■ng Sultan nulya,
kondur marang m■sjid malih,
s■daya wus kinen bubar,
Ingkang t■ngga B■nggala lawan kang rayi,
kalawan kang eyang,
Kangj■ng Ratu Ag■ng n■nggih,
tan t■bih dhukun B■nggala,
Sar■ng dalu ingkang rayi den aturi,
sare nunggil ika,
rinangkulan ngandika ris,
B■ndara angger karia,
Mapan ingsun wus tan bisa neng donyeki,
Raden Ayu nulya,
ingkang raka den sungk■mi,
kalawan asru karuna,
Lan B■nggala dhukun sang■t dennya nangis,
dadya tur uninga,
dhumat■ng Sri Narapati,
nulya kondur Sri Nalendra,
Sampun rawuh p■ndhapa nulya J■ng Gusti,
pan eng■t sak■dhap,
ngab■kti marang N■rpati,
laj■ng prapta sabilollah,

Kang ludira langkung kathah ingkang mijil,
arum gandanira,
lingsir dalu wayah neki,
Kangj■ng Gusti ko-ndurira,
Pan dhumat■ng ing Rahmatolahi puniki,
angsala kang marga,
ing sabillolah say■kti,
gumuruh sagung karuna,
Ingkang rayi Kangj■ng Gusti anungk■mi,
Sang Nata ngandika,
Dipan■gara sireki,
gawan■n mundurenira,
Ingkang layon Kangj■ng Gusti Ngabdul Kamil,
Muhamad Li Basah,
karsanya Sri Narapati,
ri sampunnya sinaenan,
Mapan laj■ng bin■kta dhat■ng surambi,
tin■ngga ngulama,
Pandhita Sarif lan Khaji,
s■dalu samya dikiran,
Kangj■ng Sultan l■nggahan neng langgar iki,
pan sandhing kewala,
lawan layone kang siwi,
c■lak nging l■t g■dheg ika,
Pan s■dalu datan ana kang wong guling,
saking sungkawanya,
kang putra s■ntana sami,
kecalan watrating yuda,
Sar■ng sampun bakda subuh Kangj■ng Gusti,
ingakatk■n nulya,
sinarekk■n Kitha Giri,
tinunggil Seh Guru ika,
Ing Kuw■ron Ki Pangulu lan ngulami,
pan dherek sadaya,
Pandhita Sarif lan Khaji,
ingkang jajari neng arsa,
Mantril■b■t Den M■nggung Martanagari,
lawan Puthut Lawa,
nulya Wanengprang nambungi,
Den Dolah Prawiradirja,
Panindhihi sagung ingkang usar sami,
mapan ta rin■ngga,
anglir duk jum■n■ng neki,

yen kala mangkat ayuda,
Kang salompret tambur mapan datan keri,
k■laj■ng Nalendra,
tumut lumampah neng wingking,
tan kantun putra santana,
Saking dene g■ng tr■sna Sri Narapati,
dhumat■ng kang putra,
Ki Maja mapan tan kari,
layon m■dal Kawis Arja,
Kangj■ng Sultan kend■l Kawis Arja iki,
myang putra santana,
m■ngkana am■rtandhani,
mendhung k■dhik kang akasa,
Mapan saking kidul kilen dhat■ng neki,
nulya dr■s kang jawah,
dene ingkang dherek sami,
datan wont■n kang kodanan,
Kyai Maja m■ngka ing aturneki,
punika kang tandha,
lamun bale ngaras nangis,
n■nuhun dhat■ng Yyang Sukma,
Lintonipun malih prajurit kang luwih,
samya kraos tyasnya,
Pan■mbahan Pangran Bei,
mapan kum■mb■ng kang w■spa,
Kangj■ng Sultan mes■m angandika aris,
pan sampun rinasa,
punika kang wus utami,
dene kula lan sampeyan,
Mapan dereng kant■nan karsaning Widi,
pan wayah sampeyan,
t■ksih wont■n kang ngurmati,
inggih dhat■ng layonira,
Kang pr■tandha tan ewah rahmating Widi,
pan dadya sangsaya,
gung putra s■ntana sami,
kathah kagagas ing driya,
Nulya kondur Sang Nata mring Sambiradin,
laj■ng manjing langgar,
kathah kr■raos tyasneki,
rumaos lola neng donya,
Lurah Kasim m■ngkana ing aturneki,

duk wau kawula,
dikir subuh pan udani,
dhumat■ng putra Nalendra,
Mapan kados p■nganten binayangkari,
pa-nitih j■mpana,
ginar■b■g sagung estri,
angag■m raja k■putran,
Kasangsangan pan s■kar sinurengpati,
lawan ngag■m jamang,
rinumpak ing susutya di,
anting-anting t■bah jaja,
Ingkang ngadh■p pan wanodya kalih sisih,
neng nginggil j■mpana,
pinaesan mapan sami,
s■kawan samya g■ngira,
Myang kang w■rna raja k■putrennya sami,
dene kang salira,
gangsal kadya mas sinangling,
bal■r■ng ing netra kula,
Ngaler ngilen wiyos sanginggiling masjid,
dene kang j■mpana,
pan sanglir surya lumaris,
Sang Nata sujud mring Sukma,
Lawan n■but mapan alkhamdulilahi,
M■ngkana winarna,
ingkang dherek layon sami,
prapta laj■ng sohan Nata,
Ki Pangulu myang sagung kang pra ngulami,
pan dinangu nulya,
niskara wus katur sami,
sang Nata laj■ng ngandika,
Heh Pangulu pan wus sisan karsa mami,
banjur ngangkat Basah,
pa-dha sebaa ing masjid,
lan kabeh sakancanira,
Ki Pangulu sandika lengser sing ngarsi,
Kanj■ng pan■mbahan,
ingaturan pan wus prapti,
myang sagung putra s■ntana,
Laj■ng samya kinen sohan wont■n m■sjid.
tan kantun Ki Maja,
Pangran Bei kang makili,
dhat■ng Rahaden Dipatya,

Dendhawuhk■n karsanya Sri Narapati,
ing sasabilira,
Kangj■ng Gusti kang g■ntosi,
Den Dolah Prawiradirja,
Kang misesa sagung prajurit ing Jawi,
dene namanira,
mapan inggih m■ksih lami,
nging w■wah Ngabdul Mustafa,
Raden Basah Prawiradirja puniki,
kang Ngabdul Mustapa,
ngulami sami ng■streni,
pandhita putra s■ntana,
Wus mup■k■t myang sagung pratiwa sami,
langkung suka r■na,
mring karsaning Sri Bupati,
m■ngkana wus tan winarna,
Kang niskara B■nggala Dhukun Nur Ngali,
sang■t tangisira,
tinilar mring Kangj■ng Gusti,
m■ngkana s■sambatira,
Aku Gusti mapan nora bisa kari,
ing donya ngakherat,
nging kowe ingsun ngengeri,
ing siyang dalu m■ngkana,
Sasambatnya nuhun idi mring Narpati,
yun ngamuk pribadya,
Sri Nalendra tan mar■ngi,
mapan kinon ng■ntosana,
Lamun sampun itung dint■nnya kang siwi,
kinon sar■ng Basah,
panglurugnya nging ng■ntosi,
kang pitung dint■n kewala,
Kangj■ng Sultan sangsaya ngl■s ing tyasneki,
mirsa sambatira,
B■nggala Dhukun Nur Ngali,
Kaji Aluwi kang winarna,
Nuwun pamit pan k■pengin p■jah sabil,
mirsa aturira,
punika Mas Lurah Hasim,
Kangj■ng Sultan angandika,
Bok den ririh mangsa wurung besuk Kaji,
mapan Suryagama,

nanging sira ototneki,
lawan Kaji Mangsur ika,
Kaji Aluwi uma-tur sarwi anangis,
gumantung tyas amba,
mapan nanging p■jah sabil,
k■pengin aj■ng uninga,
Raosipun ganjaranipun ing sabil,
dados suryagama,
mapan awis tangl■dneki,
lan kanca awis purunnya,
Ya ta mes■m sarwi ng■mu waspa aji,
kathah kang k■gagas,
nulya angandika aris,
ya wus kaji b■n■r sira,
Mapan iku y■kti w■kasaning urip,
wus sakar■pira,
mapan ingsun angamini,
bar■nga Nur Ali sira,
Kalih mapan langkung l■ga tyasnya sami,
nulya ngaras pada,
wus lengser saking ngarsaji,
sampun panggih Raden Basah,
Mapan laj■ng nuhun dados usar sami,
pan wus tan winarna,
sar■ng pitung dint■n neki,
Den Basah Prawiradirja,
Nulya bucal sawadya kuswa puniki,
mring sawetan Praga,
wus panggih Raden Pati,
den basah Prawiradirja,
Laknatolah lan murtad laj■ng m■dali,
saking ing Ngayogja,
mapan langkung kathah neki,
nulya pin■thuk k■na ing yuda,
Dhat■ng Raden Basah Prawiradirjeki,
myang sagung pratiwa,
pan laj■ng campuh ing jurit,
Wanengprang kalawan usar,
Mapan wus nir ingkang subasita sami,
baya tan wikara,
nging ngesthi yun bela gusti,
ingkang usar pangiridnya,
Nenggih Dolah Prawira Rana lan Kaji,

Alwi Nur Alika,
Wanengprang pangiridneki,
Den Riya Kr■tanadika,
Laknat murtad pan langkung pang■drelneki,
mriy■m wus tan munya,
ingkang usar t■mpuh sami,
usar langkung ramenira,
P■dhang m■ngsah lan waos wus tan ngundhili,
B■stul wus tan munya,
usar laknat kathah mati,
lumaj■ng angungsi samya,
Mring p■langkir-p■langkir wus bubrah iki,
ing ngamuk Wanengprang,
g■lasah bangkenereki,
kang g■sang lumaj■ng samya,
Kaji Alwi lawan B■nggala Nur Ali,
wus prapta sabilnya,
sar■ng lan turangganeki,
kang waos putung kalihnya,
Kang prajurit Wanengprang kalih kang sabil,
panakawanira,
Kangj■ng Gusti Basah Surgi,
Pumukmin lawan pun Kaska,
Pan s■kawan samya jur kunarpaneki,
tunggil bangke laknat,
pan kathah bandhanganeki,
kapal lawan s■njata,
Dadya sang■t laknatolah k■ndhakneki,
lan sang■t risaknya,
ngantos lami tan m■dali,
Ki Maja ngot malih ika,
T■kaburnya sababe sampun pulih,
ing prangnya punika,
lawan sag■d ngag■m jalmi,
kawarnaa Sri Nalendra,
Ing tyasipun telas p■ngarsi-arsi,
kanikmatan dunya,
nging kantun mring Kang S■jati,
marma barang aturira,
Den Dipati lawan Kangj■ng Pangran Behi,
tiga Raden Basah,
Kangj■ng Sultan anuruti,

Pangran Ngabdul Rahim ika,
Lagya g■rah lami tan nindhihi jurit,
lawan Ki Urawan,
mapan liya lagya sakit,
pan linorod kalihira,
Pangran Abdul Rakim ingkang ig■ntosi,
n■nggih ingkang putra,
Pangeran Sumanegari,
Ki Urawan S■cadirja,
Kyai Maja k■langkung amuring-uring,
sabab Ki Urawan,
nging punika ingkang m■ksih,
angadh■p sakaj■ngira,
T■mahannya nguring-uring mring N■rpati,
genya maos kitab,
pan kinarya memiringi,
Kitab Lubak kang winaca,
Gennya karya murid gin■poken iki,
marang Sri Nalendra,
s■barang kang murid sami,
Sri Nata mesem kewala,
Pan Ki Maja saya keh k■laj■ng neki,
barang ngelmi ika,
mapan ingak■n pribadi,
ingkang rinilan mring Sukma,
Ingkang ngadh■p ngulama muridnya sami,
kang dede muridnya,
mapan datan ayun uning,
sabab kathah sring selaya,
Ingkang murid tan kenging den waoni,
m■ngkana nujuka,
kitabnya tur bab ngulami,
pandhita lawan ukma.
Ingkang ngadh■p ulami gangsal puniki,
sedaya muridnya,
Ki Pangulu den takeni,
apan tegese ulama,
Lan pandhita ukma suhada iki,
Ki Pangulu turnya,
kawula pan dereng uning,
Ki Maja latah guyunya,
Seprandene sira padha ngaku alim,
m■ngkana tan bisa,

bedanya sawiji-wiji,
Ki Barmawi aturira,
Mapan inggih tampi kawula kiyai,
S■kawan punika,
Mapan y■ktos sanes ugi,
kaj■ngnya j■ngganonoman.
Paran sira Barmawi iki ra nana
ingkang sawiji-wiji,
Barmawi aturnya,
pan inggih kang ulama,
punika y■kti tan p■sthi,
dados ungk■ma,
kuk■ma n■rambahi,
Nanging inggih saking ngulama awitira,
yen wis pinaring p■sthi,
nugrahan Hyang Sukma,
lajeng dados ungk■mnya,
Ki Maja as■bda malih,
Mara ranana,
rupane ingkang ng■ndi,
Kang ulama bedane lawan kuk■ma,
Barmawi aturneki,
inggih kang ulama,
mapan kanca sadaya,
khuk■ma sampeyan kiyayi,
Ki Maja suka,
b■n■r t■m■n Barmawi,
Enjang malih Barmawi nulya denundang,
tan purun Seh Barmawi,
saw■g ew■d mulang,
dadya kantun s■kawan
Ki Pangulu lan Ki Kangwis
lan Ki Dhadhapan
lawan Kyai M■langi,
Dumugek■n kang raos wingi punika,
Ki Pangulu turneki,
tan dugi kawula,
s■kawan mapan samya,
Ki Maja gumuj■ng angling,
dene ta sira,
kumaki g■l■m dadi,
Pan P■ngulu iku luwih abotira,

golongan nukmeki,
dene kang pandhita,
supi w■kasanira,
tan bisa parentah jalmi,
kang akeh ika,
sabab w■kasan tokid,
Dadi nora kena lamun tinuruta,
marang wong akeh iki,
k■jaba kuk■ma ,
iku p■sthi kang bisa,
kang tinut mring akeh iki,
lan tokid uga,
mapan kandhangan eblis
Marmanira kabeh sira iku padha,
aja na nganggo tokid
duk mirsa Nalendra,
sinipi dukanira,
s■laminira denpiringi,
mes■m kawala,
kadya karsaning Widi,
Ingsan dint■n punika sang■t b■ndunya,
heh ta Maja sira ki,
durung tutug sira,
kiyanat tetenira,
kitab sira goling-aling,
t■kaburira,
ngand■lk■n sira iki,
Sugih murid lan cineluk guru ika,
ingsun tan n■dya y■kti,
guru bathangira,
lan sakeh ngelmu padha,
pan sira aku pribadi,
kang duweni ika,
ngelmu kagungan Widi,
Pinaringk■n mring manusa kabeh ika,
singa kinarsakna dadi,
Maja mapan sira,
dudu J■ng Rasullollah,
pan padha manungsa y■kti,
t■kaburira,
dene k■pati,
Kangj■ng Sultan nulya kinen nimbalan,
ngulama lawan kaji,

tan pantara prapta,
andher sa Nalendra,
ngulami kang s■puh iki,
Wotgaleh ika,
lan Kyai Wanasari,
Kaji Dolah Badarodin sakancanya,
Sang Nata ngandika ris,
heh sanak ngulama,
lan Badarodin sira,
ingsun yun takon say■kti,
mring ngelmunira,
poma aja w■wadi,
Denb■laka kabeh iku apa sira,
padha tan nganggo tokhid
s■daya aturnya,
nuhun duka Nalendra,
lamun bot■n mawi tokhid
pundi marginya
ngeb■kti mringnya widi,
Pan wicalan sinuhun mapan s■kawan
iman kalawan tokhid
makripat lan Eslam
kados pundi gennya bucal,
mila punika nglampahi,
aprang lan laknat
sing parentahe tokid
Kyai Maja sareng mangsa dukanira,
lamun sang■t N■rpati,
langkung ajrihira,
nulya kengkenan ika,
m■rtelak■n mring N■rpati,
Kyai Dhadhapan lawan Kyai M■langi
Lawan kitab kang winaca kinen b■kta,
wus prapta ing ngarsa Ai,
m■ngkana aturnya,
pukulun pan punika,
kitab kang winaos y■kti,
dhat■ng pun paman,
tan rumaos ngowahi
Mapan ing nurut kitab ung■lira,
saya duka Nerpati,
heh Dhadhapan sira,

ingsun mapan tan n■dya
maoni wirayatneki,
mring kitab ika,
mau ingsun miharsi,
Ana ngucap wong supi tokid w■kasnya,
Pan tokit iku eblis
Poma aja ana,
Wong nganggo tokid ika,
lan tan k■na tinut jalmi,
kyai Dhadhapan,
m■ngkana aturneki,
Pan kawula tan mir■ng wau punika,
■nggen kawula wingking,
Ki Mlangi ika,
pan tumungkul kewala,
datan tumut matur iki,
mapan sangsaya,
b■ndunira Nerpati,
Dene ana ngulama kidib punika,
dangu Sri Narapati,
mring kang samya seba,
Raden Martanagara,
lawan Puthut Lawa iki,
Ganda Kusuma,
apa sira tan miharsi,
Lamun ana mau kang wong undhang-undhang
katiga matur sami,
pan di dal■m kanca
kados mirsa sadaya,
tumungkul Kyai Ajali,
Nata ngandika,
wus lungaa Ajali,
Tanpa gawe padha sin■but ngulama,
wus mundur kalihneki,
Ki Maja prapta,
pan esmu langkung jrihnya,
sarya gumatr■ turneki,
mapan kawula,
dr■mi nirokk■n y■kti,
Ingkang kitab pan wont■n mung■l punika,
kalamun tokid eblis,
Sang Nata ngandika,
heh ta pira Ki Maja,

wilangane Islam iki,
dalan ngibadah,
Ki Maja aturneki,
Mapan inggih nanging s■kawan punika,
iman kalawan tokid,
makripat lan Eslam,
Sang Nata angandika,
paran dene nganggo iki,
kang telu iku,
binuwang salah siji,
Kyai Maja aj■ng tumungkul kewala,
tan sagad matur nuli,
Sang Nata ngandika,
heh paran sira padha,
ngulama kalawan khaji,
pangigenira,
ngelmu kang papat iki,
Pan s■daya atunya dereng kaduga,
Sang Nata ngandika ris,
mangkene yen ingwang,
lamun durung mupakat
padha owah ana mami,
ingsun pan lila,
amrih b■n■r ngab■kti,
Ingkang iman t■g■se pan panrima,
rehning pinaringan urip,
mring Allah tangala,
tokit t■g■se nyata,
olahe anglakoni,
maring parentah,
abot entheng tanampik
Kang makripat wus nora roro paningal,
badan pan rusak iki,
tan tinolih ika,
cipta mangsa kariya,
nging karep maring Kang Jati,
purbaning sukma,
Islam ing t■g■sneki
Mapan pasrah wus tan d■rbe apa-apa,
kabeh purbaning,
nging kari sumangga,
dunya kerat wus padha,

nging sih ing rabilngalamin,

Kumpulira papat tokid aranira,
pratondha wus ngantepi,
sapa walonana,
lamun durung raharja,
angg■p sun mengkono ugi,
pan ingsun lila,
amrih mupakatneki,
Atur sembah sadaya tumungkul samya,
mapan dereng dumugi,
lir karsa Nalendra,
ki Maja ris aturnya,
sanes kang amba raosi,
tokid punika
mapan dokid ing eblis
Bot■n purun sujud mring kang liya Allah,
nanging ng■kahi jangji,
kang uni kewala,
saking Allah tangala,
mring Adam lumuh k■pati,
mapan punika,
kitab wiraosneki,
Pan wus b■n■r najan iku iya tunggal
lamun w■kasaneki,
nanging kari pasrah,
eblis iku tan ana,
pan durung tarima y■kti,
kungkulan Adam
nadyan wong Islam iki,
Iya nora tarima kungkulan laknat,
padha gendholan dalil,
nanging kari ■sah,
Islam gendholanira,
mapan J■ng Rosullolahi,
iku upama,
J■ng Nabi Adam dingin
Eblis iku dadi dalile si laknat
nurut karep pribadi,
iku prabedanya,
w■kasane pan padha,
dene j■n■ng tokid
tan roro ika,

nanging Rabilngalamin,
Kapir Islam pan iku kinarepan,
nanging kari sah iki,
laknat mapan batal
sabab eblis kang jarah,
pan tinut sakarepneki,
paran Ki Maja,
yen ora nganggo tokid
Dadi uripira iku kaya-kaya
dene islam kang p■sthi,
iku ya k■jarah,
marang J■ng Rasullolah,
sabab iku kang g■dhongi,
ngelmuning Allah,
tan ana liya maning,
Ingkang dadya dalan tokit praptanira,
marang Rabilngalamin,
dene sira Maja,
ngaku bisa pribadya,
mapan iku mokhal p■sthi,
wus nora nana,
kang liya kangjeng nabi,
Yen kawula mapan ta padha kewala,
kang liyanya j■ng nabi,
singa kinarsak■na,
ngelmu kagungan Sukma,
dudu sira kang duweni,
t■kaburira,
ngaku ngelmu maujudi,
Sipat ngelmu ngalim maklum nora nana,
liyanya Kangj■ng nNbi
kang tinut ing Eslam,
Ki Maja mapan nulya,
nuhun apunt■n punika,
Krerasos kathah,
k■laj■ng wuwusneki,
Sri Nalendra aris denira ngandika,
heh Ki Maja pan uwis
ya ingsun apura,
s■nadyan ingsun uga,
jaluk apuranereki,
yen wong s■laya,
iku mapan say■kti,

Padha bae luputira mring Yyang Sukma
apa dene mring nabi,
Ki Maja pan nulya,
n■mbah maj■ng tur salam
kum■mb■ng w■stanereki
rumaos kathah
halat mring Sri Bupati,
Ri sawusnya mapan wus datan winarna,
kalih dint■n w■tawis
mapan Nyai Maja,
gadhah anak punika,
laj■ng konduran ng■masi,
Kyai Maja,
langkung prihatineki,
Bojonira kalih pal■stra sadaya,
kathah anakereki,
kang m■ksih lit samnya,
Sang Nata langkung w■lasnya,
Mapan nulya dentrimani,
ingkang s■ntana,
Kanj■ng Ratu kang surgi,
Rondha anem mapan dereng gadhah putra,
ayu kuning tur sugih,
n■nggih namanira,
Raden Ayu punika
Prawiradiningrat nguni,
riwusnya ningkah,
nulya ngalih namaneki,
Raden Ayu Maja mapan sapunika,
m■ngkana kang winarni,
n■nggih Kyai Maja,
langkung suka pir■na,
yen mring masjid wira-wiri,
dalu siyanga,
datan tanak alinggih,
Sampun lama nulya kumat malih ika,
marma yen dasar p■sthi,
nora k■na owah,
wus karsaning Yyang Sukma,
Ki Maja sring m■miringi,
mring muridira,
Kyai Pangulu Kaji,

Iman Raji dadya sowan mring Nalendra,
pan saking ajrihneki
ew■t patrapira,
dhumat■ng Kyai Maja,
ayun amab■ni ajrih,
pan gurunira,
marma seleh pribadi,
Kangj■ng Sultan mapan aris angandika,
paman sira Mam Raji,
dene seleh ika,
apa sababira,
Ki Pangulu aturneki,
tan wont■n sabab
saking bodho say■kti,
Dereng sag■d sum■r■p raos ing kitab,
marma ba langkung ajrih,
pan mangke sumangga,
kang karsa Sri Nalendra,
amba sampun tan kadugi,
mes■m Si Nata,
mapan sampun udani,
Ingkang dados pakew■de ing tyasira,
Kyai Pangulu Kaji,
nulya Sri Nalendra,
laj■ng nimbali ika,
Dolah Suryagama prapti,
ngarsa Nalendra,
Seh Kaji Badarodin
Ris ngandika seh kaji sun kongkon sira
dhawuhna karsa mami,
mring Si Paman Maja,
dene saseleh ira,
Pangulu Haji Mam Raji,
Si Paman Maja,
ingkang sun kon ganteni,
Dadi iku pan wus nora k■taggungan
kaya dhek D■mak dingin
wali Pangulunya,
Suhunan Kudus ika,
Dolah Kaji Badarodin,
lengser sing ngarsa,
Ki Maja pan mar■ngi,
Datan wont■n ing masjid linggih neng griya

lawan Den Ayuneki,
pan lagya pasiyan
neng m■sjid datan tanak
Kaji Badarodin prapti,
wus pinanggihan
l■nggah aneng p■ndhapi,
Haji Badarodin dhawuhak■n nulya,
timbalaning N■rpati,
Ki Maja sahurnya,
laj■ng b■ngis kewala
heh Dolah Kaji say■kti,
mapan kawula
bot■n n■dya angimpi
Lamun dadi pangulu dika aturna,
pan sang■t lumuh mami,
nanging dadi iman
punika rem■n kula,
kalamun par■ng N■rpati,
nanging punika,
ingkang kula bumeni,
Kaji Badarodin m■ngkana sahurnya,
sampun l■r■s Kyai,
pan sanes punapa,
P■ngulu lawan iman
mila karsanya Nerpati,
kadya punika,
mrih sampun ew■t kyai,
Milanipun anak P■ngulu kaji ka,
seleh kawula dugi,
saking ew■dira,
ajrih dhat■ng sampeyan
mapan sampeyan kang t■ksih,
ngiman ika,
lan saru tingalneki
Yen Pangulu makmum dados tanpa karya,
n■nggih yen dentingali,
Kyai Maja nulya,
mapan sang■t sr■ng■nnya
dhat■ng Kaji Badarodin
asru anebda,
heh Kaji Badarodin
Mapan dika tan sumurup ngelmunira,

yen iman lawan kali,
mapan beneh uga,
M■kah anglir punapa,
pan dika w■ruh pribadi,
Dolah aturnya,
inggih l■r■s Kiyai,
Nanging M■kah sadaya pan kawisesa,
mring Sultan Ngrum sami,
pan tan wont■n Nata,
s■kawan mapan samya,
Sarib Basah iman kali,
nanging punika,
isine ingkang nagri,
Pan s■kawan punika gadhahi karya,
ing Ngrum kula tan uning,
n■nggih tatanira,
dene ing Jawi punika,
pan satunggil ugr■neki,
wakilnya tiga,
Pangulu j■kasa patih,
Marmanipun karsa nira Sri Nalendra,
sampeyan kinarya wakil
pangulu punika,
dr■rapon gadhah karya,
Ki Maja ny■ntak ab■ngis
pan kula uga,
dede bebeting kali,
Dika matur yen mung niku kar■p nula,
Dolah mundur wus prapti,
ing ngarsa Nalendra,
gya matur saneskara,
mapan tan ngantos dumugi,
Sri Nara Nata,
b■ndu yayah sinipi,
Nulya kondur saking langgar Sri Nalendra,
Datan ngandika iki,
sagung kang neng ngarsa,
pan langkung ajrihira,
rawuh pasanggrahan aji,
linggih pandhapa,
nulya kinon nimbali,
Ingkang paman Pangran Prabu sampun prapta,
lan Pangran Ngabdul Majid

Pangran Bei mapan
nuju s■pi punika,
nganglang gung baris pan sami,
Nata ngandika,
heh sira Ngabdul Majid
Ingsun kongkon tundhung iku si Maja,
neng kene tanpa kardi,
mundhut karya ika
ewuh sabarang karya,
wus tita lamun tan b■cik
atine iya,
s■barang makewuhi,
Paman Prabu sampeyan tumut lumampah,
sandika turnya kalih,
wus lengser sing ngarsa,
kalih pan sampun prapta
wismane Ki Maja sami,
mapan wus panggya,
laj■ng dipundhawuhi,
Kyai Maja karsanira Sri Nalendra,
ing sadint■n punika,
dika kinen kesah,
saking ing Sambirata,
pundi kang dika dh■m■ni,
sampun kalilan
neng ngriki makew■di,
Kyai Maja mapan langkung ajrihira,
m■ngkana aturneki,
punika pangeran
mapan wont■n punapa,
kawula tan ngraos y■kti,
kalamun dosa,
bilih kalintu tampi,
Sri Nalendra dereng t■r■rang kang pamirsa,
Pangerun Ngabdul Majid,
m■ngkana sabdanya,
pan kula tan uninga,
ingkang dadi duka y■kti,
Ki Maja turnya,
wau Seh Badarodin,
Dipun utus dhawuhi dhat■ng kawula,
n■nggih prakawisneki,

pengulu punika,
n■nggih wangsulan kula,
kaol kak ujaring ngelmi,
bilih m■nawa,
Badarodin ngewahi,
Badarodin mapan nulya tinimbalan
mring Pangran Ngabdul Majid
tan pantara prapta,
dinangu aturira,
kawula bot■n m■wahi,
malah tur kula,
dereng ngantos dumugi,
Sri Nalendra laj■ng kondur tan ngandika,
Pangran Prabu nambungi,
dhasar Kyai Maja,
sok dh■men gawe duka,
g■l■m tan g■l■ma iki,
andika lunga,
mapan sadina iki,
Mokal lamun Sinuhun kakilapan,
mring kar■p dika iki,
Ki Maja sahurnya,
nuhun inah kawula,
ayun asowan pribadi,
ngaturk■n ika,
pan wiraosing ngelmi,
Ingkang ■kak Pangran Prabu angandika,
mangsa kurang N■rpati,
kang ngelmu lir dika,
mapan mangsa kilapa
dika yun seba tan k■ni,
Kyai Maja,
tumungkul langkung ajrih,
Pangran Ngabdul Majid malah angandika,
paran mangke turneki,
marang Sri Nalendra,
Ki Maja aturira,
bot■n gadhah atur malih,
nging nuhun inah,
Pangran dint■n puniki,
Pangrab Ngabdul Majid nulya kondur ika,
lawan kang paman iki,
Pangran Prabu prapta,

ing ngarsa Sri Nalendra,
wus katur niskaraneki,
pan tan winarna,
Ki Maja kang winarni,
Ing sadint■n punika sang■t bingungnya,
n■dha r■mbag pan sami,
kang para ngulama,
kang dede muridira,
angr■r■sak■n karsa Ji,
ingkang muridnya,
kend■l sami tan angling,
Sar■ng sampun bakda Ngisak Nyai Maja,
dhat■ng dal■mireki,
n■nggih Kangj■ng Pangran
Ngabdul Majid wis prapta,
mapan ingaturan ngirid
sowan Sang Nata
Pangran datan apti,
Mapan ajrih nging punika wangsulnya,
Ki Maja laj■ng prapti,
marang dal■mira,
Pangran Dipanagara,
pan samya wangsulaneki,
kados kang paman
m■ngkana kang winarni,
Kangjeng Sultan sar■ng sampun bakda Ngisa,
miyos dhat■ng p■ndhapi,
kang rayi lan kang putra,
Pangeran Dipanagari,
mapan kalawan
Pangeran Ngabdul Majid
Kalih sampun prapta ngarsane Nalendra,
dangu prakawis nguni,
n■nggih Kyai Maja,
Pangran aris aturnya,
kados sang■t kuwurneki,
dugi kawula
ing wau mapan prapti,
Wisma hamba saw■g kesah sapunika,
Pangran Dipan■gari,
m■ngkana aturnya,
pan inggih sapunika,

pun kali maos pan m■ksih,
wisma kawula,
wau yun tumut ugi,
Sowan nanging kawula kang bot■n suka,
bilih ngaget-ageti,
pan datan ngandikan
wau t■ksih neng ngrika,
Sang Nata ngandika aris
apa karyanira,
J■ng Pangran aturneki,
Hamba taken yun sowan ngaturk■n ika,
n■nggih raosing ngelmi,
pan kawula t■dha,
mugi denwicant■na,
kawula ingkang nyagahi,
matur Nalendra,
nging datan suka iki,
Wicant■nya pun kaki ngelmi kak ika,
kalawan langkung aib
sampeyan pangeran
pan mangsa sum■r■pa,
sanadyan kang pra ngulami,
mapan sadaya,
dereng sum■r■p sami,
Sri Nalendra mes■m aris angandika,
k■jaba ngelmuning b■lis
kene ingkang langka,
yen ngelmune wong Islam
wus p■sthi mupakat y■kti,
sagung ngulama,
marma eling sun dhingin
Pinelingan Mas Lurah lan Ki Papringan
lamun w■kasaneki,
Ki Maja akarya,
ngrub■di barang karya,
iki wus pratela y■kti,
ingsun pribadya,
ingkang maha say■kti,
Iki nyata mas lurah barang ujarnya,
lawan Ngabdulah dhingin
yen datan raharja,
Ki Maja ing tyas sira,
dereng dumugi s■bdaji,

Ki Maja prapta,
laj■ng soan N■rpati,
Esmu kagyat Sang Nata nulya ngandika,
heh ta Maja sireki,
prapta amek apa,
ingsun tan ngundang sira,
Ki Maja matur esmu ajrih,
mapan kawula,
soan yun matur y■kti,
M■nggah ngelmi ingkang aib Sri Nalendra,
lairing k■raton mangkin
kang aib punika,
Allah lawan Muhamad
pan Allah tan nyata say■kti,
nanging Muhamad
punika ingkang lair,
Ing lir iman lawan pangulu ika,
lair kalawan batin
Sri Nata duka mirsa,
mring aturnya Ki Maja,
mapan langkung b■nduneki,
asru ngandika,
heh Maja sira eblis
Durung tutug kar■pira kang r■ncana,
mring sun sawalaneki,
Ngabdul Majid sira,
kang sun ar■p t■kane,
matura ingkang say■kti,
apa ta sira,
iya g■l■m ngab■kti,
Mring si Maja lan sira Dipanegara,
myang sarupane iki,
kang neng ngarsan ning wang,
lanang wadon matura
den b■laka aja k■lir,
poma ta padha,
pangeran Ngabdul majid
Atur s■mbah dewaji mapan kawula,
dereng sum■r■p y■kti
Ki Maja aturnya,
Sri Nalendra angandika,
heh ta liya Ngabdul Majid

Allah Mukhamad
loro tan nyata siji,
Nging Muhamad iku lairing Allah,
kang tinut Eslam iki,
pan nging muhamad
Allah pan nora nyata,
Dul majid upamaneki,
ingkang nagara,
Masjid G■dhe say■kti.
Mapan ratu iku upama lir iman
yen bodho tan say■kti,
angimani ika,
sab kang punjulan,
ing sajrone masjid iki,
iku Si Maja,
ngaku punjul pribadi,
Marmanira dadi wakil tan narima,
maksih kungkulan Maji,
yen p■ngulu ika,
m■ksih wakil arannya,
lan iman beneh say■kti,
iman m■sesa,
paran sira Dul Majid
Lawan kabeh iku ingkang padha ana,
ingsun takon say■kti
apa padha rila,
angratu mring Ki Maja,
s■daya aturnya sami,
karya punapa,
mapan tan kirang y■kti,
Abdi dal■m ngulami kados Ki Maja.
Ki Maja ingkang ajrih,
konangan kaj■ngnya,
gum■t■r aturira,
pan punika sanes tampi,
panuhun hamba,
kados m■nggah pan naming,
Sri Nalendra mes■m aris angandika,
heh iya Ngabdul Majid
iku wis pratela,
lamun eblis ngr■ncana,
ature pan bolak-balik
m■ngko ing M■kah,

ingkang kinarya dalil
Den arani ingsun durung mikir baya,
nadyan M■kah Dul Majid
papat iku badan
dene nyawane iya,
sam■ngko neng Ngerum iki,
pan Kangj■ng Sultan
ing Ngrum kang maseseni,
Sira dh■ng■r Pangran Ngabdul Majid n■mbah,
pukulun tan kadugi,
J■ng Sultan ngandika,
pan badan upamanya,
n■gara iku Dul Majid
iman ratunya,
pangucap ingkang patih,
Kang pangulu paningal t■g■se ika,
j■k sapa mirsa iki
dene gung gaota,
prajurit upamanya,
paran Ki Maja sireki,
tumungkul ika,
tan sag■d matur malih,
Pangran Ngabdul Majid m■ngkana aturnya,
pukulun kados pundi,
punika sadaya,
mapan bingung tyas hamba,
Sri Nalendra ngandika ris
marmane sira,
iku denm■janani,
B■n■r ingkang ngarani tan w■ruh ika,
m■ngkene Ngabdul Majid
iman t■g■sira,
lairing ngurip ika,
pan manungsa pratelaneki,
Pangulu iya,
lairing rasa p■sthi,
Pan ing netra nyatane ing m■ngko ika,
j■k sapa mirsa iki,
laire ing ngakal
kuping pratelanira,
patih pan pangucap iki,
n■psu lairnya,

lesan pratelaneki,
Pan m■ngkana duk neng Banyum■n■ng ika,
jaluk bubuwan siji,
iya kang wisesa,
ingsun kinen masrahna,
papat apa kang sun pilih,
tunggal kewala,
pan iku kar■pneki,
Kang den■lih nanging aranya kewala,
dhingin gone ngarani,
ratu wali ika
mukmin lawan pandhita,
dene ratu Ngabdul Majid
pan iya imama,
imam pan iya urip
Mapan wali iku rasa jatenira,
P■ngulu laraneki,
dene kang pandhita,
angun-angun ku iya,
mapan j■k saaraneki,
mukmin pan iya,
Ngabdul Majid pambudi,
Dadi aran patih m■ngko lairira,
paran gene am■thil
pan sab■n manungsa,
iku padha kewala,
dene suni kidul majid
karsa Yyang Sukma,
aneng ing tanah Jawi,
Pan kinarya kalipah J■ng Rasullollah
dadi pangirid sabil
Eslam lawan laknat
panugrahan kewala,
pinundhuta rina w■ngi,
tan w■ruh ing wang,
iku kagungan Widi,
Mapan kudu jinaluk iku wong apa,
pan t■kabure dadi,
kitab ampunganya,
pan dumeh bisa maca,
mara jupuk■n denaglis
pan kitabira,
wacan■n ngarsa mami,

Lamun ora sira iku pan wus k■na,
Marang kukum molahi,
Wus ping t■lu sira,
ngr■ncana marang ing wang,
Ki Maja sar■ng miharsi,
Langkung jrihira,
Gum■t■r aturneki,
Mapan sampun iman Pangulu sumangga,
kang kinarsak■n haji,
hamba sampun lila,
Sang Nata sru ngandika,
heh Maja liwat sireki,
karya pit■nah,
iya sapa kang wani,
Lamun m■ksih sira iku nora lunga,
j■r kitab nora k■ni,
lamun sira lunga,
sam■ngka ingsun bisa,
golek kang luwih sireki,
pr■tandhanira,
iku Kaji Maraji
Tur ta dhingin iku panuhunira,
lan muritira y■kti
saprandene uga,
iku silih tan bisa,
saking pangucapireki,
sadina-dina,
pan manggung m■miringi,
Paksa iki pratelane atenira,
yen tan s■lam■t y■kti,
s■lawase ika,
sun turut aturira,
sakeh layang sun tan k■ni,
yen mangsulana,
aturira pan dalil
Kuran iku ingkang aduwe parentah,
m■ngko w■kasaneki,
pan sira pribadya,
ingkang jaluk wasesa,
heh Ki Maja sira iki,
k■lamun m■ksa,
tan nurut karsa mami,

M■sthi sira sunkukum lawan agama,
sabab wus tela y■kti,
yen ngrusuhi sira,
manggung karya rubeda,
lah mara matura maning,
yen m■ksih ana,
ngelmu nira kang kari,
Kyai Maja tan sag■d malih matura,
k■langkung ajrihneki,
sang Nata ngandika,
heh Ngabdul majid sira,
sesuk seba asireki,
lan M■rtalaya,
kancanira bupati,
Ingkang aneng ing kene padha sebaa,
sandika turnya kalih,
wus kondur Nalendra,
manjing mring pasanggrahan
lingsir dalu wancineki,
kawarna enjang,
m■ngkana Pangran Bei,
Dalu prapta denira nganglang barisan
enjang sowan pan sami,
gung putra santana,
kang aneng Sambirata,
lawan kang para Dipati,
p■pak sadaya,
aneng pasowanan sami,
Sri Nalendra wus miyos l■nggah pandhapa,
laj■ng kinen nimbali,
kang putra santana,
prapta ngarsa Nalendra,
Bupati pan m■ksih kari
aneng pasowan
Sang Nata aningali,
Mring kang paman Pangran Bei sampun prapta
mes■m Nata ngadika ris
paman duk punapa
angsal sampeyan prapta,
lan punapa luj■ng sami,
kang neng barisan
Pangran Bei aturneki,
Wau dalu pukul sanga hamba prapta,

abdi dal■m kang baris
pan luj■ng sadaya,
mes■m Sri Nara Nata,
ing wingking wont■n pr■kawis
kab■tah kula,
paman Prabu ngadani,
Laj■ng samya sinamur lan guguj■ngan
M■ngkana kang winarni,
n■nggih Kyai Maja,
s■dalu datan nendra,
sar■ng enjang ngundang iki,
kang pra ngulama,
myang Dolah Badarodin
Pan tinantun lan samya maos kitab
estu l■r■s N■rpati
m■ngkana Ki Maja,
langkung kaduwungira,
kathah■n aturireki,
lawan tin■tah,
mring sagung pra ngulami,
Dolah Kaji Badarrodin mapan nulya
kinen soan N■rpati,
anuhun apura,
sagung alatnya samya,
ing karsa sampun ngladosi,
mapan sumangga,
nanging panuhuneki,
K■tibipun ingkang sami ngulaminya,
n■nggih Khaji Maraji,
lan Ki Kawis ika,
Barmawi ki dhacapan
k■tip lami pan sami,
linorod ika,
dinadosak■n modin
Nging punika panuwunipun Ki Maja,
inggih bilih mar■ngi,
mes■m Sri Nalendra,
ngandika mring kang paman
n■nggih pangeran ng■bei,
mapan tan ewah,
k■kah dhasar say■kti,
Wau dalu pan sang■t sr■ng■n kawula,

saprandene pan m■ksih,
t■kabur punika,
ngak■n sag■d pribadya,
Pangran Bei aturneki,
l■r■s Nalendra,
mila sampun tan kenging,
Ingewahan eng■t sak■dhap kewala,
dhumat■ng ngelmineki,
lamun kab■tah,
yen dhangan supe nulya,
ing siyang k■lawan ratri,
t■kaburira,
nging punika kang p■sthi,
Kaji Badarodin tumungkul kewala,
Sang Nata ngandika ris
paman pan sampeyan
kula kengken lumampah,
mring m■sjid ngad■gk■n iki,
P■ngulu Maja,
lan panuwunnya sami,
Mapan sampun kula turuti sadaya,
kabeh meluwa iki,
marang m■sjid padha,
sandika samya turnya,
sagung putra s■ntaneki,
lawan bupatya,
wus rampung karsa aji,
Nulya kondur sang nata am■sanggrahan,
m■ngkana Pangran Bei,
myang putra Santana,
lan sagung pra dipatya,
sadaya dhumat■ng m■sjid
wus tan winarna,
kawarna asampun lami,
Ing Pag■len mapan kainggahan laknat
k■langkung ag■ngneki,
dadya tan kuwawa,
Basah Ngabdul Muhyi ka,
kalawan Basah Dul Latip
mapan ing Ngrema,
dereng dipuntan■mi,
Basah marma dadya kether juritira,
ngungsi dhat■ng M■ntawis

pag■len sadaya,
mondhok ing Jat■n samya,
wus katur maring Nr■pati,
Sri Nara Nata,
nulya kinen nimbali,
Raden Basah Prawiradirja wus prapta,
lan saprajuritneki,
saking wetan Praga,
dadya nging kantun ika,
Bulkiya kang m■ksih baris,
neng wetan Praga,
lawan Raden Dipati,
Laj■ng kinen mantuk lawan tata-tata,
karsanya sri bupati,
kinen ngantuk■na,
mring Pag■len sadaya,
m■ngkana ingkang winarni
ing Sambirata,
kinggahan laknat kapir,
Saking K■dhu k■langkung ing ag■ngira,
m■dal j■ksa puniki,
Pangeran Pakuningrat
lawan Jayapid■ksa,
tan kuwawi andhahi
atur uninga,
dhat■ng Sri Narapati,
Lamun m■ngsah saking K■dhu langkung g■ngnya,
ayun mring Sambiradin
m■ngkana wus prapta,
laknat ing P■nanggulan
geger Sambirata nguni,
gung repot samya,
pan wus minggah ngardi,
Sambirata mar■ngi suwung punika,
prajurit nanging k■dhik
Mantril■b■t ika,
pan naming kawan dasa,
lan nuju Jumungah iki
Kyai Maja,
karsanya Sri Bupati,
Mapan kinen dumugena genya salat
Jumungah mapan sami,

lawan Suryangama,
Suranata k■lawan
bar Jumungah mapan sami,
para ngulama,
Sri Nalendra pribadi,
Kang m■thuk■n sagung putra santana,
Bupati l■bet iki,
kang dherek Nalendra,
nging ngampil punakawan,
gam■l kang dados p■ngarsi,
nging kawan dasa,
Mantril■b■t kan ngirid,
Raden M■nggung Martanagara kalawan
Raden Puthutlaweki,
Den Ganda kusuma,
prapta ing dhusun Monggang,
laknat prapta Tanjung iki,
laj■ng aj■ngan
nanging marmane Widi,
Laknatolah m■nggah datan laj■ng ika,
dennyana kathah iki,
barisnya wong Eslam
m■mp■n neng padhusanan
Kangj■ng Sultan kang kaeksi,
aneng ing marga,
lan putra s■ntananeki,
Myang Bupati mapan samya k■kapalan
dennyana usar iki,
dhat■ng laknatolah,
dadya nata barisnya,
ri wus nulya amarani,
dhusun ing Monggang,
ingkang den mariy■mi,
Mantril■b■t kawan dasa datan owah,
m■mp■n neng dhusun sami,
m■ngkana Ki maja,
riwus Jumungah bakda,
laj■n nusul prapta sami,
tigang g■ndera,
saya kathah kaeksi,
laknatolah sangsaya angatya-atya,
tin■rka m■thuk jurit
m■ngkana Ki Maja,

pan ar■mbagan samya,
kalawan Pangeran Bei,
lamun s■mbada,
Sri Nata den aturi,
Basah Ngabdul Muhyi ika
mapan ingkang dadya
p#ngarseki,
pan sewu prajuritipun,
s#palih kang bin#kta,
tan winarna Sri Nalendra sampun rawuh,
ing Go-wong sawadya kuswa,
Tum■nggung Gowong pan kalih,
Tum■nggung Gajah Pr■mada,
lan Tum■nggung Kr■tadesa nameki,
nulya dhinawuhan sampun,
marang Raden Dipatya,
kinon karya pasanggrahan mapan iku,
kang c■lak beteng s■puran,
sandika kalih tur neki,
Tan winarna sampun dadya,
pan ning Wanasraya nama nireki,
nulya tur uninga sampun,
budhal Sri Nanata,
saking Pucang myang sawadya kuswa iku,
wus rawuh ing Wanasraya,
tigang dint■n wont■n margi,
Kalawan beteng sepuran,
mapan sampun n■nggih katingal neki,
nanging ■lat jurang iku,
langkung pakew■dira,
nging kuciwa t■bih toya tadhah iku,
susah sagung pra ulama,
kangelan ngibadah neki,
Nulya na marmaning sukma,
mapan samya manggih s■ndhang pribadi,
sab■n-sab■n pondhok iku,
lan wong Pag■lan samya,
l■dhok Gowong prapta w■wadeyanipun,
s■barang wont■n sadaya,
datan kirang t■dha sami,
M■ngkana beteng s■puran,
langkung kathah beteng kang samya prapti,

laknat dados kalih iku,
n■nggih barisanira,
ing s■puran lawan ing k■dalon,
mapan samya kathahira,
Basah tiga r■mbag sami,
Sar■ng sinab■t punika,
Basah Ngabdul Muhyi dipunb■bahi,
nginggahi s■puran iku,
lawan Gajah Pr■mada,
Seh Muhamad Ngusman Li Basah iku,
nginggahi K■dalon ika,
lawan Basah Ngabdul Latip,
Puthutlawa Jan■gara,
karsanira wau Sri Narapati,
binantokaken puniku,
mring Usman Ali Basah,
sampun dadya r■mbagnya sadaya sagung,
m■ngkana enjang winarna,
gya n■mbang t■ngara jurit,
Sumahab kang wadya kuswa,
sar■ng mangkat wau Basah katri,
mapan anglir watu turu,
n■nggih saking ing arga,
pan panuju laknatolah mapan ayun,
mara kalih lampahira,
kadya wus karsaning Widi,
Kap■thuk ing J■latar,
Dolah Khaji Ngabdul Kadir waw■ling,
dhumat■ng ing rangganipun,
yen ingsun m■ngko prapta,
sabilolah poma aja sira r■but,
kabeh kanca poma-poma,
dimen rusak jisim mami,
M■ngkana sar■ng katingal,
m■ngsah laj■ng ng■drel mriy■mi,
wadya Eslam laj■ng n■mpuh,
Seh Dolah Haji ika,
Ngabdul Kadir mapan anr■rajang purun,
Bulkiya lawan Tamtama,
Mantri jro ngamuk sami,
Kadya wus karsaning sukma,
Dollah Haji Badarrodin pan prapti,
dhumat■ng ing jangjenipun,

wantu Seh Dolah ika,
Ngabdul Kadir yen uning mring laknat iku,
wus ical kang subasita,
nirbaya tanpa wigati,
Lan Mas Prawira Deksana,
mapan matri l■b■t puniki,
pan sar■ng pangamukipun,
kalih putung watangnya,
pan k■laj■ng prapta ing sabillolahu,
rinubung mring laknatollah,
Seh Haji Mustapa uning,
Lawan Raden Puthutlawa,
samya ngamuk ngr■but kunarpa neki,
myang sagung prajurit iku,
sar■ng maj■ng sadaya,
kathah mundur laknat kalindhih prangipun,
ing S■puran pan m■ngkana,
prangnya Basah Ngabdul Muhyi,
Kirang k■dhik pan meh b■dhah,
betengira laknat wus geger iki,
kang neng jro beteng iku,
pan katingal kewala,
saking p■sanggrahan ing Wanasrayeku,
samya suka gung tumingal,
mring solahe laknat sami,
Mapan dereng untungira,
kapal Li Basah sukunya kalih,
kenging ing mariy■m rampung,
p■jah panji pan tiga,
ingkang prapta kang sabilolah puniku,
dadya samya mundurira,
mapan k■saput ing w■ngi
Mapan sar■ng undurira,
ingkang saking J■latar puniki,
lawan ing s■puran iku,
lawan b■kta layonnya,
Seh Dolah Hajiku,
Ngabdul Kadir gung Bulkiya,
sedaya pan samya nangis,
Lawan Mas Panji punika,
mantri l■b■t Prawirad■ksaneki,
wus katur Ingkang Sinuhun,

lan Panji Pag■lan tiga,
ingkang sabil kang layon samya pinundhut,
dhat■ng ngarsa Nal■ndra,
sabab wus k■dalon iki,
Pan kend■l sadalu ika,
ingkang layon ing ngarsa Narapati,
mapan arum gandanipun,
m■ngkana sar■ng enjang,
laj■ng kinen ngangkatken layon puniku,
mantuk ing Pag■lan tiga,
Seh Dolah Kaji Dul Kadir,
Lan Panji Prawirad■ksana,
sinahenan neng tanah Gowong iki,
Basah tiga r■mbagipun,
yun maj■ng malih ika,
nulya ana lapuran saking M■ntarum,
Den Basah Prawiradirja,
atur tiwas t■ngga nagri,
P■sanggrahan Sri Nal■ndra,
ing P■ngasih sampun risak puniki,
sagung r■pot dhat■ng Kulur,
lan Kangj■ng Pan■mbahan,
Kangj■ng Ratu Ag■ng aneng Dhawuhan puniku,
tan ewah lawan kang wayah,
abdi dal■m kathah sabil,
Tum■nggung Catranagara,
wau ingkang prapta sabilolahi,
lan gangsal Ngabehinipun,
lan panji toyag■sang,
pan pun sura dikdaya laknat gung lampus,
m■ngkana sar■ng miarsa,
Sang Nata ngungun tyas neki,
Sagung prajurit M■ntaram,
myang pratiwa putra Santana sami,
langkung kewran manahipun,
sar■ng samya miharsa,
ing P■ngasih mapan sampun risak iku,
watos nak rabinya samya,
nging jrih matur mring Nr■pati,
M■ngkana malih prapta,
s■rat saking Basah kang wetan iki,
tur uning yen lab■t iku,
kenging mriy■m wantisnya,

laj■ng dhawah ingkang turangga lampus,
lawan Raden Ayu Natayuda,
prapta ing sabilolahi,
Lawan Tum■nggung S■bara,
tandha mohi rusak kunarpa neki,
dadya Pag■len puniku,
kang wetan pan kancikan,
dhat■ng laknat Basah Ngabdul Muhyi iku,
langkung keron manahira,
prajurit Pag■len sami,
Mapan kathah mantuk ika,
saking sang■t kuwatos tyasnya sami,
basah tiga samya matur,
dhumat■ng Sri Nal■ndra,
lamun abdi dal■m prajurit puniku,
sampun kathah mantuk samya,
kuwatos nak rabineki,
M■ngkana Raden Dipatya,
aturira dhumat■ng Sri Narapati,
atanapi Mas Pangulu,
ngaturi kondur samya,
mring M■ntawis sabab abdi dal■m sagung,
samya sang■t keronira,
neng ngriki tan sag■d jurit,
Sang Nata dhahar aturnya,
dhat■ng sagung ingkang pratiwa sami,
sar■ng enjang budhalipun,
saking ing Wanasraya ,
aneng marga pan kap■thuk suratipun,
Den Basah Gandakusuma,
ngaturken sal-angsal neki,
Bandhangan tambur gandera,
lan salompret kang kathah sanjata lit,
mriy■m kakalih puniku,
karsanira Nal■ndra,
pinaringk■n malih kinen b■kta wangsul,
mring Basah Gandakusuma,
m■ngkana wus tan winarni,
Sang Nata wus rawuh ika,
ing Pag■lan m■sanggrahan Nr■pati,
aneng ing Kroya puniku,
ngasohak■n gung wadya,

Basah Gandakusuma karsa Sang Prabu,
lan Basah Ngabdul Muhyika,
mapan kinen angopeni,
Mring Pag■len ingkang wetan,
sabab Basahira pan m■ksih,
pan naming wakil Tum■nggung,
tan pitaj■ng Nalendra,
ri sawusnya Sang Nata gya budhal iku,
myang sagung kang wadya kuswa,
kondur dhumat■ng M■ntawis,
Sampun prapta ing M■ntaram,
mesanggrahan neng Palihan Nr■pati,
Basah Prawiradirjaku,
lanwan Pangeran Basah,
tinimbalan kalih sampun prapta ngayun,
dinangu ingkang niskara,
sampun katur s■dayeku,
Sri Nalendra angandika,
paran sira babing aprang iki,
yen wus tan kaduga iku,
angur-angur padha matura,
karuhane mumpung m■ksih j■mbar iku,
Den Basah Prawiradirja,
m■ngkana ingaturan neki,
Rumiyin myang sapunika,
nadyan silih w■wah am■ngsah malih,
yen t■ksih g■sang pukulun,
pan tan s■dya suminggah,
Sri Nalendra ris ngandika iku,
oh iya Prawiradirja,
k■lamun nyata sireki,
Sun jaluk pr■tandhanira,
Basah kalih sandika atureki,
sampun lengser saking ngayun,
Basah Prawiradirja,
lawan Pangran Basah Suman■gareku,
m■ngkana wus tan winarna,
sar■ng dint■n isnen iki,
Den Basah Prawiradirja,
lawan Pangran Basah Suman■gari,
wus budhal sawadyanipun,
saking G■nthan punika,
arsa gitik laknat saking baris iku,

ing p■tir k■par■ng nulya,
dadya kap■thuk ing margi,
Mapan samya kaj■ngira,
laknatolah ayun mring G■nthan iki,
dadya samya kaj■ngipun,
kap■thuk sala b■lah,
laj■ng campuh langkung rame swaranipun,
sanjata lir ardi b■ntar,
laj■ng ruk■t ingkang jurit,
P■t■ng kukusing s■ndawa,
laknat Islam sampun wuru juritneki,
m■ngkana karsa Ywang Agung,
Basah Prawiradirja,
mapan lab■t kenging pelor bahunipun,
dadya kalindhih prangira,
sagung wadya Islam iki,
Kalawan panji wanengprang,
somaliye kya k■ndhang gumulung sabil,
prajurit jajar puniku,
ingkang sabil sadasa,
laknatolah mapan kathah kang modar iku,
kabr■r■k Eslam yudanya,
m■ngkana gya den tulungi,
Mring Dul Latip Ali Basah,
kang prajurit Jayengan wolung desi,
mapan sar■ng aj■ngipun,
laknat m■ngsah tyasira,
sabab sampun kathah modar kancanipun,
kapitan rup tatu ika,
kalawan mayor ireki,
Dadya samya undurira,
nanging Islam angsal bandhangan iki,
W■landi g■sang puniku,
satunggil namanira,
n■nggih Jakup m■ngkana tur uning sampun,
dhateng Kangj■ng Sri Nalendra ,
lamun Raden Basah kanin,
Kenging pelor bahunira,
panah nanging mapan datan punapi,
dene kang prajurit sagung,
sakala sakit ika,
kang misesa Den Basah panuwunipun,

dhumat■ng Sri Naranata,
n■nggih Pangran Ngabdul Majid,
Kalilan wus tan winarna,
kawarnaha Kangj■ng Pangeran Behi,
mapan sang■t gr■rahipun,
kondur mring kilen praga,
dadya sagung prajurit dherek s■darum,
myang Bupati kidul Yogja,
Sang Nata karsanireki,
Kang misesa kidul Yokja,
pan winangsul malihak■n iki,
mring Raden J■n■gareku,
Tum■nggung kidul Yokja,
myang prajurit wus pinaringk■n sadarum,
mring Raden Jayanagara,
laj■ng kinen mangkat sami,
Saking ing sakilen praga,
Raden Jayanagara budhal nuli,
myang sagung kidul Yokjeku,
Dolah R■sas■ntana,
Raden Jawinata Anggawikrameku,
lan Tum■nggung Bahuyuda,
wus prapta kidul Yokjeki,
Laj■ng baris wetan ngumpak,
kawarnaha n■nggih Sri Narapati,
salaminya sakit iku,
Basah Prawiradirja,
kang prajurit samya k■ndho juritipun,
lan wont■n atur uninga,
lamuk laknat badhe prapti,
Kurnel salwen tindhihira,
badhe nyabrang dhat■ng sakilen pragi,
kang baris siyangan iku,
m■ngkana Sri Nalendra,
nulya budhal saking ing Paliyan iku,
mantri jro lan Bulkiya,
kang munggeng ngarsa Nr■pati,
Seh Dolah Khaji punika,
Ngabdul Kadir pan sampun den sulihi,
anenggih Seh Kaji Mansur,
pinaring nama Dolah,
dadya sisihira Khaji Mustapeku,
mas pangulu munggeng wuntat,

myang sagung pra ngulami,
Suranata suryagama,
sampun rawuh ing k■cubung Nr■pati,
laj■ng m■sanggrahan iku,
neng k■cubung d■mangan,
Raden Basah Mr■tanagara puniku,
kalawan Raden Dipatya,
nusul mapan sampun prapti,
Lan ngirid bupati magang
ing Pag■len mapan s■kawan iki,
lawan saprajuritipun,
kala w■ktu punika,
langkung ag■ng kang coba dhat■ng Sinuhun,
Bupati kalih s■laya,
kalawan Basahireki,
Nanging Kangj■ng Sri Nalendra,
mapan sampun tan ningali k■kalih,
marma punapa turipun,
kang wadya tinurutan,
angr■sagah m■sah lawan laknat iku,
Basah Ngabdul Latip prapta,
lawan saprajurit neki,
lajeng kinen baris ika,
aneng Galur lawan Raden Dipati,
kang munggeng ngarsa Sang Prabu,
Basah M■rtanagara,
lawan Ngusman Li Basah kang baris iku,
aneng ing Wates punika,
n■nggih Pangran Ngabdul Majid,
Lawan Pangran Pakuningrat,
lawan sagung wau ingkang prajurit,
Prawiradirjan sadarum,
m■ngkana kainggahan,
laknatolah mapan sar■ng praptanipun,
Wates lawan Galur ika,
samya pin■thuk■n jurit,
Langkung rame swaranira,
sanjata lit lawan mariy■m sami,
Sang Nata marma tyasipun,
marang Raden Dipatya,
sabab k■dhik ingkang prajurit puniku,
ingkang kathah nanging magang,

lawan Basah Ngabdul Latip,
Prajurit nanging jayengan,
pan kapalan wolung dasa puniki,
Seh Ngusman Li Basah iku,
kang kinen t■tulunga,
sakancanya prajurit Bulkiya sagung,
lan Basah M■rtanagara,
mapan kinen tumut sami,
Dene ingkang tinindhihan,
mantri l■b■t lan suranata iki,
suryagama budhal sagung,
saking ngarsa Nal■ndra,
ingkang ngadh■p nanging kantun mas p■ngulu,
sakancanya pra ngulama,
lan putra santana sami,
Basah kalih sampun prapta,
pan ing Galur panggih Raden Dipati,
Sri Nalendra ayun dulu,
saking K■cubung budhal,
laknatolah datan sag■d nyabrang Galur,
dadya nanging prang sanjata,
datan sag■d nyabrang kali,
Nyabrang lepen punika,
laknat Islam nging s■njatanan sami,
m■ngkana ingkang winuwus,
kang aprang Watesika,
Pangran Ngabdul Majid pan kalindhih iku,
lawan Pangran Pakuningrat,
nanging tan atur udani,
Undurira tan katingal,
mapan samya kalingan dhusun iki,
dadya Islam mapan sagung,
manjing mring padhusunan,
laknatolah langkung sang■t sag■dipun,
tan mawi b■smening griya,
marma ingkang aprang iki,
Ing Galur mapan tan nyana,
lamun Islam kalindhih juritneki,
samya nyana lamun bujung,
sabab tan b■smi griya,
lan sanjata mapan sampun kend■l dangu,
marmanira samya eca,
denira s■njatan iki,

M■ngkana Husar katingal,
Sri Nalendra dangu mring am■l neki,
lawan ponakawan iku,
s■daya aturira,
tiyang ngili girek■n mahesanipun,
saking sang■t panas rina,
marmanya datan k■tawis,
Langsir kilen wayahira,
awit enjang wau denira jurit,
Husar mapan prapta sampun,
samya kaget sadaya,
mas pangulu umatur dhat■ng Sang Prabu,
k■lamun punika Husar,
Sang Nata dipunaturi,
Mundur sagung Husar nulya,
bujung Husar any■njatani,
nanging marmaning Yyang Agung,
sami luj■ng sadaya,
sagung dh■rek dhumat■ng Sang Prabu,
Den Dipati kang winarna,
kalawan Basah katri,
Sar■ng miarsa punika,
lamun wingking rame sanjata muni,
samya langkung kagyatipun,
wus narka yen Nalendra,
dadya samya langkung kuwur manahipun,
nulya samya mundurika,
s■dya tulung mring Nr■pati,
Wus nir sagung ingkang baya.
sar■ng mundur nulya kap■thuk sami,
kalawan Husar s■darum,
laj■ng campuh ki yuda,
kuw■l t■las laknatolah k■dhik iku,
Husar ingkang m■ksih g■sang,
tinulungan mring p■langkir,
Lan kang saking Galurika,
sampun nyabrang laknat laj■ng ng■byaki,
Islam pan karoban mungsuh,
k■langkung bingungira,
laj■ng mundur Islam kalindhih prangipun,
binujung mring laknatolah,
nanging marmaning Yyang Widi,

Islam dereng untungira,
pan k■dhik kang prapta sabil neki,
s■daya hanging salikur,
prajurit Pag■lan samya,
kang satunggil an■nggih papatihipun,
Raden Dipati Danurja,
laknat kathah modar,
Nulya sapih ingkang yuda,
mapan sampun n■nggih kasaput w■ngi,
laknat laj■ng samya mundur,
mring pr■nah sowang sowang,
lawan b■kta mring bangkene rewangipun,
nanging kang aneng kewala,
kang alit tinilar sami,
Islam kathah angsalira,
kang bandhangan kapal Husar pan sami,
m■ngkana ingkang winuwus,
Raden Jayan■gara,
dennya baris neng g■g■r sakancanipun,
laknatolah mara tiga,
wau denira nginggahi,
Mas Dolah R■sas■ntana,
mapan kinen m■thukak■n puniki,
m■ngsah saking wetan iku,
Den M■nggung Jawirata,
m■thukak■n ingkang saking ler puniku,
ingkang ag■ng laknatolah,
mapan saking kilen iki,
Mapan pin■thuk■n ika,
dhat■ng Raden Jayan■gareki,
lawan Kaji Ahmad iku,
Tum■nggung Mangkuyuda,
laj■ng campuh pan sang■t karoban mungsuh,
nging Raden Jayanagara,
wirang yen mundura hurip,
Lan Tum■nggung Bahuyuda,
Kaji Ahmad pan sampun sum■dya sabil,
prajurit tamtama iku,
golong p■ngamukira,
langkung rame pan wus karsaning Yyang Agung,
Rahaden Jayan■gara,
prapta ing sabilolahi,
Kalawan Seh Khaji Ahmad,

lan Tum■nggung Bahuyuda puniki,
prajurit tamtama iku,
s■daya ingkang bela,
Bahuyudan mapan tiga balanipun,
samya risak kang kunarpa,
laknatolah kathah modir,
Mas Dolah R■sas■ntana,
lawan Raden Jawinata puniki,
angsal b■r■k yudanipun,
wangsul mring Gr■g■ samya,
laknatolah s■daya pan sampun mundur,
laj■ng anyaheni samya,
kang prapta sabilolahi,
Laj■ng ngaturi uninga,
mring Nalendra pan wus datan winarni,
Sang Nata aneng wana gung,
gennira m■sanggrahan,
pan sadina-dina denira prang pupuh,
laknatolah lawan Islam,
kend■l lamun dalu iki,
Dadya Sang Nata pribadya,
kang nindhihi s■lamenira sakit,
Basah Prawiradirjaku,
lan Pangran Ngabehi ika,
marmanira datan kend■l kang prang pupuh,
Mas Dolah Sura Mustafa,
Tum■nggung Karkiya sabil,
Kalawan Panji Jayengan,
jayeng sinom n■nggih w■stanireki,
mapan prang Kulur puniku,
kathah laknat kang modar,
prang sidhatan mantri l■b■t sabil iku,
Kyai Puthut Sumandha,
kalawan anakireki,
Lawan Prawiraj■tmika,
s■dh■reknya Prawirag■ndereki,
kang sabil s■kawan iku,
anak s■dherek samya,
laknatolah mapan kathah ingkang lampus,
m■ngkana sagung pratiwa,
at■napi kang prajurit,
Samya nuwun mring Nal■ndra,

haso sabab sang■t sayah pan sami,
aprang sampun lami iku,
tan wont■n kend■lira,
Sri Nalendra mapan w■las dadya nurut,
laj■ng minggah dhat■ng Cr■ma,
kang arga w■stanereki,
M■ngkana ingkang winarna,
Pangran Behi gr■rahnya dhangan sami,
lawan Raden Basah iku,
Prawiradirja nulya,
kalih nuhun dhumat■ng Sinuhun,
lawan Kangj■ng Pan■mbahan,
wus prapta ngarsa Nr■pati,
Mapan wus datan winarna,
niskaranya pitung dint■n antawis,
m■sanggrahan C■rma iku,
kawarnaha laknatolah,
nulya minggah mapan langkung ag■ngipun,
Sri Nalendra angandika,
dhat■ng kang paman Ng■behi,
Lan Basah Prawiradirja,
mapan kalih samya kinen sumingkir,
dereng dhangan pisan iku,
m■nawa kambuh samya,
tan pantara laknatolah prapta sampun,
Seh Ngusman Li Basah nulya,
kinen nata gung prajurit,
Kalawan Pangeran Basah,
Seh Muhamad Ngusman Li Basah iki,
pan dadya pangiridipun,
sagung prajurit dharat,
Pangran Basah Suman■gara puniku,
mapan pangirid kapalan,
Nal■ndra ingkang nindhihi,
Lawan Kangj■ng Pan■mbahan,
wadya Islam g■larnya sampun dadi,
nyeluman gung dharat iku,
kapalan kang katingal,
laknatollah sar■ng amirsa iku,
prajurit ingkang kapalan,
laj■ng ng■drel b■r■g wani,
Mundur sagung kapalan,
dadya laknat langkung ag■ng tyasneki,

mapan sar■ng inggahipun,
s■palih win■tara,
Seh Muhamad Ngusman Ali Basah iku,
pan nuli ngabani ika,
mlaj■ng n■mpuh wani,
Tan wont■n mawi sanjata,
naming sami waos gung islam sami,
nirbaya p■ngamukipun,
pan sar■ng pan■mpuhnya,
laknatolah dadya langkung kagetipun,
kathah kang kac■mplungika,
ingkang panggah t■las modar,
Pan tumpuk bangkene laknat,
ingkang niba jurang laknat pan sami,
modar putung sukunipun,
ing wingking kathah prapta,
laknatolah nging tan sag■d minggah iku,
pan laj■ng mir■ sadaya,
laknatolah inggah neki,
Pan k■sapih dalu ika,
Sri Nalendra sagung wadya sami,
pan wus dhinawuhan mundur,
sagung kang wadya Islam,
sampun mundur m■ngkana ingkang winuwus,
Seh Muhamad Ngusman Li Basah,
prapta ing sabilolahi,
Mas Dolah Haji Mansura,
lan Mas Panji Sura Turkiya sabil,
Seh Ngusman Li Basah iku,
pan wus sin■dya driya,
lan wus sang■t Seh Ngusman ing s■puhipun,
kawarnaha laknatolah,
sampun laj■ng minggah sami,
Mapan dhat■ng dhusun S■rma,
Sri Nalendra m■sanggrahan Pringtali,
Pan■mbahan pisah iku,
kalintu marganira,
laj■ng kondur dhat■ng p■sanggrahanipun,
mapan wus datan winarna,
kawarnaha Sri Bupati,
Pangran Behi aturira,
lan Den Basah Prawiradirja iki,

yen par■ng ingkang Sinuhun,
s■nadyan ngant■p yuda,
pan prayogi neng wetan praga tuhu,
wiyar radin papanira,
Sri Nalendra anuruti
Pan sampun r■mbag sadaya,
pra pratiwa prajurit lan ngulami,
Sang Nata gya budhal iku,
lan sagung wadya kuswa,
sampun t■dhak mapan saking Rosantangsul,
miyos Gamplong marginira,
laj■ng m■sanggrahan iki,
King Siluk Sri Nalendra,
mapan nuju Jendral Dhe Kok puniki,
wont■n S■ntolo puniku,
kirang k■dhik kap■thukan,
sar■ng sampun aso kang wadya sidarum,
Sri Nalendra nulya t■dhak,
wau dhumat■ng k■ M■jing,
Ingkang dherek Basah tiga,
kang s■ntana mapan Pangeran Behi,
lawan Pangran Arya Prabu,
Diningrat ing punika,
sampun s■puh mapan datan kr■rasan kantun,
salaminya Nalendra,
mapan r■m■n seda sabil,
Sapurugnya ingkang putra,
Kangj■ng Sultan Kanj■ng Pangran datan kari,
tinilar mopo k■langkung,
m■ngkana sampun prapta,
ing K■m■jing Kangj■ng Sultan karsanipun,
mapan yun nindhihi Husar,
lan kang paman Pangran Behi,
Dene kang kinarya Husar,
pra pratiwa lan sagung ngulami,
kang dados pangiridipun,
n■nggih Raden Dipatya,
lawan mas p■ngulu Basah kalih iku,
Rahaden Prawiradirja,
lawan Raden Ngabdul Latip,
Pan kinen nindhihi dharat,
kang pangirid Dolah Puthut Laweki,
kalawan dolah puniku,

n■nggih prawira rana,
Pangran Basah Sumanagara puniku,
karsanira Sri Nalendra,
kinarya p■nggalak jurit,
Lan sagung kang pra dipatya,
wetan praga dene prajurit neki,
kang samya dharat puniku,
kinen masrahk■n ika,
marang Basah kalih ingkang badhe ngadu,
sampun dadya r■mbag samya,
s■mangsane laknat prapti,
■n■ngna Sri Nalendra,
Jendral Dh■ Kok yata ingkang winarna,
mapan wus miharsa iku,
yen Sang Nata wus nyabrang,
marang wetan praga sawadya kusweku,
manggung gugup madahira,
nulya budhal anututi,
Saking S■ntolo punika,
lawan sagung ingkang para hupasir,
mapan kathah hupasiripun,
m■ngkana sampun prapta,
ing Tangkil lan p■calang tur uning iku,
dhumat■ng Sri Naranata,
yen laknatolah nututi,
Nulya Kangj■ng Sri Nalendra,
Pangran Basah ingkang kinen rumiyin,
anglir r■mbagnya puniku,
Basah Prawiradirja,
lawan Basah Ngabdul Latip nulya iku,
masangk■n wadya kang dharat,
aneng ing Tulungan iki,
Laknatollah sar■ng mirsa,
langkung galak nulya binujung iki,
Basah Suman■gareku ,
lawan sakancanira,
pan lumaj■ng Basah kalih gya lumayu,
tiga Abusung■b iki,
binujung m■laj■ng sami,
Laknat langkung pang■drelnya,
kawarnaha kang wadya dharat sami,
pan m■ksih ampingan dhusun,

lawan andhodhok samya,
ingkang watos mapan rin■bah iku,
nanging laknat wus uninga,
gennya maj■ng minggrang minggring
Esmu kapok duk prang c■rma,
wadya Islam wus tan drana tyasneki,
mapan dereng mangsanipun,
Dolah Prawirarana,
lawan Dulah Puthut Lawa ngabaniku,
Islam wus nir sagung baya,
tandya sar■ng ngab■smi,
Laj■ng n■mpuh maj■ng rampak,
laknatolah langkung panggah ing jurit,
pan sang■t pang■drelipun,
Islam nusup pan samya,
marang kukus s■ndawa anulya campuh,
kuw■l wus dados satunggal,
sanjata wus datan muni,
Ing sangguh lan waosika,
laknatolah samya r■ntah kang topi,
Islam r■ntah s■rbanipun,
saking ramening yuda,
mapan panggih samya nuju purunipun,
dolah mapan samya dharat,
n■nggih ingkang angawaki
Basah Ngabdul Latip ika,
sampun mudhun wau saking turanggi,
nging Basah Prawiradirjeku,
ingkang m■ksih neng kuda,
Pangran Basah Sumanagara puniku,
nyab■t saking pungkurika,
lawan sakancanireki,
Mas Rangga Puthut Guritna,
lan Mas Dolah Prawirarada puniki,
Dolah Prawirayudeku,
liwung p■ngamukira,
ngantos datan ngambah siti Islam sagung,
laknat kalindhih prangira,
kang wuri Husar bantoni,
K■langkung r■sah prangira,
mapan carub Husar kalawan Plangkir,
saking samya liwungipun,
m■ngkana wadya Islam,

mapan carub dharat lan kapalipun,
kawarnaha Sri Nalendra,
langkung w■las aningali,
Dhumat■ng prangnya kang wadya,
sabab sampun tan sag■d mundur sami,
Sri Nalendra nulya tulung,
ngaj■ngk■n pra dipatya,
lan ngulama nyab■t saking kanan iku,
m■ngkana laknat prangira,
kalindhih lumaj■ng sami,
Dadya Islam sag■d b■nggang,
samya mundur pan anglir den g■nteni,
laknat mapan unduripun,
lawan ng■drel s■njata,
mas p■ngulu kenging pelor laj■ng dhawuh,
pan lumaj■ng kudanira,
lawan Kangj■ng Pangran Behi,
Dhawah bandhang kang turangga,
Pangran Pakuningrat m■ngkana ugi,
mapan samya dhawah iku,
dadya mundur sadaya,
nanging kantun Sang Nata lan Pangran Prabu,
m■ngkana Raden Dipatya,
angundangi j■rit-j■rit,
Sri Nalendra antenana,
Husar laknat sar■ng mir■ng pan sami,
yen iku ingkang Sinuhun,
ingkang kantun pribadya,
Husar ingkang lumaj■ng pan samya wangsul,
ng■byaki mring Sri Nalendra,
amb■stul am■dhangi,
Sang Nata angag■m Astra,
mapan sampun bin■kta m■laj■ng ngampil,
Den Dipati saya bingung,
Sang Nata tulungana,
mapan kadya sampun karsaning Yyang Agung,
g■ng coba mring Nalendra,
pra Dipati m■ksih g■ndring,
Lan sagung kang pra ngulama,
lawan kaji nanging marmaning Widi,
Sang Nata mapan l■stantun,
denira mundurika,

nanging ingkang paman Kangj■ng Pangran Prabu,
mapan kathah lab■t p■dhang,
ngantos wur rasukaneki.
Sabab ngampil ing Nalendra,
ingkang samya pasah datan punapi,
dadya laj■ng sapihipun,
kang samya banda yuda,
Islam laknat mapan samya sayahipun,
m■ngkana Islam kang prapta,
dhumat■ng sabilolahi,
Mas Dolah Prawirarada,
lan Mas Dolah Prawirayuda iki,
Mas Dolah Sumadipureku,
Den Mas S■lam■t ika,
lan Mas Rangga Puthut Guritna puniku,
mapan kalih Suryagama,
Seh Khaji Amad Kayib,
Seh Khaji Muhamad Kasan,
laknatolah k■langkung kathahneki,
kang ag■ng ag■ng puniki,
mapan samya bin■kta,
laj■ng mundur dhumat■ng Ngayokja puniku,
kang alit samya tinilar,
b■lasah bangkene reki,
M■ngkana Sri Naranata,
m■sanggrahan aneng Praj■g puniki,
pan nanging aso s■dalu,
enjang anulya budhal,
mapan kondur m■sanggrahan dhat■ng siluk,
ngasokak■n ingkang wadya,
laknat mapan k■ndhak iki,
Lami tan m■dali yuda,
sar■ng sampun aso Sri Narapati,
sagung ingkang wadya iku,
t■dhak malih Nalendra,
mring Tangkilan lan putra santana sagung,
mapan along nusul samya,
inggih Pangran Ngabdul Rakhim
Lan Pangran Suryawijaya,
Pangran Dipakusuma nuwun iki,
dados tindhih Husar iku,
m■ngkana wus linilan,
neng Tangkilan laknatolah laj■ng nglurug,

sawarnine beteng nglimpak,
wus katur mring Sri Bupati,
Laj■ng animbali Basah,
Sri Nalendra mapan dipunaturi,
mundur sing Tangkilan iku,
kirang radin papanira,
tinurutan mundur mring K■mojing iku,
nulya laknatollah prapta,
pin■thuk tulungan malih,
K■langkung ramening yuda,
kang s■njata barung lan mriy■mneki,
tan ana kuciwa iku,
Husar pan samya Husar,
laknatolah mapan kathah ingkang lampus,
Husarnya kathah kang modar,
dadya kalindhih prangneki,
Islam pand■rek k■wala,
laknatolah k■kecer bangkeneki,
laj■ng samya ngungsi iku,
laknat mring beteng br■ja,
yen sampuna s■lak kasaput ing dalu,
lawan manjing beteng samya,
kados laknat t■las modar,
Islam wangsul pambujungnya,
mapan kathah angsal bandhangan sami,
sanjata lan kapal iku,
mapan wus tan winarna,
Pangran Behi lan Raden Dipati matur,
ngaturak■n pambagira,
Basah myang kang pra dipati,
Sri Nalendra ingaturan,
laj■ng t■dhak dhumat■ng Sambiradin,
m■ngkana mapan tinurut,
Budhal Sri Naranata,
lawan sagung sawadya kuswa S■darum,
sagung beteng kang kamargan,
mapan kathah den b■smeni,
Jendral Dhe Kok duk miarsa,
langkung gugup lamun Sri Narapati,
m■sanggrahan candi iku,
m■ngkana mapan nulya,
tinurutan mapan karsaning Yyang Agung,

Islam datan purun yuda,
mapan nanging ngolah ngalih,
Denira am■sanggrahan,
salaminya Nata neng Sambiradin,
lamun linurugan iku,
nanging ngalih kewala,
nadyan laknat pan k■ndho panglurugipun,
pan datan pr■rang samya,
nanging b■ng ubengan iki,
Sang Nata nimbali Basah,
paran marma dene tan pr■rang iki,
Den Basah tan sag■d matur,
mapan katiga pisan,
Pangran Behi m■ngkana ingaturipun,
bilih mar■ngi Nalendra,
punika r■mbagnya sami,
Paduka mapan ngaturan,
laj■ng t■dhak dhat■ng mancanagari,
Sang Nata duk mirsa iku,
mring ature kang paman,
dadya mes■m lawan angandika arum,
mendah paman kang tinilar,
asmaradana gumanti,
Kyai Maja sar■ng amiarsi,
lamun nata tan arsa p■panggya,
tumungkul krasa tyase,
lamun gung l■patipun,
at■napi mring ngelmineki,
rumaos lamun tiwas,
barang aturipun,
ingkang sampun kalampahan,
dadya sang■t n■langsa sajroning ati,
marang Allah Tongala,
At■napi dhumat■ng J■ng Nabi,
dadya medal Ki Maja luhira,
ngraos barang kadudone,
nulya aris amuwus,
wau marang Seh Badarodin,
andika umatura,
dhumat■ng Sang Prabu,
kawula nuwun sapisan,
angab■kti dhumat■ng Sri Narapati,
mapan s■dya kawula,

Anglampahi ing karsa Nr■pati,
Dolah Kaji Badarodin nulya,
wangsul matur mring Sri Katong,
Sang Nata ngr■s tyasipun,
sar■ng mirsa ingaturneki,
Seh Badarodin nulya,
tinimbalan iku,
lawan sagung kang ulama,
lawan kaji ingkang badhe tumut sami,
wus samya prapta ngarsa,
Kyai Maja nulya atur bekti,
jawab asta lawan Sri Nalendra,
esmu kum■mb■ng waspane,
anglir w■kasan pangguh,
kaji lawan kang pra ngulami,
s■daya pan m■ngkana,
marma datan dangu,
Sang Nata angr■s kang driya,
duk tumingal dhumat■ng Ki Maja iki,
kadya karsaning Sukma,
Mapan laj■ng kinon mangkat sami,
datan ngantos matur Kyai Maja,
tan winarna niskarane,
mapan wus prapta iku,
n■nggih wetan ing pragi malih,
Seh Ngusman Ali Basah,
ingundang tan purun,
lawan Seh Dolah Khajika,
Ngabdulkadir dadya ingkang tumut nanging,
Dolah Kaji Mustapa,
Nanging lawan kancanira pribadi,
datan p■pak sadaya m■ngkana,
sagah samya nusul bae,
nanging Tum■nggungipun,
ingkang p■pak Mangkuyudeki,
Urawan Brajayuda,
Sadilaga iku,
Tum■nggung Pajang sadaya,
datan tumut samya g■la ing tyasneki,
dhumat■ng Kyai Maja,
Dadya nanging sakmuridnya iki,
lan s■dherekira ingkang milya,

nanging kathah kantun mangke,
murid s■dherekipun,
ingkang sampun sami ngulami,
sabab Kiyai Maja,
sring s■layanipun,
kalawan Sri Naranata,
lan ngelmunya sring ny■lakak■n iki,
dhat■ng Kyai Dhadhapan
Kadya sampun karsaning Yyang Widi,
Kyai Maja kuwur manahira,
datan kant■nan kaj■nge,
m■ngkana sar■ng dalu,
laj■ng mangkat mring Pacoh iki,
gangsalatus w■tara,
ingkang ngiring iku,
mapan laj■ng tinurutan,
Kurnel Lebron Ki Maja aturan uning,
kalamun tinurutan,
Mapan laj■ng kinen ngati ati,
sar■ng enjang Laknat pan katingal,
Eslam sampun baris mangko,
pan tan kuciwa iku,
Kyai Maja emut tyasneki,
dhumat■ng ngelminira,
lan karsa Sang Prabu,
s■dya sabil karsanira,
sampun nyandhak waos yun ngawaki jurit,
sagung kang pra dipatya,
Lan prajurit samya ngr■but sami,
Ki Mlangi wus ngag■m sanjata,
s■daya wus n■dya r■mpon,
sar■ng ningali iku,
Kyai Maja yun nyalirani,
kasad B■sari mapan,
wus ump■tan iku,
m■ngkana Kyai Dhadhapan,
mapan sang■t genira matur puniki,
Kyai prayogi sabar,
Pan kawula yun nyoba kariyin,
m■thukak■n dhumat■ng punika,
m■nawi sae kaj■nge,
wus karsaning Yyang Agung,
Kyai Maja k■ndho tyasneki,

m■ngkana Ki Dhadhapan,
lumaj■ng mring ngayuda,
ngawe-awe tanganira,
Kapitan Rup m■ngkana nulya nimbangi,
sampun samya p■panggya,
Nulya samya nyapih kang prajurit,
Kurnel Lebron mar■k nulya panggya,
kalawan Ki Maja mangko,
dadya wus sae iku,
sar■ng dalu Ki Maja iki,
sing w■ringin ika,
Kurnel nyip■ng iku,
neng beteng p■l■m m■ngkana,
sar■ng enjang Ki Maja dipunaturi,
mring K■lathen bicara,
Wus dilalah karsaning Yyang Widi,
Kyai Maja gampang manahira,
pan wus tan winarna mangko,
m■ngkana kang winuwus,
Sri Nalendra miarsa warti,
kalamun Kyai Maja,
mring K■lathen iku,
langkung ngungun ing tyasira,
mring prajurit ingkang samya tumut iki,
lawan ingkang pr■dikan,
Pitung dint■n antawisneki,
Sri Nalendra mapan nuju l■nggah,
neng surambi langgar mangko,
ingkang soan neng ngayun,
Badarodin lan Barmawi,
Puthut Lawa kalawan,
Jayanagareku,
ngraosi mring Mangkuyuda,
kawan sagung ingkang samya tumut iki,
andangu ngelminira,
Mring Barmawi lan Khaji Mamraji,
apa ingsun tan oleh duraka,
sabab kang lumaku kabeh,
mapan parentah ingsun,
k■jabane Ki Maja iki,
pan kar■pe pribadya,
Barmawi turipun,

kados bot■n pramilanya,
sabab sampun paduka dhawahak■n iki,
wande ing lampahira,
Tan pantara Mangkuyuda prapti,
mapan lawan Seh Khaji Mustapa,
Mlangi Wanakramane,
kagyat sang Nata dulu,
gya ingawe s■kawan sami,
lumaj■ng ngaras pada,
samya nangis iku,
Sang Nata al■s kang driya,
lon ngandika wus padha m■n■nga iki,
mara sira tutura,
pan s■kawan samya aturneki,
lamun tiwas di dal■m sadaya,
wus katur saneskarane,
myang Kyai Maja iku,
mapan aneng Surak■rteki,
Khaji Dullatip prapta,
samya nangis iku,
pan sar■nt■ dhat■ngira,
Sri Nalendra m■ngkana ngandika aris,
wus aja na rinasa,
Pan gantungan wong aneng donyeki,
b■gja lara pati nora bakal,
wus padha muliha kabeh,
nulya luwar Sang Prabu,
Kyai Maja wus tan winarni,
m■ngkana Sri Nalendra,
animbali iku,
mring Basah Prawiradirja,
lan kang paman Kangj■ng Pangran Behi,
sampun prapta ing ngarsa,
Sri Nalendra angandika aris,
mapan dangu Pag■len wartanya,
Den Basah alon ature,
sampun padhang s■darum,
Laknatolah tan sag■d mijil,
ingkang langkung keringan,
Pag■len s■darum,
abdi dal■m basah tiga,
mapan anging Den Basah M■rtanagari,
k■lamun kesah nglanglang,

Laknattolah samya in■p kori,
nadyan silih lumampah pribadya,
Laknat k■langkung kawuse,
Sang Nata malih nantun,
mring kang paman J■ng Pangran Behi,
kula mapan yun kesah,
mring Pag■len iku,
ngupados pangulu ika,
kalih dolah sampeyan t■ngga ing wingking,
kalih wayah sampeyan,
Lawan Basah Prawiradirjeki,
pan katiga sandika turira,
Den Basah aris ature,
punapa kang sinuhun,
n■nggih bot■n mundhut prajurit,
Sang Nata ris ngandika,
wus tan susah iku,
ing buri poma den yitna,
mapan ingsun yun lunga tanpa karyeki,
nanging wong jro kewala,
Kang sun gawa lawan Ngabdulmajid,
paman prabu kabeh pan suntinggal,
prajurit nging papat bae,
tamtama Suryagameku,
mantri j■ro Suranateki,
lawan kabeh ngulameku,
kang pr■lu ayun sunpilihi padha,
ngulama Pag■len ■ndi,
kang dadi prayoga g■ntenane,
Mring Ki Maja kang p■nguloneki,
pan sadaya sandika turira,
enjang nulya budhal katong,
Ki Jayacapa iku,
pan tinilar karsa Nr■pati,
budi aneng g■dhogan,
lan m■dal luhipun,
nyai lurah s■ca nama,
tur uninga lamun Jayacapa nangis,
nulya kinen nusulna,
Tan winarna sang Nata neng margi,
sampun rawuh ing Pag■len nulya,
tigang dalu neng margine,

masanggrahan Sang Prabu,
aneng m■sjid ing kawis inggil,
Basah Martanagara,
tinimbalan sampun,
lan Dolah Gandakusuma,
mapan sampun prapta ngarsa nr■pati,
estu kang■n nalendra,
Laj■ng l■nggah Sang Nata surambi,
ingkang paman prabu ika,
lan Pangran Ngabdulmajide,
myang kang ulama sagung,
ing Pag■len wus samya prapti,
ing ngirid Raden Basah,
Martan■gareku,
lan Raden Gandakusuma,
nulya tunggil ngula Pag■len sami,
lan ngulama M■ntaram,
Pajang K■dhu mapan sampun nunggil,
Raden Basah nunggil Puthut Lawa,
lan Dolah Badarodine,
lan Tuwan Sarip iku,
Samparwadi mapan anunggil,
Raden Gandakusuma,
Jayan■gareku,
dene sagung kang ngulama,
ingkang s■puh Pag■len naming k■kalih,
n■nggih amb■ngan wiyar,
Seh K■stu Brongkol puniki,
Seh Muhamad ingkang s■puh samya,
ginuron pra ngulamane,
punika kang tinantun,
inggih dhat■ng Sri Narapati,
s■daya cacahira,
kang ngulama sagung,
mapan satus kawan dasa,
langkung kalih ingkang dherek mring N■rpati,
Pajang K■dhu M■ntaram,
Ing Pag■len wus samya tinari,
aturira pan sami kewala,
an■nggih Muhamad Kusen,
pan kapenakanipun,
n■nggih Kyai Pangulu nguni,
Ibraim ingkang surga,

wus pitaj■ng tuhu,
n■nggih dhat■ng ngelminira,
lawan daw■g s■puh anemipun mangkin,
lan sampun tan kuciwa,
Lan Ki Maja datan kantun y■kti,
lawan t■ksih tal■r pangulunnya,
Sang Nata wus nurut mangko,
mring sagung aturipun,
wau ingkang para ngulami,
mapan pinaring nama,
Nunggak S■mi iku,
anglir ki pangulu surga,
mapan nama pengulu p■kih Ibraim,
wus mupakat sadaya,
Gung ngulama myang pratiwa sami,
Raden Basah wus kinon wangsula,
dhumat■ng barisan maleh,
samya suka r■neku,
sabab tal■r pangulu sami,
lawan Raden Dipatya,
Sang Nata winuwus,
neng Pag■len mapan lama,
sring m■ng-am■ng dhat■ng lepen Cecinggoling,
mapan ningali baya,
Kang ngladosi pan dolah satunggil,
Raden Banyak Widhe namanira,
lan Rangga Kawis Ingg■le,
n■nggih Rangga M■ntaun,
pan punika ingkang pinanci,
ngladosi Sri Nalendra,
mring Den Basah iku,
kawarnaa ing M■ntaram,
p■sanggrahan P■ngasih kinewu iki,
dhumat■ng Laknatolah,
Pan uninga yen s■pi Nr■pati,
prajuritnya l■b■t dherek samya,
marma Laknat puruk mangko,
Raden Basah puniku,
pan katungkulan Pangran Behi,
kalih mapan tan nyana,
yen Laknat puniku,
ing s■mangke dalu mangkat,

mring P■ngasih k■langkung denira dh■mit,
jawah sang■t p■t■ngnya,
Pangran Behi mapan barisneki,
neng c■puri Raden Basah Prawiradirja,
m■ksih neng pondhoke,
lan saprajuritipun,
lamun siyang anglanglang iki,
marma samya tan nyana,
sabab Laknat iku,
wus lama tan m■dal yuda,
lan Den Basah kang dados ecaning galih,
sabab Kangj■ng Pangeran,
Barisira aneng ngaj■ng iki,
anindhihi Pangran Pakuningrat,
lawan Cakranagarane,
Jaya Pid■ksa iku,
Laknatolah langkung asandi,
sab■n dhusun kamargan,
yen tinaken iku,
mapan ngak■n prajuritnya,
Pangran Behi yun kondur dhat■ng P■ngasih,
mapan awat ngandikan,
Marmanira lampahnya l■stari,
sar■ng waktu subuh praptanira,
aneng ing P■ngasih mangko,
ingkang t■ngga puniku,
p■sanggrahan P■ngasih iki,
Pangeran Dipanagara,
lagya salat subuh,
lan sagung kang k■mit samya,
jalu estri mapan lagya salat sami,
langkung tan wont■n nyana,
Laknatolah sar■ng prapta iki,
samya gugup ika,
ing■drel tambah polahe,
mapan laj■ng kin■pung,
Pangran Dipanagara iki,
nanging marmaning Sukma,
pan sida yaiku,
samya wal sag■d lumajar,
nanging dunya brana ingkang sirna ■nting,
ing P■ngasih saya,
Pan tan ngantos sag■d angopeni,

saking dene sang■t kuwurira,
gangsal kang prapta sabile,
kab■tah laj■ng ngamuk,
mantri s■puh wastanireki,
pan Mas Prabal■ksana,
lawan ngampil iku,
awasta Ki D■rma Truna,
saanaknya nongsong Priyataka iki,
nanging jaja sadaya,
Mapan nuju samya k■mit iki,
Raden Basah sar■ng amiarsa,
gugup laj■ng nambur mangke,
prajurit mapan sagung,
kagyat langkung kas■saneki,
sabab tan wont■n nyana,
sang■t enjingipun,
Laknat sar■ng mir■ng ika,
tambur muni lawan salompret puniki,
laj■ng tata barisnya,
Raden Basah Prawiradirjeki,
laj■ng budhal tan ngantos sum■kta,
prajurit nging saanane,
kang kantun samya nusul,
saking sang■t kas■saneki,
n■nggih Rahaden Basah,
langkung ajrihipun,
rumaos kalamun tiwas,
tigang atus prajurit kang sar■ng iki,
tinata turut marga,
Sar■ng prapta laj■ng n■mpuh jurit,
langkung rame Laknat kathah modar,
Eslam saya kathah mangko,
ingkang prapta anusul,
Laknat mundur prangnya kalindhih,
Pangran Behi winarna,
sar■ng mirsa iku,
yen P■ngasih kal■b■tan,
Laknat mapan langkung ajrihneki,
rumaos lamun tiwas,
Dene ngantos kabobolan iki,
laj■ng nambur lawan mirsa swara,
s■njata P■ngasih rame,

nging b■smen tan kadulu,
Pangran Behi nulya nututi,
lan Pangran Pakuningrat,
Cakran■gareku,
Jaya Pid■ksa winarna,
Laknatolah ingkang kabujung ing jurit,
laj■ng kap■thuk marga,
N■nggih lawan Pangeran Ngabehi,
laj■ng campuh wingking tinurutan,
Laknat k■langkung bingunge,
k■kecer bangkenipun,
gennya ngayah pan kathah iki,
tinilar urut marga,
sing kas■sanipun,
wau denira lumajar,
■n■ng■na Laknat wus datan winarni,
kawarnaa Den Basah,
Sampun panggih lan Pangeran Behi,
Pangran Dipanagara tika,
pan samya ngraos tiwase,
dene prajurit iku,
mapan tiga kang prapta sabil,
kang lab■t kalih w■las,
nanging Laknat iku,
pan langkung denya kas■sa,
marmanira datan kantos amb■smeni,
ing P■ngasih punika,
Tiga r■mbag samya atur uning,
lamun tiwas denya t■ngga,
pasanggrahannya sang katong,
tan winarna wus katur,
ingkang s■rat dhat■ng Nr■pati,
Sang Nata mapan nulya,
sing Pag■len kondur,
tan winarna rawuhira,
ing P■ngasih sangsaya cobaning Widi,
dhat■ng Sri Naranata,
Raden Basah Prawiradirjeki,
manggung beka dhumat■ng Nalendra,
yatra bandar s■dayane,
mapan k■dah sinuwun,
sagung ing prang dipunsagahi,
lan malih panuwunnya,

Raden Basah iku,
Raden Dipati Danurja,
n■nggih lawan Raden Basah Ngabdullatip,
wont■n ning ngarsa Nata,
Lawan sagung prajurit puniki,
pan sinuwun sadaya punika,
basah lan pra dipatine,
ingkang parentah sagung,
ing prajurit Sinuhun sami,
Sang Nata esmu kewran,
m■ngkana nulyeku,
animbali mring kang paman,
Pangran Behi lan Pangeran Ngabdulmajid,
Mas Pangulu kalawan,
N■nggih Dolah Kaji Badarodin,
Puthut Lawa lan Jayanagara,
kang sowan ngarsa sang katong,
ris ngandika Sang Prabu,
mring kang paman Pangeran Ngabehi,
pan kados pundi paman,
tan ew■t puniku,
lamun tiyang ny■p■ng p■dhang,
dipunsambi ny■p■ng arta kados pundi,
punapa tan kapiran,
Pangran Behi m■ngkana turneki,
mapan sampun tan kirang kawula,
nging m■ksa dr■ng panuwune,
sagah kadugi sampun,
mapan ngrangk■p kang dam■l kalih,
say■ktosipun punika,
sing marinanipun,
dhat■ng kagungan Nalendra,
sabab kathah tan kang kant■nan dam■lneki,
wont■n adhi Danurja,
Basah n■dha awit angsalneki,
milanipun sinuwun punika,
myang bantu m■kat■n maleh,
ingkang bupatya sagung,
mapan kathah k■ndho prangneki,
adhi Danurja kirang,
ing pam■rdenipun,
dene Paduka Nalendra,

ingaturan dhahar dhat■ng basah n■nggih,
tigang ewu sawulan,
Sri Nalendra mes■m ngandika ris,
kados pundi paman prayoginya,
Pangulu Ngabdulmajide,
Badarodin sireku,
pan s■daya samya turneki,
prayogi tinurutan,
mapan mindhak cukup,
Paduka Ji kang rum■ksa,
lawan rikuh yen t■bih Raden Dipati,
lan sae sawangira,
Kang jagani ing karsa Nr■pati,
pan Pangulu Patih lawan j■ksa,
lan basah satunggal mangko,
tan kirang sawangipun,
pan s■daya aturnya sami,
Basah Prawiradirja,
tan keron tyasipun,
m■ngkana Sri Naranata,
sar■ng mirsa s■daya aturnya sami,
mes■m aris ngandika,
Yen m■ngkono wus r■mbukireki,
Badarrodin sira dhawuh■n,
Basah Prawiradirjane,
yen wus kalilan iku,
ing s■barang panuwuneki,
dene caosanira,
iya marang ingsun,
t■lung ewu sab■n tanggal,
sun tarima nanging iya karsa mami,
nanging sewu kewala,
Akeh-akeh tan na karyaneki,
lawan sapa ingkang g■ntenana,
mring Danurja barisane,
lan Ngabdullatip iku,
Badarodin lengser sing ngarsi,
tan winarna wus panggya,
lan Den Basah iku,
wus dhinawuhak■n sadaya,
Raden Basah langkung suka manahneki,
m■ngkana aturira,
Inggih uwa kalamun mar■ngi,

Sri Nalendra panuwun kawula,
Kangj■ng Pangran Ng■behine,
baris sawont■n kidul,
angg■ntosi Basah Dullatip,
dene Raden Dipatya,
kang g■ntosi iku,
Pangeran Sumanagara,
lawan kula suwunak■n nama singgih,
Basah Pangran punika,
Dene uwa kawula pribadi,
pundi-pundi s■daya kang awrat,
kula kang tulung badhene,
ri wus nulya umatur,
Badarodin mring Sri Bopati,
sahature Den Basah,
tinurutan sampun,
Den Dipati tinimbalan,
lawan Basah Ngabdullatip sampun prapti,
neng P■ngasih sadaya,
Ing Pengasih saya akeh jalmi,
sabab sampun kang putra santana,
lan Bopati miji kabeh,
aneng P■ngasih kumpul,
Pangran Behi wus ngalih iki,
barisa kidul Yogja,
kang ngaj■ngk■n iku,
s■mangke nging kantun tiga,
Pangran Pakuningrat Cakran■gareki,
lawan Jayapid■ksa,
Laknatolah langkung ag■ngneki,
karya beteng aneng Pananggulan,
kang punggawa katigane,
datan kuwawi iku,
anadhahi nulya tur uning,
dhumat■ng Raden Basah,
pan katungkul iku,
anampani kang lapuran,
lawan arta lan nyambi nata prajurit,
ngantos k■laj■ng dadya,
Ingkang beteng kapirsa Nr■pati,
Raden Basah pan ngantos kadukan,
gya mangkat saking pondhoke,

lan saprajuritipun,
nulya baris ing Sadhang iki,
pan sampun j■ng-aj■ngan,
nging l■t kalih dhusun,
tan wont■n purun maj■nga,
nulya nuhun Raden Basah mring N■rpati,
Raden Jayanagara,
Lawan Raden Puthut Lawa iki,
sakancanya mantri l■b■t lawan,
prawira tamtama mangke,
gya pinaringk■n iku,
sampun mangkat saking P■ngasih,
Raden Prawiradirja,
mapan aturipun,
badhe ngant■p ing ngayuda,
marmanipun nuwun abdi dal■m kalih,
mantri l■b■t tamtama,
Amrih ajrih sagung kang prajurit,
Seh Muhamad Usman Ali Basah,
mapan sar■ng ing praptane,
aneng Sadhang s■darum,
kang Bulkiya mantri jro iki,
tamtama sar■ng enjang,
n■mbang t■ngareku,
Den Basah Prawiradirja,
Laknatolah pinuju samya j■ngneki,
mapan kadya s■mayan,
Samya kehnya tan kuciwa sami,
sar■ng prapta tarus campuh yuda,
mapan k■langkung ramene,
usar samya usar pangguh,
Eslam dharat campuh p■langkir,
m■ngkono K■bo Nyabrang,
lawan Marga Ewuh,
sing P■ngasih s■sand■ran,
mapan api ingutus mring Sri Bopati,
kinen ningali yuda,
Mapan kalih calunthangan sami,
kalang■nan samya g■culira,
Raden Prawiradirjage,
lawan Seh Usman iku,
langkung ajrih sar■ng ningali,
dhumat■ng K■bo Nyabrang,

lawan Marga Ewuh,
j■lih-j■lih saking wuntat,
nguwuh-uwuh lamun dinuta Nr■pati,
dadya sagung pratiwa,
Mapan samya angawaki jurit,
wus nirbaya tanpa wikara,
basah kalih pangiride,
tan pantara wus carub,
Laknat Eslam dados satunggil,
sanjata mriy■m p■jah,
kang prang samya wuru,
nging sangkuh lan waos ika,
ingkang maj■ng angsal pitulung Yyang Widi,
Laknat laj■ng b■lasah,
Bangkenira k■dhik ingkang urip,
p■ngag■ngnya Laknat pan k■candhak,
mayor lawan kapitane,
k■dhik ingkang lumayu,
pan binuru laj■ng angungsi,
manjing mring beteng samya,
pan laj■ng kin■pung,
samya yun rinangsang pisan,
dereng kontung Den Dolah Puthut Laweki,
kenging mariy■m kontal,
Nanging angsal pitulung Yyang Widi,
tan tumama Dolah Jayanagara,
kenging mariy■m kapale,
ingkang w■sta pun Jugul,
laj■ng p■jah tamtama katri,
kang prapta sabillolah,
pan panji s■darum,
kala m■ksih ruk■tira,
mapan sampyuh lan mayor kapitan sami,
dadya mundur sadaya,
Dereng kuntung benteng b■dhahneki,
mapan kathah angsalnya bandhangan,
sanjata lit lan kapale,
mriy■m satunggal iku,
nanging datan bin■kta sami,
katungkul rar■batan,
sanjata lit iku,
dadi kang katur Nalendra,

nanging polet nanging gangsal warni-warni,
mapan wus tan winarna,
Wetan Praga Pangran Basah iki,
pan kalindhih n■nggih yudanira,
Laknat laj■ng karya benteng,
aneng Gamplong puniku,
Raden Basah Prawiradirjeki,
tan purun tutulunga,
tumunt■n puniku,
dadya kasep laj■ng dadya,
P■nanggulan mapan wus tan bisa mijil,
ingkang pinatah t■ngga,
Pangran Pakuningrat den kantheni,
ja pid■ksa Ki Cakranagara,
binantok■n dhat■ng Gamplong,
Raden Basah katungkul,
udur arta lan Den Dipati,
dadya Sri Naranata,
sangsaya l■s tyasipun,
rumaos dinukan Suksma,
sabab sab■n sab■n nurut aturneki,
ingkang para niyaka,
Datan wont■n kang karsa pribadi,
Kangj■ng Sultan ing dalu lan siyang,
pan naming sih ing Yyang Manon,
n■nggih l■starenipun,
ingkang dhat■ng sabilolahi,
s■daya katrimaa,
imannya puniku,
m■ngkana Sri Naranata,
mapan nanging galih ing w■kasaneki,
sih ing Allah Tangala,
Dhat■ng ingkang samya sabil sahid,
lawan sahid muga narimaa,
subkanau tangalane dhumat■ng imanipun,
nulya ana marmaning Widi,
Den Ayu Gusti Basah,
mring kang rama nurut,
langkung sokur Sri Nalendra,
mring Yyang Sukma nulya kinen animbali,
Basah M■rtanagara,
Basah Rema kang kinen g■ntosi,
ingkang rayi Den Gandakusuma,

mapan wus dhinawuhake,
ingkang niskara sagung,
n■nggih dhat■ng Raden Dipati,
m■ngkana mapan nulya,
nimbali puniku,
Raden Dipati Danurja,
mring Den Basah Prawiradirja wus prapti,
pan laj■ng dhinawuhan,
Mapan kinen wau animbali,
mring Den Basah M■rtan■garika,
wus win■rta niskarane,
ing karsa Sang Sinuhun,
Raden Basah langkung tyasneki,
sang■t angarsa-arsa,
sanes dhawahipun,
w■kasan medal tyasira,
dadi b■cik Basah ing Bag■len iki,
lawan Basah M■ntaram,
Datan sanes lan Raden Dipati,
mapan m■ksih gadhah putra jaka,
lan Pangran Ngabdulmajide,
samya g■la tyasipun,
nanging kantun k■lair iki,
pan samya ngarsa-arsa,
m■ngkana winuwus,
Den Basah Prawiradirja,
mapan laj■ng sowan Kangj■ng Ratu iki,
mring p■sanggrahanira,
Sar■ng prapta pan dinangu iki,
ana apa Basah sira prapta,
Den Basah atur s■mbahe,
mapan nuwun k■pangguh,
wayah dal■m pan mumpung kenging,
inggih w■kasan panggya,
benjang lamun sampun,
krama kados bot■n suka,
ingkang gadhah Kangj■ng Ratu ngandika ris,
ingsun tan ngrungu warta,
Sapa ingkang bakal den paringi,
Raden Basah matur esmu waspa,
n■nggih basah ing Pag■len,
J■ng Ratu Ag■ng iku,

ingkang wayah dipuntimbali,
Den Ayu Gusti Basah,
sampun prapta ngayun,
Den Basah Prawiradirja,
laj■ng nangis sumungk■m pangkonireki,
emut dhat■ng kang swarga,
Pan katiga samya muhunneki,
Kangj■ng Ratu Ag■ng mring kang wayah,
J■ng Gusti Iman Basahe,
mapan wus tan cinatur,
kawarnaa wau kang prapti,
Basah Martanagara,
wus katur Sang Prabu,
karsanira Sri Nalendra,
ingkang kinon mangku Rahaden Dipati,
Basah Martanagara,
Kangj■ng Raden Ayu Gusti iki,
ingkang kinon wau mangku iki,
Den Basah Ngabdulatipe,
aneng B■ndungan iku,
para putra p■p■kan sami,
pan Kangj■ng Pan■mbahan,
lawan Kangj■ng Ratu,
ingkang n■nggani ika,
neng B■ndungan ri wus pinanggihneki,
mapan laj■ng ingarak,
Sing P■ngasih mring B■ndungan iki,
mapan nuju ing wulan ram■lan,
tanggal kaping pitulase,
putra santana sagung,
myang pratiwa kang dherek iki,
prajurit mapan samya,
jajar ri ingayun,
langkung kathah jalma ningali,
mapan ngantos lampahan sadint■n prapti,
samya enggar tyasira,
Ning Den Basah Prawiradirjeki,
ingkang datan tumut dherek ika,
kalawan saprajuritne,
wus tan winarna iku,
kawarnaa Jendral puniki,
n■rangk■n bab panggihan,
P■nanggulan iku,

Raden Basah wangsulannya,
ngajak panggih aneng Dhusun Turus iki,
laj■ng tan kadadosan,
Laj■ng taken pikaj■nganeki,
Raden Basah mapan wangsulan,
nyarah mring Jendral kaj■nge,
tigang pr■kawis iku,
kend■l lawan bicant■n iki,
katiga lawan aprang,
Jendral pan tinurut,
punapa sakaj■ngira,
Jendral mapan Raden Basah kang nadhahi,
Jendral laj■ng milih aprang,
Dadya laj■ng ngangkat aprang malih,
wulan sawal kend■l tigang wulan,
Sang Nata mapan karsane,
dene Tanah M■ntarum,
Raden Basah lan Pangran Behi,
kang kinen nindhihana,
sagung aprang iku,
Sri Nalendra mapan arsa,
al■mana prajurit tinilar sami,
anging b■kta Bulkiya,
Suranata Suryagama iki,
mantri j■ro prajurit tamtama,
Jayengan iku usare,
mapan pangiridipun,
Basah Ngusman Basah Dullatip,
lawan Raden Dipatya,
putra s■ntaneku,
ingkang dherek nanging gangsal,
Pangran Prabu lawan Pangran Ngabdul Rakim,
Pangran Dipanagara,
Pangran Adinagara puniki,
Pangran Suryadipura kalawan,
Mas Pangulu sakancane,
kang pra ngulama iku,
sampun budhal saking P■ngasih,
mapan sar■ng kalawan,
Pangan Behi iku,
budhal mring sakidul Yogja,
sawadyanya Raden Basah kang ng■nggeni,

ing P■ngasih punika,
Tan winarna niskaranya sami,
ingkang aprang wus rame sadaya,
kawarna Kangj■ng Sang Katong,
Pag■len sampun rawuh,
m■sanggrahan ing Rati iki,
urut sewu marganya,
animbali iku,
basah ing Pag■len tiga,
Raden Gandakusuma wus prapti,
Basah Ngabdulmahyika,
Raden Basah Prawirakusumeki,
sampun panggih lan Raden Dipatya,
samya dhinawuhan mangko,
lamun Sang Nata ayun,
t■dhak marang ing Gowong iki,
wingking samya den yitna,
t■ngga tanahipun,
nging Basah Pag■len t■ngah,
Ngabdulmuhyi kinarsak■n dherek iki,
lan saprajuritira,
Dening buri sira kang ngopeni,
lamunana mungsuh ingkang t■ka,
basah kang kat■mpuh karo,
mring rum■ksane iku,
basah kalih samya turneki,
sandika tan winarna,
Sri Nalendra iku,
saking Ranti sampun budhal,
lan sawadya kuswa kang dadya p■ngarsi,
Basah Yudak■naka,
Mapan ngunduran kewala,
sabab abdi langkung k■dhik
s■prandene Sambirata,
sapunika sampun b■rsih,
punapa denk■kahi,
yen par■ng ingkang Sinuhun
benjang enjang kewala
sinabit pun laknat Kapir,
animbali Raden Dipati
Danur■ja,
Lan Seh Ngusman Ali Basah,
datan tangg■l benjing enjing,

sag■ndhinge Laknatolah,
dene sapunika y■kti,
sang■t kuciwaneki,
mapan langkung ina tuhu,
m■ngkana Sri Nalendra,
wus dhahar aturnya kalih,
Mantril■b■t nulya kinen
dhawuhana,
Mundur nanging ywa k■tara,
kinen turut mapan sami,
sampun mundur Sri Nalendra,
ngaler ngetan lampahneki,
dhateng R■jasa iki,
sar■ng wus t■bih kadulu,
Eslam ing lampahira,
Laknat n■rka yen nging■ri,
nulya laj■ng Laknat manjing
Sambirata,
Sang Nata rawuh Ngr■jasa,
nulya Kangj■ng Pangran Behi,
matur dhat■ng Sri Nalendra,
Basah Prawiradirjeki,
lawan Pag■len sami,
anyab■ta saking kidul,
prayogi dhinawuhan
Ki Maja datan ngr■mbagi,
sabab sampun libur Den
Prawiradirja,
Pan ngangkat karya pribadya,
badhe langkung awratneki,
Raden Dipati punika,
dereng wont■n kayaneki,
Sang Nata wus nuruti,
mring Ki Maja aturipun
gandhek sampun lumampah,
nimbali Raden
Dipati,
g■gancangan lan Seh Usman Ali
Basah,
Pangeran Sumanagara,
k■lawan S■cadirjeki,
mapan tan kalilan b■kta,

m■ksih akantun abaris
aneng sawetan Pragi,
m■ngkana gandhek wus rawuh
cundhuk lan Den Dipatya,
dhawuhk■n timbalan Aji,
langkung kagyat Raden Dipati
Danurja,
Lan Seh Ngusman Ali Basah,
gya n■mbang t■ngara nuli,
budhalan sawadya kuswa,
Basah lan Raden Dipati,
prapta sakilen Pragi,
w■ktu mahrib kend■l sagung,
samya salat sadaya,
bakda salat Den Dipati,
lan Seh Ngusman sampun prapta
ing R■jasa,
Wus panggih lan Kyai Maja,
t■napi J■ng Pangran Behi,
ingirid sowan Nalendra,
wus cundhuk lan Sri Bupati,
m■ngkana aturneki,
yen par■ng ingkang Sinuhun
benjing enjing kawula,
aturi t■dhak ningali,
lepen Tubah ngriki kac■lak■n
m■sah,
Wantu samya
kathahira,
Eslam lawan Laknat Kapir,
bilih ramening yuda,
tan wande prapta ing ngriki,
m■ngkana Sri Bupati,
sampun dhahar aturipun
Den Dipati Danurja,
■n■ngna kawarna enjing,
Kangj■ng Sultan wus t■dhak
mring lepen Tubah
Raden Dipati Danurja,
wus n■mbang t■ngara jurit
gumr■gut wadya Bulkiya,
m■ngkana ingkang winarni,
Raden Basah miarsi,

Prawiradirja puniku,
kalamun Sambirata,
kal■b■tan Laknat nuli,
Raden Basah sigra an■mbang
t■ngara,
Lan sagung Pag■len samya,
n■nggih Basah Ngabdul Latip
lan Basah Ngabdul Muhyika,
pan langkung gr■gutnya sami,
Basah tiga puniki,
kalawan prajuritipun
pan sar■ng praptanira,
lawan Raden Dipati,
pan saking ler lan Seh Ngusman
Ali Basah,
Den Basah Prawiradirja,
mapan laj■ng n■mpuh jurit
tan kantun Basah kalihnya
Tum■nggung Rangga
lan Panji,
nanging kend■l Ngabehi,
ingkang bin■kta puniku,
prajurit jajar samya,
Pag■len tinilar sami,
aneng Wat■s saking kidul Basah
tiga,
Laknat langkung bingungira,
kin■pung neng Sambiradin
ingkang ler Raden Dipatya,
lan Ngusman Li Basah iki,
kang kilen ingkang baris
Pangran Pakuningrat iku,
lawan Cakranagara,
Jayapid■ksa tan kari,
Laknatolah mapan laj■ng n■mpuh
ika,
Ngaler ngilen undurira,
bin■r■g Den Basah iki,
pan saking kidul punika,
Laknatolah kathah modir,
rut lepen marganeki,
yun m■dal ing marga iku,

pan sampun cin■gatan
mring Ngusman Li Basah iki,
kang tin■mpuh dadya Pangran
Pakuningrat
Ing Toyakend■l wus prapta,
sayah Laknat mogok nuli,
mapan langkung pang■drelnya,
tan kend■l mariy■meki,
nanging sak■dhap iki,
Laknat laj■ng
lampahipun
prapta ing Tunjung nulya
samarga dipuntangl■di,
bangkenira k■kecer Laknat
samarga,
Mogok neng Tunjung punika,
Mantril■b■t kawandesi
m■ngkana Sri Naranata,
kinen samya tulung jurit
Raden M■rtanagari,
lan Raden Puthut Laweku,
Raden Gandakusuma,
sampun mangkat sing ngarsa Ji,
sakancanya lawan sampun kathah
prapta,
Raden Dipati tumingal
lan Basah s■kawan iki,
yen Mantril■b■t tum■dhak
dadya langkung ajrih sami,
Dolah Rangga lan Panji,
Ngabehi pan sar■ng n■mpuh,
tan mawi subasita,
Laknat yudanya kalindhih
langkung kathah bangkenira
Laknatollah.
Lumaj■ng pan sampun prapta,
P■nanggulan mogok malih,
pan kadya p■ngag■ngira,
usar punika kang kinging,
ngantos dangu mogoki,
andandani
bangk■nipun
kang p■ngag■ng kewala,

dene Laknat ingkang alit
pan tinilar k■kecer
sa■nggonira,
Mapan m■ksa tan kuwawa,
Laknat pan lumaj■ng malih,
saya kathah ingkang modar,
m■ngkana kasaput w■ngi
Eslam pan kend■l sami,
mapan dereng untungipun,
tan t■las Laknatolah,
pan kathah banthanganeki,
kang s■njata kuda m■ngkana
winarna,
Eslam pan lujeng sadaya,
satunggal nanging kang prapti,
ing sabillolah punika,
Mas Panji Dasamukeki,
liwung p■ngamukneki,
ngantos putung waosipun
ajur kunarpanira,
nging kathah anglab■t sami,
wadya Eslam kenging pelor tan
punapa,
Seh Muhamad Ngusman Li
Basah,
kenging mriy■m kontal iki,
mapan dhawuh saking kuda
kudanya laj■ng ng■masi,
nanging pitulung Widi,
tan pasah Seh Ngusman iku,
mapan wus tan
winarna,
kawarnaa Sri Bupati,
datan arsa kondur dhat■ng
Sambirata,
Somadigda kinen karya,
n■nggih p■sanggrahan malih,
ing P■ngasih namanira,
m■ngkana Raden Dipati,
kinen wangsula malih,
dhat■ng pambarisanipun
lawan Ngusman Li Basah,

dhumat■ng sawetan Pragi,
Basah tiga wus kinen mantuk
punika,
Mring Wat■s atata-tata,
badhe mring Pag■len sami,
m■ngkana Sri Naranata,
mapan m■sanggrahan m■ksih,
mring k■dhung Gubah iki,
ang■ntosi dadosipun,
gennya karya punika,
p■sanggrahan tan winarni,
sampun dadya nulya kondur
Nalendra
Mring P■ngasih sawadyanya,
rawuhira tan winarni,
m■ngkana Raden Dipatya,
mapan tampi suratneki,
saking Residhen iki,
Pal■k ing Mag■lang iku,
Jendral Dh■ Kok kaj■ngnya,
pan m■ksa ngajak
b■dhame,
lamun sampun kangge s■ratnya
punika
Pal■k kinen ap■panggya,
rumiyin lan Den Dipati,
m■ngkana atur Nalendra
kang surat dhat■ng P■ngasih,
Sang Nata animbali,
dhumat■ng Ki Maja iku,
kalawan ingkang paman
Kangj■ng Pangran Ang■behi,
mapan samya tinantun s■rat
punika
Kyai Maja aturira,
kalawan Pangeran Behi,
kadosa duk jaha lanang,
pan langkung tangeh puniki,
ngelmi kitab tan kenging,
yen mawi b■dhami tuhu,
lamun sampun b■ra'at
yen Kapir tan asrah dhiri,
mapan kathah ingkang s■siku

punika,
M■kat■n Raden Dipatya,
tan sum■r■p ngelmi pasthi,
bot■n wande kal■patan
lamun tamtua k■panggih,
ag■ng sisikuneki,
dhumat■ng ing esmunipun
wantu dereng uninga,
dhat■ng sikuning agami,
Sri Nalendra dadya dhahar
aturira.
Kang paman lan Kyai
Maja,
m■ngkana Raden Dipati,
tan kalilan lamun panggya,
lan Residhen K■dhu iki,
mapan wus tan winarni
Jayanagaran winuwus
mapan tamiyan m■ngsah
Kurnel Salwe w■staneki,
mapan ngirid sagung wadya ing
Ngayogya,
Karya beteng ing Siyangan
m■ngkana dipuntangl■di,
mring Raden Jayanagara,
sakancanira bupati,
ing sakidul Yogjeki,
lan wetan Ngayogya iku,
myang Prawiratamtama,
langkung rame siyang latri,
datan nuwun bantu mring Raden
Dipatya,
Tinantun m■ksih kaduga,
Laknat Kapir kathah modir,
m■ngkana bupati ingkang,
prapta ing sabillolahi,
kang s■ntana N■rpati,
Pangran D■mang putranipun
Raden Sanakusuma,
pan ajur kunarpaneki,
pan k■laj■ng k■loloh
p■ngamukira,

Lawan Bugis kalih ika,
pan Rangga Dhaeng Markincing,
Ng■behi Dhaeng Marewang,
beteng ing Siyangan
dadi,
Kurnel Salwen puniki,
langkung r■sah pr■rangipun
wong ngili pin■jahan
lanang wadon myang b■bayi,
yen k■candhak mapan rinampit
kewala,
S■daya daya puliha,
sabab Laknat kathah modir,
s■mana kidul Ngayogja,
mapan kathah ingkang sakid,
m■ngkana Den Dipati,
mapan ar■mbagan iku,
lawan Rahaden Basah,
Prawiradirja t■napi,
Pangeran Behi yun matur ing Sri
Nalendra,
Rahaden Jayanagara,
pan denswuwun undurneki,
sabab win■stanan tiwas
rum■ksa ing tanahneki,
r■mbag katiga sami,
Den Basah l■ga tyasipun,
marma lami punika,
tan dhat■ng Pag■len nuli,
Raden Basah mapan ew■t ing
tyasira
Dhumat■ng Rahaden Basah,
Ngabdul Latip pan say■kti,
m■ngkana tiga r■mbagan
mapan Basah Ngabdul Latip
sinuwun mring N■rpati,
gin■ntosak■n puniku,
dhat■ng Jayanagara,
kadya wus karsaning Widi,
pan ing w■ktu punika
sagung punggawa,
Mapan panas pinanasan,
t■napi Ki Maja iki,

mapan langkung panasira,
dhumat■ng Raden Dipati
lan dhat■ng Pangran Behi,
Sang Nata wus uning iku,
lamun sagung punggawa,
yen m■ngkono mapan sami,
nging Sang Nata wus mupus karsa
Ywang Sukma,
M■ngkana esthining driya,
nadyan sirna Laknat Kapir,
iya t■ka t■nah Jawa,
kaya wus tan bisa mami,
mring saliming tyasneki,
mring wong Jawa kabeh iku,
dadya angl■s tyasira,
kagagas kang samya Surgi,
marma barang aturnya catur
punggawa,
Pangran Behi Kyai Maja,
Den Basah Raden Dipati,
Sang Nata nurut kewala,
sabab ing galih wus s■pi,
mring rahmat ing donyeki,
kang Sinuhun mring Ywang Agung,
pan nanging t■t■pira,
sagung kang nglampahi sabil
lawan adil sagung Islam tanah
Jawa,
Jalu estri rare ika,
angsala supangat Nabi,
Muhamad sam kang mustafa,
nanging sih rabilngalamin
ing siyang lawan latri,
Kangj■ng Sultan kang sinuwun
marang Allah Tangala,
t■t■pe kang amin sami,
katrima asabil sahidnya sadaya,
Nganti pih Islamya samya,
nglampahi parentah dalil
ing Kuran pan ayat kithal
nanging sih rabilngalamin
ing akherat puniki,

t■t■pa ingkang sinuhun
m■ngkana mapan nulya,
Raden Jayanagareki,
tinimbalan mring P■ngasih
sampun prapta,
Tan kantun wadya Tamtama,
kana wus dendhawuhi,
pan samya tumut s■daya,
m■ngkana wus dendhawuhi,
lan Basah Ngabdul Latip
tan kalilan mantuk iku,
mring Pag■len punika,
mapan kinon angg■ntosi,
mring lampahanira Den
Jayanagara,
Prajurit kinen masrahna,
myang sagung kang pra dipati,
sakidul Yogja sadaya,
mring Den Basah Ngabdul Latip
mapan wus datan winarna,
nanging Tamtama puniku,
Ngabehi Panji Rangga,
kawan dasa
kathahneki,
k■dah tumut dhat■ng Raden
Jayan■gara,
M■ngkana karsa Nalendra,
Raden Jayan■gareki,
kinarya sisahanira,
Raden Puthut Lawa malih,
prajurit Tamtameki,
kawan dasa dadya iku,
mapan sisiyanira,
lawan Mantril■b■t malih,
sabab Raden Tum■nggung
Martanagara,
Lan Raden Gandakusuma,
karsanira Sang Bupati,
kinarya Basah ing Rema,
Mantril■b■t tumut sami,
kab■ktanya pribadi,
m■ngkana wus tan cinatur,
pan laj■ng kinen mangkat

Basah tiga badhe iki,
nging Pinilih ingkang tan
kalilan b■kta,
Binantonk■n Den Dipatya,
s■daya tan wont■n keri,
Burkiya Barkiya ika,
Karkiyu Suraya sami,
Mandhung Wanengprang iki,
lan Basah Pag■len iku
Ngabdul Muhyi punika,
saking Wat■s budhal sami,
prapta Ng■lak laj■ng pin■thuk■n
yuda,
Nanging l■t l■r■ng punika,
dennya j■ng-ngaj■ngan
baris
dadya namung mariy■man
tan ana kang miyatani,
n■ngna kang lagya jurit
Ki Maja ingkang winuwus
sampun karsaning Sukma,
tan mar■m ing tiyasneki,
w■ling atur mring Pangran Behi
nulya,
Nuwun pamit mring Nalendra,
yun nglampahi p■rlu iki,
ngahen ayun angradina,
Pajang lan nuhun dent■r
jurit
gangsal atus puniki,
Bulkiya kang tigang atus
Seh Usman Ali Basah,
punika ingkang pangirid
Mangkuyuda lan Tum■nggung
Brajayuda,
Samya nyatus prajuritnya,
jangk■p gangsal atus iki,
mapan langkung tiga w■las
lan kanca M■thakan sami,
anak Urawan iki,
mapan inggih kula suwun
lan Tum■nggung ing Pajang,

ingkang kap■laj■ng sami,
mapan badhe kula antukak■n
samya,
Pangran Behi angandika,
yen kenging boksampun Kyai,
ingkang ngadh■p Sri Nalendra,
mapan tan wont■n Kyai,
kula sring kesah
ugi,
Ki Maja mapan sumaur,
kados pundi Pangeran
yen tan c■ceker pribadi,
mapan kathah inggih anak putu
kula,
Punapa ingkang tin■dha,
ing benjing w■kasaneki,
pedah Sampeyan s■ntana,
nganggura dipuningoni,
lan sagung senapati,
yen Sampeyan gadhah kayun
inggih mangsa l■pata,
pan kawula tiyang alit
lamun bot■n Pangeran pados
pribadya,
Pangeran Ngabehi n■bda,
punika geseh Kiyai,
atur dika mring Nalendra,
n■nggih parentah ing dalil
nanging anglar agami,
punika salamenipun
yen niyat ngulari t■dha,
mapan batas sabilneki,
datan angsal pan mindhak angsal
duraka,
Yen amrih t■dha kewala,
pan sampun rampung rumiyin
punika duk jahalanang,
Ki Maja sumaur b■cik
Sampeyan anyag■di,
rumiyin kawula iku,
s■daya kang
parentah,
Sri Nalendra nanging dr■mi,

pan ing mangke wont■n Rahaden
Dipatya,
Pangeran Behi ngandika,
s■nadyan mangke Kiyahi,
pan m■ksih wont■n andika,
parentahira Nr■pati,
ingkang inggil pribadi,
lamun m■kot■n puniku,
dika punapa trima,
kaprentah Raden Dipati,
sabab Basah aprentah adhi
Danurja,
Yen m■kot■n kar■p dika,
nuwun dadi Basah iki,
puniku w■kasanira,
Ki Maja saurireki,
sint■n-sint■n puniki,
kang parentah inggih purun,
nadyan wont■n nginggila,
kalamun bot■n p■kasil,
gih Pangeran punika mindhak
punapa,
Gumuj■ng Kangj■ng Pangeran
dene t■ka geseh Kyai,
kalawan atur andika,
mring Nata s■lamineki,
Ki Maja saurneki,
Sampeyan tan uning tuhu,
lamun ngelmi punika,
mawi t■najul lan turki,
Pangran Behi mes■m
aris angandika,
Kyai w■di kawula,
lamun matura pribadi,
pan anging ngatur kawula,
andika matur pribadi,
m■ngkana sampun kering,
prapta ngarsa kang Sinuhun
sampun katur niskara,
mes■m Sang Nata nglilani,
pan wus uning sakaj■ngira Ki
Maja,

Nanging ingkang tyas Nalendra,
mapan wus s■dya ngant■pi,
s■barang kang wus kaw■dal,
ngandika mring Pangran Behi,
kinen maringi tulis
mring Raden Dipati iku,
barang panuhunira,
Ki Maja wus denlilani,
sampun lengser kalih sing
ngarsa Nalendra,
M■ngkana wus tan winarna,
Kawarnaa ingkang jurit,
Den Basah Prawiradirja,
lawan Basah Ngabdul Muhyi,
Raden Martanagari,
mapan tanpa w■kas iku,
l■t l■r■ng mariy■man
tan kend■l ing siyang latri,
dadya r■mbag dalu samya j■bol
ika,
M■dal pinatak marganya,
Laknat mapan tan udani,
eca dennya mariy■man
Raden Basah g■larneki,
sagung Maosan sami,
ingkang kinen baris iku,
sampun prapta ing Kroya,
Basah tiga badhe sami,
myang prajurit pan datan kantun
sadaya,
Sang■t samya sayahira,
sabab dalu lampahneki,
arip lawan m■dal ngarga,
marma samya til■m iki,
tan nyana dentututi,
prajurit pan samya cucul
kalawan Basahira,
Laknat prapta ng■pung nuli,
laj■ng ng■drel sinar■ng
mariy■mira,
Langkung gugup Raden Basah,
lan sagung prajurit sami,
nambur nylompret lan

dandan,
n■nggih Basah Ngabdul Muhyi,
ingkang m■dal rumiyin,
lan ngirid lan usar sagung,
ing Pag■len sadaya,
ing jawi dhusun wus prapti,
lagya baris pan laj■ng binujung
nulya,
Dhat■ng usar Laknatolah,
m■ngkana sagung prajurit
riwus denira adandan
mapan sar■ng m■dal sami,
tan ngantos tata iki,
Laknat laj■ng
n■mpuh purun
mariy■m wus tan munya,
nanging ng■drel s■njata lit
mapan nanging s■njata mung■l
ping tiga,
Islam sar■ng enjingira,
mapan nurut kukus sami,
pan laj■ng caruk kewala,
sagkuh lawan waos iki,
Laknat mapan kalindhih,
Raden Prawiradirjeku,
m■ngkana wuwusira,
mring Raden Martanagari,
lamun kangmas tan n■lasak■n
punika,
Mapan wande dados Basah,
sar■ng miarsa puniki,
Den M■nggung Martanagara,
pan langkung bramantyaneki,
kalawan ingkang rayi,
Raden Gandakusumeku,
wus nir sagung ing beya,
pan liwung p■ngamukneki,
ngantos putung waos ag■mnya
pribadya,
Nulya nyandhak malih ika,
waos ampilanireki,
Den Basah Prawiradirja,

tilarane Kangj■ng Gusti,
Basah ingkang suwargi,
Kyai Macan namanipun,
dadya t■las sadaya,
Laknat k■dhik
ingkang urip
Mayor Bokus lan Raden
Sindunagara,
Kalih pan samya lumaywa,
nging Sindunagara kanin
mapan kantun waosira,
wasiyat namanireki,
Ki Cothamaleki,
bangke Laknat mapan tumpak
lan kang k■kecer samya,
pitungatus kathahneki,
wadya Islam ingkang prapta
sabillolah,
Pan Lurah Mandhung satunggal
Mas Behi Niti raneki,
prajurit tatu sadasa,
nanging samya tan punapi,
kathah bandhanganeki,
mapan warna-warna iku,
mariy■m kalih punika,
sapelor s■ndawaneki,
s■njata lit tigangatus myang
sandhangan,
Punika mapan Andhungan
myang badhe Sangk■lat iki
yatra mapan kathah ika,
kapal punika k■jawi,
angsalnya tiyang siti,
wus radin Pag■len iku,
ingkang t■ngah punika,
Raden Basah laj■ng iki,
dhat■ng Rema kend■l dhusun
Laj■r ika.
N■t■pak■n Raden Basah,
M■rtanagara puniki,
prajurit Rema sadaya,
lan Pag■len kilen prapti,
duk nguni mapan sami,

prajurit ngungsi mring gunung,
nging Dolah Panji Rangga,
kang samya dhat■ng M■ntawis
sampun p■pak sewu prajurit
sadaya,
Pag■len kilen punika,
kang t■ngah sewu pribadi,
Basah Ngabdul Muhyi ika,
nanging ingkang wetan m■ksih,
kancikan Laknat iki,
m■ngkana ingkang winuwus
Kurnel Kaler■s ika,
mapan langkung n■psuneki,
ing risake Mayor Bokus
balinira,
Kin■rig sagung k■lana,
Kurnel nindhihi pribadi,
datan kantun Mayor ika,
langkung kathah balaneki,
mapan wus budhal iki,
sing K■dhung Mahesa iku,
m■ngkana Raden Basah,
Prawiradirja puniki,
mapan sampun ingaturan uning
ika,
Mring Basah Ngabdul Muhyika,
lamun Laknat andhat■ngi,
mapan langkung kathahira,
nulya Raden Basah
ika,
nata sagung prajurit
nanging tadhah karsanipun
Basah Ngabdul Muhyika,
ingkang kinen baris ngarsi,
mapan samya prajurit pinara
tiga,
Den Basah Martanagara,
kang dadya p■ngawak kering,
kanan Den Prawiradirja,
n■nggih Basah Ngabdul Muhyi,
minangka dhadhaneki,
m■ngkana katingal sampun,

Laknat pan laj■ng ika,
tata baris ng■drel nuli
pan binarung kalawan
mariy■mira,
Prajurit Pag■len t■ngah,
pan kalindhih yudaneki,
bin■r■k mring Laknatolah,
Basah Prawiradirjeki,
mapan nulya ngabani,
nyab■t saking kanan iku,
Basah Martanagara,
ingkang nyab■t saking kering,
Laknatolah mapan kathah ingkang
modar,
Kalindhih Laknat yudanya,
Eslam mapan b■r■g sami,
Kurnel mapan langkung kurdha,
gya ngabani usarneki,
K■lana kang pangirid,
Kapitan Uta puniku,
nulya anginum
samya,
wus tan s■dya mundur urip
gulung maj■ng P■langkir ingkang
lumaywa,
Dadya wangsul malih samya,
laj■ng campuh ing ajurit,
usar mapan samya usar,
dharat panggih lan P■langkir,
langkung ramening jurit
mapan dereng untungipun
tan t■las Laknatolah,
samya wuru ing ajurit
Den Tum■nggung Gandakusuma
winarna,
Kenging mriy■m w■ntisira,
dhawah kudanya ng■masi,
nging Raden Gandakusuma,
angsal pitulung Ywang Widi,
lab■t datan punapi,
m■ngkana kasaput dalu,
laj■ng sapih kang yuda,
Laknatolah kathah modir,

bangkenira pan bin■kta mundur
samya
Kang ag■ng-ag■ng kewala,
Laknat bangkenya kang alit
tinilar mapan g■lasah
m■ngkana Eslam kang prapti,
dhat■ng sabillolahi,
Dolah Santaduwiryeku,
lawan Citraduwirya,
Mas Panji Singa puniki,
ingkang lab■t Jajar Eslam kawan
w■las
Nanging samya tan
punapa,
dadya pur samya durneki,
m■ngkana pan sar■ng enjang,
Laknat tan m■dali malih,
laj■ng mundur mring K■mit
m■ngkana ingkang winuwus
Raden Prawiradirja,
nantun mring kang rama iki,
Raden Basah Martanagara punapa.
K■dugi sampun dentilar,
rum■ksa mring bawahneki,
Den Basah Martanagara,
wangsulanira kadugi,
lawan b■rkat N■rpati,
m■ngkana Pag■len sampun
kilen lawan kang t■ngah,
padhang Laknat mapan sami,
neng jro beteng sampun datan
sag■d m■dal
Den Basah Prawiradirja,
m■ngkana ing karsaneki,
mring Pag■len ingkang wetan
mapan m■ksih p■t■ng iki,
pan nulya dentan■mi,
Basah n■nggih putranipun
Pangran Behi punika
dados Dolah Karkiyeki,
namanira Raden Prawirakusuma,
Dados jangk■p Basah tiga,

Pag■len wus pulih malih,
Den Basah Prawiradirja,
n■nggih ingkang dent■nggani,
tan■mannya pribadi,
neng Bag■len wetan iku,
tan mawi tur uninga,
dhumat■ng Sri Narapati,
dennya ngangkat Den Basah
Prawiradirja,
Dhumat■ng Rahaden Basah,
Prawirakusuma iki,
m■ngkana pan wus lama,
nging Laknat tan sag■d mijil
Pag■len padhang sami,
Raden Basah nulya mantuk
mring M■ntaram sawadya,
kuswa mapan datan kari,
laj■ng sohan dhumat■ng Sri
Naranata,
Angaturak■n bandhangan
n■nggih kang mariy■m kalih,
lan waos Cathamalela,
myang pelor sundawaneki,
kalawan matur malih,
k■lamun Pag■len iku,
wetan Panti nan■man
Basah Dolah Karkiyeki,
dene ingkang kawula g■ntosk■n
ika,
N■nggih pun Sura Mustafa,
kang uni Panjinireki,
n■nggih di Dal■m Karkiya,
mes■m Nata ngandika ris
ya wus tarima mami,
myang sarupaning sagung,
kang padha ngangkat karya,
nanging tyasira N■rpati,
esmu g■la mring
Basah Prawiradirja,
Sabab andhingini karsa,
ing nguni pan tan win■ling,
lamun Pag■len kang wetan
n■nggih kinen anan■mi,

Basah wus tan winarni,
m■ngkana Ki Maja iku,
mapan sampun lumampah,
dhumat■ng sawetan Pragi,
nging s■daya lan Seh Usman Ali
Basah,
Seh Ngusman ayun mopoa,
ajrih tambi lan N■rpati,
yun tumut datan kaduga,
dhumat■ng Ki Maja iki,
lawan Dolah satunggil,
Seh Kaji Ngabdul Kadirku,
marmane anangga krama,
yen denajak mangkat iki,
nging s■mados dereng p■pak
kancanira,
Dadya lami Kyai Maja,
mapan datan mangkat iki,
n■nggih dhumat■ng ing Pajang,
Eslam kaduwung puniki,
aturnya mring Nr■pati,
ayun wande isin langkung,
sar■ng Ngusman Li Basah,
tan kenging tinantun iki,
ing tyasira ingkang ingab■n
punika,
N■nggih prajurit Bulkiya,
Seh Ngusman Li Basah iki,
kang badhe kinarya
bandha,
nanging Seh Ngusman wus uning,
marma tan purun iki,
mring Ki Maja kaj■ngipun,
lamun badhe s■laya,
Ki Maja saaturneki,
marmanira Seh Ngusman awrat
tyasira,
M■ngkana Kyai Maja,
langkung kewran ing tyasneki,
rumaos kathah klaj■ngnya,
denira matur N■rpati,
myang mring s■samineki,

dadya nantun muridipun,
n■nggih Kyai Dhadhapan
pan k■lawan Kyai Mlangi,
aturira kalih pan kadugi ika,
Ngangge dalil mansawahika,
sabab w■nang dening langip
pan ngudurna nging sak■dhap,
Ki Maja dadya nuruti,
mring ture muritneki,
Kyai Dhadhapan puniku,
pan sin■kj■ng nulya,
Ki Dhadhapan mring M■lathi,
laj■ng panggih lan Mayor
Wiranagara,
Dadya tangg■l tinangg■lan
sabab Mayor muritneki,
duk alit neng Mlathi ika,
tan winarna niskareki,
nulya samya anyagahi,
panggih bicant■n
iku,
kalih pandados marga,
Dhadhapan lan Mayor iki,
neng M■lathi wus sumados
dint■nira,
Ki Maja pan■dhanira,
Residhen Pangulu Patih,
ing Sala Yogja sadaya,
Mayor mapan anyagahi,
nging n■dha kend■lneki,
sagunging aprang s■darum
sagah Kyai Maja,
nulya atur surat nuli,
mring P■ngasih wus katur Sri
Nalendra
Duk tupiksa ingkang surat
Nata langkung b■nduneki,
wau dhumat■ng Ki Maja,
m■ngkana timbalaneki,
heh basak■na iki,
mapan durung tutug-tutug
Maja karya r■ncana,
olehnya manggung bagusi,

yen m■ngkono iya dhingin ana
apa,
Mapan sagung kang bicara,
dene nora nana dadi,
tur iku iya kang ngajak
sab■n-sab■n Jendral iki,
lan masrahake uwis
tanah Jawa kabeh iku,
s■prandene tan dadya,
ujare ngelmu tan
k■ni,
dene m■ngko ingkang denbicara
apa,
Residhen yun t■mu ika,
lan Danurja nora k■ni,
tutur lamun Kuran ika,
ingkang nora anglilani,
tur nora miwiti,
pand■rma Residhen K■dhu,
gawa layange Jendral
satuture sun turuti,
durung lawas upama lamun
laliya,
Dene bang■t karya nistha,
t■lusuran luru urip,
tuture lamun tan k■na,
wus tita lamun tan k■ni,
ginugu ujarneki,
ngulama apa raneku,
mapan salawasira,
gung b■beke karyaneki,
lan maninge lawan wus akeh
ngulama,
Wong Islam kaji pandhita,
sarip lan s■ntana sami,
kang wus padha sabillolah,
dene angisin-isini,
donya s■rama pati,
mapan nora s■dya ingsun
lamun Allah Tangala,
iya nora anglilani,
ing luhure Eslam ingkang aneng

Jawa,
Agami Nabi Muhamad,
sun t■dhaha
sirna sami,
aneng donya tanpa karya,
mapan sun s■dya belani,
marang kang padha sabil
j■r iku parentahingsun
kabeh wong tanah Jawa,
Eslam ingkang padha sabil
mapan ingsun kang duweni
karya,
Anjaluk m■n■nging aprang,
ingsun mapan tan nglilani,
m■ngkono maning Ki Maja,
bicara sun tan nglilani,
lamun tan wani jurit
angur kon bali iku,
Badarodin pan sira,
sun kon dhawuhna iki,
mring Ki Maja yen m■ngkono
karsaningwang,
Lawan maning dhingin sira,
mampira Danurja iki
layang gawan■n balekna,
Dolah Kaji Badarodin
sandika aturneki,
n■mbah nulya lengser iku,
sing ngarsa Sri Nalendra,
tigang dint■n nulya prapti
Dolah Kaji Badarodin lawan
b■kta,
Paturanira Ki Maja,
lawan kang ngiringk■n iki,
punika pan ayat Kuran
inggih kang amba
lampahi,
nulya Sri Narapati,
animbali ngulameku,
kang m■ksih kantun samya,
prapta dher ngarsa Nr■pati,
lawan kaji pandhita lawan
ngulama,

Heh sanak kaji ngulama
ingsun yun tanya say■kti,
mapan iki ayat Kuran
bapanan seman sawah iki,
pajara kang say■kti,
mapan ingsun tan sumurup
mring nanan seman
sawahika,
s■daya samya turneki,
mapan estu sampun yen masawah
punika,
Agami Nabi Muhamad
lapal punika kang kenging,
duk alame Nabi Musa,
lapal punika kang kenging,
pan samya aturneki,
Kaji Mamraji puniku
lan Seh Barmawi ika,
nulya kinen amangsuli,
Dolah Kaji Badarodin mring Ki
Maja,
Kalamun wus tan kalilan
s■barang paturaneki,
nging kinen mantuk kewala,
lamun datan purun jurit
Kyai Maja puniki
sar■ng tampi suratipun
Den Dipati Danurja,
m■ngkana
timbalaneki,
Sri Nalendra langkung ajrih
kaduwungnya,
Mring sagung paturanira,
s■daya kang wus kawijil
mapan ing s■lamenira,
kathah kang k■laj■ng y■kti,
dhat■ng Sri Narapati,
yun mantuk wirang k■langkung,
lawan kang prajanjeyan
lan Mayor mapan wus dadi,
nanging kantun ng■ntosi dint■n
kewala,

M■ngkana estu kapanggya,
mapan aneng ing M■langi,
Ki Maja lan sagung samya,
kang denw■lingak■n iki,
mapan p■pakan sami,
Sala lan Ngayogya iku,
Mayor tan kantun ika,
tan winarna bicareki,
Kyai Maja laj■ng sowan Sri
Nalendra,
Mring P■ngasih sampun prapta,
laj■ng jujug aneng m■sjid
nulya w■ling aturika,
marang Dolah Badarodin
nuhun sohan N■rpati,
Kaji Badarodin iku,
laj■ng sohan Nalendra,
Sang Nata mapan mar■ngi,
l■nggahan neng surambi langgar
punika,
Kaji Badarodin
turnya,
pun paman lamun mar■ngi,
nuhun sohan atur salam
sakancanipun ngulami,
ngandika Sri Bupati,
mapan ingsun wus tan ayun
salaman lan wong bisa,
mapan ingsun bodho y■kti,
bokm■nawa n■nulari
bodhoningwang
Heh Badarodin tutura,
marang Ki Maja sireki,
Dolah Badarodin nulya,
mundhur sing ngarsa Nr■pati,
lan Ki Maja wus panggih
sampun win■rtanan iku,
timbalaning Nalendra,
lamun tan arsa p■panggih,
lan Sampeyan lawan tan
manis kang s■bda,
Kados pundi polahneki,
tiyang Mantawis sadaya,

Kangj■ng Pangeran ature,
kawula langkung tan r■mbag
inggih lamun punika,
lan malih sint■n jinujug
k■lawan mangsa sanese,
Yen sampun dhumat■ng t■kdir,
Sri Nalendra angandika,
lamun m■kot■n kar■pe,
neng ngriki pan tanpa karya,
sae mantuk kewala,
gya n■mbang t■ngara iku,
budhal saking Sambirata,
Sawadya kuswa tan kari,
Sri Nalendra karsanira,
a-ngobongi Ngayokjane,
sokur lamun kap■thuka,
lan Laknat aneng marga,
mapan miyos Taj■m iku,
m■ngkana tur uninga.
Lamun Laknat barisneki,
neng kilen Taj■m punika,
nanging l■t sabin kimawon,
mapan datan purun m■dal,
laj■ng Sri Naranata,
miyos wetan Gowok iku,
kend■l aneng Mawatr■ja,
Nanging Laknat ngupakardi,
pan laj■ng miyos Ngayokja,
kiduling Krapyak mangko,
sagung beteng kang kamargan,
pan kathah ingobongan
kang t■ngga samya lumayu,
pan kathah angsal jarahan,
Laknat tan m■thuk■n jurit
m■ngkana wus tan winarna,
prapta sakilen Pragane,
mapan laj■ng Sri Nalendra,
mapan am■sanggrahan
aneng m■sjid G■ndhan iku,
lawan ngasokak■n wadya,
Den Basah Martanagari,
nusul mapan sampun prapta,

nging sagung prajurit mangko
kathah kantun wetan Praga,
ingkang jajar sadaya
Dollah Panji Rangga iku,
kang dherek mring kilen Praga,
M■ngkana wus tan winarni,
nulya Laknatollah prapta,
mapan k■langlung kathahe,
Kurnel Lila mapan tiga,
tap-untapan kewala,
n■nggih lawan rawuhipun
Kangj■ng Pan■mbahan ika,
Basah Prawiradirjeki,
nulya ngaturi uninga,
Laknat prapta b■ndungane,
Sang Nata mapan ngaturan
n■nggih lengser kewala,
sabab langkung kathahipun,
lawan malih mara tiga,
Sri Nalendra anuruti,
mring ature Raden Basah,
laj■ng budhal sing G■nthane,
tan kantun j■ng Pan■mbahan,
lan kang putra santana,
Basah tiga munggeng pungkur,
lan sagung kang pra dipatya,
Prapteng jawi dhusun iki,
nulya Laknat pan katingal,
saking wetan lan saking ler,
lan saking kilening desa,
sar■ng pang■drelira,
Raden Dipati winuwus,
lan Pangran Suryawijaya,
Sri Nalendra denaturi,
lumaj■ng nanging Sang Nata,
mapan nuju nitih mangko,
dene Kyai Jayacapa,
datan sag■d enggala,
pan samya tinilar iku,
sabab pelor langkung dr■snya,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrakim,
k■langkung denira duka,
marang Raden Dipatine,

lan Pangran Suryawijaya,
heh ta Suryawijaya,
dene m■ngkono sireku,
aninggal mring Sri Nalendra,
Dene ora idh■p isin
w■di maneh yen anaa,
nging w■dinging dr■sing pelor,
nulya wangsul kalihira,
laj■ng matur Sang Nata,
ingaturan nitih iku,
mring Kyai Jayacapa,
Ki Jayacapa puniki,
kenging karya pan■ng■ran
yen Eslam enggal yudane,
pan laj■ng nrajang kewala,
yen badhe andhap ika,
angg■ndring palaj■ngipun
datan kenging denampaha,
Kapal tan sag■d anututi,
marang Ki Wijayacapa,
marma ngaturan sang katong,
asalin Ki Kayacapa,
mapan Raden Dipatya,
lawan Pangeran puniku,
tan tahan pelor dr■sira,
Sang Nata mes■m nuruti,
mring atur kalih punika,
gya nitih Jayacapane,
karsanira Sang Nalendra,
winangsulak■n ika,
lawan laj■ng ngasta lawung,
nanging Kyai Jayacapa,
Mapan m■ksa datan kenging,
Sri Nalendra pan bin■kta,
lumaj■ng Jayacapane,
pan dadya kantun sadaya,
mapan wus tan winarna,
kawarna Den Basah iku,
lan sagung kang pra dipatya,
Pan laj■ng kin■pung iki,
dhat■ng sagung Laknatolah,
k■langkung kewarning tyase,

dadya angrompol kewala,
wau dennya lumampah
mapan ta ingurung-urung,
Laknat tan purun s■laka
Mapan Basah tiga iki,
s■kawan Kangj■ng Pangeran
Ngabehi saputrane,
pan Pangran Suryanagara,
Dolah Panji Rangga,
samya kapalan puniku,
tan wont■n mawi sanjata,
Marma datan sag■d sami,
mal■s pan kinarya lesan
ming mal■s b■stul kimawon
nanging marmaning Ywang Sukma,
pan asring kang salira,
lamun usar Laknat maju,
pin■thuk■n mundur nulya,
Pangran Suryan■gareki,
dilalah karsaning Sukma,
mapan sang■t t■kabure,
m■ngkana s■sumbarira,
heh iya Laknatollah,
■ntekna obat mimismu
lamun tek mara jupuka.
Mapan ingsun ang■nteni,
mara sisan m■dhatiya,
lawan dip■rak marene,
dinukan dhat■ng kang eyang,
J■ng Pangran Ngabehika,
ja m■ngkono sira putu,
s■siku t■mahanira,
Kadya wus karsaning Widi,
Pangeran Suryanagara
tan kend■l dinuka mangko,
wau dhumat■ng kang eyang,
mapan datan pantara,
kenging pelor jangganipun
laj■ng prapta sabillollah,
Dhawah saking ing turanggi,
mapan datan mawi solah,
wus datan winarna mangko,
gung Islam lumaj■ng sadaya,

nanging Pangran punika,
wus samya prapta s■darum
ngarsane Sri Naranata,
Mapan laj■ng Sri Bupati,
m■sanggrahan ing Tangkisan
Laknat ingkang ngodhol mangko,
laj■ng kend■l ing Sidh■tan
kantun sewu w■tara,
ingkang kathah samya wangsul
lawan ngantukak■n ika,
Bangkene kancaneki,
m■ngkana dalu winarna,
Sang Nata nimbali mangko,
marang ingkang kajin■man,
Sadika w■stanira,
lawan Gadhingan puniku,
Asnawi Jayeng Magada,
Lawan Sabuk Lumpang iki,
gangsal kinon lum■b■ta
mring Laknat pamondhokane,
pinaringan waos samya,
Rangga Kili Sadika,
Asnawi P■lered iku,
Jayeng Magada punika
Dipayana waosneki,
Gadhingan pun Badhukia,
pun Bathang Sabuk Alune,
gangsal wus mundur sing ngarsi,
prapta dhusun S■dhatan,
mapan ngantos surupipun
n■nggih kang wulan punika,
M■ngkana Laknat winarni,
pan langkung prayitneng baya,
mapan tan k■na kumresak
mapan laj■ng sin■njata,
bangun enjing w■tara,
ingkang wulan sampun surup
m■ngkana Kyai Sadika
Mapan sampun r■mbag sami,
lum■b■t mring pambarisan
Sadika pan p■ngaj■nge,
gangsal pan samya b■rangkang,

sinered landheyannya,
mapan marmaning Ywang Agung,
gangsal l■stari l■b■tnya,
Datan konangan puniki,
malah laj■ng tumut samya,
g■g■ni saradhadhune,
kancanya kin■thik samya,
poma aja na padha,
anumbak mring saradhadhu,
marma dangu kend■lira,
M■ngkana mapan mar■ngi
Mayor lan Kapitan m■dal
k■tanggor Sadika mangko,
mapan laj■ng ingacaran
Mayor pan laj■ng niba,
tan mawi asambat iku,
Kapitan awantu mulya,
Winaos Kapitan modir,
mapan laj■ng geger ika,
barisane Laknat mangko,
Litnan m■dal tinadhahan
sampun modir sadaya,
Sadika mapan dus m■tu,
lan s■kawan kancanira,
Nanging Mohamad Asnawi,
tatu mapan tan punapa,
gangsal punika angsale,
kalih niga myang ny■kawan,
nging Sadika pribadya,
ingkang ngantos angsal wolu,
laj■ng aningali samya,
Gangsal mapan aneng sabin,
langkung rame ing prangira,
pan lawan rewange dhewe,
Laknat kathah ingkang modar,
satus langkung w■tara,
s■lak siyang nulya mundur,
kajin■man gangsal samya,
Wus prapta Tangkisan sami,
laj■ng sowan mring Nalendra,
wus katur ing niskarane,
m■ngkana Laknat winarna,
sar■ng enjang punika,

pan g■lasah bangkenipun,
lan t■las p■ngag■ngira,
Pan samya tan nyana jalmi,
kang karya geger punika,
sabab tan wont■n tilase,
sagung bangke tinilikan,
pan bangsanya pribadya,
dadya langkung girisipun,
ri wus andandani samya,
Sagung bangsane kang modir,
nulya budhal mantuk ika,
mapan gancangan lampahe,
ajrih lamun tinututan,
mapan wus tan winarna,
Laknat sang■t k■ndhakipun,
dadya lami datan yuda
M■ngkana ingkang winarni,
Den Basah Prawiradirja,
lan Pangeran Basah mangko,
Den Basah M■rtanagara,
Basah Prawirakusuma.
mapan samya r■mbagipun,
ngaturi mring Sri Nalendra.
T■dhak dhat■ng wetan Pragi,
Den Dipatya sampun r■mbag,
lan Pangeran Ngabehine,
Sang Nata nurut kewala,
m■ngkana laj■ng budhal,
lan sawadya kuswa iku,
tan kantun J■ng Pan■mbahan
Ing marga datan winarni,
wus rawuh ing Siluk ika,
Pangran Prabu sohan mangko,
mapan laj■ng atur salam,
dhumat■ng Sri Nalendra,
lawan mring kang rayi iku,
n■nggih Kangj■ng Pan■mbahan,
Ri wus tata l■nggah sami,
Sri Nalendra angandika,
paman sampun dhangan mangko,
Pangran Prabu aturira,
mapan dereng sadaya,

Sang Nata ngandika arum,
prayogi Sampeyan ngiwa,
Mapan sampun tumut jurit,
Pangran Prabu aturira,
kawula wus s■puh mangko,
pan inggih mangsa wandeya,
Sultan lamun pal■stra,
mumpung wont■n margenipun,
k■langkung k■pingin kula.
Prapta ing sabillolahi,
Pan■mbahan angandika,
kangmas prayogi denrereh,
ing benjang yen dhangan pisan
mapan sae punika,
Pangran Behi aturipun
sami lawan Pan■mbahan,
Pangran Prabu ngandika ris,
ya dhimas wus sun tarima,
nanging nora bisa ingong,
lamun pisah lawan Sultan
mes■m J■ng Pan■mbahan,
marmanipun kula susul
kangmas gih kados Sampeyan,
Kawarnaa Basah Dul Latip
prapta lawan Puthut Lawa,
mapan tur uninga mangko,
yen Laknatolah punika,
kang wont■n kilen Praga,
badhe gr■rigan puniku,
dhat■ng mariki sadaya,
ya, Lawan sagung kang prajurit
mapan sampun kathah prapta,
nusul dhumat■ng sang katong,
m■ngkana wus tan winarna,
Sang Nata nuju l■nggah,
Pan■mbahan munggeng ngayun
Pangran Behi k■lawan
Pangran Prabu at■napi,
Pangran Ngabdul Rakim ika,
Pangran Suryawijayane,
Pangeran Dipanagara,
Pangran Dipakusuma,
lawan Raden Basah iku,

M■rtanagara neng ngarsa.
Pangran Jayakusumeki,
samya kang mantu Nalendra,
Sang Nata ngandika lon
dhat■ng Kangj■ng Pan■mbahan
Kyai mapan kawula,
tampi wangsite Yang Agung,
kalamun badhe kawula,
Punika w■kasaneki,
pan tan dados napa-napa,
dadya ingkang sowan mangko,
samya tumungkul sadaya,
kalawan ng■mu w■spa
Pan■mbahan alon matur,
paran Sultan ingkang dadya,
Ing besuk w■kasaneki,
Sri Nalendra angandika,
Sala kangmas Purbayane,
ing ngriki mapan r■sahan,
nging punika sadaya,
samya gung durakanipun,
dhat■ng Rabilngalamina,
At■napi mring J■ng Nabi,
sabab manut Laknatolah,
Pan■mbahan lon ature,
Sultan paran karsanira,
Sri Nalendra ngandika,
kenging tan kenginga iku,
Kyai mapan kawula,
Nanging nuhun ambelani,
dhumat■ng kang samya prapta,
inggih ing sabillolahe,
s■nadyan inggih kawula,
lamun ayun duraka,
k■dhik mapan m■ksih iku
Kyai kantun aneng dunya,
Nanging yen kenging tan kenging,
asang■t panuhun kula,
nanging Rakim ming Ywang Manon
kang kula suwun punika,
pan nanging t■t■pira,
sadaya samya tumungkul

mapan lawan ng■mu waspa.
M■ngkana wus tan winarni,
tigang dina nahan ta rannya,
Laknatolah prapta mangko,
mapan langkung kathahira,
pan k■rigan sadaya,
sagung ingkang beteng iku,
praptanira mara tiga,
Saking kilen kidul iku,
lawan ingkang saking wetan,
Raden Prawiradirjane,
Sri Nalendra ingaturan,
mapan mundur kewala,
n■nggih ngalor ngilen iku,
sabab Laknat langkung g■ngnya,
Sri Nalendra wus nuruti,
gya nitih Ki Jayacapa,
Laknat pan sar■ng praptane,
m■ngkana Ki Kayacapa,
ingampah datan k■na,
pan punika t■ngr■ranipun
lamun badhe asor yuda,
Mapan laj■ng lampahneki,
dadya sagung ingkang wadya,
tan wont■n nangl■di mangko,
pandherek mundur sadaya
m■ngkana ingkang winarna,
usar Laknatollah iku,
mapan nututi s■daya,
Dadya katututan iki,
nulya campuh ing ayuda,
pan laj■ng kuw■l kimawon,
nanging Sang Nata wis t■bah,
lan Kangj■ng Pan■mbahan,
usar Laknat kathah lampus,
nulya kang P■langkir nulya,
Laknatolah anututi,
Eslam prang liris kewala,
dadya sagung P■langkire,
tan sag■d anututana,
nanging usar kewala,
mapan ingkang aprang iku,
dadya kecer bangkenira,

Kalih b■lah win■tawis,
Laknatolah usarira,
kang prapta pinggir Pragane,
tigang dasa win■tara,
Islam pan laj■ng nyabrang,
mring kilen Praga s■darum,
sampun sapih ingkang yuda,
M■ngkana Islam kang prapti,
n■nggih dhat■ng sabillolah,
Kangj■ng Pangran Arya mangko,
Prabudiningrat punika,
Raden Tum■nggung ika,
Puthut Lawa lan Den M■nggung,
M■rtadirja mapan lawan,
Mas Rangga Pasekan iki,
lan Lurah Bandar punika,
Mas Behi L■gamarane,
lan Mas Kartawangsa ika,
lawan Kaji satunggal
S■kar Arum w■stanipun
prajurit jajar sadasa,
Usar Laknat kathah modir,
m■ngkana wus tan winarna,
sang Nata pan kend■l mangko,
aneng C■lapar punika,
angasokak■n wadya,
Pan■mbahan pamit iku,
kondur mring p■sanggrahannya,
Sang Nata sampun nglilani,
lan Basah Martanagara,
nuhun pamit mring Sang Katong
lan Dul Latip Ali Basah,
Pangeran Dipanagara,
yun manggenk■n repot sagung,
pan wus kalilan sadaya,
M■ngkana Pangeran Ng■behi,
lan Basah Prawiradirja,
Basah Sumanagarane,
Basah Prawirakusuma,
lawan Den Dipatya,
Sang Nata ngaturan iku,
m■sanggrahan mring Tangkisan,

Sabab neng C■lapar iki,
an■ng ardi kirang c■kap
kinarya ngaso wadya keh,
nuruti Sri Naranata,
budhal saking C■lapar,
sawadya kuswa tan kantun,
tan winarna aneng marga,
Ing Tangkisan sampun prapti,
pitung dint■n win■tara,
Sang Nata neng Tangkisane,
p■calang atur uninga,
yen Laknatolah prapta,
mapan langkung ag■ngipun
Den Basah Prawiradirja,
Lawan Kangj■ng Pangran Behi,
umatur dhat■ng Nalendra,
r■mbag ngunduran kimawon,
sabab Laknat sampun kathah
prajurit mapan kathah,
ingkang dereng prapta wau,
Sang Nata nurut kewala,
Marang ingaturngireki,
kang paman Raden Basah,
mapan ingaturan mangko,
mundur marang ing Pinatak,
nadyan tinurutana,
mring kang papan p■kantuk,
gya budhal Sri Naranata,
Saking ing Tangkisan iki,
Mapan dhumat■ng Pinatak,
lawan sawadya kuswane,
sampun rawuh Sri Nalendra,
kawarnaa Laknatolah,
mapan tan nututi iku,
sar■ng prapta ing Tangkisan,
Sang Nata wus panggih s■pi,
laj■ng wangsul Laknatolah
dhumat■ng ing Bakung mangko
lan dhat■ng Kr■ratek ika,
kawarna Sri Nalendra,
mapan ingaturan iku,
laj■ng dhat■ng lepen Buka.
Dhumat■ng J■ng Pangran Behi,

Sri Nalendra angandika,
ing r■di punapa mangko,
mapan bot■n wont■n Laknat,
Pangran Behi aturnya
mapan bot■n aturipun,
n■nggih pun Prawiradirja,
Ing wingking pan wont■n k■dhik
nanging pandugine Basah,
Laknat ayun mantuk mangko,
dhat■ng Pag■len punika,
marma wa duka Nata,
lumampaha wont■n ngayun,
m■nawi wingking punika,
Mapan inggih m■dal ngriki,
Sang Nata nurut kewala,
dhat■ng kang paman ature,
nulya mangkat Sri Nalendra,
nitih Ki Jaya Kr■sna,
kang munggeng ngrasa Sang Prabu,
nging Raden Riya Sindurja,
Lawan Pinilih satunggil
Ki Ng■behi Surawana,
punakawan kalih mangko,
Bantheng Wareng lan Puntara,
pan ngampil p■gantenan
lawan pak■cohan iku,
nging s■kawan kang neng ngarsa,
Kangj■ng Pangeran Ngabehi,
Ngabdul Rahman tunggil Basah,
neng wingking lan prajurite,
Raden Dipati Danurja,
lan kang pra dipatya,
samya nunggil lampahipun,
kang munggeng wingking Nalendra,
Nanging gam■l lawan ngampil,
lan Pangran Dipakusuma,
k■dah wangsul kewala,
pan samarga-marga iku,
pin■ksa mring gam■l samya,
Pan nuju tan dentitihi,
ingampil gam■l kewala,
m■ngkana kap■thuk mangko,

neng Sangir Laknatollah
dadya samya kagyatnya,
Kyai Surawana wangsul
lan Raden Riya Sindurja,
Lawan punakawan kalih,
Bantheng Wareng lan Punrata,
Laknat laj■ng ng■drel mangko,
surak lawan b■ndhe ika,
Bantheng Wareng karuna,
kalawan Punrata iku,
ngaturi wangsul Nalendra.
Nging sampun tan sag■d iki,
kang m■rgi langkung alitnya,
kapit jurang lan ardine,
dadya dangu Sri Nalendra,
kin■rutug s■njata,
punakawan kalih iku,
nangis m■ngkana aturnya,
Punika di dal■m sami,
mapan sampun minggah ngarga,
Sang Nata ngandika alon,
yen ingsun miluwa munggah,
ng■ndi dalane ika,
gunung anglir andha iku,
wus mara sira dhingina,
M■ngkana marmaning Widi,
Bantheng Wareng lan Punrata,
pan sag■d minggah kapale,
laj■ng tinut mring Nalendra,
pan m■ksih bin■dhilan
saking ing andhap puniku,
n■nggih dhat■ng Laknatolah,
Ki Jayacapa puniki,
m■dhot ngupados Nalendra,
nanging esmu bingung mangko,
kin■pung mring Laknatolah,
pan lawan bin■dhilan
Ki Jayacapa puniku,
laj■ng minggah dhat■ng arga
Wus panggya lan Sri Bupati,
nusup-nusup Jayacapa,
Sang Nata laj■ng lampahe,
pan ngalor ngetan Nalendra,

wingking rame swaranya,
ingkang s■njata puniku,
dinugi yen Raden Basah.
Wau ingkang m■thuk jurit
tan nyana lamun kang paman
Kangj■ng Pangran Ng■behine,
Ngabdulrahman lan kang putra,
Pangran Jayakusuma,
Raden Atmakusumeku,
dhasar wus sin■dya driya,
Marma tan ayun gumingsir,
Laknatolah kathah modar,
wus prapta sabillolahe,
Kangj■ng Pangeran punika,
Ngabehi Ngabdulrahman
lawan kang putra iku,
Pangeran Jayakusuma,
Raden Atmakusumeki,
langkung risak kang kunarpa,
sabab Laknat kathah jidhet
m■ngkana wus tan winarna,
kawarnaa Nalendra,
mapan sampun rawuh iku
aneng dhusun Sidawayah,
L■nggah ngadh■p as■m iki,
Den Dipati sampun prapta,
lan sagung pra dipatine,
Den Basah Prawiradirja,
lawan Pangeran Basah,
Sumanagara puniku,
Basah Prawirakusuma,
Pangran Suryawijayeki,
Pangeran Dipakusuma,
J■ng Pangran Ngabdulrahime,
pan sampun p■pak sadaya,
ingkang dherek pan samya,
Sang Nata nulya andangu,
mring kang paman tan katingal
Lawan ingkang putra kalih,
Pangeran Jayakusuma,
lawan ingkang rayi mangko,
Rahaden Atmakusuma,

Sri Nalendra atanya,
paman Behi tan kadulu,
marang ng■ndi paranira,
Dene kabeh pan wus prapti,
tan wont■n purun matura,
samya tumungkul kimawon
Sri Nalendra ismu duka,
dhat■ng Raden Dipatya,
lan mring Raden Basah iku,
ismu kum■pyur tyas Nata,
Sabab mirsa b■dhil muni,
ing wingking wau punika,
mapan k■langkung ramene,
pan wusana ingkang paman
datan wont■n katingal
kalawan kang putra iku,
Pangeran Jayakusuma,
Nadyan Nata muring-muring,
lawan m■dal ingkang duka,
ingsun taken sat■m■ne,
mokal wong s■mono kehnya,
lamun nora w■ruha,
nulya Raden Riya matur,
Sinuhun pandugi hamba,
Paman dal■m Kangj■ng Gusti,
kados sampun sabillolah,
kalawan kalih putrane,
Sang Nata sar■ng miarsa,
mring ature Den Riya,
Sindurja kend■l adangu,
mapan tan sag■d ngandika,
Sarta mijil w■spaneki,
rumaos kantun pribadya,
lawan ing tanah Jawane,
rumaos tan sag■d nata,
lamun amrih salimnya,
dhumat■ng kang samya kantun
m■ngkana J■ng Sri Nalendra,
Esmu s■r■t sabda aji,
heh wus ta padha kariya,
ingsun ayun ngr■but mangko,
mring kunarpanira paman
nulya sar■ng aturnya,

Laknatolah sampun mundur,
lan malih ingkang kunarpa,
Paman Dal■m sampun y■kti,
saundurnya Laknatolah,
mapan inggih ingkang layon
mapan sampun sinaonan
dhumat■ng Raden Basah
Ngabdul Kamit pan satuhu,
kawula uning pribadya,
M■ngkana Sri Narapati,
sangsaya l■s ingkang driya,
sar■ng miarsa ature,
mring sagung kang pra niyaka,
laj■ng datan ngandika,
gya mundhut titiyan iku,
karsanira Sri Nalendra,
Mapan t■dhak saking ardi,
wangsul dhumat■ng Tangkisan,
pan wus sum■dya sang Katong,
yen tinilar kang nikmat donya,
lan kathah kang kagagas,
sampun t■dhak kang Sinuhun,
datan mawi ang■ndika,
N■nggih Pangran Ngabdul Rahim
ingkang lumampah neng ngarsa,
lawan punakawan mangko,
Bantheng Wareng lan Punrata,
dadya Raden Dipatya,
mapan sang■t ajrihipun
lawan kang Basah katrinya,
Langkung watos tyasnya sami,
dhumat■ng Sri Naranata,
tan arsa ngandika mangko,
mapan langkung sungkawanya,
tinilar mring kang paman
m■ngkana kasaputing dalu,
laj■ng kend■l wont■n Cr■ma,
Sadalu neng pinggir kali,
dennya nare Sri Nalendra,
saking sang■t sungkawane,
nanging kang rayi satunggal,
ingkang ngadh■p punika,

Pangran Ngabdul Rahim iku
gam■l ngampil punakawan,
Kawarnaa Raden Dipati,
lawan kang Basah katrinya,
myang sagung kang pratiwane,
r■mbag samya ngundang ika,
Basah Martanagara,
lan Basah Dul Latip iku,
kinarya nglipur Nalendra
Sabab punika kang m■ksih,
pan datan tumut kadukan
kinen m■thuk Tangkisane,
pan lawan kin■thik ika,
kalih samya ngak■na,
nusul saking kaj■ngipun,
pribadi kalih punika,
Enjang budhal Sri Bupati,
pan saking Cr■ma punika,
tan winarna ing margine,
sampun rawuh ing Tangkisan
nging Gam■l punakawan
Ngampil lan kang rayi iku,
sajuga kang aneng ngarsa,
N■nggih Pangran Ngabdul Rakim
Pangeran Suryawijaya,
mapan tunggil Basah mangko,
lawan kang putra sajuga,
Pangran Dipakusuma,
tunggil Den Dipati iku,
m■ngkana Sri Naranata,
Mapan langkung kang prihatin
dhumat■ng w■kasanira,
sabab wus tanpa kanthine,
marma tan arsa ngandika,
ingkang rayi punika,
Pangran Ngabdul Rakim iku,
tan t■bih lawan Nalendra,
Datan m■sanggrahan aji,
neng pinggir s■ndhang kewala,
saking r■mpuning tyas katong,
nging nyipta yun tilar dunya,
kadya yen kat■kane,
mring Laknatolah puniku,

Sang Nata wus datan n■dya,
Lamun gumingsira malih,
m■ngkana ingkang winarna,
Pangran Dipanagarane,
lan Basah M■rtanagara,
Dul Latip Ali Basah,
mapan samya prapta iku,
laj■ng sowan mring Nalendra,
Katri samya aturneki,
lamun mar■ngi Nalendra,
n■nggih Raden Dipatine,
lan Basah Prawiradirja,
Basah Sumanagara,
tinantun kaj■nganipun,
punapa inggih t■ksiha,
Purun m■ngsah Laknat y■kti,
yen sampun tan purun nata,
mapan kant■nan wawrate,
Sang Nata aris ngandika,
ya wus mangsa bodhoa
sun wus datan d■rbe kayun
Pangran Ngabdul Rakim turnya,
L■r■s Basah Ngabdul Latip
lawan pun thole kalihnya,
Sang Nata ngandika alon
wus Ngabdul Rakim miyanga,
kabeh tarin■n padha,
lan si Ngabdul Latip iku,
sandika kalih aturnya,
Wus lengser saking ngarsa ji,
kalih mapan sampun panggya,
pan nuju p■pakan mangko,
langkung susah manahira,
sagung kang pra pratiwa,
sabab sang Nata tan payun
ningali lawan ngandika,
Marma samya susahneki,
sagung kang wadya sadaya,
gya Pangran Ngabdul Rakime,
lan Ngabdul Latip Li Basah,
m■ngkana sampun prapta,
dhawuhk■n karsa Sang Prabu,

dhumat■ng Raden Dipatya,
Lawan ingkang Basah kalih,
m■ngkana samya aturnya,
k■lamun m■sih g■sange,
kawula mapan tan n■dya,
sumingkir ingayahan
dhumat■ng ingkang Sinuhun
suka p■jaha ing rana,
Yen m■ngsah Laknatolahi,
pan sampun samya n■maha,
tan ajrih ag■ng inggile,
pan nanging sagung pratiwa,
nuwun apunt■n samya,
sagung kal■patanipun
dhumat■ng Kangj■ng Sang Nata,
S■daya aturnya sami,
Pangran Ngabdul Rakim nulya,
lan Basah Ngabdul Latipe,
umatur mring Sri Nalendra,
lamun samya m■ngkana,
s■daya ingaturipun
sagung ingkang pra pratiwa,
Nulya samya dentimbali,
prapta dher ngarsa Nalendra,
Sang Nata ngandika alon,
heh iya sira Danurja
ing m■ngko karsaningwang,
kalamun nyata pan iku,
ature si Prawiradirja,
Lawan Suman■gareki,
angant■ping mring Islamnya,
mapan iya karsaningong,
dene iki ing M■ntaram
sun pra t■lu kewala,
si Prawiradirja iku,
mapan iya amanggona,
Ana sakidul Yogjeki,
dene si Sumanagara,
muliha marang bawahe,
dene iki Kulon Praga,
sun balekake iya,
mring si Ngabdul Latip iku,
katiga matur sandika,

Poma aja na gumingsir,
sanadyan prapta sabil,
anaa bawah dhewe-dhewe,
dene lamun sayah sira,
ingsun lilani iya,
aso marang Gunung Kidul
iku si Prawiradirja,
Dene Suman■gareki,
gunung Mrapi angasoa,
Ngabdul Latip aneng kene,
lan sagung r■repot ika,
ng■ndi sadh■m■nira,
p■sthi Basah kang kat■mpuh
iya mring pathaksanira (?)
Basah tiga atureki,
pan samya sagah sadaya,
nging Den Prawiradirjane,
umatur dhat■ng Nalendra
lamun mar■ngi karsa,
paduka ingkang Sinuhun
anj■n■ngana kawula,
Mes■m Nata ngandika ris
heh iya Prawiradirja,
mapan ingsun say■ktine,
ayun anglindhungi radat
wus nora duwe karsa,
lawan maneh mapan ewuh,
yen ingsun meluwa sira,
Pasthi iku padha meri,
dene m■ngko karsaningwang,
ayun anglilana bae,
tan karuwan kang sun s■ja,
dene sira Danurja,
apa kang dadi kar■pmu,
melu keri pan prayoga,
Lan kabeh bupati miji,
ya apa sakar■pira,
ingsun tan ngarani mangko,
nging Basah Mr■tanagara,
iku ingkang sun gawa,
lawan Ngabdul Rahim iku,
gam■l lawan punakawan,

Tumungkul Raden Dipati,
dangu tan sag■d matura,
m■ngkana lon ature,
pan p■jah g■sang kawula,
ayun dherek Nalendra,
lan bupati miji sagung,
mapan samya aturira
Lawan ingkang putra kalih.
Pangeran Dipanagara,
Pangran Dipakusumane,
Pangeran Suryawijaya,
mapan nuwun kantuna,
k■dah tumut Basah iku,
mapan linilan kewala,
Sampun dados r■mbag sami,
Den Basah Prawiradirja,
lan Pangeran Basah mangko,
Suman■gara pan nulya
kinen sar■ng budhala,
saking ing Tangkisan iku,
karsanira Sri Nalendra.
Dhumat■ng sawetan Pragi,
kalawan sawadyanira,
pan wus tan winarna mangko,
kawarnaa Sri Nalendra,
saking Tangkisan budhal
t■dhak mring Pinatak iku,
ayun panggih lan kang rama,
Kangj■ng Pan■mbahan iki,
Ngabdul Ngarip karsanira,
mapan ayun pamit mangko,
sampun ngraos Sri Nalendra,
lamun w■kasan panggya,
Pan■mbahan iku,
neng Sangir p■sanggrahannya,
M■ngkana Sri Narapati,
mapan sampun ap■panggya,
lawan Pan■mbahan mangko,
laj■ng ngrangkul Pan■mbahan
lan kum■mb■ng w■spa,
Sang Nata m■ngkana iku,
kados wus karsaning Sukma,
Kalih pan rumaos sami,

lamun w■kasan apanggya,
riwus nata ngandika lon
Kyai kawula yun kesah,
inggih saking M■ntaram
Pan■mbahan lon turipun
kesah marang ng■ndi Sultan
Paran polahe kang kari,
ing Mantaram p■sthi bubrah,
lamun Sultan kesah mangko,
Sri Nalendra angandika,
Kyai kados punapa,
mapan kawula satuhu,
kados karsaning Ywang Sukma,
Tan pirsa w■kasaneki,
nanging k■lamun uninga,
mring paman Behi tilase,
pan k■dah n■psu kewala,
marma kaj■ng kawula,
mapan nyingkirak■n n■psu,
dene M■ntawis punika,
Ingkang kula ken n■nggani
mapan inggih Basah tiga,
dene r■repot sagunge,
ing pundi kang rin■m■nan
kat■mpuh dhat■ng Basah,
inggih ing pangr■ksanipun
k■t■mpuh dhat■ng Basah
Pan■mbahan ngandika ris,
mangsa padhaa lan Sultan
ingsun tan pr■caya mangko,
Sri Nalendra angandika,
Kyai anglir punapa,
kawula tan sag■d sampun,
ngampah mring n■psu punika,
Yen tan kesah nulya Kyai,
pitung dint■n antawisnya,
kawula mresa sr■ngenge,
punika lamenira,
yen tinulungan Sukma,
pun Laknatolah puniku,
pitung dint■n kados sirna,
Ingkang c■lak kula Kyai,

genipun atilar dunya,
sabab kula satuhune,
sampun tan sag■d neng dunya,
sar■ng paman punika,
kinarsak■n mring Ywang Agung,
mapan kawula pribadya,
Tan sag■d parentah jalmi,
dene punika sadaya,
ingkang t■ksih kantun mangko,
pan sanes kaj■ngnya samya,
Kyai lawan kawula,
dene Sampeyan wus s■puh,
marma tan sag■d kawula,
Dene yen anema k■dhik
kenging kula kanthi ika,
Pan■mbahan sar■ng anom
timbalanira Nalendra,
m■ngkana aturira,
lamun m■ngkono karsamu,
s■nadyan mati uripa.
Sultan aku lumuh kari,
Sri Nalendra angandika,
Kyai langkung rub■de,
pan inggih lampah kawula,
badhe asr■rang baya,
lan tan wont■n kula jujug
pan manut lembaking driya,
Lawan yun ny■rah ing t■kdir,
punapa sapar■ngira,
mrih pajangk■n l■lakone,
yen kula datan kesaha,
mapan inggih kewala,
singa kinarsakna iku,
m■ngkana J■ng Pan■mbahan
Esmu s■r■t ngandika ris
lamun wus m■ngkono Sultan
mapan iya awakingong,
sun duga wus nora kuwat
nanging pan■dhaningwang,
ing sa■nggon mati ingsun
muga Allah narimaa.
Ngant■pi mring Eslam mami,
iku lamun pinatenan

yen tan mati kaya priye,
mapan ingsun wus tan n■dya,
dennya prapteng akerat,
lamun ad■rbeya ratu,
saliyane Sultan sira.
Sabab badan ingsun iki,
sun rasa wus bisa bangkat
k■lamun cin■k■l bae,
Sultan paran karsanira,
Sri Nalendra ngandika,
lawan ng■mu waspa iku,
dadya samya mijilira.
mapan lamun
cin■p■ng Kyai,
gih sampeyan nurut,
nging satunggal sampun n■dya
bae,
lamun n■dya dados batal
kiyai,
iman sikuneki,
nging n■dya puniku,
Sakit p■jah pan sampun
pinasthi,
gantungan sumaos,
marma kula punika y■ktose,
nanging kantun inggih
w■ktuneki,
kang kula ■ntosi,
p■jah g■sang tuhu,
Pan kawula Kyahi datan uning,
kagungan Yyang Manon,
nging manungsa s■mangga
darbeke,
bekja sakit kyahi lawan pati,
katiga wus p■sthi,
gantungan puniku,
Mapan inggih ganjaran wus
p■sthi,
wong aneng dunya ku,
datan ewah ing lokilmahpule,
nging manungsa kyahi tan udani,
mring pap■stheneki,

karsaning Yyang Agung,
Nging ug■re Islam mung
satunggil,
pan pasrah kimawon,
sakit p■jah tan gumingsir
mangko,
nanging iman ingkang den
ant■pi,
parentahing dalil,
Kur'an y■ktosipun,
Marma anggr■ sampun n■dya
kyahi,
sae lan puniku,
basa sa-e punika
t■gese,
dhepe-dhepe mapan k■dah ugi,
gennya luru urip,
nikmating duneku,
Nging punika ugr■ripun kyahi,
iman isakipun,
sabab donya mapan p■ngraose,
anglab■ti benjang prapteng
akhir,
nging punika kyahi,
mapan dipun emut,
Dene badan pisak neng
donyeki,
Islam ngamalipun,
Pan■mbahan wus padhang galihe,
mapan aris ngandika mring siwi,
wis ta Sultan mami,
nging nuhun pangestu,
Muga ingsun oleh sih Yyang
Widi,
supangating Rasul,
dene alingna pratingkah
mangkono,
Kangj■ng Sultan angandika aris,
Insa'allah kyahi,
gya jawab asteku,
Nanging ingsun dherekak■n puji,
lawan donganing wong,
jinurunga mring Allah karsane,

Kangj■ng Sultan aris aturneki,
gih nuhun kyahi,
gya budhal sing gunung,
Pan■mbahan pan wus tan winarni,
Kangj■ng Sultan
mangko,
t■dhak saking Sangir prapta
mangke,
ing Pinatak lawan sawadyeki,
m■ngkana karsa Ji,
sagung dharat iku,
Tan kalilan dherek mapan sami,
kinon kantun mangko,
neng Pinatak sagung dharat
kabeh,
ingkang dherek nging kang pra
dipati,
santana satunggil,
putra kalih iku,
Punakawan nging tiga puniki,
Ngampil kalih mangko,
pan lancarran sang Nata
karsane,
tigang dasa mapan win■tawis,
ingkang dherek sami,
pan kapalan iku,
Marma dharat tan kalilan iki,
sabab karsa katong,
pan n■rajang laknat barisane,
lamun mawi dharat angrub■di,
karsannya Nr■pati,
wus bab■gjan iku,
Mapan ingkang munggeng ing
ngarsa Ji,
Raden Basah mangko,
n■nggih Martanagara lan maneh,
ingkang rayi Pangran
Ngabdulrakim,
Pangran Dipanagari,
Den Dipati pungkur,
Lawan sagung kang para dipati,
sing Pinatak bodhol,

mapan miyos sing Waja Sang
Rajeng,
marmaning Hyang laknat tan uning,
sagung ingkang baris,
aneng Waja iku,
Lepen L■r■ng kenging
densabrangi,
marmaning Hyang Manon,
bakda ngisa Sang Nata angkate,
sing Pinatak mapan sampun
prapti,
Gun■man Nr■pati,
mapan waktu subuh,
Pan lampahan tigang dint■n iki,
lamun lumrahing wong,
sing pinatak n■nggih gun■mane,
mapan kend■l Kangj■ng Sri
Bupati,
ngasokk■n turanggi,
neng ngandhap gurdeku,
Basah Martanagara pan nuli,
animbali mangko,
n■nggih wau dhat■ng prajurite,
Rangga Bapang Gomawijayeki,
mapan sampun prapti,
wong Bocor s■darum,
Lawan ngambal kalih atus iki,
m■ngkana Sang Katong,
mapan dangu Den Basah barise,
Bapang Gomawijaya turneki,
abdi dal■m sami,
prajurit myang sagung,
Pra dipati lawan basahneki,
neng K■jawan Katong,
Sri Naledra m■ngkana karsane,
mapan nusul mring K■jawan iki,
mapan saso sami,
sadint■n sadalu,
Neng Gun■man gya budhal
Nr■pati,
mring K■jawan mangko,
datan kantun sawadya kuswane,
tan winarna neng marga Nr■pati,

K■jawan wus prapti,
nging Den Basah iku,
Gandakusuma mapan wus ngalih,
dennya baris mako,
aneng panj■r lan saprajurite,
ing K■jawan nanging
dent■nggani,
bupati kekalih,
tiga lawan rasus,
Aturira Rahaden Dipati,
tinimbalan mangko,
Raden Basah lan saprajurite,
nging Sang Nata mapan tan
nglilani,
karsanya Nr■pati,
yun l■lana iku,
Pitung dint■n neng Ngrema
Nr■pati,
nulya budhal mangko,
mapan dhat■ng ing tanah
Panj■re,
tan winarna ing marga wus
prapti,
tanah panj■r aji,
ing P■lumbon dhusun,
Raden Basah Gandakusumeki,
mapan baris mangko,
aneng lepen Kajang lan sagunge,
kang prajurit myang niyaka
sami,
nulya dentimbali,
mapan prapta sampun,
Lawan sagung kang
niyaka sami,
myang prajurit mangko,
pitung atus mapan w■tarane,
dados sangang atus kumpulneki,
lawan kang prajurit,
Basah ingkang sepuh,
Kadya sampun karsaning Yyang
Widi,
Sri Nalendra mangko,

ing tyasira yun l■lana bae,
Basah Gandakusuma turneki,
nuhun karsa Aji,
nging nata tan payun,
Pan m■ngkana sabdanya
Nr■ngpati,
heh Basah karseng ngong,
gung prajurit bubar■na kabeh,
dimen aso mapan ayun mami,
anutukk■n iki,
l■lana mring gunung,
Ayun w■ruh niskaraning wukir,
aja prang dhingin mangko,
lamun ingsun durung mudhun
mangke,
Raden Basah langkung cuwaneki,
nanging matur ajrih,
pan wus tan cinatur,
Sri Nalendra nulya budhal iki,
sing Palumbon mangko,
lawan Basah Martanagarane,
nanging sagung kang prajurit
sami,
kinon mantuk iki,
nging Panj■r Tum■nggung,
Kalap■ting lan
prajuritneki,
kang dherek Sang Katong,
sabab iku kang wruh jajahane,
myang punggawa kang saking
M■ntawis,
tigang dasa iki,
pan wus tan cinatur,
Sri Nalendra gennya jajah ardi,
panj■r lawan mangko,
Bahw■rayang lan Selamanike,
Gowong mapan samya dent■dhaki,
m■ngkana Nr■pati,
cobaning Hyang Agung,
Pan ginanjar gr■rah sang■t iki,
pan dadya Sang Katong,
m■sanggrahan neng Lobang
Andonge,

Basah Martanagara karsa Ji,
kinen mudhun iki,
mring Palumbon iku,
Kang Bupati Gowong Selamanik,
pinaringk■n mangko,
lawan Panj■r kang t■ngga Sang
Katong,
nanging kantun niyaka M■ntawis,
lan kapalan sami,
wus datan cinatur,
Raden Basah M■rtanagareki,
wau dennya mudhon,
kawarnaa Sang Nata gr■rahe,
anang Lobang Andong sang■t iki,
c■l■b Sri Bupati,
pan asring puniku,
Supenira kawarna kang rayi,
Kangj■ng Pangran mangko,
Ngabdul Rahim asring pamuwune,
yen tumingal marang Sri Bupati,
sabab risak iki,
kang salira iku,
Lawan asring pan kinen m■t■ki,
kang rayi puniku,
mring J■ng Sultan pan sring
pamuwune,
Kangj■ng Sultan angandika aris,
heh sira Dul Rakim,
sun takon satuhu,
Kaya paran sireku sok nangis,
apa eling mangko,
marang anak bojonira kuwe,
lamun eling muliya sireki,
iya mring M■ntawis,
sun lilani iku,
Pangran Ngabdulrakim aturneki,
tan sup■na Katong,
lamun amba d■rbe tyas m■ngkono,
nilar dhat■ng Kangj■ng Sri
Bupati,
nolih anak rabi,
pan amba saestu,

Datan gadhah niyat mapan kalih,
nging Paduka Katong,
awal akir tan sum■dya malih,
mapan ngratu dhumat■ng
liyaning,
lawan ambanguni,
ubanggi puniku.
Inggih lamun tan
kangkat karsa Ji,
Laknatolah mangko,
yen tan sirna sing tanah
Jawane,
mapan amba kapengin y■kti,
p■jah margineki,
ing sabillolahu,
Pan tan s■dya amba kang
gingsiri,
mring niyat puniku,
nanging amba puniku y■ktose,
lamun dulu salira Nr■pati,
mapan k■dah nangis,
tan uning satuhu,
Inggih dhat■ng kaj■nge kang
tangis,
mes■m J■ng Sang Katong,
angandika heh Ngabdulrakime,
yen m■ngkono tangisira y■kti,
mapan ati salim,
ingkang nangis iku,
M■ksih ana mapan denkar■pi,
tan kaduga mangko,
Kangj■ng Pangran m■ngkana
ature,
kados l■r■s timbalan Nr■pati,
pan amba rumiyin,
Dewaji g■guru,
Inggih dhat■ng Kyai Taptajani,
nanging mapan y■ktos,
dereng ngantos dumugi wulange,
manah amba mapan dereng tampi,
pan kas■lak ugi,
Seh Taptajaniku,
mantuk dhat■ng ing

rahmatolahi,
mes■m J■ng Sang Katong,
ris atanya heh Ngabdulrakime,
guru apa sira dhingin,
marang Seh Taptajaneki,
J■ng Pangran wotsantun,
Babing dikir lawan tekat kalih,
kadariyah mangko,
inggih lawan k■jaba riyahe,
manah amba dereng kantos tampi,
mring p■nganggp■p y■kti,
mrih s■lam■tipun,
Mapan langkung sing
pakew■dneki,
p■t■ng tyas bay■ktos,
kadariyah pan k■laj■ng mangke,
jabariyah langkung tunaneki,
kalawan bab dikir,
dereng padhang tuhu,
Mapan inggih kang pinand■ng
y■kti,
lawan malihipun,
angg■p ing tyas dhumat■ng Hyang
Manon,
praptanipun mapan margi tokid,
mes■m Sri Bupati,
angandika arum,
Heh ta iya iku Ngabdulrakim,
p■takonireku,
mapan ngelmu kang bang■t
langkane,
Pangran Ngabdulrakim atur
b■kti,
pan amba Dewaji,
nuhun b■rkah tuhu,
Inggih ngelmi kang kalih
pr■kawis,
angg■p mring Hyang
Manon,
pan punika kang dados p■t■nge,
manah amba langkung dereng
tampi,

iya Ngabdulrakim,
m■ngkene yen ingsun,
Marma kadariyah batal y■kti,
iku pan m■ngkono,
wus tan ngrasa aneng dunya
kiye,
lamun iku ana ingkang kardi,
nging pangrasaneki,
ana pribadi ku,
Mapan nora nana liyan maning,
p■ngrasane iku,
kang misesa nging kar■pe dhewe,
dunya kerat ngrasa misesani,
dadya batalneki,
tekat m■ngkono ku,
Sabab wus tan angrasa kinardi,
jabariyah mangko,
pan m■ngkono Dulrakim tekade,
aneng dunya iku pan kinardi,
tan ana pribadi,
myang ngakerate suk,
Wus tan nana lamun mati uwis,
tekad kang m■ngkono,
marma batal iku t■mahe,
aneng dunya uripira iki,
nanging kang pinikir,
sandhang pangan iku,
Dadya anglir khewan uripneki,
marma tuna mangko,
adariyah lir eblis uripe,
marma liwat iku
Ngabdulrakim,
J■ng Pangran tur b■kti,
lawan ris umatur,
Marma p■t■ng tyas amba say■kti,
mapan kalihipun,
inggih nunggil mapan w■kasane,
kados pundi ing p■nganggeneki,
dadosipun suni,
pan kalih puniku,
Pan m■ngkene karo
Ngabdulrakhim,
kadariyah mangko,

pan yaiku wong kapir tekade,
jabariyah mapan kupur iki,
Islam tekadneki,
ingkang suni iku,
Pangran Ngabdulrakim tur
wotsari,
marma tyas pukulun,
mapan langkung saking pakew■de,
tekad kalih dadosipun suni,
pan punika kalih,
sami y■ktosipun.
Margi suni kalih batal sami,
mes■m Kang Sinuhun,
pan m■ngkone iku p■nganggene,
kadariyah anglir ■mas iki,
jabariyahneki,
lir t■mbaga iku,
Tekad kalih dendadi sawiji,
dadi suni mangko,
kadariyah k■jabariyahe,
tunggal■na iku Ngabdulrakhim,
dadi aran suni,
yen t■mbaga iku,
Yen wus amor lawan ■mas p■sthi,
alang rane roro,
pan suwasa dadi ku arane,
kapir kupur yen wus ilang iki,
Islam araneki,
wus den awas iku,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrakim
nuli,
ngusweng pada Katong,
riwusnya gya umatur malih,
kados pundi punika bab dikir,
kang pinand■ng ugi,
ing w■kasanipun,
Kangj■ng Sultan mes■m ngandika
ris,
tan kaya rening ngong,
mundur kaya wong nan■mpuhake,
dene ingkang dikir iku adhi,
pan sira yun milih,

ing wiwitan iku,
Pan kalimah tayiban kang
p■sthi,
den b■n■r rening ngong,
kalimahe mring Nabi esbate,
napi suwung mapan kar■peki,
esbatana iki,
lamun isbat tuhu,
Mapan ana kang pinand■ng y■kti,
iya isim mangko,
mapan isim jalalah arane,
iya ingkang aneng jrone ngati,
mapan denarani,
sanubari iku,
Pan ing jantung m■ngko lair
neki,
J■ng Pangran turnya lon,
kados pundi malih ing
ngindhake,
kang bab dikir kathah ingkang
warni,
mes■m Sri Bupati,
mapan kabeh iku,
Yen wus ngumpul mapan mulih
maning,
marang isim mangko,
iya sipat jalalah arane,
dene dikir papat araneki,
mapan iku dhingin,
napi esbat iku,
Yen wus tutug ing niskaraneki,
mapan isim mangko,
iya ■dat adhi ku arane,
mapan nuli dikir isim a'ib,
lan a'ib ina'ib,
iku papatipun,
Papat iku mulih mring san
kamil,
kang kinarya g■dhong,
marma yen wus t■ka san kamile,
adhi ilang arane pan iki,
kawula lan Gusti,
ing Kur'an tinutur,

Ana lapal marjalbahraeni,
yaltakininiku,
lan barjanunlibahina mangke,
poma sira den w■spada adhi,
sabab nunggal uwis,
dadi siji iku,
Isbat lawan adhi ingkang napi,
pan tan ana loro,
s■but lawan kang sin■but kuwe,
nanging kari pand■ngira iki,
yen wus w■ruh adhi,
poma aja w■ruh,
Lamun katon ja sira tingali,
pan dating Hyang Manon,
pan mung iku Islam w■kasane,
dikir salat pan padha pribadi,
yen sira wus kamil,
lawan khangi turu,
Lara pati wus tan ana adhi,
pan iku wor-winor,
pan ing dunya lawan ngakerate,
nanging dunya bedane ta adhi,
sipat ngaral m■ksih,
kang manungsa iku,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrakhim
nuli,
ngaras pada Katong,
mapan langkung padhang ing
galihe,
mapan angsal karilaning Widi,
sagung ingkang ngelmi,
landh■p tampenipun,
Wus k■raos suraosing ngelmi,
karsaning Hyang Manon,
Kangj■ng Pangran mengkana
ciptane,
mring Nalendra pan tigang
pr■kawis,
sudarma say■kti,
guru lawan ratu,
Dadya kang tyas wus tan s■dya
gingsir,

lumampah s■pakon,
■n■ng■na tan winarna lire,
kawarnaa Kangj■ng
Sri Bupati,
mapan sampun lami,
aneng Bulubadhung,
Dennya g■rah pan wus dhangan
iki,
karsane Sang Katong,
arsa t■dhak mring tanah
Panj■re,
nusul mring Den Basah
M■rtanagari,
enjing budhal nuli,
saking Bulubadhung,
Datan kantun kang para dipati,
m■ngkana winuwus,
Jayacapa k■dah wangsul bae,
nging pin■ksa mring gam■lireki,
w■sta Sumatali,
pan lagya tumurun,
Saking Bulubandhung mapan nuli,
cobaning Hyang Manon,
laknatolah mapan m■thukake,
langkung kathah pan mayor
magilis,
n■nggih tindhihneki,
laj■ng ng■drel iku,
Kangj■ng Sultan samya den
aturi,
mring niyaka sagung,
wangsul dhat■ng Bulubandhung
malih,
sabab laknat langkung
kathahneki,
Sang Nata nuruti,
mring sagung turipun,
Kang punggawa mapan wangsul
nuli,
Sang Nata neng ngayun,
ingkang wingking pan bin■r■g
bae,
laknatollah ng■drel minggah

sami,
wus karsaning Widi,
kapal samya kantun,
Pan tan kenging smya den
tunggangi,
nging J■ng Sultan mangko,
mapan sampun t■bih ing lampahe,
ingaturan lum■b■t wana dri,
kang dipuntitihi,
Ki Jayakr■sna ku,
Mapan dadya kas■sr■ Nr■pati,
cobaning Hyang Manon,
ayun wangsul wus tan sag■d
mangke,
ingkang jurang langkung
l■b■rneki,
gya t■dhak N■rpati,
sing turangga iku,
Pan kas■lak laknat anututi,
sarta ngr■drel mangko,
Kangj■ng Sultan nulya l■nggah
bae,
aneng ngandhap ing jurang
puniki,
kinarutug b■dhil,
saking nginggil wau,
Laknatolah langkung kathahneki,
kang nututi mangko,
lawan ng■drel sing nginggil
jurange,
Sri Nalendra pan wus n■dya
y■kti,
yun sabillolahi,
wus tinilar iku,
Marang sagung kang para dipati,
nging kang rayi mangko,
lan kang putra mapan kalih
mangke,
anungk■mi pada nuwun sami,
ngaturan Nr■pati,
lengser saking ngriku,
Panakawan satunggal nameki,

pan pun Rata
mangko,
nangis lawan sru nguman-umane,
n■nggih dhat■ng Rahaden Dipati,
dene nilar iki,
lumaj■ng Sang Prabu,
Den Dipati nulya wangsul nuli,
prapta ngarsa Katong,
lawan nangis m■ngkana ature,
Sri Nalendra yen den aturi,
lengser lan kang rayi,
sang■t aturipun,
Lawan kalih kang putra puniki,
Sang Nata n■bda lon,
wus padha sun tinggal■n bae,
mapan ingsun yen par■ng Hyang
Widi,
ayun angl■boni,
mring sabillolahu,
Putra kalih tiga lan kang rayi,
sang■t aturipun,
nuhun sarta nungk■mi padane,
nging Sang Nata wus tan keguh
iki,
m■ngkana winarni,
laknatolah iku,
Mapan samya n■dya ang■dhuni,
Den Dipati mangko,
mapan langkung kas■sa manahe,
gya rumiyin mapan pados margi,
mapan lurah kasim,
Ja M■nggala wau,
Bantheng Wareng kang samya
rumiyin,
m■ngkana Sang Katong,
mapan laj■ng dipun
p■ksa bae,
mring kang putra kalawan kang
rayi,
mapan sampun manjing,
dhumat■ng wana gung,
Sampun t■bih lawan laknat sami,
gya kend■l sang Katong,

gam■l Sumatali prapta mangko,
pan dinangu Ki Jayacapeki,
lan Jayakr■sneki,
Sumatali matur,
Lamun sampun kenging laknat
kalih,
titihan Sang Katong,
lawan sagung kapal s■dayane,
datan wont■n kantun mapan sami,
dadya Sri Bupati,
mapan ayun wangsul,
Nging kang rayi Pangran
Ngabdulrakim,
sang■t dennya matur,
mapan ew■t Dewaji raose,
lamun prapta sabillolah y■kti,
mangsuli turanggi,
lan wus tebih langkung,
Ag■m dal■m Ki Jayacapeki,
yen par■ng Hyang Manon,
Paduka Ji m■ksih jum■n■nge,
kados inggih nunt■n panggih
malih,
pan sampun ginalih,
luhung laj■ng sampun,
Dadya Nata nurut mring kang
rayi,
sabab turnya mangko,
kasinggihan Sang Nata k■rsane,
Sri Nalendra lawan aningali,
kang pusaka iki,
tug■l lawungipun,
Papak ngantos mapan wangkit
godhi,
sasmita Hyang Manon,
Kangj■ng Kyahi Rondhon wus
adate,
yen Sang Nata badhe susah
manggih,
nulya mr■tandhani,
dadya l■s Sang Prabu,
Kang kaesthi Basah ing

M■ntawis,
pan katiga iku,
kadosampun asedheng
manahe,
sabab ingkang pusaka Nr■pati,
tiga putung sami,
pan landheyanipun,
Kyahi Gagaksara lawan Kyahi,
Mundhingwangi iku,
nging Sang Nata kend■l langkung
tyase,
sampun mupus mring purbaning
Widi,
dadya namung aji,
ang■ntosi waktu,
Praptanira mring sabillolahi,
ingkang dipunantos,
Sri Nalendra m■ngkana ing
tyase,
sampun pasrah mring
Rabilngalamin,
nging sang■t Nr■pati,
ing panamuripun,
Datan mantra k■tawis karsa Ji,
lamun wus mangkono,
yen M■ntawis kang dadi galihe,
malah dangu kewala Nr■pati,
mapan datan apti,
laminya Sang Prabu,
J■ngkar saking ing
tanah M■ntawis,
mangkya tela sampun,
lamun Basah kang neng
M■ntawise,
tiga samya sampun sedheng
y■kti,
pan Kangj■ng Kyahi,
Rondhon t■ng■ripun,
Dadya laj■ng lampahnya Nr■pati,
pan nare s■dalu,
aneng marga Den Dipati ture,
Sri Nalendra mapan den aturi,
nusul Basah maring,

Palumbon puniku,
Laknatolah wus datan winarni,
kawarna Sang Katong,
mapan langkung r■mb■ning
lampahe,
sabab ingkang pada Sri Bupati,
mapan r■mpu kalih,
datan nate iku,
Pan lumampah dharat Sri Bupati,
marma samya aboh,
ingkang pada Sang Nata kalihe,
mapan ngrempong ing
samargi-margi,
wus n■mah Nr■pati,
lamun sanggenipun,
Prapta dhat■ng ing sabillolahi,
n■mah tyas Sang Katong,
saking sang■t Sang Nata
gr■rahe,
kawarnaa Raden Basah iki,
M■rtan■gareki,
pan sampun kap■thuk,
Aneng marga lan Sri
Narapati,
mapan s■dyanipun,
inggih nusul mring
Bulubandhunge,
pan punuju kap■thuk ing margi,
dadya kend■l Aji,
neng Luwan s■dalu,
Basah M■rtanagara ningali,
dhumat■ng Sang Katong,
mapan laj■ng kum■mb■ng waspane,
lan winartan mring Raden
Dipati,
marang solahneki,
duk neng Bulubandhung,
Langkung ngungun Basah
M■rtanagari,
Sang Nata tanya lon,
Basah sira nusul pakarane,
mapan ingsun iki uga y■kti,

yun nusul sireki,
pan k■par■ng iku,
Panujune k■papag sireki,
Den Basah turnya lon,
badhe atur uninga wiyose,
abdi dal■m sampun samya prapti,
ingkang t■bih-t■bih,
Gowong L■dhok K■dhu,
Lepen B■n■r lamun Selamanik,
Sang Nata n■bdalon,
kaya pan Basah sun mangkene,
pan ginanjar lara mring Yyang
Widi,
aja ngant■p jurit,
dhingin sira iku,
Antenana dhingin ingsun
dhin,
babing prang iku,
aja ngant■p yen tan
waras ingong,
Raden Basah esmu cuwa galih,
ayun m■ksa ajrih,
m■ngkana Sang Prabu,
Ingaturan m■sanggrahan iki,
aneng Lobang Andong,
mapan tanah Panj■r wanane,
tum■nggungnya wasta Kalapaking,
kang kinon ngadosi,
dhumat■ng Sang Prabu,
Ingaturan turangga satunggil,
mring Den Basah mangko,
riwusira Den Basah gya lengser,
wangsul marang ing Palumbon
malih,
sapraptanya nuli,
Raden Basah iku,
Ing Palumbon nulya r■mbag sami,
lan kang pra tum■nggung,
nek m■ksih abaris Palumbone,
kac■lakk■n lawan Sri Bupati,
m■nawa n■kani,
laknatolah iku,
Lamun jurit dadya baribini,

dhumat■ng Sang Katong,
sabab c■lak sampun r■mbag
mangke,
lawan sagung kang para dipati,
k■lamun angalih,
mring Roma puniku,
Raden Basah nulya budhal iki,
sing Palumbon mangko,
lawan sagung kang
pradipati-ne,
s■dya nunggil kalawan kang
rayi,
Raden Basah iki,
Gandakusumeku,
Neng K■jawan n■nggih dennya
baris,
sawadyanya mangko,
tan winarna Den Basah praptane,
sampun nunggil kalawan kang
rayi,
kawarna Nr■pati,
kang neng Panj■r iku,
Lobang Andong p■sanggrahan Aji,
nging karsa Hyang Manon,
Kangj■ng Sultan sangsaya
gr■rahe,
mapan sang■t tan sag■d lumaris,
laknatolah asring,
langkung c■lak iku,
Den Dipati langkung marasneki,
bokkon nangas mangko,
dadya matur dhumat■ng Sang
Rajeng,
nuwun pamit kinarya s■ngadi,
mapan yun ny■puhi,
basah kalihipun,
Lawan sagung kang para dipati,
sinuwun s■darum,
mapan lawan pangran katigane,
aturira n■nggih Den Dipati,
amrih samuneki,
Sang Nata pan nurut,

Nging J■ng Pangran
Ngabdulrakhim n■nggih,
lan kang putra mangko,
Kangj■ng Pangran Dipanagarane,
langkung mopo pan tan tega
y■kti,
nilar Sri Bupati,
pan lumuh k■langkung,
Nanging m■ksa n■nggih Den
Dipati,
mring panuwunipun,
Sri Nalendra wus uning w■kase,
nanging esmu wirang mring Hyang
Widi,
yen datan nuruti,
m■ngkana n■bda rum,
Heh ta Ngabdulrakim ari mami,
pa gene sireku,
nganggo datan sokur ing Yyang
mangko,
apa lali sira Ngabdulrakim,
mring jangjining ngelmi,
nurut tareningsun,
Dadi ilang pasrahira y■kti,
marang ing Hyang Manon,
mundur jisim sira eman kuwe,
Ngabdulrakim mapan jisim iki,
pratandha say■kti,
nanggung loro iku,
Marma k■na ngaranan dennya iki,
sabab nanggung loro,
iya donya lawan ngakerate,
aneng jisim mangko lairneki,
ala lawan b■cik,
kono t■ngreripun,
Dadya w■nang ngaran ngamal
jisim,
sabab nanggung loro,
lara waras neng jisim laire
Ngabdulrakim wus aja kotolih,
mundhak mam■t■ngi,
mring iman reningsun,
Pan katisnan lair

iku eblis,
kang godha rening ngong,
kang densuprih iya p■mbawure,
tingalira marang kang s■jati,
pan iman say■kti,
nora k■na lampus,
Nanging lara iku k■na adhi,
sabab ngaral mangko,
pan larane ing iman mangkene,
kaya sira lumuh pakon mami,
sabab ngeman y■kti,
mring jasmaningsun,
Aku uga mapan godha yayi,
n■psurane m■ngko,
anglarani mring iman t■mahe,
t■g■s laraning iman pan adhi,
p■t■ng tingalneki,
marang ing Yyang Agung,
Pangran Ngabdulrakim matur
aris,
pan amba Sang Katong,
mapan dereng kusus sadayane,
babing iman sarya kang upami,
m■ndhung n■psu y■kti,
pan wicalanipun,
Pan s■daya wont■n sipat y■kti,
pan wicalanipun,
kang dat sipat 'asngallan
'asmane,
kados pundi genipun nyinggahi,
sipat wujud lair,
mes■m Kang Sinuhun,
Pan m■ngkene iku Ngabdulrakim,
yen wus sira mangko,
aneng kandi mring iman
rening ngong,
iya lawan pitulung Illahi,
supangating Nabi,
lir angilo iku,
Denalanga den ujura iki,
pan tunggal rening ngong,
lir br■rambang sabungkul

pamane,
denkongsi ntek denira ngonceki,
tan beda rupeki,
lir angumbak banyu,
Banyu dandang anglir sumur iki,
kl■bon najis mangko,
kabeh iku mapan tunggal bae,
t■g■s ■dad pan lairing urip,
sipat rupa adhi,
apngal gaoteku,
Asma isim kang jalalah y■kti,
marma padha mangko,
sirnaning dat kalimput sipate,
sirna aran aneng apngal iki,
lamun mulih maning,
pan anglir puniku,
Nanging ■dat ingkang
m■sesaning,
dene sipat mangko,
pan kinarya k■nyataan bae,
apngal asma kumpul sipatneki,
dadi nanging keri,
dat lan sipat iku,
Dene sipat iku ingkang lair,
tan pr■beda mangko,
iya lawan kang sipat batine,
ingkang rusak lan tan rusak
iki,
mapan tunggal y■kti,
kang wus sirna iku,
Ingkang kadim keri neng
donyaki,
mapan aran mangko,
iya kanthu kalawan ngapngale,
marma sira aja mamang adhi,
dadi batal iki,
makripatireku,
Pan wus nora k■na rusak p■sthi,
kadime Yang Manon,
pan sr■ngenge iku upamane,
bund■rira mapan wus pinasthi,
karsanya Ilahi,
m■ngkono lir ujud,

Pan padhange iku dat say■kti,
apngalira mangko,
iya iku pan wira-wirine,
lamun b■ngi leren tan lumaris,
kari asmaneki,
aja salang surup,
Marmanira ja sum■lang adhi,
aninggal maring ngong,
mapan Allahu sah emuh khitatin,
gung manungsa aneng donya iki,
tan k■na ngowahi,
mring pap■sthen iku,
Aneng donya ngalam rusak iki,
pan darbe l■lakon,
ngalam langg■ng besuk kat■mune,
pan wus p■sthi nora owah iki,
marma aja kongsi,
batal areningsun,
Kangj■ng Pangran
Ngabdulrakim nuli,
ngaras pada Katong,
mapan langkung padhang ing
galihe,
kadya angsal karilaning Widi,
marang w■jang iki,
pan sampun k■cakup,
Dadya sampun sumendhe mring
t■kdir,
narah karsa Katong,
Kang Sinuhun langkung sokur
tyase,
ingkang rayi landh■p tampineki,
pasah dhat■ng ngelmi,
lan w■spada sampun,
Mapan dhat■ng karsa kang
s■jati,
salang surupipun,
ingkang ngelmu pan w■spada
mangke,
tan winarna niskaranya sami,
pan wus budhal iki,
sing ngarsa Sang Prabu,

Pan l■stari n■nggih lampahneki,
marga tan winutos,
sampun prapta ing K■jawan
mangko,
nulya nunggil lawan Basah
kalih,
n■ngna kang winarni,
Lobang Andong iku,
Sri Nalendra mapan kang
winarni,
neng t■ngah wana gung,
Lobang Andong pan iku arane,
gr■rah sang■t mapan kang
ngladosi,
panakawan kalih,
m■ksih alit iku,
Lare bajang n■nggih kang
satunggil,
tur b■l■r puniku,
pinaringan nama
Banthengwareng,
kang satunggal pun Rata nameki,
pan s■lamineki,
l■lana Sang Prabu,
Datan kantun ponakawan kalih,
m■ngkana Sang Katong,
mapan wont■n mayare gr■rahe,
ingaturan ngalih tiyang siti,
sabab langkung watir,
Lobang Andong iku,
Mapan ragi c■lak lawan margi,
lepen Kajar mangko,
Sri Nalendra pan nurut ature,
marang b■k■l lepen Kajar iki,
pan pinaring nami,
an■nggih pun Petruk,
Ing S■badha b■k■l kang
ngladosi,
dhumat■ng Sang Katong,
mapan kalih pinaring namane,
S■mar Gareng samya patutneki,
kalawan kang warni,
tiga sampun r■mbug,

Sri Nalendra ingaturan ngalih,
mring S■badha mangko,
sampun mangkat sing Lobang
Andonge,
mring S■badha tan winarna
margi,
wus rawuh Nr■pati,
ing S■badha iku,
M■sanggrahan neng t■ngah wana
dri,
Laba namanipun,
dadya kambuh Sang Nata
gr■rahe,
langkung sang■t panakawan
kalih,
mapan samya nangis,
maras manahipun,
Banthengwareng lan pun Rata
iki,
neng dagan sang Katong,
lare kalih pan sang■t tangise,
S■mar Gareng Petruk tumut
nangis,
ngandika Nr■pati,
nora mati ingsun,
Wus ta padha m■n■nga anangis,
pan kuwur tyasing ngong,
nulya kend■l samya panangise,
ing S■badha na dhukun sawiji,
wus s■puh pawestri,
gumati k■langkung,
Mapan dhat■ng Kangj■ng Sri
Bupati,
ragi k■nes mangko,
randha Nyai Asmara turune,
gam■l kalih wasta Sumatali,
mapan sik■pneki,
Jaka Dholok iku,
Sampun lama n■nggih Sri Bupati,
aneng Laban mangko,
ragi sampun adhangan gr■rahe,
angladosi tiyang wolu estri,

■n■ngna Sang Aji,
K■jawan winuwus,
Basah kalih lan Raden Dipati,
Pangran tiga mangko,
kang prajurit pan sewu cacahe,
nanging asring
kas■sr■ kang jurit,
sab laknat iki,
langkung kathahipun,
Tigang tanah pan dados
satunggil,
mapan langkung bingung,
Raden Basah sring mundur
kimawon,
■n■ng■na wau ingkang jurit,
kawarnaa kang prapti,
n■nggih Mas Pangulu,
Lawan Dolah Kaji Badarodin,
Kyahi Mlangi mangko,
Kaji Iman Raji sar■nge,
samya nusul pan saking
M■ntawis,
panggih Den Dipati,
kathah w■rtanipun,
Den Dipati saya lit tyasneki,
sar■ng mirsa mangko,
yen M■ntawis Basah katigane,
sampun tiluk mring laknatolahi,
nulya r■mbag iki,
lawan Mas P■ngulu,
Mapan taken dalil ingkang
kenging,
yen b■dhami ko,
Mas Pangulu Kyahi M■langine,
Khaji Raji matur lamun kenging,
sabab dening langip,
mapan r■mbag sampun,
Gya ngaturi Pangran Dulrakhim,
Den Dipati mangko
mapan lawan Pangran
Dipan■garine,
Pangran Dipakusuma
wus prapti,

lawan Basah kalih,
gya r■mbagan iku,
Kaj■ngira n■nggih Den Dipati,
yun b■dhami mangko,
mapan kenging n■nggih ing
ngelmine,
Pangran Ngabdulrakim ngandika
ris,
pan s■nadyan kenging,
nging kula tan payun,
Lamun panggih lan laknatolahi,
wus ubanggi ingong,
lamun ingkang Sinuhun pamine,
yen tan jaya n■nggih juritneki,
luhung kula dhingin,
mati rila tuhu,
Marmanipun prakawis puniki,
kakang lamun rampung,
inggih lawan bicant■n pamine,
datan rampung lawan p■dhang
iki,
lung sampun m■nangi,
bot■n sag■d dulu,
Pan dhumat■ng Kangj■ng Sri
Bupati,
Kangj■ng Pangran mangko,
nulya k■sah kondur mring
pondhoke,
Pangran Dipanagara pan sami,
lan kang paman iki,
Basah kalihipun,
Pan m■ngkana samya aturneki,
pan kawula mangko,
sami datan gadhah kaj■ng sanes,
sakit p■jah punapa karsa Ji,
mapan anglabuhi,
tan sum■dya tuhu,
Darbe kayun Ki Lurah say■kti,
nulya kesah mangko,
wangsul marang ing barisan
maneh,
dadya datan angsal r■mbagneki,

n■nggih Den Dipati,
lawan Mas P■ngulu,
Nulya wont■n ingkang s■rat
prapti,
saking Kurnel Naos,
lawan Kornel Kokis pan s■rate,
ingkang b■kta pan kengkenaneki,
Basah ing M■ntawis,
lawan s■ratipun,
Kurnel Kler■s ingkang b■kta
iki,
pan kengkenanipun,
Basah Ngabdulatip lawan maleh,
Jendral Dh■kok kengkenan
pribadi,
Tuwan Samparwadi,
kang kinengken iku,
B■kta s■rat samya ung■lneki,
angaturi mangko,
marang Pangran Ngabdulrakim
maleh,
lawan Pangran Dipan■gareki,
lan kang Basah kalih,
nging samya tan
payun,
Nanging samya jrih
wangsulaneki,
datan tumut-tumut,
Pangran Ngabdulrakim atanya
lon,
mring kang putra Basah
Mr■tanagari,
kulup ingkang ■ndi,
sirna baya iku,
Raden Basah matur awot sari,
r■di inggil puniku,
Kangj■ng Pangran angandika
alon,
kulup iya s■ksenana mami,
yen upami iki,
sun nora kat■mu,
Iya lawan kang Sinuhun maning,
wis dh■m■n neng kono,

pinundhuta sirna baya bae,
maring Allah kang
Rabilngalamin,
pan wus rila mami,
nora bisa dulu,
Tigang dint■n pan antawisneki,
nulya laknat mangko,
mapan minggah k■langkung
kathahe,
Raden Basah mapan tan nangl■di,
ngaler ngetan iki,
n■nggih unduripun,
Lawan sagung kang para
prajurit,
myang dipati mangko,
lawan Pangran Dipanagarane,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrakhim
iki,
wus karsa Hyang Widi,
mapan tapa nuju,
Ngidul ngilen lan Raden Dipati,
Mas Pangulu mangko,
sakancane myang pra
dipatine,
prapta wukir sirna baya nuli,
Pangran Ngabdulrakim,
gya l■nggah neng ngriku,
Laknatolah pan samya nututi,
wus karsa Hyang Manon,
Kangj■ng Pangran Ngabdulrakim
mangke,
ingaturan dhat■ng Den Dipati,
lumaj■ng tan apti,
lawan Mas Pangulu,
Pan sadaya samya angaturi,
J■ng Pangran tan payun,
mapan laj■ng angrupak tingale,
wasiyating guru kang denesthi,
mapan anglab■ti,
dhat■ng ngelmi laut,
Dikir kamil mukamil denesthi,
marmaning Hyang Manon,

pan katrima J■ng Pangran
karsane,
raga jiwa mapan sampun nunggil,
tan pantara prapti,
mring Rahmatolahu,
Ingkang layon dhawah aneng
siti,
samya kaget mangko,
gya sinundhang mring Mas
Pangulune,
nanging sampun laj■ng
kondurneki,
marang ngalam suci,
kang kantun lir pucung.
Datan ngantos sinaenan
layonipun,
pan s■lak kas■so,
laknatolah anututi
ingkang layon m■ngkana la-j■ng den tilar,
Pan lumaj■ng m■ngkana ar■but dhuwung,
kantun gilang-gilang,
kang layon neng pucak ngardi,
Sirnabaya lawan iku marginira,
Nulya ana mapan marganing Yyang Agung,
kang wahidul kahar,
n■nggih kang t■ngga wanadri,
sima langkung ag■ng Tepeng namanira,
Pan punika laj■ng t■ngga layonipun,
kalih rencangira,
samya ag■ng-ag■ngneki,
dadya wangsul sagung ingkang laknatolah,
Mapan ngantos wayu tigang dint■n iku,
kang layon J■ng Pangran,
Ngabdul Rakim kang n■nggani,
nging pun Tapeng kalawan sakancanira,
Den Dipati Mas P■ngulu samya wangsul,
lan sakancanira,
sar■ng tigang dint■neki,
mapan s■dya anyaeni kang kunarpa,
Sima ingkang nama pun Tepeng puniku,
lan sakancanira,
pan nulya samya sumingkir,
mring gr■rumbul m■ngkana wus tan winarna,

Ingkang layon mapan sinaenan sampun,
lir sare kewala,
kinubur pucaking ardi,
Sirnabaya ■n■ng■na ingkang se-da,
Kawarnaa inggih ingkang Sinuhun,
aneng Wanalaban,
sampun dhangan gr■rahneki,
mapan laj■ng ingadh■p kang panakawan,
Bantheng Wareng lawan pun Rata puniku,
pan nuju punika,
S■mar Gareng Petruk sami,
Maratruna pan samya mantuk punika,
Sabab sampun samya eca manahipun,
Sri Nalendra dhangan,
m■ngkana pun Tepeng prapti,
yen jalma apan kadya atur uninga,
Ing tyasira Sang Nata langkung kum■pyar,
nanging tan ngandika,
m■ngkana pun Bantheng Wareng,
lan pun Rata esmu ajrih kalihira,
Bakda ngisa pun Tepeng ing praptanipun,
aneng Wanalaban,
laj■ng ny■p■ng kidang iki,
sadangunya kinarya dolan kewala,
Lare kalih p■ndirangan ulatipun,
sabab langkung c■lak,
yen padhang apan kaeksi,
samya matur dhumateng Sri Naranata,
Pan punapa punika swaranipun,
mes■m Sri Nalendra,
nulya angandika aris,
asu ajag mapan i-ku buru kidang,
Sir■p jalma Gareng Petruk praptanipun,
laj■ng tinakenan,
dhat■ng Panakawan kalih,
marma dangu kap■thuk lawan pun Tepeng,
Ingkang nama Tepeng punapa puniku,
Gareng Petruk n■bda,
simag■ng lurahing ngriki,
pan s■daya sagung ingkang buron wana,
Bandheng Wareng lan Rata samya g■g■tun,
sangsaya ajrihnya,

sadangunya wont■n ngriki,
datan t■bih mes■m Kangj■ng Sri Nalendra,
Sampun lami Sang Nata neng Laban iku,
datan mirsa warta,
ngaj■ng-aj■ng Kalapaking,
pan wus lama Kalapaking datan prapta,
Pan pun Petruk asring den undang puniku,
marang laknatolah,
pan langkung den titi-titi,
nging pun Petruk m■ksa kumbi kewala,
Malah laj■ng sinakitan m■ksa iku,
tan ngak■n punika,
lan nyai maratrunane,
yen mring pasar t■tumbas sring tinakonan,
Dadya S■mar Gareng Petruk samya matur,
lawan maratruna,
Sumatali samya watir,
pan dinuga laknat sampun mirsa warta,
Nulya wangsul sagung laknatolah iku,
m■ngkana Nalendra,
pindhah saking Laban iki,
m■sanggrahan aneng Wana Wadhas Malang,
Sitimiring ingkang wana namanipun,
nging kang dherek ika,
kantun pun Gareng puniki,
S■mar Petruk punika tiyang k■tara,
Sabab b■k■l marma tan kalilan iku,
m■ngkana tan lama,
Sang Nata neng Sitimiring,
Karsanira sang Nata t■dhak mring Rema,
Sampun mangkat sing Sitimiring iku,
prapta Wadhas Malang,
m■ngkana kap■thuk iki,
lawan s■ratira r■sidhen punika,
Nging Sang Nata tan arsa ningali iku,
dene kang kekenan,
kinen b■kta wangsul iki,
ingkang s■rat laj■ng lampahnya Nalendra,
Mapan langkung cobaning Yyang w■ktu iku,
dhat■ng Sri Nalendra,
dumadakan Sumatali,
lan pun Ga-reng bingung datan pirsa marga,
Pan kalintu k■sasar maring wanagung,

mapan margi warak,
ingkang den w■stani margi,
ayun tanya satunggal tan manggih jalma,
Mapan jawah inggih langkung d■r■sipun,
neng sat■ngah wana,
mapan langkung p■t■ngneki,
marmaning Yyang titihanira Sang Nata,
Datan mawa ngambah jurang curi paluh,
kalen l■lumpatan,
wot saking marmaning Widi,
dadya sayah kend■l aneng t■ngah wana,
Pan pun Rata angrempong sang■t puniku,
dadya nyare wana,
wus tan na baya kaeksi,
buron wana s■daya malah rum■ksa,
Kalih dalu Sang Nata aneng wanagung,
ng■ntosi pun Rata,
lan bingungnya Sumatalang,
lawan Gareng Bantheng Wareng langkung kuwat,
Sar■ng sampun samya mantun ingkang biyung,
kalawan pun Rata,
pan sampun sag■d lumaris,
nulya mangkat Sang Nata sing t■ngah wana,
Bandhang warak sima kang lumampah ngayun,
anglir karya marga,
marmanya Sri Narapati,
kang titihan sag■d anurut punika,
Mapan anglir radinan wana puniku,
sagung kang galagah,
lan hr■ri pan sirna sami,
kang kamargan m■ngkana wus tan winarna,
Aneng marga pan l■stari lampahipun,
m■ngkana Nalendra,
mapan sampun rawuh iki,
tanah Rema aneng Pagr■tipis ika,
Wau dennya m■sanggrahan kang Sinuhun,
mapan nulya kinen,
nimbali Raden Dipati,
lawan Basah kalih mapan sampun prapta,
Raden Basah Martanagara puniku,
lawan Raden Basah,
Gandakusuma puniki,

nanging Raden Dipati kang datan prapta,
Sabab t■bih pan sanes panggenanipun,
Basah kalih nulya,
dinangu mring Sri Bupati,
Den Dipati dene tan wont■n katingal,
Raden Basah Martanagara umatur,
pan sanes panggenan,
saking ngriki langkung t■bih,
mapan ngiwa lawan kang s■puh sadaya,
Pan r■mbagan esmu kagyat kang Sinuhun,
ingkang tuwa sapa,
Raden Basah a-tureki,
pan pun Paman Pangulu nusul punika,
Khaji Badarodin Khaji Mam Rajiku,
Ki Mlangi punika,
mapan sampun prapta sami,
r■mbagipun samya ngengingk■n b■dhama,
Den Dipati langkung l■ga manahipun,
kawula den undang,
inggih kalawan pun adhi,
rayi dal■m putra dal■m sampun prapta,
Kang niskara wus mung■l ngaj■ng puniku,
dupi arsa Nata,
mring aturnya Basah kalih,
yen kang rayi Pangran Ngabdul Rakim ika,
Sampun kondur mring Rahmatolah puniku,
mapan tilar donya,
puniku kang dados margi,
geseh karsa lan Raden Pati Danur■ja,
Dadya kend■l Sang Nata dangu anj■ntung,
kathah kang kagagas,
dadya mut purbaning Widi,
aneng donya w■kasan amung punika,
Nulya dangu Nata Pangran kalih puniku,
Den Basah aturnya,
putra dal■m Kangj■ng Gusti,
mapan sar■ng tinilar dhat■ng kang paman,
Kalih samya sang■t muring-muringipun,
dhumat■ng Ki Lurah,
tan kenging amba pamb■ngi,
laj■ng t■dhak dhat■ng ler lepen punika,
Ing Sr■rayu ingkang dherekk■n puniku,
Tum■nggung sakawan,

Pawitan lan Selamanik,
ing Parakan lan Lepen B■n■r punika,
Mapan arsa anj■n■ngi pr■rangipun,
Basah Iman M■sbah,
lawan Raden Basah n■nggih,
mapan Suryawinata putra andika,
Ingkang anem amba datan uning tuhu,
n■nggih karsanira,
ingkang dherek Lurah Kasim,
pun Jagala lawan pun Prawirabawa,
Sar■ng rayi dal■m seda kang Sinuhun,
di dal■m sadaya,
kang b■ktan saking M■ntawis,
mapan samya t■las kang manah punika,
Mas Pangulu lawan Nyai Mlangi iku,
pan nulya katingal,
Basah kalih mapan sami,
dadya m■dal malih ingkang n■psu samya,
Sabab iku ingkang dadya marga sagung,
barang kasusahan,
nulya matur Basah kalih,
pan Sinuhun Ngulami kalih punika,
Pin■jahan gya mes■m ingkang Si-nuhun,
nora kaya sira,
eh Basah ingsun tuturi,
wruhanira sagung manungsa neng donya,
Mapan uwis pinanci ing lokhil mahpul,
b■kja lawan lara,
w■kasan marganing pati,
gung manungsa mapan iku beda-beda,
Nanging siji kang wong urip ingkang tuhu,
pan ngug■ri jasat,
lamun jasadira kapir,
mapan kudu ngant■pi mring kapirira,
Lamun Eslam angant■pi Eslam tuhu,
dadi tan k■bandhang,
lara pati tan gumingsir,
iya iku ingkang ingaranan iman,
Sabab dene anglakoni t■kdir iku,
Basah wong neng donya,
Rahman kang gum■lar iki,
ing akherat mapan mu Rakim kewala,

Marmanira padha den awasireku,
kawulaning Alah,
neng donya nging loro iki,
kapir Eslam ngakeratimbanganira,
Iya loro surga n■raka iku,
marma wong neng donya,
mapan akeh ingkang kapir,
kang nr■ra-ka sabab murah r■ganira,
Kang suwarga bang■t larang ajeneku,
marma kapir arang,
ingkang manjing Eslam iki,
malah Eslam akeh manut kapir padha,
Sabab nora k■lar ing p■tukoneku,
yen tan oleh ika,
sihing Yyang tan k■lar p■sthi,
patukunya marma milih ingkang murah,
Basah kalih samya padhang manahipun,
pan wus narah karsa,
nulya kinen animbali,
Mas Pangulu lan Ki M■langi ika,
Nanging sar■ng kalawan kengkenanipun,
Kurnel Klar■s ika,
mapan atur suratneki,
nging kengkenan kurnel kinen mangsulana,
Mapan dhat■ng Raden Dipati puniku,
nging kang tinimbalan,
Mas P■ngulu Kyai Mlangi,
kalih sampun prapta ngarsaning Nalendra,
Mapan laj■ng ngusweng pada kalihipun,
pan sarya karuna,
riwus Nata ngandika ris,
eh Pangulu ingsun takon marang sira,
Den b■laka dene sira prapta iku,
paran kar■pira,
mapan nganggo ngirid iki,
kongkonane kurnel pa wus t■pung sira,
Lawan kurnel Mas Pangulu aturipun,
pan bot■n kawula,
pan sar■ngan wont■n margi,
nadyan kalih kenanipun Basah,
Prawira Dirja mapan sar■ngan ba tuhu,
b■kta ingkang surat,
kurnel kukis kurnel nais,

lawan Jendral dhekok inggih kengkenan,
Tuwan Sarip Samparwadi kang ingutus,
duk mirsa Nalendra,
mring atur m■ngkono y■kti,
mapan dangu kend■l tan mawi ngandika,
Langkung ngungun tyas sira ingkang Sinuhun,
yen samya m■ngkana,
gya emut burbaning Widi,
lamun Eslam imanipun warna-warna,
Mapan sanes lawan iman kapir iku,
sajuga kewala,
marma samya kaj■ngneki,
lamun Islam kang iman patang pr■kara,
Iman maksum ingkang para nabi iku,
wali pan Hidayat,
m■kbul pan imaning mukmin,
nging t■gayur punika ingkang w■rata,
Laknatolah nanging m■rmud imanipun,
marmanira samya,
sagung laknat kaj■ngneki,
dadya Nata aris ing pangandikannya,
Eh Pangulu dene kang mangkono iku,
iya w■rtanira,
kabeh kancanira iki,
yen m■ngkono dadi ku wus nora pira,
Apa lali kabeh mring Eslame iku,
lan dhingin saguhnya,
ujare padha ngant■pi,
mring Eslame lara pati tin■maha,
Dene m■ngko mapan padha m■ngkonoku,
mati yen waniya,
lara bae nora apti,
liwat nistha iman den urupk■n donya,
Mas P■ngulu m■ngkana ing aturipun,
pan y■ktos kawula,
lawan pun adhi M■langi,
amanggihi dhat■ng Den Prawiradirja,
Mapan saking sang■t kuwatosing kalbu,
pitaken kawula,
dene m■kat■n puniki,
pan punapa kasupen dhat■ng Nalendra,
Raden Basah m■kat■n wangsulanipun,

punapa wong edan,
nging kawula mapan y■kti,
pan angaso sak■dhap kewala,
Sri Nalendra mes■m angandika iku,
sira kaya ngapa,
Pangulu lawan M■langi,
apa nora kasiku marang agama,
Yen wong Islam nganggo ngr■sula pan iku,
wong sayah t■g■snya,
pan ngr■sula batosneki,
nora kurang iya kagungane Allah,
Paran sira Mas P■ngulu pan tumungkul,
tan sag■d matura,
kalawan Kiyai M■langi,
Sri Nalendra mapan nulya angandika,
Mapan dangu dhat■ng Basah kalihipun,
eh M■rtanagara,
lan Gandakusuma iki,
prajuritnya apa wus padha sum■kta,
Raden Basah kalih m■ngkana turipun,
pan dereng punika,
pan amba ken aso sami,
inggih benjing ing wulan ngaj■ng punika,
Mapan amba samya ken prapta sadarum,
lawan dhawah amba,
Paduka yun ngant■p ju-rit,
yen mar■ngi ing karsa Paduka Nata,
Mapan sae m■sanggrahan Sampang iku,
ngrika wetan amba,
sabab di dal■m prajurit,
dereng p■pak marma bilih rahmatolah,
Minggah k■dhik pan amba tangl■di iku,
yen kathah ba tilar,
marma Sinuhun prayogi,
m■sanggrahan wont■n ing Sampang punika,
Sri Nalendra anuruti aturipun,
Den Basah punika,
nging m■ngkana s■bda Aji,
eh ya Basah ingsun turut aturira,
Nanging besuk yen wis padha t■ka iku,
gung prajuritira,
den enggal tutura iki,
Raden Basah aturnya mapan sandika,

Sri Nalendra ngandika mring Mas P■ngulu,
eh P■ngulu sira,
k■lawan sira M■langi,
pan ing m■ngko iya apa kar■pira,
Lamun s■dya aso tunggal laknat iku,
pan luwih prayoga,
mapan iya ingsun iki,
wus an■dya anglabuhi parentahing wang,
Nora k■na lamun tunggal laknat iku,
Mas P■-ngulu turnya,
lawan Kyai Malangi,
sakit p■jah pan amba dherek kewala,
Nulya budhal Sang Nata saking ing ngriku,
Pag■r tipis ika,
ingkang dherekk■n Narpati,
Raden Basah Gandakusuma punika,
Lawan ingkang prajurit Mantrijro iku,
n■nggih Raden Basah,
Martanagara pan m■ksih,
kantun baris neng r■di Condhong punika,
Pan pun Rata lawan Suma tali iku,
tan sag■d lumampah,
samya kantun neng K■muning,
pan pun Gareng sampun mantuk mring S■badha,
Bantheng Wareng ingkang bot■n kantun-kantun,
mapan langkung kuwat,
nging kuciwa B■sur iki,
Sri Nalendra ayun mirsa Sirnabaya,
Mapan tuwi dhat■ng kang rayi puniku,
n■nggih Kangj■ng Pangran,
Ngabdul Rahim Sri Bupati,
pan s■dalu nyare aneng Sirnabaya,
L■nggahan neng p■sarean kang Sinuhun,
saking tr■snanira,
wau dhumat■ng kang rayi,
m■ksih anem dene l■gawa palastra,
Enjang mangkat saking Sirnabaya iku,
tan winarna marga,
Maratega sampun prapti,
laj■ng nyare s■dalu neng Maratega,
Pan ng■ntosi Ahmad P■kih praptanipun,
lagya tinimbalan,

punika p■ngag■ngneki,
pan ning Sampang m■ngkana dalu winarna,
Mapan wont■n an■nggih kengkenanipun,
pan Raden Dipatya,
Den M■nggung Purwadirjeki,
mapan lawan Den M■nggung Sindu Atmaja,
Raden Basah Gandakusuma gya matur,
dhat■ng Sri Nalendra,
yen wont■n utusaneki,
Den Dipati mapan b■kta s■rat tiga,
Saking Kurnel Kokis lawan Kurnel Naus,
Kurnel Klar■s ika,
Sang Nata eng■t kang rayi,
dadya m■dal dukanya mring Den Dipatya,
Eh ta Basah si Purwadirja iku,
lan Sindu Atmaja,
karo padha kon■n bali,
dene layang mapan ingsun nora karsa,
Lamun maksa kudu seba loro iku,
padha patenana,
sandika Den Basah lengser,
mapan saking ngarsanira Sri Nalendra,
■n■ng■na pan wus tan winarna iku,
enjang mapan prapta,
n■nggih Ki Muhammad Pekih,
mapan lawan prajuritira sadaya,
Pan ning ngirid mring Raden Basah puniku,
sowan mring Nalendra,
nulya Raden Basah nuli,
kinon wangsul mring Condhong tunggil kang raka,
Datan kantun lawan Mantril■b■tipun,
kang dherek Nalendra,
nanging kantun Bantheng Wareng,
b■ja kati kalawan Jayeng Manggada,
Mas P■ngulu lan Ki M■langi puniku,
kang saking M■ntaram,
samya bakta rencang ngalih,
nulya budhal sang Nata saking Maratega,
Kur-ungkuran lawan Raden Basah iku,
m■ngkana Nalendra,
dalu nyare ing gendhing,
buron wana rum■ksa samarga-marga,
Awit mangkat saking Sitimiring iku,

wus karsa Yyang Sukma,
buron wana kang neng ngarsi,
mapan kadya punika akarya marga,
Marma sag■d titihannya kang Sinuhun,
pan anglir radinan,
sima warak lawan bandheng,
kang neng ngarsa kadya jajaripun nika,
Pan pratela eloke dat kang satuhu,
kang wakil dulkahar,
wus datan winarna malih,
kang niskara rawuh Sampang Sri Nalendra,
Datan arsa Sang Nata aneng ing dhusun,
masanggrahan wana,
laknatollah mirsa warti,
yen Nalendra neng Sampang p■sanggrahannya,
Mapan nulya ing nginggahan kang Sinuhun,
dhat■ng laknatolah,
nanging pitulung Yyang Widi,
sagung laknat mapan tan wont■n uninga,
Pan dhumat■ng p■sanggrahan kang Sinuhun,
ningali Sang Nata,
mring solahe laknat sami,
mapan ngantosi p■ng sadalu punika,
Aneng Sampang angobongi sakeh gubug,
enjang mundur nulya,
laknat saking Sampang sami,
aneng marga mapan cin■gat mring sima,
Mapan gangsal laknatolah ingkang lampus,
lan sakapalira,
sima kang samya m■jahi,
dadya kapok datan purun malih minggah,
Nulya marga kewala den p■p■t iku,
sagung lakna-tolah,
samya baris aneng margi,
pan pun Tepeng nimbangi baris punika,
Sakancanya aneng ngiring-iring gunung,
pan samya katingal,
rakite anglir g■ladhi,
esmu giris manahira laknatolah,
Sar■ng dalu pun Tepeng pan samya mudhun,
mapan ing sal-gangsal,
saradhadhu den b■ktani,

pan W■landa kalawan sanjatanira,
Nanging datan tin■dha mapan puniku,
kinencer ing marga,
bangkenya dipuns■mpali,
nging s■njatanira kang datan kapanggya,
Dadya giris laknat mapan samya mundur,
m■ngkana pun Tepang,
lamun dalu mudhun iki,
sakancanya laknat murtad kathah risak,
Mapan asring laknat dalu gegeripun,
murtad kathah p■jah,
pun Tepang ingkang m■jahi,
pa m■ngkana lampahan w■ktu punika,
Buron wana kathah ingkang samya m■dhun,
karsaning Yyang Sukma,
angr■sahi laknat sami,
warni kapal l■mbu pan samya bin■kta,
Marma pun Tepang m■ngkana wus tan cinatur,
m■ngkana Nale-ndra,
aneng wana Sampang iki,
Mas P■ngulu Kyai Mlangi mothah,
Ngaturak■n mapan p■jah g■sangipun,
nuwun mring Nalendra,
mugi liliha tyas Aji,
ingkang b■ndu mring Basah Prawiradirja,
Pan punika marma m■kat■n Sinuhun,
saking pangow■lnya,
mring sagung di dal■m sami,
ingkang alit jalu estri badhe risak,
Sabab laknat pan langkung pangudenipun,
sar■ng mirsa warta,
yen Paduka wont■n ngriki,
Basah tiga tan kuwawi nadhahana,
Dados susah s■daya di dal■m sagung,
M■ntawis punika,
ag■ng alit jalu estri,
marmanipun Den Basah Prawiradirja,
Anglampahi kados m■kat■n Sinuhun,
saking tan kuwawa,
anadhahi pr■rangneki,
r■mbagipun sadaya amba priksa,
Lamun sampun Paduka ngant■p prang pupuh,
badhe ngamuk samya,

dadya mes■m Sri Bupati,
yen m■ngkono b■n■r si M■rtanagara,
Sira dhingin karo padha jinaluk,
ayun pinatenan,
tin■rka ngawuhe-wuhi,
Pan ing m■ngko sireku dadi wus nyata,
Bar■ng r■mbug dhasar sira awit iku,
ingsun pan tan n■dya,
kalamun ngowahi dalil,
kang parentah ing kur'an pan wus tan k■na,
Lamun mukmin kangsi c■rak lawan iku,
ngalamat cilaka,
lara pati sapa kardi,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturira,
Inggih l■r■s lawan rumiyin puniku,
sabab m■ksih c■lak,
sapunika sampun t■bih,
gung manungsa kalawan Allah tongala,
Lan J■ng Nabi sampun langkung lamenipun,
antawis punika,
J■ng Sultan mes■m n■bdaris,
eh P■ngulu b■cik maning angajiya,
Lan den bang■t sira tobata satuhu,
mring Allah tangala,
lamun sira iku m■ksih,
ngimanake iya marang ngelmunira,
Kangj■ng Nabi sira rani lawas iku,
pan wus nora nana,
yen m■ngkono tanpa kardi,
sira ngaji ngagungak■n kur'anira,
Pan jangjinya ing kur'an parentahiku,
prapta ing kiyamat,
J■ng Nabi sarengatneki,
pan ing m■ngko kur'an m■ksih tulis sira,
Apa lali dene m■ngkono sireku,
yen Allah mangkana,
dadi ana rupaneki,
lamun lupa p■sthi nganggo anom tuwa,
Lamun nganggo anom tuwa p■sthi iku,
bakal k■na rusak,
marma tobata den aglis,
lamun nora tobat pasthi duraka,

Apa lali dalil saeun muhkitun,
lan ning kulhu ika,
lawan iku Kangj■ng Nabi,
sira rani wus lawas dadi tan nana,
Pan ning m■ngko iya ing mupangat iku,
kur'an mapan ana,
lamun iku Kangj■ng Nabi,
pinasrahan prapta ing kiyamat pisan,
Mapan m■ngko durung kiyamat Pangulu,
Mas P■ngulu nulya,
tumungkul pan esmu tangis,
pan rumaos kathah l■pat aturira,
Mapan wont■n antawis l■t tigang dalu,
Mas P■ngulu nulya,
matur malih mring Sang Aji,
kados pundi punika karsa Nalendra,
Sabab sampun samya k■laj■ng s■darum,
abdi dal■m Basah,
prajurit lan pra Dipati,
nanging kantun di dal■m Basah s■kawan,
Ingkang t■ksih santosa ing manahipun,
mes■m Sri Nalendra,
eh P■ngulu sira iki,
dene bisa nganggo ngarani santosa,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturipun,
sabab m■sih k■kah,
genipun ny■p■ngi dalil,
ngestokak■n ing karsa Paduka Nata,
Mapan abdi dal■m punika s■darum,
ngangge dalil w■nang,
sabab manahipun langip,
Sri Nalendra m■ngkana kang pangandika,
Eh Pangulu mangkene pangrasaningsun,
dalil langip iya,
kalamun nora miwiti,
yen miwiti iku nora lawan w■nang,
Lir upama wong kag■pok na-jis iku,
ingkang g■pok n■ja,
lawan kang gin■pok iki,
apa tunggal apa beda kukumira,
Loro iku pan wus padha c■rak iku,
sabab langipira,
Mas P■ngulu aturneki,

mapan sanes kang b■ja g■pok punika,
Sabab maha ingkang gin■pok Sinuhun,
pan saking kab■tah,
ngalap ngudur sabab langip,
dalil w■nang Sinuhun inggih punika,
Sri Nalendra malih angandika iku,
iku dhingin sapa,
iya ingkang amarahi,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturira,
Warni-warni mapan di dal■m sadarum,
Den Prawiradirja,
mapan y■ktos amarahi,
Ngabdul Latip mapan kac■p■ng punika,
Ingapusan malih ngandika Sang Prabu,
yen m■ngkono iya,
Badarodin ana ng■ndi,
lawan Kaji Maraji ing w■rtanira,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturipun,
rumiyin Nalendra,
pan Dolah Badarodin,
lawan Kaji Maraji kalih punika,
Mapan samya mudhun dhat■ng Sumalangu,
Sang Nata ngandika,
yen m■ngkono karsa mami,
heh P■ngulu ing m■ngko sira mudhuna,
Timbalan Kaji Badarodin iku,
yen Kaji Maraji ka,
karo lamun prapta iki,
sira kon■n banjur mulih mring M■ntaram,
Dhawuh■na padha kon■n momong iku,
mring si Prawiradirja,
lan dhawuhna duka mami,
Mas Pangulu aturnya mapan sandika,
Nulya lengser sing ngarsa ingkang Sinuhun,
laj■ng mangkat ika,
pan wus tan winarna iki,
ngantos pitung dint■n mapan dereng prapta,
Ki M■langi m■ngkana ingkang winuwus,
pan sang■t aturnya,
dhumat■ng Sri Narapati,
nuwunak■n apunt■n Raden Dipatya,
Sabab sampun sang■t kasusahanipun,

bilih tan kuwawa,
dados awon t■mahneki,
dene ingkang bab sr■rat mapan s■daya,
Datan wont■n Sinuhun ing cacadipun,
kalamun pinirsa,
inggih dhat■ng ngelmineki,
pan rumiyin duk j■n■ng J■ng Rasullo-lah,
Lamun wont■n s■rat pan pinirsa tuhu,
awon saenira,
mapan lawan den wangsuli,
Sri Nalendra m■ngkana kang pangandika,
Eh M■langi sira dhingin nora matur,
ing s■lawasira,
Ki M■langi aturneki,
mapan ajrih dhumat■ng Kyai Maja,
Yen m■ngkono sira timbalana iku,
iya si Danurja,
lan sakehe layangneki,
iku kabeh padha sira konen gawa,
Lan layange Jendral aja kari iku,
wus sira mangkata,
sandika nulya tur b■kti,
sampun mangkat saking ngarsanya Nalendra,
Tan winarna ing marga wus prapta iku,
n■nggih ing K■jawan,
Ki M■langi laj■ng sakit,
sampun panggih lawan Mas P■ngulu ika,
Nanging Raden Dipati k■laj■ng t■luk,
m■ngkana winarna,
Mayor Bokus mirsa warti,
lamun wont■n utusanira Nalendra,
Mas Pangulu aneng K■jawan puniku,
malah sinusulan,
n■nggih Kiyai M■langi,
nulya Mayor malah kengkenan angundang,
Apan ngantos ping tiga mapan tan purun,
Mas Pangulu ika,
nulya Badarodin prapti,
Mayor Bokus pan malih kengkenan ika,
Kang kinengken Raden Ngabdul Latip iku,
lumampah pribadya,
m■ngkana pan sampun panggih,
Mas P■ngulu Kaji Badarodin ika,

Ki M■langi Raden Ngabdul Latip muwus,
Kang P■ngulu kula,
kinengken mring Mayor y■kti,
angaturi mapan dhumat■ng sampeyan,
Saking d■lap Mayor aj■ng ap■ng pangguh,
inggih lan sampeyan,
yen sampeyan datan apti,
dhat■ng beteng Mayor mariki pribadya,
Mapan datan s■dya dam■l awon tuhu,
nging s■dya atanya,
mring karsane Sri Bupati,
yen sampeyan manggih awon pan kawula,
Ingkang nangg■l mangkana pan r■mbag sampun,
Mas P■ngulu ika,
lawan Kaji Badarodin,
Ki M■langi mapan sae tinurutan,
Sab ngunur nulya mangkat Mas P■ngulu,
saking ing K■jawan,
dhat■ng Beteng Soka iki,
lawan Kaji Badarodin ika,
Ki M■langi pan datan tumut puniku,
kantun neng K■jawan,
sabab sang■t sakitneki,
tan winarna ing marga pan sampun prapta,
Mas P■ngulu aneng Beteng Soka iku,
Mayor m■thuk nulya,
mapan langkung urmatneki,
riwus tata l■nggah Mayor aris tanya,
Mas Pangulu kawula taken satuhu,
punapa kang karsa,
n■nggih Kangj■ng Sri Bupati,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturira,
Mapan bot■n gadhah karsa kang Sinuhun,
Mayor malih tanya,
wont■n pundi Ki M■langi,
Mas P■ngulu m■ngkana ingaturira,
Mapan kantun wont■n K■jawan punika,
sabab sakit ika,
Mayor nulya taken malih,
w■rtanipun nimbali Raden Dipatya,
Mas P■ngulu mapan inggih sauripun,
Mayor saurira,

mapan sampun kasep iki,
Den Dipati olehe ka-t■mu kula,
Sampun ■l■t pitung dina w■rtenipun,
lawan praptanira,
n■nggih Kiyai M■langi,
pan sakniki Raden Dipati lagi lunga,
Lagi lunga mring Mag■lang puniku,
pan kat■mu Jendral,
sabab Jendral sapuniki,
ayun lunga mring B■tawi punika,
Pitung dina lurah kula kados mantuk,
lan Raden Dipatya,
dene mawi den timbali,
Den Dipati kang Sinuhun yun punapa,
Mas P■ngulu m■ngkana ing sauripun,
ayun mirsa sr■rat,
s■daya punika sami,
pan rumiyin Sinuhun pan dereng pirsa,
Sabab lagya mar■ngi duka puniku,
mring Raden Dipatya,
marma sr■rat sagung sami,
m■ksih wont■n n■nggih Rahaden Dipatya,
Sapunika sampun lilih kang Sinuhun,
marmanya ngandikan,
lawan kinen b■kta sami,
sagung sr■rat lawan sr■rate Jendral,
Lamun t■ksih inggih kinen b■kta iku,
Mayor Bokus mojar,
Mas Pangulu kados pundi,
La-mun bot■n wont■n karsane Sang Nata,
Inggih t■pang tumunt■n lan jendral iku,
mapan kanca kula,
langkung susah manah neki,
sar■ng mir■ng Kangj■ng Sultan sang■t gr■rah,
Kados pundi yen ngantosa seda iku,
Mas P■ngulu n■bda,
mayor niku kados pundi,
dene mungsuh l■r■sa pan mindhak bingah,
Mayor Bokus pan m■ngkana sauripun,
Mas Pangulu dika,
inggih mapan dereng ngr■ti,
tanah Jawa kang keringan mung punika,
Kangj■ng Sultan Ngabdul Kamid pan satuhu,

marmanya sak■dhap,
tan kant■nan w■rtineki,
dadya kathah ingkang padha d■rbe karsa,
Mas pangulu mring nagara Jawa iku,
bingung kanca kula,
sar■ng Kangj■ng Sultan m■ksih,
pan sakniki pun sami kend■l sadaya,
Marma enak kanca kula manahipun,
mung den arsa arsa,
Kang Sinuhun t■pengneki,
kalih jendral ing siyang dalu punika,
Yen upama bot■n k■la-kona t■pung,
mapan kanca kula,
ingkang g■dhe-g■dhe sami,
tanah Jawa bakal buwang polet padha,
Kang Sinuhun k■lawan jendral puniku,
wus samya ubaya,
Mas P■ngulu nulya pamit,
mantuk dhat■ng pondhokan K■jawan ika,
Mayor Bokus pan m■ngkana w■lingipun,
Mas P■ngulu nika,
sampun kesah-kesah iki,
sing K■jawan ngantosana lurah kula,
Bot■n lami kados enggal dhat■ngipun,
Mas P■ngulu n■bda,
gih kula yun atur tulis,
mring Nalendra nulya mantuk saking Soka,
Lawan Dolah Kaji Badarodin iku,
wus prapta K■jawan,
nulya kengkenan tur tulis,
mring Nalendra tan winarnan sampun prapta,
Mapan jujug mring Muhamad P■kih iku,
gya katur Nalendra,
suratnya Pangulu iki,
tinupiksa kang s■rat ij■manira,
Mapan kadya kang mung■l ngaj■ng puniku,
ingkang saneskara,
dangu kend■l Sri Bupati,
risawu-snya tupiksa nuwala,
Pan m■ngkana osiking tyas kang Sinuhun,
baya karsaning wyang,
ingsun kinon anglakoni,

lara wirang mapan goningsun neng donya,
Dene t■mah mangkene iki Pangulu,
ingsun nora m■ksa,
wus t■kdire awak mami,
Sri Nalendra nuli aris angandika,
Ahmad Pekih apa wus dh■m■n sireku,
Pangulu kar■pnya,
tur s■mbah Muhamad P■kih,
sampun r■m■n Sinuhun pados punapa,
Dadya mes■m Sang Nata ngandika iku,
wus padha kewala,
sagung uwong dadi iki,
yen m■ngkono agaweya layang sira,
Timbalana marene iku Pangulu,
lan M■rtanagara,
lawan saprajuritneki,
dene Basah Gandakusuma m■ksiha,
Kari baris aneng ing Kejawan iku,
lan prajuritira,
aja kari Badarodin,
Ki M■langi sabab jare lagi lara,
Lan si Rata k■lamun wus waras iku,
gam■l surata lya,
tur s■mbah Mu-hamad Pekih,
nulya lengser saking ngarsanya Nalendra,
Karya surat nimbali punika sasagung,
tan winarna prapta,
s■daya ing Sampang sami,
Mas P■ngulu Badarodin tinimbalan,
Lawan Basah M■rtanagara iku,
tiga prapta ngarsa,
s■kawan Muhamat P■kih,
Sri Nalendra dangu Kaji Manrajika,
Kaji Badarodin m■ngkana turipun,
pan k■laj■ng Nata,
sampun mantuk mring M■ntawis,
Sri Nalendra dangu mring tingkah punika,
Eh P■ngulu apa wus enak atimu,
lawan sira padha,
dene nganggo t■pung iki,
apa nora kasiku ing ngelmunira,
Mas P■ngulu lawan Badarodin matur,
pan bot■n punika,

sabab amba tan miwiti,
mapan saking p■ngajakipun punika,
Inggih Mayor Kokus punika Sinuhun,
pan ngelmi kalilan,
lamun laknat kang miwiti,
Sri Nalendra mes■m aris angandika,
Eh Pangulu lan Badarodin sireku,
apa wus pr■caya,
kabeh Mayor ujarneki,
Ma-s P■ngulu Badarodin aturira,
Inggih sampun tiyang punapa Sinuhun,
ingkang cin■p■ngan,
yen dede wiraosneki,
pedah kapalk■n wangsulipun punika,
Sri Nalendra nulya nantun Basah iku,
Basah paran sira,
Raden Basah aturneki,
mapan amba Sinuhun punapa karsa,
Yen m■ngkono sun coba ngelmune iku,
si Pangulu iya,
lawan Kaji Badarodin,
eh Pangulu Badarodin wis baliya,
Mring Kajawan tutug■na t■pung iku,
lawan Mayor sira,
kalawan Kurnel wus prapti,
dhawuh■na ingkang dadi karsaning wyang,
Lamun Kurnel ngajak b■dhama lan ingsun,
kalawan bicara,
apa dedene Jendral iki,
sun turuti nanging iya karsaning wang,
Baping ingon bocah prajurit keh sagung,
lan pangr■mbenira,
apa Kurnel anyaguhi,
sabab iku ingone pan nong pr■kara,
Dhuwit bandar kalawan paj■g ta iku,
padha pr■telakna,
paj■g w■tune deseki,
Ingkang bandar pan iku w■tuning pasar,
Lamun kurnel nora anyaguhi iku,
tan bisa bicara,
pasthi yen ngeron-eroni,
nora wurung pasthi manggung r■r■butan,

Pan saiki sakalane durung rampung,
iya kang bicara,
bumi bandar karsa mami,
iya kurnel kang sun lilani ny■k■la,
Wus mangkata marang K■jawan sireku,
kalih tur sandika,
gya lengser saking ngarsa ji,
tan winarna ing marga K■jawan prapta,
Mayor Bokus sampun pirsa wartanipun,
Mas P■ngulu prapta,
lawan Kaji Badarodin,
saking Sampang mapan m■ntas m■gatruhnya.
Langkung bungah
kang tyas Mayor manahipun
nulya kinen angaturi,
mapan dhat■ng Mas P■ngulu,
lawan Kaji Badarodin,
tan winarnan panggih sampun
N■nggih Kangj■ng Sri Bupati,
sampun pinajar s■darum
Mayor langkung l■ganeki,
ingkang tyas sarya ngling alon
Mas p■ngulu mapan punika
s■darum,
n■nggih ing satanah jawi,
kagungan kang sinuhun,
kanca kula mapan nanging,
ng■mpek til■m n■dha k■tos,
Marma benjing yen t■dhak
ingkang sinuhun,
sagung beteng mapan sami,
sampun dhinawuhan iku,
mung■l kang mariy■m iki,
hurmat ping ny■lawe mangko,
Lawan ■drel sanjata alit
sadarum,
marma kawula puniki,
anglir katibanan daru,
langkung dede waw■ratneki,
lurah kula khabaripun,
Sampun dhat■ng wingi sont■n
lawan iku,
n■nggih rahaden dipati,

saking mag■lang puniku,
nulya mayor Bokus nuding,
dhumat■ng kapitanipun,
G■gancangan ngaturi mring
kurnelipun,
mring k■dhung Maesa iki,
mas p■ngulu sampun mantuk,
lawan kaji badarrodin,
dhumat■ng k■jawan mangko,
Mayor Bokus kengkenan ngaturi
suguh,
marang Raden Basah nuli,
mapan langkung kathahipun,
nging ingkang
kinengken iki,
k■lentu wicant■nipun,
Pan m■ngkana an■nggih
wicant■nipun,
ingkang ingutus puniki,
raden pan kula den utus,
mring mayor n■nggih maringi,
rangsum mring sampeyan mangko,
Raden Basah gandakusuma puniku,
sar■ng mirsa t■mbungneki,
mring mayor kengkenanipun,
pan langkung bramatyaneki,
eh tutura marang mayor,
Mapan ingsun idi dudu batureku,
dene nganggo den paringi,
k■lawan rinangsum iku,
mapan ora kurang mami,
wus gawan■n bali mangko,
Tutur■na mring mayor m■ngkana
ingsun,
mapan datan apt■ mami,
kang kengkenan nulya wangsul,
m■ngkono pan laj■ng warti,
wau dhat■ng mayoripun,
Saneskara mayor laj■ng sr■ng■n
iku,
dhumat■ng kengkenaneki,
b■n■r Raden Basah iku,

ujarira ingkang sisip,
yen sira kat■kan iku,
Kaya paraning m■ngko
pat■mbungamu,
kang kinongkon
sauroneki,
pan inggih nyaosi suguh,
mayor m■ngkana s■bdaki,
dadya na iku ya m■ngkono,
Ingsun mapan lan Raden Basah
tuhu,
p■sthi g■dhe basahneki,
basah kurnel timbang iku,
lawan maning ingsun iki,
dadi wong desa samangko,
Wus ta sira baliya matur
iku,
lamun ingsun angaturi
suguh mring den basah iku,
nulya wangsul matur iki,
mapan m■ngkana turipun,
Nging den basah mapan m■ksih
ajrih iku,
sabab dereng dipunw■ling,
k■lamun wont■n s■suguh,
iku kinena nampeni,
mas pangulu ingkang nanggung,
Lawan dolah badarrodin mapan
iku,
yen dadya duka nr■pati,
m■ngkana wus tan cinatur,
kawarna sri bupati,
mapan nimbali mring iku,
Raden Basah M■rtanagara
dinangu,
wau dhumat■ng kang rayi,
basah gandakusumeku,
p■pakira kang prajurit,
m■nawa wus ana lapur,
Basah M■rtanagara mangkya
turipun,
pan sampun lapuran adhi,
prakawis prajuritipun,

pan sampun p■pak
pun adhi,
tum■nggung panji prangeku
Mapan kend■l ngabehi prapta
s■darum,
nanging kang jajar prajurit,
mapan kathah kirangipun,
pan dugi prapta s■palih,
sang nata ngandika alon,
Pira kehe p■pake prajurit iku,
iya adhenira iki,
Raden Basah aturipun,
sewu sagung kang pra dipati,
pun adhi pan gangsal atus,
Ingkang dipunc■p■ng pribadi
puniku,
kalawan lapuran adhi,
yen m■ntas tampi puniku,
s■gahipun mayor nanging,
pan adhi pan sang■t n■psu,
Sampun katur ingkang niskara
sadarum,
mes■m kaj■ng sri bupati,
m■ngkana wus tan cinatur,
kurnel Kler■s winarni,
lan raden dipati mangko,
Sar■ng tampi n■nggih mayor
suratipun,
k■langkung bungah tyasneki,
mapan laj■ng mangkat iku,
saking k■dhung Maesaki,
den dipati datan kantun,
Lawan basah ngabdul latip
prapta sampun,
ing panj■r nulya ngaturi,
wau dhat■ng mas p■ngulu,
lawan kaji badarrodin,
ingirid dhumat■ng
mayor,
Tan winarna ing panj■r mapan
prapta sampun,
mas pangulu sampun panggih,

kalawan kurnel puniku,
kurnel langkung bungahneki,
m■ngkana nulya ngling alon,
Mas pangulu kaji badarrodin
iku,
punapa karsa nr■pati,
manah kawula pan langkung,
sar■ng prapta s■ratneki,
mayor mapan alit gunung,
Dadya ical pan sayah kula
s■darum,
saw■g prapta kula niki,
pan saking mag■lang iku,
angiridan dipati,
k■panggih lan jendral mangko
Laj■ng mangkat mariki tan
ngantos tuhu,
aso mas pangulu angling,
kurnel kawula ingutus,
dhat■ng kangj■ng sri bupati,
maringak■n tabe katong,
Mapan sampun dhinawuhak■n
sadarum,
barang kang dadya karsa ji
wus muni ing ngaj■ng iku,
sagung ingkang niskareki,
anglir dhawuhna mring mayor,
Kurnel mapan langkung bungah
manahipun,
pan aris denya nauri,
mapan dika sidarum,
punapa karsa nr■pati,
sampun anyagahi ingong,
Nadyan silih wont■na
sadasa ewu,
kawula ingkang nyagahi,
ingon abdi dal■m sagung,
prajurit pangr■mbe sami,
riwus sinamur paguyon,
Mas pangulu kawula yun tanya
tuhu,
andika ingutus iki,
lah pundi pr■tandhanipun,

kang s■rat sri narapati,
mas pangulu an■bda lon,
Mapan bot■n pinaring s■rat
puniku,
kurnel m■ngkana s■bdaki,
mas p■ngulu dika luput,
l■r■sa dipundhadheli,
paran den dipati mangko,
Napa l■r■s napa boten lir
puniku,
sabab utusan n■rpati,
bot■n b■kta s■rat iku,
den dipati anauri,
mapan l■r■s kurnel y■ktos,
Mayor Bokus m■ngkana nulya
sumambung,
sanadyan raden dipati,
pan iku pan melu milusut,
s■ratipun kurnel katri,
lan jendral mapan katur,
Dadya pirang- pirang seratan
del iku,
wont■n rahaden dipati,
mangke neng pundi sadarum,
den dipati anauri,
pan kula kengkenan pados,
Ngaturak■n sagung kang s■rat
puniku,
kangj■ng sinuhun tan panggih,
sakniki ical s■darum,
lawan ingkang b■kta iki,
gih mayor ingkang b■buru,
Tambuh mati urip kula datan
w■ruh,
tan prapta ngantos sapriki,
ingkang kang gawa puniku,
kurnel malih anambungi,
kados pundi mas p■ngulu,
Lamun kangj■ng sultan tan
tumunt■n tulung,
pan kanca kula sakniki,
mapan bang■t denya bingung,

sabab kathah ingkang sami,
n■nggih anduweni kayun,
Mring n■gara jawa iki mas
p■ngulu,
yen kangj■ng sultan pribadi,
pan inggih mangsana purun,
ing Sala Yogja puniki,
sabab kang santana sagung,
Lawan buron wana mapan tumut
nimbrung,
Salaminya sri bupati,
m■sanggrahan ardi iku,
beteng kang c■lak wanadri,
mapan asring gegeripun,
Sima lawan saw■r kang ngrusuhi
iku,
saradhadhu kathah iki,
bin■kta mring macan tuhu,
pan lawan s■njataneki,
bin■kta lawan kang
kantun,
Yen linuru bathangira pan
kat■mu,
nging b■dhilnya tan k■panggih,
marma giris kanca sagung,
myang kang desa desa sami,
ing mangke pan kathah
suwung,
Ingkang c■lak beteng angladosi
iku,
mring beteng tin■dha sami,
saw■r lawan sima iku,
lamun dalu praptaneki,
lawan pitik iwen sagung
Lamun siyang mapan tan wont■n
kadulu,
marma sagung susah sami,
kados pundi mas p■ngulu,
punapa sri narapati,
tan ngow■l abdi s■darum,
Mring risake punika di dal■m
sagung,
s■daya ing tanah jawi,

nging kawula mas p■ngulu,
pan dereng narima y■kti,
mring laku dika puniku,
Kudu nuhun pratandha dal■m
satuhu,
d■rapon den and■l y■kti,
mring kanca kula s■darum,
lan kawula angaturi,
dhumat■ng kangj■ng sang katong,
Mas p■ngulu pan nanging
sawont■nipun,
saking l■ga kang tyas y■kti,
mapan warni-warni iku,
lan arta punika k■dhik,
ngaturi pan jajanipun,
Abdi dal■m punakawan mapan
sagung,
sampun mas p■ngulu y■kti,
kawula pan gadhah nuhun,
pratandha dal■m pribadi,
amrih den and■l say■ktos,
Dhat■ng bangsa
kawula mapan satuhu,
mas pangulu anulya mit,
mapan lawan khaji iku,
badarrodin tan winarni,
margi sampang prapta
sampun,
Panggih lawan Raden Basah mas
pangulu,
lawan kaji badarrodin,
gya ing ngirid mas pangulu,
sowan dhumat■ng nr■pati,
mring Raden Basah puniku,
Kaji badarrodin mapan datan
kantun,
katri wus prapta ngarsa ji,
mas pangulu nulya matur,
sagung kang niskara sami,
kurnel Kler■s aturipun,
Kang niskara wus mung■l ngaj■ng
sadarum,

kend■l dangu sri bupati,
rumaos yen tiwas tuhu,
sabab kang tyas t■ka gampil,
anuruti mas pangulu,
Mapan lawan kyai mlangi puniku,
tiga kaji badarrodin,
sang nata mapan k■langkung,
kewran ing tyas aw■t mangsuli,
sabda kang sampun kawiyos,
Dadya n■mah sang
nata nging s■dya iku,
abela kalih pr■kawis,
kang sabil kalih kang kantun,
mapan s■dya den balani,
lan nr■rah t■kdir yang manon,
Emut jangji dhumat■ng
dundumanipun,
manungsa neng dunya iki,
wus pinasthi lohilmahpul,
lamun tan k■na sumingkir,
lara wirang pati mangko,
Kangj■ng sultan w■kasan
ngandika iku,
heh paran p■ngulu iki,
lan badarrodin sireku,
prakara panuhuneki,
layang kurnel marang ingong,
Apa patut lamun sun turuti iku,
kalih samya aturneki,
pan langkung prayoginipun,
dene cacat dhat■nge ngelmi,
pan amba kang nangg■l katong,
Sabab amba lan pun paman kaji
tuhu,
tan wont■n kang dados aji,
sum■lang mring kurnel tuhu,
s■barang paturaneki,
pan nanging baras kimawon,
Marma kang tyas pan langkung
pitaj■ngipun,
nulya sang nata nuruti,
pan sampun pinaring iku,
ingkang pratandha nr■pati,

mas pangulu kinon
wangsul,
Panggih malih lawan kurnel
Kler■s iku,
badarrodin datan kari,
lan b■kta pratandha iku,
tan winarna marga panggih,
kurnel lawan mas p■ngulu,
Mapan nuju samya p■p■kan
sadarum,
mayor lan k■lana sami,
kurnel langkung sukanipun,
sar■ng mas p■ngulu prapti,
sarta b■kta surat katong,
Pan sadaya samya ngad■g hurmat
iku,
sadangunya maos tulis,
sagung ingkang agung agung,
m■ngkana parentah aji,
heh Kurnel Kler■s sireku,
Lawan Mayor Bokus riwus
tabeningsun,
karo marang ing sireki,
sira angaturi iku,
b■dhama lan jendral iki,
iya sun turuti mangko,
Nanging kurnel ingsun mapan
am■mundhut,
gawekna p■sanggrahan ning,
ing rema kamal ta ingsun,
lawan ing k■jawan iki,
b■lu ing kali r■ceku,
Besuk lamun rawuh kali r■ce
ingsun,
abdiningsun basah iki,
ing m■ntaram loro iku,
lawan saprajuritneki,
kabeh m■thuka maringong,
Lawan jendral dhe kok kono apan
iku,
iya mapaga mring mami,
pat■mon kali r■ceku,

wus tita karsa nr■pati,
kurnel langkung
sukaningsun,
Lawan mayor myang sagung k■lana
iku,
nulya samya tata linggih,
kurnel at■takon iku,
mas p■ngulu kados pundi,
pan kawula datan ngr■tos,
Dene ingkang pratandha kangj■ng
sinuhun,
wont■n sat■ngahing tulis,
pan tan wont■n adatipun,
kula dereng ninga y■kti,
kados pundi artosipun,
Mas p■ngulu m■ngkana
wangsulanipun,
tan uninga karsa aji,
kurnel nulya karya iku,
kang sr■rat katur nr■pati,
s■barang karsa sang katong,
Kurnel Kler■s mapan anyagahi
sampun,
mas pangulu sampun pamit,
lawan badarrodin iku,
tan winarna marga prapti,
sampan wus katur sang katong,
Saneskara angandika kang
sinuhun,
ya wis
kawruhanireki,
Kurnel Kler■s mapan ingsun,
besuk S■nen t■dhak mami,
marang Roma Kamal mangko,
Kurnel mapan sun timbali kono
iku,
ing roma m■thuka iki,
aja dhinginan ingsun
lawan den sam■kta iki,
tundhan aja kurang mangko,
Mas pangulu sandika
ingaturipun,
gya lengser putusan iki,

marang kurnel aparing wruh,
sabarang karsa nr■pati,
kurnel langkung
bungahipun,
Pan rumaos lamun kapr■caya iku,
dhat■ng kangj■ng sri bupati,
sabarang parentahipun,
mas pangulu den saguhi,
marang kurnel Kler■s mangko,
Mapan laj■ng parentah kurnel
puniku,
mring mayor akarya iki,
s■sanggrahan roma iku,
lan k■jawan mapan sami,
kin■rig sarupaning wong,
Langkung asri kenendha k■dhaton
sagung,
roma k■jawan sami,
mawi g■pura puniku,
pasowan pinancak suji,
neng jawining gapureku,
Sapamb■dhil aw■tara
t■bihipun,
pasanggrahan lawan iki,
pasohan katarub agung,
pancen pal■nggahan aji,
ingurug w■dhi s■darum,
Kang pasohan alit samya ngapit
samya,
yen tinon pan langkung asri,
lawan datan karya lurung,
mapan ngantos dugi margi,
ing sampan rinadin sampun,
Lawan samya ingurug w■dhi
puniku,
toya padasan lan malih,
j■mbangan marapit iku,
gapura lan pancak suji,
punika mawi s■darum,
S■kar mayang pan mayor pribadi
iku,
s■daya ingkang j■n■ngi,

karya p■sanggrahan iku,
roma lan k■jawan sami,
m■ngkana wus samya dados,
Kurnel laj■ng tur uni mring mas
p■ngulu,
lawan n■rang wancineki,
an■nggih pam■thukipun,
dhumat■ng sri narapati,
lan tantune dint■nipun,
Mas pangulu laj■ng amangsuli
iku,
tamtu isnen t■dhak aji,
dhumat■ng rema puniku,
lawan kurnel kinen prapti,
jam kalih w■las puniku,
Sri nalendra pan
dinugi rawuhipun,
dinugi yen jam satunggil,
m■ngkana wus tan winuwus,
kawarnaha isnen prapti,
mas p■ngulu karsa katong,
Mapan lawan kaji badarrodin
iku,
pan samya kinen rumiyin,
mring rema kamal puniku,
m■ngkana sri narapati,
saking sampang nulya bodhol,
Datan t■bih rahaden basah
puniku,
m■rtanagara lan aji,
pan tansaha jageng kewuh,
lawan ki muhamad p■kih,
t■napi prajurit sagung
Kaw■tara nanging kalih b■lah
iku,
kang dherek sri narapati,
t■dhakira saking gunung,
marma den basah tyasneki,
pan m■ksih s■dayeng kecoh,
Mapan dereng den basah pitaj■ng
tuhu,
mring laknat barang turneki,
mapan nanging mas p■ngulu,

lawan kaji badarrodin,
kang sampun pitaj■ng y■ktos,
Raden Basah m■rtanaga puniku,
karsanya sri narapati,
mapan kinen ngampil iku,
inggih kangj■ng kiyai,
bandayuda karsa
katong,
Sabab lamun s■laya barang
turipun,
mas pangulu lawan kaji,
pan laj■ng r■r■mpon iku,
marma den basah pinaring,
pusaka cinothe ngayun,
Kangj■ng kyai bandayuda mapan
iku,
lawan ingkang samya ngampil,
kang pusaka tiga iku,
n■nggih kyai amad p■kih,
mapan lawan mas
tum■nggung,
San■gara lan den dipayana iku,
tan winarna aneng margi,
ing roma kamal wus rawuh,
nanging kurnel dereng prapti,
mapan m■ksih enjing mangko,
Saw■g pukul s■dasa wataranipun,
rawuhira sri bupati,
kurnel mapan s■dyanipun,
pan arsa ng■lon-■loni,
ja kongsi kas■sa mangko,
Mapan pukul sadasa kurnel
puniku,
angkatira saking k■mit,
kalawan husar sadarum,
sar■ng wont■n margi myarsi,
kurnel lamun j■ng sang katong,
Sampun rawuh p■sanggrahan rema
iku,
kurnel mapan langkung
ajrih,
laj■ng sasand■ran iku,

lawan sagung hussar sami,
tan winarna prapta sampun,
Pan ing rema lawan husarira
sagung,
kang p■langkir maksih kari,
dadya kas■sa sadarum,
kurnel mapan t■ksih t■bih,
wau denya m■dhun iku
Saking kuda neng jawi ning
kapureku,
lawan datan mawi topi,
panuju panas k■langkung,
kang ngiringing den dipati,
lawan ngabdul latip iku,
Lan ajidan satunggal mapan kang
tumurun,
ajidan tenis nameki,
wus cundhuk lan kang sinuhun,
kurnel asmu langkung ajrih,
tumungkul denira lunggoh,
Sri nalendra m■ngkono ngandika
iku,
heh kurnel dene kakari,
sira iku lawan ingsun,
kurnel matur esmu ajrih,
mapan kawula say■ktos,
Nging parentahipun di dal■m
puniku,
mas pangulu lawan kaji,
badarrodin pan satuhu,
ingkang kawula lampahi,
pan ing rema pukulipun,
kalih w■las kawula
kinen puniku,
dhat■ng m■thuk Paduka ji,
mapan sampun ngantos iku,
krumihinan mring nr■pati,
mapan pan duka sang katong,
Jam satunggil dhawuhipun mas
pangulu,
rawuh dal■m wont■n ngriki,
marma kawula sinuhun,
pan s■dya ng■lon-■loni,

sampun ngantos kantun mangko,
Lan Paduka sar■ng prapta margi
tuhu,
kawula miarsa warti,
yen Paduka sampun rawuh,
marma kas■sapu niki,
mapan kathah ingkang
kantun,
Dados kirang kurmat kawula
satuhu,
dhumat■ng sri narapati,
nging nuhun punt■n den agung,
sabab sing kasesaneki,
mes■m ngandika sang katong,
Heh yu kurnel wus tan dadi apa
iku,
kurnel nulya matur aris,
yen par■ng ingkang sinuhun,
kawula badhe ngaturi,
hurmat sang nata n■bda lon,
Yawus ora ingsun tarima iku,
sab sira durung iki,
bisa ny■mbadani iku,
iya lawan karsa mami,
kurnel mangkya matur alon,
Mapan sampun
k■laj■ng beteng s■darum,
inggih kawula prentahi,
pasang mriy■m s■darum,
mapan ping ny■lawe iki,
lan drel sanjata lit
sagung,
Ora kurnel wis wurungna kabeh
iku,
lamun sira bisa iki,
iya ngurmati marang sun,
ping pitung puluh ya b■cik,
lawan punjul lima iku,
Pan m■ngkene iku kurnel
artineku,
pan ingsun kalifah nabi,
neng tanah jawa kabeh sun,

kangj■ng nabi iku y■kti,
s■kabate pitung puluh,
Punjul papat lima kangj■ng nabi
iku,
marma padha sun hurmati,
dadi mung nyawiji iku,
dene ya ingsun pribadi,
mapan wus tan kurang tuhu
Kurnel olehira angurmati
ingsun,
sajroning aprang iki,
kurnel pitung taun,
satus ewu kaya luwih,
kurmatira marang ingong,
Lawan kurnel marmane
pratandhaningsun,
iku sun pr■nah iki,
neng t■ngah tulisan iku,
sab iya kangj■ng nabi,
n■garane m■ngkah mangko,
M■kah iku
sat■ngahing jagad tuhu,
marma yen sira tan apti,
iya angurmati iku,
mring kangj■ng nabi ta iki,
muhamad samya sun tan
ayun,
Sabab ingsun mapan iki darma
tuhu,
kang duwe agama nabi,
dadya kurnel kend■l dangu,
w■kasan umatur aris,
yen Paduka datan ayun,
Inggih hurmat mariy■m yen
par■ngiku,
mapan kawula ngaturi,
hurmat s■lompret lan tambur,
sang nata mes■m n■bda ris,
kurnel prayoga iku,
Nulya kurnel parentah mring
tenes iku,
gya lumaj■ng andhawuhi,
mring hussar p■langkir sagung,

gya mub■ng pasohan sami,
nulya kurnel matur alon,
Kados pundi ing karsa ingkang
sinuhun,
punapa nyare ing ngriki,
kangj■ng sultan nulya dangu,
mring basah martanagari,
heh basah k■jawan iku,
S■ka kene apa m■ksih adoh iku,
Raden Basah matur aris,
mapan lawan mas p■ngulu,
yen panduka t■dhak
saking,
ngriki mapan bakda luhur,
Kados bot■n n■nggih akir
asaripun,
dadya nata ngandika ris,
heh kurnel pan ingsun banjur,
m■ngko bakda luhur iki,
lan sira apa wus saos,
Tundhan kurnel mapan sampun
turipun,
nanging kawandasa iji,
lan kawula bakta tuhu,
titihan pan tiga bilih,
Paduka karsa sang katong,
Pan katura kawula inggih
puniku,
kang saking mayor satunggil,
mapan laj■ng kinen mundhut,
tiga wus prapta ngarsa ji,
langkung suka tyas sang katong,
Tiga pisan kang kuda samya
g■ngipun,
bagus inggil lira sami,
nging satunggil ingkang dhawuk,
mapan abrit ingkang kalih,
sang nata ngandika alon,
Heh ya kurnel pan ingsun tarima
iku,
pan kudaningsun pribadi,
wus bang■t sayah iku,

nulya kurnel matur malih,
pan punika ingkang dhawuk
N■nggih mayor ingkang ngaturi
puniku,
kawula kang abrit kalih,
mapan katura
sadarum,
lan sapa nganggeneki,
ya kurnel tarima ingong,
Kurnel malih umatur dhat■ng
sang prabu,
kawula bilih mar■ngi,
mapan rumiyin pukulun,
sabab badhe hurmat baris,
wont■ng ing k■mit sang katong,
Sri nalendra ngandika prayoga
iku,
nging tenis tinggal■n iki,
dimen kari ngarsaningsun,
pan jaga utusan mami,
kurnel aja kongsi rikuh,
Kurnel mapan sangsaya bungah
tyasipun,
angraos den pitaj■ngi,
lan tan walang ati sampun,
kurnel pamit sing ngarsa ji,
ajidan tinilar mangko,
Mapan lawan husar s■kawan
puniku,
kurnel gya mangkat rumiyin,
lan husar p■langkir sagung,
tan kantun raden dipati,
lan basah dul latip iku,
■n■ng■na kurnel mapan prapta
sampun,
ing k■mit kang winarni,
sang nata ing rema iku,
sar■ng bakda luhur nuli,
sang nata sing rema bodhol,
Pan ajidan tenis gya utusan
iku,
husar kang kinen
rumiyin,

amaringi priksa iku,
mring kurnel dhumat■ng k■mit,
lamun wus t■dhak sang katong,
Saking rema kamal sawadya
kuswaku,
m■ngkana kurnel winarni,
mapan langkung hurmatipun,
mapan ing samargi-margi,
tan kirang jalma lumaku,
Sar■ng ngaj■ngak■n prapta k■mit
iku,
sat■ngah ■jam watawis,
mapan ingkang marga sagung,
tinurut ing pancak suji,
langkung asri lamun tinon,
Lawan mawi tinurut s■karan iku,
myang gapura ngapit-apit,
s■kar mayangsri dinulu,
sr■ng wus c■lak n■rpati,
mapan saking k■mit iku,
Pan ajidan tenis gya nyand■r
rumuhun,
ingkang munggeng ing ngarsa ji,
pan Raden Basah puniku,
lan sagung kapal lan sami,
m■ngkana kurnel gya m■thuk
Aneng lurung k■lawan mayor
puniku,
myang sagung ingkang pra upsir,
kang nindhihi baris sagung,
husar k■lawan p■langkir,
pan nanging litnat kimawon,
Langkung rame salompr■t
kalawan tambur,
nging kuciwa mriy■mneki,
ingkang datan mung■l iku,
mapan lawan sanjata lit,
m■ngkana kangj■ng sang katong,
M■ksih manggung aneng saluhur
kudeku,
dene ingkang den titihi,
sahosane kurnel iku,

kurnel mayor mapan nuli,
atur tabe mring sang katong,
Lawan sagung ingkang pra hupsir
s■darum,
riwus kurnel matur aris,
sang nata ngaturan iku,
kend■l sak■dhap puniki,
sabab saosan wus caos,
Sri nalendra aris angandika
iku,
wus kurnel tarima mami,
sang nata anulya maju,
mring k■jawan karsa aji,
kurnel langkung cuwanipun,
Sabab sampon saosan rakit
sadarum,
m■ngkana wus tan winarni,
margi kang k■jawan rawuh,
ingkang dherek nanging tenis,
lan husar s■kawan iku,
Raden Basah gandakusuma pan
m■thuk,
aneng k■jawan jajari,
neng lurung prajurit sagung,
s■daya mapan wus rakit,
tan wont■n
kuciwanipun,
Mapan lawas duk aneng ing k■mit
iku,
ingkang niskara pan sami,
m■ngkana wus tan cinatur,
Raden Basah den timbali,
didangu prajuritipun,
Dereng p■pak sadaya
prajuritipun,
t■ksih kathah kirangneki,
mapan saw■g sangangatus,
m■ngkana wus tan winarni,
dalu enjing winiraos,
Kurnel sohan kalawan mayor
puniku,
t■napi kapitaneki,
k■lana bin■kta iku,

sadaya tan ana kari,
samya tur tabe mring katong,
Riwus tata l■nggah kurnel nulya
matur,
kados pundi karsa ji,
punapa inggih atamtu,
pamundhut dal■m dewa ji,
karya p■sanggrahan katong,
Lepen r■ca kangj■ng sultan
ngandika rum,
iya kurnel matur aris,
lamun mar■ngi sang prabu,
bok sampun miyos dewa ji,
mapan inggih tanah l■dhok,
Mapan sang■t sinuhun ing
susuhipun,
sabab margi langkung alit,
kalawan wona
s■darum,
jurang ardi lawan malih,
sampun datan wont■n
dhusun,
Inggih wont■n satunggal kalih
kang dhusun,
mapan sampun suwung sami,
datan wont■n tiyangipun,
tan wont■n kulakan kedi,
inggih pasanggrahan katong,
Saking ngriki ing lepen r■ca
sinuhun,
pitung dint■n dumugi,
dados langkung susahipun,
sagung abdi dal■m sami,
lawan kang margi wanagung,
Lamun kirang t■dha sint■n
ingkang tulung,
kalawan malih mar■ngi,
sinuhun kang jawah agung,
dene yen tr■ranga ugi,
dadosa niba k■mawon,
Mapan datan patos
kasusahanipun,

sabab lampah ag■ng y■kti,
kados pundi kang sinuhun,
ewa sapunika inggih,
yen sampun karsa sang katong,
Pan sandika nanging kula k■dah
matur,
m■nggah kasusahanneki,
sri nalendra nulya dangu,
dhumat■ng raden dipati,
mring ature kurnel iku,
Aturira den
dipati lawan sagung,
ingkang pra niyaka sami,
inggih l■r■s aturipun,
kurnel sampun tamtu ugi,
lamun kathah susahipun,
Sri nalendra mapan dhahar
aturipun,
ingkang pra niyaka sami,
nulya angandika iku,
wus kurnel pikir■n iki,
endi kang prayoga mangko,
Riwusira kurnel mapan pamit
mundur,
lan mayor sakancaneki,
sont■n sowan malih iku,
mapan kalawan angirid,
ingkang dereng sowan iku,
Awit k■m■ndhan sapanginggil pan
sadarum,
kang sinuhun kinen prapti,
dadya kurnel sowanipun,
aj■g sadint■n ping kalih,
datan kantun lawan mayor,
Walang ati pan sampun tan
wont■n iku,
ajidan tenis karsa ji,
pinundhut mring kurnel iku,
ajaga ngarsa nr■pati,
sabarang karsa sang katong,
Lawan basah sabarang
kakiranganipun,
ajidan ingkang nindhihi,

s■barang parentah iku,
m■ngkana wus tan winarni,
enjing kurnel sohan
mangko,
Lawan mayor m■ngkana
ingaturipun,
wau dalu sri bupati,
kawula nampani iku,
lapuranipun anenggih,
kum■ndhan malihan sang katong,
K■dhat■ngan pan n■nggih
kengkenanipun,
basah prawiradirjeki,
pan kaji kalih puniku,
lan satunggal kang ngulami,
kaji isa w■stanipun,
Kaji raji ngulami barmawi iku,
b■kta jendral s■ratneki,
sang nata ngandika iku,
heh kurnel tuturireki,
jendral d■ kok lunga mangko,
Mring b■tawi kurnel m■ngkana
turipun,
mapan tamtu kesahneki,
kawula ng■ntosi tuhu,
uninga duk angkatneki,
mapan kas■rat puniku,
Dugi kula sampun m■ling
wahonipun,
inggih dhat■ng kurnel kokis,
sabab s■rat kang rumuhun,
Paduka dereng mangsuli,
sang nata malih tanya lon,
Layang apa kurnel pan
duganireku,
kurnel m■ngkana turneki,
pan mangsa sanes satuhu,
n■nggih lawan kang
rumiyin,
samya b■dhami puniku,
Paduka ji win■stan maksih neng
gunung,

pan dereng uninga y■kti,
yen sampun t■dhak pukulun,
mes■m nata ngandika ris,
heh kurnel pan karsaningong,
Lamun t■ka pan layange jendral
iku,
aja katurake mring mami,
sabab pan wus kasep iku,
wus tampanen pribadi,
lawan sun tan sudi anon,
Iya marang kang padha kinongkon
iku,
kurnel sandika turneki,
m■ngkana wus luwar iku,
sont■n kurnel sowan malih,
tan kantun lan mayoripun,
Kurnel matur dhumat■ng ingkang
sinuhun,
m■ngkana pan aturneki,
kawula yun nr■rang tuhu,
Paduka punapa m■ksih,
r■m■n pasanggrahan katong,
Wont■n ngriki k■jawan kang
sinuhun,
m■ngkana ngandika aris,
heh kurnel apa r■mbugmu,
kalamun prayoga iki,
iya lawan karsaningong,
Sun turuti m■ngkana kurnel
turipun,
ingkang k■panggih dewa ji,
raosing manah pukulun,
Paduka mapan
prayogi,
ngrumiyinan mring k■dhu,
Mupung jendral pan dereng
dhat■ng puniku,
pan dugi kawula dewa ji,
datan ngantos siyam tuhu,
jendral p■sthi nunt■n prapti,
sabab kawula pan sampun,
Anusuli s■rat yen Paduka estu,
pan arsa panggih pribadi,

mila dugi nunt■n wangsul,
puniku yen saupami,
karsa dal■m bot■n dados,
Paduka ji kawula aturi wangsul,
inggih mring pag■len malih,
sanadyan dados satuhu,
pan tangl■d sami w■landi,
kawula pan ■mah katong,
Nging panuhun kawula mapan
satuhu,
panj■n■ngan dal■m ugi,
mapan sampun ngantos iku,
kag■pok mring l■pat neki,
lan dam■l pr■kawis mangko,
Amiwiti kalamun cidra sinuhun,
pan mangsa wandeya panggih,
mring awak pribadenipun,
m■ngkana sri narapati,
sar■ng mirsa aturipun,
Kurnel Kler■s lawan mayor Bokus
iku,
ingkang tyas nata
pan gampil,
kadya wus karsa hyang agung,
nanging sumendhe mring t■kdir,
esmu wirang j■ng sang katong,
Lamun ngantos sumingkir duduman
iku,
iya wong aneng dunyaki,
m■ngkana ingkang sinuhun,
mapan nulya ngandika ris,
heh kurnel aturireku,
Sun turuti nanging m■tu ngendi
ingsun,
bab ing kali r■ca iki
mapan sireku wus matur,
lamun bang■t susahneki,
dalan maring k■dhu mangko,
Lamun s■ka kene wus tan k■na
ingsun,
kajaba ing l■dhok iki,
lawan bali mring m■ntarum,

kalawan ing k■dhu ng■ndi,
kar■pira kang jinujog,
Kurnel Kler■s m■ngkana pan
aturipun,
ing m■noreh yen mar■ngi,
lawan kang arsa sinuhun,
sabab bot■n susah mawi,
sadaya sampun mirantos,
Sri nalendra m■ngkana
timbalanipun,
heh kurnel ya wus miranti,
mapan sabarange iku,
nanging ingsun ora k■ni,
sabab iku nganggo
m■tu,
Balabudhur mapan lawan kali
kabu,
kalawan anyabrang kali,
iya bagawanta iku,
sun kaw■tokake ng■ndi,
pan t■lu tan k■na ingong,
Kurnel Kler■s m■ngkana pan
aturipun,
sinuhun bilih mar■ngi,
pan miyos cacaban iku,
ing ngriki kawula turi,
mapan miyos urut sewu,
Mapan nyabrang sinuhun ing
kadilangu,
kangj■ng sultan ngandika ris,
kurnel dadi mub■ng iku,
susah kaprajurit iki,
sarupane dharat iku,
Kurnel matur dil■m kang dharat
sagung,
mapan kaj■ngipun sami,
m■dal ing ngriki s■darum,
ingkang k■dhung Maesa aji,
pan inggih l■r■s k■mawon,
Kaj■ngipun sar■ng lan plangkir
sadarum,
dene Paduka nr■pati,
kawula pribadi iku,

ingkang dherekk■n dewa ji,
kalawan husar puniku,
Sri nalendra ngandika heh
kurnel ingsun,
sesuk mangkat karsa mami,
apa kaduga sireku,
ingsun mundhut
mring sireki,
iya jaran pitung puluh,
Den sum■kta t■kakna m■ngko
b■ngi iku,
pukul wolu angkat mami,
sira praptaha den esuk,
sandika kurnel turneki,
nulya nantun mring mayor,
Heh ta mayor apa kaduga sireku,
ing pamundhut dal■m iki,
iya jaran pitung puluh,
mayor sandika turneki,
ngandika malih sang katong,
Heh ta kurnel sun parentah
mring sireku,
mapan sa pag■len iki,
wus sun gawe kr■ta iku,
tanah jawa sarupaning,
pan wus leren pr■rang mangko,
Heh ta basah m■rtanagara lan
iku,
basah gandakusumeki,
prajurit dhangana sagung,
mapan wus tan sun lilani,
iya lamun pr■rang iku,
Basah kalih samya sandika
turipun,
ngandika malih nr■pati,
heh kurnel parentah ingsun,
iku poma mring sireki,
dhawuhan mring sireku
Ingkang padha tunggu beteng
kabeh iku,
iya sarupane iki,
nak rabi prajurit sagung,

ingkang padha dherek mami,
padha den r■ksaa iku,
Den kar■ksa aja kongsi kurang
iku,
kang pinangan kabeh iki,
d■rapon ja rongeh iku,
olehe dh■dherek mami,
lan maning parentah ingong,
Lamun ana prajurit ing gawe
rusuh,
iya ing sawuri mami,
den enggal c■k■l■n iku,
nuli pasrah■na maring,
basah m■rtanagareku,
Apa maning lamun kancanira
rusuh,
basah gya tutura maring,
ing kurnel kalih puniku,
samya sandika turneki,
kurnel parentah mring mayor,
Heh ta sira w■ruh dhewe iku,
timbalane sri bupati,
buri sira kang kat■mpuh,
s■barang karsa nr■pati,
sabab bakal dherek ingong,
Mayor Bokus sandika pan
aturipun,
sang nata ngandika malih,
kurnel praptaa den
esuk,
kurnel sandika turneki,
anulya luwar sang katong,
W■ktu iku kurnel Kler■s puniku,
pan anglir ingkang p■patih,
mring kangj■ng sultan satuhu,
s■barang karsa nr■pati,
kurnel kang nadhahi mangko,
Ingkang jawi l■b■t Raden Basah
iku,
m■ngkana raden dipati,
lan basah dul latip iku,
mapan kadya magang kalih,
angering mring kurnel iku,

Ingaturk■n sang nata tan karsa
iku,
myang sagung ingkang bupati,
sadaya kang tumut wangsul,
m■ngkana wus tan winarni,
ing dalu pan winiraos,
Kapal pitung dasa mapan prapta
sampun,
malah mayor anyaosi,
dados jangk■pipun satus,
ajidan tenis anuli,
lapur mring den basah mangko,
Lawan kurnel nyaosi pasangon
iku,
mring sagung ingkang prajurit,
ajidan tenis puniku,
mapan jaga siyang latri,
neng ngarsane basah iku,
Mapan laj■ng dinum
kapal lan arteku,
pitung atus kathahneki,
sar■ng enjing kurnel iku,
sowan lan raden dipati,
ngabdul latip datan
kantun,
Kurnel matur yen Paduka sampun
rawuh,
sinuhun m■noreh benjing,
lamun jendral dhat■ng sampun
kaj■ngipun m■thuk benjing,
dhumat■ng m■noreh katong
Lan Paduka yen panggih lan
jendral sampun,
sampun ngandika pribadi,
sabarang karsa pukulun,
kawula ingkang nyagahi,
sagung kang wicant■n mangko,
Lawan jendral kangj■ng sultan
ngandika rum,
ya kurnel tarima mami,
kalawan sira apa wus,
karya p■ssanggrahan iki,

palerenan nginep iku,
Kurnel matur mapan sampun wau dalu,
utusan kawula aji,
karya p■sanggrahan sagung,
ingkang kamr■gen nr■pati,
kurnel nulya muwus alon,
Mring den basah sint■n ingkang ngirid iku,
mring prajurit dharat sami,
Raden Basah an■bda rum,
tum■nggung
saradirjeki,
lan rangga bapang puniku,
N■nggih gamawijaya kurnel ris muwus,
sae sampeyan timbale,
aj■ngipun t■pang iku,
s■barang kalih pun tenis,
pan punika kandhinipun,
Raden kang ngirid
s■darum,
n■nggih dhumat■ng P■langkir,
sabarang kiranganira,
neng marga mundhuta iki,
dhumat■ng Tenis punika,
kalih tinimbalan prapti,
Mapan tin■pangk■n sampun,
kalih lan ajidan Tenis,
riwus kinon mundur samya,
Sang Nata andangu iki,
mring Mayor Kurnel aturnya,
sampun baris wont■n margi,
Kalawan sakancanipun,
ingkang badhe kantun sami,
atur urmat mring Nalendra,
Sang Nata ngandika malih,
heh Kurnel sira dhingina,
sandika gya budhal Aji,
Saking K■jawan puniku,
langkung rame swaraneki,
sagung ingkang tatabuhan,
mapan pukul wolu enjing,

inggih Isnen dint■nira,
karsanira Sri Bupati,
Pan tinata
lampahipun,
ingkang kinon wont■n ngarsi,
sagunge W■landi usar,
kalih b■lah win■tawis,
ingkang dadya pangiridnya,
kapitan Uta puniki,
Lan kapitan Jid puniku,
kapitan Pilman lan Jeli,
wingking kurnel Ker■s ika,
wau ingkang anindhihi,
ingiring Raden Dipatya,
lawan Basah Ngabdul Latip,
Lawan ingkang Bupati sagung,
ingkang samya t■luk iki,
wingking nulya sinambungan,
Basah Gandakusumeki,
pan lawan prajuritira,
kang samya kapalan iki,
Kawan dasa kathahipun,
Tum■nggung Rangga lan Panji,
wingking kang nambungi ika,
Den Basah M■rtanagari,
lawan saprajuritira,
nulya Kangj■ng Sri Bupati,
Dhinerek ngulama iku,
lawan Kaji datan t■bih,
ngampil lawan punakawan,
datan wont■n dharat sami,
mapan kapalan sadaya,
yen tinon langkung ngajrihi,
Mayor m■thuk baris iku,
neng lurung Soka puniki,
myang sagung upsir samya,
ingkang badhe kantun sami,
salompret tambur wurohan,
kend■l sak■dhap Nr■pati,
Nging m■ksih neng kuda iku,
Mayor atur tabe nuli,
kalawan upsirira,

riwus laj■ng Sri Bupati,
kend■l aneng P■tanahan,
mapan kurnel kang ngaturi,
K■langkung sugatanipun,
kurnel mring Sri Narapati,
tan kirang samarga-marga,
myang sagung kang dherek sami,
at■napi kang r■r■nggan,
sadaya mapan sinami,
Riwus gya budhal Sang Prabu,
tan ewah ing lampahneki,
sadalu nyare ing Ngambal,
enjing nulya budhal malih,
kend■l dhahar aneng Wawar,
riwus budhal Sri Bupati,
Rawuh Jagar■san iku,
m■ngkana nulya ningali,
Nata marang Kaji Ngisa,
mapan lawan Kaji Raji,
Barmawi katiganira,
b■kta jendral s■ratneki,
Sri Nalendra laj■ng b■ndu,
tiga samya laj■ng iki,
panggih lan Kurnel punika,
Sri Nalendra nyare iki,
aneng S■manggen punika,
enjang nulya mangkat malih,
Mapan miyos Kadilangu,
punika samargi-margi,
W■landi pan samya kurmat,
wit kum■ndam sapanginggil,
lawan sagung betengira,
kang kamargen Sri Bupati,
Samya urmat baris agung,
tan ewah samargi-margi,
wont■n kum■ndam satunggal,
umatur dhat■ng Nr■pati,
sinuhun inggih paduka,
k■lamun dipunaturi,
Dhumat■ng Mag■lang tuhu,
sampun karsa Paduka Ji,
mapan tan sae dadosnya,
ya ta mes■m Sri Bupati,

ta kum■ndam sun tarima,
sira weh peling mring mami,
Sar■ng sampun bakda luhur,
Mas P■ngulu nulya prapti,
sowan dhumat■ng Sang Nata,
kinengken mring Kurnel iki,
n■nggih angaturi uninga,
m■ngkana aturireki,
Kurnel mapan w■ling matur,
mangke Paduka Dewaji,
yen beteng sampun katingal,
ing M■noreh denaturi,
n■nggih kend■la kewala,
ningalana saking ngardi,
Mila sapunikanipun,
Kurnel nuhun ngrumiyini,
lan sagung prajurit samya,
Paduka dipunaturi,
Dewaji sampun tum■dhak,
lamun dereng denaturi,
Aris ngandika Sang Prabu,
ana apa iku dening,
Mas P■ngulu aturira,
nuhun apunt■n Dewaji,
wau satingal kawula,
Kurnel sang■t n■psuneki,
M■kat■n wicant■nipun,
Mas P■ngulu dipun aglis,
andika matur Nalendra,
nging pangestu dal■m y■kti,
kalamun l■pat punika,
pan tangl■d samya W■landi,
Mapan inggih b■gjan sampun,
Walandi K■dhu puniki,
lawan ing Pag■len ika,
badhe k■prukan pribadi,
pan b■kja r■mpu kawula,
mapan b■kja Kornel Kokis,
Inggih p■cah ■ndhasipun,
marmanya Sri Narapati,
paningalan kewala,
inggih saking nginggil ardi,

mapan sampun t■dhak-t■dhak,
yen dereng kula aturi,"
Mes■m ngandika Sang Prabu,
ya wus ta ingsun lilani,
wangsul Mas Pangulu nulya,
Kurnel sampun dendhawuhi,
nulya n■mbang t■ngara,
ny■lompret lan nambur iki,
Tinata prajurit sagung,
P■langkir kang munggeng ngarsi,
ajidan Tenis tindhihnya,
nulya usar kang nambungi,
kapitan Uta tindhihnya,
Jaid Pilman lan Jili,
Nulya wadya dharat sagung,
an■nggih ingkang angirid,
Mas Tum■nggung Suradirja,
lan Mas Rangga Bapang iki,
Gamawijaya punika,
Kurnel Kar■s anambungi,
Lan Raden Dipati iku,
myang sagung tum■nggung sami,
ingkang at■luk sadaya,
angiring mring kurnel iki,
wingking sinambungan basah,
Gandakusuma anuli,
Basah M■rtanagareku,
nulya Kangj■ng Sri Bupati,
kang wingking kaji ngulama,
m■ngkana katingal iki,
beteng m■noreh punika,
Kangj■ng Sultan kend■l nuli,
Wont■n salurung ring gunung,
prajurit kang kend■l sami,
wit Basah Gandakusuma,
mapan sapawingkinngneki,
ingkang ngadh■p Sri Nalendra,
ningali neng ngiring ardi,
Mring Kurnel Kler■s iku,
m■ngkana kurnel winarni,
kend■l aneng Ngapus ika,
kalawan Raden Dipati,
lawan pra tum■nggung samya,

nanging Basah Ngabdul Latip,
Ingkang tumut laj■ng iku,
angirid sagung prajurit,
wus dangu wangsulan nulya,
n■nggih Basah Ngabdul Latip,
mapan l■stari kewala,
lampahnya sagung prajurit,
Kurnel gya ngaturi iku,
dhumat■ng Sri Narapati,
Sang Nata anulya t■dhak,
saking ngarsi sawadyeki,
kurnel mapan m■thuk nulya,
wus cundhuk lan si Bupati,
Kurnel aris aturipun,
dhumat■ng Sri Narapati,
angsal pangestu Nalendra,
sampun tan wont■n puniki,
ing M■noreh sapunika,
kanca sampun p■pak sami,
Kang ag■ng-ag■ng s■darum,
kang tan wont■n nanging kalih,
pan Kurnel Kokis punika,
kalawan Mayor Magilis,
mapan Kurnel Nahus nata,
tumut dhumat■ng B■tawi,
Kalawan r■sidhen K■dhu,
nanging wakil suk■taris,
pun Kokis t■ngga Mag■lang,
suwawi laj■ng Dewaji,
Sri Nalendra nulya budhal,
lawan sawadya kuswa ki,
Kurnel pamit mring Sang Prabu,
mapan nuhun ngrumiyini,
kalawan Raden Dipatya,
wus kalilan nand■r nuli,
praptanira tan winarna,
m■ngkana Sri Narapati,
Ing M■noreh sampun rawuh,
mapan langkung rameneki,
nging kuciwa mriy■mira,
wau ingkang datan muni,
wau ingkang datan muni,

mapan langkung pangranggannya,
kurnel mring Sri Narapati,
Sar■ng katingal Sang Prabu,
kurnel laj■ng m■thuk iki,
pan lawan sakancanira,
ingkang ag■ng-ag■ng sami,
kurnel Lebron dhe Pron ika,
Mayor Bow■r k■priyeki,
Suk■taris Maglang iku,
myang sagung kapitan sami,
gennya rawuh Sri Naranata,
pasanggrahan mapan m■ksih,
manggung aneng luhur kuda,
kurnel kang samya ngampingi,
Kalawan mayor puniku,
suk■taris datan kari,
nulya t■dhak Sri Nalendra,
Kurnel Kler■s nampeni,
dennya t■dhak saking kuda,
wus l■nggah Sri Narapati,
Sagung ingkang agung-agung,
mapan m■ksih ngad■g sami,
kurnel gya matur Nalendra,
kalamun par■ng Dewaji,
pan sagung kanca sadaya,
nuhun atur tabe sami,
Sang Nata mar■ngi iku,
nulya sagung maj■ng sami,
atur tabe g■ntya-g■ntya,
pan kapitan sap■nginggil,
riwus kurnel matur nulya,
punapa kalilan linggih,
Ngandika ingkang Sinuhun,
ya kurnel ingsun lilani,
nulya samya l■nggah tata,
ingkang c■lak lan Nr■pati,
nanging Kler■s pribadya,
mapan lawan suk■taris,
Pan wakil r■sidhen K■dhu,
m■ngkana wus tan winarni,
ingkang niskara sadaya,
Sri Nalendra mapan nuli,
kondur marang p■sanggrahan,

sagung mapan dherek sami,
Riwus rawuh samya wangsul,
mring Kler■s pondhokneki,
sont■n suk■taris sowan,
muhun pamit mring Nr■pati,
mapan mantuk mring Mag■lang,
sabab badhe nata iki,
N■nggih badhe ingonipun,
sagung di dal■m prajurit,
Sang Nata sampun kalilan,
nulya mundur suk■taris,
saking ngarsanya Nalendra,
ing dalu wus tan winarna,
Kawarnaa enjingipun,
Kurnel Kler■s puniki,
sowan lawan ngirid ika,
ingkang ag■ng-ag■ng sami,
mapan nuhun pamit ika,
dhumat■ng Sri Narapati,
S■daya pan badhe mantuk,
mring pr■nahira pribadi,
kalilan Sri Naranata,
m■ngkana wus tan winarni,
Kurnel Kler■s punika,
pan aj■g pasowaneki,
Sadint■n ping kalih iku,
pukul sanga lamun enjing,
sont■n mapan pukul gangsal,
kurnel pamit mring Nr■pati,
m■ngka pan aturira,
sak■dhap mapan Dewaji,
Kawula yun kesah iku,
sak■dhap mapan Dewaji,
inggih dhumat■ng Mag■lang,
punapa w■ling Nr■pati,
Sang Nata aris ngandika,
pan tan d■rbe karsa mami,
Lamun sira lunga iku,
poma aja lawan iki,
kurnel m■ngkana aturnya,
s■daya kemawon prapti,
m■ngkana sampun kalilan,

kurnel laj■ng mangkat iki,
Saking karsa kang Sinuhun,
kang tinilar anampeni,
sabarang karsa Nalendra,
Kapitan Uta puniki,
m■ngkana kurnel wus prapta,
saking Mag■lang puniki,
Apan kathah sal-angsalipun,
kang sinjang pan warni-warni,
s■daya katur Nalendra,
at■napi basah kalih,
pan tumut angsal-ngangsalan,
Sang Nata ngandika aris,
Heh kurnel apa karyeku,
m■ngkana kurnel turneki,
ing benjing yen dhat■ng jendral,
sampun ngantos anglings■mi,
kalawan malih kawula,
sampun ngantos denwastani,
Pan kirang urmat Pukulun,
inggih dhumat■ng Dewaji,
mes■m ngandika Nalendra,
heh kurnel paran sireki,
lamun jendral besuk t■ka,
iya sun t■moni ng■ndi,
Kurnel Kler■s aturipun,
sakarsa dal■m Dewaji,
jendral mangsa l■ngganaa,
m■ngkana wus tan winarni,
ing kala waktu punika,
prajurit kathah kang prapti,
nusul dhat■ng kang Sinuhun,
sumakta gagamaneki,
M■ntawis k■dhu punika,
ing nguni pan samya k■dhik,
s■daya dhumat■ng wana,
myang Pag■len kathah sami,
Wau ingkang prapta nusul,
dhumat■ng tum■nggungneki,
dadya sewu langkung kathah,
k■jawi pangr■mbeneki,
mapan prajurit kewala,
m■ngkana Sri Narapati,

Pan dereng eca tyasipun,
sabab ingkang putra maksih,
J■ng Pangran Dipanagara,
arosa denira jurit,
laknatolah kathah modar,
marmanya Mayor Magilis,
Datan sag■d prapta iku,
sabab asring maksih jurit,
lawan Basah Iman Musbah,
lan Raden Basah puniki,
Suryanata m■ngkana,
Sang Nata osiking galih,
Lamun sun tan ngundang iku,
am■sthi ngeren-ereni,
iya goning sun bicara,
lan Jendral dhe Kok sayakti,
lan maning sun wus parentah,
kang nglereni gung prang iki,
Nora wurung iku besuk,
agawe luput mring mami,
tur mangsa nguwisana,
k■jaba nugrahan Widi,
sun n■dya n■rah kewala,
mring t■kdir sun neng donyeki,
M■ngkana ingkang Sinuhun,
pan laj■ng kinen nimbali,
mring Kurnel Kler■s ika,
tan pantara nulya prapti,
pan lawan Kapitan Uta,
ingiring Den Dipati,
Lan Basah Dul Latip iku,
wus prapta ngarsa N■rpati,
Sri Nalendra angandika,
heh kurnel pan karsa mami,
kalamun r■mbug lan sira,
pan ingsun ayun nimbali,
Marang Dipanagareku,
lawan saprajuritneki,
apa iya saguh sira,
gawe pamondhokaneki,
k■lawan s■suguhira,
sabab prajurite iki,

Basah loro padha iku,
lan kang aneng kene iki,
yen nora sun timbalana,
pan bang■t kuwatir mami,
sabab bocah anom ika,
nging wani kang ana y■kti,
Lan basahe loro iku,
mapan padha sugih wani,
sun dhingin pan wus parentah,
duk aneng K■jawan mami,
anglereni sagung ing prang,
tanah Jawa kabeh iki,
Kurnel Kler■s puniku,
sar■ng mirsa karsa Ji,
langkung l■ga manahira,
mapan ayun matur ajrih,
nulya aris aturira,
pan l■r■s karsa Dewaji,
Yen tan ngandikan satuhu,
putra Dal■m sampun y■kti,
ngeroni galih Nalendra,
dene p■sanggrahaneki,
lawan t■dhanipun samya,
sagung ingkang pra prajurit,
Kawula sagahi sagung,
Sang Nata ngandika malih,
sapa kurnel kang prayoga,
ingkang pant■s ingsun tuding,
anggawa layange ika,
Basah M■rtan■gareki,
Kurnel Kler■s umatur,
barang punapa Dewaji,
kawula sumangga karsa,
Sri Nalendra ngandika ris,
heh ta kurnel karsaning wang,
lamun r■mbug lan sireki,
Ajidan Tenis lan iku,
Tum■nggung Jayalaneki,
kurnel sumangga aturnya,
m■ngkana wus dendhawuhi,
Sri Nalendra angandika,
mring Basah Mr■tan■gari,
Heh basah gaweya iku,

layang gawakna Tenis,
Den Basah M■rtanagara,
m■ngkana wus tan winarni,
wus luwar Sri Naranata,
kurnel lan Den Basah iki,
Mapan laj■ng madik iku,
badhe p■sanggrahaneki,
J■ng Pangran Dipanagara,
saundurnya sing ngarsa Ji,
mapan ing waktu punika,
W■landa kalawan Jawi,
Tan wont■n s■layanipun,
Den Basah lan kurnel iki,
tanapi mapan kalawan,
Mas Pangulu kurnel asring,
g■guj■ngan pan m■ngkana,
sun duga k■lakon mami,
Angayoni Mas Pangulu,
ing besuk kat■kan mami,
pan kawula yun ngupaya,
n■nggih Kur'an Jawineki,
mapan badhe kula karya,
mab■ni sagung ngulami,
Mas Pangulu sauripun,
gih kurnel pan sokur y■kti,
andika ayun uninga,
mring Kur'an parentahneki,
m■ngkana wus tan winarna,
kurnel gya matur Nr■pati,
Kawula ingkang Sinuhun,
mapan angsal kabar sidik,
lamun jendral sapunika,
ing S■mawis sampun prapti,
mapan pandugi kawula,
tigang dint■n kados prapti,
Jendral Mag■lang Sinuhun,
kalawan tur kawuleki,
benjang yen Paduka Nata,
panggih lan jendral prayogi,
pan sampun mawi ngandika,
Sri Nalendraanyagahi,
M■ngkana wus tan cinatur,

enjang basah Ngabdul Latip,
sowan dhumat■ng Nalendra,
umatur kurnel ing latri,
angl■mpakk■n kang k■lana,
kilurahan kawula Ji,
Mapan samya pista sagung,
k■lana pan p■pak sami,
Kurnel Kler■s an■bda,
heh sakehe kanca mami,
lan dika Raden Dipatya,
lawan Basah Ngabdul Latip,
Wus datan ngarani ingsun,
mring sagung kang pista iki,
apa ta wus tan mant■p padha,
anglabuhi mring Nr■pati,
golek ratu kaya ngapa,
sun duga wus nora olih,
Tanah Jawa kabeh iku,
goroh yen ana nimbangi,
iya ratu kang utama,
pan anglir n■mu sun iki,
dhasar wis patut kewala,
lamun padha denlabuhi,
Lamun n■mu karya iku,
Kapitan Uta winarni,
mapan laj■ng nyandhak g■las,
ngad■g nginum asru angling,
heh ta kabeh kanca-kanca,
mapan ingsun tan ngarani,
Kalamun ingkang Sinuhun,
n■mu pakewuh ta iki,
kabeh aja na s■laya,
pan r■mpu anglir iki,
kang g■las binanting nulya,
kurnel laj■ng animbangi,
Mapan banting g■las iku,
sadaya samya nimbangi,
pan dadya t■las sadaya,
piring g■las p■cah sami,
myang kang lilin samya p■jah,
Sri Nalendra atanya ris,
Basah ana apa iku,
Raden Basah matur aris,

kawula datan uninga,
ingkang dados pawitneki,
sar■ng pukul sanga nulya,
kurnel mapan sowan iki,
Myang sagung k■lananipun,
umatur mring Sri Bupati,
pan kawula mir■ng kabar,
lamun jendral benjing enjing,
dhat■ngipun ing Mag■lang,
Sri Nalendra gya miarsi,
Swaraning sanjata iku,
m■ngkana ngandika aris,
heh kurnel pan ika apa,
kaya b■dhil swaraneki,
m■ngkana kurnel aturnya,
kados jendral sampun prapti,
Lamun mar■ngi Sinuhun,
pan kawula benjing enjing,
sak■dhap yun mring Mag■lang,
Paduka m■ling punapi,
Sri Nalendra angandika,
tan ayun mam■kas mami,
Nanging iya tabening sun,
t■kak■na mring jendral iki,
kurnel sandika aturnya,
gya lengser saking ngarsa Ji,
kurnel lan sakancanira,
pan laj■ng kurnel pribadi,
Dhumat■ng Magelang iku,
ingkang kantun anadhahi,
sabarang karsa Nalendra,
Kapitan Uta puniki,
pan tan ewah pasoannya,
pukul gangsal sowan sami,
Sagung kapitan puniku,
pan Uta ingkang pangirid,
m■ngkana kapitan Uta,
umatur dhat■ng Nr■pati,
Sinuhun kawula nadar,
lamun rawuh Kangj■ng Gusti,
Pangran Dipan■gareku,
kawula badhe ngaturi,

titihan mes■m Nalendra,
ngandika kapitan b■cik,
wus luwar enjang winarna,
Kurnel Kler■s apan prapti,
Saking Mag■lang puniku,
laj■ng soan mring N■rpati,
m■ngkana kurnel aturnya,
kawula pan sampun panggih,
lan sudara dal■m jendral,
kintun tabe lawan malih,
Kintun arta mring Pukulun,
s■dasa ewu Dewaji,
dangu kend■l Sri Nalendra,
m■ngkana ngandika ris,
ya kurnel ingsun tarima,
pasrahna mring basah iki,
Pan apa kar■pe iku,
ingsun nora amang■ni,
gya tinampen mring Basah,
M■rtanagara lawan maning,,
Den Basah Gandakusuma,
ingkang arta warni kalih,
Abrit lawan p■thak iku,
kurnel laj■ng matur malih,
bilih mar■ngi Nalendra,
pan prayogi kintun tulis,
Paduka dhumat■ng jendral,
Sri Narpa ngandika ris,
Kurnel layang apa iku,
Kurnel m■ngkana tureki,
punapa karsa Paduka,
Dewaji mapan prayogi,
Sang Nata mes■m ngandika,
Kurnel ewuh ing tyas mami,
Mapan rong prakara iku,
kang dhingin b■basaneki,
lawan kapindhone iya,
ingsun pan tan darbe ati,
mapan Jendral durung ana,
layang kang prapta maning,
Dadya ewuh ing tyasipun,
kalamun ingsun dhingini,
dene ingkang bab bicara,

alalayang mapan mami,
ayun t■t■mu pribadya,
yen wis t■ka w■ktuneki,
Kurnel m■ngkana turipun,
pan s■rat sanes Dewaji,
inggih lawan bab bicara,
dene Jendral s■ratneki,
mapan sampun langkung kathah,
kang katur Paduka Aji,
Paduka mapan satuhu,
satunggal dereng mangsuli,
mes■m Sang Nata ngandika,
eh Kurnel b■n■r sireki,
nanging ta wus kasep padha,
lan ewuh b■basaneki,
Kurnel Kler■s aturipun,
inggih adat kang rumiyin,
mapan sagung nama Sultan,
samya eyang s■butneki,
dhumat■ng Jendral sadaya,
Sri Nalendra ngandikaris,
Eh Kurnel b■n■r sireku,
lamun adat ingkang dhingin,
pan Sultan gaweyanira,
Jendral ingsun tan kinardi,
kalawan maninge iya,
Kurnel mapan ewuh y■kti,
Mapan Jendral ku wus n■but,
mring Basah layange dhingin,
iya wayah s■butira,
layange ingsun udani,
lawan wangsulane Basah,
iya eyang s■butneki,
Apa dadi padha ingsun,
lan Basah pan abdi mami,
Kurnel m■ngkana turira,
pan estu sanes Dewaji,
pan inggih wayah punika,
wont■n andhap wont■n inggil,
Sang Nata ngandika iku,
eh Kurnel Dewaji,
kajaba kalamun ana,

layangira Jendral maning,
pan k■na sun arah-arah,
iya w■wangsulan mami,
Kurnel Kler■s tumungkul,
tan kena matura malih,
pan sampun luwar Nalendra,
kang siwaka kaluwar sami,
Kurnel mantuk mring pondhoknya,
m■ngkana pan sar■ng benjing,
Kurnel malih sowan iku,
Sri Nalendra ngandika ris,
pan Kurnel w■rtanira,
Jendral apa sida prapti,
marene Kurnel katurnya,
mapan sampun tamtu Aji,
Jendral inggih praptanipun,
ngawoni dhat■ng mariki,
nging saweg nimbali Basah,
punika ingkang dentosi,
benjing enjing kados prapti,
Basah Prawiradirjeki,
Lan Pangeran Basah iku,
Sumen■gara Dewaji,
lan kancanipun s■daya,
lamun sampun samya prapti,
pan inggih Paduka gi kula,
Jendral kados nunt■n prapti,
M■ngkana ingkang Sinuhun,
pangesthining jroning galih,
yen Jendral kongsiya prapta,
ing kene pan ingsun p■sthi,
mangsa wurunga den undang,
utawa prapta pribadi,
Nora gawa bala iku,
pasthi sun den kon mal■si,
den undang tan gawa bala,
paran gon ingsun mangsuli,
sabab sun wus kadhinginan,
tandha nganggo ang■nteni,
Kalamun tan b■n■r ingsun,
dadi kalah b■n■r mami,
sabab Jendral dhingin prapta,
iya marene ngalahi,

kalamun g■l■ma ing wang,
pan kasor t■mahaneki,
Lan bang■t pakewuh iku,
yen tan gawa bala mami,
m■ngkana Sri Naranata,
sarwi mes■m atanya ris,
eh Kurnel apa sira,
nora kasusahan iki,
Lamun Jendral dhat■ng iku,
iya kapondhoke ng■ndi,
m■ngkana Kurnel aturnya,
inggih gen kawula Aji,
Sri Nalendra angandika,
sira Kurnel ana ng■ndi,
Kurnel Kler■s aturipun,
pan sa■nggen-■nggeneki,
kalawan sakanca kula,
datan wande dipun■ndhih,
dhat■ng ingkang dherek Jendral,
mes■m ngandika N■rpati,
Lamun kaya m■ngkoneku,
dadi akeh susahneki,
kurang cukup dadinira,
mapan iku durung prapti,
Dipanagara kalawan,
ingkang ngiring kabeh iki,
Iya yen t■kaa iku,
saya wuwuh susahneki,
Kurnel lamun r■mbug sira,
prayoga ingsun pribadi,
kang ngalahi mring Mag■lang,
lawan ingsun yun uning,
Mapan ing Mag■lang iku,
yen Jendral sun duga iki,
kaya m■ksih sayahira,
karo dene Kurnel maning,
pan mangsa nuli rampunga,
iya aneng kene iki,
Sanadyan lawasa ingsun,
neng Mag■lang manggon iki,
sabab iki sasi Ramlan,
wus tan k■na bicareki,

lamun Jendral saguh iya,
anggawekak■n mring mami,
P■sanggrahan maring ingsun,
cukupa ingsun ■nggoni,
kabeh kalawan sawadyaning wang,
m■ngkana Kurnel turneki,
Sinuhun dugi kawula,
yen Jendral kados kadugi,
Lan pandugi kawuleku,
Jendral langkung dhanganeki,
sabab Paduka Nalendra,
mapan kathah mikawoni,
antawis manah kawula,
mapan langkung l■ganeki,
Dados panduka Sinuhun,
tan kirang l■gawa y■ti,
lawan panuhun kawula,
ing sal■b■tipun n■nggih,
mapan ing wulan Ram■lan,
Paduka den k■r■p panggih,
Kalawan Jendral Sinuhun,
dr■rapon wanuh Dewaji,
mapan kaot Sri Nalendra,
wanuh lawan dereng y■kti,
kalamun tiyang r■mbagan,
pan kenging dipuns■sami,
Lawan paguj■ngan tuhu,
yen sampun wanuh Dewaji,
Sang Nata mes■m ngandika,
kaya paran Kurnel dening,
gennya nyambi guyon ika,
lamun r■mbug nora dadi,
Mapan sun dadi kabutuh,
yen ingsun tan aweh bali,
mring Pag■len maning ika,
Kurnel Kler■s turneki,
Sinuhun nadyan r■mpuha,
neng Mag■lang lun lampahi,
Mangsa tegaa pukulun,
dhumat■ng Kangj■ng Dewaji,
Sri Nalendra angandika,
ya Kurnel tarima mami,
lawan sapa kang prayoga,

sun kongkon mring Jendral iki,
Dhawuhake karsaningsun,
Kurnel Kler■s aturneki,
kajawi karsa Nalendra,
pan Kaji Ngisa prayogi,
kalih Basah P■ngalasan,
sabab punika k■kalih,
Lawan Jendral sampun wanuh,
lawan sumurup karsaji,
lamun kawula utusan,
saliyanipun Dewaji,
tan sum■r■p karsa Nata,
mindhak ngaping kalih kardi,
Mapan inggih sampun tamtu,
Jendral l■ga manahneki,
dhumat■ng karsa Nalendra,
Sang Nata ngandika aris,
wus Kurnel kon mangkat padha,
nanging iya tabe mami,
Kirimna mring Jendral iku,
lawan aja bali-bali,
lamun iku durung dadya,
bakal p■sanggrahan mami,
Kurnel Kler■s aturnya,
sandika gya luwar Aji,
Kurnel Kler■s wus mantuk,
Kaji Ngisa dendhawuhi,
mapan laj■ng kinon mangkat,
lawan Basah Ngabdulatip,
wau dhumat■ng Mag■lang,
lan win■ling niskareki,
Ing karsa ingkang Sinuhun,
mring Kurnel Kler■s iki,
datan winarna ing marga,
Mag■lang pan sampun prapta,
nulya panggih lawan Jendral,
Kaji lawan Ngabdul Latip,
Wus dhinawuhk■n s■darum,
ingkang niskara karsaji,
Jendral Dh■kok langkung suka,
nulya andhawuhan iki,
dhat■ng R■sidhen Mag■lang,

karya p■sanggrahan Aji,
Sagung griya agung-agung,
pan laj■ng kinon b■dholi,
griyanya Den Danuningrat,
lawan Mangunkusumeki,
mapan den ■lih sadaya,
sabab Basah Ngabdul Latip,
Ing pundi pinilih iku,
kang papan Jendral nuruti,
R■sidhen mapan tan k■na,
lamun suwala iki,
ingkang pinilih mring Basah,
pr■nah lor kuloning loji,
Ing M■tesih namanipun,
mapan angongkang P■ragi,
kin■rik sagunging tiyang,
K■dhu samya nyambut kardi,
pan Jendral Dh■kok pribadya,
lan R■sidhen Pal■k iki,
Ingkang j■n■ngipun niku,
ngantos kathah tiyang mati,
mapan katiban dandanan,
pan saking kas■saneki,
sabab nanging winang■nan,
pitung dint■n mring Nr■pati,
Jendral asmu isin iku,
pitung dint■n yen tan dadi,
marma langkung kas■sanya,
m■ngkana mapan wus dadi,
nging k■dhik-k■dhik kewala,
nging kantun r■sikaneki,
Jendral gya utusan iku,
mring Kurnel pan mawi tulis,
tur uning mring Nalendra,
lamun p■sanggrahan dadi,
nging kirang k■dhik kewala,
lan Basah wus samya prapti,
Mapan sampun kenging iku,
lamun dipunp■sanggrahi,
Jendral sumarah kang karsa,
m■ngkana Kurnel anuli,
sohan dhumat■ng Nalendra,
lan b■kta nuwalaneki,

N■nggih Jendral Dh■kok iku,
nanging aksara W■landi,
winaca Kurnel pribadya,
nanging ingkang nama m■ksih,
any■but kang nama lama,
dadya b■ndu Sri Bupati,
Dede Jendral t■mbung laku,
owah lan adate iki,
nadyan Komasaris Jendral,
Dh■bos pan wus s■but dhingin,
iya marang namaning wang,
dadi ngajak nora b■cik,
Wus Kurnel muliya iku,
pan wurung karuwan mami,
nulya kondur Sri Nalendra,
manjing pasareyan nuli,
Kurnel langkung ajrihira,
rumaos k■laj■ng iki,
Pan sang■t denya kaduwung,
sapraptanya pondhokneki,
laj■ng datan aj■ng n■dha,
mapan langkung susahneki,
lawan datan tinimbalan,
yun sohan pribadi ajrih,
Pan Raden Dipati iku,
tur uning mring Sri Bupati,
yen Kurnel langkung susahnya,
mapan datan mijil-mijil,
gung k■lana ayun panggya,
Kurnel tan purun manggihi,
Yen par■ng ingkang Sinuhun,
luhung den dhawahna y■kti,
kang dados karsa Nalendra,
kant■nan wawrataneki,
n■nggih Kurnel manahira,
awon lawan sae nika,
M■ngkana nulya tinurut,
aturnya Raden Dipati,
kaji kalih kang dinuta,
andhawuhk■n duka aji,
Kaji Badarodin lawan,
Kaji Ngabdullah puniki,

Mas P■ngulu nulya mantuk,
mapan lawan Ki M■langi,
dhumat■ng Pondhokanira,
saking ecane tyasneki,
pan badhe nusul kewala,
dhumat■ng M■taseh kalih,
Sabab Kurnel sagahipun,
sabarang karsa Nr■pati,
mapan wus datan suwala,
myang sagung k■lana sami,
t■pangnya lan pra Dipatya,
tan ana tinaha iki,
Badarodin prapta sampun,
mring Kurnel pondhokaneki,
ingundang mring patil■man,
Kurnel saking susahneki,
mapan datan m■dal-m■dal,
gya dhinawuhak■n nuli,
Ingkang dadya tyas Sang Prabu,
kalawan Kurnel tan nyagahi,
Sri Nalendra datan karsa,
panggih lan Jendral sayakti,
yun kondur malih kewala,
Kurnel mring Pag■len molih,
Kurnel Kler■s aris muwus,
eh ta Dolah Badarodin,
pan tangg■l karsa Nalendra,
mapan sampun prapta ngriki,
lan sampun dhawuhk■n ika,
ubaya lan Jendral panggih,
Dede prakawis puniku,
bok sampun Sinuhun galih,
k■panggiha mring kawula,
p■ngraos kawula y■kti,
punika nanging b■beka,
d■rapon l■pat N■rpati,
Rumiyin kawula matur,
punapa k■rsa Nr■pati,
upami tan k■dadosan,
sanadyan tangl■d sayakti,
pan inggih samya W■landa,
say■kti kula lakoni,
Yen dereng pitaj■ng tuhu,

Kangj■ng Sultan marang mami,
Den Basah M■rtanagara,
eh ta Kaji Badarodin,
wus den enggal aturana,
marene kat■mu mami,
Ningalana jangjeningsun,
payo padha sumpah iki,
Den Basah M■rtanagara,
ny■p■nga pratondha mami,
pratandhane Raden Basah,
ingsun ya ny■k■la iki,
Eh ya Badarodin ingsun,
pan wus tan sum■dya gingsir,
s■barang karsa Nalendra,
wus sum■dya sun labuhi,
pan tan s■dya uriping wang,
lamun tan dadi karsaji,
Lan kabeh sakancaningsun,
wus s■dya tan nana mulih,
marang n■gara W■landa,
badane nyawane iki,
katur kabeh mring Nalendra,
apa kang karsa Nr■pati,
S■nadyan r■r■mpon iku,
neng Mag■lang sun lakoni,
yen tan dadi karsa Nata,
eh ta Kaji Badarodin,
Sri Nalendra mapan k■na,
iya lamun den cidrani,
Gusti Allah ingkang agung,
pan mangsa kilapa y■kti,
atase sagung manungsa,
ingkang gawe gung sawiji,
kawula lamun dinukan,
dhumat■ng Sri Narapati,
Pan banjur ilang tyas ingsun,
wus Dolah matura iki,
iya mring Sri Narapati,
ingsun nuhun praptaneki,
Den Basah M■rtanagara,
mapan kalawan kang rayi,
Den Basah Gandakusumeku,

nulya Kaji Badarodin,
kalawan Kaji Ngabdullah,
umatur mring Narapati,
mapan anglir ingkang mung■l,
ing ngaj■ng puniki,
Gya lilih duka Sang Prabu,
m■ngkana ngandika aris,
eh Badarodin baliya,
dhawuhna marang Kurnel iki,
pan bang■t wus sun tarima,
pras■cane maring mami,
Nora susah nganggo iku,
layang panusun s■kseni,
muga Allahu Tangala,
an■t■pna gung pr■jangji,
pan wus nora susah Basah,
santosa Rabilngalamin,
Kaji Badarodin wangsul,
lan Kaji Ngabdullah iki,
wus panggih lan Kurnel nulya,
dhinawuhak■n sagunging,
kang pangandika Nalendra,
mring Kurnel Kler■s iki,
M■ngkana wus tan cinatur,
sar■ng enjang tan winarni,
Kaji Ngisa mapan prapta,
laj■ng sohan mring N■rpati,
kinengken Jendral punika,
m■ngkana ingaturneki,
Sinuhun kawula ngutus,
dhat■ng Jendral Dh■kok aji,
mapan lawan kinanthenan,
satunggal Kurnel kang patih,
sudara dal■m pribadya,
Jendral langkung ngarsi-arsi,
Mring rawuh dal■m Sinuhun,
dint■n punika y■kti,
sampun jangk■p kang ubaya,
pitung dint■n pan s■mangkin,
dening pasanggrahan Nata,
mapan sampun dados sami,
Pan Jendral pribadi tuhu,
ingkang asring anj■n■ngi,

marmanya enggal punika,
lawan Kurnel aturneki,
inggih sadint■n punika,
rawuh dal■m s■rtaneki,
Marmanipun ngayun-ayun,
Jendral mring Paduka Aji,
pan sar■ng siyang punika,
tita yen tan rawuh aji,
Jendral langkung gugupira,
tin■rka wont■n pr■kawis,
Pramila amba Sinuhun,
ingkang kinengken Dewaji,
lawan Jendral patihira,
n■nggih Kurnel namaneki,
pan samya numpak kareta,
mrih enggaling lampahneki,
M■ngkana ingkang Sinuhun,
mes■m angandika aris,
eh ta iya Kaji Ngisa,
pan sam■ngko ana ng■ndi,
Jendral Dh■kok kongkonan,
Kaji Ngisa aturneki,
Kend■l wont■n pondhokipun,
Kurnel Kler■s Dewaji,
wau daw■g ayun n■dha,
sang Nata ngandika aris,
eh Kaji sira undanga,
Kurnel s■karone iki,
Kaji Ngisa n■mbah mundur,
saking ngarsanya Nr■pati,
tan pantara nulya prapta,
ngarsaji Kurnel k■kalih,
riwusira tata l■nggah,
Kurnel kengkenan turnyaris,
Mapan kawula ingutus,
ngaturak■n tabeneki,
n■nggih sudara panduka,
Jendral Dh■kok lawan malih,
sudara dal■m pan n■rang,
benjing punapa Dewaji,
Rawuh dal■m kang Sinuhun,
mring Mag■lang tamtuneki,

kalawan kinon angatas,
punapa Paduka Aji,
mawi amundhut kareta,
lan Jendral badhe ngaturi,
Urmat mring Paduka tuhu,
mriy■m ngandika Nr■pati,
eh Kurnel wus sun tarima,
kreta lan mariy■mneki,
lan maning sira tutura,
mring Jendral pan angkat mami,
Mapan iya Isnen sesuk,
Kurnel mangkya matur malih,
lawan Basah sampun prapta,
punapa karsa Nr■pati,
Sri Nalendra angandika,
wus mapak kiwaleki,
Kurnel Kler■s umatur,
kawula nr■rang Dewaji,
ing benjing enjing punika,
t■dhak dal■m saking ngriki,
Sinuhun wanci punapa,
Sri Nalendra ngandikaris,
Eh ya Kurnel karsaningsun,
sagung dharat dimen dhingin,
sabab iku yen bar■nga,
kasusa panduga mami,
m■ngko b■ngi pukul papat,
kang dharat mangkata dhingin,
Kurnel mapan malih matur,
m■nggah dharat kados pundi,
punapa inggih ewaha,
punapa inggiha m■sih,
kados ingkang k■lampahan,
Sri Nalendra ngandikaris,
Ya Kurnel pan m■ksih iku,
ja owah kaya kang dhingin,
wus rampung karsa Nalendra,
Kurnel patih anulya mit,
dhumat■ng Sri Naranata,
Sang Nata ngandika aris,
Kurnel nanging tabeningsun,
mring Jendral t■kakk■n iki,
wus mundur Kurnel kalihnya,

m■ngkana wus tan winarni,
ing dalu kang kawarnaa,
M■noreh rame gung jalmi,
Samya tata-tata iku,
Mag■lang m■ngkono maning,
mapan tan wont■n nendra,
sabab badhe m■thuk sami,
pan sar■ng pukul s■kawan,
dalu Plangkir mangkat nuli,
Langkung rame swaranipun,
salompret myang tamburneki,
ing wuri pan sinambungan,
gung prajurit dharat sami,
m■ngkana wus tan winarna,
sar■ng pukul pitu enjing,
Kurnel Kler■s puniku,
wus tinata usarneki,
abaris neng lurung samya,
laj■ng sowan mring Nr■pati,
den Basah M■rtanagara,
wus tinata kaprajurit,
Sagung kang kapalan iku,
abaris pasowan sami,
Sampun sum■kta sadaya,
Kangj■ng Sultan ngandika ris,
eh Kurnel sira dhingina,
gung usar kon aneng arsi,
Kapitan Uta puniku,
mapan laj■ng den dhawuhi,
mapan s■kawan Kapitan,
ingkang ngirid usar sami,
ny■lompret anulya budhal,
yen pinirsa gigirisi,
Kurnel Kleres anulya,
mundur sing ngarsa Nar■ndra,
ingiring raden dipatya,
lan basah dul latip ika,
Neng wingking husar lampahnya,
nulya sinambungan ika,
den basah gandakusuma,
ngirid sagung pra dipatya,
Aneng wingking lampahira,

mring sagung prajurit samya,
ingkang kapalan s■daya,
punika ingkang aneng ngarsa,
Den Basah M■rtanagara,
ingkang sambungi punika,
kalawan sawadyanira,
mapan kapalan s■daya,
Nulya kangjeng Sri Nalendra,
punakawan kang neng ngarsa,
wingking kaji lan ngulama,
samarga samya gumbira,
Kend■l lampahnya Nalendra,
aneng ing sakilen praga,
sabab r■ndh■t lampahira,
saking kathah ingkang wadya,
Ngantos ngandh■long kr■t■gnya,
kang kuda tinuntun samya,
m■ngkana kurnel winarni,
ngirid Khaji Ngisa,
Sowan Kangjeng Sri Nalendra,
kinengken jendral punika,
kaji ngisa saha turira,
Sinuhun mapan kawula,
Ngaturak■n tabenira,
n■nggih sudara paduka,
pan Jendral De Kok punika,
m■rtelakak■n sadaya,
Inggih sagung kang niskara,
Den Basah Prawiradirja,
lan Pangran Basah punika,
sumanagara kalawan,
Sagung kang pra dipatya,
nanging kend■l panji rangga,
ingkang pin■thuk■n samya,
prajurit jajar sadaya,
M■ksih kantun gowok samya,
sabab tan kangkat papasnya,
Sinuhun pan sapunika,
kend■l sawetaning praga,
Jendral s■mangga Nalendra,
lan husar magelang samya,
pin■thukak■n sadaya,
ingkang angirid punika,

Mayor priye tunggil samya,
pin■thukak■n s■daya,
ingkang angirid punika,
wont■n sawetaning praga,
Kalawan sakancanira,
mangke yen rawuh punika,
kang badhe m■thuk paduka,
kurnel kukis pan k■lawan,
N■nggih residhen magelang,
kalih w■lingipun jendral,
Sinuhun mapan kawula,
n■nggih kinon angatasa,
Yen sampun rawuh Nalendra,
sagung kang pra upasir samya,
punapa linilanan,
atur tabe mring paduka,
Yen jendral p■nuhunira,
punapa samya linilan,
Sinuhun al■nggah tata,
n■nggih neng kursi sadaya,
Lamun tan linilan ika,
datan kawrat panggenannya,
sabab rupak panggenannya,
sri Nalendra ris ngandika,
Heh ta iya kaji ngisa,
wus apa saprayoganya,
jendral sun turuti ika,
wus aja sum■lang driya,
Wus kaji sira dhingina,
tabeningsun weneh■na,
mring jendral kurnel turnya,
lamun mar■ngi Nalendra,
Kawula yun rumiyina,
sang nata aris atanya,
dhingin apa karyanira,
kurnel kler■s aturira,
Badhe ngl■b■ti sadaya,
dhusun ingkang c■lak marga,
bilih wont■n kang dursila,
Sinuhun dhat■ng paduka,
Wus kurnel sakar■pira,
nulya budhal sri Nalendra,

datan ewah tatanira,
wus rawuh sawetan praga,
Mayor priye mapan nulya,
atur tabe mring Nalendra,
riwus sang nata ngandika,
heh mayor sira dhingina,
Kabeh lan sakancanira,
mayor sandika aturnya,
gya budhal husar s■daya,
k■dhu lan pag■lan ika,
Wus kumpul dadya sajuga,
ingkang lumampah neng ngarsa,
ing wuri kurnel punika,
pan kawan raden dipatya,
Ingiringi basah tiga,
kalawan sakancanira,
nulya sinambungan ika,
den basah gandakusuma,
Den basah m■rtanagara,
nulya kangjeng sri Nalendra,
ginar■b■g pra ngulama,
lan kaji mag■lang prapta,
Kurnel mudhun saking kuda,
umatur mring sri Nalendra,
punika mapan basah prapta,
Sinuhun punapa karsa,
S■daya kanca punika,
punapa m■ksih neng ngarsa,
punapa neng wingking nata,
lan sampun r■sik sadaya,
Sinuhun ngaj■ng punika,
sri Nalendra angandika,
heh kurnel iya m■ksiha,
lumaku ngar■p kewala,
Wus mara padha angkatna,
kurnel sandika aturnya,
gya mangkat wus tan winarna,
ing ngloji mag■lang prapta,
Sagung husar baris samya,
nging kurnel kler■s pribadya,
ingkang mudhun saking kuda,
angampingi sri Nalendra,
Sar■ng t■dhak saking kuda,

sri Nalendra mapan nulya,
kurnel kokis pan k■lawan,
r■sidhen pal■k punika,
M■thuk kalih ngampil asta,
sri Nalendra sampun panggya,
lan jendral dhe kok punika,
jendral m■thuk sawetara,
Riwus tata l■nggah samya,
jendral lawan sri Nalendra,
nging jendral b■basanira,
maksih nama lama ika,
Dadya nata tan ngandika,
nulya pra upsir prapta,
sar■ng sagung pra niyaka,
pan samya ngad■g sadaya,
Nging jendral lan sri Nalendra,
ingkang al■nggah punika,
nulya jendral t■mbungira,
dhumat■ng sri naranata,
Tuwan punapa kalilan,
upsir atur tabe samya,
sang nata manthuk kewala,
nulya tur tabe sadaya,
Gya sagung kang pra niyaka,
tabeyan lan jendral samya,
riwus jendral malih n■bda,
punapa kalilan samya,
L■nggah neng kursi sadaya sang nata inggih s■bdanya,
maj■ng ngaler l■nggahira,
jendral lan sri naranata,
Gung upsir neng wetan samya,
pan maj■ng ngilen sadaya,
basah lawan den dipatya,
myang sagung kang pra pratiwa,
Aneng kilen l■nggahira,
maj■ng mangetan punika,
kurnel kler■s pan m■ngkana,
tumut neng kilen punika,
Mapan j■ng ngaj■ngan ika,
lan kurnel kokis punika,
jendral dhe kok datan suka,
kinen ngalih ngetan samya,

Kurnel esmu isineki,
sri Nalendra kondur nulya,
dhumat■ng p■sanggrahannya,
sri Nalendra dhinerekak■n punika,
R■sidhen pal■k kalawan,
mayor dustus tan winarna,
m■tesih rawuh Nalendra,
mayor lan r■sidhen ika,
Sampun pamit kalihira,
m■ngkana wus tan winarna,
jendral pan kengkenanika,
n■nggih den mangunkusuma,
Ngaturi ingkang pratandha,
sobat dhumat■ng Nalendra,
kuda dhawuk c■m■ngika,
pan langkung g■ng inggilira,
Bagus m■ksih anem ika,
kinasiyan mring Nalendra,
wont■n antawis punika,
kalih dint■n pan m■ngkana,
N■nggih den mangunkusuma,
kinengken mring jendral ika,
pan m■ngkana t■mbungira,
Sinuhun amba dinuta,
Dhat■ng sudara paduka,
jendral ngaturak■n ika,
n■nggih j■ng ibu paduka,
kangj■ng ratu ag■ng ika,
Lan putra dal■m katiga,
n■nggih j■ng pangran dipatya,
lawan raden ayu basah,
den aj■ng munth■ng punika,
Sar■ng pirsa sri Nalendra,
dangu kend■l tan ngandika,
duk nguni tan mirsa warta,
yen kang ibu kawlas arsa,
Tan wont■n purun matura,
wau dhumat■ng Nalendra,
dadya esmu duka,
mring basah m■ntawis tiga,
Punika kang sagah ngr■ksa,
wusana t■mah m■ngkana,
esmu sang■t lings■mira,

nging eng■t purbaning sukma,
Den m■nggung mangunkusuma,
tumingal sang nata duka,
mapan sang■t ajrihira,
nulya aris aturira,
Sinuhun jendral punika,
mapan rum■ksa kewala,
dhat■ng j■ng ibu Nalendra,
lan putra dal■m katiga,
Marma ing mangke katura,
sang nata aris ngandika,
heh iya mangunkusuma,
sira tutura tarima,
M■ngkana wus tan winarna,
kalih dint■n w■taranya,
kurnel kler■s punika,
sowan dhumat■ng Nalendra,
Mapan nuwun pamit ika,
mantuk mring pag■len lawan,
an■nggih rahaden dipatya,
sri Nalendra angandika,
Heh kurnel yen mulih sira,
iya sapa rewang ingwang,
kang sun ajak r■r■mbugan,
kurnel kler■s aturira,
Pan kawula bot■n lama,
nunt■n wangsul sri Nalendra,
n■nggih jendral parentahnya,
mapan kinen bayar kanca,
Sri Nalendra angandika,
dene mayor m■ksih ana,
kurnel m■ngkana aturira,
pan kirang c■kap Nalendra,
Yen wont■n karsa paduka,
kapitan huta punika,
ingkang kula tilar nata,
lan husar satus punika,
Sri Nalendra angandika,
heh iya nging poma poma,
kurnel aja lawasira,
kurnel sandika aturnya,
M■ngkana wus tan winarna,

den basah prawiradirja,
lan basah sumanagara,
kalawan sakancanira,
Nuhun pamit mring Nalendra,
mantuk mring mantaram samya,
sabap tan c■kap papannya,
mapan jendral w■lingira,
Yen sampun bakda kewala,
sadaya kinen wangsula,
wus mar■ngi sri Nalendra,
kala ing waktu punika,
Abdinya sri naranata,
ing m■ntawis mapan samya,
prapta anusul sadaya,
prajurit pangr■mbe ika,
Ngampil gandhek priyatama,
martalulut pandhesinga,
k■masan singan■gara,
kalang gowong gam■l galadhag
Padharan lan ponakawan,
k■parak p■pak sadaya,
pajang k■dhu pag■lan ika,
kang kantun nusul wus prapta,
Prajurit pangr■mbenira,
dadya langkung kathahira,
keb■kan mag■lang ika,
esmu giris manahira,
Pan jendral de kok punika,
maglang kathah ngisi samya,
pan langkung awrating karya,
pan iya sadina dina,
Karya p■sanggrahanira,
pan k■bak k■bak kewala,
langkung kathah s■gah ika,
maesa gangsal sadina,
Dhat■ng prajurit kewala,
lawan pangr■mbe punika,
tum■nggung sapanginggilnya,
mapan mat■ngan s■daya,
S■gahnya jendral punika,
tan wont■n ingkang kend■la,
tiyang mag■lang sadaya,
ing siyang dalu m■ngkana,

Dene ing w■ktu punika,
r■sidhen pal■k kalawan,
mayor duk tus lampahira,
sowannya gilir kewala,
Pan enjing sont■n punika,
raden basah pan m■ngkana,
sab■n dalu panggihira,
kalawan jendral punika,
Kalawan sakancanira,
wangkit tum■nggung punika,
kang ag■ng ag■ng kewala,
pan asring ingajak pista,
Dhumat■ng jendral punika,
nging sang nata datan karsa,
pan nanging basah kewala,
ingkang kinen lumampaha,
Nanging asring ap■panggya,
jendral kalawan Nalendra,
mapan g■ntos panggihira,
t■rkadang jendral kang prapta,
Dhat■ng ing m■teseh ika,
t■rkadang sri naranata,
kang dhat■ng mag■lang ika,
wus tan ana jaga taha,
Lan asring guj■ngan ika,
sabbarang kinarya suka,
kangj■ng ratu g■ng winarna,
andangu dhat■ng kang putra,
Kangen kang wayah sadaya,
m■ngkana kang pangandika,
sultan pa sira pitaya,
saupama angundanga,
Mring sagung r■repot ika,
ingsun kang■n putu padha,
sri Nalendra aturira,
k■lamun purun duraka,
Inggih sak■dhik kawula,
kados sampun tan punapa,
sabab jendral t■pangira,
mapan langkung sapunika,
Inggih dhumat■ng kawula,
kangj■ng ratu ag■ng ngandika,

bok iya yen tan ngapaa,
sultan wus aja k■dawa,
Kadya wus karsaning sukma,
sang nata gampil tyasira,
nuruti kang ibu ika,
nulya kinon nimbalan,
Wau dhat■ng kaji ngisa,
ing ngutus mring jendral ika,
mundhut sagung rerepot ika,
n■nggih praptanya sadaya,
Samya neng gowok punika,
tunggil lan basah kalihnya,
kalong neng k■dhaton ika,
marmanira sri Nalendra,
Pinundhut mring jendral ika,
mundhut sagung repot samya,
mring jendral pamundhutira,
inggih praptanya sadaya,
Marma mring jendral punika,
lawan ngiras kang wahana,
at■napi ingkang b■kta,
jendral langkung sukanira,
Rumaos yen sri Nalendra,
mring jendral sampun pr■caya,
m■ngkana seh khaji ngisa,
gya bin■ktan surat nulya,
Dhat■ng r■sidhen ngayokja,
jendral sang■t parentahnya,
aja kongsi kurang ika,
m■ngkana wus tan winarna,
Kalih dint■n nulya prapta,
sagung r■repot s■daya,
m■ngkana sri naranata,
ingkang ngutus m■thuk ika,
Den basah gandakusuma,
lan mantri l■b■t sadaya,
kap■thuk ing tidhar ika,
kawarna putra Nalendra,
M■ksih timur kalih ira,
raden mas jonet namanya,
lan raden mas rahab namanya,
kalih sand■ran kewala,
Saking kang■n mring kang rama,

ingaturan datan k■na,
k■laj■ng mring loji ika,
lawan jendral sampun panggya,
Mar■ngi neng ngemper ika,
kalawan r■sidhen ika,
lawan s■ja yun uninga,
dhat■ng repot praptanira,
Esmu kaget jendral ika,
tumingal putra kalihnya,
dene tan ingiring jalma,
kalih m■ksih timur samya,
Mendahane yen ag■nga,
tin■rka want■r badh■nnya,
nanging jendral sampun duga,
yen iku putra Nalendra,
Pan tanya m■ksih neng kuda,
p■sanggrahannya kang rama,
jendral k■dah mes■m ika,
kalawan aken kend■la,
Raden mas kalih tan k■na,
laj■ng nand■r kalih ika,
sam■rga m■ngkana,
ataken dhat■ng walanda,
Singa kap■thuk tinanya,
mapan ing waktu punika,
walanda sang■t eringnya,
dhumat■ng Islam sadaya,
M■ngkana kalih wus prapta,
aneng ngarsane Nalendra,
pan laj■ng nungk■mi pada,
raden mas kalih karuna,
Sang nata mes■m ngandika,
wis kulup padha m■n■nga,
m■ngkana wus tan winarna,
praptanya repot sadaya,
Sangsaya malih kathahnya,
s■laminya sri Nalendra,
aneng m■tasih punika,
sagung wong k■dhu sadaya,
Tan wont■n ingkang kend■la,
sabbarang parentahira,
den basah m■rtanagara,

jendral nuruti kewala,
Lawan kathah samya prapta,
atur-atur mring Nalendra,
sabbarang gadhahanira,
saking samya bungahira,
Sagung wong k■dhu punika,
r■sidhen dados manahnya,
pin■nging pan datan k■na,
tan keringan parentahnya,
S■laminya sri Nalendra,
wont■n ing k■dhu punika,
r■sidhen pal■k aturnya,
b■r■k mring den basah punika,
Wont■n ngarsanya Nalendra,
pan m■ngkana s■bdanira,
den basah gandakusuma,
pan tiyang k■dhu punika,
Kathah kang lum■b■t ika,
prajurit dhat■ng paduka,
dados kether dam■l kula,
k■lawan supaosnya,
Kalih samangke kawula,
rumaos yen tan keringan,
sab■n wont■n tiyang prapta,
atur-atur mring Nalendra,
Kawula ken margi kula,
mring kula tan kenging ika,
dados kula sapunika,
den basah pan tan pakarya,
R■sidhen nganggur kewala,
den basah m■rtanagara,
pan m■ngkana saurira,
r■sidhen pan bab punika,
Sagung tiyang ingkang samya,
andhat■ngk■n tr■snanira,
dhat■ng kang Sinuhun samya,
r■sidhen kula tan ninga,
Pan inggih s■dayanira,
s■bab arang m■tu kula,
lawan dika malih n■rka,
mring kanca k■dhu kang samya,
Mal■b■t prajurit punika,
anyar pan tan w■ruh kula,

k■jaba kang lawas samya,
r■sidhen ewa punika,
M■nawa saking kathahnya,
dadi kula tan uninga,
r■sidhen malih andika,
raden basah pan punika,
Tiyang maj■gan sadaya,
lawan nyanggi dal■m samya,
lamun kirang paj■gira,
kalih kether ingkang karya,
Tan wande dinukan kula,
sri Nalendra angandika,
lamun m■ngkono kui ya,
b■n■r pal■k dadinira,
Sabab ing sam■ngko iya,
wong k■dhu pan lagya nangga,
s■barang parentahira,
basah r■sidhen kang nangga
S■kala neng kene ika,
mapan sun k■dhu kang dadya,
k■ladhag ngladheni sira,
yen upama tan cukupa,
Pasthi basah sr■ng■n sira,
lamun kaya m■ngkonoa,
dadi sireku kinarya,
ampungan wong ingan ika,
Yen m■ngkono karsaningwang,
prajurit k■dhu kumpulna,
iya si mangukusuma,
sira kon amilih kana,
K■lamun ana kang nyata,
wongira sira ulungna,
den basah matur sandika,
nulya lengser saking ngarsa,
Lan Raden Mangunkusuma,
ngandika malih Nalendra,
eh r■sidhen wruhanira,
prakara wong padha prapta,
Kang weweh mring ingsung padha,
aja dadi atinira,
pan wus adate wong jawa,
lamun iku ngrungu warta,

Ingsun p■rak pan padha prapta,
anggawa duwekira,
tan petung t■bu lan gula,
den p■nging mangsa kenaa,
J■r iku wis padha ngrasa,
yen laj■ring jawa ika,
kalamun sira cegaha,
dadi karia ya sira,
Marma aja dahwen sira,
den c■gah mangsa g■l■ma,
s■nadyan basah kui ya,
arang w■ruh dhasar bata,
Raden basah kang winarna,
denya ngumpulak■n iya,
prajurit k■dhu sadaya,
lan raden mangunkusuma,
Pan sampun p■pak sadaya,
nulya den mangunkusuma,
kinen milihi punika,
kang anyar mapan tan ana,
Mapan sajuga kewala,
s■daya sami punika,
nulya wangsul kalihira,
wus prapta ngarsa Nalendra,
Gya warti mangunkusuma,
dhumat■ng r■sidhenira,
kalamun tan angsal ika,
prajurit lami s■daya,
Pal■k sang■t isinira,
pan luput pan■rkanira,
dhumat■ng basah punika,
dadya tumungkul kewala,
Sinamur mring Sri Nalendra,
m■ngkana kang pangandika,
r■sidhen sira tutura,
mring jendral de kok yen l■ga,
Pan ingsun mundhut w■landa,
sun kon ngenggalak■n ika,
iya mring dipanagara,
pan wus lawas durung prapta,
Lan tan na sakabarira,
pan dadya sum■lang driya,
wantu wong anom pan ika,

m■nawa kaliru tampa,
Si tenis dhingin sun duta,
lan tum■nggung jal■lana,
wis lawas tan ana prapta,
kang dadya watering driya,
Basah kang ngampingi ika,
karo padha kaduksura,
iman musbah mapan lawan,
suryawinata marmanya,
Dadya sum■langing driya,
nging gawaa layangira,
ya basah martanagara,
r■sidhen matur sandika,
Sri Nalendra angandika,
eh basah m■rtanagara,
agawea layangira,
den t■rang mring akangira,
Wenehna r■sidhen nulya,
den basah matur sandika,
m■ngkana wus tan winarna,
enjang malih kawarnaha,
Mayor Duktus sohan ika,
dhumat■ng sri naranata,
paguj■ngan lawan basah,
m■rtanagara m■ngkana
Sang nata ing ngarsa-arsa,
mring jendral mapan wus lama,
tan panggih lan jendral ika,
raden basah aris n■bda,
Gih mayor l■r■s andika,
nadyan jendral gih pan lama,
datan mariki punika,
dadya wul■san kewala,
Kados m■kat■n andika,
mapan sohan sab■ndina,
kalih r■sidhen andika,
mayor s■nadyan kawula,
Lan basah gandakusuma,
inggih sab■n dalu panggya,
lan jendral mayor saurnya,
kalawan gumuj■ng suka,
Gih basah m■rtanagara,

sesuk jendral mariki ika,
m■ngkana wus tan winarna,
enjing jendral kawarnaha,
Panggih lawan sri Nalendra,
dhat■ng m■teseh punika,
l■nggah munggeng kursi dawa,
wus tan mawi subasita,
Nging jendral lan sri Nalendra,
tunggil sakursi kewala,
kurnel mayor r■sidhennya,
mapan neng kursi lit samya,
Tanapi basah kalihnya,
m■ngkana jendral aturnya,
kengkenan kawula prapta,
pangeran dipanagara,
Mapan inggih sampun prapta,
lan mayor magelis ika,
benjing enjing kados prapta,
ing ngriki pan dugi kula,
Nanging mayor wartinira,
kang dherek putra panduka,
mapan nanging sek■t ika,
sri Nalendra angandika,
Gih saont■n-ont■nira,
g■r t■ka ngriki kewala,
ngilangke sum■lang driya,
besuk esuk wayah napa,
Jendral m■ngkana aturnya,
pukul papat dugi kula,
mapan ing waktu punika,
wus tan na rasa rumasa,
Jendral lawan sri Nalendra,
upsir lan pra dipatya,
m■ngkana enjing winarna,
sang nata ngarsa-arsa,
Mring pangran dipanagara,
r■sidhen pal■k prapta,
umatur yen tamtu prapta,
Sinuhun putra paduka,
Nanging geseh s■ratira,
Mayor Mag■lis wartanya,
nging k■dhik kang dherek ika,
mangke kathah y■ktosira,

Mes■m kangj■ng sri Nalendra,
ngandika pan m■ngko apa,
r■sidhen aris aturnya,
mapan tamtu sapunika,
Pukul s■kawan punika,
sont■n pan wus tan winarna,
sar■ng pukul papat prapta,
kalawan sawadya kuswa,
Mapan laj■ng panggih ika,
lan jendral dh■ kok punika,
riwusnya l■nggah atata,
jendral dh■ kok aris n■bda,
Pangeran dipanagara,
sagung prajurit paduka,
kaj■ngipun mondhok samya,
neng danuningratan ika,
Sabab m■tesih punika,
pan sampun k■b■k sadaya,
tan wont■n panggenanira,
j■ng pangran ris angandika,
S■nadyan k■bak punika,
pan kawula bot■n suka,
inggih k■lamun pisaha,
lan prajuritnya Nalendra,
Kalih wong santri punika,
datan sag■d t■bih toya,
jendral m■ngkana sabdanya,
yen susah prakawis toya,
Kawula sagahi ika,
ingkang am■ndh■tna toya,
kangj■ng pangran malih n■bda,
inggih k■lamun k■dhika,
Tiyang samant■n kathahnya,
tan wande suk■r punika,
lamun t■bih lan lepennya,
jendral m■ngkana s■bdanya,
Pangeran dika pribadya,
tunggila rama andika,
nanging basah kalihira,
datan purun kantun m■ksa,
M■ngkana wus tan winarna,
ing m■tesih sampun prapta,

dadya sang■t k■bakira,
b■leber sakilen praga,
J■ng Pangran Dipanagara,
laj■ng sohan mring Nalendra,
riwus angab■kti ika,
kalawan basah kalihnya,
Sri Nalendra angandika,
dangu dhumat■ng kang putra,
pa gene lawas ta sira,
sun undang apa karannya,
Laj■ng pangran aturira,
saking tan pitaj■ng amba,
lawan basah kalihira,
myang sagung ingkang pratiwa,
Kawula tantun punika,
pan samya mopo s■daya,
pan minokalak■n ika,
lamun paduka karsaa,
T■dhak mariki y■ktosnya,
pan sar■ng Sumadilaga,
prapta b■kta suratira,
pun adhi basah punika,
M■rtanagara Nalendra,
genipun ngand■l sadaya,
nunt■n malih wont■n prapta,
angenggalak■n punika,
S■ratipun adhi ika,
mapan kang b■kta Walanda,
marmanya laj■ng kas■sa,
Sinuhun lampah kawula,
Mes■m Kangj■ng Sri Nalendra,
b■n■r kang maido ika,
ingsun iki kulup prapta,
nurut pangulu ngelmunya,
Lan pira prajuritira,
kabeh kang bar■ng lan sira,
kangj■ng pangran aturira,
gangsal b■lah sapunika,
Kathah ingkang kantun samya,
pan amba tinilar kewala,
dewa ji saking kas■sa,
sri Nalendra angandika,
Kathah ingkang kantun samya,

pan amba tilar kewala,
dewa ji saking kasesa,
sri Nalendra angandika,
Kulup jendral tuturira,
nging sek■p prajuritira,
mayor ingkang tutur ika,
kangj■ng pangran aturira,
Kados pun mag■lis nata,
punika pun tan uninga,
sagung prajurit sadaya,
ingkang wont■n pra dipatya,
Nging kang wont■n ngaj■ng amba,
punika mayor uninga,
lan ing wingking dugi amba,
kathah ingkang nusul samya,
Tum■nggung kalih Nalendra,
kawula tilar punika,
ng■ntosi kang kantun samya,
m■ngkana wus tan winarna,
Den basah m■rtanagara,
mapan sin■r■g punika,
mring r■sidhen pal■k ika,
k■lamun prajuritira,
Pang■ran dipanagara,
sadaya mapan punika,
akathah titiyang ngira,
mayor ingkang urut marga,
Samya tumut dherek ika,
marma kathah sapunika,
den basah matur Nalendra,
gya pangran dipanagara,
Tinimbalan sampun prapta,
dinangu mapan m■ngkana,
kangj■ng pangran aturira,
Dewa Ji amba tan priksa,
K■jawi basah punika,
nulya kinen nimbalana,
basah kalih sampun prapta,
ing ngarsanira Nalendra,
Dinangu kalih aturnya,
Dewa Ji bot■n punika,
sadaya prajurit lama,

Sang Nata aris ngandika,
Heh ta basah lamun nyata,
sakancanira lawas padha,
sesuk padha p■pakna,
dimon pinilihan ika,
Marang si Mag■lis ika,
yen nyata bilahi sira,
basah kalih aturira,
Sinuhun inggih sandika,
Malah kathah kantun samya,
dereng s■palih punika,
m■ngkana enjing winarna,
pan laj■ng p■pak sadaya,
Den Basah M■rtanagara,
pan laj■ng utusan ika,
Mayor Mag■lis mapan,
samya kinon milihana,
Sagung prajurit sadaya,
k■lamun nyata wongira,
nanging mayor datan prapta,
wakil r■sidhen kewala,
Ing benteng tan angsal ika,
nadyan sang■t isinira,
mapan nanging angsal sapta,
pan g■tho momor punika,
Dadya den g■muj■ng samya,
m■ngkana ingkang winarna,
pan kang nusul kathah prapta,
W■landa giris tyasira,
Dadya den g■muj■ng samya,
sagung ingkang jalma prapta,
jendral esmu giris ika,
k■lawan upsir sadaya,
R■sidhen pal■k anulya,
umatur dhat■ng Nalendra,
Sinuhun kados punapa,
pan langkung kathah punika,
Sagung ingkang jalma prapta,
tan kent■nan petangira,
dados w■wah s■gah kula,
ngantos sa■nggen-■nggenira,
Mes■m ngandika Nalendra,
heh r■sidhen iku iya,

prakara susuguhira,
pan aja kuwatir sira,
Wus aja kapikir ika,
nging apa sahadatira,
mangsa nora den pikira,
marang basahnya pribadya,
Lan maning r■sidhen sira,
aja sum■lang tenira,
prakara jalma kang prapta,
s■nadyan silih k■baka,
Ing mag■lang kathah ika,
pan iya sun tanggung padha,
k■lamun iku dadiya,
nora b■cik dadinira,
S■nadyan rusuh kewala,
pan ingsun kang nanggung iya,
nanging anggr■ ya sajuga,
ingsun lan jendral kewala,
R■sidhen aja s■laya,
marma ingkang agr■sira,
baya wus karsa yyang sukma,
kalamun ingsun kinarya,
Iya babuning wong jawa,
marma anggr■ ngrungu warta,
kawula anuli prapta,
pan sa■nggoning sun m■ngkana,
Marma aja kaget sira,
m■ngkana wus tan winarna,
r■sidhen kang kawarnaha,
J■ng Pangran Dipanagara,
S■laminya rawuh ika,
aneng m■teseh m■ngkana,
jendral langkung r■s■pira,
asring ingaturan pista,
Pan sab■n dalu kewala,
lan basah s■kawan ika,
myang sagung kang pra dipatya,
k■pala pr■rang sadaya,
Den Mas Jonet Rahab ika,
tan kantun lawan kang raka,
kalamun tan wont■n ika,
jendral asring at■tanya,

Kalamun sont■n m■ngkana,
ingaturan p■siyar ika,
jendral amrantosi kr■ta,
mapan ing sac■kapira,
Basah myang kang pra punggawa,
lamun sampun laj■ng pista,
pan sab■n-sab■n m■ngkana,
dadya eca tyasnya samya,
Lan ical kang subasita,
raden mas kalih punika,
pan asring sareyan ika,
neng kursi jendral sandhingnya,
Pan wus tan ajaga taha,
jendral m■ngkana s■bdanya,
Pangeran Dipanagara,
gih punika ingkang tandha,
Yen rare eca tyasira,
marmane inggih kawula,
ow■l yen ngantosa s■laya,
kalih rama j■ngandika,
Pangeran Dipanagara,
kawula n■dha pandonga,
lawan basah basah samya,
myang sagung pra dipatya,
Mugi sampun ngantos s■laya,
s■mbarang r■mbug punika,
lawan rama j■ngandika,
k■langkung ing ngow■lira,
Tulusa sobat punika,
basah myang kang pra dipatya,
lan kang pra upsir samya,
pangeran samya tulusa,
Pan sobat anglir kawula,
kalih rama j■ngandika,
punapa dene andika,
pangeran kalih kawula,
Pan kula nyukani tandha,
sobat dhat■ng j■ngandika,
mapan punika kang renda,
sami lan ing gen kawula,
Lan basah basah punika,
kawula sukani samya,
samilan kurnel anggennya,

m■ngkana wus tan winarna,
Ing kala waktu punika,
m■tesih sagunging wadya,
pan lagya kas■ngs■m samya,
dhat■ngi basah samya,
Sagung bar jumungah samya,
prajurit satus k■dhiknya,
punika golonganira,
ngantos gangsal atus ika,
Sagolongannya pribadya,
mapan langkung rahaba samya,
k■lamun d■dolan samya,
yen nuju kap■thuk ika,
Saradhadhu nyimpang samya,
m■ngkana ingkang winarna,
sang nata enjang pan samya,
m■ng am■ng mring g■dhongira,
R■sidhen sapinggir marga,
Sri Nalendra yun uninga,
lir panggung rakitira,
sang nata nitih turangga,
Ingkang dherek dharat samya,
Pangeran Dipanagara,
basah s■kawan punika,
lan putra timur kalihnya,
Sabab pan c■lak punika,
lan m■tesih g■dhongira,
lawan aneng pinggir marga,
mapan asring yen pinirsa,
Jendral dh■ Kok sar■ng mirsa,
pan laj■ng m■thuk pribadya,
satunggil tan wont■n ingkang,
upsir kang tumut punika,
Den Basah M■rtanagara,
umatur dhat■ng Nalendra,
sudara dal■m punika,
jendral esmu kagyat naka,
Pan nuju ningali liya,
jendral wus c■lak turangga,
nulya t■dhak Sri Nalendra,
gya jendral anyandhak asta,
Laj■ng k■kanthen asta,

jendral lawan Sri Nalendra,
g■guj■ngan urut marga,
anglir tan rasa rumangsa,
Sang Nata aris atanya,
dene tan wont■n rencangnya,
jendral m■ngkana turira,
pan sab■n w■ktu kewala,
Subuh pan inggih kawula,
sampun neng ngriki pribadya,
Sri Nalendra angandika,
r■sidhen lan mayor ika,
Jendral m■ngkana aturnya,
mayor mapan pij■r nendra,
dene r■sidhen punika,
pan pasiyan dugi kula,
Lawan kang estri punika,
m■ngkana kalih gya prapta,
ri sawusnya l■nggah tata,
Sri Nalendra at■tanya,
Eh mayor r■sidhen sira,
dene padha kari ika,
lan jendral kalih aturira,
pan kawula tan uninga,
M■ngkana jendral aturnya,
dhumat■ng Sri Naranata,
yen mayor mapan punika,
katungkul til■m kewala,
Dene r■sidhen punika,
dadak n■dha pamit ika,
mring kang estri sang■t jrihnya,
marmanya mapan kawula,
Ing sab■n dalu m■ngkana,
mapan sampun wont■n ngrika,
tan mawi r■ncang pribadya,
ngangge g■bayak kewala,
Samangsa mung■l punika,
salompret tambur t■ngara,
sagung kang salat sadaya,
kawula nunt■n marika,
Yen enjing pan nusul samya,
r■sidhen ngantosi ika,
mring kang estri tanginira,
tan purun lamun gugaha,

Mapan lumampah kewala,
tan purun b■ribenana,
pan mawi jingjit punika,
ajrih den sr■ng■ni ika,
R■sidhen gumuyu nulya,
wicant■n mapan m■ngkana,
Den Basah M■rtanagara,
pan inggih kados kawula,
Dhat■ng den ayuning ika,
pan nyonyah ayun panggiha,
ingkang rama sampun suka,
pra dene tan purun m■ksa,
Inggih saking ajrihira,
Sang Nata mes■m ngandika,
dene si M■rtanagara,
wedi beneh lawan sira,
W■di mring sun satuhunya,
tan w■di mring ayonira,
sireku w■di kang nyata,
sabab dening ayonira,
Jendral sumambung mangkana,
mayor lir basah punika,
t■ng sing wadon w■di uga,
t■napi dhat■ng kawula,
Dadya lir kasupit ika,
pan samya gumuj■ng suka,
sri Nalendra at■tanya,
mayor ayu bojonira,
Mayor m■ngkana aturnya,
upami inggih nganggeya,
rasukan sangk■lat ika,
lir tuwan b■sar punika,
Jendral m■ngkana aturnya,
nging tuwan lawan kawula,
ingkang samya kaw■las arsa,
sabab inggih samya lamba,
Dene sadaya punika,
samya mukti suka wirya,
kawula lawan paduka,
dadya jodho samya priya,
Dadya samya sukanira,
ing kala w■ktu punika,

sabab jendral lan sang nata,
tan wont■n s■laya karsa,
Lan jendral langkung sag■dnya,
angladosi mring Nalendra,
dadya tan rasa rumasa,
m■ngkana wus tan winarna,
Kondurira Sri Nalendra,
sar■ng mal■m jendral nulya,
ngaturi arta punika,
sewu dhat■ng Sri Nalendra,
Kinarya mal■m manika,
marma samya datan nyana,
yen dados sadedenira,
jendral lawan Sang Nata,
Tanapi kang nambut karya,
tan p■dhot sadina-dina,
k■stalan pasanggrahannya,
sagung kang para dipatya,
Lawan saprajuritira,
galidhig sadina-dina,
s■barang parentahira,
basah jendral tan suwala,
Kalawan sas■gahira,
pan m■ntah mat■ng punika,
tan wont■n kirang sadaya,
t■napi mring Sri Nalendra,
Mapan iya warna-warna,
jendral langkung kurmatira,
marmanya katungkul samya,
tan mikir pakew■dira,
Nanging ngibadah kewala,
langkung rame swaranira,
pan siyang dalu m■ngkana,
bar■ng lan kang nambut karya,
Sar■ng ngaj■ngak■n bakda,
jendral angaturi ika,
harta malih mring Nalendra,
mapan kalih ewu ika,
M■ngkana ingkang winarna,
J■ng Pangran Dipanagara,
basah lan kang pra dipatya,
p■siyar anitih kreta,
Sar■ng prapta ngloji ika,

ingampirk■n jendral nulya,
jendral m■ngkana kang s■bdanya,
Pangeran Dipanagara,
Benjing enjing sampun bakda,
l■r■sa ij■ngandika,
lan basah basah ngandika,
myang sagung kang pra dipatya,
Samya mariki l■r■snya,
s■lam■tan saenira,
j■ng pangran wangsulanira,
inggih lamun sampun karya,
Saban wong islam punika,
mapan kathah rub■dira,
ing benjing enjing punika,
yen sampun salin riaya,
Laj■ng pikir pitrah samya,
kalamun sampun punika,
jendral pan langkung prayoga,
lawan malih kangj■ng rama,
Kula aturipun apa,
jendral m■ngkana saurnya,
lamun rama j■ngandika,
pangeran ajrih kawula,
Nanging punapa kang karsa,
kawula mapan sumangga,
nging j■ngandika pribadya,
lan basah tum■nggung samya,
Yen sampun pitrah sadaya,
sae k■panggih kawula,
j■ng pangran sagah punika,
nulya matur mring Nalendra,
Yen jendral m■ling mangkana,
mar■ngi Sri Naranata,
m■ngkana enjing winarna,
pan laj■ng salat riyaya,
Gumr■m■ng swaranira,
pan saking gunging kang wadya,
ngantos luber tarubira,
pan along ngad■g kewala,
Kathah kang jajari ika,
m■ngkana Sri Naranata,
mapan nuju gr■rah ika,

t■dhak ngampingan kewala,
Mring Basah M■rtanagara,
lan Basah Gandakusuma,
salat lan l■nggah kewala,
m■ngkana jendral winarna,
Tumut ningali punika,
nanging sing t■bih kewala,
langkung tan parungyan ika,
sar■ng salompret tamburnya,
M■ngkana wus tan winarna,
sar■ng sampun samya bakda,
pitrah kangj■ng pangran nulya,
t■dhak mring mag■lang ika,
Lawan jendral sampun panggya,
basah myang sagung punggawa,
pan samya dherek s■daya,
jendral aris at■tanya,
Pangeran Dipanagara,
kawula wau tupiksa,
dhat■ng prajurit sadaya,
t■napi kang salat samya,
Nanging rama j■ngandika,
kawula datan uninga,
kangj■ng pangeran ngandika,
kados jendral tan uninga,
Sabab Kangj■ng Sri Nalendra,
pan lagya gr■rah punika,
pan miyos dal■m kewala,
tan miyos lataran ika,
Saking ngriki tan tupiksa,
m■ngkana wus tan winarna,
Pangeran Dipanagara,
nulya matur mring Nalendra,
Sagung ingkang saneskara,
m■ngkana Sri Naranata,
anantun dhat■ng kang putra,
lan basah basah s■daya,
Paran padha prayoganya,
iya gon sun t■mu ika,
lan jendral samya aturnya,
lamun mar■ngi Nalendra,
Pan benjing enjing punika,
prayogi t■dhak paduka,

Sang Nata aris ngandika,
iya sun turuti sira,
Yen m■ngkono dhawuhena,
marang si Mangunkusuma,
lamun sesuk sun pan arsa,
kat■mu lan jendral ika,
Den basah matur sandika,
m■ngkana wus tan winarna,
kawarnaha Sri Nalendra,
enjing lir mas kentir toya,
Sar■ng enjang
m■ngkana Sri Narapati,
Sinuhun patikbra,
punapa datan amawi,
nata prajurit sadaya,
Andherek■n wiyos dal■m
dhat■ng loji,
mapan ew■d aya,
Sinuhun bakda puniki,
J■ng Sultan mes■m ngandika,
Wus dilalah kadya t■kdireng
Ywang Widi,
Kangj■ng Sri Nalendra,
kinarya lampahan iki,
heh Basah Gandakusuma,
Aja nganggo andhawahi mring
prajurit
lir adate
kewala,
manawa ng■get-■geti,
pan mangsa ngaraha apa,
Raden Basah mapan ayun matur
ajrih,
yen tan eca tyasnya,
m■ngkana wus tan winarni,
sar■ng pukul wolu Nata,
Laj■ng t■dhak langkung datan
nyana iki,
lir adat kewala,
tan mawi busana iki,
lir am■ng-am■ng kewala,
Ingkang putra timur samya

dherek kalih,
tan mawi ampilan
lawan ingkang dherek sami,
s■daya mapan m■ngkana,
Kangj■ng Sultan mapan sampun
rawuh ngloji,
Jendram m■thuk ika,
sar■ng tata l■nggah sami
aneng pas■ratanira,
Pan sangsaya samya datan
nyana iku,
yen t■mah mangkana,
sabab Jendral sang■t sandi,
lan tan ewah lir adatnya,
Ingkang dherek lum■b■t Sri
Narapati,
mring pangkeng punika,
Pangran Dipan■gareki,
lan Basah M■rtanagara,
Kaji Ngisa lawan Kaji
Badarodin
kalih ponakawan
n Rata Bantheng
Wareng iki,
putra timur kalihira,
Den Mas Joned kalawan Raden
Mas Rahib
Jendral nanging tiga,
ingkang tumut amanggihi,
dhat■ng Kangj■ng Sri
Nalendra,
Pan R■sidhen Pal■k Mayor
Duktus iki,
Kapitan Rup ika,
Basah Gandakusumeki,
lan Basah Suryawinata,
Basah Iman Musbah samya
aneng jawi,
lan kang pra dipatya,
s■daya pan munggeng kursi,
samya katingal kewala,
Marma eca sadaya kang tyas
sami,

Jendral pan tan ewah,
patrapnya lir adatneki,
m■ngkana Jendral ris n■bda,
Mangke Tuwan mapan sampun
kondur malih,
inggih prayoginya,
wont■na ngriki pribadi,
pan inggih lawan kawula,
Sri Nalendra m■ngkana
ngandika aris,
pan s■bab punapa,
yen kula tan awoh mulih,
neng ngriki punapa karya,
Mapan kula
prapta yun
sobat say■kti,
sadhela kewala,
pan adat Jawa puniki,
lamun sampun bakda pasa,
Ingkang anom lumaku mring
omahneki,
ingkang pr■nah tuwa,
ngilangk■n sagung puniki,
marang sakeh luputira,
Ingkang tuwa Jendral pan
m■kot■n malih,
dadya sama-sama,
m■ngkana Jendral nauri,
pramila ngandh■g kawula,
Sab sagung ingkang pr■kawis
pan sami,
yun ngrampungi kula,
inggih sadint■n puniki,
dadya kagyat Sri Nalendra,
Angandika prakara punapa
dening
Jendral mapan kula,
y■kti mapan datan mikir,
lan datan d■rbe prakara,
Mapan nulya R■sidhen Pal■k
turnya ris,
pan Jendral punika,

kalawan sakanca sami,
s■lamenipun Panduka,
Wont■n ngriki mung prakawis
kang denpikir,
nulya Raden Basah,
M■rtanagara nauri
sudara Sri Naranata,
Mapan estu lamun tan galih
prakawis
sak■dhik kewala,
marma saenipun
inggih,
mapan kondur sapunika,
Man sumados ing dint■n
punapa panggih,
Kangj■ng Sri Nalendra,
pan k■lawan Jendral malih
Jendral m■ngkana s■bdanya,
Ora k■na pan ar■p ora saiki,
sun rampungi iya,
Kangj■ng Sultan duk miarsi,
wuwusira Jendral m■ngkana,
Mapan eng■t lamun tinitah
Ywang Widi,
ratu tanah Jawa,
kalawan ngiras prajurit
nulya eng■t satru ika,
Dadya ngad■g sang Nata
suraning galih,
nulya angandika,
heh ta basak■n iki,
wong angajak padu nora.
Nana iya ingkang dadi
uwitneki,
lan k■lamun sira,
mapan ayun b■b■n■ri
Sultan jaluk b■n■r sira,
Lamun sira Jendral Dhe Koka
say■kti,
kudu padu ngajak
lah mara t■kakna dhingin
Kurnel Kler■s lawan Basah,
Kari iku yen wis prapta

ngarsa mami,
si Prawiradirja,
lan Kurnel
Kler■s iki,
sun arsa priksa kewala,
Sabab ingsun iya prapta kene
iki,
mapan nora s■dya,
angluru p■padon mami,
jaluk b■n■r yen ar■pa
T■mahane iya m■ngkono
sireki,
wong loro aturnya,
sireku ngajak b■dhami,
mapan k■lawan bicara.
Ingsun takon jawane b■dhama
y■kti,
t■pung tuturira,
bicara r■mbug kang b■cik
kalawan dhingin iya sira,
Pan kongkonan aweh kandha
ngajak siji,
sobat tuturira,
Mangunkusuma turneki,
banjur sun takon t■g■snya,
Ing jawane sobat iku pan
ngulihi,
p■sanakan iya,
ngilangk■n sakehe iki,
barang kaluputan padha,
Yen wong Islam angg■r t■pung
ya uwis
nging r■mbug kang ana,
mapan lawan patutneki,
ingkang padha r■nanira,
Dene sira wus aweh
pratandha iki,
angur ingsun iya,
mapan durung animbangi,
pradene m■ngkono sira,
Jendral Dhe Kok tumungkul
dennya nauri,

lamun Tuwan n■dha,
dhat■ngipun kalih sami,
sampun kasep sapunika,
Mapan nguni duk m■ksih siyam
puniki,
tan mundhut Paduka,
Kurnel Basah dhat■ngneki,
rumiyin lamun mundhuta.
Sampun p■sthi kula
dhat■ngak■n kalih,
J■ng Sultan ngandika,
Heh Jendral Dh■ Kok sireki,
abang■t dursilanira,
Nganggo mujar lamun kasusu
iki,
iya ana apa,
lawan kala pasa dhingin
mapan sira nora mantra,
Lamun duwe pikir m■ngkono
sireki,
yen ingsun w■ruha,
atinira nora b■cik
pasthi sun kukuhi padha,
Karo iku ingsun nora aweh
mulih,
sabab iku padha,
kang duwe prakara dadi,
marma sun bang■t pracaya,
Marang sira Jendral Dhe Kok
sabab iki,
karo iku padha,
ne sira akon mulih,
sun duga yen wus tan ana,
Kang prakara mung r■mbug
kang patut iki
lan padha dhangannya,
pan iki t■tela mami,
dursilane atinira,
Pan duk ingsun iya prapta
kene dhingin
bagekake sira
maksih n■butna mami,
dursilane atinira,

Pan ing m■ngko wus sun
wenehake y■kti,
marang anak ingwang,
dadi pan tetela y■kti,
Jendral lamun rusuh sira,
Mapan bapa tinunggal lan
anak iki,
iya s■butira,
Jendral Dh■ Kok anauri,
sarwi tumungkul punika,
Gih punapa dene nama Tuwan
nguni,
Pangeran punika,
Dipanagara say■kti,
k■lawan malih kawula,
Mila taken ing ngarsa Tuwan
s■mangkin
Tuwan mapan sagah,
lamun tan gadhah prakawis
punika ing tanah Jawa,
Aprang ingkang
s■mant■n laminireki,
sint■n p■ngag■ngnya,
marma nyata ken say■kti,
kawula karsa Paduka,
Kang s■mangkin m■ngkana
sabda N■rpati,
heh ya Jendral sira,
mapan takon nama mami,
Pangeran Dipanagara
Dhasar nyata Kangj■ng rama
kang marabi,
kala dhingin iya,
nging samangko mapan uwis
sun paringk■n putraningwang,
Iku sapalamu ny■luk sira
iki,
marma dhingin sira,
bagekake marang mami,
mapan sun sauri nora,
Malah banjur sira sun
ungkurk■n dhingin

dene takon sira,
ingkang dadi karsa mami,
dhingin mangko ingsun iya,
Nora sija duwe kar■p loro
mami,
sira pan wus wikan
ing s■barang karsa mami,
m■ngko dadak pindho karya,
Lawan maning iya namaningsun
iki
sab■n-sab■n sira,
kirim layang lawan mami,
nora owah s■butira,
Namaningsun Kangj■ng
Sultan
Ngabdulkamit
Komasaris Jendral
Dh■ Bos pan m■ngkana maning,
nora owah s■butira,
M■ngko dadak sireku
ngowah-owahi,
marma dadinira,
ewuh basanya mring mami,
lawan maning sira uga,
T■mbung laku takon
pangg■dhene iki,
prang satanah Jawa,
pan iya tan ana maning,
Dh■ Kok saliyaningwang,
Nging wong Islam mapan nora
tinggal uwit
sanadyan wong aprang,
y■kti ana tandhingneki,
wong padu ana rewangya,
Sira Jendral mung kar■pira
pribadi,
kang siranggo ika
dene ayun b■b■n■ri,
lah ■ndi kang padu ika,
Lamun sira kang padu di
J■ksaneki,
yen m■ngkono sira,
nging dursilanira dadi,

ingsun tan w■di palastra,
Babing aprang kabeh kang sun
lulut dadi,
kabeh mapan d■rma,
anglakoni prentah mami,
prang kikis tanah Jawa,
Pan wus y■kti lamun ora
nana maning,
jaba pinatenan
ingsun tan s■dya gumingsir,
nanging sun w■kas mring
sira,
Lamun mati pan iki kunarpa
mami,
sira ulih■na,
marang Jimatan s■bab dening,
tunggal lawan garwaningwang,
Jendral Dh■ Kok tan sag■d
tum■nga iki,
esmu sang■t wirang,
sabrang kaw■lah sami,
dadya tumungkul kewala.
Ris turira mapan kawula
say■kti,
Tuwan datan n■dya,
lamun ayun karya pati,
dene pr■kawis punika,
Sagung s■rat mapan bot■n
dados sami,
lawan kang agama,
bot■n patut denturuti,
sab lamun tinurutan,
Mapan sunan kados sang■t
isineki,
sang Nata ngandika,
heh Jendral ingkang sun
pikir
wong m■ngkono tekadira,
Y■kti ewuh yen mungguh
agamami,
lawan maning Jendral
sira nganggo mujar iki,

nora nuruti agama,
Mapan ingsun nora sum■dya
say■kti,
jaluk marang sira,
agamaningsun pribadi,
ingkang sun
lakoni iya,
Nadyan silih sira wenehana
mami,
mring agamanira,
say■kti tan sudi mami,
mapan ingsun gawe apa
Nanging iku wong Islam kang
padha munkir,
ayun ingsun tata,
iku ewuh araneki.
milu sira mapan ora,
Melu ingsun mapan iku nora
y■kti.
lah apa arannya,
wong m■ngkono patrapneki,
Jendral apa dh■m■n sira,
Wa s■mono coba padha kon■n
milih,
mring agamaningwang,
lan sira denpilih ■ndi,
jaba m■ngkono k■tara
Ingkang padha denant■pi
atineki,
Jendral saurira,
punika kula r■m■ni,
Kangj■ng Sultan angandika,
Yen m■ngkono Jendral kang
sira dh■m■ni,
ingsun wus tan bisa,
lamun t■pung lan sireki,
k■lawan maning bab layang,
Nora dadi mapan layang kabeh
y■kti.
pan gaweyanira,
lawan Jendral Dh■ Bos iki,
dadi ora kar■pira,
Mapan layang

iku uga ujar y■kti,
iya ujarira,
lawan Jendral Dh■ Bos
dhingin
dadi ora kar■pira,
Ingsun iki prapta nanging
ayun nagih,
iya ujarira,
kang padha neng surat
dhingin
saguh ngestokak■n sira,
Jum■n■ng sun ratu Islam
tanah Jawi,
m■ngkono sira bubrah,
pan ingsun nanging n■kseni,
s■barang ing cidarnira
Kurnel Kler■s mapan dhingin
duwe jangji,
marang ingsun uga,
k■lamun r■mbug tan dadi,
ingaturan bali ingwang,
Mring K■jawan Jendral
m■ngkono turneki,
yen Tuwan wangsula,
tan wande apr■rang malih,
Kangj■ng Sultan angandika,
W■di apa aprang yen padha
prajurit
lawan nyata lanang,
Jendral Dh■ Kok saurneki,
k■lamun kados pundika,
Mapan sampun kawula tan
sag■d y■kti,
lamun ngrampungana,
sabab kula sapuniki,
pan sampun kend■l punika,
Inggih wont■n kang gadhah
b■bahan malih,
wont■n
Salatiga,
punika sag■d ngrampungi,
sae dhat■ng Salatiga,

Kangj■ng Sultan m■ngkana
ngandika aris
nganggo kaliban
marang Salatiga mami,
iya Jendral amek apa,
Mapan ingsun iki nora s■dya
y■kti,
jaluk b■n■rira,
marang Salatiga maning,
ingsun Dh■ Kok yen g■l■ma,
Aneng kene bae ingsun nora
apti,
Jendral Dh■ Kok nulya,
m■dal guragadhaneki,
ngundang saradhadhunira,
Lin■b■k■n sadaya dhumat■ng
loji,
m■ngkana winarna,
J■ng Pangran Dipanagari,
wantu m■ksih anemika,
Mapan laj■ng jum■n■ng saking
ing kursi,
emut prajuritnya,
R■sidhen kang denc■laki,
m■ngkana Sri Naranata,
Raden Basah M■rtanagara
anuli,
sampun kin■jepan,
lawan ngandika Nr■pati,
heh Jendral Dh■ Kok ta sira,
Mapan gawe ewuh
s■barangireku,
wus karsa Ywang Sukma,
Den Basah
Martanagari,
datan darbe napsu ika.
Nadyan mes■m sang Nata
sar■ng ningali,
dhat■ng Raden Basah,
Kaji Ngisa Badarodin
emut mring purbaning Sukma,
Lawan emut mring sagung
r■repot sami,

lan maring kanisthan
m■ngkana Sri Narapati,
Jendral Dh■ Kok mapan nulya,
Dipuncandhak tangannya mring
Sri Bupati.
pan laj■ng bin■kta,
l■nggah kursi panjang iki,
nging Jendral nurut kewala,
Pan sangsaya eng■t m■ngkana
tyas aji,
lamun matenana,
ingsun marang Jendral iki,
nora b■cik t■mahira,
Dadi ngilaake kramaning
Nr■pati,
aprang muk-amukan
pan rusuh pocapaneki,
tan karuwan ingkang cidra,
S■prandene sun wus tan d■rbe
kanthi,
aneng tanah Jawa,
angur sun sumendhe t■kdir,
kang kari mangsa bodhoa,
Anglabuhi iya ing parentah
mami,
ing pati myang lara,
pan wus akeh
kang nglakoni,
maman ngur sun belanana,
Sri Nalendra nulya kinen
animbali,
Mas Pangulu prapta,
Jendral aris aturneki,
dhumat■ng Sri Naranata,
Pan punika Mas Pangulu
sampun prapti,
sang Nata ngandika,
heh paran P■ngulu iki
dene m■ngkene dadinya,
Mas Pangulu pan m■ngkana
saurneki,
prayogi Nalendra,

saudara dal■m yakti,
tinurutan aturira,
Dadya mes■m sang Nata
ngandika aris
Mayor payo mangkat
Jendral m■ngkana turneki,
punapa tan mawi putra,
Lawan Basah at■napi kang
prajurit
sang Nata ngandika,
Dh■ Kok mundhak ngrerub■di,
sang Nata gya nitih kreta.
Ponakawan ingkang dherek
mung satunggil
an■nggih pun Rata,
ingkang ngampil ganten aji,
lan Kapitan Rup punika,
Mayor Duktus ing wingking
datan winarni,
mangkana
Nalendra,
langkung wirang ing
tyasneki,
pan wus s■dya tilar donya,
Mapan nuju ing dint■n akat
puniki,
ping kalih tanggalnya,
wulan Sawal tauneki,
Jimmawal Sri Naranata,
J■ngkarira n■nggih saking
tanah Jawi,
karsanya Nalendra,
mapan laj■ng minggah kaji,
saking sang■t wirangira,
Datan tolih mring sagung
kawiryan iki,
myang sagung katr■snan
kang ibu putra sami.
at■napi sagung wadya,
Nanging kantun ng■ntosi
waktu Nr■pati,
kumambang wasesa,
sumendhe t■kdir Ywang Widi,

nging s■dya labuh kewala,
Lan ngant■pi timbalan kang
wus kawijil,
marmanya m■ngkana,
tyasira Sri Narapati,
nging lara pati sumangga,
Aneng dunya nanging ingkang
denlabuhi,
ubanggi Nalendra,
lamun tan sag■da wradin,
agami satanah Jawa,
Marmanira t■mah m■ngkana
karsa ji,
pan sangsaya kathah,
kagagas driya Nr■pati,
nging wirang marang Ywang
Sukma,
Tan winarna Sri Nalendra
aneng margi,
rawuh ing Ngungaran
Mayor Duktus matur aris,
punika loji Ngungaran
Pan Paduka kaaturan kend■l
ngriki,
dhat■ng Tuwan Jendral
sang Nata ngandika iki,
apa iki Salatiga,
Mayor Duktus m■ngkana pan
aturneki,
Ngungaran punika
mes■m ngandika Nr■pati,
dhasar Mayor bapakira,
Nging gorohe ingkang ana iku
y■kti,
yen m■ngkono sisan,
ing Ngungaran tuturneki,
mapan c■dhak ing S■marang
Mapan ingsun Mayor ayun
idh■p iki,
iya ing S■marang,
payo banjur sesuk iki,
Mayor marang ing S■marang,

Sar■ng dalu m■ngkana ingkang
winarni,
pun Rata karuna,
Kangj■ng Sultan atanya ris,
pa gene sira karuna,
Ana apa? Pun Rata matur
wotsari,
yen par■ng
Nalendra,
kawula anuhun pamit
mantuk ngandika sang Nata,
Sira mulih sapa kang
ngladeni mami,
pun Rata aturnya,
kang Sinuhun kados pundi,
mapan pundi punika,
Lamun bot■n uninga kawula
y■kti,
anglir tiyang edan,
marma yun mantuk rumiyin
murugi pun bok kewala,
Mapan badhe kawula ajak
Nr■pati,
nusul mring Paduka,
mes■m ngandika sang Aji,
ingkang tyas sampun uninga
Yen pun Rata mapan giris
aningali
mring sagung w■landa,
ingkang dherek sang Nr■pati,
Punrata namung pribadya,
Heh ta Rata lamun sira arsa
mulih,
pan sesuk kewala,
lamun ing S■marang prapti,
ingsun iki say■ktinya,
Mapan ayun banjur lunga
munggah kaji,
s■nadyan pribadya,
tan s■dya ingsun unduri,
iya goningsun mring M■kah
■n■ng■na ing dalu kawarna
enjing,

m■ngkana wus prapta,
ingkang m■thuk sing S■mawis
usar kalawan
kareta,
Sar■ng pukul pitu enjing Sri
Bupati,
budhal sing Ngungaran
Mayor lan Kapitan iki,
pun Rata samya neng kreta,
Usar saking Mag■lang pan
sampun tunggil
lan usar S■marang,
ing marga datan winarni,
sampun rawuh Sri Nalendra
Loji Bojong R■sidhen pan
m■thuk sami,
lan pra upsir samya,
ingkang ag■ng-ag■ng iki,
lawan dipati S■marang,
Ing samarga Mag■lang rawuh
S■mawis
Kangj■ng Sri Nalendra,
datan ewah niskareki,
nging kuciwa riy■mnya,
Sar■ng sampun aso Kangj■ng
Sri Bupati,
mangkana pun Rata,
mapan m■ksa nuhun pamit,
dhat■ng Kangj■ng Sri
Nalendra
Mayor Duktus tinimbalan
sampun prapti,
sang Nata ngandika,
heh Mayor ulihna iki,
si Rata marang Mag■lang,
Mayor matur Paduka sint■n
ngladosi,
sang Nata ngandika,
ingsun Mayor duwe maning,
ponakawan cilik ika.
Lamun g■l■m
kon■n nusul loro iki

mapan aranira,
Bambang M■rtal■ksaneki,
lawan Bantheng Wareng ika,
Lan wong wadon loro konen
nusul iki,
R■tnaningrum rannya,
mapan lawan R■tnaningsih,
Mayor sandika aturnya,
Nulya karya s■rat marang
Jendral iki,
riwusira dadya,
sang Nata ngandika malih,
Mayor dene iki si Rata,
Nora sira kon bar■ng lan
layang iki,
Mayor aturira,
dereng wont■n kang nyulihi,
m■ngkana wus tan winarna.
Sagung ingkang tinimbalan
samya prapti,
lan bokipun Rata,
myang s■dherekira estri,
pan samya nusul punika,
Lan Den Ayu Dipayana
sar■ngneki,
lan tum■nggungira,
sang Nata mapan ngantos
lami,
aneng S■mawis m■ngkana,
Mapan nuju sang Nata l■nggah
pribadi,
nging lawan pun Rata,
Mayor Duktus sowan iki,
dhumat■ng Sri Naranata,
Ris aturnya
kawula nuhun karsa ji,
punapa kang karsa,
sampun lami neng S■mawis
prayogi kondur kewala,
Lawan laj■ng
dipunjum■n■ngk■n benjing,
Sultan Sri Nalendra,
sar■ng mirsa aturneki,

Mayor Duktus laj■ng duka,
Heh ta Mayor ingsun mulih
apa kardi,
lawan maning sira,
nganggo matur marang mami,
denjum■n■ngake Sultan,
Pan k■jaba wong picak budh■g
puniki,
iku nora wikan
lamun Sultan j■n■ng mami,
nadyan picak budh■g ika,
Kaya uwis w■ruh sun ratu
Jawi,
gya Kapitan prapta,
nusul sohan mriing Nr■pati,
Sri Nalendra ngandika,
Heh Kapitan sira dh■ngr■na
iki,
Mayor karsaningwang
lamun sun tan sum■dya mulih,
pan wus bang■t wirang
ingwang,
Iya lamun tan kat■kan karsa
mami,
banjur kaji ingwang,
mring M■kah Mayor sireki,
tutura mring ramakira,
Dadi iki saguhe
gennya ngrampungi,
ingsun nama Sultan
wis Mayor ingsun tan sudi,
t■pungan lan ramakira,
Tutur lamun Salatiga kang
ngrampungi,
iku dhuwurannya,
w■kasan tan ana y■kti,
mara ■ndi b■n■rira,
Mung cidrane ramakira
ingkang dadi,
sun wus bang■t wirang,
dene ramakireki
Mayor gumuj■ng kewala,

Datan sag■d k■lamun matur
rama malih,
lan Kapitan ika,
nanging samya m■rb■s mili,
sang Nata malih ngandika,
Heh ta Mayor sun wis lawas
tan na iki,
iya neng S■marang,
tuture ramakmu dhingin
mapan duwe dh■dhuwuran,
Iya Jendral Pan Dh■ Bos
arane iki,
kang ■ndi rupanya,
walanda wus akeh iki,
ingkang n■moni maringwang,
Ingkang ana t■ng■re kang
g■dhe iki,
Mayor aturira,
mapan m■ksih neng B■tawi,
Sri Nalendra angandika,
Yen m■ngkono tan karuwan
laku mami,
dadi sangsaya
wirang,
ramakira angapusi,
lah mayo sira dugaa,
Lan Kapitan Jendral Pan Dh■
Bos ku ugi,
apa kirim layang,
atawa prapta pribadi,
Mayor Kapitan aturnya
Kula nuhun mapan bot■n sag■d
dugi,
sang Nata ngandika,
lamun kirim layang iki,
lah mara pikir■n padha,
Kaya paran iya ingwang
Sultan mami,
Mayor lan Kapitan,
kalih m■ngkana turneki,
pan langkung ew■d punika,
Sabab dereng kant■nan
witipun y■kti

Jendral laj■ngira,
gumuj■ng Sri Narapati,
dadi luluh yen mangkana,
Sumabarang nora bisa tunggal
awit
ramakira nora,
ng■ndi ana ya wong iki,
ngajak padu nora nana,
Ingkang dadi wiwitan ayun
b■n■ri,
iya nora nana,
ingkang jaluk b■n■r yakti
tumungkul Mayor Kapitan,
■n■ng■na kawarnaa Sri
Bupati,
R■sidhen pan sohan,
umatur marang Nr■pati,
lamun Dipati
S■marang,
Nuwun sowan lawan gangsal
kancaneki,
dipati sadaya,
Pasisir Sri Narapati
ngandika mapan tan arsa,
Amanggihi m■ngkana yen
denaturi,
dhahar datan arsa,
sabab dening kathah upsir,
maring R■sidhen punika,
Lawan Nyonyah marma sang
Nata tan apti,
nging Mayor kewala,
lan Kapitan kang ngladosi,
kalamun dhahar Nalendra,
Mayor matur dhumat■ng Sri
Narapati,
lamun ingaturan
t■dhak dhumat■ng Batawi,
Jendral Pan Dh■ Bos yun
panggya,
Sri Nalendra mes■m angandika
aris

b■cik mayo iya
besuk esnen angkat mami,
m■ngkana ingkang winarna,
Raden Ayu R■tnaningrum ing
tyasneki,
ajrih yen dhereka,
wau dhumat■ng B■tawi,
dadya pamit mring Nalendra,
Nuwun wangsul mantuk
dhumat■ng M■ntawis
kathah ingkang samya
tumut nuhun mantuk sami,
mapan linilan kewala.
Nging Den Ayu R■tnaningsih
datan apti,
tinantun
punika,
mantuk k■dah dherek iki,
sang■t lumuh yen kantuna,
P■jah g■sang pan datan
sum■dya keri,
kalih pawongannya,
mapan ingkang anglabuhi,
anama Bok Tuturuga,
Mapan lawan Bok Sarint■n
namaneki,
dene ponakawan
Punrata lan Bambang iki,
M■rtal■ksana punika.
Bantheng Wareng Sadikrama
Rujak B■ling,
lawan Sataruna,
mapan iku jal■r estri,
Anggam■rta punika m■ngkana,
Jal■r estri lan bokipun Rata
iki,
w■sta Amandolah,
Rujak Gadhung Rujak iki,
K■cubung lan Janggala,
Raden Ayu Dipayana k■dah
iki,
dherek datan arsa,
kantun wangsul mring

M■ntawis
pan lawan tum■nggungira,
B■kta rencang estri
satunggal w■steki,
pun M■lik punika,
s■daya pan s■dyaneki,
andherek sakit pal■stra,
■n■ng■na wus tan winarna
sakehing,
kang wangsul sadaya,
sar■ng dint■n
esnen iki,
Sri Nalendra laj■ng budhal
Sing S■mawis nitih kareta
Nr■pati,
myang sagung punika,
tan ewah urmat Nr■pati,
Kyai Dipati S■marang,
Dherekak■n mapan lawan pra
upsir,
usar kang neng ngarsa,
sawaruh muara puniki,
nulya anitih baita,
Kapal api ingkang pin■thuk■n
iki,
usar wangsul samya,
kalawan Kyai Dipati,
r■sidhen lan upsir samya,
Nanging Mayor ingkang dherek
laj■ng iki,
lan Kapitan ika,
kapal api lampahneki,
mapan langkung enggalira,
Kawan dint■n sang Nata rawuh
Batawi,
Nulya labuh jangkar
aneng muwara B■tawi,
Mayor Duktus gya kengkenan
Ngrumiyini sung wikan mring
jendralneki,
riwusira Nalendra,
gya pin■thuk baita lit

pan mawi tinarik jaran,
Kalih sar■ng sampun t■dhak
Sri Bupati,
ingkang m■thuk ika,
n■nggih r■sidhen B■tawi,
lan kang ag■ng-
ag■ng ika,
Ing Batawi pan nanging
Jendral pribadi,
kang tan tumut ika,
m■thuk dhumat■ng pasisir,
langkung kathah ingkang
kreta,
Lawan mawi baris datan ewah
iki,
umatnya Nalendra,
nging kuciwa mriy■mneki,
kang datan mawi punika,
Sar■ng sampun samya tabe
sami,
nulya Sri Nalendra,
mapan ingaturan nitih,
kareta nging m■ksih ika,
Gennya nitih lawan Mayor
Duktus iki,
neng ngaj■ng pribadya,
nulya r■sidhen puniki,
lawan Raden Ayu ika,
R■tnaningsih Kapitan lan
Suk■taris
lan Den Ayu ika,
Dipayana sar■ng prapti,
sang Nata g■dhong bicara,
Gya r■sidhen mudhun saking
kreta dhingin
ngampil asta Nata,
Mayor Duktus pan nampani,
marang Raden Ayu ika,
R■tnaningsih nulya l■nggah
Sri Bupati,
tan ewah r■nggannya
anglir ing M■teseh nguni,
Bojong B■tawi

punika,
Nanging Jendral Pan Dh■ Bos
kang tan manggihi,
dhat■ng Sri Nalendra,
nulya R■sidhen B■tawi,
Pan D■rkapen m■ngkana,
Atur tabe nuhun pamit mring
N■rpati,
myang kancanira,
Kurnel Mayor Sak■taris
lan Edler mapan s■daya,
Ingkang ag■ng-ag■ng samya
bubar iki,
mantuk sowang-sowang,
ingkang kantun ing ngrasa
ji,
nging Mayor Duktus punika,
Lan Kapitan Rup ngandika
Nr■pati,
heh Mayor t■muwa,
lawan Kapitan sireki,
lan Jendral Pan Dh■ Bos
padha,
Ingsun kongkonan ing m■ngko
ingsun wus prapti,
apa kar■pira,
Jendral Mayor aturneki,
sandika nulya lumampah,
Lan Kapitan wus lengser
saking ngarsa ji,
pan wus tan winarna,
ing dalu enjing winarni,
Mayor lan Kapitan ika,
Samya sohan umatur mring Sri
Bupati,
sampun panggih kula,
lan Jendral Pan Dh■ Bos iki,
m■ngka t■kan
wangsulanira,
Heh ta Mayor pan dhingin
sobat say■kti,
m■ngko pan baliya,

iya dadi sobat maning,
wus padha balen kewala,
Sri Nalendra andangu mring
Mayor iki,
ana ng■ndi Jendral
Mayor m■ngkana turneki,
sampun mantuk sapunika,
Dhat■ng Bohor mapan sar■ng
sampun n■dhi,
sang Nata atanya,
ing wingi ana ing ng■ndi,
Mayor m■ngkana aturnya,
Wont■n ngriki ■n■ngna wus
tan winarni,
mapan sab■n dina,
r■sidhen sowan angirid
kang ag■ng-ag■ng punika,
Ingkang dereng panggih J■ng
Sultan ing nguni,
pan wingkit kapitan
punika sap■nginggil
kang sowan mring Sri
Nalendra,
Mayor lawan Kapitan m■ngkana
maning,
mapan saben dina,
asowan mring Sri Bupati,
w■tara sadina-dina,
Mayor Duktus nuwun pamit
mring Nr■pati,
matur yen denundang,
dhat■ng Jendral Dh■ Kok iki,
wus nglilani Sri Nalendra,
Angandika heh Kapitan
Rup sireki,
paten melu sira,
Kapitan ris aturneki,
Sinuhun bot■n kawula,
Mapan t■ksih an■nggani Sri
Bupati,
malah yen kenginga,
Paduka t■dhak mring pundi,
ayun dh■dherek kewala,

Sri Nalendra mes■m angandika
aris
sun yun marang M■kah,
Kapitan Rup aturneki,
sanadyan t■dhak mring M■kah.
Mapan kaj■ng kawula yun
dherek y■kti,
Mayor ris aturnya,
punapa bot■n mam■ling,
Paduka dhat■ng kawula,
Mayor nora mapan m■kas apa
mami,
Mayor Duktus turnya,
bilih ayun Paduka ji,
nimbali putra lan Basah.
Sri Nalendra m■ngkana
ngandika ris
yen sun nimbalana,
Mayor marang putra mami,
sun duga akarya susah,
Sabab beya m■ksih
padha-padha tanggung iki,
lawan tau ika,
mapan anglakoni mukti,
lan j■mbar pasabanira
Sun neng kene pan kaya
m■ngkene iki
nadyan silih Basah,
pan sangsaya ewuh maning,
wus Mayor ingsun
tarima,
Olehira marina mring ingsun
y■kti,
nging besuk kewala,
m■nawa na sih Ywang Widi,
oleh dalan marang M■kah,
Iku masthi kabeh anak putu
mami,
lawan Basah-Basah,
tum■nggung sagung prajurit
padha sun kon nari ika,
Sarupane wong Jawa sun gawa

kaji,
ingkang g■l■m ika,
eling mring panutaneki,
apa dene maring ingwang,
Pan ing m■ngko ingsun dhewe
kang nglakoni,
iya lara wirang,
neng dunya samangko iki,
Mayor lan Kapitan ika,
Sar■ng samya mirsa timbalan
Nr■pati,
kalih pan karuna,
sang Nata ngandika aris
wus Mayor sira mangkata,
Nanging ingsun nyangongi
s■lam■t iki,
marang lakunira,
m■ngkana wus tan winarni,
mapan ing waktu punika,
Kangj■ng Sultan k■langkung
angarsi-arsi,
mapan sampun lama,
angsalnya wont■n B■tawi,
Jel Pan Dh■ Bos punika,
Mapan dereng wont■n
antawisneki,
Mayor aturira,
sagahnya badhe
ngantuki,
sobat anglir duk kang kina,
Nging r■sidhen sab■n dint■n
sowan iki,
ngirit ingkang samya,
ingkang sowan mring Nr■pati,
kang t■bih-t■bih sadaya,
Pan r■sidhen kurnel adler
mapan sami,
ingkang dereng panggya,
kalawan Sri Narapati,
m■ngkana kang kawarnaa,
Kapitan Rup ingutus mring
Sri Bupati,
mring Bogor punika,

panggih lan Jendral puniki,
Pan Dh■ Bos karsa Nalendra,
M■rtelak■n sabarang k■rsa
Nr■pati,
Kapitan wus mangkat
saking B■tawi puniki,
ing Bogor mapan wus prapta,
Panggih Jendral Pan Dh■ Bos
kapitan iki,
aris aturira,
kawula ingutus y■kti,
dhat■ng sudara Paduka,
Mapan kin■n m■rtelak■n
karsaneki,
yen dhangan Paduka,
pan mundhut tulung puniki,
baita k■lawan yatra,
Pan wont■na kalih k■thi
pasmat iki,
dene ingkang arta,
mapan sum■r■pa iki,
kang yatra bandar punika,
Dene sagung
ingkang s■ntana M■ntawis
kang kantun sadaya,
samya trimaa rumiyin
adhahar pam■dalira,
Ingkang siti lamun sampun
jangk■p benjing,
pan Tuwan wangsulna,
inggih arta kalih k■thi,
mring M■ntawis malih ika,
Milanipun sudara Paduka
y■kti,
makat■n karsanya,
mundhut arta kalih k■thi,
dinam■l sangu c■kapa,
Sabab badhe bin■kta sadaya
sami,
ingkang putra wayah,
myang s■ntana Basah iki,
tum■nggung prajurit lawan

Sagung Jawi kang purun
bin■kta kaji,
nanging Sri Nalendra,
datan s■dya kondur malih,
mring tanah Jawa pribadya,
Dene sagung pan sas■n■ngnya
pribadi,
Jendral sar■ng mirsa,
Kapitan Rup aturneki,
kend■l dangu tan ngandika,
Riwusira m■ngkana
wangsulaneki,
Kapitan mulihya,
matur sesuk pan mami,
ayun mrono pribadya,
Kapitan Rup wus lengser
prapta B■tawi,
laj■ng sowan
Nata,
wus katur niskaraneki,
Jendral Pan Dh■ Bos
w■lingnya,
Sri Nalendra mapan sang■t
ngarsi-arsi,
marang praptanira,
Jendral Pan Dh■ Bos puniki,
mapan sampun tigang dina,
Dipunantos Jendral mapan
dereng prapti,
nulya Sri Nalendra,
pulisi kinen nimbali,
mring Kapitan Rup wus
prapta,
Dereng dangu nulya na
utusaneki,
Jendral mapan ngundang,
mring Kapitan Rup puniki,
pan dhumat■ng Bogor ika,
Nulya pamit Kapitan mring
Sri Bupati,
pan laj■ng kewala,
saking ngarsanya Nr■pati,
Kapitan Bogor wus prapta,

Kapitan Rup m■ngkana pan
sampun panggih,
lan Jendral punika,
Jendral Pan Dh■ Bos lingnya
ris
Kapitan marmane sira,
Ingsun undang sun ayun
m■rana dhingin
mapan banjur lara,
pan kaya m■ngkene iki,
pan tan k■na ingsun p■ksa,
Nanging
atiningsun wus
t■rang saiki,
yen bab kaji ika,
ingsun tan wani ngrampungi,
sabab durung ana ika,
Ingkang adat yen wong g■dhe
munggah kaji,
ingsun ayun nr■rang,
mring nagara wlanda dhingin,
dene babing sangu ika,
Lan pr■rahu mapan Rup ingsun
saguhi,
kalawan wus t■rang,
sing raja W■landa iki,
sun dhingin ayun kongkonan,
G■lisira sun w■tara pitung
sasi,
angkat ulih rama
pan dadi pakb■las sasi,
marma b■cik ingantenan,
Neng M■nadhu pan kiwa lawan
s■pi,
g■dhong omahira,
lan j■mbar polataneki,
lan p■rak gunung s■gara,
K■bon j■mbar akeh obat
b■cik-b■cik,
lamun ayun dolan,
mring gunung pan pr■rak iki,
aneng ing kene pan iya,

Nora nana lamun ayun dolan
iki,
lawan sr■sawungan,
lan wong akeh kene iki,
sireku w■ruh
pribadya,
Tuturita jare dh■m■n ingkang
s■pi,
neng M■nadhu kana,
tan ana kuciwaneki,
lan maning Kapitan sira,
Pan denundang marang Kurnel
Lokis iki,
kabeh kancanira,
saradhadhu susah iki,
Kapitan tan ana sira,
Lawan banjur pamit tan na
Rup sireki,
Kapitan Rup nulya,
lengser saking Bokor
iki,
datan winarna neng marga.
Sampun prapta B■tawi Kapitan
nuli,
enjang sohan Nata,
wus katur niskaraneki,
Jendral Pan Dh■ Bos
w■lingnya,
Sri Nalendra m■ngkana
ngandika aris,
Kapitan tutura,
Mring Jendral tarima mami,
Dene sun kon nganti iya
Neng M■nadhu ang■nteni
praptaneki,
Jendral kongkonannya,
yun nr■rang mring rajaneki,
nanging sakalane ika,
Durung prapta Jendral
kongkonaneki,
ingsun titip ika,
kabeh anak putu mami,
kalawan sadulur

ingwang,
Lawan maning ing T■gal Arja
iki,
lan s■balanira,
pan sunwenehak■n iki,
marang si Dipanagara,
Sakalane ingsun durung
munggah kaji,
nadyan besuk iya,
lamun prapta M■kah mami,
ingkang gumantung tyas
ingwang,
Nora s■ja Kapitan sun mulih
maning,
nanging kang sun s■ja,
mati aneng daganeki,
iya Kangj■ng Rasullolah,
Marma besuk manawa ana kang
mulih,
iku ya Kapitan
mapan ingsun iya titip
mring Jendral mangsa bodhoa,
Pan wong akeh Kapitan iku
wus p■sthi,
mapan warna-warna,
atine tan nunggal iki,
s■nadyan s■dulur ingwang,
Lawan anak wus p■sthi tan
nunggal iki,
lawan atiningwang,
lamun padha ar■p mulih,
mring Jawa ingsun pan l■ga,
Marma ingsun titip mring
Jendral sireki,
sabang sun w■kas
sabab m■nawa sun iki,
tan nganti maning bicara,
Lawan ingsun
marma asangu rong k■thi,
pan iya cukupa
ginawe sangu lan mulih,
kalawan maning anaa,

Kang pinangan ingkang m■ksih
tunggu mami,
iya aneng M■kah,
cukupa marma sun iki,
asangu rong k■thi ika,
Lan pr■rahu marma jaluk
tulung mami,
pan iku k■naa
tinunggangan ingkang mulih,
marma kabeh pratelakna,
Marang Jendral Pan Dh■ Bos
sakarsa mami,
lan maning Kapitan,
ingsun bang■t l■ga y■kti,
sira mulih mring M■ntaram,
Pan denbisa sireku
ngopen-openi,
mring kang keri padha,
sabab bocah padaha m■ksih,
tanggung p■sthi keh
kurangnya,
Ingkang pikir lawan maning
jaluk mami,
iya marang Jendral,
iya Walanda sawiji,
sun gawe lilirunira
Nging kang bisa cara Jawa
lir sireki,
sabab ingsun iya,
cara lumayu tan ngr■ti,
Kapitan matur sandika,
Sri Nalendra m■ngkana
ngandika ka
malih,
heh Kapitan sira,
tutura mring Jendral iki,
Pan Dh■ Bos lan jangji
ingwang,
Sagoningsun lawan nora g■l■m
mami,
aneng ngingsorira,
r■sdihen kalawan maning,
aja denladaki padha,

Dene angkatingsun besuk
esnen iki,
mapan dh■m■ningwang,
wus Kapitan Rup sireki,
tutura mring Jendral sira,
Lawan poma aja sira
angowahi,
sabang karsengwang,
mring Jendral Pan Dh■ Bos
iki,
heh wus Kapitan mangkata,
Tur sandika Kapitan Rup
lengser nuli
sing ngarsa Nalendra,
mapan laj■ng mangkat iki,
mring Bogor datan winarna,
Aneng marga ing Bogor
Kapitan prapti,
pan laj■ng ingundang,
mring Jendral Pan Dh■ Bos
iki,
dhumat■ng pangkeng kewala,
Sabab Jendral t■ksih sang■t
gennya sakit
pan kalih til■man
wau denira manggihi,
mring Kapitan Rup punika,
Mapan w■ktu
punika nagri
B■tawi,
bag■blug pan lagya,
Kapitan matur aris,
mring Jendral ingkang
niskara,
Datan kirang sabarang karsa
Nr■pati,
Jendral ris s■bdanya,
heh Kapitan sun suguhi,
ingkang tinitipk■n padha,
Lawan T■gal Arja pan
s■balaneki,
pinaringk■n ika,

mring Pangran Dipan■gari,
mapan sun turuti iya,
Mapan mangkat esnen iku
mapan maning,
ing sakarsanira,
iki bakal layangneki,
kang sun gawakake iya,
Marang Kurnel Kapitan
parentah mami,
mring r■sidhen kana,
lah mara d■l■ng■n iki,
lamun kurang waonana.
Sakarsane mapan sun nurut
say■kti,
lan jaluk Walanda,
siji ingkang bisa iki,
cara Jawa lirunira,
Iya ana kene pan ajidan
mami,
iku saguh bisa,
cara Jawa nanging cilik
lungguhnya litnan kewala,
B■n■r luput mapan ingsun
nora ngr■ti,
sesuk sun kon mrana,
Kapitan wus tan
maoni,
marang Jendral s■ratira,
Ingkang badhe mring r■sidhen
M■nadhu iki,
Jendral parentahnya,
kang bin■ktakak■n iki,
mring Kurnel inggih punika,
Sampun rampung s■daya sagung
karsa ji,
Kapitan Rup nulya,
kinon matur mring Nr■pati,
m■ngkana wus tan winarna.
Sampun prapta laj■ng sowan
mring Nr■pati,
Kapitan Rup nulya,
umatur niskaraneki,
Jendral Pan Dh■ Bos

w■lingnya,
Karsa aji Jendral Pan Dh■
Bos nyagahi,
pan wus tan winarna,
sar■ng dint■n esnen iki
r■sidhen Batawi nulya,
Sar■ng enjing sowan lawan
sak■taris
lan sampun sum■kta,
sabang gya budhal aji,
saking B■tawi punika,
Lan Kapitan ■rup mapan datan
keri,
Kurnel kalih ika,
ingkang dherekk■n Nr■pati,
pan samya nunggang kareta,
Kalawan sagung ponakawan
paran Nyai,
m■ngkana Nalendra,
rawuh muara Betawi,
laj■ng anitih
baita,
Alit lawan r■sidhen Pan D■r
Kapeni,
Kurnel kalih ika,
Kapitan Rup suk■taris
lan Raden Ayu kalihnya.
Pan r■sidhen Pan D■r Kapeni
turneki,
sampun susah Nata,
sabang kang karsa benjing,
mapan dhawuhne kewala,
Mring r■sidhen M■nadhu
kalawan malih,
sampun supe benjang,
Paduka mring kawuleki,
mes■m ngandika Nalendra,
Heh Kapeni lamun ana karsa
mami,
p■sthi sun kongkonan
amundhut marang sireki,
r■sidhen aris aturnya,

Langkung t■bih M■nadhu lawan
B■tawi,
ing ngriki kewala,
r■sidhen tan sanes ugi,
mapan kalawan kawula,
Sampun rawuh ing kapal prang
Sri Bupati,
Kurnel kalih nulya,
m■thuk lan ajidaneki,
lawan para upsir kapal,
Riwusira minggah kapal lawan
sami,
Den Ayu kalihnya,
ponakawan para Nyai,
r■sidhen Batawi
nulya,
Nuhun pamit Kurnel lawan
Suk■taris,
myang Kapitan ika,
■rup marang Sri Bupati,
pan wus linilan sadaya,
Kang g■ntosi ajidan lan
kurnel iki,
dherekk■n Nalendra,
s■daya ingkang pra upsir,
saradhadhu kawan b■lah,
Nulya babar layar pangkat
sing B■tawi,
mring M■nadhu ika,
mapan datan angsal angin,
langkung r■mb■n kang baita,
Lawan Laknat mapan kathah
ingkang sakit
myang kang laj■ng modar,
sajroning baita sami,
susah kang tyas Nalendra,
Bok menawa t■las jidh■t tan
dumugi,
M■nadhu punika,
m■ngkana wus tan winarni,
ing M■nadhu sampun prapta.
Mapan ngantos kalih t■ngah
wulan iki,

lampahnya Nalendra,
M■nadhu saking B■tawi,
sabab tan wont■n anginnya,
Ri sawusnya nulya t■dhak Sri
Bupati,
sing kapan punika,
pan laj■ng ngaturan manjing,
ing kitha M■nadhu ika,
R■sidhennya m■thuk
Pit■r
w■steki,
pan wus tan winarna,
tan ewah anglir B■tawi,
sagung ingkang saneskara,
Pitung dint■n Kurnel inggih
nuhun pamit
lan ajidan ika,
myang sagung ingkang pra
upsir
mantuk mring B■tawi ika,
Kang tinilar pan nanging
litnan satunggil
saradhadhunira,
sek■t langkung tiga iki,
ingkang t■ngga Sri Nalendra,
Aneng kitha M■nadhu kurnel
winarni,
lan ajidan ika,
umatur marang Nr■pati,
Paduka mapan katuran,
Dhahar dhat■ng Jendral Pan
Dh■ Bos puniki,
n■m atus sawulan
tigang atus p■thakneki,
abrit tigang atus ika,
Sab■n wulan n■m atus n■bda
Nr■pati,
ya kurnel tarima,
kurnel nulya matur malih,
Paduka w■ling punapa.
Lawan malih punapa tan
kintun tulis,

mring Jendral Paduka,
Nata mes■m ngandika ris
pan ingsun tan d■rbe karsa,
Kirim tulis pan ingsun tan
bisa nulis
nanging tabeningwang,
sira t■kak■na
iki,
mring Jendral Pan Dh■ Bos
iya,
Kurnel inggih lan ajidan
aturneki,
pan samya sandika,
m■ngkana wus tan winarni,
ing M■nadhu kawarnaa,
Mapan langkung pag■blug
ag■ng dhat■ngi,
Laknat kathah modar
m■ngkana wus tan winarni,
r■sidhen Pit■rmat ika,
Nuwun priksa dhumat■ng Sri
Narapati,
punapa kang sabab
Paduka rawuh ing ngriki,
mes■m ngandika Nalendra,
Heh r■sidhen lamun takon
ingsun jangji,
apa sira bisa,
n■kakake layangneki,
marang ing raja W■landa,
Lamun saguh ya sira ingsun
turuti,
marma ingsun prapta,
iya ing M■nadhu iki,
yen tan saguh tanpa karya
Ingsun aweh kabar y■kti
mring sireki
r■sidhen pan sagah,
anulya dipunparingi,
sarta malih duk wiwitan
Ngantos prapta w■kasan
M■nadhu iki,
r■sidhen Pitermat

sar■ng mirsa y■ktosneki,
dadya sang■t
isinira,
Sabab dene bangsanira cidra
sami,
pinuju sag■da
kend■l aprang cidra iki,
m■ngkana wus tan winarna,
Sar■ng sampun lami Sri
Bupati iki,
wont■n ing kitha,
M■nadhu sangsaya iki,
gung coba mring Sri
Nalendra,
Ingkang rayi pribadi sing
karya iki,
lings■m mring Nalendra,
Den Ayu Dipayaneki,
pan katut tum■nggungira,
Nging sang Nata wus tan
ningali kalih,
nging Allah Tangala,
kang linindhungan Nr■pati,
lan supangat Nabi kita,
Siyang dalu m■ngkana marma
Yyang Widi,
Raden Ayu babar,
R■tnaningsih jalu iki,
mapan anuju taun Dal,
Wulan sakban tanggal sapisan
puniki,
dint■n r■bo ika,
dalu wanci pukul kalih,
mapan pinaringan nama
Mring kang rama J■ng Sultan
Ngabdul Kamid
Raden Mas punika,
M■nadhurahman puniki,
tamate s■rat punika,
Mapan samya taun
Dal nging wulaneki,
Ram■lan nging tanggalira,

sapisan Jumungah wanci,
bakda luhur ingkang dina,
Mapan m■ksih aneng jroning
kitha iki,
M■nadhu punika,
walahuallam ing benjing,
karsaning Allah Tangala.
Nanging ingkang Sinuwun ing
siyang latri.
Mring Allah Tangala,
kalawan supangat Nabi,
J■ng Rasulullah punika.